

МЕЛИТОН КАЗИТЫ

# НАШЕ БОГАТСТВО

Литературно-критические произведения

7-ая книга

Дом печати РЮО
Цхинвал
2021

ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОН

# НÆ ИС, НÆ БИС

Литературон-критикон уацмыстæ

7-æм чиныг

РХИ Мыхуыры хæдзар
Цхинвал
2021

83.3. Осет.
К 14

*Научный редактор –*
*кандидат педагогических наук, доцент СОГУ*
**БЕЖАЕВА Ф. Г.**

К 14 **Хъазиты М. Р.** Нæ ис, нæ бис. Литературон-критикон уацмыстæ. 7-æм чиныг. – Цхинвал, РХИ Мыхуыры хæдзар, 2020, 528 ф.

**Казиты (Казиев) М. Р.** Наше богатство. Литературно-критические произведения, 7-я книга. – Цхинвал, Дом печати РЮО, 2021, 528 с.

В книгу включены литературно-критические произведения, написанные автором в разные годы его творческой деятельности. Исследования будут полезны ученикам, студентам-филологам и широкому кругу читателей.

© Казиты М. Р., 2021
© Оформление. Дом печати РЮО, 2021

## ФЫДБОНТÆЙ РАЙГУЫРГÆ РÆСТДЗИНАД

Хорз дардмæ зыны. Æмæ искæй кæцыдæр стыр, каджын адæймагæн йæ райгуырæн боны цытæн поэзийы бæрзонд æмæ рæсугъд æвзагæй раарфæ кæнын куы бафæнды, цæмæй йын йæ зæрдæ балхæна, уæд æнæмæнг зæрдыл æрбалæууынц æцæг курдиатджын æмæ зæрдæргъæвд чи уыдис, йæ Фыдыбæстæ æмæ адæмæн стыр лæггæдтæ чи бакодта, уыцы поэт Плиты Грисы ныхæстæ:

*Сон, рын ма фен, хур фен бирæ!*
*Фæндаг уæд сыгъдæг дæ рухсмæ!*
*Ды цы бон фæзындтæ ирæн,*
*Уый уæд арфæйаг æнусмæ.*[1]

Ацы бæрзонд æмæ кадгæнæн, арфæйы ныхæстæ Грис нæ куырыхон адæймаг æмæ комæйкургæ лæг, нæ дунейæн зындгонд æмæ æнæмсæр ахуыргонд Абайты Васойæн загъта. Фæкодта йын алы рæвдагæ дзырдтæ: «Ды нæ Иры кады арвыл Дæ рæсугъд æрттивгæ стъалы», «Судзыс бон, æхсæв дæ куысты», «Рухс нын чи кæны цырагъау», стæй фæстагмæ раарфæ кодта, арæх цæвиттонæн кæй æрхæссæм, уыцы зырнæйзылд дзырдтæй.

Æмæ йын æрмæст ацы æмдзæвгæ «Стъалы иры кады арвыл» нæу афтæ аив фыст. Джусойты Нафийы загъдау: «...æнусон аивæй рантысгæ дзырдæй амад вæййынц æцæг поэтикон уацмыстæ. «Æнусон аив» – уый фыццаджы фыццаг ис нæ алфæмблай, æрдзы дунейы. Уый пушкины нымад у: «...æнцойуд æрдз Æнусон аивæй тæмæнтæ калдзæн»... Раст ахæм у, алы хорз поэтау, Грисы поэзийы æрдзыхъæд дæр»[2]. Дзæвгар сты йæ тадзгæ-баргæ лæггæдтæ ирон адæм æмæ Ирыстонæн. Æвæццæгæн, нæ ирон поэттæй дзырдыл иууыл фылдæр чи куыста, джиппыæвæрдау-

---

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 212 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ. – Цхинвал, 2012. – 365 ф.

иу ӕй чи рахаста адӕмы рӕгъмӕ, йӕ ныхас, суадоны донау, заргӕ кӕмӕн цыд, уыдон исчи куы бӕрӕг кӕнид, уӕд, Къостайы фӕстӕ кӕй ранымаид, уыдонмӕ иу армы ӕнгуылдзтыл нымады ӕнӕмӕнг бахауид, кӕй кой нӕм ис, нӕ уыцы поэт Плиты Грис дӕр. Нафи загъта: «Грис ӕртиссӕдз азы дӕргъы бирӕ ногдзинӕдтӕ бахаста ирон дзырдаивадмӕ. Стӕй канд поэзийы нӕ, фӕлӕ драматургийы дӕр ӕмӕ поэтикон тӕлмацы аивады дӕр»[1].

Нӕ иры дзыллӕ хӕлӕгӕй сӕфт стӕм. Нывӕфтыд литературӕмӕ бынтондӕр чи ницы бар дардта, аивад хӕринаг у ӕви нуазинаг, уый дӕр чи нӕ зыдта, уыдон дӕр-иу ралӕууыдысты ӕмӕ, зӕгъгӕ, ӕз дӕр лӕг дӕн, Грисыл калдтой цъыф. Йӕ уацмыстӕ-иу ын аивадон ӕгъдауӕй не 'взӕрстой, афтӕмӕй сын «аргъ» кодтой, цыма сты зианхӕссӕг, не 'хсӕндзард нын кӕнынц зыгъуыммӕ. Афтӕмӕй зыгъуыммӕныгӕнинаг уыдысты уыцы цъыфкалджытӕ сӕхӕдӕг.

«Зынтӕ ӕмӕ сагъӕстӕ куырдадз сты. Уым згъӕр сыгъдӕг кӕны. Грис Гӕгу ӕмӕ Искариотыл куы фыста, уӕдӕй бирӕ фӕстӕдӕр зӕгъдзӕн: «Фисынмӕ мыл рацыд, зӕгъгӕ, лӕг, Уӕд фыдми хӕрзиуӕгӕй фӕфидын». Афтӕ у Лӕг ӕмӕ Пехуымпары уаг»[2], – дзырдта Джыккайты Шамил. Грис, стыр поэтӕн куыд ӕмбӕлы, афтӕ пылау цыд йе сфӕлдыстадон ӕмӕ царды фӕндагыл. Йӕ удӕн кӕд стыр зын уыдис алы цъыфкалӕн дӕр, уӕддӕр йӕхи афтӕ дардта, фӕсвӕдӕй йӕм цыма къӕбылаты къӕукъӕу хъуысгӕ дӕр нӕ кодта, цыма сӕ нӕ уыны, кӕуыл ӕмбӕлд, уыдонӕн зӕрдӕбынӕй арфӕйы къахыл лӕуд уыдис: «Сыгъзӕрин фест!»

Уымӕн ӕмӕ Грис ӕцӕг стыр поэт ӕмӕ стыр адӕймаг уыдис. Фидарӕй зыдта, «хъысмӕтӕй стыр рӕстадыл зарын» йӕхицӕн чи равзӕрста, уымӕн ӕнцон фӕндӕгтӕ агургӕйӕ нал у. Уыдон ын ӕхгӕд сты. Хъуамӕ зона йӕ «тугӕй рафӕлдисгӕ зарӕг Тӕхдзӕн пӕр-пӕрӕй, цыма маргъ; Фӕлӕ йыл иу фыдзӕрдӕ дарӕг Фыдӕнӕн калдзӕнис йӕ марг» ӕмӕ йын хъуамӕ быхса, кӕд йӕ «риуы хъӕстӕ фат сагъд уыдзӕн, уӕддӕр». Поэтӕн уыдис иу стыр хӕс ӕмӕ лӕггад кодта ӕрмӕстдӕр уымӕн:

[1] Джусойты Нафи. Поэты хивӕнд. – Цхинвал, 2009. – 3 ф.

[2] Джыккайты Шамил. Ирон литературӕйы истори. – Дзӕуджыхъӕу, 2003. – 445 ф.

*Зæринуарз, кадбæллон æхсинтæ*
*Уадз хоной дæу æрра, сæрхъæн, –*
*Судз рухсæн, макуы агур цинтæ,*
*Дæ уæззау удхайраг куыст кæн.*

*Дæ разы чифæнды уæд хицау,*
*Зæххон зæд уа æви хайуан, –*
*Мæрдты къæй фест, поэт, дæхицæй*
*Куы скæнай искæмæн айуан!*

*Ды дæ дæхи бæрзонддæр бардуаг,*
*Дæ хаст уынаффæ дын – уæлдæр,*
*Дæ цард мыд уа, æви дын марг уа –*
*Дæ мæсыг амай æмæ цæр!*

*Худ хъæлдзæг мидбылты æнкъардæй,*
*Дæ зæрдæ тонæд, фæлæ худ!*
*Куы скæнай лидзынвæнд зындзардæй,*
*Уæд лæг нæ дæ, фæлæ тæппуд!*

*Æмбæхс дæ маст æмæ дæ цинад,*
*Дæ сыгъдæг миддуне дын дзуар, –*
*Зæххыл и сиу дзуар – Рæстдзинад,*
*Ды иунæг уымæн дæ цагъар*[1].

(Поэт)

Поэт йæ цард æмæ йæ уды Рæстдзинадыл ахæм сæрыстыр æмæ зырнæйзылд дзырдтæй æрмæст дзургæ нæ кодта. Удæй уыд ахæм. Æцæг сæ, йæхи загъдау, мыхуыræн дæр нæ фыста. Уымæн дзырдта: «Мыхуыræн нæ, Хуыцау бахизæд! Иу ахæм фысты тыххæй ма мæ куы ныффу кæной, уæд фæдæн – нал бафæраздзынæн ...»[2]. Æнæраны æфхæрдтытæ-иу æм арæх æрхаудтой. Æмæ уый тыххæй бирæ цæвиттонтæ ис хæссæн. Фæлæ дзы фаг уыдзæнис иунæг дæр, йæ уацмыстæ-иу адæммæ фæндаг цыхуызæттæй ссардтой, уый тыххæй.

---

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 302 – 303 ф.
[2] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 261 ф.

1984-æм азы майрæмкуадзæны 5-æм бон историон зонæдты доктор, профессор Цыбырты Людвигмæ фыста: «Драмы, высылаемые тебе, сильно изуродованы по указанию ответственных работников сверху, но хочу верить, что ты сам заметишь эти места и простишь меня, старика, за эти погрешности»[1]. Фæлæ сæ ахæм «рæдыдтыты» тыххæй мыхуырмæ куынæ уагътаид, уæд ын афонмæ, чи зоны, йæ уацмыстæй цас нæ зониккам.

1952-æм æмæ йыл уыйфæстæ азты цы тугкалæн фыдтæ фæмысыдысты: «...поэты иуæй-иу хæстон æмдзæвгæтыл тынг фæзынди пессимизмы, натурализмы, ранæй рæтты та национализмы æмæ мистицизмы тæфаг»[2] æмæ æндæр ахæмтæ, уыдон ныртæккæ искæмæй куы зæгъай, уæд дын арфæтæ дæр фæкæндзæнис. Уæд та ахæм азымты тыххæй Грисыл сæ зæрды ауындзæн бæндæн бакæнын уыдис, сæ фæнд куы атылдаид, уæд.

Хорз ма ракæн æмæ фыд ма сарай. Грис хæларыл кæй нымадта, йæ ныхдуртæкалæг цы фысджытæн уыдис, фыссын кæмæн амонынмæ хъавыдис, уыдон дæр-иу ыл разылдысты сайдæй. Цы уа уымæй фыддæр, дæ хæлар кæй хоныс, уый дын сусæгæй дæ бацæбитты нуæрттæ куы лыг кæна?!.

Грис 1953-æм азы, рухæны мæйы 11-æм бон Гафезмæ дисгæнгæ фыста: «Поразительно то, что в числе наиболее активных членов этой шайки клеветников и двурушников оказался Тембол Балаев.

Как тебе известно, я долгое время создавал для него условия, продвигал и поддерживал его, а он, проходимец, во все органы и учреждения писал обо мне, равно как и о Мамсурове, Джатиеве и других, клеветнические письма, анонимки, распространял злостную клевету.

Последняя его рецензия требует: «Все, что написал Плиев Гр., нужно изъять как идейно порочное и чуждое народу» и т. д.»[3]. Æмæ уыдæттæ бæргæ нæ бацыдысты сæ бон, фæлæ йæ 1952-æм азы журнал «Мах дуджы» редакторы бынатæй фæхауæккаг кодтой. Бафтыдтой йæ æгæрон сагъæстæ æмæ мæстытыл.

---

[1] Уый дæр уым, 120 ф.

[2] Д ж и о т ы Х., Х ъ ы б ы з т ы Т. Плиты Грисы иуæй-иу зианхæссæг æмдзæвгæты тыххæй / Рæстдзинад, 1952. 26 сентябрь.

[3] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 11 ф.

«Зын уавæры уыд Грис, дзæбугæй хъæсдарæджы астæу. Фæлæ нæ саст. Иу æмбырды загътой комкоммæ: Грисæн йæ рæдыдтæ дзурынц, фæлæ сыл нæ сæтты[1]. Та сын нæ баталынг кодта йæ зонд æмæ гадзрахатæй нæ рацыд рæстдзинадыл. Критикон терроры ныхмæ тох кодта поэзийы фæрæзтæй, сатирæйæ, худæн ныхасæй»[2], – дзырдта Джыккайты Шамил. Æндæр, уæдæ, цы бакодтаид. Мæлæты ныхмæ алы хæцæнгарз дæр хорз у. Фæлæ цæмæй зыдта, ноджы йæм стырдæр фыдтæ кæй æнхъæлмæ кæсынц. Стæй æрмæст Грисмæ нæ. Нафи афтæ зæгъы: «1952–1953 азтæ канд Грисæн нæ, ирон литературæйæн æмткæй уыдысты иууыл зындæр æмæ æнæнтыстдæр азтæ. Ирон литературæйыл зæйау рацыд идеологон æфхæрды лæсæн, хъавыдысты йын йæ уд сисынмæ йæ риуæй æмæ дзы официалон пропагандистон хæддзургæ механизм ныввæрынмæ»[3]. Удмарæн рæстæг æцæг фыссæгæн Дамоклы карды бын лæууынæй тæссагдæр у.

Редакторы бынатæй йæ куы ссæрибар кодтой, уæдæй фæстæмæ ног куысты бынат бацагурын йæ сæрмæ никуы уал бахаста. Пенсийы бонтæм цард, йе сфæлдыстадон куыстæй цы капеччытæ иста, уымæй. Ирыстоны та фыссæг, сфæлдыстадон куыстæй цы гонорар иса, уымæй никуы ма ничи фæцард. Æмæ Грис дæр хъуаегтæ куыннæ æййæфта. Ахæм сæрыстыр лæг цæмæй ирон æвзагмæ йæ ратæлмацгонд пьесæты тыххæй афтæ загътаид: «Я теперь не в моде, более 2-х лет нахожусь под непрерывным перекрестным огнем, выключен из рабочего состояния и переживаю временно тяжолые материальные затруднения. Кæд мын сын хæрз чысыл истытæ бафиддзæн, уæд сæ рамыхуыр кæнын кæнин æмæ йын иугай экземплятæ арвитин (Цæбиты Залиханмæ – Хъ. М.). Пьесæ мыхуыргæнæггаг – машинистке – руб. 150–200, æмæ иу-чысыл та – тæлмацгæнæгæн (мæрддзæст нæ дæн).

Бæргæ худинаг у ахæм (цыдæртæ) фыссын, фæлæ – хуыздæр гæнæн ницы ис»[4], – уый йын куыд зын уыдаид, уый рахатын зын нæу. Уæддæр ын йæ рæстæджы Мæс-

[1] Мах дуг, 1952. № 5. 47 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 206 ф.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – 94 ф.
[4] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 13 ф.

куыйы уырыссаг æвзагыл цы чиныг мыхуыр кодтой, уый æрæхгæдта йæхæдæг, йæ тæлмац йæ зæрдæмæ кæй нæ фæцыд. Уый тыххæй, поэты «Рагон Ир»-ы тыххæй йæ ныхмæ йæ къух чи ‘рфыста æмæ дзы стæй хатыр чи куырдта: «...ницы гæнæн мын уыди, фарст æрæвæрдтой афтæ – кæд Обкомы ныхмæ нæ дæ, уæд дæ къух æрфысс!.. Зоныс æй, Обкомы ныхмæ тохы бацæуын мæнæн мæ бон нæу...»[1], уыдонæй иу, Ардасенты Хадзыбатыр фыста: «Г. Плиев требователен к себе, к своему творчеству. Редки бывают такие случаи, когда кто-либо из национальных поэтов орказывается от издания своих стихов на русском языке. Г. Плиев не захотел издать свои стихи, потому что переводчик поспешил, плохо перевел его стихи на русский язык, не сохранил их специфику. Об этом, как о положительном явлении, говорил известный русский писатель Леонид Соболев»[2]. Уыцы рæстæджы уый æцæг хъæбатыр хабар уыд.

Уымæн æмæ йæ уацмысты æвæрдта йæ уд. Зæгъæн ис: йæ уд уыдис йæ уацмысты, йæ уацмыстæ уыдысты йæ уды. Сæ кæрæдзийæ сын нæ уыдис фæхицæн, йæхицæн Ирыстонæй куыд нæ уыдис фæхицæнгæнæн, афтæ. Æрмæст се ‘взагмæ сын нæ дардта йæ хъус, фæлæ сын, фæлтæрд поэтæн куыд æмбæлы, лæмбынæг каст сæ музыкалон зæлмæ, сæ формæмæ, сæ нысаниуæгмæ. Æмæ уыдон иууыл иумæ уацмыс фæисынц бæрзонд. Скæнынц æй зæрдæмæдзæугæ. Джыккайты Шамил уымæн загъта: «Аивадон уацмыс у царды ныв æмæ цардзонæн хабар»[3]. Грисы ‘мдзæвгæтæ-иу чиныгкæсджытæм уайтагъд уымæн фæхæццæ сты.

Æркæсæм ма, кæй кой нæм уыдис, 1968-æм азы, майрæмкуадзæны мæйы 8-æм бон «Рæстдзинад»-ы чи ныммыхуыр æмæ поэты ныхмæ тынг бирæ загъд-замана чи расайдта, уыцы «Рагон Ир»-мæ.

Не ‘нæсæрфат миты тыххæй-иу бирæ хæттыты цагъды кæй фестæм, нæ кæрæдзиимæ тохы дæр фæстæ кæй ни-

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – 106 ф.

[2] А р д а с е н о в Х. Н. Поэт большого вдохновения // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 126 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 88 ф.

куы лæуууыдыстæм, уый тыххæй йæ зындгонд æмдзæвгæ «Рагон Ир»-ы тыххæй йыл хицауæй, дымыстъæрæй тугтæ куы фæмысыдысты æмæ йæ уыдонмæ гæсгæ куыйтæ дæр нал хордтой. Грисы хъуыды та уыдис æргом æмæ нæ ног фыдбылызæй чи хъуамæ бахызтаид, ахæм:

*Арв цыма нæрыди – змæлыд*
*Дыууæ ‘фсады уæзæй зæхх,*
*Уæлдæфы сæ сæрмæ зæлыд*
*Зарæг, хъарæгау, уæрæх:*

*«Махæн у æхца нæ фидæн.*
*Хæстмæ уый фæдыл бырсæм.*
*Мызд фылдæр цы паддзах фида,*
*Кардæй уый сæрыл хæцæм»!*

*Заргæ ныр бырсынц хæцынмæ*
*Æмæ суагъта быдыр арт...*
*Паддзæхтæ та уæд кæсынмæ*
*Худгæ слæууыдысты дард.*

*Ахæм пилон калдта быдыр! –*
*Уды нал фæндыд цæрын.*
*Бæхтæ, бæхтæ та! – Сæ мыр-мыр*
*Арвау уæлдæфы нæрыд...*

*Цæй, цы ма йыл дзурæм бирæ?*
*Ахæм диссаг рауад хæст:*
*Кард бæрзонд фæхæссы ирон*
*Æмæ ирон сæрæн – дзæхст!..*[1]

Византиаг император æмæ персаг хан сæ кæрæдзийы ныхмæ хæцыдысты, Грисы загъдау, «бога ир» та дыууæ цæхæры астæу фыдцагъды кодтам. Поэты уыцы æргом хъуыдыйæ, нæ фыдæлты кæуинаггаг цæвиттонæй хъуамæ бæрзонд систаиккам нæ дихтæ, пырхытæ адæмы баиуы хъуыды, нæхæдæг æнгом балæууыдаиккам кæрæдзимæ, цæмæй ныл ахæм сайд макуы уал æрцыдаид. Фæлæ цы

[1] П л и т ы Г р и с. Рагон Ир / Рæстдзинад, 1968. 8 август.

сарæзтам? Грисæн, нæ бон куы бацыдаид, уæд ыл ахæм цъыфкалæн фæкодтам æмæ йын хъуамæ йæхи амарын кодтаикккам, нæ фæндиаг куы фæуыдаид, уæд.

Нæ бынаты лæгтæ растадысты йæ ныхмæ, нæ каджын фыдæлты нын куыд æфхæры, зæгъгæ. Шамил уымæн загъта: «Йæ фæзынд уыд сенсации. Ирд бон арв ныннæрыд. Республикæйы хицауад скатай ис. Уайтагъд газеты фæзынд уац «Плиты Грисы æмдзæвгæ «Рагон Ир»-ы тыххæй». Йæ автортæ – Иры разагъды фысджытæ. Уыдон хъахъхъæнынц иры рагон истории, рагон иры кад, Грис та йæ «зыгъуыммæ» æвдисы. Æцæгæй та сæ нысан æндæр уыд. Хицауад æмæ сæ хъузæттæ рагон иры хуызы федтой сæхи æмæ хъахъхъæдтой сæ мундиры намыс. Сæ уац кæд историйы сæраппонд фыст у, уæддæр сæ бон нæ баци, негативон цæстæй йæм кæй кæсынц, уыцы зондахаст бамбæхсын»[1]. Нæ разахта фысджытæ дæсæй: Ардасенты Хадзыбатыр, Æгъуызарты Æхсарбег, Дарчиты Дауыт, Дзаттиаты Тотырбег, Хъайтырты Геор, Мæрзойты Сергей, Мыртазты Барис, Токкаты Асæх, Цæгæраты Максим, æмæ Цырыхаты Михал йæ ныхмæ цъыфкалæн фыстæджы æртхъирæн кодтой: «...иугæр фыссæг историон æцæгдзинад зыгъуыммæ кæны, адæмы хуыздæр миниуджытæм йæ къух систа, уæд ын æй баргæ дæр нæ ныккæндзысты»[2], – зæгъгæ, адæм. «Афтæ райдыдта фысджыты цæстыфтауæн уац – демагогион æртхъирæнæй æнæхъæн адæмы номæй, кæд сын сæ хъуыды сæхицæй дарддæр ничи зыдта, уæддæр æй адæмы иумæйаг фæндоны хуызы бавдыстой»[3], – фæстæдæр рæстагæй зæгъдзæн Нафи, фæлæ уæд уæлдæрбадæг бынатылæгтæ, æгæрыстæмæй, Грисæн йæхицæн дæр нæ лæвæрдтой бар йæхи бахъахъхъæнынæн. Цы дзуаппон уац сын ныффыста, уый йын, абон фæсхуымело сæхи тыхдемократтæ чи хонынц, уыдон дæр мыхуырмæ æмгæрон дæр не ‘руагътой, цалынмæ рацарæзты дуг не ‘рлæууыд, уæдмæ, 1989-æм азмæ[4]. Дзасохты Музафер зæгъы: «...фысджытæ ахæм

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 432 ф.

[2] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грисы æмдзæвгæ «Рагон Ир»-ы тыххæй / Рæстдзинад, 1968. 21 сентябрь.

[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – 99 ф.

[4] П л и т ы Г р и с. Дзуапп мæ критиктæн. – Мах дуг, 1989. № 2.

æмзонд разындзысты, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Грисы ныхмæ дзурынц, ирон ироны сæр куыд хъуамæ ныдздзæхст ласа, фæлæ цымæ, ирæттæ уæвгæйæ, ныртæккæ ироны ныхмæ нæ сыстадысты?»[1].

Сыстадысты, фæлæ йæхи рæдыд æрмæстдæр тынг зондджын æмæ рæстаг адæймаг фæуыны. Музафер дарддæр уымæн зæгъы: «Фысджыты писмо ныммыхуыр кæныны размæ мæм Дзампайы-фырт[2] æрдзырдта, кæд газеты æмæ уыцы-иу рæстæг Грисы фарс фысджытæй исчи рахæцдзæн, уæд ын зæгъ æмæ йæ хъуыдытæ ныффысса æмæ сæ мæныл сæмбæлын кæна...[3]. Фæлæ мын фысгæ Малиты Васойы йеддæмæ ничи ныккодта... Мæхæдæг куыддæриддæр хъуыды кодтон æмдзæвгæйы тыххæй, Васо дæр дзы афтæ загъта»[4]. Фæлæ уый дæр ницы уал баххуыс кодта Грисы рæстдзинад сбæлвырд кæнынæн. Йæ бафхæрынæй чи нард кодтой, уыдон нымæц æгæр бирæ уыд. Никæй дзырд сæм хъардта, уæлейæ сæ чи ардыдтой, уыдонæй дарддæр. Музаферы ма сыл ахудыны фадат дæр фæцис: «Бæстæ куы ‘рсабыр æмæ, Грисæн цы зæгъинаг уыдысты, фæлæ йын цы зæгъын не ‘мбæлд, уый куы загътой, уæд ма йыл мидбылхудгæйæ æз дæр бафтыдтон:

*Дзомс бæрзонд фæхаста обком*
*Æмæ Грисы сæрæн – дзæхст!»[5].*

Поэтæн цытæ кодтой, «фæлæ йын цы зæгъын не ‘мбæлд», уыдæттæ, худ чи дары, уыдонæн сæрмæхæссинаг не сты. Фæлæ йыл бирæтæн абон дæр мæрдтæм сæ бон куы цæуид, уæддæр ыл нæ бацауæрдиккой.

Хуыгаты Сергей йæ сыгъдæг зæрдæ æмæ раппæлыны, стæй рæстдзинады охыл дæр цæмæннæ, фæлæ афтæ кæй загъта: «Къостайы æмдзæвгæты фæстæ Грисы æм-

[1] Дзасохты Музафер. Сыгъзæрин фестинаг // Авторты коллектив. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 307 ф.

[2] Коммунистон партийы уæды Цæгат Ирыстоны обкомы мыхуыры секторы сæргълæууæг (Автор).

[3] Дзасохты Музафер уæд куыста «Рæстдзинад»-ы культурæйы хайады сæргълæууæгæй, «Рагон Ир» ныммыхуыр кæныны фарсхæцæг (Автор).

[4] Дзасохты Музафер. Сыгъзæрин фестинаг // Авторты коллектив. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 308 ф.

[5] Уый дæр уым.

дзæвгæтæй фылдæр ирон поэттæй никæй æмдзæвгæтæ кæсынц хъæууон хъазтизæрты»[1], – уый æнагъæддаджы хъыг фæкаст Грисы ‘рæджыйауы критиктæй иумæ. Алы фидисты фæстæ йын: «Хъæууон клубтæ зонадон-иртасæг институттæ не сты»[2].

Уый алчи дæр зоны. Уæлдайдæр, Сергей, фæлæ нырма Ирыстоны «хъæууон хъазтизæрты» Къоста æмæ Грисы æмдзæвгæтæй фылдæр кæй никæй уацмыстæ фæкæсынц адæм, стæй ахуырдзау фæсивæд æмæ уый дыууæ поэтæн дæр æгады хос кæй нæу, уый бамбарынæн цас æрхъуыды хъæуы. Сергей уымæй загъта царды рæстдзинад.

Уæдæ, Къостайы сфæлдыстадау Грисы уацмыстæй дæр дисертацитæ кæй хъахъхъæнынц, Джусойты Нафи æмæ йыл Джыккайты Шамилы хуызæн литературæиртасджытæ монографитæ кæй фыссынц («Поэты хивæнд»[3], «Зæххыл ис иу хуыцау – Рæстдзинад»[4]), йе сфæлдыстад ын Дзуццаты Хадзы-Мурат, Бестауты Гиуæрги, Цæрукъаты Алыксандр, Ардасенты Хадзыбатыр, Булкъаты Михал, Малиты Васо, Дзасохты Музафер æмæ бирæ зынгæ фысджытæ æмæ литературон критиктæ кæй иртасынц зæрдæбынæй, уый дæр хъуыдыгæнæг цъус цæуылдæрты дзурæг ма хъуамæ уаид. Уæддæр поэты «критик» æфхæрæн фарст æрæвæрдта цæхгæр: «Ранымайон дын Плиты Грисы лæмæгъ уацмыстæ?» – æмæ «худинаджы фыстытæ»-йы фæстæ «тынг лæмæгътæ» кæй схуыдта, уыдон æхсæн сты, нæ ныхасы райдайæны нæм кæй кой уыдис, Абайты Васойыл кæй ныффыста, уыцы æмдзæвгæ «Стъалы иры кады арвыл», стæй – «Рай мын, Ир!», балладæ «Авд цухъхъайы»...

«Рай мын, Ир!»-æй цынæ фæцыд йæ зæрдæмæ? Уый, æвæццæгæн, абон зын зæгъæн у, адæймаг йæхæдæг йæ дзырдтæн дзуапп куынæ дætта, уæд. Чи зоны, Грис, «йе скаст дæ поэтæн» æви «сæрыстыр дæн дæуæй» кæй зæгъы Ирæй, уый? Æмæ уæд поэтæн Ир йе скаст кæй уы-

---

[1] Хуыгаты Сергей. Дыууæ ныхасы дыууæ уацы фæдыл / Рæстдзинад, 2005. 10 июнь.

[2] Биазырты Къамерлан. Цæуыл фæтæргай Албег, æмæ кæд сси Сергей литературæиртасæг // Мах дуг, 2005. № 9. 125 ф.

[3] Джусойты Нафи. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009.

[4] Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 202–258 ф.

дис, сæрыстырæй дзы кæй цыд æмæ уый тыххæй æфхæрд æппæлдыл кæй нымадта йæхинымæры, уый йæхæдæг хуыздæр зыдта æви æндæр исчи?

Кæд, мыййаг, æмдзæвгæйы рæсугъд кулминаци, кæройнаг строфатæ нæ фæцыдысты йæ зæрдæмæ? Уæд сæм мах дæр æркæсæм:

*Атъæпп уа дыдзæсгом налат, уастæн,*
*Чи хаста дæ уарзтмæ арæх фау! –*
*Кæд, цы лæг нæу хи адæмы уарзтæн,*
*Уый нæ ратдзæн иннæтæн æгъдау!*

*Нæу мын тас уæззау зынты фæлладæй,*
*Амайын дзырдыл, мæсыгау, дзырд, –*
*Кæд æмæ рæсугъд хъуыдыты фатæй*
*Амарин лæджы зæрдæйы сырд*[1].

Дзуццаты Хадзы-Мурат æй хуыдта: «Уый у Райгуырæн бæстæйы раз йæ нæртон хæс. Уый у йæ идейон-аивадон дæсныйады бæрæггæнæн»[2]. Уый, Нафимæ йæ фыстæджы, поэтæн йæхи дзырдтæй дзургæйæ: «...напис. в день обявл. мне на бюро Сев. Ос. об. партии выговора за любовь к осетинскому народу и Осетии, «за бурж. национализм»[3]. Уæддæр æмдзæвгæйыл рыстзæрдæ поэт йæхи къухæй бафыста: «НЕ ДЛЯ ПЕЧАТИ. *Гр. Плиты*». Уымæн æмæ зыдта, уый тыххæй дæр та йæм цы мæстытæ каст.

Фæстæдæр дзы Нафи зæгъдзæнис: «Грисмæ йе 'фхæрджыты ныхæстæй иууыл тынгдæр бахъардта, райгуырæн уæзæджы уарзондзинад ын национализмыл кæй нымадтой, уый. Ацы фау советон дуджы йæ райдианæй фæстæмæ сси фысджытæн ауындзæн бæндæны хуызæн – ома, иууыл стырдæр аипп, йæ фæдыл мæлæты тæрхон кæмæн цыди, ахæм. 30-æм азты цы ирон фысджыты фехстой æмæ Сыбырмæ кæй ахастой, уыдонæн сæ сæйраг фыдракæндыл

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 146 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæсты рæстдзинад // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 229 ф.

[3] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 169 ф.

нымадтой… национализм»[1]. Ӕмӕ зонгӕ-зонын, ды махӕй хуыздӕр цӕмӕн хъуамӕ уай, зӕгъгӕ, уыдон хал аныхъуырын кӕнынмӕ хъавыдысты Грисӕн дӕр.

Лӕджы зӕрдӕйы сырд кӕронмӕ амарын нӕ бацис йӕ бон ӕмӕ уый зӕгъ. Ӕндӕра йӕ, чи зоны, чысыл ӕнцой ӕруагътаиккой. А. Пушкин йӕ драмон уацмыс «Борис Годунов»-ы йӕ хъайтар паддзах Борисы номӕй хуымӕтӕджы нӕ загъта: «Да, жалок тот, в ком совесть нечиста»[2].

Поэты балладӕ «Авд цухъайы» ӕцӕг адӕмон уацмыс кӕй ссис, уый сывӕллӕттӕн дӕр нал у ӕнӕзындгонд. Уый цы скъолайы, цы сценӕйыл не 'рцыд ӕвӕрд, ӕвӕццӕгӕн, Ирыстоны ахӕм ахуырадон ӕмӕ культурон артдзӕст никуы уал баззад. Уымӕн ӕмӕ йӕ фыццаг дзырдтӕй ӕрцахсы адӕймаджы ӕмӕ йӕ нал суадзы уацмысы кӕронмӕ:

*Арф Куырттаты комы дуарыл*
*Саргъӕй хъӕугӕрон ӕрхиз, –*
*Къулыл иу ныллӕг хӕдзары*
*Ауыгъд авд цухъайы ис,*
*Ӕмӕ уыдон раз сӕркъулӕй*
*Алӕу иучысыл ӕнцад:*
*Уым цӕринаг авд хъӕбулӕй*
*Баззад афтидӕй сӕ мад…*
*Хъӕуы уӕлмӕрды дӕр авд и*
*Ног конд ингӕнтӕ рӕгъӕй,*
*Фӕлӕ ингӕнтӕ дӕр – афтид,*
*Цухъаты дӕр удтӕ нӕй…*[3]

Куыд райгуырд, уый Булкъаты Михал поэты ӕмкъай, Цӕгат Ирыстоны Ирон театры артисткӕ Дзуккойты Афассӕйы ныхасӕй лыстӕггай радзырдта ӕмӕ йын ӕнӕрымасгӕ нӕй: «Мӕ фыды цӕсгомыстӕн, уый размӕ ахӕм хъуынтъызӕй рацу-бацу кодта, ӕмӕ йӕ дзыхӕй хъыппсыпп нӕ хауд. Стӕй дын апрелы иу дыццӕджы йӕ кабинеты дуар йӕхиуыл сӕхгӕдта ӕмӕ суанг сабатмӕ хӕстӕг

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хивӕнд. – Цхинвал, 2009. – 95 ф.
[2] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975. – 200 ф.
[3] П л и т ы Г р и с. Ӕвзӕрст уацмыстӕ 2 т. Т. 1. – Дзӕуджыхъӕу, 1973. – 252 ф.

никæй бауагъта. Тарстæн, мæ уд фыртæсæй сцæйхауд, зæгъын, йæхицæн мацы кæнæд. Маяковский æмæ Есенинæн се 'мбисонд – сæхи! Цыма емынæйæ сади, уыйау йæхи никæмæн равдыста. Йæ ахæстонæй-иу хæрынмæ рахызт, æз-иу театрмæ куы ацыдтæн, уæд. майрæмбоны нæ спектаклы фæстæ Хуыгаты Георги[1] цæйдæр тыххæй баурæдта æмæ хæдзармæ фæсæмбисæхсæвмæ не 'рбацыдтæн. Куыддæр дуарæй мидæмæ бахызтæн, афтæ дын мæ хъустыл кæцæйдæр сылгоймаджы хъæлæсы зыр-зыр куы ауаид. Фæджихау дæн, зæгъын, нæ кæрты зианæй Хуыцау бахизæд! Уæд дын ноджы лæмбынæгдæр ныхъхъуыстон æмæ ма мын æй цы базонын хъуыд: Грисы кабинетæ хъуыст зæронд усы дзыназын. Ай циу, цы сау бон мыл ныккодта мæхи уды мæрдæй, цы кæуинаг фæцис мæ хæдзар! Мæ фыды цæсгомыстæн, мæ бынаты а-а-афтæ сагъдæй аззадтæн. Сабитæ фаллаг уаты сæхицæн адджын фынæй кодтой. Æз та фæсдуар лæууыдтæн æмæ хъуыстон сылгоймаджы уынгæг хъæлæсмæ. Иу дуджы дын мæхи нымæры афтæ куы зæгъин: омæ дзыназын йæ зыр-зырæй сылгоймаджы дзыназын у, фæлæ йе схæцæнтæ æмæ йе 'рхæцæнтæ нæлгоймаджы хъæлæсы тыхæй амонгæ куы сты, уæд уый та цы диссаг у? Бæлвырдæй нырма ницы зыдтон, фæлæ уæрджытæ зыр-зыр кодтой. Уалынмæ дын сылгоймаджы дзыназын нæлгоймаджы бæзджын хъæлæс фæивта. Æз мæ МИД-зæрдæйæ базыдтон, уымæн дæр йæ уаг æрдæбоны хъæлæсæй кæй цыд. Стæй та мæм сылгоймаджы дывыдон дзыназын æрбайхъуыст авд дæлдзæхæй. Ногæй та йæм нæлгоймаг бадзынæзта чысыл бæрзонддæр хъæлæсæй. Сомы дын кæнын мæ фыды ингæны сыгъдæг сыджытæй, банымадтон дзы астхуызон хъæлæсы. Мæ кæуындзæг мæ аргæвста. Ныббогъ кæнын мæ фæндыд, фæлæ мæхи урæдтон, зæгъын, куы йæ бахъыгдарон. Суанг боныцъæхтæм фæбадтæн уым. Райсом раджы Грис дуар фегом кодта æмæ йæ цæстытæ æууæрдгæ рахызт. Фæсдуар мæ табуреткæйыл бадгæ куы ауыдта, уæд мæм ахæм каст фæкодта, цыма ныртæккæ зындоны хъизæмæрттæй раирвæзт. Мæ къухы мын скрепкæйæ кæрæдзимæ баст сауфыст гæххæттытæ фæсагъта, йæ цæсгомыл йæ дыууæ

[1] Ирон театры уæды сæйраг режиссер.

къухы æруагъта æмæ загъта: «Хазинкæ, æнхъæлдæн, цыдæр æрцахстон!». Лыстæгфыст цæджындзы сæргондмæ æркастæн – æмæ дын мæ къухы «Авд цухъхъайы».

Æртыккæгæм майы Грис йæ балладæ Фысджыты цæдисы æмбырды бакаст æмæ, йæхæдæг куыд куыдта, афтæ куыдтой, чи йæм хъуыста, уыдон дæр, мæ фыды цæсгомыстæн...»[1].

Афиссæйы уæлмонц æмæ зæрдæбын ныхасæй æнæбауырнгæ цыма уадиссаг ницы ис. Грис æрдзыкондæй, стæй дæсныйадæй артист уыдис. Уый тыххæй йæм сæрмагонд ахуырад уыд. Курдиатæй дæр никæмæ батæхуды кодтаид. «Авд цухъайы» ис, адæймаджы зæрдæ кæмæй суынгæг уа, кæмæй бариза, ахæм бынæттæ. Уæлдайдæр, йæ хъайтартæ æцæг адæймæгтæ кæй уыдысты æмæ мадæй фырттæй Фыдыбæстæйон Стыр хæсты азарæй кæй басыгъдысты, сæ фыдыуæзæг æнæбындар æмæ æдзæрæгæй кæй баззадис, ууыл куы хъуыды кæнай, уæд иу дурфидар адæймагæй дарддæр иннæтæн скæуын диссаг нæу.

Фæлæ сæйраг уый у, уацмыс йæ афыстæй, æвзаджы сыгъдæг æмæ ритмикæйæ, йæ композицион арæзтæй кæй æмбулы. Чиныгкæсæджы нуæрттæ балладæйы фыццаг дзырдтæй кæй ныттынг вæййынц, уымæн ис бындур. 1914-æм азы империалистон хæсты райдайæны немыцаг фельдмаршал, фæстæдæр Германы республикæйы президент П. Гиндербург «Neue freie Presse»-йы уацхæссæгæн цæйау загъта, зæгъгæ, ныртæккæ Уæрæсеимæ хæст фылдæр у нуæрдтыл баст. Кæд Герман æмæ Австро-Венгрийæн фидар нуæрттæ ис, уæд бафæраздзысты, – æмæ бафæраздзысты, – уæд, зæгъгæ, фæуæлахиз уыдзыстæм.[2]

Авд æфсымæры се ‘ппæты дæр удхæссæджы хъæлæсы атъысс, бындарæн дзы макæй уал ныууадз, уый нæ ирон нымадæй, мæрдты бæсты зындоны дæр срастгæнæн кæмæн нал ис, ахæм фыдракæнд у. Æмæ уыцы трагедийæ Грисы бон бацис хæсты азар æмæ адæймаджы нуæртты тох æмæ уæлахиз сныв кæнын. Диссаг куыннæ у, фæлæ

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Нæ ахуыргæнæг æмæ нæ зондамонæг // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 189–190 ф.

[2] G o l d m a n n P a u l. Gesprache mit Hindenburg. – Berlin. – 22 ф.

фыдæхыл романтикон хъæлæсыуагæй дзургæйæ, зæххон адæймаджы кæны хæларзæрдæ, ардауы йæ сабырдзинадыл тох кæнынмæ.

Балладæйы хурæргомæй цы авд æфсымæры трагедитæ уынæм, уыдонæй стæм трагеди – мады зæрдæйы рис нодджы стырдæр, абарæн дæр кæмæн ницæимæ ис, ахæм у. Балладæ æмткæй уыцы, стæм трагедийыл нывæст у. Афтид цухъатимæ йæ ныфсы хъæбулты бынысл баззайæг рыстзæрдæ мады ныхас-хъарæг адæймаджы зæрдæйыл уымæн æмбæлы. Шамил загъта: «Иры зæххыл арф нуæстæй баззад авд æфсымæры мæлæт (дзуарыхъæуккаг Гæздæнты авд æфсымæры хъысмæт – Хъ. М.). Йæ равдисыны фæлвæрдтой бирæ фысджытæ. Грис ын ссардта ахъаззаг поэтикон формæ, уый фæрцы балладæ «Авд цухъайы» сси адæмон уацмыс. Балладæйы аивадон гæнæнтæ сты æгæрон, уыдон иу кæнынц эпикæ æмæ лирикæйы фæрæзтæ. Уыдонæй Грис мад æмæ йæ хъæбулты трагеди систа стыр поэзийы æмвæзадмæ»[1].

Мад æмæ йе ‘дзард хъæбулты монологтæ уацмысы сæ кæрæдзи афтæ ивынц æмæ чиныгкæсæджы цымыдис уацмысмæ цырен цы кæнынц, æндæр сæ фæллайгæ нæ кæны. Цухъатæ æмæ афтид ингæнтæ поэт судæгас кæны лæппуты монологтæй. Сæ алыхуызон хъысмæттæ сæ хъæбатырдзинадæй дисы æфтауынц чиныгкæсæджы. Уацмысы кæрон цалдæр зæрдæагайæг дзырдæй иу ахæм фæфылдæр кæны судзгæ трагедиты нымæц: «Авд хæдзары та лæууынц Авд ирон чызджы сæркъулæй…» Нодджы сæ кæуинаггаг хъысмæтты тыххæй мад йæ хъæбулты куд хистæрæй кæй фæрсы æмæ йын сæ хъæбатыр хъуыддæгты тыххæй, хæстонæн йæ хистæры раз куыд æмбæлы, афтæ куыд дзуапп кæнынц; авторы алыхуызон рефрентæ: «Мин мин азы дæр фæстæмæ нал ис раздæхæн мæнæн»; «Мад йæ уырзтæй цухъа дауы Æмæ хусцæстæй лæууы… Айнæг сау фæрсчытæй хауы, Арв цыхцырджытæй кæуы»… балладæйы композицийыл сты тæлыты хуызæн. Нæ йæ уадзынц пырх кæнын. Уымæгæсгæ нæм уацмыс кæсы тæлывæрды хуызæн.

Æмæ нын уый «тынг лæмæгътæ»-м хауæг аивадон уацмыс! Афтæмæй алы цъыф калдтой Грисыл, фæлæ, хъазыл

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 441 ф.

дон куыннæ хæцы, афтæ рæстаг адæймагыл хахуыртæ дард нæ хæссынц. Уæддæр сæ, хъыгагæн, поэт иу æфхæрд иста иннæйы фæстæ: «На днях меня в Обкоме так разделили так! Арв æмæ зæхх æмбу кодтой мæ тæригъæдæй. Мæныл йæ къах чи нæ сæрфта, чи мыл нæ ту кодта, мæ бæрзæй мын чи нæ тъæпп кодта – бирæ ахæм нæ уыдис. Ме 'мбæлттæ, – кæй сæрыл хæцыдтæн, кæй хъахъхъæдтон, цæфтæ кæй тыххæй райстон, уыдон та, мыстытау, хуынчъыты бабырыдысты æмæ уырдыгæй гудзитæ кодтой... Мæ зæрдæ суынгæг ис æмæ галау ныббогъ кæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæ цæсты сыг цы 'ркалдис, æндæр мæ дзыхæй ницы мыр сирвæзти... Ныххостой мæ, карз æфхæрд мын радтой æмæ бæрзæйкъулæй рацыдтæн»[1].

Ахæм цъыфкалæнтæ æмæ æфхæрдтытæн уыдис æрмæстдæр иунæг бындур – ды мæнæй хуыздæр цæмæн дæ, дæуæн мæнæй уæлдай аив литературæ аразын цæмæн æнтысы. Æмæ йæ Плийы-фырт тынг хорз æмбæрста: «Æппæты зындæр та мын уый у æмæ вульгаризаторты амидингæнæг Дж. А-имæ чъизицæсгом Тембол кæй разынди. Уымæй калмдæр калм зæххыл нæ уыд, нæй æмæ нæ уыдзæн, никæд! Уый æнаккæгтæн сæ тæккæ сæр у, æмæ йын æй макуы ферох кæнут сымах дæр»[2].

Мах нæ удты фыдæнæн бирæ цыдæртæ ферох кæнæм. Æмæ, æмдзæвгæйы дзырд кæуыл цæуы, поэт нæ кæмæй фæдзæхста, ногæй уыцы æнахъинон хабæрттæ сфæлхатт кодтам фæстæдæр. Донайы хæсты ирæттæ, уырысы æмæ турчы 'фсæдтимæ хæцгæйæ, нæ кæрæдзи куыд цагътам, афтæ ивгъуыд æнусы нæууæцæм азты дæр гуырдзиаг-ирон хæст æмæ гуырдзиаг-абхазаг хæсты нæ иутæ гуырдзыйы 'фсады уыдысты, иннæтæ – ир æмæ абхазы 'фсæдтимæ, афтæмæй «Кард бæрзонд фæхæссы ирон Æмæ ирон сæрæн – дзæхст!..»

*Бога ир мыздыл фæкодтой*
*Уым сæ кæрæдзи бындзагъд, –*
*Хъæутæй уæлмæрдты 'хсæн додой*
*Сау сынтау дыууæрдæм тахт.*

---

[1] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 12 ф.
[2] Уый дæр уым.

*Сагъæс, хъæлдзæг, маст æвзаргæ,*
*Ирæй ахæм хъæртæ цыд,*
*Æмæ ниугæ кодтой, заргæ,*
*Уымæн бамбарæн нæ уыд...*

Грисы поэзийы тых бирæ цæмæйдæрты æргом кæны йæхи. Иу дзы у поэт æмæ уыимæ йе сфæлдыстады рæстдзинад. Стæй – ирмæ йе ‘гæрон уарзт. Уыцы уарзт ын нæ лæвæрдта бар æвзæр фыссынæн. Уыцы уарзт ын фæлдисын кодта, æппынæдзух ын æнцой чи нæ лæвæрдта, сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы нуарджын æмæ æппæтæй æххæст уацмыстæ.

Уыцы хъуыддаг йæ туджы уыд. Бестауты Гиуæрги дзырдта: «Рукъ, Едыс, Дзомагъ, Дзау – ацы зылды, хæхты рæхысы астæу рагæйдæр рæмыгъта æмæ рæмудзы ирон национ зæрдæйы сæйраг тугдадзинтæй сæ иу. Ирон нывæфтыд дзырды фидыц, ирон дзыхæйдзургæ сфæлдыстады зæндджын хъуыды æмæ хъæздыг фантазии æрдхæрæйнаг фесты ацы кæмтты. Ам райгуырдысты ирон адæмон поэзийы бирæ æнæном генитæ. Ам алы мæсыгы æмдзæрин кæнынц сæрибары сæрыл тохгæнæг легендарон хъайтарты æндæргтæ, алы хъуынадзыгъуыр дуры бын æмбæхст сты Царциаты диссæгтæ...»[1]. Æмæ Грис дæлæмæ никуы æруагъта уыцы кады тырыса. Хаста йæ сæрбæрзонд æмæ ныфсджынæй.

Йæ кадæг «Иунæджы» хъайтар Гæбийы нæ фæнды мард саг уæвын. Йæ былтæ хойы, кæддæр, ома, йæхимæ гæсгæ, æмдзæвгæтæ кæй фыста, йæхицæй рæстдзинады «хъайтар» кæй арæзта æмæ йын ныр фашисты раз хи срастгæнæн кæй нал уыдзæнис. Æгуыдзæгæн куыд æмбæлы, афтæ хуыздæрыл нымайы «æгас тæрхъус уæвын» æмæ «хæстæй фæкæс-фæкæсгæнгæ лыгъди», йæ фæстæ та Фыдызæхх пиллонæй сыгъди.

Кадæг йæ ритмикæйæ, стæй реминисценцитæй М. Лермонтовы «Беглец» зæрдыл кæй лæууын кæны, уый тыххæй Нафи зæгъы: «Ахæм реминисценцитæ, фыццаджы дæр, ууыл дзурæг сты, æмæ Грис тынг баст кæй у ивгъуыд

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 138 ф.

аивадон фæлтæрддзинадимæ. Æнусты дæргъы аивадон æнæскъуыйгæ процесс-рæхысы Грис у иу цæг. Цæг куы базмæлы, уæд, йæ размæ цы бирæ цæгтæ ис, уыдонæн дæр ранæй-рæтты сæ зæлланг фæцæуы. Æндæр ныхæстæй, Грис у бæрзонд аивадон традициты фæдон, ома сæ дард-дæр рæзын кæны йæ уаг æмæ йæхи идейон-аивадон фæл-тæрддзинадæй. Рæхыс дард кæмдæр нæ ныззылланг кæн-дзæн, ног цæг æм куынæ бафта æмæ йæ куынæ бауигъа, уæд»[1].

Дарддæр ног цæгæй куыд зæлланг кæны, уый уынæм кадæджы. Гæби уæрмы батыдта йæ бонтæ. Нафи зæгъы Грисы Иунæгæй: «...у рыгъдуд индивидуалист, йæхи сæры къоппа дунейæ æмæ адæймагадæй зынаргъдæр кæмæ кæсы, ахæм»[2]. Уæрмы уымæн æрцыд йæ мæлæт иунæгæй. Поэт æй Иунæг дæр уымæн рахуыдта. Йе ‘гады мæлæтмæ йæ мады даринаг фæци. Автор æм фидиссаджы номæй уымæн дзуры:

*Йæ мад дæр уым æввахс лæууыд.*
*Цæуылдæр мидзæрдыл кæрзыдта,*
*Фæлæ бæлвырд цыма нæ зыдта,*
*Хъæбул ын уыд æви нæ уыд.*
*Уæд ма йæ райгуырд та цæмæн хъуыд?*
*Куыд кæнæм ахæмыл æнкъард?*
*Нæ радта дзыллæйæн йæ цард,*
*Йæ мард дæр дзыллæйæ нæ фæхъуыд.*
*Кæцæй нæу иунæг уæд мæгуыр,*
*Сынтау æрмæст йæхицæн царди,*
*Фæцис, æмæ йын иу дæр ныр*
*Цæстысыг не ‘ркалдта йæ мардыл...*

Зæгъынц, мæрдты бæсты цæссыг кадджын у. Уæл-дайдæр дыл судзгæ зæрдæйæ цы цæссыгтæ æрхауой, уыдон. Уымæн, кæд ныййарæгæн абарæн никæимæ ис, уæддæр, йæ рыстзæрдæ мад не скодта иу цæссыджы аргъ. Уымæн æмæ йын, æгæрыстæмæй, нæ бамбæрста, фæрнджын зæхмæ йæ райгуырд цæмæн хъуыдис, уый.

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хъысмæт // А в т о р т ы к о л л е к-т и в. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 233 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ. – Цхинвал, 2012. – 330 ф.

Фæлæ кадæджы иууыл цымыдисон цы у? Сылгоймаг дæр чи нæу æмæ нæлгоймаг дæр, цæрæгойыл банымайæн дæр кæмæн нал ис, уымæн æмæ цæргæ нал кодта, уымæн йæ номæй алчи дæр тæрсы. Уацмысæй ироны зæрдæ цæмæй балхæдта поэт:

*«Кæмæй уыд? – адæммæ дзырдтон, –*
*Кæй ном у фæстагæттæн худæн?»*
*Нæ мын æй рахуыдтой ирон,*
*Æмæ уæд фенцондæр мæ удæн.*[1]

А. Пушкин йæ хъайтарæй цæйау загъта: «Трусоват был Ваня бедный» («Песни западных славян»)[2], – уый, цыма, Грисы Иунæгмæ дæр хауы. Æрмæст, карздæрæй. Поэтæн, адæймаг афтæ ницæйаг æмæ тæппуд уа, уый зын у, фæлæ йын æй ирон куы рахуыдтаиккой, уæд та йын ноджы зын дæр уыдаид. Йæ уарзт Ирыстонмæ афтæ тыхджын уыдис æмæ йын ирæттæ иууылдæр Хетæгкаты Къостатæ, Абайты Васотæ, Плиты Иссæтæ æмæ æндæр ахæм зынгæ адæймæгты хуызæн куы уыдаиккой, уый йæ фæндыдис. Уымæн сын не 'фсæст кад кæнынæй.

Æмæ-иу ын кæд алы хатт уый хъæрæй зæгъыны фадат нæ уыдис, уæддæр, «Поэт»-ы куыд федтам, афтæмæй-иу йæ зæрдæйы хъынцъым уæддæр ралæмæрста аивады хуызы, цыма йын М. Лермонтовы «Эпитафи»-йы («Прости! увидимся ль мы снова?») хъуыды: «Лучше плакать, чем страдать»[3] фæндагамонæг стъалы уыд. Афтæмæй йын «кæуын» æмæ хъынцъым кæнын систы зæххон царды æмбæлццæттæ. Йæ зæрдæйы сагъæсæн аивады хуызы рухсмæ лæвæрдта фæндаг цардхæссæгæй.

Уæддæр, Плийы-фырт бæрзонд романтикон дзырдмæ æмхиц уыд. Васойы тыххæй нæм раздæр цы 'мдзæвгæйы тыххæй уыдис ныхас, уым дæр банкъардтам уыцы сæрбæрзонд ныхас, фæлæ Къостайы тыххæй йæ дзырд зæххон у, йæ хъуыдытæ – хъæууон царды нывтæ. Уынæм сæ «нæртон бæгъæмвад лæппу Хетæджы айнæгыл» куыд

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 247–248 ф.
[2] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1947. – 337 ф.
[3] Л е р м о н т о в М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979. – 318 ф.

байрæзт», кæмтты уæлыгæс куыд цыд, рæгътыл куыд хатти фыййауæй. «Хаста сæгъдзармæй хызын, Æмæ фысдуцæн – хъæзын къус». Фæлæ дзы уæддæр рацыди лæг. Адæмтыл, бæстыл куы ‘рзылди, уæд «Базыдта дзыллæйы маст, Сагъæсæй зæрдæ фæхъæстæ». Æмæ йæ раст уыцы маст дзурын кодта. Уыцы мастæй айхъуыст йæ зарæг дунетыл. Фæстагмæ райста романтикон хуыз: «Джихæй йæм дунетæ хъусынц!» («Нарон»).

Къостайыл Грис фæстæдæр цы ‘мдзæвгæ ныффыста «Æлвæст æхсаргард», зæгъгæ, уый у æцæг зæрдæмæдзæугæ, Грисы къухæй чи хъуамæ рацыдаид, ахæм, æцæг æлвæст æхсаргарды хуызæн аив уацмыс. Нæ сæрхъызой йæ, лæджыхъæдæй уыдаид æви аивады, алы хатт дæр дисы кæй æфтыдта, уымæн ыл не ‘фсæст хъуыды кæнынæй уыдаид, æмдзæвгæтæ æви драмон уацмыс фыссынæй:

*Лæджыхъæд циу, тырныдта уымæ:*
*Батрадз – хуыцæуттимæ хæцынмæ,*
*Ацæмæз – зарын æй кæм хъуыд,*
*Уырызмæг – бархъомыс ныхасы;*
*Фæлæ тыхимæ знаг æрцыд –*
*Æлвæст æхсаргардау йæ разы*
*Къоста, цæхæркалгæ, лæууыд.*

Къоста йын куырыхон дæр уыдис æмæ поэт дæр, уæздан дæр æмæ хæстон дæр. Сабибонтæй фæстæмæ цардæй ницы уыдта æмæ уый зæгъ. Ставраполаг фыссæг æмæ литературæиртасæг дзы, 33 азы куы сæххæст, уымæй зæгъы: «Возраст распятого Христа. Но радости не было, только неизбывная печаль. Сумрачные мысли не покидали его, цеплылись одна за другую»[1]. Фæлæ йæм ирон адæймаджы æппæт бафæзминаг миниуджытæ кæй уыдысты, уый тыххæй дзы уыдис Грис сæрыстыр æмæ йын уый тыххæй кодта æгæрон стыр аргъ:

*Мæстæфхæрд – йе ‘нæрайы дугæй,*
*Фæлæ уæддæр зæрдæйы тугæй*
*Йæ зарæг артуадзгæ фыста…*

---

[1] К р а в ч е н к о  В и к т о р. Коста, сын Леуана. – Ставрополь, 2008. – 13 ф.

*Бон ивта боны, аз та – азы.*
*Æмæ ныр хур уа, йе, хъызт уа,*
*Æлвæст æхсаргардау нæ разы*
*Фæлæууы джихрæсугъд Къоста*[1].

Лæгау-лæгæй æмбæлон ныхас зæгъынæн, аккаг кад ын скæнынæн адæймаджы зонд æмæ хъару хъæуынц. Æмæ уый йæхæдæг дæр лæджыхъæд у. Чъызгæ, хъæрзгæйæ цыфæнды стыр ныхæстæ фæкæн, уæддæр никæмæ фехъуысдзысты. Стæй былалгъ ныхас стыр дзырдтæй дæр никæй хъæуы. Æмæ уыдæттæ, табу Хуыцауæн, Грисæн амонын нæ хъуыдис. Къостайыл цы номы драмæ сфæлдыста «Æнæсæттон», зæгъгæ, уый йæхæдæг цасы аргъ у, æргъаг нæм нымады куы уаид, уæд. нафи дзы загъта: «...драмæйы рæзт конфликты райхæлдыл баст нæу, фæлæ фыццаджыдæр сæйраг геройы характер куыд æххæстдæрæй равдыстæуа, ууыл. Драмон кадæджы иннæ архайджытæ зилынц сæйраг геройы алыварс, чысыл планетæтæ Хуры алыварс куыд зилдух кæнынц, афтæ. Уыдонæн кæд цыфæнды сæрмагонд удыхъæд ис, уæддæр сæ алы фæзынд æмæ ныхасæй дæр арæхт сты, сæйраг персонажы удыхъæды миниуджытæ ирддæрæй æмæ æххæстдæрæй цæмæй разыной, уымæ»[2]. Æмæ уацмысы архайд, сюжеты рæзт куыдфæнды цæуæд, махæн сæйраг у, Къостайы фæлгонц Грис куыд рæсугъд, куыд бæллиццаг æмæ бæрзондæй сныв кодта, уый.

Плиты Грис йе ‘рвад, дыууæ хаты Советон Цæдисы хъайтар, Монголты Республикæйы хъайтар, æхсарджын æфсадхон Иссæйыл цы ‘мдзæвгæ сфæлдыста – «Æртхутæгдон», уый, æнæ ракæ-бакæ, кæцыфæнды адæмы нывæфтыд литературæ дæр барæсугъд кæндзæнис. Нæ поэзийы у иууыл зæрдæзæгъгæдæр уацмыстæй. Йæ афыст, йе ‘взаг, йæ фæлгонцон уынынад дæр цæмæннæ, фæлæ йæ формæйæ, йæ тæлывæрд композицийæ дæр у бирæ бæрзонд æмæ кады ныхæсты аккаг. Уæлдай цымыдисондæр та йæ арф æмæ хæдбындур хъуыдыйæ у. Авторы, фольклорæй райдай, уæдмæ цæрæгойтыл, суанг, бæхтыл цы уацмыстæ æрцыдис фыст, уыдон, тынг бирæ

[1] П л и т ы Г р и с. Æлвæст æхсаргард // Фидиуæг, 1979. – №10. 13 ф.
[2] Д ж у со й т ы Н а ф и. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – 299 ф.

ӕндӕр фысджытау, сӕ фӕдыл нӕ асайдтой. Нӕ ацыд ӕнцон фӕндагыл ӕмӕ сӕ нӕ бафӕзмыдта, фӕлӕ ссардта йӕхи фӕндаг.

Дзуццаты Хадзы-Мурат загъта: «Бӕх ӕмӕ барӕг – нӕ поэттӕ бирӕ кӕуыл фыстой, уыцы темӕ ӕлхынцъгонд цӕуы Плиты Грисы ӕмдзӕвгӕ «Ӕртхутӕгдон»-ӕй (1962). Цы у бӕх барӕгӕн ӕмӕ барӕг бӕхӕн, уый дзы ӕнкъарӕм арф ӕмӕ эмоционӕй. ...Балладӕты диалог ис бӕх ӕмӕ барӕгӕн, мӕлгӕ дзы акӕны барӕг ӕмӕ, цыма, бӕхы зӕрдӕ йӕ барӕгыл риссы (уый адӕмон поэзийы рагон амал у). Грисы балладӕйы та амӕлы бӕх ӕмӕ йыл риссы йӕ барӕджы зӕрдӕ. Сюжеты ахӕм уавӕр фадат дӕтты салдат-барӕджы миддуне рафӕлгъауынӕн»[1].

Уый афтӕ хъуамӕ уыдаид. Грис нӕ ацыд над фӕндагыл. Йӕ уацмысӕн ссардта оригиналон хуыз. Ӕрыгон чи нӕу, фӕлӕ зӕронд дӕр чи нӕма у, ахӕм «Ирон инӕлар, йе стъолы цур бады, Йӕ разы та – бӕхы сӕфтӕгӕй конд Хуымӕтӕджы ӕртхутӕгдон цӕфхадыл». Ӕмӕ йӕм хъӕбатыр инӕлар ӕдзынӕг куы ныккаст, уӕд дзы фехъуыста ивгъуыд тохы мыртӕ. Цыма «йӕм фӕздӕгӕй ӕваст, мыр-мыргӕнгӕ, йӕ саулохаг бӕх сыстад». Йе ʻвзонджы бонты туг схъазыд йӕ уӕнгты, «фӕбырсы йе ʻфсӕдтӕн сӕ разӕй». Ӕмӕ ӕваст фӕивы уацмысы ритмикӕ, йӕ интонаци:

*Зӕй нӕ ракалди уӕлвӕзтӕй,*
*Уымӕй не змӕлынц а бӕстӕ, –*
*Уый фӕхоны йӕ цӕргӕстӕ*
*Иры инӕлар сау хӕстмӕ.*

*Нымӕт дымгӕмӕ спака и,*
*Уӕнтыл фестади базыртӕ:*
*Уый фӕтӕхынц атакӕйы*
*Иры сагсур бӕгъатыртӕ.*

*– Размӕ, размӕ, мӕхи ʻмгӕрттӕ! –*
*Хъусынц йе ʻфсӕдтӕ Плионӕй,*
*Ӕмӕ се ʻлвӕст фӕринк кӕрдтӕ*
*Хурмӕ судзынц сырх пиллонӕй...*[2]

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хӕст ӕмӕ зӕрдӕ. – Цхинвал, 1966. – 80 ф.
[2] П л и т ы Г р и с. Равзаргӕ уацмыстӕ 2 т. Т. 1. – Дзӕуджыхъӕу, 1973. – 178–179 ф.

Ӕмӕ та уацмыс ногӕй ӕрцахста йӕ фыццаг хуыз – уӕзбын, цыма, рӕстӕгбарӕн интонаци. Уымӕн ӕмӕ: «Ӕваст... фӕцӕф и саулохаг... Ӕваст Йӕ саргъӕй атахт балхонӕг хъӕбатыр; Фӕстаг хатт бӕх йӕ барӕгмӕ фӕкаст...». Ӕмӕ поэт спайда кодта, зӕрдӕмӕ фӕндаг чи ары, Дзуццаты Хадзы-Мурат[1], фӕстӕдӕр – Джусайты Нафи афтӕ цы аивадон амалӕй загътой: йӕ «уарзон фӕрӕз – мивдисджыты градацийӕ»[2] – бӕх йӕ иузӕрдыг ӕмхӕстон ӕмбал, йӕ барӕгмӕ фӕстаг хатт «ныууасыди, ӕрхауд, ныррызт, ныссабыр». Фӕлӕ сӕйраг хъуыддаг, поэт уацмыс цӕй сӕрвӕлтау сфӕлдыста – адӕймаджы ахаст йӕ хӕстон ӕмбал, хӕстон бӕхмӕ, уый раргом вӕййы фӕстӕдӕр: «Куы фӕци хӕст, ингӕн ӕрцыд уӕд къахт, Сӕфтӕгцухӕй дзы баныгӕдтой бӕхы...».

Ӕрыгон чи нал уыд, зӕронд чи нӕма уыд, фӕлӕ фӕдисӕмдзаг цард ӕмӕ уӕззау тохты чи сфӕлтӕрдта, хъысмӕты гакк йӕ ныхыл кӕмӕн уыдис фыст, уыцы инӕларӕн ӕртхутӕгдон мысын кодта йӕ уарзон хӕстон ӕмбалы, фӕстаг сулӕфты онг ыл сайдӕй чи никуы рацыдис, йӕ уыцы бӕхы. Ӕмӕ Грисы бон бацис, адӕймагӕн, уырыс куыд акӕнынц, нӕ кӕстӕр «ӕфсымӕртӕм» цы ахаст хъуамӕ уа, уый уарзгӕйӕ ӕмӕ бындуронӕй равдисын. Ӕвдисгӕ та йӕ ракодта зӕрдӕйыл тайӕг ӕмӕ руайӕг дзырдтӕй, уацмысы аив композицийы арӕзтӕй. Джыккайты Шамилы зӕрдӕ дзы йӕ рӕстӕджы уымӕн байрад: «Дӕсны арӕзт у уацмысы композици. Сюжет фӕци, цы нывӕй райдыдта, уымӕй. Ахӕм тӕлывӕрд композици ӕвдисы, архайд ӕхгӕд зылды кӕй цӕуы, уыцы поэтикон ӕцӕгдзинад»[3]. Адӕймаджы зӕрдӕ уымӕн ӕлхӕны.

Ноджы поэт ӕмдзӕвгӕйы ритм уацмысы амадмӕ гӕсгӕ куыд аивӕй скоммӕгӕс кодта! Куы йӕ бафӕнды, уӕд цахӕм зӕлланггӕнаг дзырдтӕй-рифмӕтӕй пайда кӕны: «базыртӕ» – «хъӕбатыртӕ», «ʻмгӕрттӕ» – «кӕрдтӕ», «Плионӕй» – «пиллонӕй», «хъӕбатыр» – «ныссабыр», «бӕх тагъд» – «уӕд къахт»!.. Бӕрзонд у йӕ поэтикон культурӕ.

Уымӕн дзы загъта Гаджиты Георги: «Грисы ӕмдзӕвгӕты зын ссарӕн у, ритм кӕм фехӕлы, ахӕм бынӕттӕ,

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Хӕст ӕмӕ зӕрдӕ. – Цхинвал, 1966. – 81 ф.
[2] Джусойты Нафи. Поэты хивӕнд. – Цхинвал, 2009. – 127 ф.
[3] Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн. – Дзӕуджыхъӕу, 1996. – 226 ф.

læмæгъ кæнæ та иухуызон рифмæтæ. Грисы ‘мдзæвгæты зын ссарæн у уæлдай ныхас, уæлдай рæнхъ йе уæлдай строфа. Поэт чиныгкæсæджы раз æвæры цыбыр, фæлæ ирд нывтæ, уыдонмæ бафтауын дæр ницы уал фæхъæуы, стæй дзы уæлдай дæр ницы ис»[1].

Æмæ æрмæст ацы ‘мдзæвгæ нæ, цас æмæ цас сты, поэт хæстон темæйыл цы ‘рдхæрæны уацмыстæ сфæлдыста, уыдон: «Цом, фæцæуæм», «Чи зоны», «Хæцæны», «Атакæ», «Салдат», «Цыма фенцад æваст...», «Авд цухъайы», «Мила»...

Алы темæ дæр поэты курдиатæн коммæгæс уыдис, лæвæрдта йын къух. Сæрмагондæй сæ нæ хъулæттæ кодта. Фæлæ-иу, йæхи загъдау, «бынтондæр, бынтон» ныццæхæр калдта ирон салдаты тохвæндæгтæ æвдисгæйæ. Æмæ ныфсджынæй афтæ куы зæгъæм, зæгъгæ, раст уыдис Джыккайты Шамил, афтæ кæй хъуыды кодта: «Грисы курдиат райхъал хæсты уынæрæй, бахсыст хæсты цæхæры, срухси хæсты трагизмæй. Ирон хæстон поэзийы ис бæлвырд æнтыстытæ, фæлæ Нигеры фæстæ раст зæгъы Джусойты Нафи: «...поэзия Г. Плиева как бы воплотила в себе лучшие черты военной лирики и явилась ее вершинным достижением»[2]. Ацы хатдзæгмæ æрцæуынц иннæ литератортæ дæр[3]. Йæ хæстон поэзийæ бирæтæ раст уый тыххæй «систы хрестоматион æмæ æцæг адæмон уацмыстæ»[4], – уæд бынтондæр ницæмæй фæрæдидзыстæм. Уымæн æмæ нын æргом æвдисæн у Грисы сфæлдыстад йæхæдæг.

Фыдыбæстæйон хæсты тæккæ райдайæны æвзонг поэт йæ хъæлæсы дзаг кæй ныхъхъæр кодта: «Уæ, мæ хæлар, рабад, райс дæ гæрзтæ! – Нал ис бирæ сагъæстæн рæстæг, – Сиды, хъус-ма, сиды нæм нæ бæстæ...», – уый стыр хъуыддаг уыд. Уыцы сидт поэтæн йæ зæрдæйы арфæй цыд, нæ йын лæвæрдта æнцой æмæ нæ йæ хъуыддæгтæй уырны

[1] Г а д ж и т ы Г е о р г и. Базырджын азтæ æмæ ныфсдæттæг поэзи // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 101 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Гриш Плиев // Очерк истории осетинской советской литературы. – Владикавказ, 1967. – 334 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 212 ф.

[4] Уый дæр уым.

йæ хæстон, Фыдыбæстæйы æхсарджын хъахъхъæнæджы зæрдæйы уаг:

*Цом, фæцæуæм не знагæн йæ размæ*
*Риуæй йын æрæхгæнæм йæ фæд:*
*Ды куы 'рлæууай, саг лæгау, мæ фарсмæ,*
*Ме 'хсар дæр тыхджындæр уыдзæн уæд.*

Уыцы 'хсар фарсхæцджыты фæрцы кæны дывæр, æртывæр, фондзыссæг хатты фылдæр. Адæймаджы рæстдзинады фарс исчи куы уа, уæд æй уый цырын кæны размæ цæуынмæ. Ахæм адæймагæн, йæ хъузджы бырд куынæ уа, уæд дурты бын дæр басæттæн нæй. Æппынæдзух цæудзæнис размæ йæ рæстдзинад бæлвырд кæнынмæ. Поэт уымæн сиды адæммæ, цæмæй фашизмы ныхмæ растой æмдыхæй, æмзондæй. Уæд сын цыфæнды зынты дæр, цыфæнды тугкалæн тохы дæр нæ уыдзæнис басæттæн. Æмæ уый бирæ, тынг бирæ цæуылдæрты дзурæг у.

Афтæ зæгъæн нæй, ома, цингæнгæ цыдис туг ныккалынмæ. Грис тынг хорз зыдта, хæст цы у æмæ йæ фæдыл цы къодæхтæ бас тис. 42-æм азы æртхъирæны мæйы 6-æм бон Нигермæ фыста: «Абон фæцæуын хæстмæ… Диссаг дæм нæ кæсы?.. Фæцæуын хæстмæ!..

Хазби афтæ загъта: «Хæстмæ цæуын хъазтмæ цæуын нæу, – хæстæн йæ тæккæ тыфылы уыдзынæн: чи зоны æмæ цынæ вæййы». Бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæмæй уæ мæнæ куыд æрымысыдтæн!..»[1]. «Цæуыл сты уыцы сагъæстæ? Нæ сæ нымайы фыстæджы автор, фæлæ æрмæст Елбыздыхъойы историон трагеди «Хазби»-йæ цы монолоджы кой кæны, уымæй дæр бæрæг у («Хæстмæ цæуын хъазтмæ цæуын нæу…»): Грисмæ зын кæсы хæстмæ цæуын. Уымæн ис дыууæ аххосаджы, дыууæ хъуыддаджы рæхойынц адæймаджы зæрдæ хæстмæ цæугæйæ: иу – мæлæты тас, иннæ – искæй амарын, искæй туджы дæхи сæвдулыны æвирхъаудзинад. Хæсты быдыры æфсæддон лæг, салдат, мары æмæ мæлы (бахахх сæ кодта Нафи – Хъ. М.). Уый трагикон фæзынд у алы адæймагæн дæр, уæлдайдæр та поэт-гуманистæн»[2].

[1] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1913. – 5 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хивæнд. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 85 ф.

Поэт тынг хорз зыдта, карды бын уæуууытæй нал у. Иугæр нæм знаг æрбабырста ныццæгъдынмæ, нæ Фыдыбæстæ байсын ис йæ зæрды, цæмæй йæ нæма йæ цъыф цырыхъхъыты бын, суæм ын хъалондартæ уæд дзы æнæ стыр уднывæндтæ нал уыдис фервæзæн. Адæммæ дæр уымæн сидт, цæмæй сæ иумæйаг знаджы ныхмæ рацыдаиккой æмгуырæй.

Дзырд дæр ыл нæй, уый æрмæст Грисы кæнæ бирæ æндæр ирон поэтты хъуыды нæ уыдис. Уый цыд уæлейæ, æгæрон Советон Цæдисы разамынадæй. Аивады кусджытæй афтæ домдта компарти æмæ сын сæ хъуыды чи не ‘ххæст кодта, уый цыдис «адæмы ныхмæ». Хæсты тæккæ райдайæны газет «Известия»-йы мыхуыр æрцыд В. Лебедев-Кумачы æмдзæвгæ «Священная война» æмæ йыл уыцы тæккæ А. Александров ныффыста музыкæ æмæ йæ уайтагъд зарын райдыдтой радиойы, æфсады, уынгты... Цалдæр бонмæ ссис адæмон: «Пусть ярость благородная Вскипает, как волна! Идет война народная Священная волна!»[1]. Кæй зæгъын æй хъæуы, ирон поэттæн ахæм фадæттæ никуы уыдис æмæ сæ цахæмфæнды диссаджы уацмыстæ дæр адæммæ уайтагъд хæццæ кодтаиккой, уайтагъд-иу суыдаиккой зындгонд, фæлæ уæддæр тырныдтой сæ зæрдæты хъынцъым æмæ фæндвидар хъуыдытæ æвдисынмæ.

Грис фашизмы ныхмæ тохмæ фæндвидар æмæ зæрдæбынæй сидтис адæммæ. Уымæн æмæ æууæндыд йæ рæстаг хъуыдыйыл. Уымæн æй никуы æмбæхста. Нæдæр хæсты рæстæджы, нæдæр – уыйфæстæ:

*Калммарджытау, сау хæсты, мæ лымæн,*
*Не знæгты бындзагъд кæнынмæ цом! –*
*Абон лæг цы нæ саразa, уымæн*
*Ахæм афон нал уыдзæнис сом.*

*Мах къухæй куы фæуой цагъд фыдгултæ –*
*Бакæндзыстæм не стыр хæс æххæст,*
*Мады хæрзтæ бафидæг хъæбултæ*
*А зæххыл уыдзыстæм мах æрмæст*[2].

(«Цом, фæцæуæм»)

[1] Л е б е д е в-К у м а ч. Священная война / Известия, 1941. – 24 июнь.
[2] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 40 ф.

Уæд ирон фысджытæй æрмæст Грис нæ сидтис адæммæ фашизм ныддæрæн кæнынмæ, куыд æй хуыдтой, нæ уæды дардыл Фыдызæхх тыхæисджытæй ссæрибар кæнынмæ. Уый сæ алчи дæр нымадта йе ʻмбæстагон стыр хæсыл. Дзуццаты Хадзы-Мурат уый тыххæй афтæ загъта: «Дуг, карз рæстæг домдта, цæмæй поэттæ хъæлæсыдзагæй зæгъой сæхи тыххæй æмæ рæстæджы тыххæй»[1]. Фæлæ уыцы хоры бæрæгæй зындис Плийы-фырты хъæлæс. Æгæрыстæмæй, йæ тохмæ сидты поэзийы дæр.

Йе ʻмдзæвгæ «Чи зоны» кæд «Цом, фæцæуæм»-ы хуызæн æлвæст нæу композицион æгъдауæй, уæддæр, йæ афыстæй, йæ арæзтæй, йæ контрастон нывтæй æмæ дзырды уагæй йæхимæ æлвасы чиныгкæсæджы зæрдæ. Лирикон хъайтары фæнды, цæмæй хæстмæ ацæуыны размæ фæбада йæ фидæны хæстон хæлæрттимæ, хъæубæстимæ. Уый тыххæй кæны æфсинмæ барджын ныхас: «Æтт, æфсин, уазджытæ!», «Иу дурын лалымæй рауадз», «Рахæсс нын сойамæзт дзаджджын», «Азæр ма де скаст – æрвадджын, Райсом дын хæстмæ цæуы». Хæстмæ чи цæуы, уымæн бирæ бартæ ис.

Æрмæст фынгыл нæ бадынц, фæлæ: «Бадты йæ зæрды кæмæн цʻ и – Хъамæ сæ раргом» кæной; «Сусæг сæ мауал кæной», комкоммæ зæгъой сæ нæмттæ, «иу мады фаззон хъæбултау» цæмæй знагæй бахизæм нæ зæхх.

Фæлæ сæйраг цы у: знагимæ тох кæнгæйæ дæр хъуамæ уой сыгъдæг, æргомдзырд. Тæппуд æмæ чъизи адæймаг Фыдыбæстæйы æцæг хæстон никуы суыдзæнис. Поэт лирикон хъайтары дзыхæй уымæн дзуры:

*Иумæ фæцардыстæм азтæ, –*
*Иуы фæнд – иннæмæ дард:*
*Чи нæ йæ дзыллæйы уарзта,*
*Чи та – йæхи уды цард.*
*Искæд-иу уавæр куы суæззау –*
*Не ʻхсæн-иу рæхыс фæсаст:*
*Чи нæ-иу касти цæргæсау,*
*Чи та мысты цæстæй каст.*

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966. – 9 ф.

*Алкæмæн хицæн – йæ хæстæ,*
*Хицæн ын райгуырæн ис:*
*Иуæн – йæ къаннæг хъæубæстæ,*
*Иннæмæн – не стыр Цæдис...*

Поэты æргом дзырды нысаниуæг адæймаджы иууыл тынгдæр уырны, уацмысы тæлыбаст цы поэтикон рæнхъытæй кæны, уыдон рæстдзинадæй: «Чи зоны, царды кæрæдзи Абон фæстаг хатт уынæм!».

Грис царды дæр, аивады дæр тынг арæхст адæймаджы зæрдæйы сусæг æвæрæнтæм ныккæсын æмæ сæ рафæлгъауынмæ. Царды кæрæдзи фæстаг хатт чи фæуынынынц, уыдонмæ æмбæхсинагæй, фæфæстæкæнинагæй ницы уал вæййы. Æмæ цас сæ зæрдæты æмбæхст æлхынцъытæ райхалой, уый бæрц сын хæсты быдырмæ цæуын æмæ фашизм дæрæн кæнын æнцондæр уыдзæнис. Уый та уæд дæр æмæ ныр дæр тынг ахсджиаг уыдис æмæ у: «Адæймаг иу хатт фæмæлы, – Хъуамæ рæсугъд мæлæт уа!»

Грисы поэзии йæ рæстдзинадæй у æргомдзырд, карз, фæлæ – ныфсдæттæг, тыхдæттæг; адæймагæн æрмæст царды сусæгтæ не 'ргом кæны, фæлæ йæ æвæры царды базыртыл. Æгæрыстæмæй, цыфæнды зын, фервæзæн кæм нал вæййы, ахæм уавæрты дæр.

Поэт æмæ йæ лирикон хъайтарæн æнæуынон сты хæст æмæ йæ рымысæг: «Æлгъыстæй зындоны дзыназа, Цы лæг æрымысыди хæст!..» – фæлæ тынг хорз зоны, хæстрасидæг æмæ, тугкалæн хæсты йæ бартæ чи хъахъхъæны, уыдон æсхуызон къахдзæфтæй баргæ кæй не сты. Уый тыххæй йæ хъуыды бæрæгæй бæрæгдæр у: «Æнусмæ арфæйаг уа, бартыл Цы лæг æрымысыди хæст!» Æмæ Грисы хъайтар «нæ хæстæфхæрд бæсты цæуæт» сæ удты сæрибары сæрвæлтау хæсты æнгомæй размæ кæм бырсынц, уым ирон лæппу дæр фæстейæ нæ баззад æмæ йæ ныфсæй, йæ тохæй стæм сæрыстыр:

*Сæ фарсмæ слæууыдтæн дæ номæй,*
*Мæ Ир, æмæ дæ ма уæд мæт:*
*Мæнæй нæ уыдзынæ къæмдзæстыг,*

*Сыгъдæг у ме 'фсæддон цæсгом,*
*Æгад нæ фæкæндзынæн хæсты*
*Рæсугъд ирон дзыллæйы ном.*

Æмæ йæ не 'гад кодта. Цæрукъаты Алыксандр дзы уымæн загъта: «...дæ тары бон нæ цæст, Æрфæнау, нал æххæст дæ асыл...»; «Поэт Хуыцауæй уæлдай нæу, Æрвон – йæ судзгæ монц, йæ хъуыды... Нæ Ирæн чи раива дæу, – Æндæр нæ фæзындзæн рæхджыты!»[1].

Фæлæ адæймагæн иу удæй уæлдай нæй. Алчи дæр тæрсы мæлæтæй. Æмæ куы «ныммæйдар хæцæн æмæ мигъы» куы «ныссабыр, рох ингæнау, раст», – уæд, сыгъд бæласы сынты цъæхахстæй йæ «зæрдæ баризы куыддæр». Æмæ дзырд, мæйдар æхсæв сынт уасы æви нæ, ууыл нæ цæуы. Уый æрмæстдæр бæлвырдгæнæн æмбарынад у. Поэтæн та у абстрактон аивадон амал. Дзуццаты Хадзы-Мурат уый тыххæй афтæ загъта: «Конкретон-реалон деталтæ равдисынил нæу поэт, фæлæ фæлгъауы хæсты философи»[2]. Æмæ, йæ зæрдæ кæй баризы, уымæн ис тæссаг, фæлæ фидар быңдур:

*Бон арвыл йе 'нкъард балц куы фæци,*
*Уæдæй фæстæмæ мах тæссаг*
*Нысанæн агурæм кæрæдзи –*
*Æз æмæ сау фыд-зæрдæ знаг.*
*Кæй хал нæ схаудзæн – чи йæ 'мбары?*
*Кæй мард нæ не ссардзæн ингæн? –*
*Йæхи гæрзифтонг алчи дары:*
*Æз уый нысан дæн, уый та – мæн.*

*Мæлын та иуы дæр нæ фæнды,*
*Фæлæ æрцыд æппæрст нæ хал...*
*Ныр махæй алчи дæр нывæнды*
*Йæ зæрды иннæмæн адзал:*
*Уый сласта кард, æз – ме ссад хъама,*
*Нæ иу ныр нал фæцæудзæн дард...*

[1] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Æндæр нæ фæзындзæн рæхджыты // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 322 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966. – 34 ф.

*Уынгæг тох ралæууыди – хъуамæ*
*Нæ иуæн аскъуыйа йæ цард.*
*Æмæ ныммæйдар хæцæн мигъы,*
*Ныссабыр, рох ингæнау, раст,*
*Æрмæст ма сыгъд бæласы хихыл*
*Фæцæуы тарст сынты цъæхахст.*

Æмдзæвгæйы лирикон хъайтары мидсагъæстæ уыцы историон тугкалæны тыххæй раст æмæ ирон лæгæн, стæй рæстаг адæймагæн иубонон нæ, фæлæ æнустæм мысинаг æмæ æххæстгæнгæ кæй сты, уый бирæ цæмæйдæрты фæцæуы бæлвырдгонд. Уый нæ историон фæндаг у. Æгæрыстæмæй, иууыл зæрдæйыл куынæ фембæлынц, уæддæр. Н. Чернишевский цæйау загъта: «Исторический путь – не тротуар Невского проспекта; он идет целиком через поля, то пыльные, то грязные, то через болота, то через дебри»[1].

Грис хæсты æцæг цæсгом кæй федта, цы у, уый бæстонбæлвырдæй кæй базыдта æмæ йæм реалон, стæй уыимæ æцæг хæстоны цæстæй кæй акаст, ацы уацмысæй Шамил уымæн загъта: «Ирон поэзийы æнтыстытæй иу у æмдзæвгæ «Хæцæны»[2]. Уымæн æмæ дзы литературæйы дæсны федта лирикон хъайтары, уыимæ поэты зæрдæйы сусæг дыздыз мæлæтхæссæг, хин дуджы кæлæнты ахсæй. «Салдатмæ знаг сласта йæ кард, салдат та – йæ хъама. Конкретон-реалон деталтæ равдисыныл нæу поэт, фæлæ фæлгъауы хæсты философи... Лæгуарзондзинадмæ куы лæбура лæгæнæуынондзинад, уæд æнæ хæст ницы бакæндзынæ»[3], – загъта уый тыххæй Хадзымурат. Поэты бон баци, туг цæй аххосæй кæлы, уый æцæг цæсгом равдисын. Æмæ афтæ куы дзуры фидарæй:

*Хатыр нæй ацы хæсты, хъуамæ*
*Фæуа быныскъуыд не знаг тагъд.*
*Мæ фæдыл чи зылд дысон – хъама*
*Йæ риуы фистонмæ ныссагъд.*

---

[1] Ч е р н и ш е в с к и й Н. Г. Полн. собр. соч. Т. VII. – М., 1950. – 922 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 437 ф.

[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966. – 34 ф.

*Тыхджын уыд сау ӕлгъыст, нӕ састи,*
*Фӕлӕ йӕ нал бахъуыди сынт:*
*Лӕгмӕ цы сырд цӕстытӕй касти,*
*Ныр уыдон уартӕ къахы сынт, –*

уӕд уый натурализм нӕу, фӕлӕ ӕгъатыр хӕсты рӕстдзинад. Фӕлӕ уыцы рӕстдзинады рӕстаг адӕймаг кӕй сӕфы, уый ӕнцой нӕ дӕтты поэтӕн. Уымӕн ӕлгъиты, тыхы сӕрыл, марыны сӕрыл хӕст чи ӕрымысыди. Фӕлӕ бӕрзонд ӕвӕры, йӕ сӕрибары, йӕ барты сӕрыл чи хӕцы, уыдон.

Хӕсты тыххӕй поэты философон хъуыдыйӕн ис стыр нысаниуӕг. Барты сӕрыл хӕст у сыгъдӕг ӕмӕ ӕвӕджиаг. Адӕймаджы кӕны сыгъдӕг. Исы йӕ бӕрзонд. Кӕны йын ӕцӕг адӕймаджы кад. Ис ын стыр патриотон хъуыды. Фӕстагӕттӕн ӕй ӕвдисы цӕвиттонӕй.

Ахӕм хъуыдытӕ ӕдзӕмсӕфт нӕ кӕнынц. Семӕ фӕхӕссынц рӕстӕджы фарн. Фӕлтӕртӕн вӕййынц фӕзмыны хос, ӕрмӕст сӕ афыстӕй, сӕ патриотон хъуыдыйӕ нӕ, фӕлӕ сӕ арӕзт, чиныгкӕсӕгмӕ сӕ рахасты бирӕ сусӕг хъуыдытӕй дӕр, кӕд Цӕгӕраты Максим ӕмӕ уый хуызӕн «критиктӕм» патриотон нӕ кастысты, «ӕнкъард хъуыдытӕ, цавӕрдӕр лӕмӕгъзӕрдӕдзинад, пессимизм»[1] сӕм кастысты, уӕддӕр. Хадзы-Мурат уымӕн загъта: «Вульгарон куырмгӕнӕг критикӕ никӕмӕн барста, хӕсты рӕстдзинад чи фыста, уыдонӕй»[2].

Афтӕ мӕм дзуры мӕ зӕрдӕ, цыма Грисы «Хӕцӕны» куынӕ райгуырдаид, уӕд Джусойты, стӕй Ирыстоны курдиатджын поэт Хаджеты Таймуразы диссаджы ӕмдзӕвгӕ «Алайнаджы тох ромаг хӕстонимӕ» дӕр нӕ федтаид рухс, кӕд сын комкоммӕ сӕ кӕрӕдзиимӕ ницы иудзинад ис ӕмӕ сӕ кӕрӕдзи нӕ фӕзмынц, уӕддӕр. Иу сӕ кӕны сӕ философон хъуыды ӕмӕ сӕ адӕймагуарзондзинад.

Таймуразы ӕмдзӕвгӕйы хъайтары дӕр «Хӕцӕны лирикон хъайтарау нӕ фӕнды туг ныккалын. Йӕ ныхмӕлӕууӕгау хъӕбатыр ӕмӕ рӕсугъд адӕймаджы тугӕй йын, мыййаг, нӕу дойны, фӕлӕ йын уый хъхысмӕты гакк у ӕмӕ йӕ сӕрты ахизын нӕу йӕ бон. Уый бар ын нӕ дӕтты фыддуг:

[1] Ц ӕ г ӕ р а т ы М а к с и м. Ирон советон литературӕйы уавӕр ӕмӕ хӕсты тыххӕй // Мах дуг, 1954. № 9. 56 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хӕст ӕмӕ зӕрдӕ. – Цхинвал, 1966. – 36 ф.

*Нæу нæ тугкалд мæ азымæй, –*
*Уый мæ хæстон цард амоны...*
*О, куыд бæллыс, куыд разы дæ*
*Ацы сау тохы амондыл!..*

*Бæх дæ хæссынæй не 'фсæды, –*
*Усасы, фесхъиуы, баризы.*
*У сæ цардамонд не 'фсæдтæн*
*Баст нæ иуы уæлахизыл!*

*Æз, æфсымæрау, уарзин дæу,*
*Фæлæ тохы хъæр азæлыд,*
*Уæд ызгъæры бын дадзинты*
*Туг, ивылд фурдау, базмæлы.*

*Æз дæ уындæй нæ бафсæдин, –*
*Фидыцамад, ысгарбæрзæй! –*
*Фæлæ ахсæв нæ иуы цин*
*Хъуамæ сау нымæт бамбæрза*[1].

(«Алайнаджы тох ромаг хæстонимæ»)

Таймуразы æмдзæвгæ афтæ аив арæзт, ахæм фæлгонцджын æмæ хъуыдыæмдзаг у æмæ йæ иуварс ничи æрæвæрдзæнис, фæлæ фыццаг хъуыдыйæн уæддæр стыр дæр нысаниуæг вæййы. Фыццаг хъуыды та, куыд уынæм, афтæмæй цæуы Грисæй. Тыхджын кæй бафæнда, уый бон дæр æй ницы хуызы бауыдзæнис аивын. Стæй йæ ницæмæн хъæуы ивын. Дыууæ уацмыс дæр сты, Фыдыбæстæ цахæмфæнды знагæй дæр кæй хъæуы цъæсты гагуыйау хъахъхъæнын, цахæмфæнды знагыл дæр кæй нæй бауæндæн æмæ йæм царды рохтæ раттæн, ууыл дзурæг. Дзургæ та йыл кæнынц бæрзонд романтикон æмæ, адæймагыл базыртæ чи садзы, тохмæ, размæ цæуын, уæлахиз кæнынмæ йæ чи разæнгард кæны, ахæм æвзагæй. Адæймаджы уымæн æлвасынц сæхимæ. Уæддæр, фыццаг уæвынæн йæ ном йæ уæлæ ис. Æмæ Плиты Грис ирон нывæфтыд литературæйы фыццаг кæм уыд, йæ уыцы уацмыстæ

---

[1] Х а д ж е т ы Т а й м у р а з. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 110 ф.

дзæвгар сты. Нафи уымæн загъта, зæгъгæ, 40-æм азты хъуыды кодтон, ирон литературæйæн æртынæм азты фæндагыл цæуæн кæй нал ис. Æмæ ног фæндагмæ чи ахызт, ома, йæ фыццаг фæндагмæ йæ чи раздæхта, уыдоныл куы хъуыды кодта, уæд йæ хъуыдыйы æппæты фыццаг февзæрд Гырисы ном[1]. Æмæ æнæнхъæлæджы нæ.

Фыццаг бынаты йæ чи ‘вæрдта, йæ уæды уыцы æмдзæвгæтæй иу у монолог «Салдат», хъыгагæн, йæ рæстæджы уый тыххæй алыхуызон хъуыдытæ уыдис, уæддæр. Мамсыраты Дæбейы рæдыд хъуыдымæ гæсгæ: «Чиныгкæсæджы размæ слæууыд тæппуд салдаты сурæт»[2].

Фæлæ, табу – Хуыцауæн, алчи нæ лæууыд æмæ нæ лæууы уыцы хъуыдыйыл. Нæ хуыздæр литературон критикты хъуыды æндæр у. Нафимæ: «Хæцæнгæрзтæн сæ дзыхтыл бачындæуыд цъутта. Фæлæ нæ фæци салдаты хъизæмар. Уый нырма хъæуы Стыр хæстыл иумыййагæй ныссагъæс кæнын. Бамбарын хæсты хъизæмар æмæ уæлахизы æрцыд. Радзурын ныййарæг адæмæн хæсты тыххæй, цы бавзæрста, цы федта, уый кæрæй кæронмæ. Ахæм иумæйаг раныхасы хуызы фыст у «Салдат» (монолог)»[3].

Хадзы-Мурат йæ дзырд фæбæлвырддæр кодта: «Грис сагъæс кæны салдаты хъысмæтыл, æвдисы хæсты философон рæстдзинад æмæ уыцы хабар йæ къухы хуыздæр бафтыд, гæзæмæ абстракцигонд æмбарынадæй архайгæйæ. Грис, йæ эпикон-философон лиризмæн характерон куыд у, афтæ ам дæр федта хæст æнæхъæнæй: иуы хъæрзын нæ, – æмткæй хæсты хъæрзын; иуы тох нæ, – æмткæй цард æмæ мæлæты тох. Кæрæдзийыл афтæ æмхæст сты æмæ æмткæй хæсты хъæрзын хъуысы иуы хъæрзынау, æмткæй цард æмæ мæлæты тох зыны иуы тохау»[4].

Шамил ын кæны романтикон-эмоционалон, фæлæ рæстаг аргъ: «Грисы поэтикон нывты хæст зыны йæ алы хуызты. Поэт æвдисы æфсæддоны цард хицæн уавæрты,

---

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 12–13 ф.

[2] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Литературæ æмæ цард // Мах дуг, 1963. № 7. 78 ф.

[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хивæнд. –Цхинвал, 2009. – 139 ф.

[4] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966. – 117 ф.

фæлгъауы йын йæ удхар, йе сгуыхт, йæ сагъæстæ. Аив æмдзæвгæты ис хуызджын фæлгонцтæ, арф хъуыдытæ. Фæлæ уыцы миниуджытæ æгасæй дæр баиу сты монолог «Салдат»-ы (1947). Ацы æгъуыстаг уацмыс у Грисы æфсæддон лирикæйы хъаймагъ. Ам системон хуызы нывæст æрцыд поэты хæстон философии, йæ аивадон фæлгонцты ис уд æмæ цард, йæ поэтикон хъуыды у сæрибар æмæ базырджын. Ам ирон дзырд бацыд йæ тыхы æрдзон уагыл баиу сты поэтикон фантази æмæ зæххон æцæгдзинад. Æппынфæстаг, ам Шекспиры трагедион урс æмдзæвгæ йæхи скодта хицон ирон поэзийæн»[1].

Куыд ма вæййы уыдонæй стырдæр аргъ? Фæлæ сæ алкæмæн дæр фадат дæтты уацмыс йæхæдæг, цæмæй сæ хъуыдытæ бæлвырд кæной бæрæг цæвиттонтæй. Сæ бон уыд, æрхастаикккой нын дæсгай цымыдисон дæнцæгтæ. Æмæ сæ иуæй се ‘ннæ уыдаид аивдæр, зæрдæмæдзæугæдæр. Уымæн хорз къух аразы уацмыс йæхæдæг.

Æмæ куы фæдзурæм, зæгъгæ, Грисы уацмыстæ бирæ поэттæн фадат фæдæттынц æндæр аивадон уацмысты райгуырдæн, уæд уымæн ис йæхи бындур. Поэты салдат, цард æмæ мæлæтыл хъуыды кæнгæйæ, кæд къæхтыбынæй ныхъхъæрзы: «Цæй зын дæ, цæ, хæстмæ цæуын, цæй зын дæ!», – уæд, уæлахизы цин банкъаргæйæ, стыдта йæ зæрдæйы рæбынтæй: «А дунейыл удæн Йæ бархиад куы фæистæуы, уæд Цæй хорз дæ, цæ, хæстмæ цæуын, цæй хорз дæ!» – Дзуццаты Хадзы-Мураты зæрдæйы Грисы мæлæтæй афæдз раздæр райгуырон кодта поэзи.

Поэтмæ мæлæт куы фæзыны, уæд йæ сагъæс у, зæххыл нырма куынæ суæгъд йæ тæригъæдты уæзæй, кæй нæма фæцис йæ кæнинаг, йæ дзуринаг, йæ куыстаг; «куы нæ ма у Ирыстон иу æмæ ирон – мæ фæндиаг», – уæд зæрдæрыстæй хъынцъым кæны: «куыд зын дæ, куы, мæрдтæм цæуын, куыд зын дæ!» Фæлæ сæйраг уый нæу. Поэты бæллиц æндæр уыд:

*Фæлæ куы фенон æз мæхи цæстæй*
*æмæ бæстон куы бауугæндон –*
*Ныр сæххæст æмæ сæцæги*
*мæ фарнбæллицц, мæ фарнвæндон,*

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 438 ф.

*Мæ цинæй, ме ‘хцонæй*
*æз дунеты парахатæй куы хынцон,*
*Уæд, уæд – о, о! –*
*куыд æнцон дæ, мæрдтæм цæуын, куыд æнцон!*[1].

(«Зын æмæ æнцон»)

«Салдат» фыццаджы-фыццаг æмбулы, цард æмæ дзы хæст рæстагæй кæй цæуынц æвдыст, уымæй. Йе ‘нæсайд, бæлвырд æмæ уырнинаг хъуыдытæй адæймаджы буары цыма уазал доны ‘ртæхтæ азгъорынц, уацмыс кæсгæйæ нæм фæзыны афтæ. Нафи уымæн зæгъы: «Буар куы сæдых вæййы, уæддæр рæстаг хъуыддаджы сæрыл хæцæг салдатæн йæ хъуыды схицæн вæййы йæ фæллад буарæй æмæ агуры ног фæрæзтæ уæлахизæн»[2].

Сæ афыст, сæ мидхъуырдухæнтæй куыннæ ныззмæлын кæндзысты чиныгкæсæджы зæрдæ уацмысы райдайæны мæнæ ацы æлвæст æхсаргарды хуызæн цæхæркалæг рæнхъытæ:

*Фæци салдат йæ хъизæмæрттæ саст,*
*Йæ зын фæндагыл ахæццæ кæронмæ,*
*Æрдздых æмæ йын адæймаджы зонд*
*Зæххыл цы фыдтæ самадта йæ разы –*
*Æндон нæмыгау ацыди сæ мидæг*
*Ыскæсæнæй Ныгуылæнмæ зынгæй*
*Æмæ фæхæццæ Намысы бæрзæндмæ.*
*Фæлæ куы ‘рсæрфта йе ‘хсаргардæй туг,*
*Йæ дард фæндагмæ уæд фæстæмæ ракаст*
*Æмæ йæ рустыл цæстысыг æрцыд.*[3]

Цахæмфæнды барæнтæй йæ бар, цас уды утæхсæн æмæ дзы рæстдзинад зыны. Базонæм, уæлахиз æрмæст цин кæй нæ хæссы, фæлæ кæй у цæссыгты гуырæн. Йæ тых уым ис. Фæлæ йæ алчи æмхуызон нæ хаты. Аристотель йæ

[1] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 324 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ. – Цхинвал, 2012. – 366 ф.
[3] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 91 ф.

зындгонд «Поэтикæ»-йы уымæн дзырдта: «...познавание – приятнейшее дело не только для философа, но равным образом и для прочих людей, только последние причастны ему в меньшей степени»[1].

Грис хæсты дудгæбæттæй кæй ницы рох кодта, уый нæм ма хъуамæ кæсид диссаг; диссаг у, адæймаг, уæлдайдæр, ирон адæймаг цы дудгæ фыдтæ бавзары, уыдон нæ уайтагъд кæй æрбайрох вæййынц; не знаг нæм куы бахуды, уæд ын йæ дæндæгтæ цыхт кæй фенхъæлæм.

Фæлæ, æцæг хæстон лæгæн куыд æмбæлы, Грис хорз зыдта, не знаджы тых дæр, нæхи къуыхцытæ дæр. Стæй сæ æрмæст зонгæ нæ кодта, фæлæ сæ æвдыста, æцæг поэтæн куыд æмбæлы, афтæ рæсугъд æмæ бæрзонд аивады фæрцы. «Иу сахат цæрын зын кæм уыд», уым, «й' алы бон дæр раст æнусау даргъ кæмæн уыд, ахæм афæдз» цæмæн хæцыдысты æмæ «æхсæвæй-бонæй тугкалæн хæстыты» сæ уд æрдуйæ нарæгдæр цæмæн ныццис æмæ тыхстæй сæ къухты фыдтæ цæмæн хордтой, уыдæттæ, алы тохы махонтæ кæм фембулынц, уыдæттæ æвдыст кæм фæцæуынц, уыцы уацмыстæ чи фæкæсынц, уыдонæн æнцон бауырнынгæнæн нæу. Поэтыл-иу уыцы рæстдзинады тыххæй калдтой цъыф. Фæлæ йæ хъысмæт йæхæдæг раджы ныллыг кодта. «Зæххыл ис иу Хуыцау – Рæстдзинад» («Поэт») æмæ уымæн рагæй уыд нывонд.

Францаг философ-материалист П. Гольбах загъта: «Только лож всегда вредна людям; и если заблуждение – единственный источник их бедствий, то разум – истинное лекарство от них»[2]. Плиты Грис йæ адæмыл поэтикон мæлгъæвзагæй уымæн тыдта рæстдзинад.

Поэт, хæстон лæг, æгæр хорз дæр зыдта хæсты ахсосæгтæ, стæй хæсты цыд. Алцы дæр ын лыстæггай барст уыд æмæ йæ ныв кодта аив дзырдæй:

*Æгас зæххыл фыдгæнæггæй цы уыд –*
*Бырстой уæззау, æнæскъуыйгæ лæсæнæй*
*Нæ ныхмæ уæд, æмæ сæ кодтам най,*
*Фæлæ-иу уайтагъд иннæтæ сæ сæрты*
*Уылæнтæ систой. Цас уыдысты, цас!*

[1] А р и с т о т е л ь. Сочин. в 4 т. Т. 4. – М., 1984. – 649 ф.
[2] Г о л ь б а х П о л ь А н р и. Избр. произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1963. – 647 ф.

*Нытталынг арв сæ хæдтæхджытæй, быдыр*
*Обæутты хуызæн танчытæй рызти;*
*Сæ сармадзантæ, тар хъæды бæлæстау,*
*Уыдысты ‘нгом, сæ фистæджытæй зæхх*
*Æмызмæлд кодта, раст цыма быр ысси,*
*Æмæ нæм касти с‘ алкæмæй мæлæт,*
*Цыма хъаймаг æрхæццæ. Æмæ загътон:*
*«Æлгъыст фæуæд, лæг марынæн фыццаг*
*Кæй зонды бафтыд саразын хæцæнгарз!*
*Сæ хотыхтæй куы нæ бырсиккой мах,*
*Куы ракæсиккой танчытæй æддæмæ,*
*Лæгæй лæгмæ сæм бацæуиккам уæд,*
*Сæ мукъутæ сын сæвдуликкам туджы!..».*

Уыцы мæлæтхæссæг «лæсæнæн» уромæн нæй, фæлæ, йæ мардæрцыд уый у, фæстæмæ алæууын дæр æнцон кæй нæу. Уæд-иу сын адæм райдыдтой уайдзæф кæнын: «Кæмæн, Кæмæн дæ уадзут, худинаггæнджытæ? Æхсныфæй нын куы нуазы знаг нæ туг, Фæхъазыд нын нæ фыдæлты уæлмæрдтæй!».

Фæлæ адæм æмвæнд куы уой, иу фарны хъуыддагыл куы ныххæцой, уæд сæ бон бауыдзæнис цыфæнды фыд ныббырсын дæр. М. Шолохов «суворовон скъолайы стыр æфсадхон» кæй схуыдта, уыцы диссаджы æфсæдтон раздзог Г. Жуков уæды Ленинграды хæстон уавæры тыххæй загъта: «На юго-восточных подступах к Ленинграду оборонялась слабая по составу 55-я армия под командованием генерала И. Г. Лазарева. Сил ее явно не хватало. Фронт под Колпино подходил к Ижерскому заводу, который выполнял важный военный заказ для фронта. По призыву партийной организации первыми встали в строй коммунисты и комсомольцы завода. Все попытки немецко-фашистских войск прорваться в город в этом районе кончались неудачей – ижорцы стояли насмерть.

Выяснилось, что на всех участках фронта ощущается острый недостаток в противотанковой артиллерии»[1]. Стæй, æрмæст уыцы æнæмæнгхъæуæг хæцæнгарзæй нæ. Æмткæй нæ хæцæг æфсады уавæр уыдис афтæ. Фæлæ

[1] Ж у к о в Г. К. Воспоминания и размышления в 2 т. Т. 1. – М., 1975. – 396 – 397 ф.

«Адæмы фарнæй къæдзæх дæр ныннæры»[1]. Дзыллæ æмвæндæй сæ тых цæмæ саразой, уый æнæмæнг бафтдзæнис сæ къухы. Грисы Салдат фæсхæст уымæн мысыд сæрыстырæй:

*Ныуугæз та кодтой хотыхрæвдзæй знæгтæ,*
*Æфсæйнаг лæсæн рацыд... Фæлæ уæд, –*
*О, цардамонд! – æмрызт ныккодта зæхх,*
*Æмæ бæрзонд, Сыбыры ‘рдыгæй, арвыл*
*Æндонæй конд цъæх-цъæхид арв фæзынд,*
*Æмæ гæбаз дæр уæллаг арвæй нал зынд:*
*Цыдис нæм уый хæдтæхджытæй æххуыс, –*
*Сæ базыртæ сæурайсомы хурмæ*
*Цæхæртæ калдтой æмæ рухс цы уыд –*
*Фæтынгдæр уымæй; зæхх ныррызти нoджы,*
*Æмæ нæ фæстæ танчытæ, рæгъау,*
*Æмызмæлд систой. Стыр Уырысæн йе ‘фсад*
*Гæрзифтонгæй, æнæнымæцæй уæд...*

Фашисттыл рацыдысты зæйау. Хуыдуг сæ кодтой сæ кодтой лæгарæхæй æмæ хуыздæр амондмæ нал æнхъæлмæ кастысты. Н. Тихонов раст ахæм адæмæй загъта: «Гвозди бы делать из этих людей: Крепче б не было в мире гвоздей» («Баллада о гвоздях»)[2]. Францаг философ æмæ фыссæг Дени Дидро ахæм хаццæг сарæзта: «Большая или меньшая степень веры в свехъестественное всегда определяется той или иной ступенью цивилизации».[3] Уыцы уæлæрдзон æууæнк советон хæстонтæй уыдис Райгуырæн бæстæйы уарзт. Знаджы раз йæ уæрджытыл æрлæууын сæ алчи дæр нымадта хи уды стыр æфхæрдыл. Фæлтау разы уыдысты мæлæтыл.

Æмæ уыцы хъуыддаг ацы уацмысы уынæм сæрæй кæронмæ. Фæлæ диссаг цы у – «Салдат» кæсыс æмæ дæ йæ бирæ аивтæй, йæ композицион рæзт æмæ алыхуызон дзырдбастытæй йæхимæ афтæ ныббаста æмæ хъуыды дæр нал кæныс, урс æмдзæвгæйæ фыст кæй у. Фæлæ дзырдтæ бæстон арæзт хъуыдыйæдты сатæг æхсæры

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 48 ф.
[2] Т и х о н о в Н и к о л а й. Стихотворения и поэмы. – Л., 1981. – 116 ф.
[3] Д и д р о Д е н и. Избр. атеитич. произв. – М., 1956. – 229 ф.

хуызæн ахæм æхцон къæрцц кæнынц æмæ дис кæныс, ирон æвзаг кæд рæсугъд у, уæддæр нæ Грисы хуызæн афтæ рæсугъд цæмæннæ исчи дзуры? Уымæн Хуыцауæй лæвæрд уыдис уыцы стæм дæсныйад. Æмæ нæ абон дæр дисы æфтауы йæ дзырдарæхст: «Æппæлинаг мæлинæгты хуыздæр», «Ныхъхъус, ныффæсус хæст æмæ сыбыртт дæр нал хъуыст», «Ныззæй та кодтой хотыхрæвдзæй знæгтæ, æфсæйнаг лæсæн рацыд...». Бæллиццаг у йæ фæлгонцон уынынад:

*Нæ хуыссыд хъæу, фæлæ ныхъхъус куыддæр,*
*Рухс никæмæ уал сыгъд æмæ, къахт цæстытау,*
*Уыдысты хъæуы рудзгуытæ мæрдцъынд.*

Кæнæ:

*Æмæ цæнгæт кæм нæ лæууыд цæфæн,*
*Салдат-иу уым æрæхгæдта йæ риуæй.*

Ноджы ма иу цæвиттон:

*Фæллад æфсæдты афæлдæхта хуыссæг*
*Æмæ ныцци салдаты фынæй зæхх.*

Æмæ йын иу уацы чи фæуыдзæнис йæ аивтæ нымад. Афтæ у Плиты Грисы хæстон поэзи æнæхъæнæй. Фидар уыд йæ фæнд. Фидар уыдис йæ дзырд. Фидар æмæ рæстаг. Уымæн æмæ цыдис йæ зæрдæйæ. Йæ зæрдæ та йæ хаста фашизм ныддæрæн кæнын æмæ адæмы цагъарадæй фервæзын кæнынмæ. Уый куынæ æрцыдаид, уæд æнæхъæн дуне цæхæры кæй бахаудаид, ууыл дызæрдыг нæ кодта.

Диссагæн баззад, инæлар Шепилов, – фæстæдæр ссис Советон Цæдисы рæстæджы сæйраг газет «Правда»-йы сæйраг редактор, – куы базыдта, йæхи тохы цæхæрмæ чи æппæрста, уыцы ирон афицер Плийы-фырт, советон разамынад йе сфæлдыстадон æнтыстыты тыххæй 1939-æм азы Кады орденæй кæй схорзæхджын кодта, уыцы курдиатджын поэт у, уæд уыцы тæккæ радта бардзырд æмæ йæ æвæстиатæй раивта штабмæ. Фæлæ, Грис цахæм хæс-

тон уыд, ууыл дзурæг сты, хæсты быдырæй цы бирæ хорзæхтæ æрхаста, уыдон. Стæй йын йæ хæстон хабæрттæ хорз чи зыдтой, уыдон ныхæстæ дæр. Булкъон И. Мокрецов дзы фыста: «Он выгодно отличался от многих из нас безукоризненной военной выправкой, четким военным языком, как будто всю жизнь служил в армии...»[1].

Грисæн цыма хæсты нывтæ уынын йæ туджы уыдис. Æвæццæгæн, бахъуыды кодта XX-æм æнусы 20-æм азы дудгæбæттæ æмæ Фыдыбæстæйон Стыр хæсты размæ дæр уазалзæрдæйæ нæ каст искæй тугкалæн бонтæм дæр. Йе 'мдзæвгæ «Испайнаг æхсæв» æнæнхъæлæджы нæ баззайы нæ зæрдæфысты. Æмæ Дзуццаты Хадзы-Мурат афтæ куы амыдта: «...йæ фыццаг чиныгыл куы дзурæм («Базырджын азты»), уæд уым дæр ис ахæм цыдæртæ, хорз зæгъæн кæмæй ис æмæ рæстæджы цыдимæ, чысылгай-чысылгай йе сфæлдыстады чи байрæзт, йæ поэтикон лæджы кары афон аккаг идейон-аивадон хуыз чи райста»[2], – уæд, «Испайнаг æхсæв» йæ хъуыдыйы ма уыдаид, уый гæнæн нæй. Уымæн æмæ уацмыс йæ арæзтæй, йæ афыстæй, йæ трагизмæй æрбынат кæны чиныгкæсæджы зæрдæйы. Æмæ хæсты уыцы азæлд анæрыд, поэт Фыдыбæстæйон хæстытыл цы уацмыстæ сфæлдыста, уыдоны дæр. Уымæн дзы загъта Булкъаты Михал: «Йæ хæстон темæйыл фыст уацмысты дудаг зæрдæ алы хатт дæр агайы æмхуызон. Æрмæст кæрæдзийæ хицæн кæнынц иу цæмæйдæр: йæ акъоппы фыст æмдзæвгæтæн сæ рис у бынтон быгъдæг æмæ рæмыхст. Уыцы темæйыл фондз æмæ ссæдз азы фæстæ цы балладæтæ æмæ поэмæтæ ныффыста, уыдонæн та сæ рис арауы арф кæцæйдæр»[3].

Сæйраг у, Грис хæсты рæстæджы ныффыстаид уыцы тугкалæн фыдбонтыл æви хæстæй дæс, ссæдз æви дæс æмæ дыууисæдз азы фæстæ, уæддæр йæ уацмыстæй кæй цыд æмæ кæй цæуы аив дзырды æхцон ад, цыфæнды æвирхъау хабæрттæ ныв кæна, уæддæр ын йæ дзырдаивадæй кæй

[1] Мокрецов И. А. Горячие строки // На земле, в небесах и на море. – М., 1981. – 30 ф.

[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 13 ф.

[3] Булкъаты Михал. Нæ ахуыргæнæг æмæ нæ зондамонæг // Авторты коллектив. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 190 ф.

рухс кæны чиныгкæсæджы зæрдæ. Уымæн стыр курдиат хъæуы.

Грисы сфæлдыстадмæ, стæй нæ ныхасмæ йæ хъус лæмбынæг чи дары, уый æнæмæнг фæфиппайдтаид, поэт рæвдз кæй уыдис уацмысæн хæдхуыз формæ ссарынмæ. Ахæм джиппы-иу æй сæвæрдта, цыма йæхи хуызон скульптурон уацмыс арæзта. Фæлæ уацмыстæн сæхиау сæ формæтæ дæр сты удæгас – змæлынц, фæлæ нæ кæлынц. Сты, дидинæг, бæлас, кæнæ та хох куыд сырæзынц, афтæ. Ницы уал дæр сæм æфтауын фæхъæуы, ницы дæр сæ аппарæн ис. Стæй, – сæйраг цы у, – сты хæдбындур хуызтæ.

Уыцы уацмыстæм хауы ирон æгъдау, ирон фарн, суадоны донау, кæцæй æнхъизы, уыцы «Хохаг хъæуы». Иу æмдзæвгæ кæсыс иннæйы фæстæ æмæ, цины хабарæй чи райдайынц, хохаг куырды авд куыстуарзаг æвзонг куырдты цардыл чи дзурынц:

*Сау хохæй урс цæргæс арвмæ фæлгæсы,*
*Лæппутæ уадимæ ерыс кæнынц…*
*Авд фырты куырдадзы 'фсæйнаг цæгъдынц, –*
*Цины мæт бацыди зæронд цæргæсы:*
*Уал азы ма йæ фæразын хъæудзæн,*
*Заргæ, æрвылаз чындзæхсæв кæндзæн!*[1] –

уыцы, ома, хицæн уацмысты цин æмæ маст сæ кæрæдзи афтæ ивынц, æмæ сæ куы кæсай, уæд дæ сæры хъуын арц слæудзæнис.

Кæуинаггаг фыд йæ авд хæстоны мæлæты тыххæй сау фыстæг куы райсы, уæд, кæсын нæ зоны, фæлæ постхæссæджы æгъдауæй фæхаты, æнамонд хабар кæй æрцыдис. Хъæубæстыл дæр нæ бафтыдта йæ маст – фæдисæй тæргæ бæхыл тыхст зæрдæимæ фæцыд дард.

Фæлæ уыцы уавæры дæр нæ сафы йе 'гъдау. Францаг фыссæг æмæ философ С. Марешаль цæйау загъта: «Уæларвон хуыцæуттæ æрвылхатт – зæххы сабитæ»[2], – уыйау ма: дзæнæттæгтæ – уæлзæххонты туг æмæ стæг. Мард æмæ зæдæн æмхуызон кад уымæн кæны.

---

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 305 ф.

[2] М а р е ш а л ь П ь е р С и л ь в е н. Избр. атеистич. произв. – М., 1958. – 35 ф.

Зæронд куырды йæ кæуинаггаг фæдисы гогонимæ рацæйцæуæг чызджы раз бæхæй æрхизын æмæ сæрныллæгæй лæуууын уымæн бахъæуы. Фыстæг хуыздæрæн кæсын кæны сабийæн – уый йæ нæ фæхатдзæнис. Фæлæ лæппу (чызг нæ, фæлæ) æнамонды фыстмæ куы 'рхæццæ: «Гуккытæ 'рхаудысты, зæхмæ ныдздзынæг Æмæ ныккуыдта æрхæндæг лæгау...» Афтæмæй «Саби æнамонд зæрондыл кæуы, Зæронд та сабийы сабыр кæны».

Сыхаг æнæбындар æдзæрæг хъæуы «рохæй йæ сау бæх фæласы, зæхмæ кæсгæйæ сæркъулæй цæуы», фæлæ йæм уыцы фыдохы зæронд ус куы бахаты: «Чи фехса – иу лæг дæр нал ис нæ хъæуы! – Райгуырд лæппу æмæ 'гъдаумæ гæсгæ, Ацы хъæргæнагæй иу æхст фæкæ», – уæд бакæны, æгъдау куыд амоны, афтæ:

*Зæронд лæг зæхмæ фæкастис æнкъардæй,*
*Хъæргæнаг райста 'мæ systa йæ худ,*
*Загъта: – Уæ ног гуырдæй амондджын ут!*
*Ме 'дзард лæппутæн цы нæ бантыст царды,*
*Уыдон ын уарзы хæларæй мæ цæст! –*
*Уынджы, цæхæркалгæ, анæрыд æхст.*

Сæ кадджындæр чындз идæдзæй куы баззад, хъæу, цыма сæм чындзæхсæв уыдис, ииуылдæр нæ хохаг æгъдаумæ гæсгæ сæ райстбавæрд дарæс куы скодтой, – «зæххон цард тыхуромгæ нæу», – кад æмæ йæ радимæ йæ цæгатмæ куы 'рвыстой, уæддæр æй бахъуыд æгъдау радтын:

*Урсбоцъо зæронд лæг хъæубæстыл акаст,*
*Райста сыкъа æмæ скуывта тыхстæй, –*
*Идæдзæн арфæтæ ракодта, стæй*
*Ниугæ, дзыназгæ ныззарыд «Фæндараст!»*
*Идæдз чындзы цыма кодта цæугæ –*
*Хъæубæстæ иумæ хъырныдтой, кæугæ.*

Афтæмæ поэты бон æххæстæй баци, хæст адæмы цард кæд халы, ныййарджыты æнæдарæг, æнæбындур кæны, сылгоймæгты – идæдзтæ, сабиты – сидзæртæ, уæддæр, æгъдау кæм нæ мæлы, уым цардæн кæй нæй баныæггæнæн, кæй йæ ничи ныххурх кæндзæнис. Æлборты

Хадзы-Умар уымæн загъта: «Мæлæт дæр у царды хуызæн æрдзон фæзынд. Цард та у æппæтæй тыхджындæр»[1]. Æмæ дурты ‘хсæнæй дæр сдары йæ сæр.

Ирон æгъдау кæм уа, уым Фыдыбæстæ дæр уыдзæнис, Райгуырæн бæстæйы стыр уарзт дæр. Æмæ уыцы хъуыддаг ирдæй разынд нæ фысджыты хæсты дугыл фыст уацмыстæй. «Стыр Фыдыбæстæйон хæсты раргом сты нæ адæмы удыхъæды бирæ бæллиццаг миниуджытæ: йæ сæрибаруарзондзинад, патриотизм, гуманизм...»[2] – дзырдта Хадзы-Умар. Уынæм æй Грисы «Хохаг хъæу»-ы дæр, кæд ыл хæстæн æрмæст йæ дымæг раныдзæвд, уæддæр æмæ нæ æрмæст зæронд куырды лæджыхъæд не ‘фтауы дисы. Раппæлыны аккаг сты, сау фыстæг чи кæсы, уыцы сабийæ, ноггуырды номыл хъæргæнагæй чи ‘хсын кæны, уыцы зæронд сылгоймагмæ. Æгæрыстæмæй, йæ цæгатмæ чындзыцыдæй кæй здахынц, уыцы идæдзæй баззайæг кадджындæр чындз дæр у æцæг, раппæлыны аккаг хъайтар.

Поэт ахæм ирон æгъдæуттæ ныррухс кодта йæ кадæджы æмæ йын æрмæст йæ хъайтарты æмæ йæ уацмыс нæ систой бæрзонд, фæлæ кад æмæ радæй ном кæнынц ирон туг æмæ стæгæн.

Æмæ исчи æнæмæнг ахъуыды кæндзæнис, зæгъгæ, поэт йæ, номхуындæй, æхсæз æмдзæвгæйы кадæг куынæ хоны. О, фæлæ, æмдзæвгæты цикл сты, уый дæр нын нæ зæгъы. Æниу, авторæн йæ бон у, йæ уацмыс, цы йæ фæнды, уый рахона, фæлæ йæм мах уæддæр, цы жанрмæ хауы, уыцы номæй дзурдзыстæм. Н. Гоголь йæ «Мертвые души» поэмæ схуыдта, мах та йæ фырбуцæн романæй зонæм. Æниу æй йæ райдайæны йæхæдæг дæр роман хуыдта. Пушкинмæ йæ фыстæджы фыста: «Сюжет растянулся на предлинный роман»[3].

Беджызаты Чермен йæ «Мæсгуытæ дзурынц»-мæ уацауы номæй дзырдта, мах æй уæддæр ныддихтæ кодтам новеллæтыл. Æгæрыстæмæй сæм нæ фæлтæрд литератортæй дæр бирæтæ уыцы номæй дзурынц: «Фыссæ-

---

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 58 ф.

[2] Уый дæр уым, 62 ф.

[3] Г о г о л ь Н. В. Собр. соч. в 7 т. Т. 5. – М., 1978. – 500 ф.

джы сфæлдыстады стыр æнтыстыл баныманиаг сты йæ новеллæтæ. Уыдонæн автор радта иумæйаг ном «Мæсгуытæ дзурынц». Чермен «Мæсгуытæ дзурынц» хоны уацау, фæлæ уый, æвæццæгæн, раст нæу, уымæн æмæ уым цы фараст новеллæйы ис, уыдонæй алчи дæр у сæрмагонд фæуд аивадон уацмыс æмæ кæрæдзийыл баст не сты нæ дæр сæ хъайтарты архайдæй, нæ дæр уацау, романы куыд вæййы, афтæ уацмысы иумæйаг архайды райтынг æмæ рæзтæй. Ацы новеллæты уацау куы хуындæуа, уæд ын нæдæр иумæйаг композиции, нæ дæр иумæйаг сюжет æмæ фабулæ уыдзæн»[1], – дзырдта Гафез.

Стæй цъус нæй ахæм цæвиттонтæ. «Мæсгуытæ дзурынц» у иу дугæвдисæг новеллæбыд уацау æмæ сæ иу кæны уацауы райдайæн æмæ кæрон, стæй – новеллæтæ чи дзуры, уыцы зæронд баймæт æмæ йæм чи хъусынц, уыцы фæсивæд.

Фæлæ нæм ахæм уацмыстæ нырма дæр ракæл-ракæл нæ кæнынц. Чермены рæстæджы нæ литературæйы фыццаг ахæм уацау уыд. Чи зоны, цæрын æй куы бауагътаиккой ирон адæмы знæгтæ, уæд ноджыдæр цас сфæлдыстаид ахæм æмæ бирæ æндæрхуызон уацмыстæ дæр. Нæ хистæртæ тынгдæр рæхстысты иу жанры алы æмæ алыхуызон формæтæ мысынмæ.

Грисы «Хохаг хъæуы» дæр æмдзæвгæты цикл нæу. Æмдзæвгæтæ сты хицæн, фæуд уацмыстæ, фæлæ сæйраг хъайтар – урсбоцъо, хохаг, куырыхон куырд сæ алкæмæндæр у сæйраг хъайтар. Иу æмдзæвгæйæ иннæмæ йæ фæлгонц кæны рæзгæ. Свæййы арвæмбæрц. Уый та дзурæг у, Грис æмдзæвгæтæй кæй ныффыста кадæг. Сфæлдыста æмдзæвгæбыд кадæг. Чи зоны, йæ зæрды йæ уыдис афтæ схонын, фæлæ цы дудгæбæттæ федта, уыдон фæстæ йæ нал фæндыд ног фыдбылызтæ æвзарын: «Иу ахæм фысты тыххæй ма мæ куы ныффу кæной, уæд фæдæн – нал бафæраздзынæн...» – хъазыны тыххæй нæ дзырдта. Къостайы загъдау: «Лæгдзарм тæнæг у» («Хъуыбады»)[2]. Анна Ахматова загъта: «...беда тому, кто похож на целый ряд «отрицательных» героев...»[3]. Æмæ Грисæй хъавыдыс-

[1] Г а ф е з. Беджызаты Чермен // Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958. – 545 ф.

[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 58 ф.

[3] А х м а т о в а А н н а. Соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1986. 138 ф.

ты ахæм «хъайтар» скæнынмæ. Æмæ сæ фæлтау хызта йæхи. Йæ хорз дæр дардта æмбæхстæй. Цæмæй та йæм йæ «хæрзгæнджытæ» ма фæхъызой. Ног цъыфкалæнты, ног змæстыты æмæ æфхæрдтыты мауал бахауа.

Æниу, ацы æмдзæвгæбыд кадæг «Хохаг хъæуы» цас æмбæхст аивтæ ис, уыдоныл иу фæкастæй дæр куыннæ хъуамæ æрхæцца адæймаджы цæст. Æхсæз æмдзæвгæйæ конд уæмæ æхсæзы дæр – фæйнæ æртæ æхсæзрæнхъон строфатæ. Нæдæр æмдзæвгæты ритм ивы. Нæдæр – строфаты рифмæты равæрд. Æмæ йæ арæзты уыцы тæлывæрд хуызмæ куы бафтауæм рифмæтæ, афоризмтæ, эпитеттæ, абарстытæ, гуманизмæмдзаг деталтæ æмæ бирæ æндæр аивтæ, уæд нæ къухы ис, æххæстæй кæй нæ хатæм, ахæм хæзна. Мæнгæй нæ акæнынц: «Воздадите кесарева кесареви и божия богови»[1]. Кад æмæ æгъдауы адæмæн та – Плиты Грисы удсыгъдæггæнæг æмдзæвгæбыд «Хæххон хъæуы».

Фæлæ диссаг цы уыд æмæ нæм абон дæр худæг цы кæсы: хæстыл йæ цæсты зул дæр чи нæ акъуырдта, адæймагуарзондзинад цы у, уыдæттæ хатгæ дæр чи нæ кодта, Дзаболаты Хазбийы уыцы хъæдхъуыр трибунтæ йын бæрзонд бынæттæй амыдтой, хæст цы у æмæ йæ куыд æвдисын хъæуы, уыдæттæ. Афтæмæй та уыдон уыдысты æрмæстдæр «бынатагур тæппудтæй». Сæ ардыдæй, сæ хин митæй та, фыддæрадæнгæнæгау, æнустæм «æндзæвдзæн кардыл кард!» («Сонет»)[2].

Фæлæ уыдæттæй ирон чиныгкæсæг, стæй æцæг литературон критикæйы цæсты дæр йæ ном нæ фæныллæгдæр. Джыккайты Шамилы цæсты стыр уыд йæ кад: «Æцæг поэт уыд æцæг хæстон. Афтæмæй, хæст чи нæ федта, уыдон Грисæн амыдтой хæсты æцæгдзинад, амыдтой йын, хæстыл цы æмæ куыд фыссын хъæуы, уыдæттæ. Афтæ у Искариоты æмæ Гæгуты уаг (Грисы æппæрццаг хъайтартæ – Хъ. М.)»[3].

Тыхы дон хæрдмæ ласы. Мæнгæй нæ акæнынц: «Адæм дæ сохъуыр куы рахоной, уæд дæ иу цæст бацъынд кæн». Æгæрыстæмæй йын йе ‘нæхъыг, рухсхæссæг, йе сфæл-

[1] М а т в е й. 22, 15–21.

[2] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацамонгæ. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 164 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 432 ф.

дыстадæн характерон чи уыдис, уыцы фæлмæн юморхæццæ æмдзæвгæ «Салдаты сæнттæ»-йы заманайы поэтикон рæнхъытæм дæр фæхастой азымтæ.

Поэтмæ уыдысты:

*Салдат бирæ кæм фæбыхсы,*
*Фестин порти хæрдмæхау,*
*Атухин дæ мæ хъæбысы,*
*Аздухин дæ уæрдæхау*[1].

Æмæ, дам, кæйдæр чызджы уæрдæхау куыд здухыс, уæдта дзы исты асаст. Салдатæн йæхицæй йæ уарзоныл Грисы «критиктæ» фæзæрдыйæдæр сты. Поэтæн йæ нывæфтыд поэтикон рæнхъытæ аивын кодтой, цыма уый дæр политикон рæдыд уыдис æмæ йæ сарæзта афтæ:

*Салдат бирæ кæм фæбыхсы,*
*Нал фæхæцин мæхиуыл,*
*Ныттухин дæ мæ хъæбысы,*
*Нылвасин дæ мæ риумæ.*

Ацы варианты дæр зыны Грис, фæлæ йын тыхы фæрцы йæ раздæры хуыз фесафын кодтой. Чызджы, дам, йæ уарзон лæппу – лирикон хъайтар уæрдæхау куыд здухы, исты дзы куы асæтта, уæд тæригъæд нæу, зæгъгæ. Уарзæттæ афтæмæй тæригъæд сты æви нæ, уымæй сæ ничи бафарста. «Критикты», æгæрыстæмæй ферох, уыдон æрмæстдæр салдаты сæнттæ кæй уыдысты; сæнттæй та искæй астæу кæй нæ сæтты.

Ахæм рæстæджы æрмæстдæр аивады кусæджы тых фæхъавынц сæттынмæ. Йæ зæрдæ йæ нал фæхæссы ног æмæ ног аивтæ агурынмæ. Фæлæ хъæбæр дурæн – хъæбæр цæвæг. Хуыцауы хорз уыдис æмæ Грис разынд æцæг дурвидар уды хицау. Нафи дзы уымæн загъта: «Грис сæрсæфæнæй йæхи нæ аппæрста, не ссис коммæгæс «зарæггæнæг», кæд ын тынг зын уыд уытæппæт топпæхсджыты ныхмæ милау лæууын, уæддæр. Ахæм позици равзæрста мæлæты бонмæ, равзæрста йæ бирæ сагъæсты фæстæ зонды тæразыл лыстæг барстæй. Раст зæгъгæйæ,

[1] П л и т ы Г р и с. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 55 ф.

ævзаргæ йæ раджы ракодта, фæлæ йæ ныр дырыс поэтикон формулæты джиппы ауагъта æмæ ард бахордта, мæлæты бонмæ йыл æнувыд кæй уыдзæн, уый охыл»[1].

Фæлæ, зæгъын иу у, йæ аразын – æндæр. Джыккайты Шамил уымæн загъта: «Афтæ уыд хъуыддаг æддаг бакастæй. Грис куыста уæлмонцæй, йæхи дардта удфидарæй, цыдис сæрыстырæй. Фæлæ зæрдæмæ ныккæсæн нæй. Уым æндæр уавæртæ ис. Зын рахатæн у адæймаджы психологон уавæр. Æнкъарæнтæн нæй цæстæй фенæн, уырзæй басгарæн. Афтæмæй æцæг тох зæрдæйы цыди, уым бацæуынц мæлæтдзаг хæсты уарзт æмæ фыдæх. Гамлет къаролы хъузæттæн куыд загъта, афтæ дзырдта Грис дæр йæ хъузæттæн: «Цыфæнды инструмент мæ рахонут, уæ бон у мæн фехалын, мæн асæттын дæр, фæлæ мæ хъазæн нæй»[2].

Æцæг фыссæгыл куыд æмбæлы, афтæ сæрыстыр уыдис Грис. Йæ сæр дæлæмæ кæй нæ уагъта, уый йын бар лæвæрдта, йæ уацмысты дæр табу кодтаид æцæг зæххон рæстдзинадæн. Цæрæнбонтæм ын уымæн уыдис хотыхдар æмæ табугæнæг. Æцæгæй йыл уыдис æнувыд. Рæстдзинадыл никуы цыдис сайдæй царды дæр, аивады дæр, кæд-иу ын уый алы хатт æнцон нæ уыдис, фылдæр хатт-иу фыдæвзарæнты бахаудис, йæ сæрыл ма-иу куырой нæ разылдис, æндæр-иу алы фыдтæ дæр бавзæрста, уæддæр. «Грис æнхъæл куыд нæ уыд, ахæм фидар разынд канд удыхъæдæй нæ – буары кондæй дæр. Бафæрæзта æппæтæн дæр»[3].

Фæразгæ нæ, фæлæ йæ æнæтугæргæвст чи кодтой, уыцы Гæгутæ æмæ Искариотты нæмттæ дæр, куыд уыдысты, афтæ мæнгард æмæ цъыфцæсгæмттæй йæ уацмысты фæрцы бахаста историмæ.

Мæнæ нын, йæ риу стыр патриот æмæ лæг чи хуыдта уыцы Гæгу:

*Гæгу нын адæмæй нæ фæци, –*
*Лæджы хуыз æм æххæст нæ каст:*
*Цъыфдзасты галхæфсимæ раст*
*Цæрмыстыгъд бакодтой кæрæдзи.*

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – 107 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 202 ф.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – 108 ф.

*Ӕвзæр цы уа, уый хоны хорз,*
*Цы фены хорзæй, уый ныгæны,*
*Ӕвзагæн дары уый дзæккор;*
*Ӕдзух куырм галы каст кæй кæны,*
*Йæ ном у уый тыххæй Къобор.*

Фæлæ æддаг хуыз алы хатт адæймаджы удыхъæдæвдисæг нæ вæййы. зæрдæйы хъулæттæ мидæмæ сты. Ӕмæ Грис, курдиатджын поэтыл чи фидауынц, ахæм цæстæвæрæн деталтæ ссардта Гæгуты миддуне равдисынæн.

Гæгу кæддæр хъавыд цуанон суæвынмæ, фæлæ «Йæ митæй цуанонæн зыдта Ӕрмæст зыбыты иу – мæнгдзурын», афтæмæй йæм байхъус, уæд тæхгæ цæргæсæн къахта йæ цæст.

Ӕмæ хæст куы райдыдта, уæд ын загътой: «Абон ды хъуамæ бафидай дæ хæс». Афтæмæй цæстуынгæ цæвиттонты фæрцы рарттывта поэты юмор:

*Гæгу сын загъта: «Нæу мын афон,*
*Ңырма сывæллон куы дæн æз».*
*Ӕмæ фыдыбæсты сæраппонд*
*Йæ азтæй аппæрста æхсæз.*

Фæлæ ууыл дæр нæ фесты, алы рæстаг уды дæр цъыфты сызмæнтынмæ чи хъавы, ингæн ын чи къахы, уыцы цæстфæливæджы хинтæ: «Ацы ныхæсты ис карз æцæгдзинад. Гæгутæ уыцы халæн куыст кодтой уæгъдибарæй, æнувыдæй, æнтыстджынæй. Сæ хинты фæстиуæг уыд 37-æм азы трагедии, чингуыты æртытæ, 40–50-æм азты ирон классикæйыл хъоды кæнын»[1], – дзырдта Шамил. Поэты юмор ахызт сатирæмæ. Гæгутæм чиныгкæсæджы фыдæх фæкарздæр кодта:

*Уæдæй æхсæз азы куы сæххæст*
*Ӕмæ куы райдыдта æцæг хæст,*
*Гæгу уæд байдыдта тыхсын:*
*Ӕппындæр нал зыдта æхсын,*

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 444 ф.

*Къоборæн йе стыр хъару асаст,*
*Сæркъулæй рынчындонмæ бараст*
*Æмæ дзырдарæхстдæр фыссæг*
*Йæхицæн ракуырдта сынтæг!*

Гæгутæн алы хатт дæр æфсон цæттæ вæййы: йæ фыдыбæстæ æгæр уарзы æмæ куы амæла, уæд ма йæ чи уарздзæн йæ бæсты? Шамилы загъдау: «Грис ын кæны йæ хабæрттæ объективон хуызы, фæлæ йæ дæлгоммæ нызæсты ис карз иронии, йæ рухс юмор у арвы цæфау. Гæгу дзуры патриотизмыл, йæхæдæг хæстмæ нæ цæуы, æфсæнттæ кæны, агуры ирвæзæн мадзал...»[1]. Æмæ йæ Гæгуты хуызæттæ аргæ дæр скæнынц. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн загъта: «Вульгарон-конъюнктурон критик æмæ адæймаджы ном худинаггæнæг у Гæгу... Намысæй чи баиртæст, уымæн арт æмæ фæнык нæй... Гæгуйы тип йæ хуылфы хæссы не 'хсæнады алыхуызон цыфыддæр низтæ»[2]. Æмæ йын куыддæр фадат фæуа, афтæ йæ ныййарæг мадыл дæр нæ бацауæрддзæнис – бакалдзæн ыл йæ марг.

Уыцы удыхъæд, уыцы зæрдæйы уаг, адæммæ æнæуынон ахаст дарын Гæгутæ æмæ Искариоттæ сæ райгуырцæй рахæссынц семæ. Сæ ахуыр уымæн никуы фæивынц. Искæй хæлæджы охыл сæрысæфтмæ схойын, дæ чъылдымы йæм марæн кард тъыстæй дарын – уый сæ гакк у.

Нафи афтæ кæмæй зæгъы: «Грисы царды, æвæццæгæн, 1952–1956 азтæ уыдысты иууыл зындæр азтæ», – уыцы рæстæджы поэты сфæлдыстадмæ æнæнхъæлæджы нæ фæзынд куыдзы темæ. Ома, рагæй фæстæмæ адæймаджы хæлар, цуаноны темæ нæ, фæлæ йæм лæбургæ чи кæны, чи йыл хæцы, йæ зæрды йæ бахæрын кæмæн ис, уыцы куыдзы темæ. Æниу, æцæг, адæймаджы хæлар цуанонил фæстæдæр сфæлдисдзæнис зæрдæмæдзæугæ уацмыстæ «Туркаг ирон», – иу лæг йæ къух куыд «систа йæ бæстыл; амонд искуы ссарыны тыххæй алыгъд... Цуанон куыдз» куы «нæ цыд йæ фæстæ, фæлæ уый дæр аласта тыхæй». Афтæмæй фæхатдысты цардагур. Лæг:

[1] Уый дæр уым.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæсты рæстдзинад // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 227 ф.

*Базæронд бынтон, фæлæ йæ бæстыл*
*Сæмбæлынмæ нал хъавыд уæддæр.*
*Куыдз фæтæргай, нал цыди йæ фæдыл,*
*Раппæрста йæ уæзæгмæ йæ сæр*

*Æмæ, цудгæ, фæндагыл зæрондæй*
*Сабыргай йæ уæзæгмæ цыди...*
*Лæг нæ раздæхт, уымæн æмæ зондæй*
*Цуанон уымæй фидардæр уыди!*[1]

Афтæмæй, йæхи амонд Фыдыбæстæйы амондæй чи хицæн кæны, йæхи уд Райгуырæн бæстæйæ зынаргъдæр чи ʻнхъæлы, уыдонæй поэт æмбаргæ цуаноны æвæры бæрзонддæр. Кад ын кæны хуыздæр.

Кæй зæгъын æй хъæуы, аив литературæйы, стæй ирон литературæйы дæр, уый ног темæ нæу. Коцойты Арсены «Хъусой»[2] зæрдыл æгæр тынг лæууын кæны Г. Мопасаны новеллæ................ [3], уæддæр кæуылты уацмыс у. Зындгонд америкæйаг фыссæджы æнæхъæн дунейы зындгонд уацау «Белый Клык»-ы кæд: «Белого Клыкы уды адæймагмæ йæ уарзт фæуæлахиз»[4], – уæд Грисмæ та уæлахиз кæны Фыдыбæстæйы уарзт.

Уæдæ, знаг бæстыл арт куы ʻфтыдта, «Æмæ гитлеронтæй дард Адæм тар хъæдмæ лыгъдысты...», зæгъгæ, «лæг лæгмарынæй фæллади», уæд къæбыс иу зымæгон бон кадæг «Мила»-йы лирикон хъайтар, хæстоны йæ фæдыл хъæдмæ куыд акодта, мард ныййарæджы æнахъом сабийы куыд рахæссын кодта æмæ лæппу сабидоны куыд схъомыл, «Мила фæскъæсæр лæууыд Æмæ хъахъхъæдта йæ гæсы», стæй сæ дыууæ дæр арæнхъахъхъæнджытæ куыд систы, уым поэт цуаноны ном цы бæрзæндмæ систа, нæ чысыл чиныгкæсджытæн æй куыд уарзын кæны, уый стыртæн дæр цымыдисон у, йæ хицаумæ, стæй

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 266 ф.

[2] К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971. – 119 – 227 ф.

[3] М о п а с а н ,???????????????????????????????????????????????????????????????????

[4] З в е р е в А. Глазами необычного героя // Д ж е к Л о н д о н. Повести. М., 1981. – 8 ф.

адæймагмæ куыдзы æнувыд ахастæй[1]. Поэт нын уарзын кæны нæ алыварс дуне.

Фæлæ æндæр æмдзæвгæты: «Ды, бæлццон, дæ зæрдыл дар...» æмæ «Куыйтæ»-йы та поэт ралæмæрста йæ зæрдæйы хъыг. Рæстагæй йыл алы цъыфтæ куы калдтой æмæ йын йæхи сраст кæныны фадат дæр куынæ лæвæрдтой, уæд йæ бон æрмæстдæр уыдис йæ аивады фæрцы йе знæгты æцæг цæсгæмттæ фæсномыгæй æвдисын. Æмæ уый йæ курдиаты фæрцы йæ къухы æфткæ дæр кодта.

Чиныгкæсæджы дæр фæдзæхсы, хуыснæгау æй чи сура, хъуынтъызхуызæй йыл чи рæйа, бирæгъау æм чи лæбура, «уый тынг хъæхъаг куыдз нæу». Тæрсын нæ кæны уый æмæ йæ нæ хъæуы хъуыды кæнын:

*Фæлæ тæссагдæр куыдз вæййы, –*
*Æмбæхстæй аууоны фæхуыссы,*
*Нæдæр бырсы, нæдæр рæйы, –*
*Хуыснæгау, фæсвæдты фæхъуызы:*

*Æргомæй узæлы лæгыл*
*Æмæ йыл фырцинæй нæ хъæцы,*
*Фæлæ куы баххæссы, уæд ыл*
*Фæстæты сусæгæй фæхæцы*[2]*.*

Цæмæн афтæ у, уый поэтæн амонын нæ хъуыд – «Фæндаггон лæг егъау куы вæййы, Куы зыны дард ранмæ бæлццон, Уæд ыл фылдæр куыйтæ фæрæйы». Æмæ: «Критикон терроры ныхмæ тох кодта поэзийы фæрæзтæй, сатирæйæ, худæн ныхасæй. Уыцы азты йæ поэзийы арæх уыд бæлццон æмæ куыйты темæ. Æмдзæвгæ «Тыхсты хъæр» (1953 аз) сæнтыст поэты уынгæг уавæрæй. Куыйты æрдонг кæуыл æрæмбырд, уый агуры фæстаг æхххуыс: «Адæм! Æтт, сымах салдат куы дæн, – Куыйтыл ма уæ исчи иу дур фехсæд!» Фæлæ «куыйтыл» дурæхсæг нæ фæци, нæ сæ уыд иргъæвæг дæр. Поэт иунæг у, поэтыл аудæг нæй. Йæ фæдисон – йæ курдиат, йæ хъару æмæ йæхæдæг»[3], – дзырдта Джыккайты Шамил.

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 267 – 274 ф.

[2] Уый дæр уым,184 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 432 ф.

Æниу, поэт хорз зыдта, куыд сæ фервæзтаид, уый. Æмæ кæд æрвылбон нæ нæ, уæддæр-иу сæ хаттæй-хатт ардта фервæзыны хос. Æмæ уыцы хъуыддаг нæ хæлæг кодта йæ чиныгкæсджытæн дæр, цæмæй бахъуаджы сахат сæ бон уыдаид куыйтæй сæхи бахизын:

*Ды, бæлццон, дæ зæрдыл бадар:*
*Куыдз дæуыл кæны рæйгæ –*
*Сдзур æм, хорз куыдз дæ, зæгъгæ,*
*Стæджы ‘фсон ын исты аппар,*
*Стæй дæ фæндаджы кой кæ*[1]*.*

Уый нæ, фæлæ Грисæн йæ зындгонд уацмыстæ æндæр ирон поэттæм куыд æвзæрын кодтой ног, бæллиццаг æмдзæвгæтæм тырнындзинад, афтæ, йæ юмористон æмдзæвгæтæ кæсгæйæ дæр, кæстæртæй цъусы сæрмæ не ‘рцыд аивадон хъуыдытæ. Ома, ног уацмыс сфæлдисыны тыххæй. Уымæйдæр, цæст кæуыл æрхæцы, ахæм нывæфтыд æмæ бирæ цæмæйдæрты бæллиццаг хъуыдытæ.

Рæйаг æмæ хæцаг куыйтæ алæрдыгæй адæймагыл куыд фæмæнæ-мæнæ кæнынц, зæгъгæ, баирвæзтысты йæм, уæд æй онггай, комдзаггай куыд аскъуыдтæ кæниккой, уый тыххæй Бестауты Гиуæрги цы аив, æхсæзрæнхъон æмдзæвгæ ныффыста, уый йæхæдæг цасы аргъ у!

*Дысон та мæм ралæбурдтой куыйтæ,*
*Алырдыгæй: «мæнæ», «мæнæ» кодтой.*
*Кастæн сын сæ сæтæйдзаг хæмхудтæм,*
*Аивæй мæ мидрихийы худтæн:*
*Зонын циу сæ рæйд æмæ сæ хылы сæр:*
*Нал быхсынц, куыдз кæй нæ дæн сæ хуызæн*[2]*.*

(«Дысон та мæм ралæбурдтой куыйтæ…»)

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 145 ф.

[2] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 212 ф.

Уый фæстæ дæр бирæ чидæртæ афæлвæрдтой куыйты кой ракæнын дæр, бирæгъты ном ссарын дæр, фæлæ, цы уацмыстæ фыссынмæ хъавыдысты, уыдон сæ бон не ссис аивады онг сисын. Кæнæ-иу ацы схемæты бахаудтой, кæнæ-иу уды ‘ртах нæ разынд сæ рæнхъыты. Æвæццæгæн, уд куы ницы тас кæнæ цин банкъара, куы ницы ‘нкъарæнтæ йæ базмæлын кæной, уæд Грис æмæ Бестауы хуызæн стыр поэтты фæзмгæйæ дæр зын у зæрдæзæгъгæ уацмыс сфæлдисын.

Йæ хуынкъæй чи скаст, стæй чи «фездæхти, фæстæмæ та нысхуыста...» цы «хъæбатырæй» дзуры Грис хынджылæгæй: «Как князь Дундук, попадает в историю! Ха!»[1] – афтæ йæ ницæйаг «хъайтарты» дæр, гъай-гъай, хаста историмæ. Цæмæй сыл худой фæстагæттæ. Æмæ сыл худынц.

Грисы аивад сæ æвзæртæй, дымыстъæртæ, тæппудтæй дæр сæ уыцы ницæйаг удыхъæды тыххæй скодта æнусон. Цæмæй адæмæн уой æвзæры цæвиттон, худой æмæ уыдон хуызæтты бынатмæ макуы æруадзой сæ сæртæ. И. Крыловы загъдау: «в семье не без урода» («Слон на воеводстве»)[2], – фæлæ адæймаг хъуамæ тырна йæ хъæнтæ иуварс кæнынмæ. Куынæ сыл тых кæна, уæд ыл худынæй дарддæр ницы уал хос ис. Æндæр хъуыддаг у, æрдзон æгъдауæй мæгуыр чи у, уыдон хъуыддаг. Грисы æппæрццæг «хъайтартæ» та сты хин, кæлæн, удæй мæгуыртæ.

Фыссæджы сфæлдыстадæн æмткæй хъомыладон нысаниуæг ис. У адæймаджы рæсугъдгæнæг, адæймагæн кадгæнæг. Фæлæ аивады кусæгæн вæййы, йæхицæн ын иууыл стырдæр ном чи скæнынц, ахæм уацмыс кæнæ уацмыстæ. Грисæн йе ‘гæрон сфæлдыстадæй, зæгъæн ис, иууыл стырдæр кад æрхаста йæ драматурги ирон театралон сценæйы фæрцы. Йæ уацмыстæм гæсгæ арæзт спектаклтæм-иу адæм æнæсцухæй кастысты дæсгай азты æмæ-иу радысты авторы хъомысджын аивадæй.

Джыккайты Шамил æрмæст поэтикон дзырды дæсны нæ уыдис, фæлæ иттæг рæвдз уыд драмæтæ фæлдисынмæ дæр. Йæ пьесæтæ «Хъодыгонд зæд» æмæ «Цомахъ»[3]

---

[1] Плиты Грис. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 171 ф

[2] Крылов И. А. Соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1984. – 50 ф.

[3] Джыккайты Шамил. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993.

ахъаззаг бавæрд сты ирон драматургийы. Ахуыргонд кæй уыд, уымæ гæсгæ иттæг хорз зыдта ирон драматургийы авналæнтæ, йæ рæзт, йе 'нтыстытæ æмæ афтæ загъта фыссæджы драматургийæ: «Бæзнаг æмæ ахадгæ у Грисы лирикæ. Фæлæ уæддæр поэты курдиат хъомысджындæр разынд драмон сфæлдыстады. Драмæ у дзырдаивады æппæт хуызты иудзинад. Уым ис эпикæ æмæ лирикæйы æууæлтæ. Гегель «поэзии нымадта аивады бæрзонддæр хуызыл (формæйыл), монон мидис дзы фылдæр кæй ис, уый тыххæй. Драмæ та у, Гегелмæ гæсгæ, Поэзийы æппæты уæлдæр бæрзонд»[1]. Ирон культурæйы Грисы драмон сфæлдыстад сси ахадгæ литературон фæзынд. Грис ирон драмæ систа стыр аивады æмвæзадмæ: йæ драмæтæ сты сценæйæн бæззон, кæсынæн – æхцон»[2].

Фæлæ хуыздæрты æхсæн хуыздæр равзарæн кæй ис, Нафи уымæн загъта: «Трагеди «Чермен» æнусон уарзон фæци нæ театрæн. Алы курдиатджын актеры дæр фæнды йæ хъару ацы ролы бавзарын. Балойы[3] æвæджиауы гени Чермены хуызы куы бацыд, уæдæй фæстæмæ чысыл сабиты дæр фæнды Черменæй хъазын, Балойы фæзмын»[4].

Уацмыс æмæ йæ авторы ноджы стырдæр бынаты æвæры Бестауты Гиуæрги: «Ирон драматурги сæрыстыр цы уацмыстæй у, уыдон хуыздæртæй иу у «Чермен» – зæххыл лæджы бынат агурæг, лæджы кад æмæ намысы сæрыл тохгæнæг хъæйтары трагеди, адæймагады иумæйаг идеалты æмзæлланггæнæг уацмыс»[5].

Æмæ цас ис ахæм цæвиттонтæ æрхæссæн! Б. И. Кадиевæн: «Трагедия Г. Плиева «Чермен» – выдающееся художественное произведение. Она насыщенна большим и серьезным содержанием, а также глубоким драматизмом».[6]

---

[1] А н и к с т А. Теория драмы от Гегеля до Маркса. – М., 1983. – 38 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 446 ф.

[3] Б а л о – РЦИ-Аланийы æмæ ССР Цæдисы адæмон артист Тæбæхсауы-фырт.

[4] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ. – Цхинвал, 2012. – 346 ф.

[5] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Æвзæрст уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 147–148 ф.

[6] К а д и е в Б. И. Чермен. Трагедия в пяти действиях Плиева Г. // Изв. СОНИ. Т. 26. – Владикавказ, 1966.

Æмæ уыцы æрвон æппæлд æнæбындур нæу. Грисы уацмысты æвзаг афтæ хæдбындур, афтæ арф æмæ зæлланггæнг сты, сæ хъуыды ахæм базырджын, сæ арæзт уыйбæрц тæлыбыдæй цæуы æмæ алы æгъдауæй дæр адæймаджы æфтауынц дисы. Уæдæ, уацмысы арæзтæй зæгъай; уæдæ, хъайтарты характерты кондæй; уæдæ, æгъдауæй...

Грисæй цæвиттонтæ хæссын нæ, хуыздæрты ‘хсæн кæцы цæвиттон равзарай, уый у зын. Фæлæ æркæсæм, Тлаттаты мыггаджы хистæр, хъал тæгиатæй чи райгуырд, уый цы нымайы «лæджы ном»-ыл æмæ йын нæ фыдæлты æгъдаумæ гæсгæ Чермен та цы зæгъы, уыцы цыбыр монологмæ:

*Цымæ ды та цы ‘мбарыс, лæг циу, уымæн?!*
*Цы хорзмæ хъуамæ бабæллон дæумæ?*
*Фыдæй фыртмæ ирон дзыллæмæ баззад*
*Цыт æмæ намыс хистæрæн. Цы ис*
*Рæсугъддæр уыцы хорз æгъдауæй! Хистæр*
*Ныхас кæны – йæ разæй ма дзур ды,*
*Куы зæгъа цума – баххæст æй кæн уайтагъд,*
*Фæндагыл ис – йæ разæй макуы хиз,*
*Йæ разæй ма сбад бандоныл, йæ куыстæй*
*Куы раздæха – йæ дзабыртæ йын ралас,*
*Йæ къæхтæ йын хъæрмуст донæй æрæхс,*
*Фæрс-иу æй зондæй, кæн æххæст йæ фæдзæхст,*
*Æмæ уыдзæн уæ дыууæйæн дæр кад.*
*Лæг лæг куы уа, хæларзæрдæ, цæстуарзон,*
*Рæстылдзæуаг, уæд уымæн ратт æгъдау, –*
*Фæлæ ды стъигъæг, удхор куы дæ, бирæгъ,*
*Лæгæн йæ рихи худинаггæнæг![1]*

Æрмæст ацы чысыл цæвиттонæй дæр бæрæг у, Чермен цахæм адæймаг уыдис, цард куыд уыдта æмæ йæ тохы сæр сæйраджы-сæйраг цы уыдис, уый. Дзургæ дæр сыл бирæ куырыхон адæймæгтæ æмæ литератортæ кодтой. «Характерно, что Чермен, главный герой пьесы, в бою с феодалами ищет не только социально-экономических прав. Напротив, в споре с феодалами он большей частью по-

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 66 ф.

беждает доводами нравственно-психологического ряда. Он требует к людям человеческого отношения, уважения, какого только заслуживает каждый по своим личным достоинствам. Когда его противники, интеллектуально неразвитые, грубые по своему психологическому складу, недоумевают, чего же нужно Чермену, он отвечает:

*Место человека на земле!*
*Звание раба мне ненавистно!*

Собственно, вся пьеса построена именно на этом резком контрасте между людьми, присвившими себе звание «благородных», но недостойными звания человека, и людьми, окрещенными позорной кличкой раба, но являющимися носителями истинно человеческих чувств, помыслов и отношений»[1], – йæ рæстæджы загътой Гафез æмæ Нафи. Æмæ уыцы хъуыды уæд дæр, уый размæ дæр, уый фæстæ дæр иу æмæ дыууæ хатты рæстагæй не 'рцыдис фæлхатгонд.

Грисæн та йæхи дæр, йæ хъайтарты дæр æппынæдзух тох кæнын хъуыдис лæджы рихи худинаггæнджыты ныхмæ. Йæхи, лæгæн лæджы аргъ кæй кодта, уый тыххæй; йæ уацмысты – адæмы рæгъмæ рæстдзинад кæй хастой, цардмæ сын сæ цæстытæ кæй гом кодтой, уый охыл.

Афтæмæй, тынг зынтæй, фæлæ «Чермены»-ы фæстæ хурмæ фæндаг гæрстой «Æууæнк», «Тæрхоны лæгтæ», «Æнæсæттон» («Æлвæст æхсаргард»), «Хæррæгъ», «Сослан Цæразон»... Æмæ сæ «автор равдыста ирон адæмы хъысмæт хицæн æнусты – суанг астæуккаг æнустæй нæ дугмæ. Уыдонæй цалдæр дзæвгар рæстæджы сценæмæ æмæ мыхуырмæ уагъд нæ цыдысты. Кæй рауагътой, уый дæр-иу бирæ хæттыты цензурæ ныллыгтæ кодта, аппæрстой-иу дзы авторæн тæккæ зынаргъдæр бынæттæ. Уæдæй нырмæ бирæ рæстæг рацыд æмæ йæ уацмысты оригиналтæ кæй нал баззадысты, уый тыххæй цензурæйы «куыст» сраст кæнын нæ къухы нæ бафтыд», – 1992-æм азы чиныгуадзæн «Ир»-ы фыссæгæн цы пьесæты æмбырдгонд рацыд, уым «Авторы тыххæй» зонæнты катайгæнгæ хъусын кодта рауагъдад[2].

---

[1] Г а г л о в Ф. и Д ж у с о е в Н. Писатели Советской Осетии. – Сталинир, 1957. – 90 ф.

[2] П л и т ы Г р и с. Сослан Цæразон. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 606 ф.

Уыдæтты тыххæй фыссæг йæ рæстæджы йæ иу фыстæджы хъусын кодта историон зонæдты доктор, профессор, фæстæдæр – Республикæ Хуссар Ирыстоны фыццаг Президент Цыбырты Людвигæн: «Драмы, высылаемые тебе, сильно изуродованы по указанию ответственных работников сверху, но хочу верить, что ты сам заметишь эти места и простишь меня, старика, за эти погрешности. Искр. уваж. тебя Гр. Плиты. 5/VIII-84 г.»[1].

Фыссæджы алы зынгæ уацмысы тыххæй дæр нæ бон у хæссæм цæвиттонтæ, бæлвырд кæнæм, бынтон æнæхъуаджы-иу æй, хицау уа æви, къæхтæ сæрфынæн дæр чи нæ бæззыд, уыдон æй куыд кодтой куыйты хæринаг, йæ хъуырыл ын куыд æфтыдтой ауындзæн бæндæн. Уыдæттæ куыннæ цыдысты сæ бон, уæддæр, æппынæдзух архайдтой, цæмæй йын скодтаиккой исты маст, цæмæй куыстхъом ма уыдаид. Сæхицæй уæлдай уымæн дæр ма 'нтыстаид хорз ракæнын. Нафи раст зæгъы: «Грисы уацмыс, йæ рафæлдисгæ «Чермен» афтæ номдзыд сси ирон дзыллæйы зонды æмæ аивады кусджыты 'хсæн фæзынд сусæг-æргом хæлæггæнджыты фæлтæр. Хæлæг йæхæдæг та райста хæрамхæссыны формæ. Йæ мидис уыцы хæлæгæн хæрз хуымæтæг у: Грисы размæ Тыладтаты Чермены тыххæй уыдис бирæ уацмыстæ æмæ драматург спайда кодта уыцы уацмыстæй, йæ драмæ афтæ хорз уымæн рауад!..»[2]. Ома, Гæдиаты Секъайы æмдзæвгæ «Чермен»[3], Болайы-фырты (Хъуыбадты Агуыбечыры) пьесæ «Чермен»[4] æмæ Мамсыраты Дæбейы драмæ «Чермен»[5].

Хæлæггæнджытæ æнæуый та зæрдæскъуыдтæ кодтой, Грисæн ахæм диссаджы хорз уацмыс ныффыссын кæй бантыст, стæй ма уырыссаг М. Н. Пархоменкойау иннæ адæмтæй дæр бирæ афтæ хъуыдыгæнджытæ кæй уыд: «Да, Г. Плиеву вполне удалось создать вымсокохудожественное произведение трагедийного жанра. Мне кажет-

---

[1] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 120 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – 188 ф.

[3] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 14 ф.

[4] Б о л а й ы-ф ы р т. Чермен. – М., 1928. ??????????????????????????

[5] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 5. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 243–219 ф.

ся, вслед за трагедией «Чермен» Г. Плиев мог бы создать и трагедию, построенную на драматическом конфликте, почерпнутом из народной жизни послеоктярьского периода. Ведь то олицотворение сторон жизни осетинского народа, которое изображено в «Чермене», не сразу исчезло после Октября, с ним надо было бороться, и в этой схватке могли быть герои, раньше других осознавшие необходимость бескомпромиссной борьбы со всеми темными силами прошлого»[1].

Кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та – рæхуыст! Æмæ-иу ын ахæм чысыл зонæнтæ æмæ фæндиæгтæ дæр йæ «хорзмæбæлджыты» баппæрстой сау масты. Уыдон ын йæ иу æнтыстыл нæ хъæцыдысты, афтæмæй йын ног уацмыстæ сфæлисын кæнынмæ хъавынц, зæгъгæ.

Фæлæ уыцы цыбыр зонæнты бын цас сагъæс æмæ сусæг рис уыдис, уыдон иунæг Грисы уд зыдта. Уымæн зæгъы Нафи: «Грис-поэт, Грис-драматург, Грис-æхсæны кусæг кæддæриддæр уыд партион-советон разамындæн хъабахъхъы хъилау, – рæстæгæй-рæстæгмæ та-иу æй бағæрах кодтой, цæмæй йæ ма рох кæна, разамынады кусджытæ йæм топпы хъавæнæй кæй кæсынц, милмæ ист сын кæй у!..»[2].

Тыхджын адæймаг йе ‘мрæстæгонтæй фæхицæн кæны, басæттæн ын кæй нæй, йæ уды рæстдзинады фæдыл мæлæтмæ фæцæуынмæ дæр кæй нæ зивæг кæны. Æмæ Плиты Грис уыдис уыцы тыхджын адæймæгтæй.

Кæд нæ, цытæ арæзта æмæ сарæзта, чи йын нæ хъуыд, афтæмæй йын йе ‘взæрмæбæлджытæ цы фыдтæ æвзарын кодтой, уыдон нæ рох нæ кæнынц, йæхæдæг та сæ, куыд уыдысты, афтæмæй историйы хай бакодта, уæддæр нæ рох нæ кæны йæ фæдзæхст:

*Цы уыдтæ, чи уыдтæ, мæ бæстаг,*
*Дæ хæдон даргъ уыд, йе – цыбыр,*
*Фæдæ, нæ фæдæ фыст дæ хæстæ,*
*Тызмæг уыдтæ æви сабыр,*

[1] П а р х о м е н к о М. Н. Две пьесы, два автора // П л и т ы Г р и с æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 272–273 ф.

[2] Уый дæр уым, 257 ф.

*Хъæздыг фæцардтæ, йе – мæгуыр,*
*Мах уымæ нал кæсæм дæ фæстæ,*
*Æмæ нæ зæрдыл дарæм ныр*
*Æрмæст цы скодтай, уый – дæ хæрзтæ*[1].

(«Лæджы бынтæ»)

Плиты Грис нæ ирон адæмæн, Ирыстонæн цы хæрзты бацыд, уыдон æнцон нымайæн не сты; йæхицæн ын дымæгджынæй, дымыстъæрæй, стыр бынæттæм сæ удты быцъынæг тонджытæ цы фыдтæ фæкодтой, уыдоныл æрдзурын дæр æнцонтæй не 'фты къухы.

Йæ иу фыстæджы Нафимæ афтæ фыста: «Дæбе ушел совершенно незаметно. Народу было мало, хотч шума было достаточно много. Через несколько дней после него ушел из жизни Илья Соломонович Хугаев, хоронили его в Ногире, но людей было там в 10 раз больше.

Æвæццæгæн, лæг йæхæдæг адæмы цин æмæ хъыгмæ цы цæстæй кæсы, куыд сæм цæуа æмæ семæ цы хуызы цæра, адæм ын йæхимæ дæр ахæм цæстæй кæсынц, афтæ йæм цæуынц æмæ йемæ ахæм зæрдæимæ цæрынц. Фальш когда-нибудь да раскроется, лопнет. Æниу, лæгæй дæр æмæ фыссæгæй дæр, дæхи загъдау, кæд раджы амардис, уæддæр, уый агъоммæ йæ куыстæй бирæ фæахъаз ис н ч адæмы баразмæ кæнынæн. Йæ кой йын уыцы хуызы уымæн кæнын æмæ зыбыты йæхи уды пайдайæн кодта фæстаг 10–15 азы дæргъы йе 'нæсæрмæхæссинаг митæ, æмæ мын хъыг дæр уый уыд. Йæ хæрзиуджытæ бирæ уыдысты æмæ йыл уыдон тыххæй зæрдиагæй бирæ фæкуыдтон, йæ мард ын Хабаимæ бирæ фæхастон ме 'ккой. Рухссаг уæд, цыдæриддæр мыл фæфыста æвзæрæй (мæ фесафыныл зæрдиагæй архайдта, искæдбон сегам дæр раргом уыдзысты!) – барын ын сæ, барс тын уæнт мæрдты бæсты, рухс дзæнæты бадæд!»[2]. Фæлæ чъизи дон аласы, фарн баззайы. Грисыл цъыф чи калдтой, уыдонæн бирæтæ сæ ном дзурыныл дæр ныридæгæн æлгъ кæнынц. Грисæн Ирыстоны цы аргъ ис, уый фенын кодта йæ райгуырды 100 азы юбилей! Хорзæн мæлæт нæй!

---

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 3 ф.
[2] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 229 ф..

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

1. *Аникст А.* Теория драмы от Гегеля до Маркса. – М., 1983.

2. *Ардасенов Х. Н.* Поэт большого вдохновения // Авторты коллектив. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013.

3. *Аристотель*. Сочин. в 4 т. Т. 4. – М., 1984.

4. *Ахматова Анна.* Соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1986.

5. *Æлборты Хадзы-Умар.* Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985.

6. *Goldmann Paul.* Gesprache mit Hindenburg. – Berlin.

7. *Бестауты Гиуæрги.* Æвзæрст уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004.

8. *Бестауты Гиуæрги.* Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004.

9. *Биазырты Къамерлан.* Цæуыл фæтæргай Албег, æмæ кæд сси Сергей литературæиртасæг // Мах дуг, 2005. № 9.

10. *Болайы-фырт*. Чермен. – М., 1928. ?

11. *Булкъаты Михал.* Нæ ахуыргæнæг æмæ нæ зондамонæг // *Авторты коллектив*. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013.

12*. Гаглоев Ф. и Джусоев Н.* Писатели Советской Осетии. – Сталинир, 1957.

13. *Гаджиты Георги.* Базырджын азтæ æмæ ныфсдæттæг поэзи // *Авторты коллектив*. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013.

14. *Гафез*. Беджызаты Чермен // *Беджызаты Чермен.* Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958.

15. *Гæдиаты Секъа.* Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979.

16. *Гоголь Н. В.* Собр. соч. в 7 т. Т. 5. – М., 1978.

17. *Гольбах Поль Анри.* Избр. произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1963.

18. *Джиоты Х., Хъыбызты Т.* Плиты Грисы иуæй-иу зианхæссæг æмдзæвгæты тыххæй / Рæстдзинад, 1952. 26 сентябрь.

19, *Джусойты Нафи.* Балц ирон аив дзырды дунемæ. – Цхинвал, 2012.

20. *Джусойты Нафи.* Гриш Плиев // Очерк истории осетинской советской литературы. – Владикавказ, 1967.

21. *Джусойты Нафи.* Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966.
22. *Джусойты Нафи.* Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009.
23. *Джусойты Нафи.* Поэты хъысмæт // *Авторты коллектив.* Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013.
24. *Джыккайты Шамил.* Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003.
25. *Джыккайты Шамил.* Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996.
26. *Джыккайты Шамил.* Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999.
27. *Джыккайты Шамил.* Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993.
28. *Дзаболаты Хазби.* Уацамонгæ. – Дзæуджыхъæу, 1974.
29. *Дзаболаты Хазби.* Уацамонгæ. – Дзæуджыхъæу, 1974.
30. *Дзасохты Музафер.* Сыгъзæрин фестинаг // *Авторты коллектив.* Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013.
31. *Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010.
32. *Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966.
33. *Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Хæсты рæстдзинад // *Авторты коллектив*. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013.
34. *Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Хæсты рæстдзинад // *Авторты коллектив.* Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013.
35. *Дидро Дени.* Избр. атеитич. произв. – М., 1956.
36. *Жуков Г. К.* Воспоминания и размышления в 2 т. Т. 1. – М., 1975.
37. *Зверев А.* Глазами необычного героя // *Джек Лондон.* Повести. М., 1981.
38. *Кадиев Б. И.* Чермен. Трагедия в пяти действиях Плиева Г. // Изв. СОНИ. Т. 26. – Владикавказ, 1966.
39. *Коцойты Арсен.* Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971.
40. *Кравченко Виктор.* Коста, сын Леуана. – Ставрополь, 2008.
41. *Крылов И. А*. Соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1984.

42. *Къоста.* Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951.
43. *Лебедев-Кумач.* Священная война / Известия, 1941. – 24 июнь.
44. *Лермонтов М. Ю.* Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979.
45. *Мамсыраты Дæбе.* Литературæ æмæ цард // Мах дуг, 1963. № 7.
46. *Мамсыраты Дæбе.* Уацмыстæ 6 т. Т. 5. – Дзæуджыхъæу, 1970.
47. *Марешаль Пьер Сильвен.* Избр. атеистич. произв. – М., 1958.
48. *Матвей.* 22, 15 – 21.
49. *Мокрецов И. А.* Горячие строки // На земле, в небесах и на море. – М., 1981.
50. *Мопасан* ,Мах дуг, 1952. № 5.
51. *Пархоменко М. Н.* Две пьесы, два автора // *Плиты Грис* æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013.
52. *Плиты Грис.* Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973.
53. *Плиты Грис.* Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1974.
54. *Плиты Грис.* Æлвæст æхсаргард // Фидиуæг, 1979. – №10.
55. *Плиты Грис.* Дзуапп мæ критиктæн. – Мах дуг, 1989. № 2.
56. *Плиты Грис.* Рагон Ир / Рæстдзинад, 1968. 8 август.
57. *Плиты Грис.* Сослан Цæразон. – Дзæуджыхъæу, 1992.
58. *Плиты Грис.* Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013.
59*. Пушкин А. С.* Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1947.
60. *Пушкин А. С.* Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975.
61. *Тихонов Николай.* Стихотворения и поэмы. – Л., 1981.
62. *Хаджеты Таймураз*. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010.
63. *Хуыгаты Сергей.* Дыууæ ныхасы дыууæ уацы фæдыл / Рæстдзинад, 2005. 10 июнь.
64. *Цæгæраты Максим.* Ирон советон литературæйы уавæр æмæ хæсты тыххæй // Мах дуг, 1954. № 9.
65. *Цæрукъаты Алыксандр.* Æндæр нæ фæзындзæн рæхджыты // *Авторты коллектив.* Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013.
66. *Чернишевский Н. Г.* Полн. собр. соч. Т. VII. – М., 1950.

# ÆРВОН КОМУЛÆФТИМÆ

## РАЗНЫХАСЫ БÆСТЫ

Поэты цард æнæ Фыдыбæстæ у æнæкæрон хъизæмар. Халыс æй, халыс æй, халыс æй, æмæ нал йæ райдайæн зыны, нæ йын кæрон ис. Мамсыраты Темырболат, æцæгæлон зæхмæ лидзинаг куы фæцис, уæд йæ зарджыты – хъарджыты райдайæны уымæн хъæрзыдта: «Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ, Куыд ма цæрæм уæ фæстæ?!»[1]. Елбыздыхъо Райгуырæн бæстæйы сæрыл амæлынæй хуыздæр ницæмæ бæллыд[2]. Нигерæй «Бонæй, æхсæвæй, Буцæй, фыддзæфæй» уымæн нæ уыд рох «райгуырæн хох»[3].

Æмæ, уæдæ, Фыдыбæстæ сæйраджы-сæйраг кæй тых æмæ уарзтæй цæуы, адæймагау-адæймаджы зæрдæйы арф æмæ æнустæм ахстон кæй фæрцы скæны, уыцы мадæлон æвзаджы уарзт, Ирыстоны тыххæй йæ сыгъдæг уд нывондæн чи хаста æмæ йæ хæсгæ дæр чи æркодта, Джыккайты уыцы сагсур лæппу-лæг поэт Шамил цы уарзтæй уарзтаид йæ цинты цин, йæ ныфсыты ныфс, йæ дарæг, йæ уромæг мадæлон æвзаджы?! Йæ комарынджы æппынæдзух куы зæлланг кодтаид, уымæ куы бæллыд. Сæрыстыр æмæ æхсарджынæй, ныфсхаст æмæ уарзгæйæ æппынæдзух æнæбафæллайгæйæ уый тыххæй дзырдта:

*Дзæмдзæмы суадон, тар æнусты ды*
*Цыдтæ сыгъдæггæй донмарæнты цадæг.*
*Дæ улæфтæй нæ царды хуымтæ – сатæг,*
*Уыдтæ æлутон куывд æмæ куысты.*

*Ды – арвы цæссыг. Уый ныхмæ цы сты*
*Æнуд æнтæф, сындзын арт æмæ уадæг?*
*Ды дæ нæ туг, нæ уды рухс, нæ кадæг,*
*Нæ фарны гæнах сыгъд æмæ хæсты.*

---

[1] М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 18 ф

[2] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 83 ф.

[3] Н и г е р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1988. – 113 ф.

*Ныхасыс ды дæ бæркадæй фæлтæрты,*
*Хæссыс нæ цардæн фидауц æмæ уаг.*
*Быркуыйау байгом ног дуджы дæ зæрдæ,*
*Тæхуды, уымæй чи баназдзæн фаг!..*
*Нырма нæ удæвдз къæбицы æвæрд у,*
*Нырма дæуæй нæ Уацамонгæ – дзаг[1].*

(«Мадæлон æвзаг»)

Нæ мадæлон æвзаджы тыххæй афтæ æнæнхъæлæджы нæ нымадта нæ нывæфтыд литературæйы хуыздæртæй иу – Джыккайты Шамил. Хуыцау йæ арфæ кæмæн нæ бавгъау кæны, уый зонд дардмæ ахсы æмæ йæ нæ сайдтой йæ дардмæуынаг цæст æмæ куырыхон зонд. Нæдæр йæ хъуыды у гуырысхойаг. Цы дзуры, уый – нывæфтыдæй.

Къостайы алы дзырдыл дæ куы бахъæуа къух æвæрын, уæд ыл, зæгъгæ, гуызавæтæ кæн, уæд уый цавæр гуырысхо у? – куы зæгъæм, уæд уым дæр уадиссаг рæдыдæй мацы хъуамæ уа. Фæлæ бæстон куы ныхъхъуыды кæнæм, уæд нæхи фæндон цæмæннæ хъуамæ æргом кæнæм. Нæ сæртæ цыфæнды нал уой нæ бар, уæддæр нæхицæн куыд уырнын кæнæм, дуне-иу нæ ныхмæ куы растад, тыхджындæры быдзагъд фæкæнæм, зæгъгæ, фæлæ нын нæ бындур чи нæ ныззилын кодта æмæ нæ историйы рохмæ чи нæ фехста, Къоста, Секъа, Елбыздыхъо, Арсен… Боныфæстагмæ, Джыккайты Шамилы хуызæн, æрвон комулæфт кæмæ хæццæ кодта, ахæм гуырдтæ радтын нын кæй цæст бауарзта, уымæй нæ зæрдæ куыд батæра зæгъын: «Хуыцауæй арфæгонд нæ фестæм…»[2].

Шамил æмæ дзы дзæвгары номæй ницы хъаст кæнæм. Равзаргæйæ нын сæ цæстуарзонæй фæнымадта, табу – йæхицæн, «Адæм ыл сæ цæст æрæвæрдтой»[3], – кæмæй зæгъынц, уый сасиры бын нæ амбæхсдзынæ, æмæ кады адæм сæ кады лæгты уæлæрвтæм исынц. Цæсты гагуыйау сæ фæхъахъхъæнынц. Афтæмæй сæхæдæг дæр фæрæ-

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 6 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 39 ф.
[3] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 3 ф.

зынц уыдонимæ. Дзыллæйы æхсæн фæдарынц къуыпп. Æгæрыстæмæй, Къоста цы дугыл катай кодта: «Лæджы хуызæн лæг нæм – ыстæм, Бæрæг дæр нæ нал ис, цы стæм, Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг?»[1] – уый куы ныллæууы, уæд дæр.

Фыссæджы фидарæй уырныдта йæ хъуыды æмæ йæ рæстзæрдæйæ уырнын кодта не´мбаргæ дзыллæйæ кæмæ хъуыст, – кæд искæмæ хъуыст, уæд, – йæ хъæр, уыдонæн дæр: «Ирон лæг стырзæрдæ у, нæ зоны фидæныл сагъæс кæнын, нæй йæм стратегион зондахаст, æмæ æнцад бадæм – цы уа, уый уæд. Æмæ та нып æрцæуы уæззау цæфтæ.

Иу хатт ма йæ зæгъын, ныууадзæм нæхи стауын. Хорз фыдæлтæ сæ байзæддагæн ныууадзынц зæххытæ, сахартæ, галуантæ. Цы баззад махæн та. Чермены хай – цъыфдзæстытæ, къæдзæхтæ. Уыдон дæр знæгтæ кайынц. Цы ныууадздзыстæм нæ цотæн? Цы?!»[2]. Фæлæ уыцы фарстæй алчи дæр хъуыды кодта хи цотæн исты ныууадзыныл.

Не знæгтæ чи уыдысты æмæ сты, уыдон ын амонын нæ хъуыд – нæ фыдбоны сыхæгтæ: Цæгаты – хъулгъа, Хуссары – нæ кæддæры цагъартæ – гуырдзы.

Нæ куырыхон Фыдыбæстæ æмæ нæ дзыллæйы тыххæй уыцы фæндтæ куы кодта, уæд Ирыстон æмæ ирон адæмы знæгтæм та æндæр, нæ фесафыны фæндтæ уыдис, фæлæ сæ уæд æмбæхстой, ныр «къæрных-тæн» сæ худтæ судзын райдыдтой[3].

Æмæ-иу фыдгæнæгæн, бæргæ, йæ фæнд-тæ алы хатт йæ хъуыры куы фæбадиккой, фæлæ уыдон удуæлдай поэты бæллиццаг сæнттæ вæййынц æмæ сæ цардæй тынг хорз зыдта Шамил:

*Мæ фыны дзуры Сау барæг мæнæн:*
*«Ныууадз дæ тох – нæй рацаразæн цардæн,*
*Йæ уæрдон тулдзæн арвыл дæр мæнгардæн,*
*Уæздан лæгыл йæ хъæмпын цар тæдздзæн.*

---

[1] К ъ о с т а. Равзаргæ уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1989. – 27 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Нæ уавæр, нæ хæстæ / Стыр Ныхас, 1996. – 24 февраль.

[3] Свободный взгляд. – Владикавказ, 2018. – 24 март.

*Сæрæнтæ ссарынц амондæн гæнæн,*
*Æз давæг æмæ марæгæн хæлар дæн,*
*Табу мын кæн, æрмæст мын зæгъ: дæ бар дæн,*
*Уæд дыл рæдауæй царды цин кæлдзæн»*[1].

(«Сау барæг»)

Брытъиаты Елбыздыхъойы «Амыран»-ы Амыранæн «йæ ныфс, йæ зæрдæйы уарзондзинад»[2] «рахицæн кодта уый тыххæй», æмæ йын уыимæ «йæ рис æнæнымæц хатты фылдæр тых кодта». Чи зоны, Ирыстон æмæ нæ фыссæджы хъуыддаг дæр афтæ уыд? Мах ахæм адæм стæм æмæ нæ хуыздæртæн дæр сæхицæй разагътадæры кой ма скæн, æмæ дын нæ сæры астæуты – фæндаг, кæд уыцы хъуыддаг æвзæры гакк у, абон уа æви сом, æнæ раргом ын нæ вæййы, не 'ргом цаудыл дзурæг суыдзæнис, уæддæр.

Джыккайты саджы фисынтыл амад Шамил, уæлдæр нæм ирон нывæфтыд литературæйæ цы классикты кой уыдис, уыцы кадджынты нымæцы сæрыстырæй лæууы. Иры кад æмæ намысы чиныг бæрзæндты хаста. Къæм абадын ыл нæ уагъта. Ноджы нын кувгæ дæр йæхæдæг кодта – рын, сонæй хызт куыд уæм; ирон лæджы рихийы кад нæ дæлфæдтæм куыд никуы æрæппарæм; нæ бæр кæстæртæ зæххыл куыд нал цæуой æмæ сын цæвиттойнаг куыд уæм:

*О Бурсамдзели, хæхты хох, бæрзонд*
*Сыгъдæг бардуаг! Табу дын уæд æхцонæй.*
*Ысрухс нын кæн дæ арфæйæ нæ зонд,*
*Уæлæуыл бахиз адæмы зындонæй.*

*Дæуæй уæлдæр зæрин хур у æрмæст,*
*Дæ урс сæрæй ныл фарны рухс рæдзæгъды.*
*Æмгæрон ма 'руадз ацы кæмттæм хæст,*
*Сæрибар уæнт дæ кувæг адæм хæхты.*

*Нæ уыд нæ цард нæ къæдзæхтыл æнцон,*
*Хызтам уæддæр нæ зæрдæтæ фыдмастæй,*
*Дæ кувæнты хуыснæг кæнæ бæлццон*
*Нæ систаид кæйдæр хæзна æвастæй.*

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 114 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 220 ф.

Шамилыл йе ‘лвæст, зæлланггæнаг æмæ æхцон дзырд, судзаг фарстыты тыххæй æвзонджы бонты æрæвæрдта ирон литературон критикæ йæ цæст. Æмæ йын куыннæ разындаид, æгæрыстæмæй йын йе сæфтыл йæ къах æргомæй чи æркъуырдтаид, ахæм хæлæггæнджытæ. Нæхи ирон адæмæй дæр. Йæ фыццаг чиныг «Æфсарм» рухс куы федта, уæд ма йæм уæды æвзонг критик Козаты Хазби фырцинæй куыд стырдæр номæй бадзырдтаид, уый нал зыдта æмæ йæ схуыдта æхсон[1]. Шамил æхсонау цæхæртæ калдта нæ адæм æмæ нæ Фыдыбæстæйы сæрыл тохы. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн загъта: «Адæймаг æмæ адæмы сæрибар – уый у Шамилы сæйраг мæт æмæ сагъæс»[2].

Джыккайы-фырт йæхæдæг йæ литературон фæндаджы райдайæн æмæ литературон куысты тыххæй юморимæ мысыд: «Будучи девятиклассником, я влюбился и начал писать стих. Это оказалась «роковым» моментом в моей жизни, потому что в школе я был самым лушим математиком среди множества учащихся, и, если бы не поэзия и не моя романтическая натура, пошел бы по более верному пути. Занялся бы более полезным делом. Ведь сейчас искусство, в частности поэзия – не востребовано»[3]. Фæлæ ахæм рæстæджы Поэты хуызæн сæруæл-дæйттæ фæхъæуынц. Шамил, йæ зæрдæйыл йæ къух сæвæргæйæ, сыгъдæгзæрдæйæ уымæн куывта Бурсамдзелийы бæрзонд æмæ æппæтхъом зæддуагæн, цæмæй нын йæ рæдау цæст бауарза, Хуыцауы сфæлдисгæ зæххыл Хуыцауы радтгæ адæм цæмæй улæфынц, æцæг адæм цæмæй сты, цæмæй цæрынц, адæмы рæгъы сæ сæртæ бæрзæндты цæмæй фæхæссынц, уыцы стыр кады хъуыддæгтæ:

*О Бурсамдзели, уыцы амонд ратт,*
*Куыд уæм сæрыстыр куыст æмæ æгъдауæй,*
*Нæ дзырдæн уæд æрвон тых æмæ рад,*
*Нæ цæсгом бахиз чъизи æмæ дауæй.*

---

[1] К о з а т ы Х а з б и. Æхсоны цæв æмæ цæхæртæ кала // Фидиуæг, 1964. – № 7. – 50–51 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 87 ф.

[3] Д ж и к а е в Ш а м и л ь: «Мы все – рабы олигархической эпохи» / Стыр ныхас, 2010. – Март.

*Ӕрхастой ардӕм хуры тынтӕ мӕн.*
*Цӕгъды мӕ зӕрдӕ арф кӕмтты дзӕнгӕрӕг.*
*Табу кӕнӕм, нӕ сыгъдӕг хох дӕуӕн,*
*Дӕ дӕлбазыртӕ ма фӕуӕнт ӕдзӕрӕг.*

*О рухс Бардуаг, мӕ кувинаг дын – барст,*
*Бӕзнаг хъугӕмттӕ макуы суӕнт зӕрӕстон.*
*Цӕуӕнт нӕ зӕххыл амонд ӕмӕ уарзт,*
*Нӕ Ирыл зарӕд хъӕлдзӕгӕй нӕ хӕстон*[1]*.*

(«Мӕ куывд»)

Ӕмӕ, бӕргӕ, адӕймаг ӕппӕтхъом куы уаид, нӕ зӕрдыл куы дариккам Къостайы: «Гъе Уастырджи, ракӕс, цӕмӕй Нӕ фӕуӕм бынтондӕр фыдвӕндаг»[2] («Ракӕс»); Бестауты Гиуӕргийы ныстуан йӕ фӕдонмӕ, стӕй махӕй алкӕмӕ дӕр: «Ис дӕуӕн ныммӕлыны бар, нӕй дын Цауд ӕмӕ сӕркъул уӕвыны бар!»[3] («Ныстуан мӕ фӕдонмӕ»); Ходы Камалы ӕнусон табу нӕ ныфсыты сӕйраг – Бӕрзондылбадӕгмӕ: «Нӕ удтӕ нын кӕрӕдзимӕ ӕнгом дар, Нӕ цауды кӕйттӕ ма хъуысӕнт ӕддӕ»[4] («Гаджидау»)... нӕ алы куывд уӕлӕрвтӕм куы хъуысид, уӕд нӕ хӕхбӕстӕ фӕрнджын адӕмӕй ӕмӕзмӕлд кӕнид. Фӕлӕ кувын нӕ ирон поэзийы Къостайы «Ракӕс»-ӕй фӕстӕмӕ страдицион. Ӕрмӕст Шамилӕн йӕхи нывӕфтыд сфӕлдыстадмӕ нӕ хъус куы ӕрдар-ӕм, уӕд дзы цас ссардзыстӕм ӕмдзӕвгӕтӕ-куывтытӕ: «Мӕ куывд», «Изӕрмилты кувын»[5], «Мӕгуыры куывд Джиуӕргуыбайы»[6], «Гаджидау»[7], «Хурмӕ куывд»[8], «Ракӕс»[9], «Ног боны бӕллицтӕ»[10], «Хъынцъымы газель»[11], «Бафӕлладтӕн… О Хуыцау, ӕркӕс…»[12]. Ноджы дӕр сӕ ис нымайӕн.

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Изӕрмилты кувын. – Цхинвал, 2002. – 3 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фӕндыр. – Дзӕуджыхъӕу, 1951. – 40 ф.
[3] Б е с т а у т ы Г и у ӕ р г и. Уаймыстӕ 3 т. Т. 1. – Дзӕуджы-хъӕу, 2003. – 250 ф.
[4] Х о д ы К а м а л. Уацмыстӕ 3 т. Т. 1. – Дзӕуджыхъӕу, 2009. – 341 ф.
[5] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Изӕрмилты кувын. – Цхинвал, 2002. – 19 ф.
[6] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзӕнгӕрӕг. – Дзӕуджы-хъӕу, 2000. – 27 ф.
[7] Уый дӕр уым, 76 ф.
[8] Уый дӕр уым, 77 ф.
[9] Уый дӕр уым, 78–79 ф.
[10] Уый дӕр уым, 80–81 ф.
[11] Уый дӕр уым, 142–143 ф.
[12] Уый дӕр уым, 211–212 ф.

Æгæрыстæмæй, поэты сфæлдыстады уыцы куывтыты фæрцы сырæзт поэт-куывдоны фæлгонц. Йæ дзырд йæ зæрдæйы фæндиаг кæм нал фæкæрды, йæ тых фыдцарды ныхмæ куынæ уал фæфаг кæны, уæд лирикон хъайтар йе ‘ргом аздахы уæлæрвтæм – Хуыцау æмæ зæдтæм, цæмæй Ирыстонмæ æркæсой, ма йæ уадзой ратон-батон кæнын, сырды хæрдæй хæрын æрцæуæг хæддзутæ сты, тыхгæнджытæ æви хисафтæн.

Поэтæн йæхицæн йæ цард-цæрæнбонты табуйаг цы уыдис – зонд сыгъдæг æмæ бадт куыд уа, адæмы цард зындон куыннæ уал уа, Уæлладжы урс сæрæй ныл зæрин хур фарны рухс куыд рæдзæгъда, хæст нæм æмгæрон куынæ æрцæуа, Бæрзонд Хуыцауы кувæг адæм сæрибар куыд уой хæхты, сæрыстыр куыст æмæ æгъдауæй куыд уæм, нæ дзырд æрвон тыхау куыд ахада, нæ цæсгом та чъизи æмæ дауæй куыд уа хызт, «бæзнаг хъугæмттæ макуы суæнт зæрæстон» æмæ йæ æппæт уыцы бирæ хæрзтæ хъуыдысты нæ адæмæн.

Фæлæ, æвæццæгæн, уæларвон комулæфт кæмæ хæццæ кæны, уыцы мæгуыр лæджы куывд дæр алы хатт уæлæрвтæм нæ хъуысы, æндæр дзы ницы ис. Уæддæр, «Лæг кард лæджы хурхмæ кæм дары, Уым нæй лæмæгъ уæвæн лæгæн»[1] («Фæстаг ныхас»). Нæ поэт æппынæдзух цырддзастæй фæдисы къахыл уымæн лæууыд.

Гъæйтт кæцæй фæцыд, уырдыгæй Ирыстоны фарнæн Шамилы фæдис ма райхъуыстаид, уый гæнæн куыд уыдис? Рæстæг йæ хъайтары йæхæдæг фæдæтты. Шамил æрдзыкондæй рахаста, цæмæй тадаид æмæ руадаид рæстдзинад, йæ раттæг адæм æмæ йæ Фыдыбæстæйы цинæй. Æмæ-иу йæ уыцы курдиат нывдузын, хъыгагæн, кæд бирæты бафæндыд, уæддæр сын нæ Рафæлдисæджы цæст иугай удтæй ахæм хъару нæ бауарзта. «Адæм. Æмбардзинад – уыдон сæрвæлтау тох кодта Шамил. Сабырдзинад. Уарзондзинад. Цард – уыдоныл зарыдис поэт...»[2], – зæгъы Къудухты Маринæ. Уыдонæй ахсджиагдæр ын ницы уыдис. Æмæ бæллыд, куы йын уыдаид фарслæуджытæ, æмбæлцæттæ, æмтохгæнджытæ йæ зын, фæлæ

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 19 ф.

[2] К ъ у д у х т ы М а р и н æ. Ирыстон кæуы йæ фыртыл...//А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 51 ф.

рæстаг фæндагыл. Уæд, уырныдта йæ, адæмæн фарн хæссын уыдаид сæ бон.

Йæ раттæг «Дзомагъы къуылдымтæ Фæлмæн изæрмилты фæлмау» куы «ныгъуылдысты», – уæд ын дымгæ рухс аргъæуттæ кæй хаста, сабийау æй кæй рæвдыдта, йæ раргбонтæ фынау кæй уыдта, буц æмæ сæ райгонд кæй уыдис, уый дызæрдыггаг нæу. Уæд-иу райгонд уыдис цардæй. Æмæ йæ уарзта йæ цæст адæмæн. «Ахæм у йæ удысконд Шамилæн. Уымæн йæ цæстæнгас здæхт у рæстдзинадмæ æмæ йыл дзуры, фыссы, цард æмæ йын рæстдзинад йæ зæрдæ куыд агайынц, афтæ. Æрмæстдæр ахæм хуызы у йæ бон цæрын Шамилæн...»[1], – поэты 65 азы юбилеймæ дзырдта Гæбæраты Юри. Уымæн æмæ Шамилы аив дзырд æргом æмæ зæрдæмæхъаргæ у:

*Æз уарзын цардыйас нæ хæхты*
*Мырткæ хуыз хурныгуылд изæр,*
*Дæрддзæф æнæхуыссæг цырæгътæ,*
*Æнæнцой бæлæсты уынæр.*

*Æз ахсæв нал кæудзынæн хурыл,*
*Мæн ахсæв намысы мæт нæй.*
*Æрфынæй ног уæлмæрды дурыл*
*Æхсæвы ирд цæссыгты мæй.*

Уайтагъд зæрдæйыл андæдзынц фæлгонцон дзырдтæ æмæ, къæбæлдзыг хъуыдыйæдтæ, ирд нывтæ. Зæххыл дурæй, кæрдæджы халæй, рухсæй – иууылдæр удæгас кæй сты, уый адæймаджы уд кæны змæлын. Æфтауы нæ хъуыды кæныныл. Абадын нæ кæны бæллицты базыртыл. Æмæ, дзырд дæр ыл нæй, уый у æцæг рухсхæссæг поэзи. Адæймагмæ царды цин æвзæрынгæнæг поэзи. Зæрдæ йæм йæхи уымæн тоны.

*Фæнды мæ уарзын æмæ худын,*
*Хъæуы мæ цинтæ æмæ зын;*
*Фæнды мæ бæрзы бур дзыккутыл,*
*Йæ рæсугъд урс зæнгтыл тыхсын.*

---

[1] Г æ б æ р а т ы Ю р и. Фыды зæххæн зæрдæйы хæссæн ис // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 140 ф.

*Мæ сæрмæ æврæгътæ – фынчытæ,*
*Кæнынц бæгæныйау сæр-сæр.*
*Хæххон ирон чызджы уæрджытыл*
*Уæздан æркъул кодтон мæ сæр.*

*Æз афтæ рохст æмæ фæлладæй*
*Нæ хæхтæм мин азы кæсин:*
*Ам дурты бамыр ис мæ катай,*
*Ам худы суадæттау мæ цин!..*[1]

*(«Ныгъуылынц Дзомагъы къуылдымтæ...»)*

Цы амондджын сты, йæ адæм, йæ Фыдыбæстæ, йæ мадæлон æвзаджы катай æрвылбон кæй нæ хæрынц, лæгдыхæй, фæнда дæ æви нæ, æппынæдзух тохы сæр кæй нæ лæууын кæнынц, царды цинтыл зарынæй дарддæр æндæр мæт кæй нæй! Æмæ дын стæй исчи дæ чиныгыл, А. А. Фет куыд ныффыста Ф. И. Тютчевы æмдзæвгæты æмбырдгондыл: «Вот наш патент на благородство, – Его вручает нам поэт, – Здесь духа мощного господство, Здесь утонченной жизни цвет»[2], – афтæ дæ хæлæрттæ æмæ дæ фæдонтæ дарддæр кæниккой дæ цин.

Уæд, чи зоны, Шамил нæ адæмы фæрнджын удыхъæдыл, нæ тыбар-тыбургæнаг дзæнæтон æрдз, нæ алæмæтон уæлдæф, æмтгæй Ирыстоны ис-бисыл æмæ бирæ, бирæ цымыдисон хабæрттыл, нæ ивгъуыд, нæ абоныл, нæ фарныл цы диссаджы уацмыстæ сфæлдыстаид ноджыдæр. Фæлæ йын удæнцой нæ лæвæрдтой нæ адæмы карды комыл фæндæгтæ, нæ Фыдыбæстæйы рис æмæ додойаг уавæр, арвы айдæны дæр зынтæй кæй ссардæуыдзæн, нæ уыцы райгуырæн уæзгуытыл хæрæгсындз куыд зайы, æппæт уыцы хъуыддæгтæ æмæ сагъæсæгтæ. Зæрдæйы хъустæ кæмæн ис, уымæн йæ уæзæджы рис удмарæн у. Уыцы рисæй сулæфынтæ дæр нæ фæфæразы. Сусæг-æргомæй йын, сау калмау, фæхæры йæ зæрдæ. Æмæ Шамилæн йæ бон нæ уыдис быхстаид, йæ радтæг уæзæг кæй федзæрæг, нæ Фыдыбæстæйæн йæ ивгъуыдау йæ фидæныл дæр

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс.–Дзæуджыхъæу, 2010. – 7 ф.
[2] Ф е т А. А. // К о л л е к т и в а в т о р о в. Люблю отчизну я... – М., 1982. – 266–267 ф.

мигъ кæй бады, фæлмы йæ бæлвырд-бæрæгæй кæй нæ уынæм, уыцы катайаг хъуыддаг. «Йæ уд йæ дзыллæйыл чи хъардта, йæ райгуырæн Ирыстоны рисæй йæ зæрдæ кæмæн рыст, ахæм хъуыдыгæнæг адæймаг»[1], – уыд Шамил. Уыдис фæндвидар. Æмбæлон хъуыддагмæ дызæрдыггæнгæйæ никуы æвнæлдта. Гуызавæтæ кæнын фехста иуварс. Фæндвидарæй уымæн дзырдта:

*Мæ Ирыстон, дæ фæндаг уыд уæззау...*
*Ысфæлдыстай дæ рухс бæллицтæй мифтæ,*
*Фæлæ дæ цард йæ фæллад хуыз нæ ивта,*
*Æмæ цыдтæ дæ сыхæгтæн фыййау.*

*Уыдтæ уæддæр лæгдзинадыл рæдау.*
*Ныууагътой дын нæртон зæрдæ скифтæ,*
*Æрхастай ма нæртон хæзнатæй рифтаг,*
*Æмæ та суагъта ихдзагъд хуымгæнд тау.*

*Дæ цард ыснæуæг тох æмæ фæдисы,*
*Ыссардтай фарн æфсымæрон Цæдисы,*
*Æмæ дæ тыхтæн макуы уæд хъаймæт.*

*Дæ уаз номæй сæрыстыр уæнт дæ цæуæт...*
*Дæ хуымгæндыл-иу хъарм къæвда æрцæуæд,*
*Дæ найгæнæнты хурхæтæн кæнæд...*[2]

(«Ирыстон»)

Фæлæ бæллиц бæлиц у. Хъуыдыгæнæг, цардзонæг, цардбарæг куырыхон адæймагæн фыддуг кæддæриддæр хъыцъыдæттæ фæдары. Æмæ æнæрцæф Шамил цардис, зæгъæн ис, тыхыдуджы, кæд сæрыстырæй цыдис размæ, цыфæнды адзалы раз дæр йæ сæр никуы къул кодта, уæддæр.

Йæ хæлар Ходы Камал кæддæр мыхуыры цы удмарæн хабар бакаст: «Газеты куыд фыстой, афтæмæй Киевы зоопарчы иу калмæн хæрынæн дæттынц æрмæстдæр удæгас бæлæттæ. Ацы хабар фехъусгæйæ, цымæ нæ поэттæй чи цавæр æмдзæвгæ ныфыстаид?» – пародист дætты риторикон фарст æмæ, кæмæй куыд, уый йæхи хъуыддаг у,

[1] Р е д а к ц и о н у а ц. Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд / Иры Стыр Ныхас, 2011. – Зæрдæвæрæны мæй.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 5 ф.

фæлæ Шамилæй, ома, иронийы хуызы, уæддæр уæды дуджы, царды рæстдзинад æргомæй дзурæн куынæ ма уыдис, «Бæлоны монолог мæлæты размæ»-йы бирæбæрцæй раргом рæстдзинады сæрыл нæ поэты тохмонц:

*Ныллæууыди фæстаг сахат... Мæ сæрмæ*
*Æнусты фыдæх ауыгъдæй лæууы.*
*Кæмдæр мæ хъыгыл дзедзырæг кæуы...*
*Æз та цæуын Барастыры къæсæрмæ.*

*Мæ тæссонд уд, ды цас фæразыс, цас!*
*Мæ мидхъаруйыл не ´ууæндын мæхæдæг...*
*Мæ цæстытæ – раст хорнæмгуыты йас,*
*Фæлæ сæ бандзыг дун-дунейы ´рхæндæг[1].*

Пародийы домæнтæ сæхион кæнынц, уæддæр царды рæстдзинад, мæгуыр лæджы буар йе скъуыдтæ фадыбарцæй куыд ферттив-ферттив кæна, уыйау ын нæй бамбæхсæн. Ноджы ма дæм хи туг æмæ стæг топп куы ифтындза, кард дæм куы дауа, уæд уд дывыдон арты фæсудзы. Поэт йæхи цæстæй уыдта – йæ хуымы мæнæу куы тыдта, уæддæр-иу дзы фыддуг æмæ фыдлæгты аххосæй фыддæрадæнгæнæгау кæддæриддæр гæнгæлы куыд æрзад; æрвылбон цы мæсыг амадта, уый йын æрвылæхсæв куыд хæлд; йæ арт хуыссыд цæссыгæй, фæлæ нæ Хуыцауы лæвæрд ныхыфыстæй нæй фæлидзæн. Никæй бон дæр æй баивын бауыдзæнис, йæ уд куы рауæлдай кæна, арвæй стъалытæ скъæфынмæ куы хъава, уæддæр. Æмæ уыдæттæ Шамил, гъай-гъайдæр, йе ʻвзонджы бонтæй фæстæмæ йæ фондз æнгуылдзау зыдта. Нæдæр æй искæмæй сусæг кодта. Рæстаг адæймагæн куыд æмбæлы, афтæ йæ, –» рæстдзинад... тыхджын у»[2], – æппынæдзух æргом дзырдта царды дæр, поэзийы дæр:

*Æрвылбон амайын мæсыг,*
*Æрвылæхсæв мын хæлы.*
*Хуыссы мæ арт æмæ цæссыг*
*Йæ фæныкыл ызгъæлы.*

---

[1] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 354–355 ф.
[2] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 3. – Дзæуджы-хъæу, 1967. – 396 ф.

*Рæдыд мын никуы вæййы барст,*
*Фæласы дон мæ хæрзтæ.*
*Нæ дæн фæрнæйдзаг æмæ уарзт*
*Цъыввытт кæны мæ фæрсты.*

*Хæрам мыл сагъуыди бындзау,*
*Тæрын æй – уый кæм сæтты!*
*Уæддæр мыл ауды хуыцау, –*
*Мæ уæхскыл бадынц зæдтæ.*

*Фæхъуысы хъæлдзæгæй сæ зард,*
*Æнкъары йæ мæ зæрдæ.*
*Кæнынц æхцон мæ удæн цард*
*Йæ рухс æмæ йæ зæлтæ.*[1]

(«Мæ цард хъæмпы халы аргъ нæу»)

Йæ ныфс кæмæн нæ сæтты, фæллой кæнынæй чи нæ тæрсы æмæ æппынæдзух размæ чи тырны, уымæн афтид армæй дæр бирæ хæрзтæ тауын æмæ бæр кæнын æнтысы. Дзыллæ йæм цæмæ фенхъæлмæ кæсынц, уымæй сæ фыдæнхъæл ницæмæй фæкæны. Уæлдайдæр, йæ къахайст ныфсджын куы разыны æмæ йæм хъусæг куы вæййы, йæ фæдыл исчитæ куы фæцæуынц, уæд. Афтæмæй адæймагæн, гæнæн ис, зæгъæм, йæ бон бауыдзæнис, арвæй стъалытæ скъæфын дæр.

Мамсыраты Темырболат, ард хæрæгау, йæ бæстæн æнæдызæрдыгæй, риутыгъдæй уымæн лæгъстæ кодта:

*«О, нæ хæхтæ, нæ бæстæ! –*
*Нæ хистæртæ куы сдзырдтой, –*
*Цард н´ агурæм уæ фæстæ!» –*
*Тынг сæхуыдтæг куы скуыдтой.*

*«Дæ ном уарзгæйæ дзурдзыстæм,*
*Дæуæн, нæ уарзон, нæ бæстæ!*
*Хуыцауæй дæ курдзыстæм,*
*Цалынмæ уа нæ хъæстæ».*[2]

(«Дыууæ ‘мбалы»)

---

[1] Джыккайты Шамил. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 262 ф.
[2] Мамсыраты Темырболат. Ирон зарджытæ. – Цхинвал, 1965. – 23 ф.

Джыккайы-фырты уд цы дывыдон арты сыгъд Ирыстон æмæ ирон адæмы, стæй æмткæй рæстаг адæймаджы фарны охыл, афтæмæй нын цы стыр аивад фæлдыста, уыдæттæ æрмæст ахуырдзау фæсивæдæн нæ, нæ дзыллæйæ фарны къахыллæуд чи сты, уыцы хуыцауысконд адæмæй алкæмæн дæр, кæд дзырдæй-дзырдмæ нæ, уæддæр иумæйагæй зонинаг сты. Йæ чингуытæ йын хъуамæ къухæй-къухмæ исиккам, йæ хъуыдытæй тынг бирæ æппынæдзух не 'взаджы алгъыл хъуамæ бадиккой, нæ сæры магъзы тæлфиккой. Нæ Иры фарнæн нæ зæрдæты цæмæй билцъ уадзой. Рохы рыг сыл цæмæй макуы æрхæца. Нæ хуыздæры фæдыл цæмæй тындзæм, цы рухс фидæн нын уынын кодта, кæдæм нæ хуыдта, уырдæм.

Уæд æцæг амондджын адæм уаиккам.

ФЫЦЦАГ СÆР

## ЛÆДЖЫХУЫЗÆН ЛÆДЖЫ ЦАРД

Нацийæн кады лæгтæ куыннæ хъуамæ уа. Æмæ: «Ирыстон йæ сины сæртыл кæмæй хæцыд, уый – Джыккайты Шамил»[1], – дзырдта фыссæг Малиты Хасан, уыдис ын фидар бындур, афтæмæй. Ирон адæмон поэт, прозаик, драматург, литературон критик, литературæиртасæг, публицист, тæлмацгæнæг, стыр æхсæнадон архайæг, филологон зонæдты кандидат, профессор, Къостайы номыл паддзахадон премийы æмæ Гæдиаты Цомахъы, Æмбалты Цоцкойы номыл премиты лауреат (Иухатт мын хъазгæхъазын дзырдта: «Сæ премитæ сын иу сæрфт ракодтон æмæ къæппдзыхæй аззадысты») Джыккайты Федры фырт Шамил райгуырдис 1940-æм азы, æртхъирæны мæйы 25-æм бон, Ирыстоны хуссар хайы, фенддаджы, æмдзæвгæтæ фыссæн кæуыл ис, ахæм рæсугъд хъæу Дзомагъы. Иумæйагæй сисгæйæ – райгуырдис Цъалагомы.

Æмæ, чи зоны, исчи зæгъа, ома, цы дзы хъуамæ уыдаид фенддагæй рагон чысыл хæххон хъæуы. Уæд ын нæ бон у æвиппайд зæгъæм: нацийы уд уыцы æргом æмæ уыимæ иумæ сусæг фæзилæнты райгуыры. Нырма дæр Дзомагъы цæугæдоны былыл адæймаджы æрмттылнымад хæдзæртты пырхæнтæ хъуыдыгæнæг адæймаджы æфтауынц алыхуызон æмбæхст сагъæстæ æмæ бæллицтыл. Фыдæлтыккон таурæгъты удвидар æмæ нæрæмон хоххъайтар хъæуы сæрты йæ цæстæнгас дардмæ, фидæнмæ куыд скодта, уый иунæг фенд дæр аргъæуттыдзуринаг у – кæддæриддæр ахæм уыд æмæ у Бурсамдзели. Ирон адæмон сфæлдыстады, стæй нывæфтыд литературæйы æндонвидар æмæ фенддаджы рæсугъддзинадæн æнæнхъæлæджы нæ баззад.

«Ацы ком, Цъалагом, иууылдæр аивадон номæй хонæм Поэтты ком. Ацы комæй рацыдысты нæ зынгæ фысджытæ, нæ нывæфтыд литературæйы стыр классиктæ Хъороты Дауыт, Беджызаты Чермен, Хъуылаты Созырыхъо,

---

[1] М а л и т ы Х а с а н. Сыгъдæг уды хæрам тыхтæ марынц // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 91 ф.

Плиты Харитон, Гафез… Стæй дарддæр – Дзесты Куыдзæг, Хъороты Хъазбег, Беджызаты Васо, Дзаттиаты Тотырбег… Ноджы – Дзугаты Георги, Саулохты Мухтар, Джыккайты Шамил, Плиты Олег…

Куы сæ нымайæм, уæд цъус не сты. Сæ иуæй се ‘ннæ – стырдæр фыссæг æмæ адæймаг!»[1]. Æрмæст чысыл Дзомагъæй рацæугæ сты поэттæ-æфсымæртæ Дзугаты Георги æмæ Хаджумар, журнал «Фидиуæджы» фыццаг редактор æмæ литературон кусæг, æхсæнадон архайæг Плиты Арон æмæ йæ фырт Плиты Агуыбе. Фæлæ сæ, Джыккайты Шамилау, хъыгагæн, алкæмæ Хуыцауы комулæфт нæ фæхæццæ. Уый ныхыфыст сæ, хъыгагæн, ничи рахаста. Кæд иууылдæр нымад адæм æмæ нымад фысджытæ сты, уæддæр дзы алкæй бон Джыккайы-фырты бæрзæндмæ схизын нæ бацис. Æмæ уый æнæнхъæлæджы нæ уыд: «Æмбисондæн баззад Хуссар Ирыстоны Дзауы районы Дзомагъы хъæукkаг Джыккайты Дауыты цыргъзонддзинад»[2], – адæм-иу афтæ дзырдтой Шамилы фыды фыдæй. – «Тынг нымад, тынг кадджын лæг уыдис»[3].

Фыссæг Гаглойты Владимир та дзырдта Дзомагъгомæй: «Сæрбахъуыды, фæдисы – фыццаг, æхсар, лæгдзинадæй – æххæст. Сæ сæры кад сæм уыдис бæрзонд. Цæсты гагуыйау хъахъхъæдтой сæ намыс, цæстæвæрæн – зарынмæ, кафынмæ, цæстæвæрæн – сæ дзырдарæхст… Уыцы куырыхон зонды къæбиц зæрæдтæй Джыккайты Дауиты, Плиты Бедзейы, Губаты Дзаккойы æмæ Дзугаты Хасæхъойы нæмттæ дардыл хъуыст уыдысты»[4].

Шамил йæхæдæг та зынгæ фыссæг æмæ ахуыргондæй афтæ мысыд йæ кадджын фыдæлы: «Дауит уыд дзуапджын лæг. Куыд дзырдта, афтæмæй æвддæс æмæ дыууиссæдз хатты уыд ирæдисæг, æртындæс æмæ ссæдз хатты та – туджы тæрхоны. Хæд-æфсарм, хуымæтæг уыд, фæлæ-иу сæрыстырæй йæхи стауыныл дæр зивæг нæ кодта. Дзырдта-иу: «Ахæм ранмæ-иу бахаудтæн, æмæ-иу

---

[1] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Аивадон тыхæй // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Мыггаджы хуын. – Цхинвал, 1917. – 8–9 ф.

[2] Д з у г а т ы Х а д ж у м а р. / Рæстдзинад, 1974. – 13 июль.

[3] У ы й д æ р у ы м.

[4] Г а г л о й т ы В л а д и м и р. Æдзæрæг мæсгуытæ // Фидиуæг, 1989. – № 7. – 54 ф.

дзы лæгтæ уыди, лæгтæ, æмæ-иу мæхицæн загътон: уал дæ баззайæд, адоны цур æз дзурын дæр цы нæ суæндон. Фæлæ-иу сæм сабыргай байхъуыстон, сæ дæргъ, сæ уæрх-иу сын базыдтон æмæ-иу сæ фæстагмæ фыры сыкъайы баздыхтон»[1].

Йæ ныхас бафидар кæныны сæр æй алы хатт уадиссаг ницæмæн хъуыдис – Цъалагомы алкæмæн дæр тынг хорз зындгонд уыд, фæлæ: «Фидары мад, дам, нæ куыдта»[2], – йæ мыггагæй, йæхæдæг æй куыд хоны – иу къалиу «Куыдзантæ Дзестæн чызг радтой. Йæ ном Даро, фыссæг Куыдзæджы мад. Бафидыдтой, уæдæ, цы уыдаид, ирæдыл дæр. Уыцы заман чызг радтой Саулохтæ дæр. Уæд дын махонтæн сæ хъустыл æрцыд, Саулохтæ сæ чызгæн фылдæр ирæд райстой, зæгъгæ. Куыдзантæм уый хардзау æркаст. Сæ иу Уасил хуынд æмæ уый фидарæй скарста: кæд Дзестæ ирæд фæфылдæр кæной, уæд – хорз, кæннод сын махмæ чызг нæй»[3].

Афтæмæй Дауиты дæр æвæндонæй куы акæниккой ирæдисæг йе ´рвад Уанкъаимæ. Цынæ сразы сын уыдис фысымты хъуыдыйыл: «Æрдомдта фылдæр, уæдæ, цы. Дауит Уанкъайы сусæгæй сардыдта æмæ уый фидарæй ныллæууыд: «Æртæ роды тыххæй хъуыддаг чи халы, мах ахæм хæстæг нæ хъæуы». Дзестæ дæр – уæздан адæм, фылдæр радтой, уый дæр сæ нæ фæнды, сæ чындзаджы ирæды тыххæй куырдуаты ныууадзой, уый дæр сæ сæрмæ нæ хæссынц»[4].

Цыбырдзырдæй, хæдзары, цæйау акæнынц: «Мыст йæ къæдзил цæуыл ракъуырдтаид, уый дзы нал ныууагътой». Фысымы æркодтой йæхи марынмæ: «Рæхысмæ фæлæбурдта, ратыдта йæ æмæ йæ дуарæй раппæрста: «Гъа, Джыккайтæ, æххæст уый дæр ахæссут!»

Дауыт къæрттæй цъула не ‘ппары, хъуы-ды дæр æй нæ кæны.

Фос раскъæрыны размæ, хуынды кæмæ уыдысты, уыдон сын æгъдаумæ гæсгæ кусæртты хæйттæ æрхастой. Суæргътæ сын кодтой. Адæм ирæдыл сæ цæст æрæвæрд-

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 250 ф.
[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 242 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджы-хъæу, 2007. – 251 ф.
[4] У ы й д æр у ы м.

той. Фысымты хистæр ракуывта, уæдæ, цы кодтаид – æгъдау тыхджын у. Стæй сыкъа Дауитмæ радтой. Уый ракуывта. Загъта, уыйбæрц æмæ нын уыйбæрц дæттут ирæдæн æмæ хайыры фос фæуæнт. Дыккаг нуазæн райста, хистæрмæ йæ радта æмæ загъта: «Мæнæ нæ ирæд. Баци, бар дын дæттæм, æмæ дæ кæцы гал хъæуы, уый равзар». Лæг джихауæй баззад, стæй баздæхт æмæ галты хуыздæр рахицæн кодта.

Дауыт ноджы нуазæн райста æмæ йæ æфсинтæм радта. Загъта: «Равзарут сымах та хъуг». Равзæрстой, уæдæ, нæ. Афтæ бинонтæй цалдæрæн бар радта.

Уæд дын, йæхи чи мардта, уый бауад, уырдыглæууæджы къухæй дурын раскъæфта æмæ ныззарыд:

*О, дæ рын бахæрон, сыгъзæрин Уастырджи,*
*Гъай нæ бирæгъ Фæлвæра куы разынд...*

Афтæ Дауит йæ мыггаджы (ирæдисджыты) кад бахъахъхъæдта, хæстæджыты хæдзар дæр афтидæй нæ ныууагъта. Физонæг дæр сфыхт, уæхст дæр нæ басыгъд»[1], – сæрыстырæй дзырдта Джыккайы-фырт.

Цæмæннæ хъуамæ уыдаид сæрыстыр? Ахæм зæххыл, ахæм адæмы æхсæр райгуырд æмæ хъомыл кодта Шамил. Уыимæ, хохаг хæрзæвзонг лæппуйæн куыд æмбæлы – сабийæ фæцайдагъ фæллой кæныныл. Ирон хъæууон сабитæн уыцы куыст сæ къухæй ничи айстаид, цыма-иу семæ райгуырд. «Дзомагъы цæрджытæн сæ сæйраг куыст баст уыд зæхх æмæ фосимæ. Фос уыд сæ дарæг æмæ сæ фæллой дæр. Уæд алы кусæг удгоймаджы къух нымад кæй уыд, уый тыххæй фыййауы куыст сæйрагдæр фæсивæдмæ хауд, суанг авд азы кæуыл сæххæст, ахæм сывæллæттæм дæр. Уæд, уыцы рæстæджы, хистæртæ æнцонæй-иу бабар кодтой æнæхъæн фосы дзуг сывæллæттæн. Уымæн æмæ, иуæй – сæхи не 'вдæлд уыцы куыстмæ, иннæмæй та – афтæ сахуыр код-той сæ кæстæрты, æмæ сыл сæ зæрдæ дардтой. Кæстæртæ та зæрдæргъæвд, куыстуарзон, æнæзивæг, хъæлдзæг, уыимæ – æнæхин, æргомзæрдæ æмæ æууæндаг кæй уыдысты, уый дзурæг уыд сæрмагонд, хуымæтæг

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 252 ф.

хæххон хъомыладыл»[1], – фæстæдæр Шамилы амындæй зæгъдзæнис йæ ахуыргæнинаг Дзыныхты Аленæ. Уымæн æмæ нæ фыссæг æмæ ахуыргонд кæддæриддæр сæрыстыр уыдис йæ уыцы хъæууон хъомыладæй. Афтæ нымадта, – æмæ æнæнхъæлæджы нæ, – хур ын цыма уæлдай адджындæр уымæн уыдис. Цыма Дзомагъы æрдзы фидыц, йæ хъæубæсты парахат зæрдæуаг куынæ æрцардаиккой йæ уды, уæд ын цард царды ад никуы кодтаид, адæймаг æм зæдымсæр æмæ æппæтхъом никуы кастаид, æвæццæгæн. Фæлæ йæ уыцы зæрдæуаг сагъæс кæнын кодта Ирыстоны ивгъуыд, абон æмæ сомбоныл: «Фыдæлтæй нын нæ баззад æмзонд, æмзæрдæ æмæ абон дæр не стæм хъæрмуд æмæ æнгом. Нæй нæм национ хиæмбарынад»[2], – нын дзырдта, цæмæй, цух цæмæй стæм, уымæн базонæм сæрфат.

Джыккайты Шамил 1940-æм азы, тæргæйтты мæйы 25-æм бон куы райгуырд, уæддæр ма нæ Ирбæсты, фыццагон цард мысгæйæ лæгдыхæй, ома, лæгнымæцæй барстой, æмæ Джыккайты Федыры хæдзар æрмæст сæ бирæ фосæй, сæ хæлларзæрдæйæ нæ уыд нымад, фæлæ лæгнымæцæй дæр. Йе ´мкъай Гæбуаты Нифæимæ (Гæбонимæ) сæ хистæр лæппутæ уыдысты Хетæг (1926), Солтан (1928) æмæ Рутен (1931). Шамилæн йæ кæстæр æфсымæр Мурат (1947) дæр басгуыхт аивады кусæг. У зындгонд нывгæнæг, ЦИПУ-йы профессор. Фондз æфымæры куыннæ хъуамæ уой сæрыстыр дыууæ хойæ. Федыр æмæ Гæбон сæ авд хъæбулæй уыдысты буц æмæ райгонд.

Мад чиныджы æвзагыл нæ фæхæст йæ рæстæджы аххосæй, фæлæ Федыр кæсын, фыссын сахуыр æмæ-иу йæ кæстæртæн рагон диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ æрмæст дзургæ нæ, фæлæ чингуыты дæр куы каст, уæд-иу дзы æрмæст уыдон нæ ныббуц сты, фæлæ йæхæдæг дæр райгонд уыдис йæхицæй. Шамилы зæрдæ ма та-иу йæ фынты дæр дзырдта уыдонимæ. Куы рахъомыл, уæд сæ йæ уацмыстæм дæр райдыдта хæссын. Бирæтæ дзы бынат ссардтой йæ чингуыты.

Зæгъæм, «Ос-Бæгъатыр Арагвийы былыл» ныффыста хæрз æвзонгæй, фæлæ дзы йæ бон равдисын бацис, ирон

---

[1] Д з ы н ы х т ы А л е н æ. Æнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 20 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Нæ уавæр, нæ хæстæ / Стыр Ныхас, 1996. – 24 февраль.

уд æнустæй нырмæ цæмæй рыст æмæ цы гадзрахат хъуыддаг нæ быхста, уый:

*Зæрæгъсид тайы рагъсæрты цыргъ тигътыл;*
*Æрттивы тары æртыты цæхæр,*
*Зынынц йæ рухсмæ æрцыты æрттигътæ,*
*Йæ кадæг систа хъисфæндыр кæмдæр...*

*Бæрзонд къуылдымыл Ос-Бæгъатыр бады,*
*Æркъул кодта йæ сагъадахъыл сæр...*
*Цыма, уый доны хуыдымы цы хаты,*
*Цы йын дзуры Арагвийы уынæр?!*

*Йæ былтæ – ´лхъывд, йæ цæстытæ – цæхæртæ,*
*Ныхъхъуыры уый йæ цæстæнгасæй тар...*
*Кæмдæр та ногæй хъисфæндыр æрцæгъды:*
*«Сæтты мæлæты адæймаджы ´хсар...»*

*Кæсы хæстон Арагвимæ æнкъардæй,*
*Фæлæ уый сисдзæн райсомæй йæ уарт,*
*Ыскæсæнмæ уый ацамондзæн кардæй,*
*Æмæ та ссудздзæн фидæрттыл цъæх арт...*[1]

Афтæмæй æвзонг поэт, йæ чиныгкæсджытæн æй цы дзурын хъæудзæнис йæ рæзгæ азтæй фæстæмæ, уыдæттæ ирон цардæй раджы фæтагъдысты йæ зæрдæмæ. Икъаты Авдул æй æнæнхъæлæджы не схуыдта поэзийы æфсæддон[2].

Æмæ уыцы Хуыцауы комулæфтæй хайджын саби хорз æмбæрста, кæмдæр хуыздæр цард кæй ис, кæмдæр хойраг армыдзагæй кæй нæ барынц, уæлыгæс цæуынæй дарддæр дзы адæймаджы бон бирæ хорз диссæгтæ аразын кæй у, æмæ йыл дыууадæс азы куы сæххæст, уæд æй 1952-æм азы бахъуыд Ирыстоны цæгат хаймæ, Камбилеевкæмæ йæ ныййарджытимæ хуыздæр цардæнхъæл алидзыны сæр.

Уым астæуккаг ахуырад куы райста, уæд уыйфæстæ æнтысгæйæ каст фæцис Цæгат Ирыстоны педагогон института филологон факультет. Куыста Цæгат Ирыстоны

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æфсарм. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 23 ф.
[2] И к ъ а т ы А в д у л. Поэзийы æфсæддон / Ленинское знамя, 1981. – 14 март.

телеуынынад æмæ радиоалæвæрдты комитеты. Æмæ æндæр исчи, гæнæн ис, йæ куысты æнтыстытæй разы уыдаид, фæлæ Шамилы фидарæй бауырныдта, йæ хъысмæт ын уыцы бынат кæй не схай кодта, кæй йæм сиды йæ ахуыры фæндаг адарддæр кæнынмæ.

Шамил 1965–1968-æм азты ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны зонад-иртасæн институты аспирантурæйы. Чысыл фæстæдæр, 1970-æм азы, æнтысгæйæ бахъахъхъæдта диссертаци – «Фольклорные традиции в осетинской советской поэзии. 1917–1941 гг.» – ахæм темæйыл æмæ йын лæвæрд æрцыд филологон зонæдты кандидаты ном. Уæдæй фæстæмæ æппæт йæ цард æмæ йæ куыст æнæхъæнæй баст уыдысты Цæгат Ирыстоны пединститути мæ, фæстæдæр – университетимæ. Йæ 50 азмæ йын цытджын æгъдауæй лæвæрд æрцыд профессоры ном. Уыдис студентты уарзон лектор, ирон литературæйы сфæлдыстадон кафедрæйы сæргълæууæг, ирон филологийы факультеты декан. Студенттæн лекцитæ каст фольклорæй, ирон литературæйы историйæ, ирон культурæйы традицитæй. 1998-æм азæй та уыдис «Уæрæсейы Федерацийы адæмты литературæ»-йы дæсныйадыл аспирантурæйы къухдариуæггæнæг. Йæхицæй хъуамæ уыдаид разы, уæддæр, «жизнь его была далеко не легкой и немало испытаний ему было послано»[1].

Йæ ахуыргæнинæгтыл куыд аудыдта, ахуырадмæ, цардмæ сын фæндæгтæ куыд амыдта, уый тыххæй цæвиттонтæ хæссынмæ дард цæуын никæй бахъæудзæнис. Йæ кæддæры студентæй нын уыцы хъуыддæгтæ радзурдзæн алчи дæр. Уымæн æмæ сын Шамил иууылдæр уыдис уарзон разамонæг – уый фæрцы-иу сæ бирæтæ систы университеты цæттæгæнæн хайады, стæй та университеты студенттæ. Иууылдæр æй хуыдтой сæ буц ахуыргæнæг, æмæ сæ алчи дæр тырныдта, цæмæй йæ зæрдæхудты мацæмæй бацыдаиккой. Сæ куырыхон зондамонæг, нæ Иры номдзыд фыссæг, зонадон кусæг æмæ патриот университеты студенттæн, сæхæдæг арæх куыд фæдзурынц, афтæмæй ссис саг-лæг æмæ рæстдзинады символ. Афтæ бирæ йæ уарзтой йе студенттæ иууылдæр. Уый тыххæй Гуæздæрты Азæйы хъуыдыйы рæстдзинады сæрты ничи

[1] Г о д и з о в а З а р а. И это все о нем… / Северная Осетия, 2011. – 5 июля.

ахиздзæнис. Уæлдайдæр æй загъта Шамилы удæгасæй: «И такие признания делают не только отдельные личности, но и цельые поколения выпускников Северо-Осетинского государстенного университета. Талант педагога дает ему возможность распознать способности молодого человека, способствовать становлению личности. И слова благадарности и любви – лучшее вознарождение Человеку.

Прекрасный педагог, воспитатель и наставник молодежи. Лекции Ш. Ф. Джикаева доставляют огромное эстетическое удоволствие, они учат студентов дорожить честью и достоинством, учат благородству, на конкретных примерах из фольклора и произведений литературы пробуждают патриотизм и любовь к Родине»[1].

Стæй æрмæст йе студенттæ цæмæн? Шамилимæ иунæг хатт фембæлыны кæнæ йын йæ уацмыстæ кæсыны амонд кæмæ хаудта, уыдон æй сæ зæрдыл алы хатт дæр фæрнджын адæймагæй ма дардтаиккой, хъулон уарзт æй ма кодтаиккой, уый гæнæн нæй. Кæд-иу æм бирæтæ дзырдæппарæн кодтой, ома, поэзийы ног хуызтæй традицион фæлгæттæм æппарыс дæхи, уæддæр-иу сыл бахудт сæрыстырæй:

*Мæ хъуын мын ацæгъдыс æнæвгъау,*
*Зæгъыс, фæстæмæ у мæ каст,*
*Нырыккон, ног аивад фауын,*
*Кæнын зæронд фæрæзтæн цыт.*

*Æвзæр у уый, фæлæ цы кæнон?*
*Кæнынц сæхимæ кæсын мæн*
*Гомер, Бетховен æмæ Данте,*
*Къоста, Карузо æмæ Босх*[2]*.*

(«Ногдзинад уарзæгæн»)

Æмæ йæ ирони æрмæст ам нæ зыны. Йæ сæр-иу æй куыд бахъуыд, афтæ дзы пайда кодта æмæ уый цыд æмæ цæуы йæ бирæ чиныгкæсджыты зæрдæмæ. Цыбырты Людвиг æй æнæнхъæлæджы не схуыдта «совесть народа»[3].

[1] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 25 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 215 ф.

[3] Ч и б и р о в Л ю д в и г. Совесть народа // К о л л е к т и в а в т о р о в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012 – 62–74 ф.

Ærmæст нæ адæмы фольклорон бынтыл йæ зæрдæбын фæллойы тыххæй Дзасохты Музафер зæгъы: «Бабæстон кодта æмæ стыр чингуытæй рауагъта нæ фыдæлты таурæгътæ. Дзæнæтыбадинаг Хæмыцаты Тамарæимæ, зæгъæн ис, æмæ равдыстой хъæбатырдзинад: рыджы бын чи фæци, сæ дамгъæтæ дзæбæх зынгæ дæр кæмæн нал кодтой, уыцы къухфыстытæ равзæрстой æмæ «Нарты кадджытæ» мыхуырмæ бацæттæ кодтой. Абоны онг уал дзы рацыд фондз томы»[1]. Æдæппæт дзы рухс федтой авд томы[2]. «Уыцы куыст адæймагæй уыйбæрц хъарутæ домдта, æмæ йæм дæсгай азты дæргъы йæ ныфс ничи хаста, – зæгъы дарддæр Музафер. – Тамарæ мын куыд дзырдта, афтæмæй, æхсæв-бон нæ зонгæйæ, æвзæрста къухфыстытæ. Куы зæгъын, къухфыстытæ афтæ зын равзарæн уыдысты, æмæ дзы кæцыдæртæн æнæ лупæйы æхxуысæй бакæсæн нæ уыди, фæлæ дыууæ ахуыргондæн бантыст сæ размæвæрд хæс кадджынæй сæххæст кæнын»[3].

Ахæм стыр хъуыддаг, стæй ахæм зын-æххæстгæнæн хæсыл тынг бирæ ахуыргæндтæн нæ бауыдзæнис сæ бон ахъуыды кæнын дæр. Ома, Хуыцауæй мын цы иунæг цард у лæвæрд, уый иунæг хъуыддагæн куыд снывонд кæнон; уымæй дæр дзы мæ къухы исты æнтыст бафтдзæнис æви нæ. Фæлæ Шамил йæ ныфс хæхтæ, къæдзæхтæ рафæлдахынмæ дæр хаста. Æнтысгæ дæр ын уымæн кодта размæ аивад æмæ зонады бæрзæндтæм лæгæрдын.

«Сæ размæвæрд хæс кадджынæй сæххæст кæнын»-ы тыххæй та чиныгадарддæргæнæг Рустем афтæ зæгъы: «Æнæмæнг, Тамарæ дæр æмæ Шамил дæр ирон культурæйы хæзнадонмæ ацы рауагъдæй уæлдай куы ницы бахастаиккой, уæддæр сæ рухс нæмттæ арфæйагæй баззадаиккой ирон адæмæн»[4]. Фæлæ иу куыстыл кæд лæууыдис Шамил. Йæхи æнтыст-иу æй уыйбæрц нæ домдта, нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы бакæнинаг хъуыддæгтæ йын

[1] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Фæлæ… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 80 ф.

[2] 6-æм æмæ 7-æм томтæ рухс федтой 2011-æм æмæ 2012-æм азты. Фæстаг том кæронмæ ахæццæ акодта, фиппаинæгтæ æмæ дзырдуатыл бакуыста Фидараты Рустем.

[3] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Фæлæ… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 80 ф.

[4] Ф и д а р а т ы Р у с т е м. Разныхас / Нарты кадджытæ. 7-æм чиныг. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 4 ф.

куыннæ лæвæрдтой удæнцой. Зæрдæнцойæ бадын уымæн никуы хаста йæ сæрмæ. Нæ адæмæн, нæ Фыдыбæстæн ноджы фылдæр хæрзты цæмæй бацыдаид, ууыл хъардта æппынæдзух йе 'нæрæнцой уд. Студенттæн сарæзта уæлдæр ахуыргæнæндæтты программæтæ ныхæфтыд литературæ æмæ фольклорæй. Ахуыргæнинæгтæ æмæ студенттæн алы хатт дæр йæ ахуыргæнæн чингуытæ хицæн кодтой æмæ кæнынц сæ арф хъуыды æмæ сæ уæрæх зонындзинæдтæй. Йæ алыхуызон æмæ алыварсон аивадон хъуыдытæн та ирвæдæны абарæн дæр ницæимæ ис. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Алы æцæг поэтау, Шамил йæ удгоймагон æмæ йе сфæлдыстадон уагахастæй, йæ архайд æмæ йæ хъысмæтæй у, иуæй, зондзонæн, иннæмæй – дæнцæг»[1]. Дæнцæг – Ирыстонæн хорз ракæнын кæй фæндыдис, уыдонæн. Удæнцой йын нæ лæвæрдтой, Ирыстоны фарн æрцыбыртæ кæныныл сæ мæрдты хъуын-хъис чи хордтой, уыдон налат митæ:

*Æз – мастисæг, Рæстмæйы дуаг. Сырх барæг,*
*Æз – фарны тых, – срухс дзы кæнын цард.*
*Цæхæртæ калы тар дугтыл мæ кард,*
*Хæссы ныфсы хос дзыллæтæн мæ зарæг.*

*Æлдар, бынхор, къæрных æмæ лæгмарæг,*
*Мæ тæрхонæй нæ фæлидздзыстут дард,*
*Æз уын уæ цардыл бандзардзынæн арт,*
*Уæларвмæ хъуысдзæн сау хъоргъæй уæ хъарæг.*

*Зæгъын уын – додой! Тугцъиртæн хатыр*
*Нæ уыдзæн! – байстат адæмæн сæ бæстæ,*
*Сымах ыстут нæ Зæххы буарыл быр.*

*Зæгъын уын – додой! Фиддзыстут уæ хæстæ.*
*Нæ зæрдæ нын хæрут, цъулбертæ, ныр,*
*Фæлæ уын рухс тын сыскъуындзæн уæ хъæстæ[2].*

(«Сырх барæг»)

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 87 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Изæрмилты кувын. – 2002. – 28 ф.

Ирыстоны фарнæн зæрдæвæрæн цы хъуыддаг уыдаид, уырдæм æй æлвæст кардимæ куы бахъуыдаид цæуын, уæддæр фæстæ ницæй тыххæй фæлæуыдаид. Мамиаты Изетæ зæгъы: «нæ ирон кад æмæ номы, нæ абоны культурæ æмæ ахуырадзонады астæуккаг цæджындз», «удцырынгæнæн куриаты хицау, æргомдзырд æмæ лæгдзинады сæрхъуызой, ныхасы фарны буцæвзæрст хъæбул – Джыккайты Шамил»[1]. Цæмæй искæмæй, уæлдайдæр, аивады кусæгæй афтæ зæгъай, уымæн бирæ цыдæртæ хъæуы. Æмæ Изетæйæн уый тыххæй ис фидар бындур – æнæ æууæндгæ нæй нæ Поэты алы фæндвидар дзырдыл. Хатт адæймагмæ афтæ фæзыны, цыма ныл йæ аив дзырдæй ныфсы базыртæ æфтауы. Раст цыма Нигеры девизимæ куыста: «Аив литературæйы хъуамæ алцы дæр уа аивтыл арæзт»[2]. Æмæ йын йæ фæдзæхст æххæст кодта цæсгомджынæй, кæд, йæ алыварс, цы «сау куыйты» кой кæны, – цæмæй макæмæн сфыд кæна, – бирæгъы комау арфæтæй дæр, хъыгагæн, кæй дзыхæн нæй бабæттæн, уыдон æппынæдзух æмбу кодтой, йæ цæсты хаутæ йын сæ кæрæдзийыл авæрын нæ уагътой, уæддæр.

*Бафæлладтæн... О Хуыцау, æркæс,*
*Иры хъыгтæй басыгъди мæ зæрдæ.*
*Зæххы буарыл Иры бæстæ – нуæс.*
*Акалд дзы цæссыгты цад мæ сæрты.*

*Цас дзыназон? – байсысти мæ туг,*
*Уыйбæрц рыстæй бадон уыдзæн дур дæр.*
*Лæг кæны æдзæм мастæй хуыдуг,*
*Нал нæ тавы Иры дзыхъы хур дæр.*

*О Хуыцау, кæд ма кувæм дæуæн?*
*Иу бон тохы – иннæ бон мæрддзыгой.*
*Хуымтæ сыгъд нæ рухс дзуæрттæ – дæрæн,*
*Тоны мах мæлæты уад бындзыггай.*

[1] Мамиаты Изетæ. Фæцæуы, Ир, дæ намысы зæд дард // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 58 ф.

[2] Нигер. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 9 ф.

Куыд нæ рыстаид, куыннæ дзынæзтаид поэт, йæ алыварс, йæ уд нывондæн кæмæн хаста, уыцы адæм куынæгмæ куы цыдысты, хæдцæугæ лæджыфыдхортæ сын сæ фыд хомæй куы хордтой, зæххы цъарæй нæ сыстъигъынмæ куы хъавыдысты æмæ нын абон дæр, сæ бон ныл куы бацæуид, уæд сæ зæрды цы ис, зæххы цъаримæ нæ сиу кæнойы тыххæй цы фыддæр амæлттæй архайынц, уый бæрæг куынæ у, уæд. Фæлæ адæймагæн басæттæн нæй, Хъуылаты Созырыхъойы фæдзæхст æххæст кæныныл куы уа, уæд – ома: «Дæ тох... рæстдзинадыл кæн»[1]. Æмæ Шамилæн йæ алы дзырдæй ирон адæммæ фарн кæсы. Куыйты дуджы рæстаг дзырд дæр, алы хатт, куыд æмбæлы, афтæ нæ фæкæрды, хъыгагæн, хингонд дæлимонтæ йæ мысаныл æмбæлын кæй нæ фæуадзынц, уый охыл, æндæра галиуы хъул сах никуы бадид, Шамилы хуызæн разагътаты фæстæ та фæллойгæнæг дзыллæ, ивылд донау, гуылф кæниккой æмæ сын нæ уаид бауромæн.

Æниу сæм не скуынæг кæнын дæр, ома, нæ фыдæлты ирон туг кæронмæ ныссур кæнын никуы каст æмæ кæсы фаг: «На фоне широкой антиосетинской кампании в Грузии продолжался прцесс интенсивного «огрузинивания негрузин»[2]. Сæйраджы та сæ уды быцъынæг тонынц ирæтты сгуырдзиаг кæныныл, нæ истори, нæ культурæ нын сæхи бакæныныл.

Ацы æмдзæвгæ ныффыссынæй дыууæ азы раздæр, 1991-æм азы, æппæтцæдисон газет «Советская культура» фыста: «По данным Цхинвальского УВД, с 6 января зарегистрировано 37 убийств граждан осе-тинской национальности, 148 – раненых, десятки пропавших без вести»[3].

Уый æрмæст Цхинвалы районы. Иннæ районты, – уæлдайдæр, Ленингоры районы, – цы уыдис, уымæн æххæстæй базонæн нæ уыд. «Число беженцев в Северной Осетии превысило 12 тысяч человек. Что творится в селах – неизвестно, там свои трагедии, а связи нет. И пройти туда сквозь заслоны грузинских милиционеров и неформалов крайне сложно. Любой осетин, попавший к ним в руки, подвергается избиениям, оскор-блениям, а то и пыткам...

---

[1] Х ъ у ы л а т ы С о з ы р ы х ъ о. Æвзæрст уацмыстæ. – Стали-нир, 1957. – 408 ф.

[2] Г о с у д а р с т в е н н ы й к о м и т е т и н ф о р м а ц и и и п е ч а т и Р е с п у б л и к и Ю ж н а я О с е т и я. Республика Южная Осетия. – Цхинвал, 2007. – 44 ф.

[3] Б а б а е в С. Черная зима Цхинвала / Советская культура, 1991. – 16 март.

Сейчас Цхинвал в блокаде. Нет про-дуктов, нет газа»[1]. Ӕмӕ Шамил йӕ адӕмы сӕрвӕлтау Хуыцауы раз байтыгъта йӕ уд. Ӕрвыл уысм дӕр, йӕ цард, урс уӕрыккау, нывондӕн ӕрхӕссынмӕ цӕттӕ уыд Ирыстонӕн, цагъдыуӕлдай ирӕттӕн.

*Фаг нын уӕд. Ӕрӕнцой нӕ ӕруадз,*
*Улӕфы цӕфӕй цӕфмӕ бӕлас дӕр.*
*Царды куырдадз макуы суӕд зӕппадз,*
*Уарзт фыдӕхӕй ма фесӕфӕд раздӕр.*

*Аларды ныл бафтытда йӕ рын,*
*Стӕппӕлттӕ и зӕххы цъар уӕлмӕрдтӕй.*
*Нал нӕ уадзы агъуыд бал цӕрын,*
*Мах нӕ рӕстад нал хизы мӕнгардӕй.*

*Ӕз – фӕхтыхост, хахуыртӕй – ӕлгъӕд,*
*Иры хъыгтӕй рафтыди мӕ зӕрдӕ.*
*О Хуыцау, ӕгъгъӕд нын уӕд, ӕгъгъӕд,*
*Акалди цӕссыгты фурд мӕ сӕрты[2].*

(«Бафӕлладтӕн… О Хуыцау, ӕркӕс…»)

«Шамил хъаст кодта, бирӕ кусинаг ын кӕй ис, фӕлӕ йӕ йе 'взӕрмӕбӕлджытӕ кусын нӕ уадзынц, йӕ ныхмӕ кӕй сыстадысты»[3], – зӕгъы Джусойты Нинӕ. Мӕнӕй дӕр ма, Ирыстонӕй дунемӕ ног стъалы кӕй фӕцӕй ӕрттывта, уый не знӕгтӕн сӕ лыстӕг тъӕнгтӕ цагъта. Уымӕн ӕмӕ Шамил ӕргомдзырд уыдис. Йӕ хъуыды никӕмӕй ӕмбӕхста аивады дӕр, зонады дӕр, царды дӕр: «Хъудыком ӕмӕ Тырсыгом арӕнӕй кӕцырдыгӕй аззадысты, уый нӕ зонӕм, фӕлӕ рӕгъыты рад нымайӕм. Дыууӕрдыгӕй нӕ цӕгъдынц, уый нӕ не 'ндавы, фӕлӕ бӕрзӕй кӕцырдыгӕй ӕрӕвӕрӕм (ома, кусарты сӕрӕн – Хъ. М.), уый ссис нӕ катай. Нӕ фӕсивӕд сӕфынц нозт ӕмӕ наркотиктӕй, мах та нуазӕны кадыл дзурӕм»[4].

---

[1] Уый дӕр уым.

[2] Джыккайты Шамил. Изӕрмилты кувын. – Цхинвал, 2002. – 24–25 ф.

[3] Джусойты Нинӕ. Ӕмӕ, дам, зӕдтӕ нӕ мӕлынц // Авторты коллектив. Арв. Цӕссыг. Стъалы… – Дзӕуджыхъӕу, 2012. – 108 ф.

[4] Уый дӕр уым, 107 ф.

Ӕмæ уыдон ныхмæ дæр цæхгæр нæ уыд Шамил. Ирон кад æмæ намыс кæд уый нæ хъахъхъæдта царды дæр, куысты дæр, æгæрыстæмæй, фынгыл дæр, уæд ма æндæр, уæдæ, чи. Фæлæ алцæмæн дæр рад ис. Алцы дæр æгъдауыл хъæуы аразын. Йæ сæрыл арт кæмæн ирвæзы, уый тугæйдзаг карды бын, цыфæнды намысджын æмæ сыгъдæгдзинадыл мард фестæд, уæддæр йæ дзабыртæ сыгъдæг кæнынмæ нæ февдæлы.

Бекъойты Мæдинæ зæгъы: «Неповтори-мость каждого человека определяется неповторимостью его миссии в жизни. Рождение человека не есть случайность. Каждый приходит с чем-то на землю. С пустыми руками сюда не пускают. У всех свое божье поручение.

Шамиль пришел со своей идеей победить равнодушие и несправедливость, с иде-ей сделать мир гармоничнее и совершеннее, отдавать себя без остатка науке и поэтическому творчеству»[1].

Ӕппæт уыцы хъуыддæгтæ йын нæ лæвæрдтой удæнцой, æндæра, уый дæр, бирæтау, йæ иу къах сæвæрдтаид иннæ къахыл æмæ, куыд акæнынц, царды дзæбæхæй цардаид. Уый та йе 'ппынæдзухон хъуыддæгтимæ æнæсцухæй æндæвтой нæ адæмон сфæлдыстад, нарты эпос, нæ классикты бынтæ бæстон кæнын, зонадон æгъдауæй сæ фæлгъауын, рæзгæ фæсивæды раст фæндагыл æфтауын. Йæхицæй цæмæннæ хъуамæ уыдаид сæрыстыр, йæ адæмы сæрхъуызой куы уыдис, уæд. Уымæн ныллыг кодта: «Мæнæн мæ рæстдзинад – мæ кард дæр æмæ мæ уарт дæр»[2].

Уый у сыгъдæгзæрдæ æмæ рæстаг уды хъуыды. Фæлæ, Шамил йæхæдæг цæйау дзырдта, ома, цард афтæ цæуы, æмæ дзы æз дис ницæуыл кæнын; гæнæн цæмæн нæй, ахæмæй дæр ницы ис; зæгъгæ, лæгыл даутæ кæнын, лæгыл тугтæ мысын – уый дæр, чи не 'рцыд, ахæм хабар нæу. Уæлдайдæр, Ирыстоны, æндæр адæмтæй бирæты фæзмгæ. Ӕмæ Ирыстоны сæрхъуызой, ирон нывæфтыд литературæ æмæ литературæзонады астæуцæджындз Джыккайты Шамилы фесафынæн, нæ Фыдыбæстæйы æнувыд хъæбулы фесафынæн дæр нæ цыфыддæр знæгтæ

[1] Б е к о е в а М а д и н а. И это все о нем... / Северная Осетия, 2011. – 5 июль.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæй фæдыл у цъиувæдис? / Рæстдзинад, 2008. – 1 ноябрь.

ссардтой мадзал – цыма, Хуыцауысконд лæг у пысылмон дин æмæ пысылмæтты ныхмæ æмæ йæ, кæйдæр зæвæттæстъæрæг æмæ кæйдæр уæрдонæй илæлæйгæнæг нæхи æнæсæртимæ бабын кодтой иууыл æгъатырдæр мардæй.

Æмæ цæй тыххæй? Ома, мæнæ уыцы æмдзæвгæйы тыххæй:

*Фæцæуынц бирæгъты цот хадзы,*
*Кæрон сæ тæригъæдтæн нæй.*
*Йæ кæнон тугдзых сырд нæ уадзы,*
*Лæбуры хурмæ дæр зыдæй.*

*Сæ хъуыран бирæгътæн – ыссыртæ,*
*Вæййы сæ ламаз дæр фыдвæнд:*
*Хуытау нæ уæлмæрдты цъæх сырдтæ*
*Кæнынц хуыцауы раз фыдгæнд.*

*Гъæй, сихтæ! Зæхх уæ быны ризæд,*
*Кæнут уæ ингæнтæ хуылыдз!*
*Æлгъыст фæут, æлгъыст – фæмизæд*
*Уæ кувæн сау дурыл мæ куыдз[1].*

(«Фæцæуынц бирæгъты цот хадзы»)

Йæ хæнтфæстæ «Мах дуджы» сæйраг редактор арæзта хатдзæг: «Æмдзæвгæ ныффыссынæн, мæнмæ гæсгæ, йæ сæйраг æфсон уыди, цыппар азы размæ Беслæны цы æвирхъау бæллæх æрцыд, уый. Стæй канд уый нæ – иудадзыг сабырцæрæг адæмы ныхмæ террористон акттæ чи аразы, сабиты, сылгоймæгты, зæрæдты сæдæгæйттæй чи цæгъды, стæй та утæппæт æнаккаг миты фæстæ Хуыцаумæ кувынмæ чи фæвæййы, ахæмтæн нæдæр Хуыцау-Аллах и, нæдæр – дин, кæд иудадзыг сæ номæй фæархайынц, уæддæр. Уыдон бирæгътæй фыддæр сты. Раст æмæ зылын не ’взарынц, никæуыл ауæрдынц, стыр фыдбылызтæ саразынц, Къостайы загъдау, адæмæн тугуарæн фæкæнынц, стæй та Хуыцауыл сæхи фæфæдзæхсын байдайынц. Цы йæ

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Фæцæуынц бирæгъты цот хадзы // Мах дуг, 2008. – № 7. – 14 ф.

æмбæхсæм, æнæуи царды куыд у, афтæ дингæнджытæ дæр мыггаггай сты: чи сыгъдæгзæрдæйæ кувы, чи та фæлитой у. Хуыцау, Хъуыран, Библи æмæ йæ иннæ сыгъдæг нæмттæ хъæуынц йæ чъизи митæ уыдон аууон æмбæхсынæн. Ахæм у Шамилы æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды»[1].

Поэт йæхæдæг дæр зæгъы йæ уацмысы тыххæй: «Æмдзæвгæ мын цы маст æмæ цы рыст ныффыссын кодтой, уый Ирыстоны алчи дæр зоны. Беслæн рыст æмæ хъæдгомæй баззад, сыгъдæг адæймаг чи у, уыдонæй алкæй зæрдæйы дæр. Уым цы рæсугъд удтæ басыгъд, уыдон фестадысты рухс зæдтæ. Кæуынц, дзыназынц уыцы сыгъдæг зæдтæ, сæ сыгъдæг цæссыгтæ мæ зæрдæйыл згъæлынц æхсидгæ зынджытæй. Уыцы цæссыгтыл чи кафы, уыцы зæдты раз фыдгæнд чи кæны (æцæгæй цы чъизи митæ фæкодтой, уый зæгъын дæр æфсæрм фæкодта – Хъ. М.), уыдонæн нæй мард æмæ дзуар, уыдон сты æнæхуыцау, уыдон сты сырдтæ. Нæй ахæмтæн адæймæгтæ схонæн, чифæнды куы уой, уæддæр»[2].

Фæлæ «ахæмтæн» бауайдзæф кæныны бæсты рæстаг лæджы хурхы кард ныссадзынмæ фæстæ нæ фæлæудзысты нæ «домбæйттæ». Æндæра сын Шамил æргом дзырдта: «Мæ уацмысы æвдыст цæуынц æцæг бирæгътæ, сырдон æууæлтæ. Нæй дзы адæмы кой, нæй дзы æцæг кувæндоны фæлгонц. Йæ мидис ын пысылмон динимæ чи бætты æмæ йæ афтæмæй дзырддаг чи кæны, уыдон æй фæлдахынц зыгъуыммæ – барæй, фыдæнæн, маст исынæн. Уыдоны дины мæт нæй, æнцой сын нæ дæттынц æндæр нысан, æндæр интерестæ. Джордано Брунойы басыгътой, æмæ дзы диныл цы бафтыд?.. Зæхх йæ зилынæй нæ банцад, хур йæ бынатæй нæ рахауд. Инквизици æмæ дин кæрæдзимæ ницы бар дарынц. Бирæгъ дингæнæг нæу»[3]. Фæлæ удхор у. Чидæр, дам, бирæгъæн æмбисæндтæ хаста, уый та: «Мехъ кæмдæр фæцыд!» Афтæмæй нæ фыдызнæгтæ бабын кодтой Ирыстоны, ирон дзыллæйы сæрхъуызойы.

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Ныстуан журнал "Мах дуджы" кæсджытæм / Рæстдзинад, 2008. – 28 октябрь.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæй фæдыл у цъиувæдис? / Рæстдзинад, 2008. – 1 ноябрь.

[3] У ы й д æ р у ы м.

Йæхи загъдау, хуымæтæг æмбисондæй дарддæр ницы у. Æмæ, бæргæ, Мыртазты Барис дзырдта: «Лæгæн йæ рæдыд раст кæнын куы ʻнтыса, Уæд уый нæ тох, нæ куысты у ысгуыхт»[1] («Лæгæн йæ рæдыд раст кæнын куы ʻнтыса...»), – фæлæ нæ поэттæм хъусæг нæ фæци. Лæгмартæ, Ирыстоны тугхор знæгтæ, æрвылхаттау, ацыдысты сæ масты фæдыл, цæмæй нын раздзог ма уа.

Зæгъгæ, æмдзæвгæ ныффыссынæй цыбыр рæстæджы раздæр нæ фыдбоны сыхæгтæ, 2004-æм азы ахуыры азы райдианы Бесланы № 1 скъолайы сæдæгæйттæй, номхуындæй цы 334 рæзинаджы ныццагътой, уыдон уæлмæрды, адæймагæн сæрмæхæссинаг чи нæ у, ахæм митæ куынæ фæкодтаиккой, уæд ацы басни хъуыды дæр ничи æркодтаид. Фæлæ къæрныхæн йæ худ кæй сыгъд, Ирыстоны знæгтæ йæ уымæн сдиссаг кодтой, цæмæй нын Шамилы хуызæн сæрылхæцæг æмæ кады лæг мауал уыдаид. Цæмæй нæ Фыдыбæстæ фæуа сæ лыскъ удты фæндиаг.

Æмæ сын бантыст сæ сау фæнд сæххæст кæнын. Фæлæ уый тыххæй исчи дзуапп радта? Исчи æрлæууыдис карз тæрхоны раз? Паддзахады номæй дыууæ абырæджы скуынæг чындæуыд æмæ уыдонæй дæр ироны ном рабæрæг, иннæ дæр куыйтимæ ныгæд æрцыд, фæлæ йæ койгæнæг ничи ма фæци. Цæмæй, дам æй «мæлдзгуытæ ма бахæрой».

Фæлæ рæстдзинад не ʻмбæхсы: йæ сæр куы кæцæй сдары, куы – кæцæй. Дам-думтæ ныббирæ вæййынц æмæ сын кæрон нал вæййы. Ныр мыхуырмæ дæр аххæстысты. Æрæджы иу газетгонды уæды трагикон хабæртты тыххæй зæрдæрисгæйæ бакастыстæм: «Обстановка накалилась до крайности. И не только мусульмане возмущены, но и просто люди, далеко от религии. А сам Шамиль продолжает разглалольствовать в духе того, что, якобы, это всегонавсего рядовая басня, и она касается исключительно волков с их выводком, и вовсе не люди подразумеваются... И находились же те, кто поддакивал ему.

А Союзу писателей все побоку! А Министерству культуры, в чем ведении находится журнал, все до лампочки! А Университет, где Ш. Ф. Джикаев декан, вообще затих, стал тише затхлой воды, ниже скошенной травы – ни один звук оттуда не улавливается...

[1] Мыртазты Барис. Бонрæфты. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 34 ф.

Я иду прямиком к Муфтию Осетии Али-Хаджи (Евтееву). Мы так, шапочно, знакомы. Он – русский, но превосходно владеет осетинским языком. Я говорю ему, что готов пойти с ним куда угодно и к кому угодно, чтобы просить физически не трогать Джикаева, не делать из него святого мученика, страдальца за некую призрачную правду. Пожалуйста, эсли это хоть как то возможно, давайте уговаривать и Шариатский Суд...»[1]. Ӕмæ афтæ дарддæр. Кæд Уæрæсейы Уголовон Кодексæй Шариатский Суд лæвууы уæлдæр.

Фæлæ ам дзырд цæуы, цы уацы кой нæм ис, уый хæдфæстæ мыхуыры куы фæзынид æндæр уац дæр – дзуапп фыццаг уацæн[2]. Афтæмæй сындæггай æргом кæндзæнис рæстдзинад. Уымæн æмæ, рæстдзинадæн дурты бын баныгæнæн нæй – йæ сыгъзæрин тау суадзы дæлдзæхæй дæр. Ӕмæ, искæй фæфæнды æви нæ, уæддæр рæстдзинад равдисы йæхи.

Зæрдыл æрбалæууы, Шамилы размæ чи цард, нæ уыцы æндæр куырыхон лæг Колыты Аксойы хабар. Куырыхон Секъа зæрдæрисгæйæ уымæн дзырдта: «Йæ зæрдæйы райгуырæн бæсты туг, цæтджинагау, фыхт æмæ, чъырсудзæнау, пилон уагъта йе 'мбæстон ирон адæмы мæтæй. Ӕхсæв нæ хуыссыд, бон нæ бадти, Ирыстоны къуымты, зæрватыккау, ратæх-батæх кодта, цæмæй сиу кодтаид чырыстон дины уырнындзинады руаджы армыдзаг æмæ хæлиугонд ирон адæмы, цæмæй сæ цардыуаг æппæтæй дæр фæхуыздæр уыдаид, ууыл йæхи хъардта»[3].

Фæлæ махæн, – табу – йæхицæн, – Стыр Хуыцауы æмсæр чи феста, нæ рынтæ нын йæ удмæ чи иса, нæ сæрвæлтау йæ сæр нывондæн чи хæсса, уый нæ мадызæнæг дæр фестæд, кæддæриддæр ын ссардзыстæм аккаг ныхмæлæууæг. Цæмæй йын дæтта фидар ныхкъуырд. Суанг, чи йæ скуынæг кæна, ахæм ныхмæлæууæг дæр.

«Аксойæн йæхи хуызæн хъæбатыр фæтæг пысылмæтты 'рдыгæй дæр фæзынд – Къуындыхаты Муссæ. Ӕгас окруджы хицау уæвгæйæ, Муссæ пысылмæтты фарс фæци, Аксо та – чырыстæтты. Дыууæ хъæбатыр домбайы Ирыстоны уарзондзинады рохы кæрæттыл фæхæст сты æмæ йæ кæрæдзийæ ратон-батон кодтой».[4]

---

[1] Свободный взгляд, 2018. – 24 март.

[2] Свободный взгляд, 2018. – 31 март.

[3] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 375 ф.

[4] У ы й д æ р у ы м.

Аксо стыр зонды хицау кæй уыдис, уый рагæй зындгонд у. Ирыстонмæ исчи æрцыд, Аксойыл нæ сæмбæлд, уыимæ зæрдæйæ-зæрдæмæ нæ фæныхас кодта, зæгъгæ, уæд нæ адæм æмæ нæ Фыдыбæстæйæн ницы базыдта, ома, афтæ, дам-иу акодтой. Куырыхон Секъа уымæн загъта: «Чи зоны, Аксо йæ фæнд сæххæст кодтаид, Къуындыхаты Муссæ йæ ныхмæ лæууын нæ бафæрæзтаид, фæлæ йæ æнафоны мæлæт æрцахста»[1]. Мæлæты ныхмæ схæцын зæххы цъарыл цагъарæй паддзахмæ никуы ма ничи бафæрæзта.

Джыккайы-фырт йæхæдæг Аксойы тынг бæрзонд æвæрдта. Сæрыстырæй дзырдта: «Колыты Аксо нæ уагъта ирон адæмы дихтæ кæнын æмæ Туркмæ лидзын. Къуындыхаты инæлар æм балæбурдта æмæ йæм æхсаргардæй æвзиды. Аксо йæ фыссыны куыст кæны, афтæмæй зæгъы: «Ацы сис уыныс? Уый дын дæ кард æмæ дæ сæр дыгай дихтæ фæкæндзæн»[2].

Цыппор æртæаздзыдæн цафон мæлæт уыд? Аксойæ зæгъын. Кæд Шамилау уымæ дæр не знаджы къух бахæссыд? «Мах хуызæн мардмæ нæ цæуынц æрдæр рæтты…»[3] (Къоста. «Уæлмæрдты»). Уæддæр ыл Шамилы бæрц цæссыгкалджытæ нæ уыдаид «стырæй, чысылæй», «хохæй, быдырæй…»

«Хур боны арвы гæрахау, Ирыстоныл сæмбæлд уæззау цæф – ирон дзырдаивад, нывæфтыд литературæ æмæ литерату-рæзонадыл тугдзых лæгмары къухæй æрцыдис стыр зиан. 2011-æм азы зæрдæвæрæны мæйы 26-æм бон не ‘хсæнæй 71-аздзыдæй фæхъуыд ирон адæмы ныфс, Ирыстоны астæуцæджындзтæй иу – зынгæ ирон поэт, прозаик, драматург, критик æмæ литературæиртасæг, дæсгай зынгæ чингуыты автор Джыккайты Шамил»[4], – уыд ирон фысджытæй алкæй æгомыг хъарæг дæр.

Фыдох адæмы зæхх нæ урæдта. Нæ ныфсы лæгæн йæ табæты уæлхъус йæ зæрдæ бындзарæй кæмæн нæ барызт, йæ судзгæ цæссыгтæ йын чи бахæлæг кодта, ахæм ничи разынд.

«Нæ Хуыцауы хай нын цыма йæ радтгæ хæрзтæй уыйбæрц ницы бахæлæг кодта: нæ конд – конд, нæ ас –

[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 375 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу,2007. – 362 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 73 ф.
[4] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Джыккайты Шамил / Хурзæрин, 2011. – 28 май.

ас, нæ бакаст – бакаст… Уæдæ, æмбисондæн баззад – не Скæнæг зондæй алкæй дæр баххæст кæны. Уæддæр ныл цæуы цыдæр фыдусы фыдæлгъыст – иу хорз нæм куы райгуыры, куы фенæм, нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы фарнæн гуырд у, уæд «ды мæнæй цæмæй хуыздæр дæ?»-йы тыххæй фондзыссæдз æвзæрæй бафтæм йæ фæстæ: йæ ныхмæ фæтулæм буртæ, цъыф ыл фæкалæм, лæгæй-лæгмæ æмæ йæм телефоны марыны æртхъиpæн фæкæнæм, сусæгæргомæй йын йæ фæскъæбут дурæй, ныр та – фæрæтæй фæхойæм, цæмæй размæ ма аирвæза, хорзæй йын мацы бантыса.

Джыккайты Шамилæн Хуыцау зæххон, мæлинаг уды хæрзтæй алцы дæр йæ цæст бауарзта – нæ рагфыдæлты халдих: бæрзонд, рæсугъд, цъæхцаст, зондджын, дзырдарæхст лæппу. «Аив – йæ ацыд, аив – йе ‘рбацыд, аив – йе сныхас, аив – йе схудт, аив, бынтон аив та – йæ зард»[1], – уыцы дзырдтæ цыппарыссæдз азы размæ цыма Нигер Хъамдердиаты Мысосты тыххæй нæ, фæлæ уæд гуырд дæр чи нæма уыдис, Джыккайты уыцы æлвæст карды хуызæн Шамилы тыххæй загъта.

Шамилмæ уыдис ирон лæджы стыр фарн: йæхи загъдау, алы хатт дæр йе ‘взæр-мæбæлджыты цæстмæ цыдис цархуыз æмæ æртхуызæй. Уый ирон лæджы æгъдау у – дæ зæрдæйы хъыгтæ, дæ хæдзары мæстытæ искæуыл ма хъуамæ æфтауай, фæлæ искæй хъизæмар къаддæр кæнай.

Шамилы уды цытæ цыдис, нæ мадæлон æвзаг, нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы Уарзтæн куыд табу кодта, æппæт йæ цард ууыл куыд уыдис баст, уыдон æрмæст дæр йæ уацмысты æвдыста, æндæр ын йæ зæрдæйы удхайраг æмæ тыхст уысмтæ, æгæрыстæмæй, йæ иууыл æввахс хæлæрттæ дæр æххæстæй нæ зыдтам.

Йæ цард дæр, йæ бон дæр, йæ уд дæр, йæ зонд дæр Ирыстоны фарнмæ здæхт уыдысты æмæ йын бирæ хæрзтæ аразын уымæн æнтыстис. Йæ зæрдæйы арфы тæмæн калдтой йæ райгуырæн уæзæг Дзомагъы урс буртæ æмæ сын сæ мигъæмбæрзт, æдзæрæг бæрзæндты хъынцъым, цæф сæгуыты маст, Дауыт Сосланы удхар, нывгæнæджы катай, Амраны зæрдæйы судзаг, хъодыгонд зæды уды рис,

[1] Н и г е р. Уацмысты æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 93 ф.

Бесланы трагеди – Иры стыр хъарæг, саст дзæнгæрæджы зæлланг æфсарм æмæ намысы хуызы йæ хъæздыг сфæлдыстадæй тагъта нæ адæмы удмæ.

Ирыстоны дудаг æмæ судзаг фарстытæй ахæм ницы баззад, Шамил ныфсджын, тыхджын, зæрдæрисгæ æмæ хъуыддаг-зонгæйæ, йе 'хсарджын дзырд кæм нæ загъта. Нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм хурныгуылæнæрдыгæй, стæй хурыскæсæнæрдыгæй, аныхъхъуырой нæ, уый тыхæй куы лæбурдтой, Бесланы æнахъом сабиты куы цагътой, Дайраны дуæрттæ нын куы истой, уæд фыццаг чи ныхъхъæр кодта: «Фæдис! – Дайраны ком уырысæй Кæнынц сайтан гуырдзы тыхист...»[1], – æмæ-иу алы хатт дæр йæ уæзгæ ныхас уыдис нывыл, зæрдæмæхъаргæ. Уымæ гæсгæ диссаг нæу, Ирыстоны хуссар хайæ мæрддзыгой куы цыдыстæм, стæй мын Цæгаты дæр нæ фæсивæдæй бирæтæ кæй фæдзæхстой, зæгъгæ, Шамил Ирыстоны сæрыл йæ уд нывондæн кæй æрхаста æмæ Ирыстоны знæгты тугæйдзаг къухæтæй кæй æрхаудта, уый тыххæй йын цæмæй йæ ном сæнусон кæнæм хъайтары ном раттыны онг.

Шамил йæ цардæй дæр, йе сфæлдыстадæй дæр æцæг хъайтар уыдис. Ирон фар-ны тыххæй никуы ауæрста æмæ нæ баца-уæрста йæхиуыл»[2]. Поэт тынг хорз зыдта, цин æмæ æгъдау, сæрфат, нывыл ныхас, зæрдæми кæм нæй, «мондæгтæ сæ иуты», «Æндæрты та сæ хъалдзинад, кæй та – Йæ мæнг фидауц: цытмæ бæллын сынтæй Ыскæны мæлхъ, дзыгъуыр калмæй – зæрваттыкк», уым ын куывдыл бадгæйæ дæр нæу. «Хæдзар сæйраг скъола у»[3], – дзырдта Шамил. Йæ хæдзары цы фарн уыд, ууыл фидар хæцыд. Йæ хъуыды фидар уыд:

*Цæуæм, мæ дуне, ардыгæй: кæмдæр*
*Ирон лæппутæ уынгты зарынц «Катай»,*
*Æмæ йæм хæхты мæсгуытæ кæуынц.*
*Уым къада-куырой ривадæй фæзылд*
*Æмæ мæм хъуысы фæрвджынæй йæ удхар.*
*Цæуæм, мæ дуне, арвгæрон фæцъæх...*

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 87 ф.
[2] Шамилы табæты уæлхъус (Авт. архивæй).
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 249 ф.

*Ды сагъæсхуызæй кафджытæм кæсыс,*
*Уынын дæ былтыл уайдзæф æмæ азым.*
*Мæ сыгъдæг зæд, цы домыс ды мæнæй?*
*Æз баназин рæсугъд сыкъайæ марг дæр,*
*Фæлæ дзы нæу æфсарм нуазын мæ бон.*
*Цæуæм. Ам ферох не 'взаг æмæ не 'гъдау,*
*Фæцыдис ам фыдæлты фарн мæрдтæм.*
*Æз та уынын æндæр амонд мæ фынты,*
*Æз кувын уымæн, уый тыххæй цæрын!*[1]

(«Иу куывды»)

Ацы æмдзæвгæ поэт ныффыста 24 азы йыл куы цыдис, уæд. Фидарæй зыдта, цы уавæры цæры æмæ йæ цы аразын хъæуы, æппæт уыдæттæ. Æмæ сæ арæзта нæ фарнæн. Не 'ппæт дæр хæсджын стæм, цæмæй йын зонæм йæ аивад, йæ зонад, йе стыр хъуыддæгтæ. Уый йæ сыгъдæг цæсгомы раз нæ хæс у. Шамил уыйбæрц дудгæбæтты бахауд, æгъатыр цард æй Хуыцауы æнæхъу-аджы афтæ дæлдзиныг кæнынмæ хъавыд æмæ йæ бон уыдис ныффыстаид, фысгæ дæр ныккодта æцæг аивадон æмæ рæстаг æмдзæвгæ «Мæ мадмæ»:

*Зын сахат-иу дæ хъæбысы мæ сæр*
*Æваст æрбайрох рыст æмæ фæлладæй.*
*Мæ удыл ныр æвдадзы хосау батай,*
*Мæ тыхст дæ хъармæй нал сысы уæддæр.*

*Куы-иу фесæфт мæ папитæй изæр,*
*Мæ уæрыкк-иу куы фæдзæгъæл йæ мадæй,*
*Уæд-иу мын айстай аивæй мæ катай:*
*Ысбастай-иу сæг рæхысæй хъæбæр*

*Цæххойæн дур æртысгæны хъæлæсы,*
*Уæд, дам, хъæддаг сырд цъуттабаст уыдзæн...*
*Ныр нал кæныс дæ рагон фæтк нæ къæсы...*

[1] Джыккайты Шамил. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 10–11 ф.

*Æллах! Æргæвдынц агъуыд куыйтæ мæн:*
*Кæм дæ? Æви цъæх бирæгъæн цы бæззы,*
*Нæй уымæй сау гæбæр куыдзæн бæттæн?*[1]

«Арвы ‘рттывдау лæг фæзыны, Арвы ‘рттывдау æрбайсæфы»,[2] – фæлæ алцæмæн дæр хъæуы бындур. Нацийы дзырддзæугæ лæджы фелвас дзыллæйы æхсæнæй, æнагъæддаджы æргæвст æй акæн æмæ «æхсад-къухæй» сбад, дæ кой дæр æргом мачи уал кæнæд, уымæй диссагдæр цы хъуамæ уа?! Тохмонц поэты æндæрг ныл сæрыстырæй уымæн худы уæларвæй («Мæнг поэттæ»):

*Уæнгмардæй кадмæ æрхыты хъуызæм,*
*Нæ цард – æгъуыз, нæ зивæджы – нæ мæлæт.*
*Æлгъаг тас ныл æрæвæрдта йæ къæлæт,*
*Ыскодта нæ пайдайы мæт æдзæм.*

*Нæ фыцы туг – æнхъызт у уый, æрхæм,*
*Нæ мæллæг зæрдæ уарзынæй фæсæлæт,*
*Фæци æрмæст мæнгæфсон ном нæ тæлæт,*
*Цыдæртæ ма хыбыр-хыбыр кæнæм.*

*Цъымарайау мæнгард æнцой нæ удты*
*Йæ бынмæ ласы – нал хъуысы нæ хъæр,*
*Æмæ ныл хъазгæ чъизи амонд худы.*

*Гъе Уастырджи, нæ сæрмæ тынг ныннæр,*
*Кæд уæгъды дзедзлой нал кæниккам тутты*
*Æмæ нæ тохыл бафтауид нæ бæрн!*[3]

Фæдис куынæ хъуысы алкæмæ, уæд сидтмæ алчи куыд фæхъил кæндзæнис йæ сæр? Уæлдайдæр, тыхбары дуджы. Фæлæ нын йæ сидт куыд æххæстгæнгæ у, уый зонын махæн, ирон дзыллæ æмæ рæстаг адæмæй алчи дæр хъуамæ зона бæлвырдæй, цæмæй ма цудæм.

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 41 ф.
[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 55 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 235 ф.

## ДЫККАГ СÆР

### КАРД ФЫЦЦАГ ЗÆЛЛАНГÆЙ БÆРÆГ КÆНЫ

Нæ фыдæлтæ-иу дзырдтой:» Хорз кард фыццаг зæллангæй бæрæг кæны». Æмæ, нæ бон у, зæгъæм фидарæй, цардзонæг, хъуыддагылхæст адæм нæ рæдыдысты. Адæймаг, цы аразын æй хъæуы, уый куы зоны, уæд та, Секъайы загъдау: «Лæджы зæрдæ царды асинтыл уæлæмæ хизы»[1]. Æмæ Джыккайты Шамилæн ирон периодикон мыхуыры йæ фыццаг поэтикон фæлварæнтæ куы фæзындысты, уæд сыл æрмæст чиныгкæсджытæ нæ, фæлæ ирон поэттæ дæр се ʻлвæст дзыхыдзырд, сæ зæлланггæнаг рифмæтæ æмæ дзырдхъомы тыххæй æрæвæрдтой сæ цæст. Æвзонг лæппуйы поэтикон дзырд аивады ад кæй кодта, уый фæрцы тынгдæр æлхæдта зæрдæ. Æмæ лæппу кæд йæ фидæны цард-вæндаг йæхинымæры фидарæй аскъуыддзаг кодта, уæддæр æй ноджы фæцис разæнгардгæнджытæ. Æуууындзыдтой йæ поэтикон дзырдмæ. Йæ ныфсыл ын бирæ чидæртæ æвæрдтой ныфс, раст фæндагыл кæй лæууы, фæстæмæ йæ кæй нал хъæуы фæкæсын æмæ фæндвидар уыд йæ дзырд:

*Мæ фыды зæхх!*
*Дæ судзгæ маст,*
*мæ уарзт мын*
*куы радтай ды*
*бæсты хæрзтæй хуыздæрæн, –*
*æз дурыл дæр*
*дæ сагъæстæй фæцæрин.*[2]

(«Мæ сабидуг...»)

Йæ фыццаг чиныджы разныхасы æнæнхъæлæджы нæ банысан кодта: «Алы маргъ дæр уарзы йæ ахстон. Æз уарзын мæ райгуырæн хæхбæстæ, мæ чысыл хъæу, йæ мæсгуытæ, йæ ныхасы фæз, йæ хуымтæ. Уарзын йæ амондджын бон,

[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 146 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æсарм. – Дзæуджыхъæу, 1964 . – 10 ф.

йæ рухс æхсæвтæ... Ам мын хæсты зын рæстæджы мæ авдæн уызта мæ ныййарæг мад. Ам фыццаг хатт фехъуыстон Къостайы зарæг, куырыхон лæгты ныхас. Федтон ирон хъазты алæмæтон кафт, цæхæрцæст лæппуты, къæдзæхыл уддзæфмæ дзæбæх цы дидинджытæ базмæлынц, уыдон хуызæн рæсугъд æмæ уæздан чызджытæ...

Чи зоны, зарæджы монц мæ зæрдæйы уæд равзæрд...»[1].

Æмæ уыцы бонæн – табу, нæ дзырд-аивады зæрингуырдтыл, Аланстоны æнувыд фæдисонтыл бафтыд ноджы дæр иу. Уымæй дæр цахæм фæдисон! Йæ иунæг æхсгæ фæкаст, йæ иунæг дзыхыдзырд адæймагыл базыртæ сагътой! Ноджы – Фыдыбæстæйы уарзт адæймаджы рæсугъд кæны. Кочысаты Мухарбеджы загъдау: «..Æрмæст дæ кой, дæ буц ном дæр ыстыр ныфс у лæгæн»[2]. Æмæ хъæууон æфсæрмдзæстыг лæппуйы йе ‘цæг удыхъæд равдисынæн уадиссаг бирæ рæстæг нæ бахъуыд йæ уды сусæг æвæрæнтæ, йæ зæрдæйы пæлхъпæлхъгæнæг уарзт адæмы рæгъмæ рахæссынæн. Æвзонг лæппу куырыхон лæджы афоризмон хъуыдытæ гæххæтмæ куыд хаста, уымæй рухс кодта йæхи зæрдæ дæр. Йæхи уымæн æппæрста поэзимæ:

*Цæмæ бæллы мæйдар æхсæв бæлццон?*
*Ыскæсæны сæуæхсиды фæзындмæ.*
*Æууæнды уый, кæй йæм бахуддзæн бон,*
*Æмæ нæ дары мурмæ дæр йæ зынтæ.*

*Тæхуды ´мæ йæ адæмы æхсæн*
*Æнусмæ хорз ном чи скæны йæхицæн!*
*Фæлæ æрмæст бæллынæй нæй цæрæн,*
*Æцæгдзинадæй никуыдæм ис лидзæн...*

*Ис алцæмæн дæр афон æмæ рад,*
*Цæуы нæ фæдтыл хохаг донау рæстæг.*
*Зæххыл йæ цардæй чи аразы цард,*
*Æнусондзинад уымæн ис æрмæстдæр*[3].

(«Цæмæ бæллы мæйдар æхсæв бæлццон?..»)

[1] Уыйдæруым, 3 ф.
[2] Кочысаты Мухарбег. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977. – 73 ф.
[3] Джыккайты Шамил. Æфсарм. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 5 ф.

Уæд цæмæй зыдта æвзонг поэт, уыцы ахсджиаг поэтикон амал – царды рæстдзинад поэтикон дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæй бийын, нывæфтыд æй кæнын æмæ йæ афтæмæй дзыллæйы рæгъмæ хæссын йæ адзалы бонмæ йæхи кæй æргом кæндзæнис фæлтæрд поэты уды, кæй йæ уарзын кæндзæн ирон поэзиуарзджытæн. Уыцы хъуыдыйыл баууæндыны тыххæй нæ дардмæ цæуын нæ хъæуы. Нæ хъуыды бафидар кæныны тыххæй йын æркæсæм, йæ фæстаг азты фыст æмдзæвгæтæй нæ къухы фыццаг чи фæуа, нæ зынгхуыст сæрхъуызойы уд хурæргомæй чи æвдисы, уыцы аивадон уацмысмæ:

*Зондджын мын амоны зонд:*
*«Ма дзур æргомæй æцæгтæ.*
*Цардæн нæ ивы йæ конд,*
*Раст лæгæн бирæ и знæгтæ.*

*Дауы дæм марæг йæ кард,*
*Хахуыр дæм хъавы æргомæй.*
*Алкæмæн мауал кæн арт,*
*Баззад дæхи кæрдзын хомæй».*

*Зонын: фыды ус – фыдрын,*
*Мад мын нæ разынд Ирыстон.*
*Ирæн йæ рынтæ хæрын,*
*Уый та мын дары кæндысдон.*

*Гамхуд нæ хæссы нæртон,*
*Хорз лæг нæ дары фæсномыг;*
*Царды кæм хъæуы тæрхон,*
*Уым та нæ вæййы æгомыг.*

*Радта мын Рухс æрдз æвзаг,*
*Хотыхтæй уый у фыццагдæр.*
*Раст дзырд – мæ цардæн тæссаг,*
*Худинаг – уымæй тæссагдæр*[1].

(«Зондджын мын амоны зонд...»)

---

[1] Джыккайты Шамил. Арв. Цæссыг. Стъалы... // Авторты коллектив. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 24 ф.

Иу рæстæмбис поэтикон уацмысы цас аив афоризмтæ ис! Æмæ сæ иу дæр нæу тыхкæнгæ. Цæуынц æм æрдзон æгъдауæй. Фæлæ æмдзæвгæйы фæстаг поэтикон амал царды рæстдзинадæй, поэты хъысмæтыл карз æмæ рæстагæй кæй дзуры, уый бынтон бакъуыры зæрдæ: «Раст дзырд – мæ цардæн тæссаг, Худинаг – уымæй тæссагдæр». Æмæ æрцыд, поэт развæлгъау кæй хатыд, фæлæ худинагæй тæрсгæйæ нæ адæмæн уæддæр цы фарн хаста, уый фыдлæгтæм, Ирыстоныл агъуыд знæгтæм кæй æвзæрын кодта, Хуыцауысконд удæй кæй ахста, уыцы чъизи, æнæсæрмæхæссинаг хъуыддаг. Фæлæ нæ дызæрдыг кæнын, Шамил ма фондзыссæдз хатты куы райгуырид, йæ хъысмæт йæхи æвзаргæ куы уаид, уæддæр нæ фæгуызавæ кæнид æмæ сисид йæ фыццаг фæндаг – йæ адæмæн цырагъдар лæууыны, сæ сæрвæлтау йæ сæр нывондæн хæссыны фæндаг.

Джыккайты Шамил йе ʻмкарæн æвзонг поэттæ Хуыгаты Сергей æмæ Ходы Камалимæ фыццаг хатт иумæйаг чысыл æмбырдгонд куы уагътой: «Бонвæрнон»[1], – уæд фæбæрæг, чи сæ цахæм сфæлдыстадон фæндагыл лæуд уыдзæнис, йæ хъару сæ чи цахæм фæлварæнтыл æвдисдзæн, йæ чиныгкæсджыты зæрдæтæ сæ чи цæмæй æлхæндзæнис, цæрынмæ йæ цæмæй разæнгард кæндзæнис.

Шамил уæд нырма студент уыд, фæлæ поэзиуарзджыты цæстæнгас аздæхта йæхимæ. Йæ бæрзонд æмæ сыгъдæг романтикон хъæлæс уайтагъд анæрыд æмæ йын иу чиныгæй иннæмæ кодта бæлвырдæй-бæлвырддæр, тыхджынæй-тыхджындæр.

1964-æм азы йæ фыццаг поэтикон чиныг «Æфсарм» рухс куы федта, уæд æм хæлæг чи кодтой, уыдонæй дарддæр ничи уал дызæрдыг кодта, нæ ирон поэзимæ кæй æрбацыд стыр курдиатджын поэт.

Уый æнæнхъæлæджы нæ уыд. Джыккайы-фырт йæ фæндаджы райдианы фидарæй бамбæрста, цы фæндаг равзæрста, ууыл тæппуды кæй ницы хъуыддаг ис, йæ бон ыл кæй нæ бауыдзæнс рухс фæд ныууадзын. Поэт уæвын, йæ дзыллæйæн зарæджы хъæргæнæг суæвын йæ бон у æрмæстдæр æхсарджын, размæтырнæг удуæлдай

[1] Хуыгаты Сергей, Ходы Камал, Джыккайты Шамил. Бонвæрнон. – Дзæуджыхъæу, 1962. – 96 ф.

адæймагæн. Æмæ йæ нæ сусæг кодта. Æхсарджын лæгæн куыд æмбæлы, афтæ йæ дзырдта æргом:

*Æз федтон: бадтис ауæдзыл хуымон,*
*Куыствæллад къухтыл цæстысыг ызгъæлдта.*
*Дзырдта: «Мæ хуымы гага-хор тыдтон,*
*Фæлæ дзы ‘рзад мæнæуы ‘фсон ызгъæллаг».*

*Æз не ссардзынæн арвы бын æнцой,*
*Ныхасы мæт тыхджындæр у мæлæтæй...*
*Цæмæй ысхъара сау сыджытæй сой,*
*Зæхх надтой уымæн уæйгуытæ зæвæтæй*[1].

(«Зæронды бонты кадуарзæг фыдæн...»)

Шамил йæ удæй арт цагъта, цæмæй сау сыджытæй йæ адæмæн хъарын кодтаид сой. Уый тыххæй йæ хъуыдысты йæ бирæ дæсныйæдтæ. Гуылæрты Барис ацархайдта, цæмæй йын сæ æрнымадтаид: «Джыккайы-фырты курдиат у парахат. Шамил – поэт, фыссæг (цæмæндæр гæсгæ прозаикты фæхонынц фысджытæ, цыма аив литературæйы иннæ жанрты кусджытæ фысджытæ не сты – Хъ. М.), драматург, публицист, критик, фольклориртасæг, монографитæ æмæ ахуыргæнæн чингуытæ фыссæг, дунейы классикты уацмыстæ тæлмацгæнæг. Нæ ирон литературæйы классиктæн бæстон раиртæста се сфæлдыстадон бынтæ æмæ сын уымæй бакодта кæстæры æмæ фæдоны лæггад. Шамил – адæмы бартыл тохгæнæг, рæстдзинад æмæ аив дзырды зæрингуырд, интеллигенцийы фарны тырысахæссæг, ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты сæргълæууæг, ахуыргонд, хъомылгæнæг, рухстауæг, профессор, адæмон поэт»[2]. Йæ бон ма сæ уыдаид дарддæр нымайын.

Уыцы хъуыды, ахæм нымад нæ иу æмæ дыууæмæ, мыййаг, нæ уыдис. Хæдарцаты Азæ йæ цыбыртæй загъта: «Шамил – ахуыргонд, ахуыргæнæг, дзырды дæсны – уыдон æгъгъæд уаиккой иу лæджы цардæн, фæлæ йæ зондахаст, йæ курдиат æппæтæй парахатдæр æмæ арфдæрæй раргом

[1] Д ы к к а й т ы Ш а м и л. Æфсарм. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 11 ф.

[2] Г у ы л æ р т ы Б а р и с. Нæ нæм хъуыст фыдохы йæ фæдис // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæу-джыхъæу, 2012. – 75 ф.

сты аивадон литературæйы, уæлдайдæр, йæ поэзийы»[1]. Æмæ нæ куы бафæнда, уæддæр нæй йæ иувæрсты ахизæн.

Йæ уыцы курдиат фæбæлвырд, цы чиныджы кой нæм ис, уым. Нигерау йæ хъарæгæй дæр арæзта зарæг[2]. Уымæйдæр, афтæ аив зарæг æмæ йын йæ кæлæнгæнæг зæлтæм кæцыфæнды адæймаг дæр уайтагъд фæвæййы хъусынил:

*Изæрдалынгты Дзомагъы къуылдымтыл*
*Дæу мысгæйæ æз иунæгæй зылдтæн.*
*Уыд мæйы рухс мæ сагъæсдзыд хъуыдыты,*
*Мæ риуы – уазал стъалыты тæмæн...*

*Мæ цæстыл ауад: кардæлвæстæй барæг*
*Фæдисы хъæрмæ сау цæргæсау тахт.*
*Кæцæйдæр хъуыст фæллад хуымонты зарæг*
*Æмæ æрхæндæг хъисфæндыры цагъд...*

*Нызтон æз æртæх хоры сыфтæй хуымты,*
*Æддæуæз худт йæ ирд цырæгътæй хъæу...*
*Изæрдалынгты Дзомагъы къуылдымтыл*
*Фыццаг хатт, сау чызг, ферох кодтон дæу[3].*

(«Изæрдалынгты Дзомагъы къуылдымтыл...»)

Нывæфтыд дзырды тых, поэзийы аивтæй чиныгкæсæгæй дæр куы айрох вæййы, æгæрыстæмæй, интимон уарзты маст дæр, уæд уый æцæг поэзи у, уæдæ, цы. Æмæ Шамилы курдиаты уыцы стыр тых разынд, лæппу ма хæрзæвзонг куы уыдис, уæд. Поэты уацмыстæ кæсгæйæ зæрдыл æнæнхъæлæджы не 'рбалæууы нæхи Къостайы зындгонд хъуыды: «Я пишу то, что уже не в силах бываю сдержать в своем изболевшем сердце...»[4] Шамил æмдзæвгæ æмдзæвгæйы тыххæй нæ фыста, фæлæ-иу æй гæххæтт æмæ фыссæн сæхимæ ныббастой, йæ зæрдæйы рыст-иу æддæмæ хъарæг-зарæджы хуызы куы тыдта

[1] Х æ д а р ц а т ы А з æ. Де уазæг, фæндагсар!.. // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Вопросы осетинской литературы и фольклора. – Владикавказ, 1993. – 137 ф.

[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 96 ф

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æфсарм. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 19 ф.

[4] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 5. – М., 1961. – 144 ф.

йæхи, æрмæстдæр уæд. Йæ аив дзырд адæймаджы зæрдæйы къултæ уымæн бахойы. Уымæн ын йæ къух аразы царды рæстдзинад. Æгæрыстæмæй йæ æрдзы аивтæ ныв кæнгæйæ дæр тохы нывтæм уый æркæны.

*Пиры мигъты дымгæйы фæтдзæгъдæн,*
*Сау æндæргтæ адгуыты быргынц...*
*Чидæр хæхты ахæм бон фæдзæгъæл,*
*Æви уый йæхимæ сайы рындз?..*

*Хъæр кæны, кæмæдæр сиды рагъæй,*
*Цыма куры искæмæй цырагъ...*
*Сыхъуысы йæм доны уынæр дагъæй,*
*Айвæзы йæ уынгæг хъæрзын даргъ...*

*Цъуй æркъул, кæсы дæлæмæ тигъæй,*
*Цупæлттæй йæ цæсты сыг фæтагъд,*
*Цыма зоны искæй зын, тæригъæд,*
*Хæхтыл бон сырх æфсургъыл куыд тахт!..*

*Цъæнутæй сыгъдæг æртæх ызгъæлы,*
*Чидæр ыл цæф сырдау уадзы фæд...*
*Нæй зæххыл фыдæбæттæ дзæгъæлы,*
*Агурынæн тохы арт – йæ фæтк...*[1]

(«Пиры мигъты дымгæйы фæтдзæгъдæн...»)

Фæлæ поэты цыфæнды рæстаг, цыфæнды æхсарджын, цыфæнды аивадон ныхас дæр йæхи æргом кæны ирон æфсармимæ. Нæ хизы нæ ирон райстбавæрд æгъдæутты сæрты æмæ йын йæ нывæфтыд дзырды тых уый кæны ноджы зæрдæмæдзæугæдæр.

Шамил, ирон æфсарм æмæ æгъдауыл-хæст цæхæртæкалгæ поэт кæй уыдзæнис, адæмæн йæ дзырд æрдхæрæн кæй разындзæн, дарддæр бирæтæн кæй суыдзæнис цæвиттойнаг, уый фидарæй бæлвырд æрцыд йæ фыццаг æмдзæвгæты æмбырдгонд «Æфсарм»-æй. Фæстæдæр уый зæрдæзæгъгæ сонетæй бахахх кодта Хъодзаты Æхсар:

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æфсæрм. – Дзæуджыхъæу, 1964. 29 – 30 ф.

*Ды райдыдтай «Æфсарм»-æй, æз «Æхсар»-æй*[1]*:*
*дыууæ арды – нæ ныфс æмæ нæ тых.*
*Тыгъд базыртау сæрыстырæй, æмбарæй*
*сæуæхсидырдæм сарæзтам нæ ных.*

*Зæххыл цы и тыхгæнæгæй, æлдарæй,*
*æдзыт, æгадæй – калæм сын сæ пырх.*
*Нæ пырх нын калынц уыдон дæр – мæнгардæй!*
*Вæййæм хъæддых, куы та вæййæм æдых.*

*Фæлвардзæни фыдæбоны рæсугъдау*
*нæ амонд мах – цы уыдзæн æмæ куыд?*
*Кæндзысты та нæм сау лæгтæ тæхуды.*

*Уæдæ мын айсæд ме скæнæг мæ куывд:*
*æз райдыдтон Æхсарæй, ды – Æфсармæй,*
*æрцæуæд-иу нæ кæрон дæр сæ фарнæй!*[2]

(«Шамилæн»)

Лæгау-лæгæн йæ уды цинæй йæ уды фарн уæлдæр лæууы. Цæмæй йыл сайдæй ма цæуай, уый тыххæй Секъа хорз бацамыдта: «Фыццаг зон дæ бон, чи циу, уый йæ хон»[3]. Æмæ Джыккайы-фыртæн цыма Хуыцауæй лæвæрд уыди, йæ бонзонгæ, нæ Фыдыбæстæйæн цæмæй кад æмæ ном скæнæм, уый тыххæй йæ бирæ куырыхон хъуыдытæ æмæ хатдзæгтæ абон дæр кæронмæ куы фæхæццæ уаиккой, уæд Ирыстон цыма æнæ ракæ-бакæ лæгбæрзонддæр фæуаид, афтæ мæм дзуры мæ зæрдæ. Æмæ Коцойты Арсен куыд дзырдта: «Царды мидæг циндзинад æмæ хъыгдзинад кæрæдзи ивгæ цæуынц»[4], – афтæмæй бæргæ рæхджы нæ хъыгтæ ивиккам цинтæй.

---

[1] Хъодзаты Æхсар. Æхсар. – Дзæуджыхъæу, 1965. – 86 ф.
[2] Хъодзаты Æхсар. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 236–237 ф.
[3] Гæдиаты Секъа. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 270 ф.
[4] Коцойты Арсен. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 71 ф.

## ÆРТЫККАГ СÆР

## ЦÆФ СÆГУЫТЫ УДЫ ХЪЫНЦЪЫМ

«Æфсарм» дæр цæмæннæ – Джыккайты Шамилы фыццаг поэтикон æмбырдгондыл чиныгкæсджытæ йе 'фсарм æмæ æгъдау, йæ поэтикон курдиаты тыххæй уайтагъд æрæвæрдтой сæ цæст, фæлæ, Шамил стыр поэт кæй у, уый, æцæг Бонвæроны рухсау, рарттывта Шамилы дыккаг поэтикон æмбырдгонд «Цæф сæгуыты маст»-æй[1]. Æмæ куыннæ рарттывтаид, «Ныгъуылынц Дзомагъы къуылдымтæ...», «Дауыт Сосланы хъынцъым», «Сæрдыгон изæр Цъæйы комы» хуызæн, адæймаджы уд бæрзондисæг æмдзæвгæтæ кæм ис.

Дзуццаты Хадзы-Мурат загъта: «Гæнæн ис, æмæ Шамилы поэзийы алы афонтæн чиныгкæсджытæ алыхуызон аргъ кæной. Мæхицæй куы зæгъон, уæд мæнæн йе сфæлдыстад сæрæй-кæронмæ у рæсугъд æмæ æвзонг, фæлæ дзы уæддæр мæ зæрдæмæ фылдæр цæуынц йæ раздæры æмдзæвгæтæ, номхуындæй, чиныг «Цæф сæгуыты маст»-мæ чи бацыд, уыдон»[2].

Хадзы-Мураты ныхас æнæбындур кæй нæу, уымæн ирд цæвиттон у чиныг йæхæдæг. Автор æм цы уацмыстæ бахаста, уыдон æрмæст сæ тематикæйæ не 'мбулынц, фæлæ сæ уынæм лирикон хъайтары æмæ уыимæ поэтæн йæхи идеалтæ дæр. Уымæ гæсгæ нын æмдзæвгæтæ сты уæлдай зæрдæмæ-дзæугæдæр æмæ зынаргъдæр. Æмæ æндæргæнæн нæй. Къостайы «цæф сæгуыты маст»-æй райдай, нартæй дæ фæндаг нæ абоны цæрæццæгтæм ракæн æмæ сæ кæй ном нал ссардта кад æмæ сагъæсимæ, уыдон афтæ бирæ нал сты, номгай сæ куы нымайæм, уæддæр. Уымæ гæсгæ фыццаг æркæсæм, чиныг кæй ном хæссы, уыцы зæрдæагайæг поэтикон уацмысмæ:

*Фæлмæн дзул æмæ уазал дон – мæ разы.*
*Куыд адджын у, куыд маст мын у уæ ад!*
*Кæмдæр та туг цъæх кæрдæгыл ысцад,*
*Цæф сæгуыт хъæды уазал æртæх нуазы.*

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 82 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 83 ф.

*Кæмдæр та залым цыргъ кæны йæ кард, –*
*Мæлдзысты та уым дзыллæйы хуыздæртæ!*
*Кæмдæр лæджы сæрибар зонд, йæ зæрдæ*
*Ыссæндынц тых, закъон æмæ фыдцард.*

*Хæст æмæ цард... Мæгуыр къæсы пырхытыл*
*Æвзонг мады мæллæг риуыл нындзыг*
*Ыстонг саби... Фæлурс хур æмæ рыг*
*Ысхæццæ сты бæрзонд хохы цыргъытыл.*

*Æз хъусын ахсæв дунейы хъæлæс,*
*Мæ риуы цард дзыназы æмæ худы.*
*Æрæнцад мыл, лæджы æфсарм, дæ уæз,*
*Цæф сæгуыты маст бацыди мæ уды.*

*Æз дæн ныртæккæ стонг æмæ æфсæст,*
*Мæ хъуыры ацы карз къæбæр нæ хизы...*
*Цыдæр ныфс и... Цæуылдæр зæрдæ риссы...*
*Цы уæззау ыстут, фидыд æмæ хæст!*[1]

Æмæ царды рамбулы, уыцы уæззау хæс, зылынбаст æргъомау ыл куы æнцайа, уæддæр кæуынæн чи нæ бахъæуы, кæронмæ йæ чи фæхæссы рæстдзинад æмæ адæмы фарнæн, уый. Шамил йæ уис кæронмæ хаста.

Ирон поэзийы уырыссаг æвзагыл фыст Къостайы «Джуктур»-æй[2] Дзугаты Георгийы «Дзæбидыр»[3], стæй дарддæр Хосты-хъоты Зинæйы «Дзæбидыр»-мæ[4] нæ поэттæ тынг бирæйæ бацархайдтой сæрибар æмæ нын сæрыстыры гимн чи басгуыхтис, æрмæст йæ коймæ дæр нæ цæстытæ цæхæртæ кæмæ акалынц, уыцы фарны дзæбидыры ном бæрзонд сисыныл. Бирæтæ дзы фесты æнтысты къахыл лæуд. Фæлæ дзы Шамилы æмдзæвгæимæ бирæты нæ абардзынæ.

Æмдзæвгæ фыст æрцыд, поэтæн зынгæ аивадон амал чи ссис, уыцы поэтикон фæрæзæй – монолоджы хуызы:

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 5–6 ф.
[2] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1974. – 182 ф.
[3] Д з у г а т ы Г е о р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – 1972. – 22 ф.
[4] Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Цин æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 188 ф.

*Æз дæн дзæбидыр. Цуанонты фыдæх*
*Цыбыр кæны фыдæй фыртмæ нæ мыггаг,*
*Æдзæм æмæ сæрыстырæй мæлæм,*
*Уæддæр бæрзонд хæхтау нæ хъысмæт уарзæм.*

*Мах стæм хъæддаг – ызнæт æмæ фыдуаг, –*
*Нæ кæнæм мах цæххы адæй æрмахуыр.*
*Сæрибар хæхты айнæг сæртæй мах*
*Сæгътау нæ сайы талынг кæмттæм кæрдæг.*

*Мах уарзæм хур, рæууон дымгæ, цъæх арв,*
*Зынамал цард кæны уæлмонц нæ зæрдæ...*
*Куы цæрæм – уæд чысыл æмæ дзæбæх,*
*Куы хауæм – уæд ыстъалыйау бæрзондæй...*[1]

(«Дзæбидыр»)

Цæххы адæй æрмахуыр чи нæ кæны, сæрибар хæхты айнæг сæртæй сæгътау талынг кæмттæм кæрдæг кæй нæ сайы, уыдон зынамал цардæй нæ тæрсынц. Уыдонæн сæ хъысмæт бæрзонд хæхты æмсæр у. Æфсæст ахсæнæй сæм хур, рæууон дымгæ æмæ цъæх арв нымадыдæр сты. Æмæ кæд цуаноны фыдæх æппынæдзух сæ фæдыл æфтыд у, уæддæр æй ницæмæ дарынц сæ сæрибары цур. Мæлын бахъуыд, уæд – æдзæм æмæ сæрыстырæй. Дæргъвæтин ницæйаг царды бæсты дзæбидыры бæллиц: цыбыр æмæ рæсугъд цард, «Куы хауæм – уæд ыстъалыйау бæрзондæй...».

Æфсарм хорз у, фæлæ уæздан адæймагæн йе 'взаг йæ комæй куы скъуынай, йæ истори йын куы исай, йæхиуыл ын дæлбынтæм куы хæцай, уæд æфсарм, тæригъæд, хатыр лæджыхъæдылдзурæг нал вæййынц. Æмæ Шамил «Цæф сæгуыты маст»-ы ныррыхыд цæф домбайау, кæд æй, мæгуыр, йæ уæййаг дуг уымæн нæ амыдта, æппæлынмæ йæм сидтис, уæддæр.

*Æхсæв куы хъусын суадоны сæр-сæр,*
*Куы хъазы дымгæ хус хъамылау назыл,*
*Æнхъæлын уæд: нæ байраг та кæмдæр*
*Уынгæг хъæлæсæй доны былæй уасы.*

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 53 ф.

*Ærymysync æj hъæubæstæ zynæj*

*Цыма та кафгæ рагъсæртыл фæтæхы.*
*Куы райгуырд байраг хъæугæрон, уæд æй*
*Сыгъдæг цынадтой райсомы æртæхы.*

*Æфсургъ уыд уый – æрхæцæг ыл нæ уыд,*
*Æмæ дзæгъæлæй къахвæндæгтыл хатти.*
*Æнхъæлмæ каст – йæ барæг æм нæ цыд,*
*Нæ йыл ныссагъта хъал лæппу цæфхæдтæ.*

Чи цæмæн райгуыры, уымæ йæ фæндæгтæ æхгæд куы разынынц, уæд хъысмæты цæфæй йæ цæттæ амонд ныззилы цæхгæр. Джыккайы-фырт уыцы хъуыддаг бирæ уацмысты æвдисы. Сонеты уацмысы хатдзæг йæ дыккаг æрдæджы куыд фергом вæййы, афтæ Шамилы æмдзæвгæйы кæрон дæр фенæм поэты рæсттæрхон. Ам дæр зæгъы æнæрцæф, стыр хъуыддæгтæн райгуыргæ, фæлæ царды фæндæгтыл фæкæлæг æфсургъы трагеди:

*Уый ахауд рындзæй. Зæрдыл ма лæудзæн,*
*Æрхæндæгæй-иу фæндагмæ куыд касти...*
*Цымæ цы дзуры суадон ныр мæнæн?*
*Цы азым хæссы рог дымгæ йæ хъазты?*

*Уæзхæссынæн лæджы кæм хъæуы бæх,*
*Æфсургъ, ды уым зынархайдæн кæй хъуыдтæ?*
*Кæм ысфидауы ахуырст авг дзæбæх,*
*Уым чи агуры доны бын налхъуыттæ?*[1]

(«Æфсургъ»)

Къостайы уацмысы лирикон хъайтары хал ахордта: «Хонын æмбалæн мæ фыдбылыз мемæ»[2], – цæмæй дзы æндæр исчи мауал фæуа сæргой. Æгъатыр царды æмбаргæ адæймаг афтæ фæкæны. Алкæмæн кæмфæнды дæр – йæхи он. А. Пушкин загъта: «Я был рожден для жизни мир-

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 7–8 ф.

[2] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 1. – М. , 1959. – 30 ф.

ной, Для деревенской тишины»[1]. Нæ Поэт аразынæн, адæмæн сæрибар хæссынæн, цард рæсугъд кæнынæн райгуырд, фæлæ, зæгъгæ, хъуыддаг хауынмæ æрцыд, уæд – бæрзондæй. Æгады цард æм нæ уыд нымад.

Афтæмæй йæ хъандзалбыд æмдзæвгæ «Дзæбидыр»-ы поэты бон аллегорийы хуызы бацис йæ уды – сæрибæрæн гуырд адæймаджы уды цард æмæ бæллиц нывæфтыд дзырдты фæрцы снывкæнын.

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Адæймаг æмæ адæмы сæрибар – уый у Шамилы сæйраг мæт æмæ сагъæс. Сæрибар кæм нæй, уым поэт хъуамæ хъахъхъæна йæ мидсæрибар, ма суа ныллæг, æнæаив, æдзæсгом, фæтк æмæ арæнты сæрты чи нæ ахизы, йæ хæдзар æмæ йæ къæбæр æппæты уæлдæр чи скодта, уыцы «амондджын цагъарты» хуызæн, хъуамæ уа хæстыл æфтыд «Хуыцау æмæ паддзахы ныхмæ». Поэт хъуамæ хъахъхъæна йæ хæдбардзинад, йæ сæры кад. Шамил сæ хъахъхъæдта»[2]. Уый та йæ кодта æрвылбонон тохмæ. Царды дæр. Литературæ-йы дæр. Сæрибарыл тохгæнæг фылдæр вæййы иунæг. Фæлæ йæ ахсæны тыххæй йæ сæрибар нæ фæуæй кæны рæхыстыл («Демон»). Æмæ йын йæ хъæлæсыл кæд лæууыдысты «рæстæг æмæ цард», уæддæр нæ саст («Еретик»). Æхсары загъдау: «Зæххыл цы и тыхгæнæгæй, æлдарæй, æдзыт, æгадæй» – калдта «сын сæ пырх». Сæрыстыр, æнæрцæф дзæбидыр ын уымæн уыдис хион.

Паддзахæй дæр æцæгæлон адæмæн лæггад кæнгæйæ, кæйдæр тырысайыл цыфæнды бæрзонд хæцгæйæ, нæй уæлæрвтæм схизæн, хи адæмы бæрзонд сæвæрæн. Гуырдзыстоны стыр паддзах Дауыт Сосланы æнусон хъынцъым Шамил зæрдæбынæй уый тыххæй банкъардта. Йæ тых, йе 'рхъуыдыйы фæрцы ирон туг, стæг, кæйдæр паддзахæн уыдис, сæрыстыр цæмæй уыдаид. Стыр историк Георги Тогошвили дзы афтæ загъта: «Осетинский царевич, муж и соправитель прославленной царицы Грузии Тамар, Сослан-Давид, «человек, исполненный всякого добра, божеского и человеческого, прекрасный на вид, в сражениях и на войне храбрый и мужественный, щедрый, смиренный и

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975. – 28 ф

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 87 ф.

превознесенный в добродетелях»[1], играл большую роль в политической жизни грузинского феодального государства в конце XII – начале XIII века. Верный супруг и соправитель Тамар, «соучастник всех побед и деяний» царицы[2], главнокомандующий войсками Грузии – самого сильного тогда государства на Кавказе и Ближнем Востоке – Сослан-Давид своими громкими победами над внешними врагами Грузии прославил грузинское орудие и, вместе с тем, себя, свой родной осетинский народ. Сослан-Давид выступает носителем самых лучших качеств осетинского народа... Придворный поэт Чахрухадзе восторженно называл Сослана-Давида «великим осетином»[3].

Сослан-Дауыт чи уыд, нæ фыдбоны сыхæгты паддзахады йын алы хъуыддаджы дæр цы нысаниуæг уыдис, цы бынат дзы ахста, æмæ йын баивæн куыд никæмæй уыдис, уый зæгъынæн фаг сты мæнæ ацы дзырдтæ дæр: «...летописцы называют его рыцарем «тигрова ранга». Его образ воспели Шота Руставели[4], Низами Ганджеви[5], одо-писцы Шавтели[6] и Чахрухадзе[7], грузинский историк Басили[8], сомихаг историктæ Мхитар Гош[9], Вардан Восточанин[10] æмæ азфыст «Картлис цховреба»-йы дыууæ анонимон авторы. XIII-æм æнусы йыл фыста сомихаг историк Степанос Орбелян»[11], – зæгъы Мамыкъаты Таймураз[12].

Цæразон Сослан ахæм стыр лæг æмæ æфсадхон кæй басгуыхт, – геиалон поэт кæй уыдис, «Алгъуызы кадæг»[13] æмæ ноджы æндæр стыр аивадон уацмыстæ кæй рацыдысты

---

[1] Картлис цховреба. – Тбилис, 1959. – 100 ф

[2] Картлис цховреба. Т. 1. – Тбилис, 1955. – 369 ф.

[3] Т о г о ш в и л и Г. Д. Сослан-Давид. – Владикавказ, 1990. – 3 ф.

[4] Р у с т а в е л и Ш о т а. Витязь в тигровой шкуре. – Переводы К. Д. Бальмонта (1936), Г. Цагарели (1937), З. Заболоцкого (1966).

[5] Г а н д ж е в и Н и з а м и. Искандер Намэ. 1 ч. Шараф Намэ. Дувал бросается в бой (Перевод К. Линскерова. – Баку, 1953. – 380 ф.

[6] Ш а в т е л и. Абдул Мессия, строфы 7, 8, 9, 10, 28 (Перевод Ш. Нуцубидзе). – Тбилис, 1942.

[7] Ч а х р у х а д з е. Тамариани, строфы 15, 16, 63, и 165 (Перевод Ш. Нуцубидзе). – Тбилис, 1942.

[8] Б а с и л и. – 46, 50, 52, 54, 57, 68 ф. æ. а. д.

[9] Е р е м я н С. Т. Юрий Боголюбский. Мхитар Гош. – Ереван, 1946. – 396–397 ф.

[10] Е р е м я н С. Т. Вардан Восточанин. – 396 ф.

[11] Е р е м я н С. Т. Степанос Орбелян. – 396–397 ф

[12] М а м у к а е в Т. Б. Тайна Нузальской часовни. – Владикавказ, 1969. – 11 ф.

[13] Ц æ р а з о н С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016.

йæ къухæй, ууыл куынæ дзурæм, уæддæр, – ирон стыр поэт, драматург æмæ тæлмацгæнæг Плиты Грисыл уый тыххæй ныффыста зынгæ пьесæ «Сослан Дауыт»[1], – ирон туджы бæрзонддзинадыл дзурæг кæй у йæ хъысмæт, æмæ уымæй разы уыдис Шамил. Йæхæдæг дæр æй æвæрдта бæрзонд. Кодта йын æмбæлон аргъ.

Фæлæ, нæ поэты хъуыдымæ гæсгæ, ахæм бæгъатыр æмæ зондджын уæвгæйæ дæр Сослан, йæ Фыдыбæстæй иппæрдæй, сæрысуанг куыд хъуамæ уыдаид йæхицæй райгонд? Æмæ йын Шамил æнусты сæрты ахста йæ зæрдæйы судзаг хъынцъым:

*Мæ тæсæй дымгæ дæр нындзыг,*
*Æруагътой паддзæхтæ сæ сæртæ.*
*Кæм калы ме 'хсаргард цæхæртæ,*
*Тæдзы уым дуртæй дæр цæссыг,*
*Уым фестынц рыгтæ дæр ызгъæртæ.*
*Цæуын ыстæры, æмæ зæхх*
*Кæны мæ бæхы къæхтæн пъатæ...*
*Гуырдзыстон! Бахизын дæу фатæй,*
*Кæнын дæ арæнтæ уæрæх*
*Хæзна, зæххытæ æмæ кадæй.*
*Хæссын дæ сæрвæлтау мæ сæр*
*Мæлæтмæ... Афтæмæй кæмдæр*
*Хъæрзынц нæхиуæттæ Цæгаты...*
*Мæ мад уым фæндаггæрон бады*
*Мæгуыр æфхæрд æмæ куырмæй,*
*Фыдызæхх рацыди йæ хуызы.*
*Мæнмæ йæ карз сидын нæ хъуысы,*
*Йæ хъыгтæ дард ысты мæнæй.*
*Фыдгултæ цæргæстау æртигътæй*
*Кæнынц йæ рыст зæрдæ кæрдихтæ,*
*Уæддæр æм иу фæкæсæг нæй...*

«Нæ райгуырæн, нæ бæстæ»-йæ Мамсыраты Темырболат «удæн уд дæр ды куы дæ»[2], – хуымæтæджы нæ дзырдта. Фæлæ дæхæдæг дæ фыды зæхх куы уадзай æвæгæсæгæй,

[1] П л и т ы Г р и с. Сослан Цæразон. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 359–521 ф.

[2] М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1985. – 20 ф.

уæд, кæйдæр уæрдоныл бадгæйæ кæй зарæг зарай, уый дæ мæт нæй. Дзуццаты Хадзы-Мурат загъта: «Шамил разы нæу, афтæ чи зæгъы, «кæй уæрдоны бадай, гъе уый зарæг кæн», зæгъгæ, уыдонимæ. Кæйдæр уæрдоныл бадт Сослан-Дауыт, хуымæтæг лæгæй нæ, – паддзахæй дзы бадт, фæлæ йæ хъысмæт йæхицæн дæр æмæ йæ фæстагæттæн дæр нæ рауад æрттиваг, тæхудиаг. Кæд Гуырдзыстоны хызта фатæй, кодта йын йæ арæнтæ «уæрæх – хæзна, зæххытæ æмæ кадæй», уæддæр ын фæстагмæ уый фестад «хæрам æмæ зындон», кæйдæр фæсдуармæ ссардта йæ мæлæт, сси æцæгæлон йæ ныййарæг адæмæн дæр»[1]. Афтæмæй, паддзах уæвгæйæ тыдта цагъары бонтæ. Шамилы æппæтуынаг цæст уымæн æрхæцыд йæ уды хъынцъымыл.

*Куы хъæрза хи бæстæ рæхысты,*
*Уæд искуы намыс æмæ цард*
*Лæгæн мæлæт æмæ æлгъыст у...*
*Мæ уарзт, мæ худинаг, мæ кард!*
*Уæ мæт мæ удæнцой нæ уадзы:*
*Æз дæн паддзах æмæ цагъар.*
*Æрттив, о хурты хур Тамар,*
*Æнусты рухсæй конд зæппадзы:*
*Мæнæн та рохуаты мæрдадзы*
*Кæндзæн мæрдон фынæй мæ ном...*

Сослан Цæразоны æрмæст хæстон лæгыл нымайын раст нæ уаид – уыд йæ рæстæджы размæдзыддæр адæймæгтæй иу. «Он хорошо владел грузинским, греческим, татарским и арабским языками. Он любил читать и, вместе с тем, писал сам. Он был и грузинским писателем...»[2], – дзырдта гуырдзиаг историк З. Чъичъинадзе. Æмæ, чи зоны, йæ рæс-тæджы Мцхетайы стыр аргъуаны кусæг – сауджын Иоанн Русишвили Нузалы аргъуаны дыууæ стыр къухфысты куынæ рамырхтаид[3], уæд абон бæлвырдæй зоникκам «Алгъуызы кадæг» æмæ «Фæранчы цармдарæг» комкоммæ кæй сты Сослан Цæразоны фыст.

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 86 ф.

[2] Ч и ч и н а д д з е З. История Осетии по грузинским источникам. – Цхинвал, 1993. – 111 ф.

[3] Р у с и ш в и л и Г р и г о р и / Цнобис пурцели, 1998. – 11 июнь.

Сослан Цæразоны хъуыддæгтæ кæсгæйæ адæймаджы цæстыты раз сыстынц нарты хъайтартæ. Иннæ ахæм нын «Фæранчы цармдарæджы» сæйраг хъайтар Тариел йæ алы фезмæлд, йæ алы хъуыддагæй нæ зæрдыл лæууын кæны Сосланы. Уырны нæ, Шамилы æмдзæвгæйы лирикон хъайтар æцæгæй Сослан-Дауыт кæй у. Уымæ гæсгæ нæ зæрдæтæм хъары æмдзæвгæйы хъайтарæн йæ уды судзгæ хъынцъым:

*О мæнæ номхæссæн тырыса,*
*Дæ цытæй амонды хъæбысы*
*Кæд искуы циндзинад зыдтон,*
*Уæд мын хæрам æмæ зындон*
*Уый фестад ныр, æмæ куы мыса*
*Йæ фыртты Иры зæхх, – мæнæн*
*Сæ куывды никуы уыдзæн бадæн.*
*Гъе уæд нæ дард фæдон зæгъдзæн:*
*«Куы уай æцæгæлон æрвадæн,*
*Нæ дæ уæд искæмæн хæстæг.*
*Кæмдæр дыл хорзæхтæ ныккæлæнт,*
*Уæддæр дæ адзалы рæстæг*
*Уыдзæн сæ фæсдуармæ дæ мæлæт...»*[1]

Шамил йæ зындгонд æмдзæвгæтæ – «Дауыт Сосланы хъынцъым», Алыккаты Хазбийы мæлæты размæ монолог – «Хазби» , «Кæд загъта фыццаг хатт йæ Амонд лæгæн?..», балладæ «Тимуры куывд» æмæ æндæр зæрдæйы бынтæ цæвæг уацмыстæ куы сфæлдыста, уæд сæ иуæйиу лыскъудтæ байрайыны бæсты барра сты, ай йын цытæ æнтысы, зæгъгæ, æмæ йæ сæ зæрды уыд цъыфы лæсæнтæн фæласын кæнын. Фæлæ-иу сæ бирæ хатт хъуыды дæр нæ кодта. Ныфсджынæй дзырдта: «Æппæт адæмы зæрдæмæ хур дæр нæ цæуы. Раст ныхас иутæн цин хæссы, иннæтæн – маст. Уый æрдзон фæтк у. Мæнæн аргъ кæнынц хуымæтæг, кусæг адæм, тугцъиртæн æмæ сæ фæсдзæуинтæн æз дæн сæ цæстысындз. Коммунистты уæрдонæй демократты уæрдонмæ чи багæпп ласта æмæ ног уæрдонджыны зарæг чи systa, уыдон мæнæй уынынц

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 14–15 ф.

сæ удхæссæг, æмæ хъуамæ афтæ уа, æз сыгъзæрин нæ дæн, – алчи мæн уарза, уый гæнæн нæй»[1].

Нæй уый гæнæн. Махмæ. Хъыгагæн. Цæмæннæ, уый дæр тынг хорз зыдта Шамил. Газет «Рæстдзинад»-ы кусæг, поэт Абайты Арбилянæ йæ куы бафарста, ома, Ирыстоны адæмон поэт дæ, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, профессор æмæ ма цавæр хорздзинæдтæ ракурис, гæнæн ис, зæгъгæ, уæд, уыцы рæстæджы поэт нæ фæтыхст: «Цавæр хæрзтæм бæллын? Бирæ хæрзтæм. Хæрзтæй фаг æмæ æфсис нæй. Мæн хъæуы стыр курдиат, нæртон хъару, куырыхон зонд. Æз бæллын сæрибармæ!.. Фæлæ ис дыууæ хорзы, сæйрагдæр чи у, ахæмтæ. Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарн. Уыдон бæрзонд ныхæстыл ма нымай. Æз цæрын Ирыстоны, ирон æхсæнады. Уыдон уавæрæй рæзынц мæ уавæр, мæ цард, мæ амонд. Кæс-ма, мæ бæллицты зыны эгоизм дæр. Фæлæ уый æцæг демократтæ хуыдтой «разумный эгоизм». Уый адæймаджы разæнгард кæны хорз хъуыддæгтæм»[2].

Фæлæ хæлæджы цæст рахауинаг у. Фидæны стыр поэт цæмæ бæллыд æмæ кæй фæлдыста, уыцы ахадгæ бæрзондаивадон уацмыстæ æввонг цардæй бур физонджытæ цы дзырдхæсджытæ хордтой, уыдон сæ фыццаг хатт журнал «Мах дуг», стæй Шамилы поэтикон æмбырдгонд «Цæф сæгуыты маст»-ы куы федтой, уæд се 'рттывдæй бирæты цæстытæ фæтар сты. Цы ма акодтаикккой, уый нал зыдтой æмæ сæ цъыфæй сæрстой, цæмæй сæ рухсæй ма куырм кæной, сæ авторыл адæм сæ цæст ма æрæвæрой. Уый ма зонай, сыгъзæрин цъыфы астæуæй дæр æрттивы. Уымæн сыл худт уæлозæй:

*О сау лæг, афтæ фæнды дæу*
*Цæмæй дæуыл узæла хур дæр,*
*Кæннод хуыскъæлы аргъ дæр нæу,*
*Йæ рухс тын – сау калмæй ызмурдæр.*

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æз бæллын Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарнмæ / Рæстдзинад, 2007. – 31 май.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æз бæллын Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарнмæ / Рæстдзинад, 2007. – 31 май.

*Кæнын дæ хæбизджыныл царв, –*
*Дæуæн бæззон дæн уæд, æфсымæр,*
*Кæннод зæгъыс: мæ куыстæй арв*
*Зæххыл æрхауди æмæ ссымæр*[1]*.*

(«О сау лæг, афтæ фæнды дæу...»)

Йæхи та йын куыд, цы хуызы змæстой цъыфимæ, уымæн, мæнмæ гæсгæ, фаг уыдзæнис, Хъодзаты Æхсары уац Коцты Тотырбеджы къухфыст рецензи æмæ Джиоты Хазбийы рецензийы тыххæй «Критикæ æви вульгаризаци»-йæ иу стыр дæнцæг куы æрхæссæм цæвиттонæн, уæд уый. Уымæн æмæ дзы зынынц йæ иннæ «критикты цæсгæмттæ» дæр. Æмæ йæм байхъусæм.

Æхсар дзуры: «Рецензент (ома, Тотырбег – ХЪ. М.) фыссы: «...Зæгъдзыстæм уый, æмæ чиныгуадзæн «Ир» кæй æруагъта егъау рæдыд, Джыккайы-фырты чиныг «Цæф сæгуыты маст» идейон рæдыдтытæ æмæ æвзаджы арвистонæй дзаг кæй у, уый кæй нæ рахатыдта æмæ йæ афтæмæй кæй ныммыхуыр кодта. Фæлæ рауагъдад æмæ авторы тæккæ стырдæр рæдыд уый мидæг ис, æмæ реакционерты, лæгмарты реабилитаци кæнынмæ зианхæссæг хъуыдытæй чиныгкæсджыты барæвдауынмæ кæй бахъавыдысты, уый. Æмæ ма ноджыдæр иу хатт зæгъын: рæдыд идейон æмæ нывæфтыдадон позицитыл лæууы Джыккайы-фырт, рауагъдад та йын æмдзæгъд кæны».

Шамилы поэзиимæ зонгæ чи у æмæ уый фæстæ ацы рæнхъытæ чи бакæса, уымæн йæ сæрыхъуынтæ арц куыннæ сбаддзысты, рецензент авторыл тугтæ кæй мысы, йæ поэзи йын цъыфимæ кæй сызмæста æмæ йыл æбуалгъ хахуыртæ кæй кæны, уымæй!»[2] – зæгъы Æхсар æмæ дарддæр Тотырбеджы уацæй хæссы Хазбийы хъуыды, стæй – Тотырбеджы хатдзæг: «Национ хæрамдзинады идеологи идеалы хуызы æвдыст кæй æрцыд, уый у хъæндзинад. Æмдзæвгæмæ гæсгæ хъуамæ нацийы тырыса суа: «Куы уай æцæгæлон æрвадæн, нæ дæ уæд искæмæн хæс-

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æвзæрст уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015. – 112 ф.

[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Критикæ æви вулгаризаци // Мах дуг, 2010. – №12. – 105–106 ф.

тæг. Кæмдæр дыл хорзæхтæ ныккæлæнт, уæддæр дæ адзалы рæстæг уыдзæн сæ фæсдуармæ дæ мæлæт». Стæй Коцы-фырты хатдзæг: «…фæлæ ма зæгъдзынæн уый, æмæ Джыккайы-фырт критичы, журналы редколлегийы, стæй афтæ чиныгкæсджыты раст тæрхон æрдумæ дæр кæй не 'рдардта æмæ та ногæй уыцы æмдзæвгæ («Дауыт Сосланы хъынцъым» – Хъ. М.), ницы дзы аивта, афтæмæй йæ чиныг «Цæф сæгуыты маст»-ы кæй ныммыхуыр кодта»[1], – ома, срастгæнæн кæмæн нæй, ахæм идейон рæдыдимæ.

«Мæнмæ гæсгæ, Шамил тынг раст бакодта, критичы (журналы редколлеги æмæ чиныгкæсджыты номæй бынтон дзæгъæлы дзуры рецензент) тæрхон (фæндон у æви тæрхон) æрдумæ дæр кæй не 'рдардта, уымæй»[2], – зæгъы Æхсар.

Мæнмæ гæсгæ дæр тынг раст бакодта. Стæй уыцы хъуыды тынгбирæ чиныгкæсджыты хъуыды кæй у, ууыл дæр нæ дызæрдыг кæнын. Уæдæй фæстæмæ-иу авторæн фадат куы фæцис, уæд-иу ацы æмдзæвгæ йæ чингуытæм ног æмæ ногæй кæй бахаста, уымæй дæр тынг раст кодта. Адæмæн æмбæлы фидарæй зонын – йæхи адæмæн фыййау цæуын йæ сæрмæ чи нæ хæссы, афтæмæй искæмæн къæбæрты тыххæй, уадз, стыр уарзты тыххæй дæр, чи лæггад кæны, уый мæлæт, абон уа æви сом, уæддæр кæйдæр фæсдуар æгадæй æрцæуы. Йæ зæрдæйы судзгæ æмæ дудгæ цæссыгтæй, кæд ын тæригъæд кæнæм, уæддæр йæ царды фæстаг уысм уымæн хуыдуг кæны Сослан: «Мæ уарзт, мæ худинаг, мæ кард!», «Æз дæн паддзах æмæ цагъар…», «…рохуаты мæрдадзы Кæндзæн мæрдон фынæй мæ ном».

Номхæссæн æфсадхон тынг хорз базыдта, кады тырысайыл хæцгæйæ, цы стыр цindзинад æнкъардта, уый йын йæ царды кæрон хæрам æмæ зындон цæй тыххæй фестад. Уый æрдзон æнæивгæ рæстдзинад у. Бербанк Лютер уымæн дзырдта: «Нет других истин, кроме тех, которые мы находим в природе[3]. Уыцы æрдзон рæстдзинадæй Ирыстон кæддæр нымайдзæнис йæ цоты – ууыл у Да-

[1] Хъодзаты Æхсар. Критикæ æви вулгаризаци // Мах дуг, 2010. – №12. – 106–107 ф.

[2] Уый дæр уым.

[3] Лютер Бербанк. Жатва жизни. – М., 1955. – 164 ф.

вид Сосланы катай: «æмæ куы мыса» – «Йæ фыртты Иры зæхх, – мæнæн Сæ куывды никуы уыдзæн бадæн». Цæмæннæ, уый тыххæй баризынц адæймаджы уæнгтæ: «Куы уай æцæгæлон æрвадæн, Нæ дæ уæд искæмæн хæстæг», «Уыдзæн сæ фæсдуармæ дæ мæлæт». «Зонд – дунейы дарæг хæзна»[1], – зæгъы адæмон æмбисонд. Æмæ историон рæстдзинадимæ зонды тых кæй уынæм уацмысы, уый уæлдай тынгдæр рæвдауы чиныгкæсæджы зæрдæ æмæ хъуыды. Фæлæ, аивад цы у, уый чи нæ фембары, уый знагæй фыддæр у.

«Дауыт Сосланы хъынцъым»-ы хуызæн аивадон уацмысы тыххæй искæй æфхæргæ нæ, йæ кой зонгæ-зонын ма скæнын дæр тугтæригъæд у. Æмæ Шамилы чи цъиусæр хицæутты цæстмæ фаудта, чи – зонгæ-зонын хæлæджы охыл, чи, аивад йæ фæсонæрхæджы дæр кæй нæ уыдис, уый тыххæй. Ирон æмбисонд хуымæтæджы нæ зæгъы: «Фидиссаг фидисмæ раздæр у»[2]. Бæргæ худинаг у æрмæст йæ зæгъын дæр, фæлæ мах «критиктæ» фылдæр нæ ныхмæлæуджыты ныццæгъдыны тыххæй свæййæм. Ахæм «критикæн» та хуыцауыхай никуы уыд æмæ никуы уыдзæнис, йæ ныхыл ын дзуарæвæрд куы ныккæнай, уæддæр. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Критикæ хъуамæ конкретон æрмæгмæ гæсгæ пайда кæна алы ахорæнтæй дæр, хъуамæ ма уа былдауæн, цæстмæхъус, вульгарон кæнæ либералон»[3]. Æмæ раст уыд. Критикæ хъуамæ йæхæдæг макæмæн фæуа критикæ кæнинаг. Æмæ афтæ рауад – Шамилы критиктæ сæ цъыф бар-æнæбары калдтой сæхиуыл. Фæлæ Джыккайы-фыртæн дæр сæ цъыфкалæнтæй аккаг кæй уыдысты, уый цас дызæрдыггаг у, уæлдайдæр æй йæхæдæг уымы бæстæм æргомæй дзуры, уæлæуыл æй йæ хурты хур иунæгæй кæй ныууагъта, уый тыххæй:

*Нæ зæххыл нал ис фарн æмæ æфсарм,*
*Кæрæфнизæй пехуымпар дæр фæхъæстæ,*
*Хæрынц æд мæр лæгбирæгътæ нæ бæстæ,*
*Æд хъуы-æд хъис ын бастъыгътой йæ царм.*

[1] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 165
[2] У ы й д æ р у ы м, 13 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 126 ф.

*Æруагъта мыл æфсæн уæйыг йæ арм,*
*Цæрдудæй мæн мæрдон зæхмæ нылвæста...*
*Мæ хурты хур! – куыд ма цæрын дæ фæстæ,*
*Дæ тар бæстæй мæ нал тавы дæ хъарм.*

*Фæсайдта мах нæ цин æмæ нæ фын,*
*Ныры залымты нал басæтдзæн рын дæр,*
*Нывонд уæрыккау карды бын тæлфын.*

*Кæны сæ зыд мæ хъæрзынæй цырындæр.*
*Цы кæнон, цæй! – нæ фæразын мæлын,*
*Фæлæ дзы нæу мæ уды бон цæрын дæр*[1]*.*

(«Нæ зæххыл нал ис фарн æмæ æфсарм...»)

Поэт царды хъуыддæгтæ афтæ нымайы: нæ зæххы фарн куыд сæфы, йæ хурты хуры хъарм æй йæ тар бæстæй куынæ уал тавы, йæ удхорты зыд йæ хъæрзынæй куыд кæны цырындæр... æмæ йын йæ нывæфтыд ныхасыл ма æууæндæм, уый нæу нæ бон.

Ходы Камал загъта: «О стихах и поэмах Шамиля Джикаева в Осетии говорят много и по-разному. И это, на мой взгляд, одно из свидительств самобытности поэтического дарования автора»[2]. Æмæ, æцæгдæр, йæ хъуыдыйæн фыссæджы сфæлдыстад æвдисæн у йæхæдæг.

Уæддæр ахæм æнæуаг æфхæрдтытæ, цъыфкалæнтæ, дам-думтæ хъуыдыгæнæг адæмы, фæндыд сæ æви нæ, æппæрстой тасы. Плиты Грис фæстæдæр фыста Гафезмæ: «Тæрсын, æртынæм азты фæуды нæм хистæр фæлтæр хицæн культы азарæй куыд фесæфтысты, уæд нæм цы афтид уавæр сæвзæрд, ахæм та куы фæзына ногæй»[3]. Фæлæ, табу – Хуыцауæн, уыцы дуг фæцис. Цъыфкалджытæ йæ раздæхыны тыххæй кæд цырæгътæ сыгътой, уæддæр сæ Уæллаг, йæ номимæ кæй нæ дзырдæуы, уый хъуыды дæр не ´ркодта æмæ сæ кæрдтæ нæ хуыздæрты массон æгъда-

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æвзæрст уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015. – 113 ф.

[2] Х о д ы К а м а л. Не дает нам покоя // А в т о р т ы к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 46 ф.

[3] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 36 ф.

уæй цæгъдынмæ, ног туджы зæйтæ та ныл рауадзынмæ фæуæгъды сты.

«Дауыт Сосланы хъынцъым» фыст у Шамилы уарзондæр сюжеттæй иуыл – монолоджы хуызы æмæ Сослан Дауыты хъынцъымы æргом кæны йæхи зæрдæйы риссæгтæ дæр йæ адæмæй, йæ уæзæгæй хауæккаг адæймаджы хъысмæты. Сослан Цæразон нæ фыдбоны сыхæгтæн цы лæггæдтæ фæкодта, йæ удæгасæй сыл рыг абадын куыд никуы бауагъта, уыдæттæ Ирыстонæн куы фæуыдаид, уæд йæ кады ном никуы банымæг уыдаид фыдæй-фыртмæ. Уыдонау ын мах йæ кад æмæ йæ номыл дур никуы фæлдахиккам. Ирон базыхъцонг лæппуты сæ сæрыл удуæлдай тохты кæй цæгъдын кодта, уый та нæ тардта мыггаг-сæфтмæ. Иры уæзгуытæ ихсыдысты, тыхгæнæг тых кæмæн нæ ардта, ахæм гуыппырсар хъæбатыртæй. Æппæт уыдæттæ та арæзта, йæ уды хин кæй нæ уыдис, тых сæйрагыл кæй нымадта, уый аххосæй. Æмæ ма кæд: «Æз ныр мæ хъысмæтыл куыдтон», – зæгъы. Хъысмæт æгъатыр у. Историйы цалх фæстæмæ нæ зилы. Фæцудын чи никуы базоны, уыдон дæр йæ быны ныссæнды.

Йæ «критикты»-иу Шамил йæ рæстаг ныхасæй йæхæдæг дæр бацардыдта йæхиуыл. Мамсыраты Дæбе æмæ Дзанайты Сергейы фарсхæцджытæ сæ рæстæджы ирон литературæйы ахъаззаг тыхыл нымад уыдысты, афтæмæй сæм ныккомкоммæ Шамил: «...подобное стихотворство, оторванное от жизни и традиций, не находило себе читателя и не оставило сколько-нибудь значительного следа в истории осетинской литературы»[1]. Æмæ дзы сæ маст истой «Цæф сæгуыты маст» политикон æгъдауæй дæлдзиныг кæнгæйæ, ома, йæ «Дауыт Сослан»-æй нæ знаг кæны нæ иузæрдыг сыхæгтимæ (ирон адæмæн сæ ивгъуыд æнусы 20-æм азы геноцид «ферох», XX-æм æнусы кæрон æмæ XXI-æм æнусы райдайæны ссæдзазон геноцид та, кæй кой нæм ис, уыдон æййафгæ не ´ркодтой, кæд æй нырыккæттæй бирæтау, уыдон дæр нæ бамбæрстаиккой, уæддæр), фыдбоны сыхæгтæ нын кæй сты цæргæ-цæрæнбонты, афтæмæй сæ нæхæдæг кæй æртеутеу кодтам нæхи фыдæнæн: «Мах чи стæм æмæ кæцæй стæм, уый

[1] Д ж и к а е в Ш. Ф. Фольклор и осетинская советская поэзия 1917–1941 гг. – Владикавказ, 1972. – 15 ф.

абон дæр бæлвырдгонд нæу, уымæн æмæ нын зæххы цъарыл нæдæр хæстæг ис, нæдæр хицон, нæдæр æрвад. Нæ дунейы фарн нæ кæдæм кæны, уымæн нæхæдæг дæр ницы зонæм. Æцæг, куыд зæгъынц, афтæмæй, дам, цардыстæм цæугæдæттæ Тигр æмæ Ефраты былгæрæтты, фæлæ нæ уым дæр нæ уарзтой æмæ нæ цæрын нæ уагътой нæ сыхæгтæ, сæ удхæссæг нæ федтой. Кæдæм ма фæцыдаиккам, уымæн нæ сæрæн ницы уал зыдтам. Гъе, афтæ нæ бонтæ æрвыстам иунæгæй, цыма хуыцауæй нырма уæд æрхаудтам, уый хуызæн... Æцæг, кæй цуры цардыстæм, уыдон нæ нæ зæххытæй ратардтой, ницы уал нын ныууагътой. Алантæ (ирæтты рагфыдæлтæ – Хъ. М.) нын фæтæригъæд кодтой æмæ нæ Сау денджыз æмæ стæй Колхидæйы дæлвæзты æрцæрын кодтой, радтой нын зæхх, барæвдыдтой нæ, амыдтой нын хæстон хъуыддаг, ахуыр нæ кодтой сæ культурæйыл, се 'гъдæуттыл, хъахъхъæдтой нæ æддагон знæгтæй»[1], – уый нæ абон дæр нæма уырны, нæ бонæй нæ уа. Шамилæн та 20-æм азты геноцид йæ фыдæлты мысинæгтæй æппынæдзух змæлыд йæ зæрдæфысты; нæ истори, дам нын зыгъуыммæ кæны... Æфхæринаг нын исчи фæзына, æндæра йæ цæй тыххæй фауæм, уый алыхатт дæр рауардзыстæм.

Поэты æмбырдгонды чиныгкæсæджы цæстæнгас иууыл тынгдæр йæхимæ чи здахы, уыцы æмдзæвгæтæй у «Сæрдыгон изæр Цъæйы комы». Автор романтикон æвзагæй дзурын ахуыр куыд уыд, афтæ ныв кæны нæ фенддаджы æрдз алæмæтон ахорæнтæй, куыд «Æмбæрзы хуссайраг æхсæв Фæлмæн йæ сау зæлдагæй хæхтæ, Тызмæгæй артуадзæг æврæгъты Ныгъуылынц къæдзæхтæ дæрддзæф...». Фæлæ æрдзы ныв æрдзы нывæй нæ баззайы. Сцæрдуд æй кæны поэт. Æцæг, уды уыцы уæлмонцтыл æфтауæг ныв фыдæлтæй фæстæмæ ахуыр цæуыл нæу, ахæм æнæуаг хъуыддагæй: «Кæм фесты цъитидон фынчытæ, Æрыгон бурдзалыг чызджытæ Бæгънæгæй лæппутимæ уым Цъæх нæууыл, Рекомы бын, бадынц».

Искуы дæр нæ, фæлæ бæгънæгæй лæппутимæ бадынц «Ирыстоны иууыл кадджындæр æмæ стырдæр»[2] зæд Ре-

[1] К и к о д з е Г е р о н т и. Сакартвело, 1917. – № 4.

[2] Ц ы б ы р т ы Л ю д в и г. Ирон адæмон бæрæгбонтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 136 ф.

комы бын. «В. Б. Пфафф та Рекомы кувæндон нымадта, æгас Ирыстоны Уастырджийæн кæм кувынц, уыцы сыгъдæг æмæ табуйаг бынатыл»[1]. Æмæ ахæм æвæджиаг ран[2] æнæуагæй хи æвдисын Шамилы хуызæн поэты уд куыннæ хъуамæ нырризын кодтаид, куыннæ йын хъуамæ фестадаид масты хос:

*Кæм фесты цъитидон фынчытæ,*
*Æрыгон бурдзалыг чызджытæ*
*Бæгънæгæй лæппутимæ уым*
*Цъæх нæууыл, Рекомы бын, бадынц.*
*Æз рындзыл иунæгæй лæууын –*
*Кæддæр ам асасти мæ уадындз,*
*Йæ зæлтæ сагъæсты хуызæн*
*Тæхынц фыдæлтыккон бæлæстæй*
*Æмæ дзæнæты цъиутау мæн*
*Фæсайынц талынгмæ сæ фæстæ...*
*Цæуын æвæсмонæй... Ныссау*
*Цъæйы дон... Къахвæндæгтæ сæфынц...*
*Кæуынц мæ бæллицтæ... Бæхтау*
*Мæ удыл джазы мыртæ кафынц...*

Æнæуаг, къæйных ми адæймаджы маст, фæсмоны фæндагыл кæнынц. Æгъдау æмæ æфсарм кæм нæ уой, уым фидæн развæлгъау кæуы. Æвæджиаг бынаты æвæджиаг митæ кæнын æмбæлы. Цыбырты Людвиг зæгъы: «Адæмы монон (духовон) царды ахсджиаг бынат ахсынц, сæ национ сæрмагонд æууæлтæ сын чи æвдисы, культурæйы ахæм миниуджытæ»[3]. Адæймаджы уды национ культурæйы хуызтæ сæ кæрæдзи ивгæ куынæ тæлфой, уæд йæ цард иу сау суарийы аккаг нæу.

Шамил йæхæдæг худт, чи нæм ныууырдыг вæййынц: «Гаджидау, сидт æмæ рæгъæй цы хъауджыдæр ис, уый нал зонут»[4], – чи фæзаманæ кæнынц, уыдоныл. Фæлæ

[1] Уыйдæруым, 138 ф.

[2] Пфафф. Этнологические исследования об осетинах. ССК 11. – Тифлис, 1872. – 120 ф.

[3] Цыбырты Людвиг. Ирон адæмон бæрæгбонтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 3 ф.

[4] Джыккайты Шамил. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 281 ф.

цыфæнды «бурдзалыг чызджытæ»-н дæр нæй кæйдæр æвæджиаг бынæтты цахæмфæнды рæсугъд буар дæр быдиттæй æвдисæн. Æнæфсарм мийыл фæуæлахиз уæвæн ис æрмæстдæр рухс æмæ рæстдзинады фæрцы. Уымæй йæ фæхъæуы ивын. Ууыл у лирикон хъайтары сагъæс, уый тыххæй агайы чиныгкæсæджы зæрдæ:

*Фæстаг зæрæхсиды тæмæн*
*Æрмынæг æртыты фæздæгыл.*
*Ысcæст, æртæхмондаг кæрдæгыл*
*Тæдзы бæлоны тугау сæн*
*Рæсугъд æвзонг чызджы сырх былтæй.*
*Йæ къухы дидинæг – тымбылтæй,*
*Хæххон сырх дидинæг, дзæбæх*
*Уый рæзыд дурты ‘хсæн сыгъдæгæй,*
*Уый арвы цæстытæй æртæх*
*Нызта сæумæцъæхæй…*

Афтæмæй цъæл дидинæджы хуызы символикон хуызы фенæм, уыцы бæгънæгæй Рекомы бын чи бадынц æмæ мыдул кæрдæгыл, бæлоны тугау, сæн кæй сырх былтæй тæдзы, уыдонмæ цы ‘нхъæлмæ кæсынц, уыдæттæ. Фæлæ сæйраг у, рухс фидæны тыххæй поэты ныфс кæй нæ мæлы, уый:

*Сындæггай*
*Фæцæуын талынгмæ... Уæд дард*
*Фæзынди урс фæлмæй ыстъалы,*
*Уый худы, ирд тæмæнтæ калы,*
*Æндзары тар æхсæвыл арт...*
*Цыма Цъæйы доны фынчытæй*
*Дæ хуызы раленк кæны зæд,*
*Йæ уæздан сатæг-сау цæстытæй*
*Фæлмæн рухс ивылы... Æппæт –*
*Цы уыд мæ алыварс – фыдфынтæ –*
*Æндæргау ивайынц йæ тынты...*
*Сыгъдæг, æнæазым фæлгонц!*
*Мæ аргъуан срухс кæны йæ тавиц,*
*Æмæ та мæн кæддæрау тавынц*
*Рæсугъддзинад æмæ уæлмонц...* [1]

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 31–32 ф.

Алкæмæн йæ лауыз – йæ мæрдтæн. Хъуамæ нæ ма рох кæна: кæмæдæр рæстæгæрвитын махмæ мæлæт кæй у. Тедеты Георги æрхуымæй уымæн загъта: «Удивительно ли после этого, что сегодня нам с тоской и тревогой приходится смотреть на наследников нации, мало усвоивших из богатств национального духа и «на лужайке возле Рекома сидящих с голыми рыжекудрыми девицами», не чувствуя разницы между святилищем и туристической достопримечательностью («Летний вечер в Цейгоме»), между отдыхом после созидательного труда и пустым времяпрепровождением, между чужой культурой и ее истинными достижениями»[1].

Фæлæ цард æрмæст уыдонæй нæу. Йæ мардæрцыд – удæн тыхмийæ раст фæндагыл лæууæн куынæ уа. Елбыздыхъо дзырдта: «Тысячи наших братьев копошатся в грязи, создают богатства и роскошь для других, в то время как сами гибнут, зараженные ядом разврата и невежества».[2] Барвæндæй хи цъыфы æвæрын – мæлæтæй фыддæр.

Лирикон хъайтар йæ сæнтты здæхы йæ рагбонтæм: «Цыма Цъæйы доны фынчытæй Дæ хуызы раленк кæны зæд, Йæ уæздан сатæгсау цæстытæй Фæлмæн рухс ивылы...» Æмæ уый фæрцы фенæм, æнæгъдау мийыл куыд уæлахиз кæны сыгъдæг, уæздан хъуыддаг. Цард уымæй куыд рæсугъд кæны, уый та нын равдыста поэт зæрдæмæдзæугæ, романтикон рæсугъд поэзийæ. Уымæн зæгъы Гуæздæрты Азæ: «Поэзия Шамиля Джикаева – яркое явление в осетинской литературе»[3]. Уымæн æм нæ лæууы зæрдæ. Йæхимæ нæ уымæн скъæфы. Йæ поэтикæйæ нæ æфтауы рухс сæнттыл. Сыгъдæг нын кæны нæ уд. Æмæ йыл «Цæф сæгуыты маст»-ы тыххæй уыцы хæлæггæнджытæ бирæ цъыф фæкалдтой, уæддæр ын сæ бон ницы баци, фæбæрзонддæр æй кодтой, æндæр. «Цæф сæгуыты маст» ирон поэзийы уыд, Шамилæн йæхиау, ног фæзынгæ стъалыйы хуызæн.

[1] Т е д е е в Г е о р г и й. Размышления при свете «ночных костров» / Северная Осетия, 1992. – 22 сентябрь.

[2] Б р ы т т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 112 ф.

[3] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 55 ф.

## ЦЫППÆРÆМ СÆР

## ЦАРД ПОЭЗИЙЫ АХОРÆНТÆЙ ФÆЛЫНДЗЫН

Поэзийы лирикæйы тыххæй Джыккайты Шамилы хъуыды, æцæг поэт æмæ литературæиртасæг кæй уыдис, уый охыл дзырдта бæлвырд æмæ æргомæй: «Поэзийы хуызтæй зындæр у лирикæ. Лирикон уацмыс къаннæг кæй у, уымæ гæсгæ домы бæстон æмæ лыстæг куыст, уый хъуамæ уа зырнæй-зылд. Лирикон поэт кусы зæрингуырдау»[1], – бæлвырд кодта Шамил. Æмæ нæ хызтис йæ домæны сæрты, кæддæриддæр æй æххæст кодта, Хуыцауæй йын лæвæрд чи уыдис, уыцы курдиаты фæрцы.

Æмæ цæуылфæнды ма фыстаид – Ирыстоны æрдхæрæны æрдзыл, нæ фыдæлтæ аланты удуæлдай хæтæнтыл, нæ царды мæнгард хъуыддæгтыл, лæгæвзарæн, стыр тугкалæн тохтыл æви æгæрон уарзты кæлæнтыл – никуы сын хæлæг кодта йæ зæрингуырдон дæсныйад.

*Кæддæр-иу Сау хохы хъæбысы*
*Уæлыгæс хъæлдзæгæй цыдтæн...*
*Ныр уыцы хъæлдзæг бонтæ мысын,*
*Æмæ та уалдзæг ралæууы мæнæн.*

*Кæддæр-иу Чъырададжы чыссыл*
*Куыд уарзтон суадоны тæмæн!..*
*Ныр мæм йæ сыгъдæг зарæг хъуысы,*
*Æмæ та уалдзæг ралæууы мæнæн.*

*Кæддæр-иу милдалынг изæрты*
*Æрттиваг хъæндилтыл зылдтæн...*
*Æрлæууынц уыцы нывтæ зæрдыл,*
*Æмæ та уалдзæг ралæууы мæнæн.*

Æмæ йын уыцы мысинæгтæй уалдзæг кæй ралæууы, уым цыма уадиссагæй ницы уаид, уыцы хъуыддаг ууыл куы заид, æндæр куы никуыдæм хизид, уæд. Фæлæ, поэ-

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Лирикон поэзийы поэтикæ // Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л, Г у æ з д æ р т ы А з æ, Д ж ы к к а й т ы З æ р и н æ. Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 34 ф.

тыл йæ мысинæгтæй уалдзæг цæмæй ралæууы, уыдон чиныгкæсæджы нæ уадзынц удæн-цой, махæн дæр мысын кæнынц не ‘взонджы бонтæ, ралæууын ныл сæ кæнынц ногæй æмæ уацмысы хорздзинад уым ис, уымæй æмбулы:

*Кæддæр кæйдæр чызджы æнкъардæй*
*Æз федтон дидинджыты ´хсæн...*
*Ныр мысын уыцы амонд дардæй,*
*Æмæ та уалдзæг ралæууы мæнæн.*

*Кæддæр рæсугъд хъоппæг кæм хъазыд,*
*Уым мит æрæвæрдта хъæпæн,*
*Фæлæ йæ хуыз мæ уды баззад,*
*Æмæ та уалдзæг ралæууы мæнæн[1].*

(«Рухс мысинæгтæ»)

Алы аивады кусæгæн дæр, йæхæдæг æй куынæ хата, уæддæр вæййы иу сæйраг нысан æмæ цæуылфæнды дзурæд, уæддæр æй йæ фæндаг кæны уырдæм. Афтæ уыд Шамил дæр. Рухс фидæн уыдта тохы. Æмæ йæ не ´мбæхста: «Говорят у нас трудно найти двух единомышленников, но если рядом все от мала до велика – одна душа и одна голова, значит, и нам прямой вызов собраться в один кулак. Наши предки это всегда умели делать»[2]. Уымæ нæм сидт поэт махмæ дæр, нæ фæстагæттæм дæр, кæд нæ рагæй хъуыдис уыцы фæндагыл цæуын, мах та абон дæр къуырмайы æфсон кæнæм, цыма нæ хуыздæры фæдис нæ хъусæм, уæддæр. Нæ нæм фехъуыст, Джыккайы-фырты размæ нæм цы сæрхъуызойтæ уыдис, уыдонæй; нæ нæм хъуыст Шамилæй; абон дæр æрхуымæй лæууæм... Цалынмæ та нæ фыдбылыз, – Хуыцау бахизæд, – ногæй не ‘рсура, уæдмæ.

Фæлæ нæ поэты уацмыстæ æмтгæй уыцы зæрдæуаг иста бæрзонд. Æмæ фыссæджы поэтикон уæлахизтæм хауы йæ радон чиныг «Амыраны зæрдæ». Шамил, йæ фыццаг чингуытау, ам дæр Ирыстонмæ йæ уарзт равдыста цæстуынгæйæ, алыварсонæй.

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 46 ф.

[2] Т а у т и е в а Т. О чем болит сердце поэта Шамиля Джикаева / Северная Осетия, 2005. – 20 май.

Ӕмæ йæхи ма ауадзыны тыххæй, æппынæдзух размæ цæуын, нæ дзыллæмæ уæлахизтæм сидын, йæхицæн кæддæриддæр ныфс æвæрыны æфсон фидар зæрдæйæ дзырдта:

*Кæй ыскаст хур сыгъдæг арвыл æвзонгæй,*
*Кæй ысты хæхтæ ирд æмæ сæууон,*
*Кæй сыстадтæн сæумæцъæхæй æрвонгæй,*
*Кæй уынын ног сыгъзæрин рухсы бон,*
*Кæй нæма сты мæ хъуыдытæ фыдæхыл,*
*Кæй мæм нæ кæсы искæй уарзын зын, –*
*Цæрын æмбæлы уый тыххæй нæ зæххыл,*
*Ӕмæ дзы æз æппæтæн дæр быхсын[1].*

Быхста йæ, хатыр æй йæхицæн дæр нæ кодта. Уый дæр Елбыздыхъойы хъуыдыйыл лæуд уыдис: «Надо обозреть упавшую духом молодежь. Надо окрылить ее – пусть даже миражем; но окрылить – это важно»[2].

Не ‘ппæт дæр зонæм адæмон сфæлдыс-тадæй, адæймагад куы равзæрд, уæд цардис къуырма æмæ къуыттыйæ, зынг ын кæй нæ уыдис, уымæ гæсгæ – æрвонты цæст сын æй нæ уарзта. Развæлгъау зыдтой, адæймагмæ зынг куы бафта, уæд сгалиу уыдзæнис, æвзиддзæн дзы уæлæрвтæм. Фæлæ Амыран семæ не сразы. Адæмæн уæлæрвтыл баджытæй зынг кæй раскъæфта, уый тыххæй баст æрцыдис хохы цъассы, талынг лæгæты æфсæн рæхыстæй айнæгмæ. Бæстыхицау ын хæйрæг Дуртулаимæ æнцой нæ дæттынц, йæ зæрдæ йын, тугкалгæйæ, хæрын кæнынц уарийæн. Фæлæ нæ сæтты. Кочысаты Мухарбеджы сидт уымæ дæр хауы: «Нæ райсдзынæн хæдбарæй цагъай-раджы къæлæт, – Хуыздæр æгады цардæй – сæрибарыл мæлæт!»[3].

Уый ссис нæ ирон адæмы символ фидæны рухсмæ цæугæйæ. Нæ сæрыстыр Брытъиаты Елбыздыхъо йыл ныффыста, æмбал кæмæн нæй æмæ тагъд æмсæр кæмæн нæ разындзæнис, ирон адæмимæ нæ бонзонгæ царды æнусты æмдзу чи кæндзæнис, ахæм трагеди «Амыран»[4].

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амыраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 9 ф.

[2] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 127 ф.

[3] К о ч ы с а т ы М у х а р б е г. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977. – 77 ф.

[4] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 211–151 ф. Уыцы рауагъд ахадæн, зæрдæбынæй фыст разныхас «Стыр райдайæн»-имæ мыхуыры рауауагъта Шамил.

Шамилы бафæндыд, Амыраны зынг зæрдæ куыд сæвзæрд, йæхи адæмæн цæмæн снывонд кодта, уый поэтикон фæлгонцты руаджы нæ ирон поэзийы равдисын. Нымад аив дзырдтæй йæ адæмæн фенын кæнын, цæмæй нæм, цы стыр хъуыддаг нын сарæзта, уый нæм бахъара тынгдæр, алчи дæр нæ йæ ныффысса йæ зæрдæйы:

*Кæмдæр цæргæс лæджы зæрдæ æхсыны,*
*Цыма цæгъды джебогъ фындзæй æхсон...*
*Ис хохы сæр – нæ дæлвæзтæм нæ зыны,*
*Нæ йæм æфты йæ хъуыддæгтæй зæххон.*

*Уый адæмæн хуыцауы зынг æрхаста*
*Æмæ фыдбоны сау рындзмæ ысхызт,*
*Йæ хъæдгæмттыл хæссынц нæ хъыгты азтæ,*
*Фæлæ нæ дугмæ нал хъуысы сæ рыст.*

Æмдзæвгæ цæуы уыцы иу, эпикон хуызы æмæ, мах куыд фæнды, афтæ нæ агайы зæрдæ. Цы кæсæм, уыдон рагæй хъусæм. Ногæй нын сæ цыма ницы ис. Фæлæ поэт æнæнхъæлæджы, Нигер: «Ныхасы æрмæг хъуамæ дæсны амад уа»[1], – кæмæй зæгъы, ахизы уыцы лирикæмæ. Æмæ æрмæст йæ хъæлæс нæ баризы, фæлæ базмæлы æмдзæвгæ, кæд цы æнæмæлгæ сырх хуызы кой кæны, уый нын фыдбоны демократтæ не ʻрмттæй стыдтой, чи нæ йыл хæцы, уыцы цъымарамæ йæ фехстой, уæддæр.

*Фæзынд сæуæхсид денджызгæрон дардæй,*
*Цыдысты йæм ысгуыхт æмæ æвзыгъд.*
*Уæд чидæр иу тын рарæдывта артæй,*
*Æмæ зæххыл Сырх тырыса ыссыгъд.*

*Уый тохæй тохмæ ахастой фæлтæртæ.*
*Нæ сæрмæ уымæн не сивдзæн йæ хуыз.*
*Сырх фæйлауæн – Амыраны зынг зæрдæ,*
*Ды удæн рухсмæ базыртæ дæттыс[2].*

(«Амыраны зæрдæ»)

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 19 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 7–8 ф.

Поэт фæлгонц сарæзта, фæлæ æмдзæвгæ йæ номы æмбæрц нæ байрæзт, хъыгагæн. Уый хыгъд чиныджы сæрæн басгуыхт. Стæй дзы, чиныгкæсæг йæ цæст кæмæй барæвдауа, йæ зæрдæ йын чи барухс кæна, ахæм уацмыстæ дзы ис æнæдызæрдыгæй. Сæ иу – «Фыдыбæстæ».

Поэт фыццагау æнувыд у нæ Райгуырæн бæстæйыл. Æгæрыстæмæй йæ чи нæ уырныдта, уыцы Хуыцауæй дæр æй куырдта Мамсыраты Темырболатау: «Хуыцауæй дæ курдзыстæм, цалынмæ уа нæ хъæстæ».

Æмæ уыцы хъуыддагæн ис бындур. Йæ Фыдыбæстæйы фæрцы йæ уырнынц æппæт хæрзтæ дæр. Фыдыбæстæ йын сагъæсы фаг дæр уыд æмæ амонды фаг дæр. Кæддæриддæр дзы уыдис ныфсджын æмæ сæрыстыр. Æмæ уыцы арфæйаг хъуыддаг чиныгкæсджыты разæй, дзырд дæр ыл нæй, уыдтой хистæр кары фысджытæ: «Иу дзырд сæдæ дзырды ахсы»[1].

«Джыккайты Самилæй уæлдай кæстæртæй ничи уадиссаг исты аразы, сæхиуыл дæр раппæлинаг куыст нæ кæнынц, се стихты культурæ примитивы бæрзæндæй уæлдæр нæ кæны»[2], – уыдис Плиты Грисы хъуыды. Стæй æрмæст уый хъуыды нæ уыд. Уæды фысджытæй ахæм хъуыды бирæтæм уыд.

Хистæр, куырыхон лæджы уайдзæфы ныхас иуæй æмбæрст у, йæхиау, Шамил дæр классикон формæйыл фидар хæст кæй уыдис, йе сфæлдыстад æнæхъæнæй ууыл кæй быдта, сæрибар поэтикон фомæмæ йæ хъус кæй нæ дардта, æгæрыстæмæй дзы йæхи кæй хызта, уымæй. Коммæ загъта: «Цæйдæр верлибрыл бафтыдысты, фидæн кæмæн нæй, æмæ ирон чиныгкæсджытæ кæй никуы райсдзысты, ууыл, æмæ дзы азæй-азмæ кæритæ кæнынц, фыссынц дзы æзфылдæрæй, ног фæзындыл æй нымайынц поэзийы, йæ фæзындыл ныр сæдæгай азтæ кæй рацыдис, ууыл хъуыды дæр нæ кæнынц, афтæмæй. Уæд ма цы уа уымæй бæллæхдæр!»[3].

Иннæмæй та, уыцы рæстæджы Шамилæн поэзийы тынг хорз æнтыстытæ уыдис «Цæф сæгуыты маст»-æй райдайгæйæ æмæ йыл Грис куыннæ хъуамæ æрæвæрдтаид

[1] Гæдиаты Секъа. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 425 ф.
[2] Плиты Грис. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 36 ф.
[3] Плиты Грис. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 36 ф.

йæ цæст. Цы мæстытæ йын кодтой, уыдон дæр тынг хорз уыдта, æмæ сæ æнкъардта йæхи рисæй. Сæрыстыр уыдис, æнæрцæф æвзонг поэт йе ‘нæбары, цурон æфхæрджыты цыма хъуыды дæр нæ кæны, йæхи афтæ кæй дардта, уымæй. Йе ‘взонджы бонты хъыцъыдæттæ дзы рох нæма уыдысты.

Æмæ дзы куыннæ хъуамæ уыдаид сæрыстыр, кæд Шамил дæр Грисæн йæхийау Ирыстоныл цæрддзу кодта, лæвæрдта йын йæ уд рæдауæй, Гафезау æм мады номæй дзырдта, уæд[1]. Фыдыбæстæйы тыххæй йæ ныфс никуы саст, бæрзонд ыл хæцыд, уымæн дзы уыдысты сæрыстыр нæ кады хистæртæ. Куыннæ дзы уыдаиккой разы, рæзинæгтæн æй сæ уды аивæй чи æвæрдта:

*Мæ мады хай, дæ сонт лæппу фæндагыл*
*Вæййы дæ рард фæндаггагæй сæрыстыр,*
*Æууæндын æз дæ бæллицты хъуыддагыл*
*Æмæ хъæцын дæ уæззау хъыг, дæ рыстыл.*

*Мæ тыхсты дæр æнхъæлцау зæрдæ хаты:*
*Фæрнджын дæ ды – нæ дын тæрсын мæгуырæй, –*
*Дæ уæрагыл дæ урс риуы æхсырæй*
*Хæсдзынæ ды Черментæ ‘мæ Къостаты[2].*

(«Фыдыбæстæ»)

Æмæ поэты сфæлдыстадæй нæ бон цас æмæ цас бауыдзæнис ахæм цæвиттонтæ хæссын! Уымæй дæр йе сфæлдстады зын арæн не сты – фæкæс æмæ дæм Фыдыбæстæйы уарзт кæцæй нæ бахуддзæнис йæ мидбылты, кæцæй дын нæ барæвдаудзæн дæ зæрдæ.

*Хъæздыг дæн æз, æвидигæ – мæ бынтæ,*
*Сæ фарн мын радтой нартæ æмæ чынтæ.*

*Нæу уымæн тас зæххæнкъуыст æмæ хæстæй,*
*Нæу уымæн тас хæрам æмæ æлгъыстæй.*

[1] Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948. – 115 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амыраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 10 ф.

*Фыдыуæзæг! Æз рантыстæн дæ зæххæй,*
*Мæ тырыса – дæ уарзт æмæ фыдæхæй.*

*Уый нæу зæххон – мæ риуы судзы артæй,*
*Нæй уымæн сæфт хъаймæтæй кæнæ кардæй...*

Афтæ поэт нымайы, Фыдыбæстæ йын цæмæн у зынаргъ. Æмæ, бæргæ, Нигер раджы загъта: «Истори кусæг у ныр Ирæн»[1], – фæлæ нын уыцы ныхæстæ, стонг кæрдзыны койæ йæ афтид гуыбын куыд сайы, æндæр нын æххуыс ницы сты. Шамил уымæн нымайы, Фыдыбæстæ нын æцæгæй цы стыр хæзнатæ ныллæвар кодта, уыдон куыд хуыздæрæй, куыд ахадгæдæрæй. Стæй æрмæст хæзнатæ нæ, хæзна йæ цуры кæмæн ницы у, фæлæ æххæстæй кæй нæ зонæм, ахæм диссæгтæ дæр:

*Фыдыбæстæ мын йе 'взаджы хæзнатæ*
*Уæрсты боны кæстæры хайæн радта.*

*Йæ дзырдтæ мын – зæронд сæны быркуытæ,*
*Йæ зæлтæ мын – цыкурайы фæрдгуытæ.*

*Сæ зæл мыдау куы фæтæдзы ныхасы,*
*Уæд фесты дур сыгъзæрин æмæ глази...*

*Ис ме 'вæрæнты хъæзн æмæ налхъуыттæ:*
*Рæстдзинад æмæ а бæсты хъуыдытæ*[2].

(«Хъæздыг дæн æз...»)

Уыдон æрымысæггаг, уæздандзинады номыл дзырдтæ æмæ дзырдбастытæ не сты. Шамилæн йæ хъуыдытæй алкæцы дæр цыдис йæ зæрдæйы уидæгтæй йæ зæрдæйы тæгтыл. Уымæйдæр-иу сын фæндаг радта, йæ бон-иу сæ бауромын куынæ уал уыд, уæд. Хæмыцаты Албег дзы уымæн дзырдта: «Уыдтæ бæрзонд ныфсы мæсыг нæ Ирæн»[3].

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 213 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амыраны зæрдæ. – Дзæуджы-хъæу, 1973. – 11 ф.
[3] Х æ м ы ц а т ы А л б е г. Уыдтæ бæрзонд ныфсы мæсыг нæ Ирæн... // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 172 ф.

Ныфсы мæсыг дæр уыдис нæ Ирæн æмæ хæстон мæсыг дæр. Дзасохты Музафер зæгъы: «Джыккайы-фырт канд сфæлдыстадон кусæг нæ уыдис. Уый æппæты фыццаг уыди, йæ райгуырæн бæстæ æнæкæрон бирæ чи уарзта, ахæм патриот. Кæд исчи йæ адæмы хъыгтæ æмæ сагъæстæ йæ зæрдæмæ арф иста, уæд уыдоны раззагдæр рæнхъыты цыди Шамил. Кæд исчи йæ фыдызæххы рæсугъд фидæнмæ бæллыди æмæ уый сæрвæлтау йæ цард нывондæн хаста, уæд уыдонимæ дæр уыди æмæ уыдзæни Шамил. Кæд нæ фыдæлты хæзнатæ хъахъхъæныныл исчи зæрдиагæй архайдта æмæ сæ цæсты гагуыйау хъахъхъæдта, уæд уыдонæй иуæй дæр фæстæ никуы баззад Шамил. Кæд исчи йæ адæмы раз «барджын ныхас» ракодта æмæ йæ ныхæстæ дзыллæты зæрдæты аккаг бынат æрцахстой, уæд уыдонимæ банымайын æмбæлы Шамилы дæр. Кæд исчи æр-гомдзырд уыди æмæ йæ хъуыды комкоммæ зæгъынæй нæ тарст, уæд уый дæр уыди Шамил»[1].

Æмæ йæ ныхасы æрымысæггаг ницы ис. Дарддæр уымæн нымайы нæ зынгхуыст сæрхъуызойы бафæзминаг, æрдхæрæны хъуыддæгтæ: «Иу кæнæ иннæ цауы тыххæй Джыккайы-фырт цы зæгъдзæн, уымæ æнхъæлмæ кастысты Иры дзыллæтæ. Йæ ныхас сын лæвæрдта ныфс, разæнгард сæ кодта зындзинæдты сæрты хизынмæ, размæ зæрдæрухсæй цæуынмæ»[2].

Уый æппæт хъуыддæгтæм æрмæст тырнгæ нæ кодта, фæлæ сæ арæзта зæрдæбын æмæ разæнгардæй, йæ адæм, йæ Фыдыбæстæйы патриотæн куыд æмбæлы, афтæ æнæзивæг æмæ æнтысгæйæ. Йæ уд хи хæдзары хъуыддæгтæн фæстæ не 'вæрдта, хуыздæр бонтæм ыл нæ ауæрста кæйдæртау, афтæмæй. Йæ алыварс цы адæм уыдис, уыдонæн кæддæриддæр уыдис ныфс. Никæй бон уыдис, йæ раст фæндагæй йæ фæиппæрд ластаид, кæд йе 'взонджы бонтæй фæстæмæ уыцы сау лæгты нымæц никуы къаддæр кодта, уæддæр. Худт сыл ницæйагæй æмæ, æгæрыстæмæй, исчи сыл худа, уый аккаг дæр кæй не сты, афтæмæй сæхицæй хуыздæрты аныхъхъуырынмæ кæй хъавынц, уый охыл:

[1] Дзасохты Музафер. Фæлæ... // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 79 ф.

[2] Уыйдæруым.

*Мæ фæдыл бафтыд аууонау нымудзæг,*
*Къæйных бындзау мæ нал уадзы æнцой.*
*Куы суадзын зарæджы мæ зæрдæйæн йæ судзаг,*
*Уæд дамты бæхыл авæры мæ кой.*

*Æз хуримæ бæсты фарныл фæдзурын,*
*Зынг ыстъалытæй фескъуынын тынтæ,*
*Мæ «сих» та афтæ ´нхъæлы, æмæ курын*
*Нæ зæххæн арвæй марг æмæ фыдтæ...*

*Йæ хуыккомы мæ цæстыты цæхæрæй*
*Уый амбæхсы гæккуырийау æваст,*
*Æз та уæлмонцы пиллоны мæ хъæрæй*
*Æфтауын зарæгыл уæздан цин*
*Æмæ маст.*[1]

(«Мæ фæдыл бафтыд аууонау нымудзæг...»)

Уыцы хъуыддаг лæгау-лæгæн, гъай-гъайдæр, у цины, сæрыстыры хос, фæлæ Шамил йæхи бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл никуы хуыдта. Æнæазымджыны сæрты кæсын нæ уыд йæ туджы. Æрмæстдæр ыл Хуыцауæй нæ Фыдыбæстæйы раз цы хæс уыдис, уый æххæст кодта æнæ хъинцъхъыллистæй. Æмæ йæм ууыл дæр мæстæй мардысты нæ фыдызнæгтæ. Уый охыл: «26 майы, Зæрдæвæрæны, ног мæрдджынтæ сæ мæрдтæн марды æгъдау куы кодтой, сæ цæссыгæй сæхи куы æхсадтой, уæд уыцы мысæн бонмæ ирон адæмы Ирыстоны цыфыддæр знæгтæ бахъавыдысты нæ зæрдæтæ нын тынгдæр фæриссын кæнынмæ – сæ маргæйдзаг хæцæнгарз нын ныссагътой нæ риуы – фыдвæнды амæттаг бакодтой Иры æфсарм, æгъдау æмæ намысы сæрхъуызой Джыккайты Шамилы»[2], – зæгъы зæрдæрисгæйæ æцæг ирон дзыллæйы хъынцъым Цгъойты Хазби.

Уымæн æмæ йæм мардысты хæлæгæй. Ницы уыдысты æмæ сæ ницæмæ дардта. Æнæрцæф поэтæн æцæгæлон уыдысты туттсæр хъалтæ, дымыстъæртæ, цуронтæ. Уымæн æмæ ницытæ кæддæриддæр фæхъавынц искæй уæр-

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амыраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 17 ф.

[2] Ц г ъ о й т ы Х а з б и. Фæндагамонæг стъалыйау сыгъд йæ фарн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 1912. – 87 ф.

доны бадынмæ, искæй хардзæй цæрынмæ, искæй кадæй сæрыстырæй цæуынмæ. Уый хыгъд бæрзонд æвæрдта Ирыстоны сæрхъуызойты. Æмæ рухс фидæныл хатт поэты æууæнк А. П. Чеховы хъайтар Ванька Жуковы æууæнкæй фылдæр куынæ уа: «На деревню дедушке. Константину Макарычу»[1], – фыстæг æрвыста Мæскуыйæ, – уæддæр хъуамæ тохмонц уа. Адæймаг, цы дзыллæ æмæ Фыдыбæстæйы фарнæн райгуыры, уыдонæй хъуамæ æнæмæнг уæлæмæ схæцынæн уа.

Шамилæн йæ рæстдзинад йæ тырыса уыдис. Алы хатт дæр æй йæ сабибонтæй фæстæмæ бæрзæндты хаста йæ разæй, фæнды йæ адæмы сæрыл дзырдтаид, фæнды – Ирыстоны, фæнды – назы талайыл, фæнды – лæгау-лæджы царды нысан кæнæ ирон фынджы фарныл. Йæ дзырд уымæн уыд зæрдæйылæмбæлгæ. Йæ ныхмæлæуджытæ йæм уымæн мардысты хæлæгæй. Йæ мулкæй йæ сæр бæрзæндты чи фæхæссы, афтæмæй царды æцæг цæджындзты чи нæ фембары æмæ фæзоны, уыдоныл фыст у Шамилы æмдзæвгæ «Цыдысты балцы Хъобаны уæздæттæ...»:

*Цыдысты балцы Хъобаны уæздæттæ, –*
*Хæрзарæзт, хъал, гæрзарм æмæ бæхджын, –*
*Ыскъæрынц рог... Сæ фæдыл та уæрдæттæ*
*Фæтулынц цъыфы удхæрттæй уæзбын.*

*Чермен – нæртон гуырд – цалхвæды лæгæрста:*
*Кæвдæсард хаста уавæртæн сæ уæз*
*Æмæ сæрфта мæлдзой лæгтæн сæ гæрзтæ...*
*Æвзæр амондæн хорз хъæру – бæхгæс!*[2]

Фæлæ уыцы хъуыддаг – «Æвзæр амондæн хорз хъæру – бæхгæс!» – æнустæм кæй нæ ахæссы, уый тынг хорз зонæм историйæ[3]. Æмдзæвгæйы та автор равдыста, царды рæстдзинад ныгæд куы вæййы, уæд мулкæй хъæлтæн удæй хъæлтæ рæстæгмæ лæггадгæнæг куыд вæййынц æмæ царды хъулондзинæдты ныхмæ сæ бон сулæфын дæр куыннæ фæцæуы.

[1] Ч е х о в А. П. Пол. соб. соч. и пис. в 30 т. Т. 5. – М., 1985. – 478–481 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амыраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 30 ф.
[3] Ирон таурæгътæ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 188 ф.

Шамил йе ‘мдзæвгæ снывæста ирон æмбисонд «Æдых тыхджынæн – дондзау»-ы[1] бындурыл. Фæлæ йæхæдæг уацмысы кæрон сарæзта ног, зæрдæмæдзæугæ афоризм: «Æвзæр амондæн хорз хъару – бæхгæс!» Æмæ йын уый фыццаг хатт нæу. Кæм – адæмон афоризмтæй, фылдæр хатт йæхи æрымысгæ афоризмтæй арæх хъæздыг кодта йæ нывæфтыд уацмыстæ. Йæ аивадон амæлтты тыххæй Гуæздæрты Азæ уымæн зæгъы: «...эти средства и качества превращают стихи поэта Джикаева в подлинную лирическую поэзию»[2].

Ирон поэзийы фыдмæ, мадмæ, ныфсы адæймагмæ дзурын, йемæ поэтикон æгъдауæй лæгæй-лæгмæ ныхас кæныны хуызы хи хъуыдытæ æргом кæнын, царды æгъатыр рæстдзинад æвдисын нæ нывæфтыд литературæйы суанг уалæ Къостайы æрдхæрæны сфæлдыстадæй цæуы. Цæцæйнаг адæмон поэт Раиса Ахматова загъта: «Коста – огонь, который высекла любовь народа, изголодавшееся по любви народное сердце. Поэзия Коста своей бессмертной красотой цементирует силу нашего духа и сердца»[3]. Уæлдай тынгдæр та, Хуыцау кæуыл фæауды, уыдонæн фæиу кæны сæхи туг æмæ стæджы. Æмæ уыцы поэтикон амалыл – ныфсы адæймагимæ ныхас кæныныл Шамил суанг йе ‘взонджы бонтæй нæ атигъ кодта йæхи. Сæр æй кæм хъуыд, уым æй хаста йе сфæл-дыстадмæ. Уый дæр Къостайау æргомæй зæрдæбынæй дзуры йæ радтæг, йе схъомыл-гæнæг, адæмы рæгъы йæ чи ракодта, цард кæй фæрцы базыдта, уыцы фыдмæ:

*Ды сахуыр кодтай карз æцæгтæй мæн*
*Рæстаг куысты сыгъдæг фæндаг æвзарын...*
*Цæудзæн ыл тох, лæгæвзарæн кæндзæн,*
*Æз дзы мæ зæрдæ раст тæрхоныл дарын.*

*Уыдзæн ыл цин, къуылымпытæ, æнтыст,*
*Уыдзæн гадзрахат, хахуыр æмæ даутæ.*
*Хæрам, хæлæг мын фаудзысты мæ куыст,*
*Кæндзысты мын мæ рæсугъд цæсгом саутæ.*

[1] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 248 ф.
[2] Г а з д а р о в а А з а. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 98 ф.
[3] А х м а т о в а Р а и с а. Великий гнев, великая любовь//К о л л е к т и в а в т о р о в. Мятежная лира горца. – Владикавказ, 1981. – 55 ф.

*Дæ сæр-иу ма ‘руадз ахæмтæй, мæ фыд!*
*Мæ рæстадмæ-иу ма ‘хсайæд дæ зæрдæ!*
*Бæсты хуыздæртæй ахæм лæг нæ уыд,*
*Кæуыл нæ фыстой йе знæгтæ фыддæртæ.*

*Сæ хинтыл-иу æз хаттæй-хатт куы ‘рхауон,*
*Уæд-иу мæ удæн ма фæтæрс фыдæй:*
*Уый – стонг рувæстæ пыхсбыны зыдæй*
*Уæрццæнхъæл ахсынц цæргæсæн йæ ауон…*[1]

(«Ныфс»)

«Хæрам, хæлæг…» æмæ лыскъуд адæймæгты коймæ зæрдыл æрбалæууы Плиты Грисы ныхас, нæ фыццаг ирон профессоры дзырдтыл æнцойгæнгæйæ: «Æлборты Барис та афтæ загъта: «Чувство зависти губит нас. Хæлæг æм кæнынц, кæй йын æнтысы, уый тыххæй» æмæ а. д. Раст загъта зæронд»[2].

Фæлæ уый хыгъд, Къостайы лирикон хъайтарау («Ныфс»)[3], Шамилы æмдзæвгæйы лирикон хъайтар дæр йæ фыдæн сæрыстырæй ныфсытæ кæй æвæры, хæлæггæнджытæ йыл цытæ мысынц, уыдонмæ цæмæй йæ хъус ма дара, ма сæ хъуыды кæна, фæлæ йæ фыртæн æвæра ныфсытæ, уый чиныгкæсæджы æфтауы ныфсы хъуыдытыл. Дæтты йын тых. Æмæ ахæм уацмысæн алы хатт дæр ис хъомыладон нысаниуæг. Уæлдайдæр, æргом æмæ фидар кæнынц фыд æмæ фырты æхсæн æнгом æмæ сæ кæрæдзи хуыздæр æмбарыны ахастытæ.

Ам дæр æмдзæвгæйы кæрон лирикон хъайтар, йæ фыдгæнджыты хинтыл, мыййаг, искуы куы æрхауа, уæддæр йæ фыдæн афоризмæй кæй æвæры ныфс: «…стонг рувæстæ пыхсбыны зыдæй Уæрццæнхъæл ахсынц цæргæсæн йæ ауон…», – уый уацмыс исы ноджы бæрзонддæр æмæ йæ кæны зæрдæмæдзæугæдæр.

Шамил йæ чиныг «Амыраны зæрдæ»-йæ ирон чиныгкæсæгæн ноджыдæр фенын кодта, поэт дæсны кæй у гуырахстджын поэтикон уацмыстæ фæлдисынмæ дæр. Ацы æмбырдгондмæ бахаста фондз кадæджы: «Сыгъди сæуæхсид», «Мад», «Мæсыгамайæг», «Намыс», «Æлгъыст»

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 46 ф.
[2] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 60 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 22–23 ф.

æмæ сæ уынæм, поэты зæрдæ цы судзаг фарстытæй риссы, уыдон иу хай.

Уыцы поэтикон авнæлд, – схонæм æй афтæ, – поэтикон уæрæх формæты кусын, ома, балладæтæ, поэмæтæ фыссын, – уынæм йæ радон поэтикон уацмысты æмбырдгонд «Сагъадахъ»-ы[1]. «Тиль Уленшпигель» кæгæйæ ныффыста «Нывгæнæджы мæлæт». Равдыста, инквизицийы удхортæ арты хай куыд бакодтой хуыцауысконд нывгæнæджы: «Цæгаты уæд æрвгъуыз уалдзæг уыдис, Уæд дурвæткъуы сырх дидинæг æфтыдта» «Фландрийы дæлвæзты».[2]

Фæлæ уæддæр æмбырдгонды сæйраг æмæ зынгæдæр бынат ахсынц поэты æмдзæвгæтæ. Уымæйдæр, цардыл æмæ фарныл, фæллой æмæ рæстдзинадылдзурæг, лæджыхъæд бæрзонд кæнын, фыдæхы ныхмæ удуæлдай тохыл дзурæг æмдзæвгæтæ.

*Мæ фидæнæй æдас дæн æз,*
*Цæрын йæ ныфс æмæ йæ цинæй...*
*Зыдтон мæ сау куыстæн йæ уæз,*
*Мæ дзырдыл никуы цыдтæн хинæй.*

*Мæ риуæй састы хъæр нæ хъуыст –*
*Уыдтон мæ зынты дæр мæ амонд...*
*Кæд истæуыл мæ зæрдæ рыст,*
*Уæддæр сæрибары сæраппонд.*

*Кæд истæмæ бæллыдтæн, уæд*
*Æрмæст дæ дзæбæхтæм, нæ бæстæ. –*
*Кæд афтæ нæу, уæд мын мæлæт*
*Бындзарæй сыскъуынæд мæ хъæстæ.*

*Фæлæ мын иу сагъæс уæддæр*
*Мæ удæй сау тæгтæ æлвæста:*
*Нырма æз тынг дард дæн, кæмдæр,*
*Уынут мæ цъæх артæн йæ фæздæг*[3].

(«Мæ фидæнæй æдас дæн æз...»)

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сагъадахъ. – Дзæуджыхъæу, 1980. – 114 ф.
[2] У ы й д æ р у ы м, 114 ф.
3 Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амыраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 37 ф.

Аиводы кусæг йæ адæмы тыххæй зæрдæ-рисгæйæ куы фæкусы, йæ цард сын куы фæнывонд кæны, сæ сæрвæлтау йæхицæн адджын куы ницы уал фæкæны, уæд ын бантысы «Иры стыр хъарæджы» хуызæн уацмыстæ сфæлдисын. Поэты зæрдæ æгæрон, зæрдæхалæн цауæй нырызт æмæ, тарст цъиуау, йæхи ныххоста риуы къултыл:

*Фæцис мæ Ир фыдазарæй фыдвæззæг,*
*Бындурзылд æмæ царæфтыд фæцис.*
*Хъæрзы цæфтæй мæ зæрдæйау нæ уæзæг,*
*Йæ удæй ма йын чи сласдзæн æрхъис?*

*Кæдæм хъуысы нæ хъæр æмæ нæ хъæрзын?*
*Кæмæ хъары нæ хъыг æмæ нæ рыст?*
*Æдзæм мастæй рæхуыст галау ныккæрзын,*
*Æхгæд хъуыры ыскъуыбар ис æлгъыст.*

Æмæ фыдохы бон поэты зæрдæ æцæг фестад дзæнгæрæг æмæ дзы нæ иры маст анæрыд дардыл. Хъæргæнæджы хъæрæй, поэты дзыназынмæ Зæхх æцæг æркуыдта йæ хъæбултыл. Уымæ сæм сидт, уæдмæ дзырдаивады бирæ цъитимбæрзт рындзтæм чи схызт[1], уыцы Шамил:

*Нæ урс хæхтæ! Цæмæн лæуут æдзæмæй?*
*Æркалд мæ Ирыл сæфты бон йæ цар...*
*Куыд нæ цæут сæхъхъис сауты мæрддзыгой?*
*Цæуылнæ кæнут додой æмæ сар?*
*Нæрæмон Терк! Цæмæн уынæргъыс тарфæй?*
*Нæ хъуысы дард хъаймæты бон уынæр!*
*О Хурты Хур! Куыд сабыр кæсыс арвæй?*
*Куыд уромыс дæ цоты сæфт ды дæр?*
*О Бонвæрнон! Куыд ма скастæ сæударæй?*
*Сæуæхсиды нæ фыцгæ туг ысцæм.*

Зæгъынц, ома, нæлгоймаг хъарæг нæ кæны – хъуамæ æмырæй йæ дæндæгтæй хæца йæ мастыл, фæлæ уыцы кæуындзæг куы ратоны, уæд æй йе стыр фыдохы уромæг нал фæуромы.

334 æдзард уды, ахуырады бæрæгбон – сентябры райдайæны, 2004-æм азы Бесланы 1-аг скъолайы лæгхорты

[1] Х о д ы К а м а л. Æхсоны цæв... / Рæстдзинад, 2016. – 25 февраль.

къухæй удхаргæнгæйæ куы бабын сты, уæд сæм, адæймаг уæвгæйæ, кæй зæрдæ нæ ныдздзынæзта, кæмæн не 'ркалдысты йæ судзгæ цæссыгтæ Ирыстоны цæгат хайы нæ фыдбоны сыхæгты тугцъиртæй дарддæр? Уыцы тæригъæдмæ кæсгæйæ дуртæ дæр пырх кодтой. «Боевики без боя не сдавались, и в 23 часа их уничтожение продолжалось»[1], – йæ хæдразмæ фыста газет «Северная Осетия».

Уым цы тæригъæддаг хъуыддæгтæ æрцыд, уым æнахъом, æнæазым сабиты туг нæ тугхор сыхæгты къухæй куыд æгъатырæй ныккалд, уый фæстæ пессимистон хъуыдытæ кæнын, мæстæйдзагæй дзурын, æртхъирæнтæ дæр диссаг не сты, фæлæ Шамил стыр поэт уымæн уыд, æмæ хорз зыдта, кæд æй цы дзурын хъуыд, уый. Нæ рухс фидæныл ацы стыр хъарæджы дæр йæ къух уымæн не систа:

*О Иры зæхх! Хъаймæт ысты дæ цаутæ,*
*Фæлвары ныл йæ сау рынтæ фыддуг,*
*Бæрæгбонты дæр нал исæм нæ саутæ,*
*Кæнæм мæстæй нæ цæссыгты хуыдуг.*
*Сыгъдæг кæны сыгъд зæххы рыг æртæхтæй,*
*Фæлтæрд æмæ æвдудон у ирон.*
*Дзырдтой фыдæлтæ: бирæгъы фыдæхæй*
*Тыхджындæр вæййы дзуджы фарн... Уыдтон:*
*Нæ лæгтæ артæй сонт сабиты скъæфтой,*
*Уыдис ирон мад алкæмæн йæ зæд...*
*Нæ тæрсын æз мæ адæмæн бынсæфтæй,*
*Нæ уыдзæн ир фыдвæд æмæ æвæд!*
*Уыраугæ хъуысы дунейыл нæ хъарæг,*
*Кæнæм сæркъулæй додой æмæ сар,*
*Уæддæр та зæлдзæн иуафон нæ зарæг,*
*Нæ хуымты суаддзæн фарны хор æвзар.*[2]

Адæм куыд акæнынц: «Йæ ныфсы ныхасмæ мард йæ фазыл рабаддзæн». Нывæфтыд дзырды дæсныйæн йæ иууылхуыздæр миниуджытæй иу уый у. Уыцы тых аив дзырдæн дæтты царды рæстдзинад. Æмæ уыцы хъуыддаг Секъайы тынг уырныдта. Уымæн дзырдта: «Цалынмæ

[1] 52 часа ужаса / Северная Осетия, 2004. – 4 сентябрь.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 325–330 ф.

ирон ӕвзаг йӕ byndzӕfхадӕй ныхъхъӕрза ӕмӕ ныззара, уалынмӕ ирон ӕмӕвӕрдтӕн дидинӕг рафтауӕн нӕй»[1]. Тынг хорз ӕй зыдта Шамил. Ирон дзырды фарн ын ӕмбарын кӕнын, гъе, амонын нӕ хъуыд. Афтӕ хъуамӕ уа, йӕ райгуырдӕй ныхыфарн чи рахӕсса, уый. Шамил ахӕм уыд. Уымӕн ӕй ницы ӕмӕ ничи саста рӕстдзинад дзурынӕн:

*Мӕн, инквизици, басудзӕд дӕ арт,*
*Мӕ хъӕлӕсыл ныллӕууӕнт рӕстӕг ӕмӕ цард,*
*Уӕддӕр, дзӕнгӕрӕгау, мӕ зӕрдӕ хъӕр кӕндзӕни*
*Йӕ маст, йӕ цин ӕмӕ ӕнӕхӕрам ӕнкъард.*

*Фӕлӕ сымах цы фӕнды, цуронтӕ, мӕнӕн?!*
*Цы сты уӕ хахыр йе уӕ сомытӕ лӕгӕн?! –*
*Кӕд искӕй арфӕйӕ уыдис мӕ райгуырд,*
*Уӕд искӕй ралгъыстӕй мӕ мӕлӕт дӕр уыдзӕн[2].*

*(«Еретик»)*

Ӕцӕг адӕймаг йӕхийау раст ӕмӕ рӕдаузӕрдӕ фенхъӕлы алкӕй дӕр. Афтӕ уыд Шамил. Дзуццаты Хапдзы-Мурат дзы сӕрыстырӕй дзырдта: «Адӕймаг ӕмӕ адӕмы сӕрибар – уый у Шамилы сӕйраг мӕт ӕмӕ сагъӕс. Сӕрибар кӕм нӕй, уым поэт хъуамӕ хъахъхъӕна йӕ мидсӕрибар, ма суа ныллӕг, ӕнӕаив, ӕдзӕсгом, фӕтк ӕмӕ арӕнты сӕрты чи нӕ ахизы, йӕ хӕдзар ӕмӕ йӕ къӕбӕр ӕппӕты уӕлдӕр чи скодта, уыцы «амондджын цагъарты» хуызӕн, хъуамӕ уа хӕстыл ӕфтыд» Хуыцау ӕмӕ паддзахы ныхмӕ». Поэт хъуамӕ хъахъхъӕна йӕ хӕдбардзинад, йӕ сӕры кад. Шамил сӕ хъахъхъӕдта»[3]. Йе 'мсисон Хадзы-Мурат дзы уымӕн уыд разы, уый охыл ӕй ӕвӕрдта бӕрзонд.

Ӕмӕ куыннӕ уыдаид хуыцауысконд, йӕ рӕстдзинад цӕмӕннӕ хастаид йӕ ныхыл, йӕ сабибонтӕй йӕ уарзон Гыцци уыдӕттӕ кӕмӕн амыдта, фӕстаг фӕдзӕхстау ын

[1] Г ӕ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргӕ уацмыстӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1979. – 368 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзӕуджыхъӕу, 2010. – 172 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгӕгбоны сагъӕстӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 2010. – 87 ф.

сæ йæ зæрдæ æмæ йæ хъуыдымæ æппынæдзух, мыды æртæхтау, куы тагъта, цæмæй дидинæг æфтыдтаид дзыллæйы уарзтæй; цæмæй йæ уды бынат ма уыдаид хæрамæн:

*Мæ сонт хъæбул, дæ дард балцы цæуыс,*
*Æмæ дæ æз бæсты фарныл фæдзæхсын.*
*Нæ зæххы уарзт дæ фæндаггаг фæуæд,*
*Æмæ йæ макуы суæлдай кæн пайдайыл.*

*Фæстаг тæрхонæй макуы ссар æмбæхсæн,*
*Куы агурай уæздан нысан, уæд-иу,*
*Фыдгулы зæрдæ ма слæууæд дæ разы,*
*Йæ цæстæнгас дын ма ракæнæд тых*[1]*.*

(«Мады фæдзæхст»)

Чиныгкæсæджы Шамилы уацмыстæ сæхимæ æлвасынц сæ романтикон хъæлæсыуагæй, аив эпитеттæй, зæлланггæнаг рифмæтæй, йæ ритмикæйæ, се ´ппæт аивтæ æмæ сæ фидар, рæстдзинадмæ сидæг нысанæй. Уыдон фæрцы æмдзæвгæ дæр йе ʻнусон нысаниуæгимæ хизы бæрзонд æмæ адæймаджы хъуыдыйы ахсы аккаг бынат. Уымæн ын æмбæлон æххуыс кæны хæрдмæ цæуæг градаци, ома, уацмысы аивадон фæрæзтæ – фæлгонцтæ, эпитеттæ, метафорæтæ æмæ æндæр аивадон амæлттæ тыхджынæй-тыхджындæр кæй кæнынц, поэтикæйы уыцы фарны хъуыддаг.

Ахæм уæлмонц хъуыды, сæры нæргæ чи ацæуынц, уыцы кæлæнгæнæг поэтикон мадзæлттæ, ныттынггонд нуæрттæ кæмæй ныддыздыз кæнынц, уыцы романтикон фæзилæнтæ æмæ нывæфтыд дзырды аивтæй цух нæу æндæр, æцæг цæстыахадгæ, зæрдæйыл чи æмбæлы, йæ уыцы уацмыс – сонет «Гал сахары уынджы». Йæ алы рæнхъ дæр адæймаджы сайы йæ фæдыл.

Къоста Колыты Аксомæ лæппуйæ куы бацыд ирон æвзагыл æй æмдзæвгæтæ фысгæ куы баййæфта, уæд «уыцы сахат Къостайæн ирон стихтæ йæ зæрдæйы ахстон акодтой æмæ райдыдта йæ «Чи дæ» фыссын»[2], – дзырдта Секъа. Афтæ-иу Шамил дæр романтикон хъуыдыйыл

[1] Джыккайты Шамил. Амыраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 67 ф.
[2] Гæдиаты Секъа. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 375 ф.

куы фæхæст, уæлдайдæр, йæ уарзон темæты, стæй сырх ахорæнимæ бастæй, уæд-иу ын «йæ зæрдæйы ахстон акодтой æмæ»-иу райдыдта фыссын. Ахæм уæлмонц, фæлæ трагикон хъуыды æмæ фыдцарды, чи кæй аныхъхъуырайыл куы фæцæуы дзырд, иу иннæмæн цæрыны бартæ кæм нæ фæдæтты, æппæтмæ хи удæн пайдайы цæстæнгасæй кæм кастæуы, уыцы æнæуаг дунейы æнæуаг, сафинаг æгъдауыл амад у, зæрдæйы æнкъарæнтæ чи бакъуыры уыцы сонет дæр:

*Уæззау тæлфыд ыстыр сахар фæлладæй.*
*Фæцыд кæмдæр къуырма уынæр, цъæхахст.*
*Уый февзæрд уынджы иу сырх гал æваст,*
*Цыма ыстыдта пиллон арт цъæх цадæй.*

*Æрлæууыд иу ран гал. Йæ сау сыкъатæй*
*Лæдæрсти туг. Йæ зынг цæстытæй каст*
*Æдзæм æртхъирæн, сусæг рыст, фыд маст, –*
*Æмæ æгас уынг сызнæт æмæ скатай.*

*Сæрыстыр гал муртакк бардуагау уыд…*
*Цыбæл адæм ныддиссаг ысты дардæй,*
*Сæ зыд цæстыты рухс фидауц уырыд,*
*Æртæфсти сыл кæрæф мондаг йæ нардæй…*
*Нæ сæм каст гал – хъуыдытæгæнгæ цыд*
*Нæргæ уынгты рæсугъд æмæ æнкъардæй.*[1]

(«Гал сахары уынджы»)

«Ыстыр сахар фæлладæй» уæззау куы тæлфыд, уæд æваст «фæцыд кæмдæр къуырма уынæр, цъæхахст», æмæ чиныгкæсæг куы фены: «Уый февзæрд уынджы иу сырх гал æваст», / «Йæ сау сыкъатæй / Лæдæрсти туг. Йæ зынг цæстытæй каст / Æдзæм æртхъирæн, сусæг рыст, фыд маст», – уæд фенхъæлæм, иу исчи уæддæр бацымыдис кæндзæнис, йæ сау сыкъатæй туг цæмæн лæдæрсы, йæ зынг цæстыты цæмæн æрбынат кодтой «сусæг рыст, фыд маст»? «Лæг кард лæджы хурхмæ кæм дары», – уым де 'нцой мачи балæууа. Поэт афтæ кæмæй зæгъы: «Сæрыс-

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 99 ф.

тыр гал муртак бардуагау уыд…» – уымæ цыбæл адæм дардæй ныддиссаг сты æмæ «сæ зыд цæстыты рухс фидауц уырыд» æрмæстдæр уымæй æмæ: «Æртæфсти сыл кæрæф мондаг йæ нардæй…». Æндæр сæ, хъыгагæн, галы рис никæмæ бахъардта. «Цы кодта?» – ахæм æнæмæнгхъæуæг фарст сæ никæмæ æвзæры. Ууыл у поэты хъынцъым. Уацмыс ын сæйраджы-сæйраг уыцы хъуыды сфæлдисын кодта, кæд адæймагмæ йæ зæгъын хъыг кæсы, уæддæр.

Шамил фæллой кæныныл схъомыл æмæ дзырдта: «Хуыцауысконд зарæджы Буддæ йæхи хоны хуымгæнæг»[1]. Æмæ дзы хæссы цæвиттон[2]. Стæй, Къоста дæр йæхи хуымгæнæг кæй хуыдта: «Мæ гутон, мæ галтæ Мæнæн дæр – цæттæ!», «Нæ дзыллæйы зæрдæ – Мæ хуымгæнды хай»[3] («Ныфс»), уый тыххæй зæгъы: «Ацы суттайы буддизмы дин æвæры йæ этикон домæнтæ. Буддæ хуыцау у, Къоста – поэт. Къостайы ныхас у ирддæр, бæлвырддæр, куырыхондæр. Поэт этикæ бæдты эстетикæимæ, æфсармы куыстæн дætты нысан, кæны йæ мидисджын»[4]. .Æмæ йæ нæхирдыгонау куы рацаразæм, уæд, бæргæ, «Адæм арвайдæн сты»[5], – фæлæ, цæф галæй «кæрæф мондаг йæ нардæй» кæуыл æртæфсти, уыцы адæмæй поэт схызт дзæвгар уæлдæр, адæм куыд акæнынц: «Арвы цъупмæ». Уый у æцæг поэт æмæ йын ис стыр нысаниуæг.

Шамил кæддæриддæр, – не ´рвылбонон царды уыдаид, аивады, зонады æви хъомылады, – тырныдта иууыл бæрзонддæр бынатмæ. Фылдæр адæмæн йæхи æвдисайы охыл нæ, фылдæр фæзмджытæ йæ цæмæй уыдаид. Æмæ, чи цы агуры, уый ары. Иууыл раздæр чи цыд, фæлтæртæн фæндаггæрдæг чи уыдис, алы хатт дæр уыд уыцы раззæгты рæнхъыты. Уый тыххæй хъуамæ уай тыхджын æмæ сыгъдæг. Æмæ йæхиау тыхджын æмæ сыгъдæг сты йæ нывæфтыд уацмыстæ:

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Поэт æмæ адæм // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Осетинская филология: история и современность. Выпуск III. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 33 ф.

[2] Литература Древнего Востока. Иран, Индия, Китай. Тексти. – М., 1984. – 94 ф.

[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 23 ф.

[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Поэт æмæ адæм // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Осетинская филология: история и современность. Выпуск III. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 34 ф.

[5] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 67 ф.

*Ӕз ирдгæ дæн –*
*рогбазыр, сатæг...*
*Сыгъдæг æмæ рухс у*
*мæ кадæг...*

*Ӕз равзæрдтæн бæрзондыл*
*хур æмæ цъитийы пъатæй...*
*Зæрин тынау калдтæн*
*саджы сыкъатæй...*

Ӕрдзафыст-нывафыст хорз у, фæлæ нæ поэтæн фæлгонц цардуагон куы уыдаид, куы змæлыдаид, искæй йæхимæ куы кæсын кодтаид, уæд ын лæвæрдта къух. Ӕндæр хуызы ныв кæнын æй нæ уыд йæ бон. Уый йæ туджы уыдис. Дзыныхты Аленæ зæгъы: «Шамилæн æрдзимæ уыд пантеистон ахаст. Алы дурæн, мæсыгæн, бæласæн, фæзгондæн, дидинæгæн уыд йæхи сæрмагонд ном. Абон дæр сæ йæ зæрдыл дары, уыдон ын сты миф æмæ зарæг. Дзомагъгомы хæххон нывтимæ æдзухдæр кæй æмбæлд, уымæн гыццылгай æрдзы «уидæгтæ» Шамилы зæрдæйы уидæгтимæ кæрæдзийыл стыхстысты»[1].

Ӕмæ поэт алы хатт дæр тырныдта, цæмæй йæ пейзажон æмдзæвгæтæ ма кодтаикккой фынæй. Хъуамæ змæлой. Уой цæрдхъом. Цæмæй, куыд рæзынц, æнкъуысынц, уый уыдтаиккам. Уыцы фадат ын лæвæрдтой сæ кæрæдзийыл стыхсæг уидæгтæ. Ӕмæ уый æнцонæй уымæн æфтыдис йæ къухы:

*Ӕз сабитæн дыргъдоны*
*згъалын фæткъуытæ...*
*Сындз телæй гæрæнтыл*
*мæ пæлæз нызкъуыдтæ...*

*Мæ базырты змæлдæй*
*æвзонг чызг æрфынæй...*
*Ехх, разылд мæ сæр*
*йæ уаты тæлфынæй...*[2]

(«Ӕз ирдгæ дæн...»)

[1] Д з ы н ы х т ы А л е н æ. Ӕнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 34–35 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ӕхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 180 ф.

Æмдзæвгæйы рог комулæфтæй, авторы – лирикон хъайтар – ирдгæйы рог змæлд æмæ æвзонг чызгмæ йæ сусæг, уарзæгой ахастæй разилы чиныгкæсæджы сæр. Уый у æнтыст.

Чиныгкæсæджы æгæрон æнкъарæнтыл чи æфтауы, уыцы æмдзæвгæтæм хауы «Изæрон арв мыл урс цинтæ ызгъалы…» дæр. Поэт цыма уарзæгой адæймаджы уды рисы кой кæны, фæлæ уацмысы иумæйаг поэтикон равг зæрдæйыл æфтауы цыдæр æхцон æнкъарæнтæ дæр. Уарзт мæлгæ кæй нæ акодта, æрмæст дæр тæхгæ кæй акæны, уый нын дæтты цыдæр æмбæхст тых:

*Изæрон арв мыл урс цинтæ ызгъалы,*
*Уынын дæ фæлгонц дард рухсы кæмдæр…*
*Мæ уды арвыл чи уыди ыстъалы,*
*Уый ацыди мæ дунейæ уæддæр.*

*Ныр чидæр дард мæ уарзты зарæг зары,*
*Кæнынц йæ зæлтæй суадæттæ сæр-сæр…*
*Мæ цард мын хурау чи рухс кодта тары,*
*Уый ацыди мæ зæрдæйæ уæддæр.*

*Æрцыди уалдзæг. Уддзæфы тæвд пъатæй*
*Æфтауы бæстæ дидинæг, сыфтæр…*
*Мæ зæрдæйы цы зæд бадти къуырф бадтæй,*
*Уый атахти… Уый атахти уæддæр*[1]*.*

Хозиты Барис зæгъы: «…цалынмæ адæймаджы зæрдæ интимон æнкъарæнтæй байдзаг кæны, уæдмæ йын удæнцой нæй. Гъе ахæм мидуавæры райсы йæ къухмæ фыссæн сис Джыккайты Шамил æмæ урс гæххæттыл, урс сагъæстау, апырх вæййынц йæ миднымæры мыртæ æмæ зæлтæ. Поэты интимон дунейæн дæрддзæфтæ æмæ арæнтæ нæй: тæх æмæ цæр, бæлл æмæ цу, фысс æмæ рай! Афтæ байгом вæййы поэтæн йæ интимон лирикæйы «арвы дуар» æмæ нæ размæ рацæуынц уарзон зæрдæтæ, уарзон хъæлæстæ, уарзон изæртæ»[2].

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 133 ф.
[2] Х о з и т ы Б а р и с. Поэты сагъæс æмæ уарзты цин / Рæст-дзинад, 2000. – 26 февраль.

Шамил йæхæдæг афтæ загъта: «...интимон лирикæ æргом кæны иууыл æмбæхстдæр æнкъарæнтæ, иууыл уаздæр бæллицтæ, æмæ уыдон æвдисынæн хъæуы фидар дæсныйад – уым бæлвырдæй разыны поэты хъару»[1]. Æмæ уыцы хъаруйæ нæ фыссæг уыдис æххæст.

Джыккайы-фырт цахæмфæнды темæйыл фыстаид, алы хатт дæр архайдта фæлгонцтæ ныв кæныныл, цæмæй йæ дзуринæгтæ нывтæй баззадаиккой адæймаджы хъуыдыйы. Æмæ уыцы æвæджиаг хъуыддаг йæ къухы кæй æфтыд, уый бæрæгæй зыны ацы æмдзæвгæйы дæр. Кæд йæ хъайтар, йæ уарзтæй фæхицæн, æрхуым у, уæддæр ын, иуæй-иутау, цыфыддæр æлгъыстытæ нæ хъары, йæ сæфтмæ нæ бæллы, фæлæ нын уалдзæджы æрцыдæй уырнын кæны, цардæн фæуæн кæй нæй, кæй цæуы размæ.

Джыккайы-фыртæн æнæуынон уыдисты, адæймаджы номыл дæлæмæ чи хæцы, дæлдзиныг æй чи кæнынц, ахæм хъуыддæгтæ. Йæ ныхас-иу хаттæйхатт уымæн фæкарз кодта. Уымæн æмæ, каст йæ алыварс, нæ царды нын уыдта не 'гуыдзæг ахаст. Уайдзæфтæм-иу нын уымæн ахызт: «Дихтæ цы адæм сты, уыдон вæййынц знæгты амæттаг. Ныууадзæм нæхицæй æппæлын æмæ æвронгæй акæсæм нæ ивгъуыд заманмæ. Цы ис нæ таурæгъты, нæ зарджыты? Æрмæстдæр æфхæрд. Тых кæнынмæ нæм цыдысты, зивæг чи нæ кодта, уыдон се 'ппæт дæр. Хуссары нын нæ туг цъырдтой гуырдзыйы æлдæрттæ, Цæгаты нæ æвирхъауæй æфхæрдтой кæсæджы æлдæрттæ, сыгътой нæ хъулгъа. Сæ ныхмæ-иу æрлæууыдысты иугай хъайтартæ, фæлæ иунæг æфсад нæу, æмæ зарджытæ-хъарджытæ кодтам нæ хæсгæ мæрдтыл»[2].

Уыцы хъайтартыл барста, рæсугъд æмæ сæрыстыр чи у, йæ ныхыл Бонвæрнон кæмæн сыгъд, «цагъар, сæлхæр æмæ æлгъыстыл» йе стырдзинад дис кæмæн æфтыдта, ахæм æцæг адæймаджы. Уый ницæйæгтыл тыхсгæ кодта, барвæндæй сын сыгъдис цырагъау, фæлæ: «Тæппуд хъæбатырæн нæ бары, Хæрзконд цæстысындз у рыгъдæн». Царды æппæт фыдтæ æмæ дудгæбæттæ уырдыгæй цæ-

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Курдиаты æнæхуысгæ цæхæр / Рæстдзинад, 2006. – 22 ноябрь.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъуыдытæ... / Рæстдзинад, 2000. – 26 февраль.

уынц. Адæм сæ хуыздæры ныхмæ дуртæ уымæн фæтулынц, бæрзæйсæттæн уæрмытæ йын уымæн фæкъахынц, уый мæнæй цæмæн у хуыздæр, зæгъгæ. Шамил та гом кодта адæмы цæстытæ. Катайгæнгæйæ уымæн дзырдта: «Революци куы фæуæлахиз, уæд ирон адæмæн дæр скодта паддзахад. Иу нæ, фæлæ дыууæ! Мах царциаты адæм стæм – иу нын фаг ницæмæй у, алцы дæр нæм ис дыууæ. Дыууæ Иры, дыууæ дины, дыууæ ʻвзаджы. Ныр та – дыууæ паддзахады. Кæрæдзийæ бынтондæр фæхицæн стæм. 38-æм азы дыууæ дихы фæци нæ алфавит дæр, æмæ дыууæ Ир кæрæдзийы чингуытæ дæр нал кастысты»[1]. Поэтæн йе стыр катай ууыл уыд:

*Мæ разы байтыдтой цъæх гауыз,*
*Хуыдтой йæ кадвæндаг мæнæн.*
*Нæ загъта иунæг уд дæр – хауыс!*
*Йæ быны разындис ингæн.*

Адæймаг æцæг адæймагадон уæд у, сæрыстырæй алы фыдты сæрты ахизыныл йæ уд куы хъара. Мамиаты Изетæ зæгъы: «Нæртон хæрзæгъдау æмæ æхсарыл рацæрынæй амæлынмæ дæ уд хъардтай, Шамил, дæ судзгæ мæт уыди Ирыстоны абон æмæ сом»[2]. Ахæмæн ингæныл гауыз байтау!

*Ысхызтæн хъоргъæй æмæ тары*
*Мæ ныхыл урс фæрдыг хæссын.*
*Цагъар сæрибарæн нæ бары,*
*Цæргæсы знаг хоны уызын.*

*Æхсынц мыл сусæгæй къуыбæрттæ,*
*Цæвынц мæ сыгъдæг ныхыл цъыф.*
*Тæдзы мæ туг, æмæ хæлæрттæ*
*Сæ роны агурынц æхсныф.*

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъуыдытæ... / Рæстдзинад, 2000. – 26 февраль.

[2] М а м и а т ы И з е т æ. Фæцæуы, Ир, дæ намысы зæд дард // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 60 ф.

*Нырма уæддæр хъæцын мæ рыстыл,*
*Сæттын сыгъдæг фæндтæй мæ зын.*
*Æз дæн пехуымпарау сæрыстыр,*
*Мæ ныхыл дзуары нывхæссын[1].*

(«Адæймаг»)

Хурæргомæй уынæм, поэты лирикон хъайтар, кæд, кæй сæрыл хæцы, уыцы саузæрдæ, чъизи адæм ын ингæн къахынц, уæддæр сæ бон нæу йæ баныгæн. Уымæн æмæ рæстдзинад уый фарс у. Йæ ныхыл урс фæрдыг уымæн хæссы æмæ, йæ «ныхыл дзуары нывв» чи хæссы, уымæн нæй басæттæн, ныддæлдзиныг кæнæн, цъыфы йæ сызмæнтæн, зæххы цъарæй фесафæн, тынг æм куы æрхъавой, уæддæр. Уымæн æмæ уый сæ Хуыцауы хай у. Газет «Рæстдзинад»-ы уацхæссæг уæд Абайты Арбилянæ Шамилы тыххæй дзургæйæ уымæн загъта: «Зын уавæрты бахаугæйæ, адæм фенхъæлмæ кæсынц сæ фарны лæгты ныфсы ныхасмæ»[2]. Уый Шамил тынг хорз зыдта æмæ тынг фидарæй загъта: «Цавæр хæрзтæм бæллын? Бирæ хæрзтæм. Хæрзтæй фаг æмæ æфсис нæй. Мæн хъæуы стыр курдиат, нæртон хъару, куырыхон зонд. Æз бæллын сæрибармæ!.. Фæлæ ис дыууæ хорзы, сæйрагдæр чи у, ахæмтæ: Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарн»[3].

Ацы уацмыс дæр уый охыл фыст у – лирикон хъайтар йæ уд хъары хорз аразыныл, æбузын адæм та йын ингæн къахынц, сайдæй йæ уым хъавынц ныххуыдуг кæнынмæ. Раст, адæмон сфæлдыстаты цы цаутыл ис фембæлæн, афтæ. Æмæ уый æнæнхъæлæджы нæу. Поэт йæхæдæг афтæ дзырдта: «Ме сфæлдыстады арæх пайда кæнын фольклорон фæлгонцтæй»[4]. Æмæ уыцы хъуыддаг æмдзæвгæйы уынæм сæрæй-кæронмæ. Уацмысмæ адæмон сфæлдыстады аивтæ комкоммæ куынæ хæссай, дæхи джиппы сæ куы уадзай, уæд æй исынц бæрзонд. Æмдзæвгæ нæ уыдон æмæ йæ афоризмтимæ рæнхъæй-рæнхъмæ уымæн сайы

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 350–351 ф.

[2] А б а й т ы А р б и л я н æ. Джыккайты Шамил: «Æз бæллын Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарнмæ» / Рæстдзинад, 2007. – 31 май.

[3] У ы й д æ р у ы м.

[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæй фæдыл у цъиувæдис? / Рæстдзинад, 2008. – 1 ноябрь.

йæ фæдыл. Уымæн æмæ йыл æууæндæм. Æнæууæндгæ йыл нæй, йæ зæрдæйы сусæг дзуринæгтæ нын стыр цины хуызы куы æргом кæны, уæд:

*Æртæ урс дуры Дзомагъæй æрхастон...*
*О, ме скæнæг, цæй амондджын дæн æз!*
*Нæ зæххæй мæм æртæ хорзы æрхаудта:*
*Йæ рыст, йæ маст æмæ йæ уарзт*[1]*.*

(«Æртæ урс дуры Дзомагъæй æрхастон...»)

Шамилы лæгæй-лæгмæ чи зыдта, уыдон ын йæ ныхасыл нæ фæдызæрдæг уыдзысты. Кæддæриддæр йæ хъуыды уыд æргом: «Я считаю, уверен, что сегодня самая главная государственная задача – защитить Осетию, ее целостстность»[2]. Йæ уды Ирыстонмæ, уæлдайдæр, йæ райгуырæн уæзæг Дзомагъмæ цы ахаст уыдис, уымæн абарантæ ницæ-имæ ис. Адæм куыд акæнынц, Дзомагъы уарзтæй сулæфын дæр нæ фæрæзта. Фæкæс, æмæ йын, дзырдаивады уыдаид, царды, фадат фæуа, Дзомагъы кой ма ракæна, уый гæнæн нæ уыд. Куыд быхстаид, йæ дзæнæты къуым кæй федзæрæг, уый! Уæдæ йыл куыннæ фыстаид æмдзæвгæтæ: «Ныгъуылынц Дзомагъы къуылдымтæ...», «Изæр-милты Дзомагъы уæзæгыл», «Дзæнæты дæн æви уæлæуыл?..», «Мæ куывд», «Фæлгæсæны»... Йæ фыдыуæзæг мысгæйæ цы уацмыста фæфыста, уыдон банымайын чысыл фæзындæр уыдзæнис.

Фæлæ сæ иу кæны иу стыр хъуыддаг – Фыдыбæсты уарзт арвы æмбæрц исын, нæ дзыллæйы кад æмæ фарнæй сæрыстыр уæвын æмæ йæ адæмы æхсæн парахат кæнын. Поэт нæм йæ уацмысы сæйраг хъуыды – Ирыстоны рыст, маст æмæ уарзт афтæ хæссы, цæмæй чиныгкæсæг дæр уыдоныл уа æнувыд, йæхи сæ ма иппæрд кæна. Йæ хъуыды уыд: «Народ наш отличается удивительной жизнестойкостью. В недрах его рождаются таланты и герои, простые, но благородные души»[3]. Æмæ алы хатт дæр йæ хæсыл нымадта уыцы сыгъдæг удты Фыдыбæстæйы уарзт, ирон

[1] Д ж ы к к а т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 6 ф.

[2] Т а у т и е в а Т. О чем болит сердце поэта Шамиля Джикаева / Северная Осетия, 2005. – 20 май.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Язык есть исповедь народа / Северная Осетия, 2002. – 20 август.

фарн æмæ сæрыстырдзинад хъал кæнын. Куыд куырыхон хистæр, афтæ алы хатт дæр лæууыд кæстæрты сæр, амыдта сын рухс фидæнмæ фæндаг царды дæр, аивады дæр æмæ зонады дæр. Уый йын Хуыцауæй лæвæрд уыдис æмæ йыл никуы иста йæ къух, цæмæй цард ма зила галиумæ.

Поэт Цæрукъаты Владимир афтæ: «Книги Шамиля открыли для меня новый поэтический, светлый мир. В них все, как в действительной жизни: зло и добро, ненависть и любовь, пожелание и проклятие, смерть и жизнь... В них тьма и свет. Он говорит о самых острых проявлениях жизни человека и природы, рисует страшные картины, жизнь попадает в зависимость смерти...»[1]. Фæлæ уæддæр Шамил Шамил нæ уыдаид, царды кæрон мæлæтæй аразгæ у, зæгъгæ, адзалы раз æдых стæм, ома, уыцы хъуыдыйыл куы ныллæууыдаид, уæд. Цæрукъайы-фырт дарддæр уымæн загъта: «...но тут опять пробивается свет и побеждает. Это бывает: где – последний мерцающий свет надежды, где – свет, пробивающийся из-под черных скал, где – костры чабанов на родной дзомагской возвышенности, а где – искры из под копыт коня скачущего всадника»[2].

Æмæ уым цыма диссагæй ницы ис. Шамил цардæн тых митæ нæ кодта. Æвдыста йæ, куыд у, афтæмæй. Æцæг, романтиконæй. Æмæ уымæй дæр Дзуццайы-фырт зæгъы: «Шамилы реализм у уæлвонг, базырджын, романтикон, фæлæ уæддæр зæххон реализм»[3]. Уæд, чи зоны, афтæ зæгъæн дæр ис – Шамил уыдис реалистон романтик?

Æниу, реалист чи нæ уыдис, уымæй дæр, «соцреалист», уымæн аивадмæ йæ фæндæгтæ алырдыгæй дæр æхгæд куы цыдысты, уыцы рæстæг, – табу – Хуыцауæн, – раджы фæцис, кæд Шамил уæд дæр уæлæрвты тæхæг пегасæй арæх нæ фистæг кодта, уæддæр. Афтæмæй бирæ алыхуызон чингуытæ сфæлдыста æмæ сарæзта, æрмæст поэтикон æмбырдгæндтæ рауагъта аст.

Нæ кадджын фыссæг æмæ ахуыргонд, æцæг ирон лæгаулæг Джыккайты Шамилы ном Ирыстоны чи нæ зыдта

[1] Ц а р у к а е в В л а д и м и р. В мир счастья дороги идет через светлое сердце мое / Советская Осетия, 1990. – 2 март.

[2] Ц а р у к а е в В л а д и м и р. В мир счастья дороги идет через светлое сердце мое / Советская Осетия, 1990. – 2 март.

[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 85 ф.

кæнæ чи нæ зоны, ахæм адæймаг ссарын, æвæццæгæн, алкæмæн дæр фæзын уыдзæнис. Йе сфæлдыстадон куысты райдайæны йæм хицæуттæ кæд зул цæстæй кастысты, уæддæр уый уыдис рæстæгмæ. «Йæ зæрдиаг литературон сфæлдыстадон æнтыстыты тыххæй йын иу æмæ дыууæ хорзæхы лæвæрд не ‘рцыд. Саккаг ын кодтой Хетæккаты Къостайы номыл паддзахадон преми (чиныг «Æхсæвы æртытæ»-йы тыххæй, 1992 – Хъ. М.). Æмæ та йыл сæмбæлдис ног æхсызгон хабар. Ирон литературæйы рæзтмæ йе стыр бавæрæны тыххæй йын РЦИ-Аланийы Президент Дзассохты Алыксандры 2000 азы 4 декабры Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы адæмон поэты кадджын ном»[1]. Уæддæр, Шамилы чингуытæм куы æркæсæм, уæд «Амыраны зæрдæ»-йæ фæстæмæ йæ алы поэтикон æмбырдгондæй дæр йæхицæн арæзта иууыл стырдæр, сусæг лæвар: «Сагъадахъ» рацыд 80-æм азы – йæ райгуырды 40 азы бонмæ, «Æхсæвы æртытæ» – йæ 50 азы юбилеймæ, «Саст дзæнгæрæг» – йе ‘хсай азмæ, «Намыс» та – йе ‘вдай азы бæрæгбонмæ. Афтæмæй, цыма йæхицæн лæвæрттæ кæны, фæлæ уыдон иууылдæр уыдысты æмæ сты йæ уарзон, бахъахъхъæнын æй чи нæ бафæрæзта, йæ хурхыл ын, зæххæй сисинаг дæр чи не сты, уыдонæн марæн кард æвæрын чи бауагъта, нæ уыцы æбузын ирон адæмæн, махæн, абарæн дæр цæимæ ницы ис, ахæм æгæрон стыр лæвæрттæ.

Фæлæ лæварæй лæвары æхсæн дæр вæййы стыр хицæндзинæдтæ. Шамилы лæвæрттæ цыдысты хуыздæрæй хуыздæргæнгæ. «Æхсæвы æртытæ»-йы йæ ног æмдзæвгæтæм баппæрста, йæ фыццаг чингуыты цы хорз уацмыстæ уыд, уыдонæй иу къорд. Æмæ рауад егъау, зæрдæмæдзæугæ чиныг. Афтæ бакодта иннæ чингуыты дæр. Цыдис хуыздæрæй хуыздæрмæ. Афтæмæй Шамил æфсæрмдзæстыг «Æфсарм»-æй[2] схызт «Намыс»-ы бæрзæндмæ – йæ поэзийы æфцæгмæ: «Йæ алы дзырд – цыкурайы фæрдыг, йæ алы зæл урс саджы сыгъзæрин хъуынау зæлы æрвон зæлтæй»[3]. Нæ бон у зæгъын: йæхи

[1] Хурзæрин, 2001. – 11 апрель.

[2] Хъодзаты Æхсар. Фыццаг балц зæрдæтæм / Рæстдзинад, 1964. – 1 март.

[3] Габисова Светлана. Плачь о друге//Авторты коллоктив. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 60 ф.

йын арæвдауæнтæ йæхи лæвæртты цур рыг дæр нæ калынц. Уыцы хъуыдыйыл æнæбаууæндгæ нæй, «Намыс» чи бакæса, уымæн. Ацы чиныгмæ «Саст дзæнгæрæг»-æй цы дзæвгар уацмыстæ æрбацыд, уыдонæй Багаты Лади хуымæтæджы нæ загъта: «Фæстаг рæстæджы фылдæр хатт кæсын Джыккайты Шамилы поэтикон уацмыстæ, цыма сæ Къостайы мондæгтæ исын, афтæ»[1].

Шамил æвнæлдта ирон зæрдæйы иууыл судзагдæр фарстытæм, уыдон уыдысты йæ сæйраг дзуринаг æмæ нæ, йæ наци чи уарзы, уый уды рæбынтæ ма цæвой йæ уацмыстæ, уый гæнæн нæй.

*Нæ дуг – мæнгард, хæрдмæ ныл дуртæ тулы,*
*Уæддæр кæнæм хъысмæтимæ быцæу...*
*Кæдæм лидзыс, кæмæн уадзыс дæ хъæу?*
*Кæйдæр фæсдуар æрцæуæггаг цы ‘мбулы?*

*Дæ рухс къæсæрыл ма ‘рбауадз фыдгулы,*
*Дæ ауæдзыл хæстон мæсыгау лæуу!*
*Æндæр ран цард – уый зон! – лæджы цард нæу!*
*Нæй рахæссæн фыды зæххæн дзæкъулы.*

*Кæйдæр фæсчъылдым ма бавæр дæ сæр,*
*Фæлтау æмбæл хъазуатонæй хæрамыл,*
*Тыхы ныхмæ ирон æхсар æвæр!*

*Нæртон лæгау дæ хуымы кæрон амæл,*
*Уæддæр дзы знагæн ма ауадз рыг дæр, –*
*Нæ цардæн уый – йæ кад æмæ йæ амал[2].*

(«Лидзæгæн»)

Шамил ацы æмдзæвгæйæн эпиграммæйæн æрхаста нæ фыдæлты æмбисонд: «Тулгæ дурыл хъуына нæ хæцы». Æмæ афтæ кæй зæгъы: «Нæй рахæссæн фыды зæххæн дзæкъулы», – уый зæрдыл лæууын кæны, францаг революцийы архайæг Жорж Жак Дантонæн йæ хæлæрттæ куы

[1] Б а г а т ы Л а д и. Къостайы мондæгтæ сæ исын / Пульс Осетии, 2006. – № 37–38. – Сентябрь.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 146 ф.

уынаффæ кодтой, зæгъгæ, ардыгæй алидз, цæмæй де знаг Робеспьеры къухы ма бахауай, уæд уый историон дзуапп: «Фыдыбæстæйæн цырыхъы бынтыл ис ахæссæн?»[1]. Æмæ йæ бон нæ баци уыцы рæстдзинады сæрты ахизын.

Нæй йын ахæссæн дзæкъулы дæр. Æмæ йын, бæргæ, Гæбæраты Юри æвæрдта ныфс, зæгъгæ, «фыды зæххæн зæрдæйы хæссæн ис»[2], – фæлæ сæ дыууæ дæр тынг хорз зыдтой, уый æрмæстдæр зæрдæавæрæн ныхас кæй у.

Шамил куы федтаид, «кæйдæр фæсдуар æрцæуæггаг цы» бынтæ рамбылдта, уыдонæй нæм бирæтæ ныр стыр бынæттæ куыд æлхæнынц, йæ «ауæдзыл хæстон мæсыгæй» чи лæууыд, уыдон бæрзæйтыл сæ хъуынджын арм куыд æвæрынц, уыдæттæ, уæд ын йæ намыс бынтон æндæрхуызон уацмыстæ фæлдисын кæнид. Æмæ та зæгъид: «Лæг кард лæджы хурхмæ кæм дары, Уым нæй лæмæгъ уæвæн лæгæн!» Чи зоны, ацы хатт йæ хъуыды раргом кодтаид ноджы карздæр, æгъатырдæр дзырдтæй. Æмæ нæ фæрæдыдаид. Уымæн æмæ, А. Пушкины загъдау: «Я пережил свои желания…»[3] – хызт йæ сагъæсты сæрты.

Æз афтæ нæ зæгъын, ома, ныртæккæ ирон поэзийы хурхæтæн азтæ ныллæууыдысты, уæд, куыд акæнынц – чъиуæууилæг дзы йæ гуыбын сайы. Фæлæ æцæг поэт, æцæг фыссæг æмæ адæймаг намысимæ куы цæуа литературæйы сыгъдæг галуанмæ, уæд уый стыр фарн у. Æмæ цинагыл цин кæнын æмбæлы. Æгæрыстæмæй, дæ ныхмæлæууæджы цинаг куы уа, уæддæр. Хæларæн та йæ ном йæ уæлæ ис – йæ мастæй дæр дын нæй æмбæхсæн æмæ йæ цинæй дæр. Цин кæнынæн чи нæу, уымæ мæнæ-мæнæ стыр диссæгтæ саразынмæ кæсæн дæр нæй. Нæ зæрды, дзырд цы чиныгыл æрæфтауын ис, ууыл нырыккон ирон поэзийы æнæмæнг æмбæлы баузæлын, чи йæ нæма федта, уыцы адæммæ йæ, хуыздæр куыд уыдзæнис, уыцы хуызы фæхæццæ кæнын.

Æвæццæгæн æй, чиныг чи зонынц, уыдон иунæг дзырд «намысæй» фæхатыдысты, нæ дзырд æцæг намысы адæймаг, фыссæг æмæ ахуыргонд Джыккайты Шамилы, ома

[1] A u l a r d F. A. Le grands Francais/ Danton. 2 ed. – p. 1877.

[2] Г æ б æ р а т ы Ю р и. Фыды зæххæн зæрдæйы хæссæн ис / Хурзæрин, 2005. – 26 март.

[3] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 1. – М., 1974. – 137 ф.

нын йе ‘вдай азы юбилеймæ, йæ удæгасæй йæ фæстаг чиныг, – «Намыс»[1], – уæзгæ поэтикон æмбырдгондыл кæй у.

Намыс – уый адæймаджы удварн, йæ сыгъдæг миддуне æмæ æмткæй цардмæ йæ ахастыл, йе ‘гъдауджын, фæрнджын ахастыл дзурæг у. Намыс адæймагмæ кæнæ вæййы, кæнæ – нæ. Фæлæ фылдæр хатт æнæгъдау адæймаг фылдæр фæкæны намысы кой. Аф-тæмæй æнæфыст æгъдæуттæм гæсгæ уыцы фарны дзырд зæгъыны бар фыст æгъдæутты номæй алкæмæн зæгъыны бар ма хъуамæ дæттиккам, Шамилы хуызæттæ нæм фылдæр куы уаид, уæд.

Шамил цы цардвæндагыл рацыд, Шамил ирон адæм æмæ Ирыстонæн цы лæггад бакодта, – йе ‘нусон дунейæ дæр ма нын куы лæггад кæны, – уыдонмæ гæсгæ йын йæ цæхæртæкалæг ныхыл дæр ныффыссæн уыд нæ уыцы ирон фарны дзырд – НАМЫС. Йæхæдæг дæр нæ зæгътаид «нæ». Уымæн æмæ йæхицæй æгæр бирæтæ зыдта. Мамиаты Изетæ уымæн зæгъы: «Иу цæмæйдæр ма стъæлфы зæрдæ. Куыд тынг-иу тыхстæ: Иры хъыгтæй рафтыдтæн...», «Цæгъдын мæ удæй къуырматæн дзæнгæрæг», «Ныффæсус дæн дзæгъæлы хъæрæй æз»... Гъе æмæ дæ кæд, мыййаг, ам дæ хъæр-сидтмæ уанæбæрæг куы ничи хъусдарæг уыди, уæд фехъуысти Хуыцаумæ»[2]. Намысæн æнæ уарзгæ, æнæ уынгæ нæй. Шамил йæ поэтикон уæзгæ, цæстыахадгæ чиныг хуымæтæджы не схуыдта «Намыс». Куы-иу сфæлмæцыд, куы-иу æй бадомдта зын, уæддæр-иу йæ цæстытыл нæртон барæг хуымæтæджы нæ уад – «Куы йæ хъæуы мæйдар æхсæв цæуын, уæд æй дзæгъæл арт фæсвæдмæ нæ сайы». Нæ дæр йæ зæрдæмæ æнæ сагъæс çард цæуы: «Æнæсæн быркуы чи дары æмбæхстæй?» Уымæн уыд сæрыстыр йæ цардæй: «Фыдраны донæн – хъæлдзæгдæр йæ цыд».

Æвæццæгæн, Шамилы поэзи хорз чи зоны, уый фæхатыдаид, йæ рагфыст æмдзæвгæты кой йын кæй кæнын. Фæлæ уый мæн аххос нæу. Поэтæн йæ удыгасæй иууыл хуыздæр чиныг рацыд йæ райгуырды 70 азы юбилеймæ æмæ райдыдта, йæ раздæры чингуытæм, номхуындæй та,

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. –Дзæуджыхъæу, 2010. – 64 ф.

[2] М а м и а т ы И з е т æ. Фæцæуы, Ир, дæ намысы зæд дард... // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв, цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2011. – 59 ф.

«Æхсæвы æртытæ» æмæ «Саст дзæнгæрæг»-мæ цы поэтикон уацмыстæ бахаста, уыдон рав-заргæдæртæй.

Уыдон афтæ рæсугъд, афтæ аивтæ æмæ тыбар-тубургæнаг, уыимæ афтæ нуарджын сты æмæ сæ адæймаг йæ иу фадыл лæугæйæ дæр не 'фсæды кæсынæй. Хъодзаты Æхсар ын йæ рагæмдзæвгæты иу литературон-критикон уацы уымæн бары хæххон тæлтæг дæтты зарджытимæ, цъититы сатæг улæфтимæ, къæбæлдзыг дзыкку бæлæсты æхцон зардимæ, альпаг угæрдæнты адджын тæфимæ[1]. Йæ бæстæй цардагур фæлидзæг поэтау, махæн дæр нæ цæстытыл уайынц, куыд «Ныгъуылынц Дзомагъы къуылдымтæ Фæлмæн изæрмилты фæлмау» æмæ йемæ цин кæнæм мах дæр, йæ рагбонтæ фынау кæй уыны, ууыл. Æнæцингæнгæ йыл нæй. Уарзын æмæ худын кæй фæнды, ахæм адæймаг царды æвæджиаг фарстытæм арфдæр кæсы, хуыздæр сæ фембары, уымæ гæсгæ фæзоны, цы уыдис, цы ис æмæ цы уыдзæнис, уыдæттæ. Æмæ сæ адæмæн куырыхон зондæй куы фæдзуры, уæд æм чи хæлæг фæкæны, кæмæн йæ мæгуыр авналæнтæ нæ феххæссынц уый зонды кæрæттæм æмæ йыл куыдхуыздæронæй фæка-лынц цъыф.

Тæхудиаг, бынтон тæхудиаг цæмæннæ хъуамæ уа, поэзи йæ лыстæг сойцъирæн уидæгты онг лыстæггай чи æмбары, æнæзындгонд дзы кæмæн ницы ис, йæхицæн дзы цатыр чи кæны, хордоны бæсты кæмæн цæуы! Поэзийæ цатыр æрмæстдæр æцæг бæллиццаг уд фæкæны. Нæртон куыйвды бадынæй алæмæтон поэзийы пæрпæргæнаг базыртыл тæхын удæн цас æхцондæр у, уый зæрдæйæн йæхицæй дарддæр кæронмæ никуы ничи фæзоны.

Æмæ Шамилы бон, тынг-иу æй куы бафæндыд, уæд, – табу – Хуыцауæн, – уыд ахæм æхцонхæссæг æмæ зæрдæ уидагмæ æнкъуы-сынгæнæг поэтикон уацмыстæ фæлдисын. Йæ фыдыуæзæг, йæ раттæг адæм æмæ, табуйаг цы у, уыдоныл чи тайы æмæ руайы, ахæмы бон тынг бирæ диссæгтæ æмæ тæмæс-сæгтæ саразын у. Æгæрыстæмæй, куыд уынæм, афтæмæй, æлхыскъ чи кæны, ахæм уацмыстæ дæр. Æмæ Джыккайы-фырт уыцы стæм адæймæгтæм кæй хауд, уый, мæнмæ гæсгæ, дызæрдыккаг никæмæн у. Соттиты Риммæ йæ хъарæгхæццæйæ уымæн мысы:

[1] Хъодзаты Æхсар. Фыццаг балц зæрдæтæм / Рæстдзинад, 1964. – 15 июнь.

«Кæддæр, дам, Афины адæм Сократы хæцаг дзынга схуыдтой. Уый сын æргом кодта сæ хъæндзинæдтæ, æмæ-иу сын къогъойы хæстау дудгæ рыст кодтой. Сæ бон дзы куы нал уыд, уæд ын цикутайы марджы къус бануазын кодтой. О мæ дзæбæх æмбал!.. Дæ æргом ныхас дæр цал хатты уыдис кæмæндæр дзынгайы фæхæстау… Цал æмæ цал хатты бахъуыдис-иу дæу зонды хъама сласын, цæмæй рæстдзинадыл къæм ма абада…»[1].

Фæлæ алкæй не 'лхыскъ кодта уыцы хъуыддаг. Рæстдзинад никуы дæр æндавдзæн алкæй. Гуылæрты Барис уымæн зæгъы: «Шамил-поэт йæ адæм æмæ Хуыцауы раз уыд раст»[2]. Иры зæххыл ын алчи дæр æмæ алцы дæр уый тыххæй уыд баузæлинаг, барæвдауинаг æмæ кады аккаг. Ægæрыстæмæй поэт кæны «Авдæны зарæг назы талайæн». Раст ын цыма алæмæтон аргъæутты сыгъзæринкоцора лæппу басгуыхт æмæ йе 'гæрон цинæй нал уыд. Стæй, цахæм авдæны зарæг! Зæрдæ йæм уайтагъд ныффæлмæнтæ вæййы.

*Рухс фынтау куы кæнынц мигътыл*
*Урс гæлæбутæ пæр-пæр.*
*Ирд ыстъалытæ дæ хихтыл*
*Калынц сусæгæй цæхæр…*
*Хорзæй цæр!*

*Ис дæ хъæбысы æхсæрæг,*
*Фæзы нал ызмæлы хъæз…*
*Фæлæ мæй цæгъды дзæнгæрæг…*
*Маммæй дæ фæдзæхсын æз…*
*Тагъддæр рæз!*

*Айрæз. Ног аз та æрхæстæг,*
*Мамм та хъæдбынты хæты.*
*Бады уый уаты цъæх фæздæг,*
*Уым кæрдæгхуыз уд сæтты…*
*Айрæз ды!*

---

[1] Соттиты Риммæ. Арвы дзæнгæрджытæ // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 57 ф.

[2] Гуылæрты Барис. Нæ нæм хъуыст фыдохы йæ фæдис // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 76 ф.

Хъороты Дауыт нæ æнæнхъæлæджы нæ фæдзæхста: «Хъæд, бæлæстæ, дуртæ – иууылдæр мæм дзурынц: уарз æмæ уарз...»[1]. Æмæ йæ кæд Шамил не 'мбæрста, уæд ма чи.

Æрдз сабыр кæй у, рæдзæ-мæдзæ кæй кæны, назы тары æхсæрæг кæй æмбæхсы, уый зæрдæхцон хæссы поэтæн, «фæлæ мæй цæгъды дзæнгæрæг», æмæ назы фæдзæхсы маммæй. Ног аз æрхæстæг, фæлæ тæфæбойнаджы мамм хиты æд фæрæт. Фыдбылызæй æнæмæнг хи æмбæлы бахизын, фæлæ ныр куы фервæза маммæй, уæддæр тагъд зазхæссæн уыдзæн æмæ та уæддæр кæйдæр зæрдыл æрлæудзæнис назы хих. Уæддæр та йæм чидæр сисдзæнис æмæ фæзындзæнис æд фæрæт. «Бирæгъ фысдзармы дæр бацæуы»[2]. Афтæмæй, «йæ бахудт фæлмæн æмæ рæвдаугæ кæмæн уыд, йе снызхас зæды узæлдау, йæ удыконд æмæ лæджыхъæд арвайдæны тынтæй нывæст кæмæн уыдысты, уый йæ уарзæгой зæрдæ дудгæ æмæ мæстæлгъæдæй ахаста æнусон бынатмæ»[3].

Поэтæн адæймаг æмæ назы æдых тала сты иу кæуинаггаг уавæры. Иуæггай æфтынц фыдлæджы фыдкъухæй. Нæ фыддуджы назы талайæн тæрсгæ-ризгæ уымæн кодта авдæны зарæг. Раст цыма нæ эрæйы агъоммæ VI-æм æнусы кæрон – VII-æм æнусы райдайæны рагон-бердзенаг философ-диалектик Гераклит Эфосскийы зондыл хæст уыд: «Мышление – великое достоинство, и мудрость состоит в том, чтобы говорить истинное и чтобы, прислушиваясь к природе, поступать с ней сообразно»[4].

Æрдз дæр Джыккайы-фыртæн, адæймагау, æгас уд уыдис. Цыфыддæр фыдтæй хызт нæу. Йæ бавæрын махмæ хауы. Мах ыл, алы удæгас удау, раст хи рæзгæ кæстæрау, куынæ аудæм, куы йæм бавналæм æгъатырæй, алчи нæ йæ хи уды æхцонæн куынæгыл куы схæца, уæд ын сæфтмæ æнæрцæугæ нæй æмæ йемæ сафæм нæ удты сыгъдæг дæр:

---

[1] Х ъ о р о т ы Д а у ы т. Ироны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 179 ф.

[2] М а т ф. 7, 15.

[3] Г у ы л æ р т ы Б а р и с. Нæ нæм хъуыст фыдохы йæ фæдис // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæу-джыхъæу, 2012. – 76 ф.

[4] Э ф о с с к и й Г е р а к л и т. Материалисты Древней Греции. – М., 1955. – 51 ф.

*Цалх дæр атулы мæллæгыл,*
*Фос дæр уый хæрынц фылдæр…*
*Айрæз. …Ма сæмбæл фыдлæгыл,*
*Тагъддæр æврæгътæй уæлдæр*
*Сис дæ сæр!*

*Мит-гæлæбутæ дæ хихтыл*
*Уаз фынтау кæнынц пæр-пæр.*
*Пух гæбынайау та мигътыл*
*Ды æркъул кодтай дæ сæр…*
*Бирæ цæр!*

Диссаджы адæм сты нæ зонады иуæй-иу кусджытæ – зонад, дам, хус, иударон æвзаг вæййы, æрмæст хатдзæгтæ аразынæн у[1]. Нывæфтыд дзырд æм бар нæ дары, ома. Æмæ йын йæ дзырдтæ куы раудæгас кæнай, уд сæ куы бацæуа, куы стæлфой, уæд, дам, йæ хатдзæгтæ азгъæлдзысты сæ кæрæдзийы фæдыл. Нал сын уыдзæнис зонадон нысаниуæг. Ницы уал сæ баззайдзæн æмæ-ма уæд кæмæн кæдæм æвдисынæн бабæздзысты, зæгъгæ.

Уæ былдар макуы фæуат, кæмæй зæгъын – нæ диссаджы «ахуыргæндтæ», æмæ Абайты Васойы цæвиттонæнхæссинаг уацтæ нæ кады фысджытæ Къоста, Секъа, Малиты Георгийы тыххæй эмоцийæ æмдзаг койкæнинæгтæй æмбисондæн дзуринаг куы сты; В. Белинский æмæ Н. Добролюбовы критикон-литературон уацты дæнцæгтæ чиныджы фæрстæй цалдæргæйттæ куы бавæййынц[2], уæд Шамилы ахæм аивадон уацмысы тыххæй адæймаг куыд бауромдзæнис йæ цины уæлмонц æнкъарæнтæ?! Цæмæннæ сæ хъуамæ ныддиссаг кæниккам, нæ бон куы бауаид, уæд.

Æмæ, дам, цæвиттонтæ ма хæссут, æмæ, дам, хус ныхас кæнут. Цыма марды чырыны фарсмæ лæууæм. Æмæ марды цур дæр адæм уыцы иугъæдон нæ вæййынц. Адæймагæн йæ зæрдæ цæмæй байрайа, ууыл бацин кæнын амонд у; зæрдæ кæуыл æмæ цæуыл фæрисса, ууыл цæссыг æрæппарын дæр диссаг цæмæн уыдзæнис.

[1] Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат 4 т. Т. 2. – М., 2010. – 345 ф.

[2] Б е л и н с к и й В. Взгляд на русскую литературу. – М., 1981. Сочинения в стихах и прозе Дениса Давидова. – 351–380 ф. Йæ цитатæ у 61 поэтикон рæнхъы, йæ куыст «Иван Андре-евич Крылов»-ы та – 219 поэтикон рæнхъы.

Адæймаг адæймаг уæд свæййы, йæхи удау æй куы райдайы æндавын йæ алыварс дуне. Бæсты сæфт кæй не 'ндавы, уый адæймаджы стырноммæ хорзæй дæр æмæ, æгæрыстæмæй, æвзæрæй дæр цы бар дары? Адæймаджы ном æмæ бæстæйы ном сæ кæрæдзиимæ афтæ æнгом баст сты æмæ сæ кæрæдзийæ фæхицæн кæнын цыфæнды фыдлæджы бон дæр æнцонæй нæ бауыдзæнис. Нæдæр хицæн кæнинаг сты. Уæлдайдæр поэзийы. Шамил дзырдта: «Поэзи арвæрдыны хуызæн у – нæй йæм къухæй æвналæн, нæй йæ сæрты агæпп кæнæн»[1]. Поэзийы фæсайæн нæй.

Адæмыл, цæрæгойтыл, æрдзыл аудын – уыдон дунейы, стæй ирон литературæйы ног рагæй нал сты. Шамилæн сæ йæхи сфæлдыстады бирæ дæсгай (кæд сæдæгай нæ) уацмысты ис сæмбæлæн. Фæлæ назы талайæн авдæны зарæг кæнай, уды къæрттау æй цардсафæг маммæй хизай, уый фыццаг фæзынд уыдис. Ирон чиныгкæсæг, стæй литературон критикæйы зæрдæмæ афтæ тынг уый тыххæй фæцыд. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Æрдз хъомысджын сæудæджерадон-техникон тыхтæй сæтгæйæ, йæ хæрзиуджытæ йын æнауæрдонæй исгæйæ, адæймагад æрæджыйау бамбæрста, зæгъгæ, æрдзыл ахæм зиæнттæ сæмбæлд, æмæ йын тас у сихсийынæй, уымæ гæсгæ дзы бацыд æрдз бахъахъхъæныны мæт. Адæм незаманæй фæстæмæ сæхи кæмæй хъахъхъæдтой, уый сын ныр сæхицæн хъахъхъæнинаг фæци. Уыцы уавæрæн Джыккайты Шамил ссардта аккаг поэтикон жанр – «Авдæны зарæг назы талайæн». Назы талайы хуызы æмткæй æрдзмæ кæсы, цыма сывæллонмæ, афтæ, дзуры йæм, ирон фольклор æмæ классикон поэзийы авдæны зарджыты фæлмæн, аудгæ хъæлæсыуагæй: «Айрæз… Ма сæмбæл фыдлæгыл». Поэт йæ уарзон ахаст æрдзмæ æвæры фыдлæджы хæрам ахасты ныхмæ»[2]. Уымæн нæ, æмæ нæ поэт йæхæдæг цыргъаг никуы райста йæ къухмæ. Уый дæр уыдис «фæстаг сугдзау кæддæр». «Иу æргъом

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Курдиаты æнæахуысгæ цæхæр / Рæстдзинад, 2006. – 2 ноябрь.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 150 ф.

цъыхыры» йын æнæссаргæ нал уыд. Фæлæ йæ «куыстмæ» куы æрæвнæлдта, уæд: «Æфтыдта урс тæгæр сыфтæр, Æвдылди балты къох æхсыры». Фæлæ йæ уый нæ баурæдта. Æмæ, куы систа «балмæ цъалды, уæд ыстахт йæ дзыккутæй æхсинæг». Æваст ныффæдис кодтой бæласты, фæтарстысты цардæн ракæлынæй æмæ æрхаудтой уæд «сугдзауæн» йæ цъалды, йæ синаг. Хадзы-Мурат уымæн зæгъы: «Æрдзмæ ахаст у адæймагмæ ахаст»[1]. Дуне уыцы фарстыл йæ цæст уымæн æрæвæрдта.

Адæймагæн сæйраджысæйраг у фыдар-хайдыл рæстæгыл къух сисын, иууыл хуыздæр – цалынмæ йæм не 'рæвнæлдтай, уæдмæ, йæ фæндæгтæ йын цæхгæрмæ æрæхгæнын, æнагъæддаджы ми мауал дарддæр кæнын, æгæрыстæмæй, йæхи фыдæнæн куы уа, цыдæр ахсджиаг ми йын æрдæгыл куы æрлæууа æмæ йæ дзадджын гуыл хомæй куы зайа, уæддæр.

Æцæг лæгаулæгæн искæй удæн æхцон æрхæссын хи удæн къаддæр æхсызгон нæ вæййы. Сугдзауæн бæлæсты фæдисмæ йæ къухæй йæ цъалды æмæ йæ синаджы ахаудыл уымæн у поэты цин:

*Мæ сæрмæ ног ахстон уыдтон,*
*Фæзынд мæм руха арвы дуар гомæй.*
*Мæ уæхскыл абадти бæлон,*
*Мæ гуыл нæ уæлкъæй баззад хомæй[2].*

(«Уыдтæн бæгуы сугдзау кæддæр...»)

Æмæ ахæм рæстæджы диссаг нæу, кæд ирон поэзийы фыццаг куывд-æмдзæвгæ Шамил не сфæлдыста æмæ, нырмæ кæй зонæм, нæ литературæйы уыцы хуызы райдайæн Колыты Аксомæ хауы, уæддæр поэт, йæ тæрттæ байтындзгæ, муртакк лæгау, йæ зонгуытыл лæугæйæ, афтæ лæгъстæ кæны цытджын Сæнамæ, ирæн царды хорзæх афтæ куры, цæмæй та æдзæрæг кæмтты ногæй сæндидза нæ зарæг, æрхæм зæрдæты батæлфа нæ маст,

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 150 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 191 ф.

æмæ нæ йæ ныфсæй бауырны, мæрдырох кæй нæй Хазби æмæ Бегайæн, нæ ир сæ фæдисмæ иу лæгау кæй тырны; кæй лæууы «цæнгæтау Тогойтæн сæ мæсыг – фыдгул йæ дуртыл ма хафæд йæ къах». Фæстаг туджы æртахы онг дæр уымæ ма хъуамæ æрхаудаид сæрыстыр ирон, æнæбасæтгæ Ирыстон. Шамил тынг хорз зыдта: «Тогойтæн сæ сылгоймæгтæ дæр хæцыдысты»[1]. Уымæйдæр, сæ хъæбатыр нæлгоймæгты æмрæнхъ æмæ, æгæрыстæмæй, уырысы æфсадæн сæ хъæбатырдзинадæй номхæссæн, чингуыты фыссинаг фесты се знæгтæн дæр. Иугæр афтæ у, – уый та афтæ уыд, стæй ныр дæр у поэты фæндонæй, – уæд стæм йæ сыгъдæг куывды фарс. Хизы нæ зæрдæты арфмæ æмæ йын зæгъæм зæрдæбынæй «аммен»:

*Сæна, лæууыс нæ зæххы сæр рæсугъдæй,*
*Дыдзы хур мæм дæ тæрныхыл фæзынд.*
*Куынæ стæм мах быныскъуыд адæм сухтæй,*
*Уæд арæнтæй цæуыл дзыназы сынт?*

*Бырстой дæ бынтæм гунн æмæ хазартæ,*
*Мæлæт нын хаста сау рынау Тимур –*
*Сæ зæхх сын рæстæг дымгæмæ ныддардта,*
*Кæсы ныр дæр мæ Иры сæрмæ хур.*

Æмдзæвгæ 1989-æм азы Джиуæргуыба-йы мæйы райгуырд, æмæ нæм уæд нæ фыдбоны сыхæгтæ цы сау фæндтимæ бырстой, цæмæй зæххы цъарыл нæ кой, нæ хъæр мауал уыдаид, фæсфæстагæттæй дæр рох куыд уыдаиккам, уый не ‘ппæтæн дæр зындгонд у. Уый тыххæй нæм фæсарæнтæй цы бирæ журналисттæ фæзындысты, уыдонæй иу – æрвылкъуырион «Московские новости»йы националон проблемæты хайады редактор фыста: «На рассвете 24 ноября 1989 года я подходил к Цхинвал со стороны Гори... На прощание мой спутник (нæ «сабырадон митингхæсджытæй» – Хъ. М.) сказал: «Смотри, русский, когда мы войдем в Цхинвал, не гуляй – сиди лучше у своих родственников». – «А что будет?» – полюбопытствовал я. «В окно гляди – увидишь», – ответил он и ободряюще улыбнулся»[2].

[1] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 289 ф.
[2] М и н е е в А л е к с а н д р. Вспоминая ноябрь 89-го // Южная Осетия: и кровь и пепел. – Владикавказ, 1991. – 6–7 ф.

Фæлæ Шамилы уацмыс, уæдмæ нæ поэзийы цы трафаретон схемæ сфидар, – æмдзæвгæйы нæ фыдызнæгты иугай нымайын, цы фыдтæ нын уыдис сæ зæрды, куыд нæ куынæг кодтой, уыдæттæй куыд фервæзтыстæм, – уырдыгæй атыдта йæхи. Æмæ кæд нæ фыды зæхх тæссаг ран ис – «дыууæрдыгæй – зæйуаты», ома нæм дыууæрдыгæй бырсынц, уæддæр æй удрæбынæй фæдзæхсы бæрзонд Сæнайæн, цæмæй йын ракæна, фервæзæн ын цæй фæрцы ис, уыцы арфæ:

*Чабæ, ныууадз дæ арты къæй, дæ дзултæ,*
*Дæ кæрдæн та сырх тырысайау сис!*
*Æрцыд хъазуат, æвзидынц нæм фыдгултæ,*
*Ныры хуызæн нæ никуы хъуыд фæдис.*

*Сæна, кæнын мæ фыды зæххæн пъатæ,*
*Цæссыгæй йын йæ хъæдгæмттæ æхсын,*
*Тæссаг ран и – дыууæрдыгæй – зæйуаты,*
*Дæ хорзæхæй уый макуы фенæд зын.*

*Ыскæн нæ иры фаззæттау æмдзæрин,*
*Цы нæ фесæфти, уыдон нын – æгъгъæд.*
*Нæ рæхыс уæд æрвон тынтæй – сыгъзæрин.*
*Хæрамæн уæнт нæ къæсæртæ æхгæд.*

Фыссæг йæ дзырд зæгъынæй куы тæрса, уæд уымæй фыссæг нæй. Сервантес бердзенаг философ Платоны ныхасæй куыд спайда кодта: «Amicus Plato, sed magis amica veritas» – «Платон мæ хæлар у, фæлæ рæстдзинад зынаргъдæр у»[1], – уыйау, Шамил рæстдзинад иууыл зынаргъдæрыл кæй нымадта, уый не 'мбæхста. Уымæн дзырдта: «Куы сфæлмæцын, куы мæ бадомы зын, Мæ цæстытыл нæртон барæг фæуайы», æмæ йын, æгæрыстæмæй, мæйдар æхсæвы цæугæ куы вæййы, уæддæр æй, нæртон барæгау, «дзæгъæл арт фæсвæдмæ нæ сайы».

Æмдзæвгæйæн эпиграфæн хуымæтæджы не 'рхаста Къостайы рæнхъытæ: «Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы!»[2] («Катай»). Уый рæсугъд афоризмы охыл не схаудта нæ

[1] С а а в е д р а С е р в а н т е с д е М и г е л ь. Дон Кихот. – М., 1989. – Дыккаг хай. – 390–391 ф.

[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæр, 1951. – 51 ф.

поэтæй. Ирыстоны сæр куы бахъæуа, дзырд, уæм æви ма уæм, – ууыл куы цæуа, уæд нæ мæрдтæ дæр хъуамæ растой. Хъуамæ иууыл иумæ суæм нæ рухс фидæны – Сæрибары сæрыл удуæлдай тохгæнджытæ. Уый охыл сиды нæ Ирбæсты разагъдатæм: Къостамæ, Цæразонмæ, Хазби æмæ Бегамæ, Ос-Бæгъатырмæ, Алгъуызмæ, Милойы хо Хæзнамæ, Есенмæ, Чермен æмæ Тъотъормæ… Кæд – тох, уæд – фæстаг туджы æртахыййонг. «Ирон адæм сæ гæндзæхтæ цагътой, æлдæрттæн цагъар ныллæууын нæ куымдтой, сæ сæрмæ йæ хæсгæ дæр нæ кодтой»,[1] – дзырдта Тыбылты Алыксандр. Се ʻфхæрджыты ныхмæ, æгæрыстæмæй, хæцыдысты мыггаггай: «Мзиугомы Тъотъоты фæсивæд нал уырысы хицæуттæн ком лæвæрдтой, нал æлдæртты уагътой сæ бæстæм»[2]. Уымæй тæссаг уыд æгас Ирыстонæн дæр.

Æппæт уыдæттæ зонгæйæ, Шамилы лирикон хъайтары ныхас афтæ зæрдæбынæй у, æмдзæвгæйæн ахæм фидар æмæ нæргæ ритмикæ равзæрста, ахæм рифмæтæ аразы æмæ, уацмыс кæсгæйæ, адæймаг кæны тохмонц. Нæ бон уымæн нæ цæуы æмдзæвгæ æрдæгкастæй ныууадзын. Нæ цæстæнгас иу рæнхъæй иннæмæ кæны дзæбидыры гæпп:

*Мæ уынгæг куывд дæ хорзæхæй æрцæуæд:*
*Æз мæрдтæм сидын а изæр – фæдис!*
*О, райхъал уæнт Цæразонæн йæ цæуæт,*
*Æнувыд уæд йæ фидæрттыл Дзывгъис.*

*Мæрдырох нæй Хазби æмæ Бегайæн, –*
*Нæ ир сæ хьæрмæ иу лæгау тырнæд,*
*Нæ уыдзæн уæд нæ зæххы мурæй кайæн,*
*Аллонтæ уæд нæ кæндзысты фыдвæд.*

*Сæна, лæууыс нæ зæххы сæр рæсугьдæй,*
*Дыдзы хур мæм дæ тæрныхыл фæзынд.*
*Куы нæ стæм мах бынысĸьуыд адæм сухтæй,*
*Уæд арæнтæй цæуыл дзыназы сынт?*[3]

(«Изæрмилты кувын»)

[1] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 290 ф.
[2] У ы й д æ р у ы м.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 32–34 ф.

Шамил нæдæр æнæ сагъæсæй, æвæлмон цард нымадта амондыл. Хъуамæ йæм адæймаг æнæмæнг стъæлфыдаид исты стыр сагъæсæй. Йæ цардвæндаг ын чи рухс кодтаид, ахæм нысанæй. Амонды хабар æм каст Фыдыбæстæйæн æвæллайгæйæ уырдыг лæууын. Æмæ разы уыд æнæфсонæй æнкъард уæвыныл дæр, «æрмæст мæнг цæссыг ма ʻрхауæд нæ цæстæй»:

*Æз зонын, лæг кæйдæр хинтыл кæлдзæн,*
*Уыдзæн æууæрст, цæлхдурты раз тыхсдзæни,*
*Уæддæр фыдтухæн амондау мæнæн*
*Уæлмонц æмæ нæрæмон цин хæсдзæни.*

*Фыдраны донæн – хъæлдзæгдæр йæ цыд,*
*Куы нæры арв – рæсугддæр вæййы уалдзæг...*
*Мæ риу – уæрæх, мæ зæрдæ тохмæ – зыд!*
*Æхсоны цæв – æмæ цæхæртæ калдзæн*[1]*.*

(«Куы сфæлмæцын...»)

Ахæм адæймаг искæй уæрдоны не сбаддзæн. Тыхæй йæ куы сбадын кæнай, уæддæр искæй зарæг зарын нæ бахæсдзæнис йæ сæрмæ. Дзуццаты Хадзы-Мурат загъта: «Шамил разы нæу, афтæ чи зæгъы, «кæй уæрдоны бадай, гъе уый зарæг кæн», зæгъгæ, уыдонимæ».[2] Йæ фыдæл кæд зæринты фæдыл нæ цыд, уæддæр «Ромы сыгъдæттыл нæртон куывды зарыд йæ тызмæг æгъдæуттыл», уыд «Сæрибар, тыгъд быдыр – йæ хуыцау, йæ дин» æмæ кæд «Сæ тугæй цы зарæг ыскодтой фыдæлтæ» йæ «цæссыгты судздзысты уымæн йæ зæлтæ», уæддæр æй фидарæй уырны: «Нæ дуне куы фестид мæзджыт, уæд зæгъин: Уарзт, Фидауц, Поэзийы номыл – амин!» æмæ талынг зæппадзы дæр зарид хурыл.

Стæй йæ цы хуызы зæгъы, уымæ-ма чысыл æркæсæм. Дыккаг строфæйы цыппар рæнхъæй æртæ сты афоризмтæ. Уымæй дæр – æлвæст, зæрдæйыл æмбæлæг, поэзи-рæсугъдгæнæг афоризмтæ: 1) «Фыдраны донæн – хъæл-

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 36 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 86 ф.

дзæгдæр йæ цыд»; 2) «Куы нæры арв – рæсугъддæр вæййы уалдзæг»; 3) «Æхсоны цæв – æмæ цæхæртæ калдзæн». Дзырдты, хъуыдыйæдты равæрды кой нал кæнын.

Мах та поэты удæгас, дзадджын, барджын æмæ æхсарджын ныхасæй фидарæй уырны йæ дзырды рæстдзинад æмæ йыл æууæндæм. Ахæм ныфсджын адæймаг æцæгдæр йæ сæрмæ никуы схæсдзæнис æфхæрæн æмбисонд: «Кæй уæрдоныл бадай, гъе уый зарæг кæн» («Кæд загъта фыццаг хатт йæ Амонд лæгæн…»).

Уый поэты, æцæг поэты фидар дзырд у æмæ йæ æмбæлы суанг ингæны къæсæры онг фæхæссын. Джыккайыфырт та ахæм поэт, зонадон кусæг æмæ адæймаг уыд, æмæ йæ дзырдыл сайдæй рацæуыны бæсты йæ гæрзтæ алы хатт дæр цыфæнды фыдтохмæ уыдысты цæттæ. Антикон философ Сенекайы ныхæстæ йын хуымæтæджы не сты цæвиттойнаг: «Сократы алыварс уыд дæс æмæ ссæдз залымы, фæлæ йын нæ басастой йæ лæгдзинад. Цы давы æлдæртты бæрц? Цагъардзинад кæддæриддæр иу у! Æлгъ ыл чи кæны, уый залымты астæу дæр уыдзæн сæрибар»[1].

Уыцы «хивæнд» зонды тыххæй нæ поэт, аив дзырд хæринаг у æви нуазинаг, уымæн бынтондæр чи ницы æмбарынц, уыдонимæ дæр тохы иу æмæ дыууæ хатты куынæ бацыд, мыййаг. Æмбулгæ-иу сæ ракодта, фæлæ алы хатт сæйраг рамбулын нæ вæййы – рæстдзинадыл фæхæцæг куынæ уа, уæд æй галиугæнджытæ цъыфы фæныгæнынц.

Цæвиттонтæ тынг бирæ ис æрхæссæн, фæлæ ныртæккæ æрмæст дæр банысан кæндзыстæм, Шамил-иу сдзурыны аккаг цы хабар скодта, уый-иу æрмæст йæхи уды рыст нæ уыд, фæлæ-иу æнæмæнг уыдис Ирыстоны проблемæ. Уымæй дæр-иу фылдæр хæтт разынд судзгæ, дудгæ проблемæ.

1995-æм азы нын Уæрæсейы позтыл-мард президент Б. Ельцин æмæ йæ Хуыцауы къахæргæвдæг омменгæнджытæ Дайраны дуæрттыл Ларсы цы арæн бацыбыртæ кодтой, уымæй дæр иу километр æмæ æрдæджы бæрц (Фæснауыр – «Пасанаурæй» уырдæм нын цы зæххытæ бакодтой сæхи, уыдон сын нал фаг кæнынц!), уый нæхи бынатылмард хицæуттæ ныууагътой æнæ дæлæуæлæ,

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 279 ф.

ам, дам, нын къуындæг у азмæлынæн, нæртон симд ныззилынæн æмæ йæ радтой нæ фыдбоны сыхæгтæ æмæ цæцæнæн фæндагæн. Нæ арæнтæ нын уыйбæрц æрбакъуындæг кодтой!

Нæ амонд æви не ʻнамонд нæ афтæ кæй «батардта фыд раны», «нæ дуг – тымыгъ» кæй у, «нæ дауæн – рындз», «нæ сау зæххыл Дайраны кæрæдзи куыйдзыхтæ» куы хæрынц, «нæ хæстæй сау айнæг» куы ʻнкъуысти æмæ «нæрæмон Терк мæстæй» куы мард, уæд поэт мæрдтæй ахста нæ фыдæлты фæдис. М. Лермонтов йæ Фыдыбæстæйæ цæйау загъта: «...я люблю – за что, не знаю сам...»[1]. Шамилы, цæмæн, уый æмбæрст у, фæлæ нæ Райгуырæны уарзтæй нал бафарста йæ зæрдæйы судзаг æмæ нæ сагфыдæлты номæй ныффæдис кодта æгас Ирыстоныл, алчи дæр æй куыд фехъуыстаид, афтæ:

*Уыдис Дайраны хид сæ къæсæр,*
*Лæууыд сæ арæныл гæнах.*
*Сæ фæдон – рыгъд æмæ æнæсæр,*
*Нæ бæстæ нал æндавы мах.*

*Цæуынц нæ сыхæгтæ нæ кæртыл,*
*Нæ кулдуар райс-байсæй ныссаст.*
*Нымӑйынц Нарты цоты мæрдтыл,*
*Нæу хыгъд нæ ном æмæ нæ рыст.*

*Нæ ир! – бæсты хæрзтæй бындарæн*
*Цы уадзут кад кæнæ бынтæн?*
*Кæм ис нæртон Ирæн йæ арæн?*
*Кæм кæндзæн тохы бон гæрæн?*

Фæлæ нæ Иры тохы бонмæ гæрæн никуы æндæвта æмæ йæ нæдæр æндавы. Гæрæнтæ аразын æмæ сæ уæрæх кæнын чи зыдта æмæ зоны, йæ арæнтæ тыхæй нæ хардзæй фæйнæрдæм чи ивазынц, уыдон иу къуыри нæ арæныл «стонгдзинад расидтысты», цыма сын сталинисттæ советон дуджы Фæснауырæй дарддæр – Хъуды ком, Тырсыгом, Къобы зылд кæй схæлар кодтой, уый фаг

[1] Л е р м о н т о в М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979. – 460 ф.

нæ уыдис æмæ сын ельцинисттæ нæ «къæдзæхтæ» сæ разæй скодтой. Нырма нæ кæрæдзи катайгæнгæйæ фæрсæм: «Арвыком цæмæн баззад фæсарæн»?[1].

Цыбыртæй йын Секъайы дзырдтæй ис дзуапп раттæн – «Искæй хуымы стæм цыргъ æхсырф»[2], нæхи тыххæй дзырды сæр куы фембæлы, уæд та фырæфсæрмæй кæй ныззылынтæ вæййæм, нæ дзыхтæ кæй ныххуыйæм, уый тыххæй. Ноджы-ма уыцы «цыргъ æхсырфыл» уыцы иурæстæджы куы хæцой æгас Советон Цæдисы Политбюройы уæнгтæ Орджоникидзе, Бериа, Махарадзе, уæд Ирыстоны хуссар хай æгасæй дæр куыннæ баззад фæсарæн, диссаг у.

Фæлæ ныр дæр сæхиæрдæм ссивыны тыххæй алы æнæсæрмæхæссинаг мадзæлттæ мысынмæ никæмæ батæхуды кæндзысты. Уый та фæбæрæг бынтон æрæджы дæр: «Еще недавно, выступая в Европарламенте, М. Саакашвили заявлял о своих миролюбивых намерениях и об отказе использования военной силы в отношении Южной Осетии и Абхазии. Сейчас он заявляет о том, что «война не окончена». Недавняя встреча Михаила Саакашвили в рамках визита в Вашингтон с американскими сенаторами, пообещавшими «обеспечить Грузию оборонным вооружением для того, чтобы она смогла защититься от российских оккупантов», также никак не вяжется с его заявлением о том, что Грузия не станет использовать силовой вариант разрешения конфликтов, тем более такое же заявление, слово в слово, Саакашвили сделал за несколько часов до начала военной агрессии Грузии в августе 2008 года»[3].

Уыцы хæсты рæстæджы Абхазы куы бафæзмыдтаид Ирыстоны цæгат хай æмæ Чъехы ныххæлæттаг мулк тымбыл кæныны бæсты нæ фыдæлты кæмтты æрмæст сæ цот куы æрбаттаиккой, уæд абон фæсмонгонд нæ уаиккам. Уыдон та нæ иухатты «стонгдзинадæй» нæ тæрсын кæниккой.

---

[1] Ц ы б ы р т ы Л ю д в и г, Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Арвыком цæмæн баззад фæсарæн? / Рæстдзинад, 2010. – 25 декабрь.

[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 98 ф

[3] МИД Южной Осетии выразил обеспокоенность в связи с заявлением Саакашвили / Южная Осетия, 2011. – 29 январь.

Стæй «стонгсидджытæн» иу мæй та сæ фæстæ сæ хæрæнтæ æфснайдтой, æмæ Уырысы арæнтыл лæууæг æфсадæн «уынгæг» цы æрбацæуæн уыд, ныр уым нæ фыдбоны сыхæгтæ къинтойы кафт кæнынц, Суликъойы зарæг зарынц æмæ сæ хин фæндтыл сты, ногæй та кæд расидой «стонгдзинад», цæмæй Балтæйы уонг уæддæр æрбайсой сæ къухмæ. Уырдыгæй сын æнцондæр уыдзæнис Дзæуджыхъæуыл сæ хъуынджын арм дарынæн, цæмæй нæ арæнтæ нæхи фæндиаг ма уой. Шамил та уæд йæ фæдисæй фæсус ныццис:

*Уынут, тæрхоны лæгтæ, разæй*
*Æрмæст паддзахбадæн. Уæууæй! –*
*Гæбаз нæм нал хауы Кавказæй, –*
*Паддзах æнæ паддзахад нæй.*

*Фæдис! – Дайраны ком уырысæй*
*Кæнынц сайтан гуырдзы тыхист...*
*Рæхджы та ерыстау йæ уырсæй*
*Кæндзæн нæ сонт сабиты цъист.*

*Кæм ис мæгуыр бæстыл фæхæцæг?*
*Дайран куы фесафæм, уæд нын*
*Нæ хурхыл дардзысты æрвæдзæг,*
*Нæ цард та фестдзæни фыдфын[1].*

(«Фæдис»)

Афтæ дæр у. Фæлæ ничи разынд йæ фæдисмæ цæуæг. Иунæг уырыссаг афицер – арæнгæсты хицау инæлар Николаев загъта, куыд, дам, дæттæм нæ зæххытæ барвæндæй, æмæ йæ расыг Ельцин йæ бынатæй рацъон бирæгъы сырд фæкодта. Махæй йын фарсхæцæг ничи фæци. Иуы дзыхæй нæ не сирвæзт: «Куыдзы-фырт, чи дæ скодта нæ зæх-хытæуарæг?!»

Николаев афтæ æрмæст йæ куыстмæ гæсгæ нæ загътаид. Куыд Уæрæсейы æцæг æмбæстаг, афтæ йæ паддзахадыл, йæ паддзахады арæнтыл цæмæннæ рисса йæ зæрдæ? Мæнмæ гæсгæ алы æмбаргæ уæрæсейаг дæр зæгъдзæнис – цæмæн къаппа-къуппа кæнæм нæ арæнтæ, алы хæддзуты разæй сæ цæмæн скодтам?

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 101–102 ф.

Ӕмæ уыдон, хорз, ма уæд сæ арæнты мæт – Уæрæсейыл цæст никуы æххæст. Фæлæ махæн нæ бæстæйы иу кæронæй уырс куы ныуууаса, уæд йе ‘ннæ кæрон ефс куы бангæстæ вæййы, уæд æй куыд уарæм... Гæрзгай дæр нал, фæлæ – километргæйттæй? Уымæйдæр – нæ цæргæцæрæнбонты фыдгæнджытæн. Цыма нын, кæд зæрдæйæн зын у, уæддæр ахæм дардыл хæтæнтæ ис. Мамсыраты Дæбе Ирыстоны «чысыл сивыры хуызæн» хуымæтæджы нæ хуыдта[1]. Иу бæгъатыры дæларм бацæудзæн.

Махмæ йæ рæстæджы поэт кæуыл фæкæуы, уымæй нæ бынатылæгтæ фодзыссæдзгай азты фæстæ дæр арвы талынгты фембæхсынц – мацы фыдбылыз сæм дзы æрхауа. Шамилы фæдисмæ иу хицау уымæн никуы фезмæлыд лæгау. Сæ бынæттæ сын Ирыстонæй зынаргъдæр сты. Ӕмæ адæм дæр уыдонмæгæсгæ сæ дзыхтыл цъуттатæ сæвæрынц. Хуыгаты Сергей сагъæсгæнгæ уымæн дзуры:

*Фыссыс, тыхсыс, дæ удыртау тыхсыгъд*
*Кæны, бецауаг, бирæ зынг дзы дзаг у.*
*Фæлæ цы гæнæг дæ, нæ зоны уый дæ сых,*
*Ӕрзил ма дзы, дæ чиныг ма дзы ‘рцагур!*

*Уæдæ, цæуыл дæ хъиутæ хæрыс уæд? –*
*Ӕнцойбон дæр дæ удæн нæй æрбадæн.*
*Дæ адæмы мæт кæд ысси дæ мæт,*
*Уæд æй, цымæ, куыд нæ зоны дæ адæм?..*[2].

(«Цæрæнбонты дæллаг галы...»)

Алчи йæ дзыхыл кæй ныххæцы, уымæн, хъыгагæн, ныртæккæ ис æндæр аххосаг дæр: «Фыдгæнæгмæ абон Хуыцау дæр нæ уæнды, Йæ разы закъон дæр æрхуыссы йæ уæнтыл». Ӕмæ уæд фæдисгæнæг поэт, Шамилау, алы хатт дæр баззайы иунæгæй. Йæ рыст зæрдæйæ уымæн дзырдта: «Поэты хъысмæт вæййы трагикон, ахæстоны куы нæ бада, æвирхъау мардæй йæ куынæ марой, уæддæр»[3]. Цæмæй зыдта, мæгуыр, æвирхъау марды хъизæмар æвзарын дæр æй кæй бахъæудзæнис. Афтæмæй нымадта,

[1] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Адæм адæм сты. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 45 ф.
[2] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 119 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Фыссæг æмæ цард / Рæстдзинад, 2003 – 24 май.

ивгъуыд æнусы, 90-æм азтæй ныл цы фыдтæ цыд, уыдон: «…ныккалд æнусон бæллицты мæсыг, мард æрцыдысты ныфс æмæ сæрибар. Фыдæвзарæнты бахауд Ирыстон, æрцыд ыл дыууæ хæсты, йæ арæнтæ æрбауынгæг сты, риссаг тæппæлттæй йæ буарыл дудынц йæ хъæбулты уæлмæрдтæ. Уыцы трагеди нæ фысджытæй бирæтæ нæ федтой, нæ сæм бахъардта – сæхицæй ницы сæфт. Хостыхъоты Зинæ, йæ ахстон æд лæппынтæ кæмæн бабын ис, уыцы булæмæргъау фæхъарæг кодта, стæй йæ тыппыр зæрдæ аскъуыд æмæ бамыр йæ рыст хъæлæс. Грис уыди хæрзарæзт æмæ сæрыстырæй, мызд нæ иста, афтæмæй йæ рæдау фынгмæ уазджытæ хуыдта, зарыд сын рæсугъд хъæлæсæй, фæлæ, йæ зæрдæйы цы рыст уыди, уый та чи зыдта?..»[1].

Уый тæссаг у æви нæу? Гъай-гъайдæр, тæссаг у иунæгæй баззайын. Уæлдайдæр, аивады кусæгæн. Фæлæ фыссæг бынтон иу-нæгæй куы баззайы, уæд ын фæвæййы иуыл хуыздæр фадат, чи у, цы фæлдисы, уыдæттыл ныссагъæс кæнынæн. Зонд базонынæн æрæджы никуы уыд.

Æндæр хабар у, адæймаг куы бамбары йе ʻдых уавæр. Фæлæ хи ма басæттын, æдых уавæрæй рацæуынæн дæр ис аивадон амал – æлгъитын. Æмæ дзы нæ фысджытæ арæх пайда кæнынц: «Фæлæ, дам, лæг куы амард, / дзырдтой: «Куыдз ын фæлдыст!»[2]; «Уæййаг чи у, ном чи кæны æлхæнгæ, Йæ дзыллæйы кад чи ʻфтауы цæсты, Æндæр адæммæ чи кæсы æлгъгæнгæ, О Уастырджи, æргæрах æй лас ды!»[3]; «…цæйнæфæлтау / цæрæм фыдвæдæй, цагъарæй / æгадимæ, / Хуыздæр у – / авзилæм нæхи / æнæбын къардиумæ!..»[4].

Æмæ, Шамилæн йæхи загъдау, уыцы «сайтан» аивадон амалæй нæ аирвæзт йæхæдæг дæр. Уымæн æмæ æлгъыстаг дуджы адæймаджы маст кæд сау, дзæнгæлтæгæнаг æлгъыстæй ссæуа, æндæр йæ зæрдæ уадиссаг ницæуыл фæлæууы. Æмæ ахизы, æгæрыстæмæй, сылгоймаджы фыдæлгъыстытæм дæр. Фæлæ сæ цыфыддæрты тыххæй исы

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Фыссæг æмæ цард / Рæстдзинад, 2003 – 24 май.

[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 28 ф.

[3] Х о д ы К а м а л. Балсæджы цалх. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 341 ф.

[4] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 113 ф.

зæрдæ. Чи зоны, æлгъыст дæр адæмон сфæлдыстадмæ кæй хауы, уымæн:

*Нæ Ирыл фыдвæндтимæ чи кæны даутæ,*
*Уый дарæд æнусты йæ хуыздæртыл саутæ,*
*Уый ихыл ыстонгæй куыдзы сæр фæхæрæд,*
*Гъе, стæй йыл æд мыггаг æрцæуæд ахæрæт.*

*Нæ адæмыл чи цæуы знагау мæнгардæй,*
*Хæдзарон нын чи кæны абон лæгмартæй, –*
*Дæ бындур ныззилæд, дæ цар дыл æркæлæд,*
*Фæндагыл дзæгъæлæй æрцæуæд дæ мæлæт.*

*Нæ зæххы гæбазæй цы лæг кæны базар,*
*Уый баййафæд карзæй, зыгъдæг Зæхх, дæ азар.*
*Цы знаг калы дуртæ нæ фарны мæсыгæй, –*
*Дæ къонайы артдзæст ныххуыссæд цæссыгæй.*

*Нæ дзыллæйы чи кæны хицæнтæ, дихтæ, –*
*Кæнæд-иу дын сау сынт дæ игæр кæрдихтæ.*
*Дывзагонæй чи халы махæн нæ сæрзæд,*
*Уый йе 'взагæй не скъæт цъылынау фæмæрзæд*[1]*.*

(«Æлгъыст»)

Гæххæтт цæвиттонæн не 'вгъау кæнын, фæлæ, æмдзæвгæ сæрæй кæронмæ чи бакæса, уый базондзæн, Шамил цы номыл усы æлгъыстытæ зыдта. Уый дæр курдиат у. Уæлдайдæр, æлгъыстытæй дæр куы уа дæ бон аив æмдзæвгæ сфæлдисын. Куы ма загътон, ацы аивадон амал – æлгъитынæй аивад аразын, уымæй дæр стыр аивад фæлдисын, уый нæ поэзийы фыццаг фæзынд нæу. Æгæрыстæмæй, Къостайы «Додой»-æ цæуы йæ райдайæн. Ныр æгæр сарæх æмæ кæд, бирæ ирон æмдзæвгæтау, графоманты къухы схемæйон не суа, уæд нырма хорз фидаун кæны поэты сфæлдыстад. Джусойты Нинæ зæгъы: «Бæркадджын сты йе сфæлдыстадон æвæрæнтæ, ирдæй сæ зынынц дзыллæйы сагъæстæ æмæ бæллицтæ»[2].

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 103 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н и н æ. Поэты зæрдæ адæмæн нывонд / Рæстдзинад, 2008. – 4 март.

Фæлæ куы загътам – æлгъитын фылдæр, адæймаг йе ‘дыхыл йæхи нымæры куы фæсæтты, æлгъитынæй дарддæр йæ бон куы ницы уал аразын вæййы, уæд, нæ бон у зæгъæм, кæмдæр уый нысан у. Шамил та, йæхи састы бынатмæ чи æруагътаид, йæ гæрзтæ чи æрæвæрдтаид, ахæм поэт нæ уыд. Йæ фыссæн сис, æлвæст кардау, цыргъæй дардта. «Шамилы зырнæйзылд уацмыстæ кæсгæйæ, адæймаджы цымыдис бахауы рухс æмæ аууон, арт æмæ дон, арвнæрд æмæ сабырады æхсæн цы æнусон тох цæуы, уымæн йæ цæхæры»[1], – зæгъы Хозиты Барис. Æнæбындурæй нæ.

Стæй, куыд адæймаг, афтæ дæр æлвæст карды æнгæс уыдис рагæй дæр. Тых кæцæй иста, цардхуыз æмæ йæ куыстæмхиц чи код-та; «йæ тыхæй маст æмæ зынтæн» кæмæн быхста; «йæ фарнæй» æвдудон кæмæн кодта, уый та уыд, дунейыл лæгæн цы иу хæрзиуæг ис, æрмæст дæр уый – Сæрибар. Йæхæдæг цæйау загъта: «Амондæн ис æртæ мадзалы: Рухс, Рæстдзинад æмæ Сæрибар»[2]. Поэты фидарæй уырныдта:

*Лæгæн нæ ратдзæн уыцы хорз Хуыцау,*
*Уый суадонау нæ сæнтысдзæн дæлдзæхæй.*
*Вæййы дзы ифтонг хаттæй-хатт фыййау,*
*Вæййы дзы арæх сахты сах æнæ хай.*

*Сæрибар Рухс у – сфæлдисы йæ лæг*
*Уæздан уарзт æмæ стыр куыстæй йæ уды.*
*Нæ кæнын æз Хуыцаумæ дæр хæлæг,*
*Кæнын хæдбар хæтой лæгмæ тæхуды.*

Æнæмæнг тæхудыйаг у, «уæздан уарзт æмæ стыр куыстæй йæ уды» Рухс Сæрибар чи сфæлдисы, уыцы адæймаг. Йæ зæрдæйæ Сæрибары Рухс кæмæн кæла, æрмæстдæр уый бон бауыдзæн адæймагæн, стæй адæмæн, суанг Фыдыбæстæйæн йæ развæндаг цыфæнды мæйдары срухс кæнын. Йæ зæрдæйæ Сæрибары Рухс кæмæн кæла, ахæм

[1] Х о з и т ы Б а р и с. Лæгæн йæ намыс у йæ мæт / Рæстдзинад, 2010. – 25 февраль.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 203 ф.

адæймаджы бон бауыдзæнис зæххы уæлцъар дидинæг фестын кæнын. Йæ зæрдæйæ Сæрибары Рухс кæмæн кæла, зæххыл æрмæстдæр уый байтаудзæн фарн æмæ амонд, уæлæрвтæм, стæй дæлдзæхмæ уымæн бантысдзæн рухс фæндæгтæ айгæрдын. Йæ амæлæты фæстæ дзы Хозиты Барис уымæн дзуры: «Шамилы чи уарзта, йе сфæлдыстад зынаргъ кæмæн уыд, уыдонæн поэты хъæлæс æмæ йæ фæдзæхстытæ зæлдзысты æнустæм æмæ рох кæнын нæ уадздзысты рухс адæймаджы ныстуан»[1].

Философ, фыссæг Д. Дидро загъта: «Я заблюдился ночью в дремучем лесу, и слабый огонек в моих руках – мой единственный путеводитель. Вдруг предо мной вырастает незнакомец и говорит мне: «Мой друг, задуй свою свечу, чтобы верней найти дорогу». Этот незнакомец – богослов»[2]. Шамил размæ цыд йæхи тыхæй, йæхи рухсæй, йæхи лæджыхъæдæй.

Йæхи æвдудон куы схуыдтаид, уæд уым иу мур дæр диссагæй, уæлдайдæр, фидиссагæй ницы ис, кæд нæм бирæтæм уый сæхи æфхæрд фæкæсы, уæддæр. Ома, уый йæхицæй раппæлыд. Йæхæдæг, гуылæвзаг хойау, тæргайгæнæджы хуыз райсы: «Мæгуыл мæ бон, æз иу дæл нæ дзулын æмæ иннæ дæл». Афтæмæй, уыдон сæхиуыл цы æппæлæн уацтæ, æгæрыстæмæй, цы «чингуытæ» фæфыссынц, уыдоныл дзурыны рæстæг дæр кæд æрцæуид Хуыцауы фæрцы.

Адæмы рæгъмæ куы рахизай, уæд – исты зæгъинагимæ. Æндæра адæм сæхи тухитæй дæр уынгæджы сты. Æмæ сын ды дæр далум-балум ныхас кæн. Сæ мастыл сын цæхх зæр, сæ тыхстыл – уырыд.

Адæм диссаг сты: бирæмæ ницы зæгъинаг вæййы æмæ дын ныфс авæрыны бæсты иуабонæй-иннæабонмæ сæ «судзгæ-дудгæ» дзуринæгтæ лæхурдзысты сæ ницæйаг удты пайдайæн; кæнæ дын сæ мæстытæ тыхæй дæ сæры тъысдзысты, цыма нæхи тæфæбойнæгтæ нæ фаг нæ вæййынц. Ноджы худæгдæр, сæхицæй Санаты Семтæ куы фæаразынц, уæд уый вæййы. Иу ахæмæй зæгъы Шамил: «Мæнæ, гъе, æрбацæуы. Æрбафсæры. Мысты хуынкъ тума-

---

[1] Хозиты Барис. Рухс адæймаг // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 6 ф.

[2] Дидро Денни. Избр. атеистич. произв. – М., 1956. – 46 ф.

нæй агурын. Дзæгъæлы. Ӕрбахæццæ. Мæ хæлар! Фыссæг! Дыккаджы Гоголь»[1]. Кæй зæгъын æй хъæуы, уымæн йæхи барæнæй баргæйæ.

Табу Хуыцауæн, Шамилмæ уыдис, цы загътаид, уый дæр; адæймагæн ныфсытæ цæмæй бавæрдтаид, уый дæр; æппæлгæ цæ-мæй ракодтаид, уый дæр. Уымæн æмæ йæ уды Рухс Сæрибар ницæмæй ивта:

*Нæ кад дæр Уый, нæ исбон дæр. Ӕфсарм,*
*Сæрибар кæм ис, уым вæййы æрмæстдæр...*
*Дæттыс нын Ды уæлмонц æмæ æхсар,*
*Цæуынц дæ номыл фидыд æмæ хæст дæр*[2]*.*

(«Сæрибар»)

Поэт «Амранау хохмæ баст» куы у æмæ куы «нæй зæххыл мадзал» йæ мастæн, зылын куы сæлдар растæн, бæстæ куы сызмæст, «арв ныл хауы, судзы зæхх» æмæ Иры бындур митау куы тайы, куы бын кæнæм, уæддæр йæ ныфс нæ сæтты: «Махæн нæй хуыцау, цæдисон, нæй æмцег. Ӕз уæддæр нырма æгас дæн, – уый æцæг у».

Йæ ныфс йемæ цæуы: «Ир, ысхæц дæхиуыл, сызмæл, фидар лæуу! Нæй мадзал цъæл æмæ састæн, – уый æцæг у» («Фæдисы газель»). Нæхæдæг ын – æвдисæн.

Тыбылты Алыксандр дзырдта: «Къоста тæрсы, мыййаг, ирон адæмы зæрдæйы куынæ уал æхсида сæрибары туг æмæ «тыхгæнæг хæддзуйæ» куы скæной сæхицæн æлдар. Зæрдæйы уидæгтæ нырризынц Къостайы «Катай»-ы хъæлæсмæ»[3]. Ӕмæ йын уый тыххæй уыдис бындур: «Къостайы зарджыты размæ ирон адæм сæхи рæстмæ нæ зыдтой. Пырхытæй цардысты Терчы былтæй суанг Гудзареты æфцæгмæ æмæ Къахеты быдырмæ. Ранæй-рæтты сæ ном сæфтис, рох байдыдтой сæ ирон æвзаг»[4].

Ӕмæ, чи зоны, исчи зæгъа, ома, Шамил фæдисы кой арæх нæ кæны? Ӕмæ уым диссагæй ницы ис, Африкæйы чи райгуырд, уый фылдæр хурыл куы фысса, Цæгаты чи

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 281 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 104 ф.
[3] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1964. – 163 ф.
[4] У ы й д æ р у ы м, 162 ф.

райгуырд, уый – митыл, Кавказы чи райгуырд, уый – хæхтыл, уым диссагæй куыд ницы ис, афтæ. Мардыл кæуын æмбæлы, цинагыл – цин. Фæдисы, царды охыл æрвылбонон фæдисты дуджы цæрæм, æмæ нæ бæргæ нæ фыдбоны сыхæгтæ æмæ сæ хæзгултæ фæдис кæнын дæр нæ уадзынц, фæлæ мах хъуамæ кæнæм нæхион. Уыцы фæдисонтæй иу – Плиты Грисæн фæстаг хæрзбон кæнгæйæ, ме 'нкъарагзæрдæ хо Абайты Арбилянæ, хъарæгæмхæццæйæ, загъта: «Бирæ зæрдæтæ акодтой дæ фæстæ сидзæры каст. О, фæлæ кæд дунейы фарнæн исты хъомыс ис, уæд æмвæнд удтæн искæм фæдзæхст бынат уыдзæнис»[1]. Йæ фæстæ сидзæры каст акæнджытæй иу Шамил уыд. Æмæ йæ зæрдæйы фæндонæн исчи йæ амæлæты бон дæр никуы уыд хицау.

Ацы æмдзæвгæ Шамил Хуссар Ирыстоны удуæлдай хæсты рæстæджы кæй ныффыста, уый дæр æцæг у. Стæй амад у бæлвырд архитектурæмæ гæсгæ. Ис дзы бæлвырд фæткмæ гæсгæ арæзт ахизгæ мидрифмæтæ. Ома, поэтикон рæнхъ нæма фæвæййы, афтæмæй поэт иу строфæйæ иннæмæ æмдзæвгæйы сæрæй кæронмæ аразы рифмæтæ, хатт – амад ривмæтæ дæр: «баст дæн – мастæн – растæн – фыдазтæн – уастæн – хаст дæн – хъастæн – цас дæн – æгас дæн – састæн». Æмæ уый æмдзæвгæйы кæнæ бирæ зæлланггæнагдæр. Йæ фæлхатт цæуæг дзырдтæ – «уый æцæг у» дæр бæлвырд бæрæг фæткмæ гæсгæ кæй цæуынц æвæрд, уый дæр поэты фидар фæндонæй раст у. Ходы Камал дзы уымæн зæгъы: «Джыккайты Шамил рæдауæй хайджын у æцæг поэты миниуæгæй – у сыгъдæгзæрдæ. Цæйфæнды тыххæй ма фыссæд – уарзонддзинад, райгуырæн уæзæг, бердзенаг лæппуйы æнамонд хъысмæт – чиныгкæсæг æй æнкъары, уыдон былалгъæй загъд ныхæстæ не сты, фæлæ поэты зæрдæйы зынгæй ссудзгæ дзырдтæ»[2].

Диссаг та йæ уый тыххæй скодтон, æмæ нæм исты ногæй куы фæзыны, уæд æм нæ кæрдтæ фæцъортт кæнæм – алæма, чи дзы фылдæр раскъæфа. Æмдзæвгæйы ацы ног

---

[1] А б а й т ы А р б и л я н æ. Дæ зæлдаг зæрдæйы фæд / Рæстдзинад, 1999. – 17 апрель.

[2] Х о д ы К а м а л. ...Æнцой уын нæ дæтты / Литературная Россия, 1970. – 6–12 февраль.

хуызмæ дæр ныридæгæн фæцис ныхилджытæ. Æрмæст Шамилы «уый æцæг у» фæивтой «уарзын дæ» æмæ «зонын æй»-тæй, фæлæ сæ давгæ-давын айрох æмдзæвгæйы архитектурæ бæстон рахатын, лæмбынæг æй бамбарын.

Æниу, æмбаргæ адæймаг давын дæр нæ бахæсдзæнис йæ сæрмæ. Фæлæ нæм иугæр не ссæдзазон хæсты кой æрхаудта, уæд æнæзæгъгæ нæй, ирон поэттæй Ирыстоны уыцы тугкалды ныхмæ æппæты фыццаг чи ныббогъ кодта, æнæмсæр хæсты тыххæй фыццаг рæстаг æмæ ныфсы ныхас æцæг аивадон дзырдæй чи загъта, уыдонæй иу уыдис Джыккайты Шамил. Республикæ Хуссар Ирыстоны фыццыг Президент, профессор Цыбырты Людвиг дзы уымæн зæгъы: «Такие разносторонне одаренные и талантливые личности, как Шамиль Джикаев, появляются в жизни раз в столетие»[1]. «Йæ дзырд ахадыдта цины дæр æмæ зианы дæр»[2], – фидарæй у Дзасохты Музаферы хъуыды.

Шамил цы дзæвгар зæрдæмæдзæугæ сонеттæ сфæлдыста, уыдон кой барæй нæ кæнын. Сæ кой нæм уыдзæнис фæстæдæр, фæлæ сын литературон критикæ йе ‘ннæ зынгæ сфæлдыстадимæ цы стыр кад скодта, стыр поэтикон уацмыстæ кæй сты, уый тыххæй, уый сусæггаг нæу. Мах дæр дзы нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм иуцалдæр: «Большинство стихотворений сборника «Колчан» («Сагъадахъ» – Хъ. М.) выдержано в лаконичной форме классического сонета, и поэт точно следует канонам жанра, создавая интересные образы»[3]; «Дæ чиныг тыхджын курдиаты, фæлгъауæг зонды æмæ арæхсджын армы фæлмæй кæй у, уый дæр, хорз бæхы дамгъæйау, бæрæгæй зыны алы æмдзæвгæйыл дæр»[4], – дзырд ыл нæй – сонеттыл дæр; «Сонет пришел к нам из глубины веков. Он дает поэту веру и надежду. Наш век высекает его огненным резцом на граните сердца поэта»[5]. Азæ дарддæр зæгъы: «Шамиль Джикаев в совершенстве овладел этой формой лирики. Поэта в нем

[1] Ч и б и р о в Л ю д в и г. Совесть народа // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 62 ф.

[2] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Фæлæ… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 79 ф.

[3] В а х т а н г о в а З. Образ родины, образ эпохи / Социалистическая Осетия, 1982. – 5 октябрь.

[4] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Æрвыстæг поэтмæ / Рæстдзинад, 1992. – 10 ноябрь.

[5] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 102 ф.

привлекает лаконизм фразы, четкость выражения мысли, его вдохновляет преодоление трудностей формы»[1]. Ахæм æппæлæн ныхас адарддæр гæнæн ис, поэт йæ ног чиныгмæ цы ног сонеттæ бахаста, уыдон тыххæй дæр. Фæлæ ныртæккæ сæ кой нæ кæндзыстæм. Уымæн æмæ, Шамилы сфæлдыстады сонет цы стыр бынат ахсы, уый æнæдызæрдыгæй у сæрмагонд ныхасы аккаг. Цыбыртæй нæ бон зæгъын у, поэт ирон сонет кæй фæуæрæхдæр кодта, поэзийы ацы хъулон хуызы архитектоникæйы фæрцы сæруæлдæр кæй систа нæ Ирыстоны дзыллæйы лæгтæй тынг бирæйы (стæй æрмæст уыдон нæ) дзæнæтыбадинаг нæмттæ. Фæлæ уый афтæ нæ амоны, æмæ поэт нæ хæрзтæй æппæлыд æмæ æппæлыд, бафауинаг нæм цы ис, уыдон сынтæджыты бынты, фæсдуæртты тъыста. Уæд йæ дзырд никæй зæрдæмæ цæуид. Уæд йæ дзырдæн ныры хуызæн æмбæлон аргъ нæ уаид. Хорз æмæ æвзæр иу тæразыл баргæ сты. Царды уыцы философи Шамил никуы ивта. Уымæн худы ницæйаг æмæ æлгъаг хиппæлойыл. Уымæй дæр сонеты:

*О рухс дуне, мæ нæргæ кад мын базон:*
*Æз скифтæй дæн, аланы фырт, фæрныг.*
*Лæууæнт мæ разы дзыллæтæ уырдыг, –*
*Уыдис мæ фыдæл стыр паддзах Цæразон.*

*Уыдис мæнæн Хæмыцы фырт мæ фаззон,*
*Ыскалдтон Гурæн карз хæсты йæ рыг,*
*Хъæриуы ныхыл самадтон мæсыг,*
*Ныфсхаст дæн æз, æвзыгъд æмæ фæразон.*

*Кæнын мæ ирæн кад æмæ цæсгом,*
*Æргъæу галуантæй сфæлдыстон нæ бæстæ,*
*Мæ зонды хурæй райдзаст у нæ ком,*

*Мæ зардæй калынц дидинæг нæ фæзтæ…*
*Ыстыр Хиппæлой – уый та уын мæ ном! –*
*Нæртон диссагæн баззайдзæн мæ фæстæ*[2].

(«О рухс дуне, мæ нæргæ кад мын базон…»)

[1] У ы й д æ р у ы м, 103 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 194 ф.

Шамилыл кæд æппæлынмæ нарты Сослан дæр нæ фæтых уыдаид æмæ йæ уый тыххæй суанг мыхуыры дæр фæввæййы æфхæрджытæ, уæддæр йе 'ппæлды алы хатт дæр рæстдзинад дзæвгар разыны, – литературæйы дæр, царды дæр, – æмæ йын йе 'ргом ныхас уый алы хатт дæр кодта æхцон, зæрдæмæдзæугæ. Афтæ вæййы, стонг гал нартхоры салд, цъыф хæтæлтæ зивæггæнгæ куыд æууила, уыйау поэт исты зæгъыны охыл йæхи куынæ лæмара, тых агуырд куынæ кæна темæтæ, аив дзырдтæ, фæлæ йæм зæрдæрисгæйæ кæнæ цингæнгæйæ куы цæуой сæхæдæг. Хæстæввонг сæ куы кæна æмæ сæ рæстдзинады сæрвæлтау куы 'рвита царды сæрыл тохмæ. Коцты Лизæ йын йæ поэзи зæрдæйы цæхæрæй райгуырггæ уымæн хоны[1].

Шамил, дзырд удæгас кæнгæйæ, уымæн дзырдта: «Мæ Дзырд, цæуыс тæссаг балцы хæстонæй». Хæстонæн та фæндагсæр сты «тохы ныфс æмæ æхсар». Йæ тохмæцæуæг æмдзæвгæйыл кæд цереччы згъæр нæй, уæддæр ын сау тыхтимæ хæцгæ у. Æргом хæсты йæ куынæ æмбулой, уæддæр æй сайдзысты алы хин æмæ кæлæнæй, сæ чындз ын «сау марг нуазæны дæттдзæн». «Фæлтæрд ысты фæдфæливæнты, ахуыр, Сæ уарзт – æхца, сæ марæн кард – гæртам». Хахуыр урс дарæс кæм дары, хæрам гамхуды кæм цæуы, уым удæй æнæ æхсон цæгъдгæ нæй. Адæймагау адæймагæн цыфæнды зын куы уа, уæддæр ын зæхх тæфсын кæнын æмбæлы. Поэт уырдæм ныфсджынæй уый тыххæй фæндараст кæны йæ Дзырд – «Фыдрынæй бахиз Уарзт æмæ Æфсарм» («Фæдзæхст»). «Лæг куы уа уæздан æмæ ныфсхаст, Уæд нæ фæтыхсы йæ зынтæй» («Поэты къухфыст»), фæлæ, кæм æмбæлы, уым размæ бырсы йæ адæм æмæ йæ Фыдыбæстæйы амонды сæраппонд. Æгæрыстæмæй, «Поэты къухфыст»-ы сæудæджер æппынæдзух пайдайыл куы хæры йæхи, поэт æнæзындгондæй тæдзгæ уæлхæдзары уазал æмæ стонгæй куы мæлы, уæддæр. Шамил дзырдта: «Алы æхсæнады дæр вæййы халæн тыхтæ. Чырыстон зæдты 'хсæн уыд Люцифер (Демон), Нарты 'хсæн цард Сырдон, сæ фыдбылыз»[2]. Цард уыдон змæнтынц. Шамил утæхсæн кодта, зæххыл рæстдзинад кæй

[1] К о ц т ы Л и з æ. Зæрдæйы цæхæрæй / Рæстдзинад, 1982. – 3 август.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 127 ф.

нæй. Уыд «ныфсы мæсыг нæ Ирæн»[1]. Паддзахдомбай дæр бындзыты раз æдых кæй у; сæлхæр бонкалд куы свæййы, уæд ын куырыхон хуыгæсæй кæй фæцæуы; дун-дуне куы рафæлдæха, уæддæр сырдонцъиу цæргæсæй хорз кæй нæ зæгъдзæнис; лæгмарæн дæр зæххыл хуыцау æмæ фарсхæцæг кæй вæййы; фæлитой нæм æртæ мады кæй дæйы; «мæнгард æнæвгъауæй зæххысой» кæй хæры; пехуымпар æппынæдзух бызгъуырты æд уаргъ сыгъд фæндæгтыл кæй хæты; уарзтæн арфæ æмæ аргъ кæй нæ уыдзæн; цард хуыздæр æмæ рæсугъддæр кæй нæ кæны – æппæт уыдæттæ поэтæн нæ лæвæрдтой æнцой:

*Зын у цæрын. Æлгъыст зæххыл лæгæн*
*Йæ цард, йæ фæндаг никуы сты йæхи бар.*
*Йæ фæндтæн нæй мадзал æмæ гæнæн,*
*Нæ уадзынц мæн мæ тыхст сагъæстæ хибар.*

*Зын у цæрын. Зæххыл рæстдзинад нæй,*
*Уыны хайуан йæ цæсты сындз æфсургъæй.*
*Лæгау лæг нæм куы фæзыны, уæд æй*
*Фыдгулау марынц агъуыд адæм хурхæй*[2].

(«Зын у цæрын»)

Строфæты райдайæн дзырдтæ: «Зын у цæрын» – зæрдыл лæууын кæнынц Хуыгаты Сергейы æмдзæвгæ – «Цæрын зын у», – дзырдта-иу мын мæ фыд»[3], уæддæр зæрдæйыл æндæдзы царды æгъатыр рæстдзинадæй. Уыцы фæлхатæн, цыма, бынтондæр ницы у, фæлæ, уæддæр, къæм æвæры Шамилы хуызæн зындгонд поэты уацмысыл, кæд æм реминисценциййы хуызы æрбахаудта, фæзмыны охыл æй нæ загъта, уæддæр.

Стæйдæр, дæсгай азты нæ поэттыл цыдæр «низ» бафтыд – кæмæдæр зæрдæзæгъгæ рæнхъытæ, хъуыдытæ куы ауынæм, уæд сæ смидæг кæнæм нæ уацмысты. Фæлæ уый æндæр ныхасаг у. Зæгъæн ис – хъыгаг, уæззау ныхасаг.

---

[1] Х æ м ы ц а т ы А л б е г. Уыдтæ бæрзонд ныфсы мæсыг нæ Ирæн… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 172 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 257 ф.

[3] Х у ы г а т ы С е р г е й. Мæ сыхæгты номæй. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 39 ф.

Ныр та исчи æнæмæнг зæгъдзæн, ома, царды фыдтæ æгæр æндæвтой поэтыл, нæ йæ уагътой йæ сæрыл схæцын. Æмæ йын куыннæ батæригъæд кæна, Шамил йæхæдæг дæр куы бæлвырд кодта: «Мæ тых мын басастой хæрам æмæ гадзрахат, мæ зæрдæ сцъæхи козбау æмæ мæнгард митæй, мæ астæу æркъæдз Ирыстоны хъыгтæй, хъæрзын нæ адæмы рыстæй…»; «Æцыдтæн саст æмæ дæрæн»[1].

Дзырд дæр ыл нæй, ис дзы аивадон, стæй кæмдæр цардуагон рæсдзинад, фæлæ уыдон фылдæр буцты хуызы сты. Поэты буцтæ йæ адæмæн. Уымæн æмæ нæ фысджытæй иумæ паддзахады æрдыгæй æмбæлон æркаст никуы уыд. Шамилы «Поэты къухфыст»-ы куыд у, уыдзæнис нæм фæстæдæр йæ кой – «Ничи уыд дзæгъæл мардыл кæуæг», стæй куы «рацыди кæйдæр фæрцы йæ том» æмæ куы «Систам дис æмæ тæмæстæ. Арвыл хурау абадтис йæ ном». – Мах дæр нæ фысджыты мардæй æрымысæм. Уды кад марды кадмæ кæм не ‘ххæссы, уыцы зæххыл лæджымсæрæй рацæрын æнцон нæу, нæ рæдыд куы фæзонæм, уæд дæр. Æргомæй йыл нæ фæсæттæм.

Гæбæраты Юри зæгъы: «Шамил æй тынг хорз зыдта, йæ фæдисхъæр алкæмæн æхцон æмæ æхсызгон кæй нæ уыд, фæлæ нæ тарст. Уымæн æмæ, цы Фыдыбæстæйы хъæбул дæ, уыцы Фыдыбæстæйæн хъуамæ хъæбулы лæггад кæнай. Хъуамæ дын йæ хъысмæт æмæ йæ рæстдзинад бæрзонддæр уой мæлæты тасæй»[2]. Æмæ куыннæ рыстаид Шамил-поэты зæрдæ царды дзырдаивады дæсныйы уавæрыл æмæ йæ Райгуырæн бæстæйы уыцы æгуыдзæг дугыл хъуыдыгæнгæйæ, ирон лæджы ном æцæг сæрыстырæй чи фæхаста, уыдон раззагонтæй уыдис алы хъуыддаджы дæр, æмæ йæ иунæг уысм дæр дæлæмæ куы никуы æруагъта, уæд[3].

Фæлæ иуæй-иу цъиусæр бынатылæгты куыд фæфæнды, афтæ никуы бадон йæ тых æмæ цыфæнды зындзинæдты раз дæр не ‘ркъул кодта йæ сæр. Æгæрыстæмæй, Ирыстоны стыр саударæн бон – Беслæны трагедийы рæстæджы дæр, куыд федтам, афтæмæй нæ асаст йæ ныфс æмæ йыл цы зæрдæриссæн кадæг ныффыста, уый уымæн фæуд кæны стыр ныфсимæ: «Нæ уыдзæн ир фыдвæд æмæ æвæд!»

---

[1] Стыр Ныхас, 2004. – № 22.

[2] Г æ б æ р а т ы Ю р и. Иры зарæг, Иры хъарæг / Хурзæрин, 2013. – 2 март.

[3] Г е о р г и а т ы Р. Рæстдзинад – йæ хотых /Ленинская смена, 1990. – 16 март.

Йæ адæмæй сæрыстыр уæвгæйæ, йæ хъуыды кæддæриддæр æргом уыд: «Бороться со всем этим чертополохом надо и должно, но прежде – думать о Родине»[1]. Ахæм ныфсджын ныхас зæгъдзæнис, ахæм удвидар разындзæнис Шамилы хуызæн æхсонæйконд адæймаг. Йæ ныхмæ йын æрдхордæй, знагæй цасфæнды дуртæ куы тылдтаиккой, уæддæр æй нæ фæтæрсын кодтаиккой. Нæ йæ басастаиккой. Уымæн æмæ иунæг нæ уыд – цы адæмы сæрыл хаста йæ сæр нывондæн, уыдон сæйраджы йемæ уыдысты. Йæ фидар дзырдыл ын мах дæр æууæндæм æнæ ракæ-бакæ, æнæ дызæрдыгæй.

Чиныгкæсæджы Шамилы кадджытæ, йæ балладæтæ иууыл тынгдæр сæхимæ æлвасынц, дзырд сæ æнусон темæтыл – Фыдыбæстæ, Сæрибар, Рæстдзинад, Намысыл, Уарзтыл кæй цæуы, æмæ уыцы ныхас поэт уæлтæмæн, рæсугъд æмæ барджын поэтикон æвзагæй кæй нывæста, уыцы стыр аивадон авналæнтæ. Булкъаты Михал ын сæ хуыдта «дзæбидыры сæррæтт»[2].

Йæхæдæг цахæм романтик уыдис, æрымысыд ын ахæм поэтикон ном. Æмæ йыл уыцы ном абадт, джиппы уагъдау. Уыцы романтикон комулæфтæй улæфынц, цы гуырахстджын уацмысты кой кæнæм, уыдон дæр.

Мадæн йæ фырт, паддзахæн зонгуытыл чи лæууы, йæ уыцы лæггадгæнджыты хъуыдымæ гæсгæ у «æнæхуыцау фыдгæнæг – Фæлгъауы хъомпал æмæ хыл: Уæларвы сфæлдисгæ æгъдæуттыл Æфтауы зынг æмæ фыдæх» адæмы пайдайæн. Фæлæ куыд цæудзæнис паддзахы зæрдæмæ?

Æмæ мадмæ æрдæгæхсæв йæ фæсдзæуинтæ авдæй батыдтой дуар. Сæ тæрхон у бæлвырд æмæ цыбыр. Уымæйдæр, йæ сæрты ахизæн кæмæн нæй, ахæм:

*Дæ фырты раздах, мад! Æууæндаг*
*Вæййы йæ мады фæндыл фырт, –*
*Æмæ уыдзæн сыгъдæг уæ фæндаг,*
*Уыдзæн бæрзонд бадæг дæ гуырд;*

---

[1] Т а у т и е в а Т. О чем болит сердце поэта Шамиля Джикаева / Северная Осетия, 2005. – 20 май.

[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Дзæбидыры сæррæтт // Мах дуг, 1992. – № 2. – 110–121 ф.

*Сыгъзæрин хорзæх ыл кæлдзæни,*
*Кæннод йæ зæронд мад сыдæй,*
*Куыйты хæрд, баст æмæ цæфтæй*
*Уынгæг цъыф ныккæнды мæлдзæни!*

Адæм акæнынц: «Мады зæрдæ тæнæг у»[1], – йæ фæдыл кæмæн цуан кæнынц, адæмы туг чи нуазы, уыцы паддзахы лæгмартæ, уымæн, сыгъзæрин хорзæх ыл кæм кæла, ахæм бæрзондыл бадæн куы лæвæрдæуа, уæд цæмæннæ ныккафа æмæ ныззара йæ мад? Фæлæ поэт-романтик йæ хъайтарæн æндæр цардвæндаг равзæрста:

*...Кард рухсмæ ферттывта. Йæ зæрдæ*
*Ныццавта йе знæгты раз ус.*
*Арв банцад тар æхсæв йæ нæрдæй,*
*Тызмæг, сæх-сæх уарын фæхъус...*
*«Цагъар! Ды байхъус ныр мæ дзырдмæ:*
*Кæд ма лæджы цæсгом хæссыс,*
*Кæд ма лæджы цардæй цæрыс,*
*Фæхæсс уæд ацы кард мæ фыртмæ;*
*Зæгъ ын: йæ зæронд мад фæмард...*
*Ныр уый сæрибар у – нæ рисдзæн*
*Мæ тыхст, мæ зынтыл æмæ исдзæн*
*Нæ маст фыдызнæгтæй йæ кард...»*[2]

Шамилы алы поэтикон æмбырдгонд дæр ирон поэзимæ уыд, цæст æрæвæрын кæуыл æмбæлы, ахæм, фæлæ сæ «Намыс»-æй намысджындæр хуын нæ уыд. Фыццаг хатт æй чи фæкæсынц, уыдон тæхудиаг сты, æргъомыдзаг цинтæ иухаст кæмæн æркæндзæн.

Уый дæр ын цæммæннæ хъуамæ уыдаид сæрыстыры хос? Шамил уыд сæрыстыр. Йæ сæрыстыр æмæ йе 'гæрон ныфс ын кæддæриддæр арæзтой йæ къух.

---

[1] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 25 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 292–293 ф.

## Ф Æ Н Д З Æ М  С Æ Р

## ИРОН СОНЕТЫ ДÆСНЫ

Нæ бындур нын чи нæ ныззилын кодта, историйы рохмæ нæ чи нæ фехста, Къоста, Секъа, Елбыздыхъо, Арсен… Джыккайты Шамилы хуызæн, æрвон комулæфт кæмæ хæццæ кодта, ахæм гуырд радтын нын кæй цæст бауарзта, уымæй куыд зæгъæм: «Хуыцауæй арфæгонд нæ фестæм…»[1].

«Адæм ыл сæ цæст æрæвæрдтой»[2], – кæмæй зæгъынц, уый сасиры бын нæ амбæхсдзынæ. Кады адæм сæ цыты лæгты уæлæрвтæм исынц. Сæхæдæг дæр уыдонимæ адæмы æхсæн фæдарынц къуыпп.

Джыккайты саджы фисынтыл амад Шамил уыцы каджынты нымæцы сæрыстырæй бадт. Иры кад æмæ намысы чиныг бæрзæндты хаста. Къæм абадын ыл нæ уагъта. Ноджы нын йæ сыгъдæг зæрдæйæ хъуыртæтыгъдæй кувгæ дæр йæхæдæг кодта – рын, сонæй хызт куыд уæм; ирон лæджы рихийы кад нæ дæлфæдтæм куыд никуы æрæппарæм; нæ бæр кæстæртæн цæвиттойнаг куыд уæм. Нæ ауæрста йæ куывтытæм адæмон фæлмæн юмор хæццæ кæныныл дæр. Суанг-иу нæ классикты сфæлдыстадмæ дæр ахæццæ:

*Уастырджи, ныббар мын,*
*Курын дæ хатыр:*
*Ницы ис мæ армы,*
*Къотыр у мæгуыр.*

*Хур дæр ыл нæ кæсы,*
*Ахуыссы йыл мæй.*
*Кусарт нæй мæ къæсы,*
*Кувинаг дæр нæй.*

*Цух нæ дæ: æрдзæтæ*
*Нард фосæй – æргæвст.*
*Иунæг æз – æдзæттæ,*
*Тыхст æмæ æргъæвст.*

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 39 ф.
[2] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 3 ф.

Æмæ нæ ирон поэзийы (стæй æрмæст ирон поэзийы нæ) уæлæрвтæм табу кæнын поэтикон амал куыд ссис, фæдисы рæстæджы нæ адæмон хъайтартæм сидын дæр – афтæ, уæд Шамилæй нæ рох кодтой Алыккаты Хазби æмæ Коцты Бега, Ос-Бæгъатыр, Алгъуыз, «Хуыгаты чызг, Милойы хо Хæзна», Есен, Тоторс, Березы-фырт, Чермен, Тогæйты мæсыг... Донласт ныфсæнхъæл кæрдæджы хал дæр ацахсы æмæ сæм поэт уымæн сидт, цæмæй сыстой мæрдтæй, Ирыстонмæ фæзыной æхххуысмæ. Фæлæ-иу фæзмæн «куывтыты» ахызт, æгæрыстæмæй, иронимæ дæр:

*Зоныс мын мæ хъыг дæр:*
*Бамынæг мæ зынг.*
*Иу сæныкк хъæздыгдæр*
*Не скæндзæн дæ фынг.*

*Бонджынты цытимæ*
*Хъæлдзæг бонты хынц...*
*Давæггаг фыдимæ*
*Карз арахъхъ хырхынц.*

*Æз цæрын мæгуырæй,*
*Нæй куыстæй бæркад.*
*Рухс дзуарæн цъæх фырæй*
*Чи скæндзæни кад?*

(«Мæгуыры куывд  Джиуæргуыбайы»)

Шамилыл йе ‘лвæст, зæллангтæнаг æмæ æхцон дзырд, судзаг фарстытæ арæхстджынæй лыг кæныны тыххæй æвзонджы бонты æрæвæрдта ирон литературон критикæ йæ цæст. Шамил æхсонау цæхæртæ калдта нæ адæм æмæ нæ Фыдыбæстæйы сæрыл тохы. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн загъта: «Адæймаг æмæ адæмы сæрибар – уый у Шамилы сæйраг мæт æмæ сагъæс»[1].

Шамил йæхæдæг афтæ дзырдта: «Дидинæджы сыфыл цы æртах æрттивы, уым зыны стъæлфджын арв. Гыццыл

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 87 ф.

хъуыддæгты зыны стыр удгоймаг»[1]. Ноджы зæрдæйæн æхцон цы у – ахæм, адæймаджы уæлмонц, сыгъдæг хъуыдытыл æфтауæг уацмыстæ Шамилмæ цъус нæй. Æмæ сæ нымæцæй нæ, сæ фарнæй æппарынц чиныгкæсæджы дисы, æфтауынц нæ, æрттиваг пакъуы бæлоны æнæнхъæлæджы фендау, рухс, адæймагыл базыртæ садзæг фæндтыл. Интимон уарзтыл æм, хъыгагæн, сты цъус. Чи йæм ис, уыдон та ацы æмдзæвгæйы кæронау – сыгъдæг æмæ уæлмонц. Хатгæ дæр æй нæ кæныс, афтæмæй тайынц æмæ руайынц удыл. Сæ иу – «Зæриндзыкку, зæрин хуры чызг, арвæй...»:

*Зæриндзыкку, зæрин хуры чызг, арвæй*
*Сæуæхсиды сырх зæлдагыл сындæг*
*Цæуыс нæ зæхмæ – ирд æмæ сыгъдæг, –*
*Хæссыс дæ рухсæй амонд æмæ арфæ.*

*Ыстыдтой зæххæн суадæттæ йæ арфæй,*
*Дзæнæты цъиу ныууасыди хæстæг.*
*Цы уыд бæллиц, уый разынди æцæг,*
*Мæ риуы райхъал царды цин йæ тарфæй.*

*Рæсугъд фынтæй мыл тар æхсæв ысбон,*
*Тæхы мæ сæрты амонды рухс маргъау,*
*Кæны мын уый кæлæн æмæ тæрхон.*

*Цы уыд æцæг, мæнæн уый фестад аргъау...*
*О фарн, зæххон бæллиц æмæ æрвон*
*Сыгъдæг рухсыл æргъæу аргъуаны саргъау!*[2]

Ацы æмдзæвгæ дæр фыст у, поэтæн афтæ адджын чи фæцис, поэзийы уыцы формæйыл – сонетæй.

Сонеты фæзындыл нымад цæуы XIII-æм æнус. Тæмæнтæ та скалдта италиаг поэт Ф. Петраркæйы сфæлдыстады. Ныффыста æртæсæдæ сонетæй фылдæр. Фæлæ ирон поэттæн дæр поэзийы ацы хуыз раджы скодта мыды ад Токаты Алиханы «Цыкурайы фæрдыг»-æй фæстæмæ. Дзасохты Музафер афтæ зæгъы: «Сонет ирон поэзийæн дæр

[1] Джыккайты Шамил. Фыссæг æмæ цард / Рæстдзинад, 2003. – 24 май.
[2] Джыккайты Шамил. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджы-хъæу, 1990. – 132 ф.

æцæгæлон нæу. Кæд йæ авналæнтæ къуындæг сты, – Пушкин æй «размер его стесненный» хуымæтæджы нæ рахуыдта, – уæддæр нæ фысджытæй бирæтæн сæ зæрдæмæ фæцыд»[1]. Æмæ æрнымадта, йæ фæзындæй фæстæмæ нæм нæ мадæлон æвзагыл «фылдæр æмæ хуыздæр сонеттæ чи ныффыста, уыдонæй цалдæры»: «Токаты Алихан, Чехойты Сæрæби, Дзаболаты Хазби, Малиты Васо, Цæрукъаты Алыксандр, Джыккайты Шамил, Джусойты Нафи, Ходы Камал, Тыджыты Юри, Кокайты Тотрадз, Хъодзаты Æхсар, Гæлуаты Аким æ. æнд.»[2].

Шамилыл 50 азы куы сæххæст, уæд ын чиныгкæсджытимæ юбилейон фембæлд бацæттæ кодтам Хуссар Ирыстоны облæххæсткомы залы æмæ уым сæрыстырæй дзырдта, йæ зæрды кæй ис сæдæ сонеты ныффыссын æмæ сæ хицæн чиныгæй рауадзын[3]. Уыцы ныхас айхъуыст æмæ кæмæндæрты бантыст ахæм хъуыддаг саразын. Ноджы дæр сын æнтысæнт. Шамилæн арвы æнæнхъæлæджы гæрахæй нал бантыст. Фæлæ цы сонеттæ ныффыста, уæлдайдæр, нæ кады лæгтыл, уыдон сты зæрдæмæдзæугæ, бирæ цæмæйдæрты – бæллиццаг.

Пушкины ныхасæн йæхи бынат ис, фæлæ сонеты нымад рæнхъыты уыйбæрц æмбæхст тых бацæуы, æмæ курдиаты фæрцы адæймаджы ныппарынц дисы. З. И. Плавскин сæ «Четырнадцать магических строк»[4] хуымæтæджы не схуыдта.

Шамилы сонеты дæр уынæм сыгъдæг уарзт æмæ æппæтхъом царддæттæг тых. Автор дзы алыхуызон аивадон амæлттæй кæй пайда кæны, уæлдайдæр, сонеты кæрон «с», «гъ» дамгъæтæй аллитераци кæй ис: «Сыгъдæг рухсыл æргъæу аргъуаны саргъау», – уый йæ кæны зæлланггæнаг æмæ зæрдæмæдзæугæдæр. Шамил йæхæдæг цæвиттойнаг кæй «сфæлдыстадон хъысмæт»[5] схуыдта, нæ уыцы æцæг стыр фыссæг Цæрукъаты Алык-

---

[1] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Тæлмацгæнæгæй // Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 5 ф.

[2] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Тæлмацгæнæгæй // Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 5 ф.

[3] Авторы архивæй.

[4] П л а в с к и н З. И. Четырнадцать магических строк // К о л л е к т и в а в т о р о в. Западноевропейский сонет XIII–XVII веков. – Ленинград, 1988. – 3 ф.

[5] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 259 ф.

сандр загъта: «Дæ сонет – раст зырнæйзылд дзаума, къус!..» «рухс» «Зыр-зыргæнгæ дзæнхъа уырынгтыл хъазы»[1].

Æмæ йе сфæлдыстады æппæт уыцы миниуджытæ ирдæй зынынц, поэзийы жанры табуйагдæр хуызтæй иуы – сонеты цы диссаджы уацмыстæ снывæзта, уыдоны. Ирон сонет, куыд зонæм, афтæмæй кæд æнусы размæ Токаты Алиханы «Цыкурайы фæрдыг»-æй райдыдта, уæддæр дзæвгар райрæзт. Æмæ йын йæ райрæзтыл уæхск-уæзæй бакуыста Джыккайы-фырт дæр.

Æвæццæгæн, чиныгкæсæг æнæфæхатгæ нæ фæуыдаид, нырмæ цы цæвиттонтæ фæхастам, уыдонæй тынг бирæ кæй уыдысты сонеттæ. Тыхæй дæр æй ничи атыдтаид поэзийы уыцы хуызæй. Уарзта йæ æгæрон уарзтæй. Хъæздыгæй-хъæздыгдæр кодта ирон сонет.

Йе сфæлдыстады йын чиныгкæсæг æхсызгонæй сæмбæлы, поэт Ирыстоны кады лæгтæ – Къоста, Секъа, Елбыздыхъо, Васо, Шегрен, стæй Ирыстонæн йæхиуыл, мадæлон æвзагыл, ирон сылгоймаг æмæ бирæ æндæр зынгæ адæймæгтыл æмæ хабæрттыл цы сонеттæ сфæлдыста, уыдоныл. Æмæ уымæн æндæр гæнæн нæй – рæсугъддзинадмæ уд уæлæнгай æвæрд у, нæ йæм лæууы бастæй дæр. Æмæ, уæдæ, кæлæнгæнæг сонеты аивтæ æнæбакæсгæ чи фæуыдзæнис? Литературон критикæ сæм рæстæгыл уымæн æрдардта йæ хъус, цæмæй чиныгкæсæджы хъусдардæй ма аззайой иуварс[2].

Арæх нæ рохы чи аззайы, афтæмæй «ирон низæй» рынчын чи уыд, ирон уд кæмдæриддæр тæлфыдис, уыдон йæ уды кæмæн рыстысты æмæ хъæрзыдтой, уымæй Дзуццаты Хадзы-Мурат загъта: «Секъа стыр нывгæнæг у… Мæнæн æхсызгон уыдзæн Секъа-йæ цитатæтæ фыссын – аив фæлгонцтæ, рæсугъд рæнхъытæ сæхæдæг алкæмæй дæр хуыздæр зæгъдзысты сæхи тыххæй»[3]. Æмæ нæ уыцы куырыхон Секъайы зæрдæйы риссæгтæ поэтикон фæрæзтæй Шамил æргом кæны фыссæджы æмном сонеты («Секъа»): йæ «бæллицты уæрæх арвыл» куыд цыд, фæлæ йæ цард,

[1] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Сонет Джыккайты Шамилы сонетæн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 184 ф.

[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Мæ фæлтæры хъысмæт // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Фыссæг æмæ рæстæг. – Дзæуджыхъæу, 1981.

[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 199 ф.

йæ «рæстæджы хуызæн, Дайранау уыд уынгæг æмæ æрхæндæг».

*Мæ риуы сыгъд Амыраны зынг зæрдæ…*
*Хæссын уæм ныр фæнычы нуæрстæй æз*
*Нæртон зонды алæмæты цæхæртæ[1].*

Æхсæрдзæнæй нæм пырхæндæгæй дарддæр нæ абоны дугмæ уадиссаг раппæлинагæй кæй ницы æрхæццæ нырма, цинагæй дзы кæй ницы ис, уый Секъа-пълагъозæн йæхи цардæй бæрæг у: «Иудадзыгдæр æххæст кодта аргъуаны хъахъхъæнджыты æмæ лæггадгæнджыты хæстæ, сауджынтæн уыдысты цумайы лæгтæ дæр, хæдзары кусджытæ дæр. Адæм уыдтой пълагъозтæн се ʻгады уавæр æмæ сæм уымæ гæсгæ кастысты зынæрвæссон цæстæй. Ахæм уавæры бахауд нæ поэт дæр. Зын уыдис Секъайæн уыцы æгады уавæр: «æдзухдæр – лæггадгæнæг, æдзухдæр – кæстæр», – афтæ зæгъы йæхи тыххæй йе ʻмдзæвгæтæй иуы. Фæлæ уæды царды уавæрты уыцы æлгъыст ранæй йæ бон нæ уыди фервæзын. Ноджы сси стыр бинонты – фараст адæймаджы хицау, уыдонæй авд уыди сывæллæттæ: æхсæз лæппуйы æмæ иу чызг. Йæ куысты мызд ын нæ фаг кодта йæ бинонты дарынæн. Секъа æдæппæт иста мæй 8 сомы. Ирон хъæуты сæм аргъауæггаг æфтиæгтæ æппындæр нæ хаудис. Цæмæй йæ бинонты фæдардтаид, уый тыххæй поэты хъуыди æндæр куыстытæ кæнын дæр»[2], – дзырдта фæстæдæр йæ иууыл уарзондæр фырт Цомахъ. Йæ дуг ын уымæн «хæцыд йæ хъæлæсыл». Шамилæн сæ амонын нæ хъуыд.

Æмæ æрмæст Секъа нæ, поэт кæуыл ныффыста нæ кады лæгтæй æмæ йын бæллиццаг сонет кæцы нæ рауад?! Æрмæст сонеты фæткой-иу дзы нæ бахъахъхъæдта, фæлæ-иу æй цæстæвæрæн, зæрдæскъæф скодта нывæфтыд дзырдтæ æмæ фæлгонцтæй.

*Хæрзгæнæг хорз йæ афоныл нæ ары.*
*Уыди дæ фæндаг сыгъд æмæ уырыд.*
*Мах тар æхсæвы зонды цырагъ хъуыд,*
*Ды нын ыссыгътай Ног боны арт тары.*

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сагъадахъ. – Дзæуджыхъæу, 1980. – 10 ф.
[2] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 464–465 ф.

*Нæ бон нæ уыд уæлмонц ныхас æмбарын.*
*Пехуымпарæн цæмæй ыскæнæм цыт?*
*Дæ уды рухс æгæр куырыхон уыд,*
*Æмæ дын уый нæ лæмæгъ зонд нæ бары.*

*Уыдтæ нæ дзырды сау æрмадзы куырд*
*Æмæ куыстай. Амраны туг-цæссыгæй*
*Æхсыстысты дæ хъуыды ´мæ дæ дзырд...*

*Циу кады нысан дур æмæ æлыгæй?*
*Дæуæн уыдзæн ирон зæрдæйы цырт –*
*Нæртон удæвдз дæ куырдадзы фæтыгæй*[1].

(«Елбыздыхъо»)

Поэт æй куы ныффыста (1971-æм азы 17-æм марты), уымæй йын дæс азы фæстæ, 1980-æм азы, хъавыд йæ чиныг «Сагъадахъ»-ы хуры рухс фенын кæнын, фæлæ йæ æппынæдзух къæппæйлæууæг цырддзаст сау лæгтæ «фæхатыдысты», уæдмæ дæр йæ ном хъуыстгонд кæй уыдис сонеты рæстдзинад æмæ аив фæлыстæй, уый тыххæй æмæ йын æрæхгæдтой йæ фæндаг. Чиныджы ма баззад æрмæст йæ ном – сæргæндты. Сонет Шамилы поэтикон æмбырдгондмæ бахаудта йæ ныффыссынæй æрмæстдæр ссæдз азы фæстæ. Æмæ абон дæр нæхи дарæм, цыма афтæ æмбæлд, цыма нæм рæстаг ныхас æмæ йæ дзурæгæн сæ фæндæгтæ æппынæдзух хъуамæ æхгæд уой.

Æмæ цас сты Джыккайты Шамилмæ «Елбыздыхъо»-йы хуызæн æппæтæй æхххæст, нæ адæмы цард æмæ уагыл дзурæг сонеттæ, куыд æмбæлы, афтæ сæ куы ахуыр кæниккам, хуыздæр сæ куы зониккам, мæрддзæсты бæрджытæ ныл куынæ зыниккой æмæ сын куыд æмбæлы, ахæм æмбæлон кад сын куы кæниккам, уæд.

Камал зæгъы: «Шамил у Ирыстоны стырдæр поэттæй иу. Фæлæ афтæ зæгъыны тыххæй ахизын хъæуы ирон хæлæг, ирон æдзæстуарзондзинады сæрты»[2]. Æмæ уый нæ бон куы вæййы, уæддæр нæ фæндгæ нæ фæ-кæны не

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджы-хъæу, 1990. – 9 ф.
[2] Х о д ы К а м а л. Æхсоны цæв... // А в т о р т ы к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 47 ф.

‘нæцæстуарзонæй. Шамил йæхæдæг алы хатт дæр хызт цыфæнды гæрæнты сæрты. Йæ удæн-иу тас куы уыдис, уæддæр. Куыд, уымæн – нæхæдæг æвдисæн. Æмæ йæ рæстаг дзырд хъуыст адæммæ. Уымæн æмæ йæ рæстдзинад уыдис не ‘рвылбонон цард æмæ адæмы рæстдзинад:

*Æрзад нæ Иры фарны хуымы згъæллаг,*
*Нæртон æфсиртæн бацъиры сæ дон.*
*Куы стыхсы калмау бæлæстыл хуымæллæг,*
*Уæд нал вæййы бæркады хос дыргъдон.*

*Ды – хины сырд, фыдхъуын æмæ æдзæллаг,*
*Уæддæр кæныс нæ адæмæн тæрхон.*
*Дæ сындз къухæй нæ кады хуым ысмæллæг,*
*Кæм ацæуыс, уым баззайы сыгъдон.*

*Зынг дын Хуыцауы комы тæф нæ радта,*
*Нæ дæ лæгау нæртон зиуы куыстхъом,*
*Фæлæ бæрзонд нæ дзаг хуымы æрбадтæ,*

*Кæныс нæ хæрзтыл хахуыртæ æргом...*
*Гъей, сау лæг! Ды нæ дуджы Герострат дæ,*
*Нæ къæс халынæй не скæндзынæ ном*[1].

(«Хины сырд»)

Шамилы стыр чиныг бæрзонд дзырд «сыгъдæг»-æй, уымæйдæр сонетæй кæй райдыдта, уый дæр нæу хуымæтæджы. Поэт табу кодта сыгъдæг сонетæн – поэзийы уæздан фарнæн, æнусты тарæй йæм ныфсæн кæй цыд, йæ тыхыл ын тых кæй æфтыдта, уый тыххæй. Æмæ йæ, мыййаг, нæ агуырдта «гæнах кæнæ цыртæн». Йæ удæй йæ уыд ныфс – «мæхæдæг сау цин раскъуындзынæн цардæй...», – фæлæ, цæмæй стыр хорз диссæгтæ аразынæн суыдаид, йæ уды рæстдзинадмæ иры фæрнджын дзыллæйы, Хуры цалх фенæгау, æркæсын кодтаид, – уыдæттæ бацис йæ бон, – уый тыххæй йæм хатыд: «Ыссудз мæ уд Амыраны цъæх артæй, Рæстдзинады пехуымпар мæ ыскæн!» Кæд алчи

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 1910. – 74 ф.

афтæ нæ хъуыды кодта æмæ нæ нымайы[1], уæддæр Шамил фидарæй зыдта, зæгъгæ, З. И. Плавскийы загъдау: «ни одна твердая форма по популярности и распространенности не сравнится с сонетом»[2]. Уыцы дурынвидар формæйы уымæн агуырдта рæстдзинад. Йæ дзырды сæр уыд йæхи æмæ сыгъдæг рæстдзинады номæй йæ цин æмæ йæ рис, йæ раттæг, йæ уромæг фыдыбæстæ Ирыстонмæ. Зыдта хуыцауысконд адæймаг, нæ Фыдыбæстæйы хуызджертæй йæ размæ чи цардис, уыдон кæуинаггаг хъысмæтæй уымæн дæр фервæзæн нæй, йæхи куыдфæнды хъахъхъæнæд, уæддæр сæ тагъд кæй баййафдзæнис, æмæ развæлгъау йæ мидзæрдæйы нæ цардцухты номæй сæрыстырæй дзынæзта йæхиуыл дæр:

*Фæкæнынц æй, йæ хус цæнгтыл – рæхыстæ.*
*Сæрак пæлæзты – сау лæгмартæ – сонт.*
*Уый Уастырджийау – урс æмæ бæрзонд,*
*Йæ хуызы æрдз йæ курдиат æвдыста.*

*Йæ зæрдæ арфæй зæххы хъæрзын хъуыста,*
*Уыд арвы цъæхыл сау сындзæй æмбонд.*
*Вæййы куырыхон залымæн нывонд, –*
*Уый Дантейау уынгæг хъоргъмæ ныххызти...*[3]

(«Цоцко»)

Æмæ æрмæст Цоцко нæ, Иры æнафоны, тыхзынгхуыстытæй Шамил йæхи хъысмæт кæмæ федта æмæ дзы сонетхъарæг кæуыл не сныв æзта, ахæм дзы ничи уал баззад.

Уыдонмæ æнæдызæрдыгæй хауы æнæрцæф, æнæбарон лæппу-лæг Тогызты Газакк (Æрнигон Илас).

*Мæ Ир, дæ дзырд мын арвæй уыд лæвар,*
*Æз дзы цæрын зындоны дæр фæразын.*
*Нæ хъæуы мæн дæ фыртты куывды нуазæн,*
*Æрмæст мын ды мæ цæугæ цард ныббар.*

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 245 ф

[2] П л а в с к и й З. И. Четырнадцать магических строк // Западно-европейский сонет. – Л., 1988. – 4 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 159 ф.

*Ыстыдта уад мæллæг æвзар дæ хуымæй,*
*Уый нал ысуагъта хуры хъарммæ тау;*
*Уæддæр фæстæмæ нал кæсын æрхуымæй,*

*Нæ цагътон æз мæ уды арт æфстау...*
*Мæ цæсгомыл цы рыг фæбадти, уымæй*
*Мæ рох уæлмæрдыл рацæудзæн обау...*[1]

(«Илас Æрнигон»)

Афтæмæй-иу йæ абарст дæр фæлгонц ссис, йæ фæлгонц – абарст, кæнæ – афоризм, гъе та æндæр аивадон фæрæз æмæ уымæй æмбулынц тынгдæр.

Шамилы уыцы сыгъдæг, бæрзонд, зæрдæагайæг поэтикон уацмыстæм хауы сонет «Фынг». Автор æрыздæхт, сæрбæрзонд уæвгæйæ сæрныллæгæй кæй раз лæууыд, нæ уыцы ирон æгъдæуттæм. Ацы хатт, æппынæдзух сæрыстыр кæмæй стæм æмæ та нын нæ фыдбоны сыхæгтæ, ома, уыцы уæздан фæтк кæддæр нæ фыдæлтæм уыдаид, æмæ та сусæг-æргом адавынмæ кæмæ фæхъавынц, уыдонмæ – ирон фынджы æгъдæуттæм. Ирон фынг та Шамилы нывæфтыд дзырдæй кæны бæрзонддæр, рæсугъддæр:

*Уыди нæ фынг нæ амондæн æвдисæн...*
*Ирон фынг – уый Ныхас уыди кæддæр,*
*Уыдаид Наф, хæрнæг æви Цыргъисæн, –*
*Нæ фынгæн уыд бæрзонд намыс йæ сæр.*

*Нæ кæнæм мах фыдæлты кад нымæр,*
*Нæ фæтк нын хастой хорз адæмтæ дисæн.*
*Æвæрдтой рад сæ цард æмæ сæ исæн,*
*Ам иста уæд фæлтæры зонд фæлтæр.*[2]

Авторы бон бацис, – цæмæннæ йæ хъуамæ фæлхатт кæнæм, бахæрын æмæ баназын сæйраг кæм нæ уыдисты, нарты дугæй нын чи баззад[3], – нæ уыцы ирон фынджы нæртон фарн равдисын.

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 158 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджы-хъæу, 1990. – 51 ф.
[3] Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 232–233 ф.

Уацмыс амоны, уыцы ӕгъдау кӕй цыдис фӕлтӕрӕй фӕлтӕрмӕ, ӕмӕ дарддӕр хъуамӕ уа афтӕ. Уымӕн ӕмӕ ӕфсарм ӕмӕ фарн кӕм ис, уырдӕм бӕркад цӕуы йӕхи къахӕй. Ӕгӕрыстӕмӕй, «бӕрӕгбоны кувинӕгтӕй хӕрын кӕнӕ нуазын нӕ фӕдчыди, цалынмӕ сӕ скуывтаиккой, сӕ ритуалон ӕгъдӕуттӕ сын скодтаиккой, уӕдмӕ»[1]. Афтӕмӕй нын не 'гъдӕуттӕ исынмӕ чи фӕхъавынц, уыдонӕн се 'рбадынӕй фынджы дзадджындӕртыл сӕхи ныццӕвын фӕраздӕр вӕййы, цыма конд уыдысты. Ӕмӕ ӕппӕт уыдӕттимӕ Шамилӕн йӕ бон бацис равдисын, ирон фынгыл адӕм иууылдӕр ӕмбар кӕй уыдысты, ӕрмӕст «уыдис нӕ фынгыл буц уазӕгӕн цыт». Хӕрд ӕмӕ нӕм нозты бӕсты та цыдысты: «Ирон зарӕг – йӕ ронг ӕмӕ йӕ мыд». Ӕмӕ поэт йе 'гъдау, йӕ фарнӕй, йе сфӕлдыстадӕй архайдта уыцы алӕмӕтон ӕгъдау ма фесафыныл, фӕсфӕстагӕттӕм ӕй адӕттыныл («Ӕнусон»): «Йӕ нӕртон фарн, йӕ диссаджы бӕркадӕй» «рӕдау нӕ ис ӕмӕ нӕ бон» кӕмӕй цыдис, уымӕн «ызнӕгтӕ рахастой тӕрхон, – Куынӕг ӕй кодтой хин кӕнӕ ӕфсадӕй, Цӕмӕй нӕ мыггаг фесӕфа ӕгадӕй, Цӕмӕй нӕ хорз ном мауал уа нӕртон».

*Ныссӕрфтой йӕ, былдзарӕй йӕ ыскъахтой,*
*Нынныгӕдтой йӕ къалиугай кӕмдӕр;*
*Йӕ кой, йӕ хъӕр ныр нал уыдзӕни, – загътой.*

*Фӕлӕ куы стынг и уалдзӕджы уынӕр, –*
*Ныгӕд къӕцӕлтӕ ног талатӕ суагътой,*
*Фыццагӕй ноджы диссагдӕр, хуыздӕр[2].*

Поэты уыцы хъуыддаг уырныдта, дӕ арммӕ кӕмӕ кӕсай, уый уынд дӕ куыд уырна, уый хуызӕн. Мысыраг пехуымпар ӕм уымӕн у фӕндвидар: «Ӕцӕг хӕзнайӕн аргъ кӕнын зонынц, базаргӕнджытӕ нӕ, фӕлӕ зӕрингуырд»[3]. Ӕнусон цы сты, уыдонмӕ та нӕ ӕвдӕлгӕ нӕ фӕкӕны. Царды дӕр, зонады дӕр арӕх уый охыл мысыдис, ома,

[1] Ц ы б ы р т ы  Л ю д в и г. Ирон адӕмон бӕрӕгбонтӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1999. – 40 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ӕхсӕвы ӕртытӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1990. – 53 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Арт ӕмӕ ӕртхутӕг. – Дзӕуджыхъӕу, 2007. – 352 ф.

ирон фыссæджы йæ авналæнтæ кæй нæ фæамонынц, уый тыххæй нын не 'нтысы бирæ кусын. Фæлæ йæм тырныдта. Махæн ацы царды, дзæгъæлы кæй сафæм, уый у рæстæг, сæйраджы-сæйраг нын цы нæ фаг кæны, уый дæр у рæстæг. Фæлæ Шамил йæ хуыссæджы хайæ тыдта, йæ уд уæлдай кодта нæ нывæфтыд литературæмæ уæзгæ хуынтæ хæссыны охыл. Иу удæй йын уымæн æнтыст литературæйы алы жанрты нын кады мæсгуытæ амайын, нæ литературон бынтæ нын хъæздыг кæнын. Æмæ æндæр хуызы цæрын нæ уыд йæ бон.

Поэт йæхи, йæ фыдыбæстæйы цардвæндагæй зыдта – ацы мæнгард, фæлæ фæрнджын дунейы цард æмæ фарн ссарæн ис æрмæстдæр тохы, æнæрæнцайгæ, æгъатыр тохы фæрцы. Тох кæнын куынæ уа дæ бон, уæд дæ къухы ницы бафтдзæнис. Царды цалх дæ ассæнддзæн йæ быны. Æмæ сæрыстыр у, нæ мадæлон, сыгъзæрин тæгтæй быд æвзаг удвидар кæй у, басæттæн, ныддæлдзиныг кæнæн ын кæй нæй. Æрмæстдæр йæхи æгæрон тыхы фæрцы кæй у цæрæтдзаг. Йæхи тыхы фæрцы кæй цæуы размæ.

Абайты Васо уый тыххæй загъта: «Ирон æвзаг у, хъуыдыйы æмæ æнкъарæны тæккæ лыстæгдæр æмæ уæздандæр фæзилæнтæ равдисынмæ чи арæхсы, ахæм æнæаипп, рæвдз æмæ коммæгæс хотых»[1]. Алæмæтон хотых – мадæлон æвзаг хъахъхъæнын хъæуы цæсты гагуыйау. Шамил æм каст ахæм цæстæнгасæй. Æвæрдта йæ ахæм бынаты: «Ды дæ нæ туг, нæ уды рухс, нæ кадæг, Нæ фарны гæнах сыгъд æмæ хæсты». Æмæ йын нæ хæзна уымæн лæвæрдта ком.

Мадæлон æвзаг адæймагæн ахæм бынаты кæй ис, мадау кæнæ йын ноджы тынгдæр кæй хъæуы табу кæнын, нæ поэттæ йыл æзхуыздæронæй уымæн нывæндынц сæ зарджытæ. Цыма сæ кæрæдзиимæ сусæгæй ерыс кæнынц – алчи дæр сæ тырны куыд аивдæрæй, куыд хъæрæйдæр ыл сисынмæ йæ зарæг. Дзуццаты Хадзы-Муратæн йæ цыртыл куынæ æрцæуа фыст иронау, уæд йæ ингæнæй ниудзæни, хъæрздзæни, Ирыстоны суадæттау, зæххы бынæй кæудзæни[2]; Хъодзаты Æхсарæн: «Куысты уа, фæдисы – мæ монц мын, мæ рис мын Æвзæгты цæдисы бæрзонд

---

[1] А б а й т ы В а с о. Мах дуг, 1989. – № 5. – 25 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-Мурат. Биографи. – Цхинвал, 1990. – 24 ф.

фарнмæ исы»[1]; Ходы Камал Ирыстонæн хæры ард: «Æцæгæлонау де 'взагмæ куы кæсон, Мыййаг, куы суа мæ зæрдæйæн æддæссонд...», «Нæ уыдзынæн нæ – Иры фырт, нæ – Ходы; Сæ дыууæ дæр мыл бакæндзысты хъоды»[2]. Диссаг уаид, сæ нымад ууыл куы фæуд кæнид. Æмæ уыцы «ерысы» раззагонтæй иу уыдис Джыккайты Шамил. Разагътайæ дзырдта мадæлон æвзагæй: «Ныхасыс ды дæ бæркадæй фæлтæрты, Хæссыс нæ цардæн фидауц æмæ уаг».

Уыцы символикон, романтикон уаз дзуринæгтæ нæ поэтмæ цыдысты нæ царддæттæг, нæ удсыгъдæггæнæг, æврæгътыл нæ сæртæ кæй цинæй хафæм æмæ æрдзæ-æрдзæ, æрдзæсæдæ азты фæцудынæй кæмæн нæ тæрсæм, афтæмæй нын, цæсты гагуыйау, кæй æмбæлы хъахъхъæнын, уыцы мадæлон æвзаджы тыххæй. Мадæлон æвзагмæ йын йæ уарзт ницæимæ уыд сбарæн. Абайты Васо нæ фыдæлты тыххæй фарста æмæ йæ фарстæн дзуапп кодта йæхæдæг: «Что же сохранили они (ирæттæ – Хъ. М.) от своего далекого прошлого? Два бесценных сокровища: язык и эпос»[3]. Æмæ нæ удты фарн – æвзаджы тыххæй уыцы уаз дзуринæгтæ Шамилæн æрмæст йæхи нæ, фæлæ йæ бирæ чиныгкæсджыты дæр æфтауынц сыгъдæг бæллицтыл. Йемæ нæ уырны, æцæгдæр «нырама нæ удæвдз къæбицы æвæрд» кæй у, ирон æвзаджы фарнæй та «нæ Уацамонгæ – дзаг». Уый æнæмæнг амонд, стыр бæллиццаг æмæ тæхудиаг амонд у, уæдæ, цы.

Поэт 1972–1977-æм азты уыцы æмдзæвгæ куы сфæлдыста, уæд ЮНЕСКО-йæн ирон æвзаг, XXI-æм æнусы чи амæлдзæнис, уыцы æвзæгты номхыгъды нæма уыдис, фæлæ поэт-романтик алы хатт дæр фæндвидар уыд. Нæ мадæлон æвзагыл дзыназынæй йæ Стыр Хуыцау бахызта. Кæуынæй цард нæ фылдæр кæны. Ирон æвзагæн дæр тъизыны бæсты йæ зынджытыл тулдз æндзарæнтæ æмбæлы æрæвæрын, цæмæй йæ арт ногæй ныггуыпп кæна цъæх арвмæ æмæ йæм судзой нæ фыдызнæгты рахауинаг цæстытæ. Фæлæ искуы, – Хуыцау бахизæд, – не 'взаг куы цуда,

---

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Ирон дзырд // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983. – 35 ф.

[2] Х о д ы К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 35 ф.

[3] А б а е в В. И. Скифы и осетины // Г е р о д о т. Мелпомена. – Владикавказ, 1991. – 6 ф.

уæд уый æрмæстдæр уыдзæнис нæхи, уæлдайдæр, нæ кадылмард бынатылæгты аххосæй – æцæгæлон æвзæгтыл чи дзурынц, уыдон сæм тынг зондджын кæсынц æмæ нæ фыццаджы-фыццаг æрмæстдæр уый сафдзæн.

Уый тыххæй поэт не 'вгъау кодта нæдæр – кæлæнгæнæг метафорæтæ æмæ эпитеттæ... Цæвиттонтæ æрхæссæн дзæвгар ис, дзурæн дæр сыл цъус нæй, фæлæ сæ зондджынæн амонгæ акæн... Æдылыйы кой нæ кæндзыстæм – уымæн сæ йæ иувæрсты куы ауадзæм, уæд – ноджы хуыздæр. Уымæн æмæ уыдонæй, æдылытæй стæм сæфт, Шамил сыл æнæвæррсонæй худт, нæ нацийыл сæ фидиссаг хъуыддæгтæй дæлæмæ кæй хæцынц æмæ нын не ´взаг кæй дæлдзиныг кæнынц, уый тыххæй.

Поэт, мысыраг пехуымпарау, йæхæдæг дæр фидарæй зыдта: «Нæ бæстæ æмæ нæ адæмы хъысмæт уыд æмæ у ирон поэзийы сæйраг мидис»[1]. Фæлæ уыцы мидис хæссын хъæуы адæмы рæгъмæ. Æмæ Шамил æппынæдзух йæ уд хъардта, нæ адæмæн рухс фидæнмæ фæндаг хæрз чысыл уæддæр куыд фæрухс кодтаид, уымæн.

Уыцы хъуыддагæн-иу æй, куыд уынæм, афтæмæй арæх бахъуыд аллегорийы сæр. Ацы æмдзæвгæйы спайда кодта уыцы аивадон амалæй. Чиныгкæсæгæн зонын кæны, сæнæфсиры æвзартæ, йæ мыггагæн кæд фесæфæн нæй – зæххы бын æй куы баныгæнай, уæддæр ногæй кæд суадздзæнис тау, уæд адæймаджы мыггаг йæ мадæлон æвзаг, йæ истори, йæ фарныл фидар куы хæца, куынæ сæ фесафа, уæд уымæн куыд ис дугты æбæрæджы ныууадзæн, ныддæл-дзиныггæнæн.

Ам дæр нæ уацмыс йæхимæ æлвасы йæ романтикон хъæлæсыуагæй, рæсугъдæвæрд эпитеттæй, къæбæлдзыг рифмæтæй, ритми-кæйæ. Уацмысы йе 'нæмæлгæ хъуыдыимæ исынц бæрзонд. Дæлæмæ йæ нæ уадзы йæ рæзгæ градаци – йæ поэтикон фæрæзтæ тыхджынæй-тыхджындæр кæй кæнынц, уыцы хъуыддаг.

Ахæм уæлмонц хъуыды, поэтикон мадзæлттæ, романтикон фæзилæнтæй, раздæр куыд федтам, афтæмæй цух нæу йæ зындгонд, зæрдæйылæмбæлæг сонет «Гал сахары уынджы».

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – 1996. – 266 ф.

Шамил кæддæриддæр, царды уыдаид, аивады, зонады æви хъомылады – тырныдта иууыл бæрзонддæр бынатмæ. Афтæмæй, йæ адзалæй: «Мы скатываемся в некий средневековый мир»[1], – рæстагæй загъта Роман Сенчин. «Нæ дуджы, нæ рæстæджы Джыккайты Шамилы комарынджы авд дзæнгæрæджы цыма зæланг кодта, уыйау, Нарты Ацæмæзы зарæджы зæлтау айзæлыдысты Ирыстоны кæмтты – æнусон хæхты. Йæ зæрдæйы цæхæрæй æрвон рухс байтыгъта йе 'мбæстæгты зæрдæты, радта сын ныфс æмæ рæстдзинад, уарзт æмæ æнусон бæллиц, сæрибар»[2], – зæгъы Гуылæрты Барис.

Фæлæ йын, дуне зыгъуыммæ кæй у, уый охыл уыдæттæ, стыр хъыгагæн, уадиссаг æхцондзинад никуы хастой. Уый нæ, фæлæ царды зыгъуыммæ митæй цъæх кодта йе 'нкъараг зæрдæ:

*Мæ фæндтæ – охх! – фæбадтысты мæ хъуыры,*
*Уынын бæлвырд мæ бæллицты сæфт ныр...*
*Тыхстæй мæ къухмæ нал исын фæндыр,*
*Мæ фыды зæхх мæ къæхты бын лæбыры.*

*Хъæздыг фысым нæ бавæрдзæн мæгуыры,*
*Гыццыл кæфæн кæфхъуындар у ыстыр,*
*Нæ кæнынц хъалтæ сабыртæн хатыр,*
*Егъау паддзахад сабырты ныххъуыры.*

*Нæй арвы бын æгъдау æмæ æфсарм.*
*Тыхми – закъон! Бæсты хицау – гуымиры,*
*Хуыцау нæ дары раст удтыл йæ арм.*

*Фæйнæрдæм тонынц не знæгтæ мæ Иры,*
*Цæрдудæй уарынц цуанонтау йæ царм,*
*Йæ уæздан уд ын сау Хъандзæргæс цъиры*[3]*.*

(«Зыгъуыммæ дуне»)

---

[1] Сенчин Роман. Убили за стихотворение / Литературная Россия, 2011. – 3 июль.

[2] Гуылæрты Б. Нæ нæм хъуыст фыдохы йæ фæдис / Хурзæрин, 2013. – 21 февраль.

[3] Джыккайты Шамил. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 159 ф.

Шамил ӕвнӕлдта ӕмӕ дзырдта ирон зӕрдӕйы иууыл судзагдӕр фарстытыл. Йӕ наци чи уарзы, йӕхицӕн, йӕ дзыллӕйӕн чи кад кӕны, уымӕн дӕр, Шамил кӕй азарӕй сыгъд, уыцы фарстытӕ йӕ уды рӕбынтӕ ма цӕвой, йӕ фидӕны фарнӕй йӕ ма дзурын кӕной, уый гӕнӕн нӕй.

Поэты хъуыдыйӕ нӕ цух кодтой, нӕ Фыдыбӕстӕйӕн ӕндӕр адӕмӕй хорзы чи бацыд, уыдон дӕр. Нӕ разагътатыл цы ӕвӕджиаг сонеттӕ сфӕлдыста, ахӕм ахадгӕ, нывӕфтыд уацмыс снывӕндын бацис йӕ бон уырыссаг зындгонд академик, филолог ӕмӕ лингвист, ирон ӕвзаг ӕмӕ нӕ адӕмы цардуагӕй хъӕуӕг фарстытӕ рафӕлгъауӕг, нӕ адӕмӕн стыр хӕрзты бацӕуӕг Андрей Шёгреныл (1794–1955):

*Цымӕ цы хъуыстай рагбонты дӕ мадӕй,*
*Цы фӕдзӕхстой фӕрныг адӕм дӕуӕн?..*
*Уӕздан ӕмӕ куырыхон лӕг! Фыртӕн*
*Ӕрцыдтӕ ды мӕгуыр бӕстӕм Цӕгатӕй.*

*Ӕмбӕрстай ды нӕ уды тых, нӕ катай,*
*Зыдтай, кӕм баззад арты хос зынгӕн...*
*Ӕмӕ йӕ ссыгътай ныфс ӕмӕ цытӕн*
*Нӕ фарн, нӕ мӕт, нӕ зӕрдӕты бӕркадӕй.*

*Уӕд ног ысдзырдтой скифтӕ ӕмӕ нарт,*
*Рӕдау ныл хур ыскаст ӕмӕ йӕ тынты*
*Ыссардтам мах нӕ фӕндыр ӕмӕ кард.*

*Мах федтам уӕд нӕ фыдӕлтӕн сӕ бынтӕ,*
*Сӕ дзырд ысси нӕ рухс амонд, нӕ цард,*
*Ӕмӕ дзы састам фӕндӕгтыл нӕ зынтӕ*[1].

*(«Шегрен»)*

Уыцы стыр лӕг нын цы ахуырадон фӕндаг ныррухс кодта, ууыл куынӕ цыдаиккам, уӕд абон дӕр нӕ хъуыддӕгтӕ куыд уыдаиккой, уый нӕ бӕлвырдӕй зӕгъын, ӕвӕццӕгӕн, никӕй бон бауыдзӕнис. Ӕрмӕст йӕ «Осетинская грамматика»-йы[2] нысаниуӕг абон дӕр

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзӕуджыхъӕу, 2010. – 159 ф.
[2] Ш ё г р е н А. М. Осетинская грамматика. – СПб, 1844.

кæуылты у! Нæ абоны лингвисттæн дæр нæй йæ иувæрсты уазалзæрдæйæ ахизæн.

Æгæрыстæмæй, æндæр æвзæгтыл генитыл цы сонеттæ фыстæуыд, уыдон æй фæндыд ирон æвзагмæ ивын æмæ сæ тæлмац дæр кодта: Фридрих Шиллеры «Руссо», Эммануэль Гейбелы «Данте»æмæ æндæртæ. Фæлæ йе сфæлдыстады, уæддæр, йæ сонеттæн нæй æмбал.

Джыккайы-фырты «Цхинвал» басгуыхт фыццаг æцæг сонет нæ удуæлдай æнæбасæтгæ сахарыл. Æмæ нырма дæр, йæ сæрты акъахдзæф кæнын никæй бон бацис, цы уацмыстæ йыл æрцыд фыст, уыдонæй. Уды æнкъарæнтæй, романтикон дзырды аивæй бæрзонд лæууы æмæ йæ уыцы иухуызон æхцонæн исынц адæймаджы тыхст зæрдæ æмæ хæствæллад зонд. Стæй æмткæй поэзи-уарзджыты цæстæнгас дæр. Уымæн æмæ, срухс кодта нæ ирыном йæ аив æмæ рæстагон дзырдæй. Цхинвалы хъæбатырдзинад, куыд уыдис, поэт æй раст афтæ удуæлдай æмæ æнæбасæттонæй сныв кодта дзырдаивадæй. Фенын кодта, фыдгул ыл калы йæ марг, хъавы йæ аныхъхъуырынмæ:

*Цхинвал – мæ рыст, мæ судзгæ цæф, мæ катай,*
*Фыдгул дыл калы зынг æмæ нæмыг...*
*Мæ рыст зæрдæйы нал цæуы дæ хъыг,*
*Мæ бон кæуын дæр нал у ныр фæлладæй.*

*Дæумæ бырсынц æрра знæгтæ æфсадæй,*
*Ды фестадтæ сæ тыхы раз мæсыг,*
*Дæ фидарыл сæ сау хъазуат ныррыг,*
*Ды срухс кодтай нæ иры ном дæ кадæй.*

*Цхинвал, Цхинвал – мæ судзгæ цæф, мæ рыст,*
*Æвзыгъд ысты дæ чызджытæ, дæ фырттæ, –*
*Хуыцау сын раттæд цард æмæ æнтыст!*

*Дæ цыты раз лæмæгъ ысты мæ дзырдтæ, –*
*Уыдзæн дæ ном нæртон кадæджы фыст,*
*Æмæ йæ койæ риздзысты лæгсырдтæ*[1].

(«Цхинвал»)

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 106 ф.

Ирыстоны хуссар хайы уæды хæстон, зæрдæмарæн уавæры тыххæй Хъодзаты Æхсары зындгонд сонет «Удаисты тел Хуыцаумæ»[1] æмæ ацы сонет змæлын кæнынц зæрдæйы уидæгтæ. Нæ фыдызнæгты æгъатыр митæм нын æрмæст нæ маст не 'хсидын кæнынц, фæлæ нын сты стыр æмæ æнусон ныфсы хос. Нæ тыхыл нын æфтауынц тых. Разæнгард нæ кæнынц сæрибары сæрыл тохмæ. Æмæ иугæр афтæ у, уæд уый дзуры уацмысты стыр æнтыстыл – æнæдызæрдыгæй фæхæццæ сты аивады бæрзæндмæ. Уыцы бæрзæндмæ фæтырны аивады алы кусæг дæр стыр уа æви гыццыл, курдиатджын уа æви – æгурдиат. Æмæ, нæ поэттæ цæй охыл райстой сæ къухмæ фыссæнтæ, уый æнæдызæрдыгæй сарæзтой. Сæрыстыр сæ куыд уæм, уый та махæй, уыцы уацмыстæ кæмæн сфæлдыстой, уыдонæй аразгæ у.

Шамил цы дзæвгар зæрдæмæдзæугæ сонеттæ сфæлдыста, уыдоныл бирæ дзурæн ис. Шамилы сфæлдыстады сонет цы стыр бынат ахсы, уый æнæдызæрдыгæй у сæрмагонд ныхасы аккаг. Цыбыртæй нæ бон зæгъын у, поэт ирон сонет кæй фæуæрæхдæр кодта, поэзийы ацы хъулон хуызы архитектоникæйы фæрцы сæруæлдæр кæй систа нæ Ирыстоны дзыллæйы лæгтæй тынг бирæйы (стæй æрмæст уыдон нæ) дзæнæтыбадинаг нæмттæ. Фæлæ уый афтæ нæ амоны, поэт нæ хæрзтæй æппæлыд æмæ æппæлыд, бафауинаг нæм цы ис, уыдон сынтæджыты бынты тъыста. Хорз æмæ æвзæр иу тæразыл баргæ сты. Æмæ царды уыцы философи Шамил никуы ивта. Уымæн худы æлгъаг хиппæлойыл, йæ риу чи хойы скифтæ, аланты кадæй: «Лæууæнт мæ разы дзыллæтæ уырдыг». Уымæй дæр сонеты: «Мæ зардæй калынц дидинæг нæ фæзтæ… Ыстыр Хиппæлой – уый та уын мæ ном! – Нæртон диссагæн баззайдзæн мæ фæстæ» («О рухс дуне»)…

Нæ кадджын фыссæг, нæ ахуыргонд, Иры кадыл удуæлдай тохгæнæг, нæ сæрхъуызой, æцæг ирон лæгаулæг Джыккайты Шамилы ном нæ Фыдыбæстæйы чи нæ зоны, ахæм адæймаг ссарын, æвæццæгæн, алкæмæн дæр фæзын уыдзæн. Йæ номыл ын мæрдырох бафтауынмæ

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Зынджы бардуаг. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 404 ф.

чи хъавыдысты, уыцы ницæ-йæгты сæ фын фæсайдта. Йе сфæлдыстон куысты райдайæны йæм хицæуттæ йе ‘ргом дзырды охыл зул цæстæй кастысты, фæлæ уый уыд рæстæгмæ. Йæ литературон сфæлдыстадон æнтыстыты тыххæй йын иу æмæ дыууæ хорзæхы не ‘рцыд лæвæрд. Аккаг ын æрцыд къорд премийы, Республикæ Цæгат Ирыстон–Аланийы адæмон поэты ном. Уæддæр, Шамилы стыр фæллæйттæ сты йæ уарзон, бахъахъхъæнын æй чи нæ бафæрæзта, йæ хурхыл ын, зæххæй сисинаг чи не сты, уыдонæн марæн кард æвæрын чи бауагъта, нæ уыцы æбузын ирон адæмæн, махæн, абарæн дæр цæимæ ницы ис, ахæм æгæрон стыр лæвæрттæ. Кодтой хуыздæрæй-хуыздæр. Афтæмæй æфсæрмдзæстыг «Æфсарм»-æй[1] схызтис «Намыс»-ы бæрзæндмæ – йæ поэзийы æфцæгмæ: «Йæ алы дзырд – цыкурайы фæрдыг, йæ алы зæл урс саджы сыгъзæрин хъуынау зæлы æрвон зæлтæй»[2]. Нæ хорзæхтæ йæхи лæвæртты цур рыг нæ калынц.

## ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛÆН

*«Мæгуыр уæрццæн нæ фидауы, – дзырдтой*
*Нæ Ирыстоны, – зад фæтæны хизын»,*
*Уæддæр, нæ æнкъард хъуыдыты сырдтой*
*Дæ æнтыстытæ. Нал дын уыд дæхи зын,*

*Шамил, дæ ралæгæй. Уыдтæ нын ныфс –*
*Æлвæст æхсаргард басгуыхтæ нæ Ирæн:*
*Дзырд зæгъынмæ ифтыгъд – дæ дзырд; нæ уафс*
*Нæ дæ сыдис. Цæттæйæ хастай илæм.*

*Ирыстоныл дæ номæй н‘ абадт къæм;*
*Йæ кад Хуыцауы цъупмæ райгæ систай.*
*Дæ фарнæн гуырд ыссардзыстæм ма кæм? –*
*Хæдхонгæ дур ныккалдис Иры систæй.*

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Фыццаг балц зæрдæтæм / Рæстдзинад, 1964. – 1 март.

[2] Г а б и с о в а С в е т л а н а. Плачь о друге // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 60 ф.

*Дæ цинаг – Ирбæстæйы ис, нæ бон.*
*Хуыдтай ызнаджы æрцытæ гæнгæлы.*
*Хæрамæй хизын не ссис дæ нæ бон –*
*Фæдисы фыццаг фæдисон фæкæлы.*

*Дæ радтгæ дыргътæ зæххæн кодтой уæз.*
*Ныккалдысты дыл фидиссаг кæлдымтæ.*
*Дæу аккаг дзырдтæ не ссардзынæн æз.*
*Фæсидзæр ысты Дзомагъы къуылдымтæ.*

*Дæ ‘рыздæхынмæ ‘хсондурау сау Ир,*
*Дæ рæзгæ цот дæ рухс фарнæй фæцæрæнт!*
*Дæ марджытæ дын, ме ‘фсымæр Шамил,*
*Мæрдты цъыфтытæрæн бæхтæй фæцæуæнт!*[1]

Фæлæ нæ ирон адæмæн йе стыр хуынтæ æрмæст поэзийыл нæ фæуд кæнынц. Ирон дзырдаивады титаны ном хуымæтæджы нæ райста[2]. Дзырд йе ‘взаджы алгъыл уыдаид æви йæ фыссæн сисы фындзыл – кодта змæлгæ, кастис дзы хур, æрттывта дзы æхсар. Мурасты Эльбрус, Шамилæн йæхи дзырдтæй спайда кæнгæйæ, уымæн дзырдта: «Поэт кæд политик нæ уыд, уæддæр йæхи равдыста дардмæуынæг æмæ арфхъуыдыгæнæг адæймагæй. Йæ зæгъинæгтæ кæйдæртау никуы рамбæхс-бамбæхс кодта. Цы дзырдта, уый – æргомæй. Йæ алы дзырдæн дæр дзуапдæттæг уыдис йæхæдæг – дзуары бын дæр æмæ тæрхоны раз дæр: «Цæмæн хъæуы сæрибарæй дзурыны бар? Дзæнгæда цæгъдынæн? Нæ! Царды хъæнтæ æвдисынæн, царды хæрæмттæ амонынæн, фыдгæнджыты гамхудтæ исынæн. Цæмæн? Цæмæй сæм адæм æркæсой æмæ сын скæной хос. Гъе, уый у сæрибары нысан»[3], – фæлæ поэт адæм кæй хуыдта, уыдон иууыл адæм нæ разындысты. Исчи ныл худгæ кæна æви æрдиаг, уæддæр хъуамæ зæгъæм рæстдзинад – нæ хуыздæры, стыр хъыгагæн, тугхортæй бавæрын нæ бацис нæ бон.

[1] Р о к с а л а н. Джыккайты Шамилæн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 174–175 ф.

[2] Т е д е е в а А., Д з а н т и е в А. Титан осетинской словсности / Столичная, 2004. – 26 февраль.

[3] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Хорз ма ракæн æмæ... / Рæстдзинад, 2009. – 2 апрель.

Фыдгæнæгæн йæ ном йæ уæлæ ис. Уый никæуыл æмæ ницæуыл фæауæрды йæ цæйаг уд арф бафснайыны охыл. Искæй бацæбиттæ къуымых кардæй ныллыг кæнынмæ та кæддæриддæр цæттæ у. Суанг йæ фынты дæр. Йæ хъуыдыйы кæронмæ дæр сæ никæмæн æрцæудзæнис, нацийы лæгтæ нæ алкæмæн дæр, суанг не 'взæртæн дæр æвæринаг кæй сты. Фæлæ сын æй ма зæгъ. Джыккайты Шамил сыл йе 'ппæт сфæлдыстадау йæ сонетты дæр уымæн худтис хъæлæсыдзагæй. Æмæ йæ фыдгæнджыты историйы баззайын кодта æрмæсдæр, куыд райгуырдысты, сæ царды бонтæ куыд тыдтой, афтæ ницæйæгтæй, Ирыстоны знæгтæн лæггадгæнджытæй: «Уынын мæ удхæссæг уæййагæй, Тæппуд – æлгъаг æмæ гæбæр!»(«Цæуын та стыр уынгты æрхуымæй...»).

Уыйхыгъд ын иунæг дзырд «Ирон» ницæимæ ис абарæн: «Дæ зæлтæ тауынц фидауц æмæ зонд, Ды бонвæрнонау срухс кæныс мæ зæрдæ, Кæныс нæ ды уæздан æмæ бæрзонд» («Зæрин æмæ зыллангон дзырд Ирон»).

## ÆХСÆЗÆМ СÆР

# ДРАМАТУРГИЙЫ ЗÆРИНГУЫРД

Хæдарцаты Азæ æппынæдзух дзырдаивад æмæ зонад, æхсæнадон хъуыддæгтыл ифтыгъд Джыккайты Шамилы фæндагсарæн æнæнхъæлæджы нæ фæдзæхста[1]. Развæлгъау ын алцы дæр бæстон барст уыд. Нæ сæрхъуызой цы арæзта, йæ фæндаг кæдæм æмæ куыд уыд, уыдæттæ йын искæй дзурын нæ хъуыд.

Шамил ахæм фыссæг уыдис æмæ, йæ къух цыфæнды жанрмæ фæкодтаид – лирикон æмдзæвгæ уыдаид æви эпикон, миниатюрæ æви нывафыст, балладæ æви кадæг, прозæ æви публицистикæ, драмæ æви зонад… уайтагъддиу йæ фыссæн сисы бын гæххæтт ныццæхæр скалдта. Æмæ раст зæгъы йæ прозæйы чиныг «Арт æмæ æрттутæджы» тыххæй Джусойты Нинæ: «Æцæг фыссæг царды цаутæм иувæрсыгæй никуы фæкæсы, фæлæ сын вæййы аргъгæнæг, йæ уацмысты дзы алкæмæн дæр рахæссы сфæлдыстадон тæрхон»[2]. Уыцы тæрхоны Шамил алы хатт дæр уыдис раст, кæд йæ удæн æппынæдзух æдас нæ уыд, уæддæр. Йæ рæстдзинад дæр йæхицæй хуыздæр ничи зыдта: «Хæссынц мæм фау, тæрсын кæнынц зындонæй... Фæлæ зæххыл рæстылдзæуæг уыдтæн», «Ме ‘рттиваг рæстæджы Фæцардтæн æз поэт æмæ лæгау...» Уымæн æм нæ хъардтой, дон æмæ зынгæй хæлæрттæ чи кæнынц, нæ зонд нын хахуыр æмæ динæй чи халынц, æфхæрд æмæ нæ тыхстæй чи быхсын кæнынц, уыдон уайдзæфтæ:

*Нæ быхсын æз! Куырысдзаутæн куыд цæгъдон*
*Фæндырæй? – уым лæджы кадæй цы ис?*
*Нæ кæнын æз лæгмартимæ æмдзæхтон,*
*Нæ кæнын æз къæрныхтимæ цæдис!*

---

[1] Х æ д а р ц а т ы А. Де уазæг, фæндагсар! // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Вопросы осетинской литературы и фольклора. – Дзæуджыхъæу, 1993.

[2] Д ж у с о й т ы Н и н æ. Поэты зæрдæ – адæмæн нывонд / Рæстдзинад, 2008. – 4 март.

*Поэт дæн æз – Чырыстийау нæ уарын*
*Зылынæй, растæй алкæуыл мæ уарзт,*
*Æз тугцъир æмæ залымæн нæ барын,*
*Зæгъын: æлдарæн никуы уыдзæн барст!*

*Фæлитойтæ нын ассывтой нæ бынтæ,*
*Зæгъут-ма уæд, куыд сабыр кæнут мæн?..*
*«Æнусмæ тох! Æнцой уынут уæ фынты»,*
*Уыдзæн вампиртæн карз тæрхон, уыдзæн!*

Хъаныхъуаты Инал афтæ кæй дзырдта: «Писатель раскаляет сердца толпы... В его произведениях – его душа, ум, жар его сердца, лучшие чувства, в нем же сам холод, пустота, отчаяние или вернее отвращение»[1], – æмæ Шамилæн йæ зæрдæйы уарзтæй, уæзданæй, тæвд тугæй цы уыдис, уыдонæй йæ рæстаг хъайтарты рæвдыдта, æнæуынон ын цы уыд, уый та æргомæй адæмы фыддæртæ æмæ знæгтыл калдта.

*Уæ азарæй ныппаплой ис нæ фæллой,*
*Нæ урс ыстджытыл аразут уæ цард...*
*Тæрсут!.. Уæ удтæ стæхынмæ куыд бæллой*
*Нæ туг уын афтæ фестдзæни сырх арт[2].*

(«Фæдзæхст»)

Александр Блокы æмдзæвгæ «На поле Куликовом»-æй поэтикон рæнхъ уымæн æрхаста: «И вечный бой! Покой нам только снится...»[3]. Афтæмæй йæ поэзи рæстдзинады сæрыл тохгæнджытæн ныфсы хос у, галиу фæндагыл чи лæууынц, адæмы цард чи æнæад кæнынц, уыдон та дæлдзиныг кæны.

Йæ публицистикæ æмæ йæ зонадæн нæй къаддæр аргъ адæмы цæсты. Абайты Арбилянæ зæгъы Шамилы: «...монографитæ, наукон уацты æмбырдгæндтæ, хицæн статьятæ фольклор æмæ литературæйы фæдыл афтæ ку-

[1] Кануков Инал. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 241 ф.
[2] Джыккайты Шамил. Фæдзæхст // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 17 ф.
[3] Блок Александр. Собр. соч в 6 т. Т. 2. – Ленинград, 1980. – 85 ф.

ыстгонд сты, æмæ сæм къух бакæнæн никæцы ‘рдыгæй ис»[1]. Хуыцау ныл куы аудид, уæд сæм къухбакæнæнтæ ма хъуамæ агуырдтаиккам, фæлæ балæууыдаиккам йæ фарсмæ. Уæддæр мах ахæм адæм стæм æмæ бонæн фæуынæй никуы тæрсæм, иу сен нын сен нæу.

Фæлæ нæ зæрдæтыл нæ къух куы æрæвæрæм, уæд Шамилæн йæ иууыл стырдæр æнтыстытæй иу уыдис æмæ у йæ драматурги – нуарджын, цымыдисон, зæрдæскъæф. Йæ райгуырдæй фæцис нæ ирон адæмæн уарзон. Ирон чиныгкæсджытæ æмæ театрдзаутæн цæстæвæрæнæн баззад йæ поэтикон трагеди «Хъодыгонд зæд». Йæхæдæг Плиты Грисы «Чермен»-æй дзырдта: «Трагеди «Чермен» хъæздыг у арф хъуыдытæй æмæ бæрзонд идейæтæй, уыдон æвдыст цæуынц аив фæлгæтты хуызджын æмæ рæсугъд нывтæй. Идейæ æмæ формæ æмуаг цы уацмысы вæййынц, уым сæнтысы аивадон идеал. Ахæм аивадон æнтыст у Грисы трагеди дæр»[2].

«Чындзы чи ацыд, чындзы митæ уый зоны»[3], – зæгъы ирон æмбисонд: Джыккайы-фырт йæхи удæй куынæ бавзæрстаид «Хъодыгонд зæд»-ы арф хъуыды æмæ бæрзонд идейæтæ, йæ «аив фæлгæтты хуызджын æмæ рæсугъд нывтæ», уæд æм йæ хистæр æмсисоны æнтыст, чи зоны, афтæ арф нæ бахъардтаид.

«Хъодыгонд зæд» ахæм пьесæ куыд басгуыхт, уымæ æркæсæм чысыл лæмбынæгдæр æмæ йын бацархайæм йæ арæзт æмæ йæ нысаниуæг фергомдæр кæныныл.

Шамил йæ уацмысты зынгæ хайы куыд дзуры нæ Фыдыбæстæ, нæ цардуаг, нæ адæмы фидæныл, нæ кæуинаггаг ивгъуыдæй нæ рухс сомбонæнмæ фæндæгтæ айгæрдыныл куыд хъардта йæ уд, раст уыцы уды фарнæй цæуы ацы зындгонд уацмысы архайд дæр. Нæ ивгъуыды не ‘рвылбонон истори равдисыны хæс æрæвæрдта йæ разы, драматургийы бæрзонд аив дзырдæй йæ сныв кодта, æмæ дзы рарттывта ирон уды фарн. Цомахъ мæнгæй нæ дзырдта:

---

[1] А б а й т ы А р б и л я н æ. Аккаг куыстæн – аккаг кад / Рæстдзинад, 2010. – 10 ноябрь.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Фæлгонцаразæн фæрæзтæ Грисы трагеди "Чермен"-ы // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 195 ф.

[3] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 34 ф.

«Мæнæн мæ фыдæлтæ дæр не 'мбæхстысты тохæй»[1]. Æмæ уацмысы рæстдзинады охыл мæнгард удты ныхмæ уынæм уыцы тугкалæн тох. Лæджыхъæды пьесæйы стыр трагикон хабæрттæ уайтагъд фæхатынц зæрдæ æмæ зонд, уацмысы райдианы арвæй дзурæгау чи хъуысы, Саударæджы уыцы зæрдæхалæн хъарæгæй:

*Уæззау рæстæг… Цъæх арт æмæ фæздæг*
*Гуылфæн кæнынц. Ызнæт бæхты мыр-мырæй*
*Ыскъуыйы арв. Сæ цæфхæдты бын зæхх*
*Хъæрзгæйæ ризы. Хотыхты зæллангæй*
*Ныккæрзы зæрдæ. Зонд цы скодта зондæй –*
*Хæрам сæ пырх кæны. Хæты мæлæт,*
*Æмæ цæуы йæ фæстæ дуне сæфтмæ,*
*Фæдисау хъуысы хъæр æмæ цъæхахст[2].*

Уыцы удмарæн, змæст æмæ тугамæхст дуг æмæ царды адæймаг ахсын райдайы, дзырд цæуыл цæуы, уый. Фæдис кæнæм, адæймаг йæхи уды æхцон æмæ йæхицæй хуыздæртæм уæлейæ дæлæмæ кæсыны тыххæй куыд ныллæг хъуамæ æрхауа, хи туг æмæ стæг хæрыныл дæр куыннæ хъуамæ ауæрда. Фæлæ иу фыд иннæйы куыд ивы, рæстдзынад рæстаг адæймагæн хотых дæр куыд фесты æмæ ныфсы таг дæр, кæй къухы уа, уымæн фæцудæн дæр куыннæ уал вæййы æмæ басæттæн дæр, зæды бынатмæ куыд схизы, уый ирдæй зыны Джыккайты Шамилы трагеди «Хъодыгонд зæд»-ы, кæд йæ архайд фыддуджы цæуы, уæддæр.

*Уæззау рæстæг. Тызмæг дуне. Ызнæт.*
*Ныййарæг зæхх! Цæсты сыгау цъæх арвæй*
*Æрхаудтæ ды æдзæм талынгмæ. Рухс*
*Æмæ сыгъдæгæй стъалыйау æрттывтай.*
*Куы дыл фæзынд фыццаг адæймаг, уæд*
*Æрыгон мадау нал æфсæстæ цинæй,*
*Рæвдыдта дæу йæ зæлдаг тынтæй хур.*
*Зылд рæстæджы цалх – йемæ хаста амонд,*
*Фæлæ ныссаст хæрам дуртыл кæмдæр.*

[1] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 205 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993. – 7 ф.

Афтæмæй уыцы уæззау рæстæджы автор саударæг усы – бæсты фарны номæй, уæддæр йæ зæрдæ цы адæмыл нæ ивы, сæ зонд æрцахсдзысты искуы, кæмæй хъуыды кæны, уыдонмæ, ныййарæг зæхмæ дзургæйæ, фæдисæй ныффæсус. Фæлæ нæ сæтты. Брытъиаты Елбыздыхъо уымæн загъта: «Когда закладывают бессильного ягненка – и он старается вырваться»[1].

*Дæ фырттыл бафтыд сæфты зыд. Фыдæхæй*
*Кæрæдзи тонынц. Нал æнцайы хæст,*
*Æмæ хъæрзы уæззау цæфтæй дæ зæрдæ,*
*Æз ын æхсын йæ хъæдгæмттæ цæссыгæй,*
*Фæлæ сыл туг кæлы æмæ хæрам*
*Хæссынц. Кæм сын ис хос – æвдадз... О, адæм!*
*Уæ мад у зæхх, уæ царды хур, уæ фарн, –*
*Йæ зæрдæ йын цæмæн фæкæнут дихтæ?!*
*Уæ уидæгтæ цæмæн хæрут зыдæй?..*

Æмæ уыцы хъæр æмæ цъæхахсты хъæуы, адæмы хъысмæт цæхгæр фæивынмæ йæ ныфс чи бахæсса, сæ удыл йæ уд нывондæн чи дæтта, сæр куы бахъæуа, уæд фыццаг аудинаг дзыллæйы чи скæна, ахæм æцæг лæгау-лæг. Уымæн æмæ цард – «уый дæумæ кæсы!»[2]. Уацмысы æцæг лæгау-лæг æрмæст номæй ма хъуамæ баззайа, фæлæ рæза иу фæзындæй иннæмæ, цæуа размæ. Æмæ ахæм уацмыс сфæлдисын, уæлдайдæр, драматургийы, Уæлладжы комулæфт дæм куынæ хæццæ кæна, курдиаты хъомысæй æххæст хайджын куынæ уай, темæтæ, проблемæтæ скъуыддзаг кæнын, фæлгонцтæ дæм сæхæдæг куынæ цæуой, размæ куынæ тырнай, уæд уый æнцон нæу.

Гуæздæрты Азæ «Хъодыгонд зæд»-ы фыццаг варианты тыххæй зæгъы: «Известный драматург и поэт Гриш Плиев 8 февраля 1976 года писал автору: «С удовольствием прочитал твою пьесу «Хъодыгонд зæд»... Твоя первая пьеса среди первых стихотворных пьес других авторов-осетин – наиболее завершенная (сегасы æхсæн æцæгдæр пьесæ у) по всем тем компонентам, из которых складывается поня-

[1] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. –Дзæуджыхъæу, 1981. – 279 ф.

[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 142 ф.

тие пьесы как художественного произведения. Ты умело строишь художественную композицию – столкновение характеров, что принято называть сюжетом, ты достаточно хорошо овладел драматическим стихом – ямбическим пятистопником, речь персонажей свободно льется в направлениях заданных характеров. Сами характеры интересны и занимательны. Словом, ты на верном пути. Благословляю тебя»[1]. Хъыгагæн, куырыхон хистæры ацы стыр арфæ йæ «Фыстæджытæ»-йы[2] нæй. Грисы фыстæджытæй зæгъын. Хъæугæ та кæны, цæмæй чиныгкæсæджы къухы уа æнæхъæнæй.

Уыцы егъау чиныджы Ирыстоны цæгат хайы фысджытæй æртæ фыстæджы ис Нигермæ, иу – Мамсыраты Дæбемæ. Адæймаг ахъуыды кæндзæнис: цæгаттæгтæ йæ фарсмæ уыдысты, æмбæлдис сыл лæгæй-лæгмæ, фысгæ та хуссайрæгтæм кодта – Гафезмæ, Дзугаты Гиоргимæ, Бестауты Гиуæргимæ, Гиуæргийы æмкъай Сæлимæтмæ, Дзуццаты Хадзы-Муратмæ, Цыбырты Людвиг æмæ Джусойты Нафимæ. Фæлæ, куыд уынæм, афтæмæй уыцы хатдзæг раст нæ уаид.

Азæ ацы фыстæг Шамилы архивæй систа[3]. Чи зоны, ноджы дæр ма дзы ис. Чиныджы рацыды фæстæ «Рæстдзинад» ноджы ныммыхуыр кодта, Цæллагты Валодя æмæ Гаджиты Георгийы архивты» чи «разынд, Плийы-фыртæн мыхуыры чи нæма уыд, ахæм фыстæджытæ Плиты Хадомæ æмæ Ирыстонмæ хæсты быдырæй нæ дзырд-дзæугæ раздзоджы фыстæджытæ[4].

Чи зоны, цас ма дзы ис рохуаты?! Стæй нæм фердæхыны фыдæй æрмæст Грисы фыстæджытæ сæфынц?!. Нæ дзæнæтыбадинæгтæй бирæтæн мыхуырмæ цæттæ чингуытæ баззадысты, фæлæ, цы фесты – хæйрæг, ды йæ базон. Ӕгæрыстæмæй нæм дзырддзæугæтыл нымад чи сты, уыдонæй дæр бирæтæ æууæнчы охыл суанг нæ классикты архивтæ сæ амæлæты хæнтфæстæ сæхи пайдайæн æмæ сæ сау фæдтæ бамбæхсыны охыл афтæ сызмæстой, – фæдавтой, куы зæгъæм, уæддæр нæ фæрæдидзыстæм, – æмæ сæ куыдз йæ хицауы нал ссардзæн.

[1] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия Правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 166 ф.
[2] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 5 – 295 ф.
[3] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия Правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 166 ф.
[4] П л и т ы Г р и с ы ф ы с т æ д ж ы т æ й / Рæстдзинад, 2015. – 21 январь.

Фыстæджы ис критикон фиппаинæгтæ дæр. Азæ куыд зæгъы, афтæмæй Шамил йæ уацмысы бахынцыдта фæлтæрд хистæры критикон зондамындтæ[1]. Æмæ уымæй дæр рамбылдта уацмыс. Борæханы характер рæзы уацмысы цыдимæ. Иу цауæй иннæ цаумæ кæны æнæбасæттгæдæр, адæмæн уарзон фæтæг.

Дзыныхаты Аленæ йæ рæстæджы уац-мысмæ гæсгæ бахынцыдта: «Борæхан архайы XIV æнусы кæрон Аланты хæхты. Ныр уый, йæ къухы æрмæст æхсаргард кæмæн ис, ахæм хъайтар нæу, фæлæ ахæм уд у, кæцы хъуыдытæ æмæ сагъæстæ кæны йæ адæмы хъысмæтыл, йæ мургонд, дихгонд паддзахадыл, кæддæр хъомысджын, тыхджын чи уыд, ууыл. Æмæ йæм ахæм нысан уыд – фæндыд æй йæ паддзахад ногæй сфидар кæнын, рухс цард байтауын, ирон адæмы фыдæхæй æмæ «сæфты зыдæй» фервæзын кæнын...»[2]. Афтæмæй нæ автор ахæссы, нæ фыдæлтæ сæ фыдæлты фарн æмæ æгъдау куы хъахъхъæдтой, не знæгтæ æмæ йæ не ´взæрты фæндиаг мæлын куынæ бауагътой, уыцы удмарæн, тугæйдзаг рæстæджытæм.

Трагеди æнæхъæнæй улæфы, Ирыстон XIV-æм æнусы кæрон цы низæй сад, нæхи уæйгæнджытæ æрцæуæг тыхгæнджытæн цурон митæ куыд кодтой, нæхи фæткыл сæ къух куыд истой æмæ уыдон дин куыд хæдзарон кодтой, сæ нæмттæм æцæгæлон «бегтæ» æмæ «хантæ» æфтаугæйæ, нæхи зæххыл хицæуттæ уæвыны охыл, рæстдзинад куыд ныгæдтой, чи йыл дзырдта, уыдонимæ, уыдæттæ фыссæг калы хуры рухсмæ, цæмæй сæ уыной нæ абоны уæйгæнджытæ дæр æмæ ацæгъдой сæ цъыфтæ. Адæммæ уымæ сиды Саударæг, йæ хъарæгæй йын хатдзæгтæ аразын куы уаид нæ бон æмæ, нæ хъуыддæгтæ рараст кæнын куы уаид нæ бон, уæд:

*Æз дæн бæсты фарн. Бацыд зæхх мæ хуызы, –*
*Йæ рыст, йæ тыхст, йæ сагъæстæй хъæрзын.*
*Фæлæ уынын: нæ фарнимæ кæмдæр*
*Тæхгæ-нæргæйæ урс барæг æрцæуы.*
*Йæ рахиз къухы хуры тынæй – кард,*
*Уый дунемæ Амраны зынг æрхæссы...*[3]

---

[1] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия Правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 166 ф.

[2] Д з ы н ы х а т ы А л е н æ. Æнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 173 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993. – 7–8 ф.

Адæймагæн уайтагъд схион вæййы уыцы «дунемæ Амраны» зынгхæссæг, аланты æфсæддон фæтæджы фырт Борæхан. У лæппу-лæг. Арæхстджын хæстон фæтæг. Уæддæр ацыд фæсарæнтæм бердзентæ æмæ Ромы зæхх басгарын, сæ хæстон фæлтæрддзинадæй сын йæхицæн ахсджиаг хъуыддæгтæ райсынмæ. Фæлæ æртæ азы фæстæ фæстæмæ куы æрыздæхтис йæ Фыдыбæстæмæ, уæд йæ фыд удæгас нал уыд. Йæ бынаты йын æрæййæфта хæххон иры фæтæг Атохы. Æмæ райдайы трагедийы æцæг конфликт. Цæрукъаты Алыксандр уымæн загъта: «Шамилæн кæцыфæнды предмет дæр у аивады æрмæг, зыны йæм вазыгджын æмæ алывæрсыгæй, сæрттивын æй кæны...»[1].

Уыцы хъуыддаг цыд, автор йæ тых, йæ зонындзинæдтыл кæй никуы ауæрста, æхсæвæй-бонæй æппынæдзух кæй куыста йæ уацмыстыл, хуыздæр, æххæстдæр сæ кæй кодта, уый фæрцы. Æнæнхъæлæджы-иу нæ дзырдта, зæгъгæ, æхсæвыгон уæ кæддæриддæр фæнды, фæдзурут-иу мæм телефонæй – зæгъгæ, фынæй нæ вæййын. Æмæ-иу йæхи февдæлон кодта алкæмæ дæр байхъусынмæ, хъæуæг дзуапп ын раттынмæ.

Борæхан, йæ фыд цы кодта, цæмæй амард, уый нæ зоны, æргом ын ничи ницы дзуры æмæ йæ хиуæтты ‘хсæн у «æцæгæлон». Æмбары æрмæст дæр иу хъуыддаг – Атох зынгæвæрдау лæууы æрцæуæг тыхгæнджытæн балæггад кæнынмæ. Райгонд дзы уæнт, æндæр, цæттæ у сæ кæцыфæнды фæндон цæстыныкъуылдмæ аххæст кæнынмæ. Æмæ афтæмæй йæ хъуыддæгтæ куыд хъуамæ цæуой хæрзæгъдау, йæ адæм æмæ йæ фыдæлты зæххыл æнувыд Борæханы зæрдæмæ. Уыимæ иумæ уынæм, уацмысы сæйраг хъайтары фыссæг иу архайдæй иннæмæ куыд æрттивын кæны, куыд фæцæрдхъомдæр, куыд фæтохмонцдæр вæййы. Фæлæ уыимæ нæ сафы, Алыксандр цы «поэтикон культурæ»-йы кой кæны, уый дæр æмæ дзы «ирон поэзи исы кæмдæр æфцæгмæ»[2].

Борæханы ныхмæ у, кæй зæгъын æй хъæуы, Атохы фырт Елберд дæр. Уый йын æрмæст йæ хæстон арæхстмæ

---

[1] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цæуын сындæг, сæрыстырæй зæххыл / Рæстдзинад, 1982. – 23 сентябрь.

[2] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цæуын сындæг, сæрыстырæй зæххыл / Рæстдзинад, 1982. – 23 сентябрь.

нæ тæхуды кæны, фæлæ йын уарзы йæ уарзон чызг Зæринæйы. Фæстæ ницæуыл хæцы алы хинтæ æмæ кæлæнтæй, цæмæй йæхирдæм раз-даха сыгъдæгзæрдæ чызджы. Фыд Атох йæ бынат, фæтæджы бынат фесафыны, фырт Елберд Зæринæйæ фæиппæрд уæвыны тасæй сæ уæййаг удтæй арт цæгъдынц Борæ-ханы адæмы цæсты æфтауыныл, стæй йыл йæ иузæрдыг Зæринæ куыд сдызæрдыг уа, йæ зæрдæйæ куыд фæиппæрд уа, цыфæнды аргъæй дæр афтæ бакæныныл, цæмæй сæ чъизи хъуыдытæ æххæст кæнын уа сæ бон. Уымæн æмæ сæ зæххы цъарыл сæхи лыскъ удтæй тынгдæр ничи æмæ ницы æндавы ацы дунейыл. Сæ ницæйыг удты тыххæй сын æвæджиаг ницы у. Цы хъуамæ уа уымæй, æлгъагдæр æмæ ницæйагдæр хъуыддаг. Ахæм уавæры царды хъæбысæйхæсты, царды тохы[1] пьесæйы архайд æххæстбарджынæй фæхæцы трагедийы авналæнтæм. Ацы трагеди ирон поэзийы иууыл бæрзонддæр уацмыстæй кæй у, уымæн зæгъы Гуæздæрты Азæ: «...трагедия Джикаева «Отверженный ангел» (1975), которая высвечивает события времен нашествия Тамерлана, вызывает из небытия героев, олицетворяющих высокий дух и нравственное величие народа.

Критики и исследователи отметили высокие идейно-художественные достоинства этого творения талантливого поэта»[2].

Хицау цурон адæмæй цух никуы вæййы. Къахæй сæ куы æппара æддæмæ, уæддæр, æфсæрм нæ фæзонынц, сæрыстыр уæвыны æнкъарæнтæ сын нæ вæййы æмæ йæм бырдзысты сæ цыппæртыл. Атох йæ бирæ фæсдзæуинтæ æмæ се ‘цæгæлон, хицæуттæ суойы охыл, кæйдæр зæвæттæ стъæрынæн кæй райстой, уыцы дины дзæвгар кусджытимæ адæмы сардауы сæ сæрыл тохгæнæг Борæханыл. Елберды дамдумтæ дæр скуыстой йæ хинты фæрцы, Зæринæйы æрвылбон цæстсайæнты фæрцы бауырныдта, цыма йæ уарзон Борæйы зæрдæйы ныххаудта æндæр чызджы сурæт.

Ноджы Атох иры фæсивæды Тимуры ныхмæ йæ хицауы сæрыл ныццæгъдын кæнынмæ куы тырны, Тимурæн та йæ фæнд куы у, Бæрзæфцæгыл Ирыстоны цæгат хай-

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 359 ф.

[2] Г а з д а р а в о в а А. Х. Поэзия правды и любви. –Владикав-каз, 2010. – 166 ф.

мæ ныббырсынмæ, уæд Борæхан йæ фарсхæцджыты акодта Дайраны коммæ цыфыддæр знаджы ныхмæ нæ Фыдыбæстæйы сæрыл удуæлдай тохмæ. Æмæ уымæн ис историон бындур. Бирæ историктæ, стæй Бернард С. Бахрах сбæлвырд кодтой: «...аланы и их потомки оставили определенный след в истории Западной Европы в период раннего средневековья»[1]. Борæ йæ адæм, йæ фыдызæххы тыххæй цыфæнды фыдæвзарæнтæм, суанг мæлæтмæ дæр цæттæ у. Йе ‘хсар, йæ хъæбатырдзинад, цыфыддæр знагыл йæ фæуæлахизæй йæхи тынгдæр бауарзын кодта йæ адæмæн. Йæ дзыхыдзырд, йæ хъуыддæгтæ сты йæ лæджыхъæдыл дзурæг:

*Мæ зæрдæйы æрæнцади æнцой.*
*Æнцой, æнцой... Уый нæу уæлдæфау рог*
*Æмæ сыгъдæг. Чъырызмæстау ныддур и.*
*Йæ мидæг – тæвд. Мæ уд дзы рисгæ дуды.*
*Тæссаг у уый. Æрхаудзæн ыл цæссыг,*
*Æмæ æваст ысуадздзæни цъæх пиллон.*
*Ай-гъай. Арт ахуыссы, фæлæ фæнык*
*Йæ быны арæх нуæрст зынджытæ ´мбæхсы,*
*Чысыл æй базмæнт – фестдзæн уæд цæхæр.*
*Фæлæ нæй уддзæф! Нæй, уæдæ, æнцой дæр!..*
*Хуыцау! Фæндтæ мæм фурды дзаг уыдис,*
*Æмæ дзы скæнын къусы дзаг нæ бантыст, –*
*Хъаймæт у уый! Зындон!.. Уæдæ, лæгæн,*
*Ау, ницы у йæ хъару? Уæд зæххыл*
*Цæмæн сæнтыст? Йæ ныв æмæ йæ нысан*
*Цы сты? Æрмæстдæр цъыфты бырын? Уæд*
*Цы сфæлдыста йæ зонды тыхæй нарты?*
*Цæй охыл кæны хъизæмар Амран?*
*Цы сты, гъе, уыдон? Нæ, бæлвырд нын ис*
*Уæлдæр æмæ рæсугъддæр нысан. Дард у,*
*Æмæ йæм мах нæма зонæм фæндаг...*
*Фæндаг, фæндаг... Кæм ис цымæ йæ сæр?*[2]

Борæханыл иууылдæр сæ цæст кæй æрæвæрынц, уый у трагедийы авторы æрхъуыдыйы фæрцы: «...его герой переживает мучительные испытания, среди которых и

---

[1] Б а х р а х Б е р н а р д С. Аланы на Западе. – М., 1993. – 154 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993. – 66 ф.

предательство со стороны близких ему людей и отвергнутая по злому навету любовь. Победа Борахана над собой, способность подняться над личным, над оскарбленным достоинством, пренебречь собственными переживаниями во имя долга перед родным народом – весьма впечатляет»[1]. Æмæ ахæм хъомысджын адæм сæ фыды бæстæйы цæмæннæ тох кодтаиккой сæ уды сæрибарыл. Йæ уды бартæ сæ барвæндæй чи хъуамæ æрæвæрдтаид, йæ сæрибар, йæ фыдызæхх ын чи фалгæрон кодта, куыдзы бынаты бабæттынмæ сæ чи хъавыд, сæ туг сын дойныйæн чи нуæзтой, мыггагскъуыд фæкæнын сæ кæй зæрды уыдис, уыцы хæддзу тыхгæнджыты раз?

Секъа катайгæнгæ дзырдта: «Дауыт Сослан ирон лæг, ирон туг уæвгæйæ Ирыстоны территорийæ ничердæм ауæрæхдæр кодта»[2]. Ныр нын нæхи зæххытæ æркъуындæджытæ кæнынмæ куы æрæвнæлдтой, уæд фæцис Борæйы хуызæн ирон сагсур лæппуты хъахъхъæнинаг. Æмæ нын фыдæлтæй куыд баззад, афтæ уый тыххæй сæ сæртæ, куыддæр бахъæуы, афтæ æрхæссынц нывондæн. Фæлæ лæгнывæндтимæ царды фæндæгтыл дардмæ цæуын æнцон хъуыддаг никуы уыдис æмæ никуы уыдзæн, – уый дæр макуы хъуамæ рох кæнæм.

Цæмæй адæмæн цагъарадæй фервæзыны, сæрибар уæвыны хъуыды сæ зонды æнустæм ныббæстон уа, гадзрахат сæ макæй уал туджы баззайа, ууыл фæндвидарæй куы архайы Борæхан, уæд Атох æмæ йæ фæсдзæуинтæ алы хинтæй растадысты йæ ныхмæ. Удæгасæй йæ баныгæныны тыххæй йыл адæмæн хъоды бакæнын кодтой, ома, алкæмæй дæр æрмист фæуа, йæ номыл ын фæлдахой дур фæлæ, адæм куыд акæнынц: «Хин ма кæ æмæ кæлæн ма ссарай»[3]. Уацмысы кæрон раргом вæййынц Атох, Елберд, Буртæг, Дзуары лæджы сау æмæ тугæйдзаг, зæххæй сисинаг чи не сты, сæ уыцы æлгъаг хъуыддæгтæ. Атох фæиртæст йæ зондæй æмæ басаст, Борæханы фыды мæнгардæй уый кæй амардта, хæлæгæй йæм æрдæг кæй кодта, уый охыл, цæмæй йын бацахстаид йæ бынат.

[1] В л а д и м и р о в а Г. Легенди творят люди // Театральная жизнь, 1980. – № 23. – 28 ф.

[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 402 ф.

[3] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 226 ф.

Фælæ йын Борæхан, кæд афтæ зæгъы: «Æгæрон зæххыл цастæ федтон æз, Мæ чысыл балцæй цас базыдтон цардæн?» – уæддæр йæ куырыхон хъуыды дардыл æххæссы. Фидарæй йæ уырны, адæм сæ кæрæдзимæ æнгом куы лæууой, уæд сæ мæлæт дæр нæ фæхицæн кæндзæнис æмæ йын уыцы зондахаст аразы йæ къух. Адæм æй уымæн бамбæрстой, йæ фæдыл сæ сæрибардзинады охыл тохмæ уымæн ацыдысты. Гуæздæрты Азæ æмæ Бететы Фатимæ, пьесæйыл ныхасгæнгæйæ, уымæн зæгъынц: «Бацыдысты ирон адæм стыр тохы сæ сæрибары сæраппонд. Хохы ир, дыгур, фæсхохы ирæттæ, суанг ма сылгоймæгтæ дæр хæцæнгарз райстой æмæ фыдгæнæджы ныхмæ æрлæууыдысты»[1].

Сæрибары сæрыл æгъатыр тох уднывæндтæ фæдомы æмæ, кæд сæ раздзог Борæхан фæмард, уæдддæр йæ парахат уд æмæ фарн мæрдтæм нæ ахаста – ныууагъта сæ йæ адæмæн. Уыдон та цъус не сты. Азæ æмæ Фатимæ афтæ зæгъынц: «Борæханы фæлгонцы баиу сты адæймаджы хуыздæр миниуджытæ – намысджын, зондджын, рæстзæрдæ, æргомдзырд, ныфсджын, йæ бæстæйы стыр патриот. Йæ уæлдæр бæллицц у йæ Райгуырæн бæстæйы амонд, йæ адæмы иудзинад. Иудзинады уыны уый тыхы, сæрыстырдзинад, намыс, амонд. Фыдæлты кадмæ тæхуды кæны, йæ зæрдæ йыл риссы, фæнды йæ, цæмæй уый фæстæмæ раздæха. Бæллы рухсдæр, хуыздæр фидæнмæ»[2], – æмæ уыцы бæллиццаг уды хæлц ииуылдæр адæмы иудзинады кæй сты, ууыл кæй нæ дызæрдыг кæны, уый йæ æвæры ноджы бæрзонддæр бынаты, æрвон зæдау æй кæны сыгъдæг æмæ æппæтхъом.

Борæхан аргъуантæ ногæй кæй аразын кæны, уымæ кæй сиды, уымæн ис стыр символикон нысаниуæг – уый уыд авторы хъуыды. Иу адæм хъуамæ уой иу диныл хæст, цæмæй сæ кæрæдзи, куыд æмбæлы, афтæ æмбарой æмæ Борæйы фæлгонцы æвдисы, цæмæй иу туг æмæ стæг адæм, æцæгæлон ныхмæлæуджытау, кæйдæр табуйæгтæн ма лæууой уырдыг, ма сын уой табугæнæг, сæ зæвæттæ сын

[1] Г у æ з д æр т ы А з æ, Б е т е т ы Ф а т и м æ. Национ иудзинады темæ Джыккайты Шамилы трагеди "Хъодыгонд зæд"-ы // Фидиуæг, 1914. – № 4. – 91 ф.

[2] Г у æ з д æр т ы А з æ, Б е т е т ы Ф а т и м æ. Национ иудзинады темæ Джыккайты Шамилы трагеди "Хъодыгонд зæд"-ы // Фидиуæг, 1914. – № 4. – 91 ф.

ма стъæрой, сæ дин сын куы райсой, уæддæр. Дзыллæйæн сæхи зондыл чи уа хæст, цæ цины дæр, сæ хъыджы дæр се ‘мдзу чи цæуа, уымæй стырдæр лæггад сын ничи бакæндзæн. Хорз фæзонынц кæддæриддæр: йæ уидæгтæ мæры арф цы бæлас ауадзы, царды сой дардыл фенцъиры, уымæн йæ къабæзтæ дардыл вæййынц[1]. Дардмæ фæзыны. Куы йын сæ ныдздзæгъдай, уæддæр та «рухс талатæ суадздзæн». Адæм Борæханы уымæн бамбæрстой, хатыр дзы ракуырдтой. Равзæрстой йæ фæтæгæй. Баиу сты Ирыстоны фæтæгтæ хохæй, быдырæй, фæсхохæй. Заринæ хатыр ракуырдта Борæханæй, кæй бауæндыд Елберд æмæ уый хуызætты чъизи дам-думтыл æмæ уый дæр йе ‘мбал чызджытимæ рацыд нæлгоймæгты æмрæнхъ сæ сæрибары сæрыл тохмæ.

Раст цыма æнусты фæстæ В. Лебедев-Кумач уыдонæй дзырдта: «Вставай, страна огромная (Аланты бæстæ дæр уыцы тохы заманы нырма дардыл уыд – Хъ. М.), Вставай на смертный бой!..»[2]. Уый Стыр Сæрибары Сæрвæлтау бирæтæн, суанг Борæханæн дæр уыдис фæстаг, Уæлахизы тох. Фæлæ йын йæ фæдон Сослан, Гæтæджы фырт, цæфæй дæр Борæханы тырыса кæй сисы æмæ йæ гæнахы сæрмæ кæй хæссы, уый у æнустæм сæрибары символ. Адæмы стыр амонды тыххæй хи уд уæлдай кæныны символ.

Уыцы символ Шамилæн æппынæдзух уыдис йæ уды. Йæ бæллиц уыд Ирыстоны иугонд æмæ сæрибарæй, цæрдхъомæй фенын. Æмæ йæ никуы æмбæхста. Цард ын лæвæрдта уыцы стыр идейæ, йæ уд Ирыстоны сæрвæлтау æрхаста, иууыл бæр-зонддæр кæй æвæрдта, уыцы идейæйы сæрвæлтау. Сæрыстырæй уымæн мысыд: «Спартæйаг мад фæрсы, хæстæй цы илот æрхæццæ, уый, хæст цæуыл ахицæн, уымæй. «Дæ фырттæ фондзæй дæр фæмард сты», – загъта хабархæссæг. Ус ыл фæхъæр ласта: «Æлгъаг цагъар! Æз дæ уыдонæй нæ фæрсын, фæлæ, чи фæуæлахиз, уымæй»!

Куы базыдта, Спартæ фæуæлахиз, уый, уæд кувинæгтимæ атындзыдта кувæндонмæ.

---

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Уидæгтæ ‘мæ талатæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1989. – 80–84 ф.

[2] Л е б е д е в-К у м а ч В. Священная война // К о л л е к т и в а в т о р о в. Песни войны и победы. – М., 2010. – 4 ф.

Уыцы мадæн уыди наци. Уый ныййардта æмæ схаста патриоттæ æмæ геройтæ»[1].

Йæхæдæг уымæн цыма уыд удæгас цæвиттон æмæ, æцæг патриотæн куыд æмбæлы, афтæ уыцы æвæджиаг фæдзæхст тагъта махæй алкæй уд, зæрдæ æмæ зондмæ: «Лæджы хæс у фыдыбæстæ хъахъхъæнын, адæмы фарн сæфынæй бахизын. Лидзæг дæр Хуыцаумæ куывта æмæ сурæг дæр. Сабыр уæрыкк сырдджын бæсты вæййы бирæгъы амæттаг. Уарзт хорз у, фæлæ дзы нæй шахиды басæттæн. Дон кæй ласы, уымæн йæхи хъæуы змæлын æмæ къухтæ тилын. Бесаты Мæхæмæт тохы фæмард, фæлæ цæры кады зарджыты. Йæ хæлар Гуыргъохъ бафснайдта йæ сæр, фæлæ уыдис удæгасæй мард, йæ мыггагыл та ныууагъта худинаджы гакк. Стыр поэт загъта: зæххыл æнусон сты æрмæст куырыхоны ныхас æмæ героизм. Мах хъæуы æнæниз, сæрæн æмæ зондджын фæлтæр хъомыл кæнын. Уый тыххæй ис ахъаззаг фæрæзтæ – ахуырад, наукæ æмæ куыст. Кадæг, зарæг æмæ истори махæн дæттынц æгъдау, æхсар æмæ намысы æвдисæнтæ. Ирон мадæлтæн та райгуырдзæн Черментæ, Таймураззтæ, Тотрадзтæ»[2].

Шамил æрбадавæггаг зондæй йæхи бадт хъуыдыйæн стырдæр кад кодта. Фидарæй йæ уырныдта: «Аивадон уацмыс у царды ныв æмæ цардзонæн хабар»[3]. Уыцы мидхаццæгæй райгуырд «Хъодыгонд зæд». Æмæ автор йе 'вæджиаг, фæлæ цæссыгæхсад хъуыды уацмысы кæрон хъæрæй зæгъы Саударæджы дзыхæй, цæмæй фехъуыса, не стырзæрдæ адæммæ:

*Мæ хъæбултæ! Æвирхъæу уыди хæст.*
*Нæ хæхтæ судзынц. Ивылд дæттæ тугæй*
*Цæуынц сырхæй. Нæ хуымтæ – сыгъд. Нæ хъæутæ –*
*Дæрæнтæ, пырх. Фæлæ кæсы нæ хур...*
*Нæртон фæлтæр! Уæлахиз у уæ намыс...*
*Уынын ма цагъды уæлдæйттæ. Уæддæр*
*Ныфсджын дæн æз! Нæма бахус нæ уидаг*
*Æмæ та ногæй рухс талатæ суадздзæн!*[4]

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Адæмы фарн бирæ у / Рæстдзинад, 2004. – 2 ноябрь.

[2] Уый дæр уым.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджы-хъæу, 1999. – 88 ф.

[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993. – 88 ф.

Джыккайы-фырты трагедийы æнтысты охыл Бæциаты Агуыдз дзырдта: «Ирон героикон-романтикон драмæйы бафæзминаг æмæ хицæн къуыхцытæ лæмбынæг сахуыр кæнгæйæ, Джыккайты Шамилы къухы бафтыд новатoрон уацмыс ныффыссын. Зын у ахæм егъау æмæ вазыгджын уацмысы тыххæй бæстон ныхас кæнын, фæлæ йын æнæбафиппайгæ нæй йæ ахсджиаг æуууæлтæ. Драмæ фыст у бæлвырд историон цауты бындурыл, ныхас дзы цæуы Иры дзыллæйы егъау трагедийыл. Адæм æмæ йæ балхон цытджын лæгты ахастытæ драматург æвдисы æвæджиауы рæстагæй.

Уацмыс композицион æгъдауæй у сæвджын арæзт, йæ бирæкъабазджын цаутæ, йæ алыгъуызон хъуыдытыл хæст хъайтартæй йæхи кæны æгæрон цымыдисаг. Драматурджы къухы бафтыд архайды тыхджын гуылфæнтæ хицæн адæймæгты, уæлдайдæр та сæйраг хъайтар Борæханы мидхъуыр-духæнтыл самайын. Шамил сæйраг бынаты æвæры адæймаджы уæззау æмæ барджын хъуыдыты æнкъуыст, йæ тыхджын зæрдæйы катайаг рафт-бафт»[1].

Театралон критик уыцы фиппаинаг драматургæй раппæлыны охыл нæ арæзта. Загъта, рæстдзинад цы у, уый. Уацмысы бакусинаг бынæтты иувæрсты дæр нæ ахызт. Пьесæйы æппæрццæг хъайтартæй загъы: «Зыны сыл иуцасдæр æгуыдзæг традициты тæфаг. Бæлвырддæр загъгæйæ, автор æппæрццæг персонажтæй иуæй-иуты райдианы куыд æмæ цæмæй схорзæхджын кодта, уыцы æууæлтимæ баззадысты кæронмæ»[2].

Уацмысы æвæрццæг хъайтары бæрзонд исын, дæлдзиныг кæнинаг чи сты, уыдон æппынæдзух адæмы цæсты æфтауын – Шамил уыцы рухс хъуыдыйыл никуы ивта йæ зæрдæ – хаста йæ, куыд уынæм, афтæ иу зынгæ уацмысæй иннæмæ.

Шамил æппынæдзух куыста йе сфæлдыстады нывæфтыдон дæсныйадыл. Ирон æмæ йын дунеон литературæйы хуыздæр минæвæртты сфæлдыстад уыдис литературон скъола æмæ сæ æппынæдзух фылдæр кодта йæ зонынæдтæ. Уый бæрæгæй разынд «Хъодыгонд зæд»-ы. Æмæ Хъодзаты Æхсар пьесæмæ гæсгæ арæзт спектакль

[1] Б æ ц и а т ы А г у ы д з. Иры артдзæст. – Дзæуджыхъæу, 1995. – 79 ф.
[2] У ы й д æ р у ы м.

фенины фæстæ дзырдта: «Тæхудиаг æмæ табуйаг сты уидæгтæ, бæласы къабузтæн зæххæй царды сой чи цъиры, æрвылуалдзæг сыфтæр æмæ дидинæг кæй руаджы рафтауынц. Тæхудиаг æмæ табуйаг сты урс цыхцырджытæ, цъитийы бынæй æнусон зарæггæнгæ чи уайы, фидийæн кæмæн нæй, Терчы (кæнæ Къуары, кæнæ Сырдарьяйы – уæлдай нæу) хуыскъ кæнын чи нæ уадзы. Тæхудиаг æмæ табуйаг у истори, заманты тары арф уидæгтæ чи ахсъæрдта, адæмты цардвæндаджы бæлас чи уромы, дзыллæйы лæгты стыр фарн мæрдтæм кæй руаджы нæ цæуы. Ф. Энгельс цæйау загъта: «Урсхил рагзаман фидæны æппæт фæлтæртæн цыфæнды уавæрты дæр баззайы æнахуыр диссагæй, уымæн æмæ уый фæстæдæры прогрессæн у бындур».

Æвæццæгæн, уыдæттыл хъуыды кодта Джыккайты Шамил дæр йæ драмон кадæг «Хъодыгонд зæд» фысгæйæ»[1].

Æмæ, æцæгдæр, поэт, йæ трагеди фæлдисгæйæ, æппынæдзух тырнydта йæ уацмысы хъайтарты удыхъæд вазыгджын историон æмæ психологон уавæрты æвдисынмæ, стæй уыцы æвæджиаг бæрзæндмæ йæ чиныгкæсджыты исынмæ. Барахъты Гино дзырдта: «…фыссæгæн йæ хъуыддаджы сæйраг у, йæ фыстытæ йын чи кæса, уыдон культурæйыл ахуыр кæнын»[2]. Æмæ Шамилæн уый йæ къухы æфтыд. Йæ трагеди, кæд йæ фыццаг драмон уацмыс у, уæддæр уымæн фесгуыхт. Бауарзтой йæ – чиныгкæсджытæ, зæгъæм, сценæмæкæсджытæ. Пьесæйы кæрон чиныгкæсджыты, стæй театрдзауты цинæн Саударæг афтæ кæй зæгъы: «Нæма бахус нæ уидаг Æмæ та ногæй рухс талатæ суадздзæн!»[3] – уымæн зæгъы Æхсар: «Уыцы рухс талатæ стæм мах, абоны фæлтæр. Æмæ нæ уидæгтæ рохуаты кæй нæ уадзæм, кæй сыл аудæм, хуры рухсæй, хуры хъармæй сæ кæй хайджын кæнæм (уымæн æвдисæн у Джыккайты Шамилы «Хъодыгонд зæд» йæхæдæг дæр), уый уыдон амонд дæр у æмæ нæхи амонд дæр: уидæгтæ

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Уидæгтæ æмæ талатæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 80 ф.

[2] Б а р а х ъ т ы Г и н о. Уæлладжыры кадæг. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 392 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993. – 88 ф.

æмæ талатæ кæрæдзийы цæрайæ цæрынц»[1]. Кæй зæгъын æй хъæуы, сæ фидæныл куы фæхъуыды кæнынц, уæд.

Нæ фыссæг йæ дыккаг пьесæ «Цомахъ», лæджыхъæдæй, курдиатæй æххæст чи уыд, йæ аив дзырд, йе 'хсарджын хъуыддæгтæй нæ сæрибарыл хæст адæмæн стыр хæрзты чи бацыдис, лæджы æмбæрц нæ бæрзонддæр чи систа æмæ йæ кад йæ фæстагæттæн чи ныууагъта, уыцы сагсур лæппу-лæгыл уымæн снывæста.

Æмæ нæ фæрæдыд. Йæ уидæгты чи нæ хъуыды кæны, сæ рæбынтæм сæ чи скъуыны, уымæн фидæн нæй. Абон нæ фыдæлты номмæ, нæ фыдæлты фарнмæ бирæтæ лæбурынц. Хъæр кæнынц, мах, дам, алантæ стæм, сæ зæххытыл цæрæм, зæгъгæ, афтæмæй сæ фыдæлты бындуртæ дымгæмæ дарынц, нæ абоны хъайтартæн дæр цыртытæ æвæрынмæ сæ уды быцъынæг тонынц (зæгъæм, Плиты Иссæйæн, ома, мах хъайтар у, хъайтардзинад равдисын куы хъуыд, уæд та сæ мадты къабаты бын æмбæхстысты), фæлæ сæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй – дыууæ тæрхъус ахсынмæ чи хъавыд, уый дзы иу дæр кæй нал фæцис. Æмæ тагъд раргом кæндзысты, монголты ныхмæ хæсты, Борæханау, нæ сæрибары сæрыл куы рафтыдыстæм, уæд нын нæ бынтыл æввонгæй кæй æрбадтысты. Шамил та историйы агуырдта нæ кады фæдтæ æмæ сæ, табу – Хуыцауæн, аргæ дæр кодта.

Цомахъ сырдты паддзахы ном у[2]. Нæ куырыхон фыссæг Секъа та афтæ йæ фырты, – уый дæр – ирон нывæфтыд литературæйы зындгонд классик, – рахуыдта. Æмæ нæ фæрæдыд. Цомахъы фæзынд ирон литературæйы уыдис æцæг домбайы цæстыты ферттывды хуызæн, кæд ын бирæ рацæрын нæ бантыст (бæрцæй – 49 азы), уæддæр. Шамил дзы сæрыстырæй зæгъы: «Ирон литературæйы историйы Гæдиаты Цомахъы хуыдтой тох æмæ сæрибары зарæггæнæг, революцийы фидиуæг. Афтæ уыд хъуыддаг æмæ йын ивæн нæй. Революци у æхсæнадон фæзынд, царды быцæуты æрдзон райрæзт»[3].

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Уидæгтæ æмæ талатæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 84 ф.

[2] Ц ъ о й т ы Х а з б и. Ирон мифологи æмæ цардыуаджы дзырдуат. Дзæуджыхъæу, 2017.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджы-хъæу, 1999. – 205 ф.

Шамил йæхæдæг дæр революцион удыхъæдимæ райгуырдис. Цомахъ раст кæй уыдис, уый тыххæй цæвиттонтæ уымæн разагъдæй хæссы: «Стыр поэт Виктор Гюго фыста: «Абоны тох у сомбоны фарн. Сæрибар æрмæст тохæй æвзæры. Революци рæстдзинад у. Бартыл кæм тох кæнынц, уыцы баррикадæйы фæстæ фæзыны сæуæхсид»[1].

Стæй йæм уыцы цæвиттон дæр фаг нал фæкаст, йæ зæрдыл æрлæууыд 1910 азы Генрих Манн сæрибары тыххæй цы хъуыды загъта, уый дæр: «Сæрибар у зонды бæрзонддæр нысан, адæймаджы æппæт идеалты сæр. Сæрибар у змæлд... Сæрибар лæг рæстдзинадыл афтæ æнувыд у, æмæ нæ быхсы хицæн бартæ (неравенство). О, сæрибар у æмбарад»[2].

Куыд дзы хъуамæ ферох уыдаид нæхи Къостайы фæдисы хъæр: «Фидар рæхыстæй нын не уæнгтæ сбастой, Рухс кувæндæттæй хынджылæг кæнынц...»[3]. Æмæ, Шамил ахæм зондыл хæст кæй уыдис, уый тыххæй адæймагмæ бар-æнæбары февзæры ахæм хъуыды: уæлæрвтæй адæмæн арвы зынг-раскъæфæг Амраныл Брытъиаты Елбыздыхъо куынæ ныффыстаид трагеди, уæд ыл Джыккайыфырт æнæмæнг æрæвæрдтаид йæ цæст. Фæлæ дзы Цомахъ уæддæр нæ ферох. Арф айста йæ зæрдæмæ нæ фыссæджы сагъæс æмæ катай: «Змæст рæстæджы базмæлынц адæм. Фæзынынц къордтæ, партитæ, уыдон тох кæнынц тыхбар байсыныл, тырнынц бынæттæ бацахсынмæ, хъавынц цардæй фылдæр хæрзтæ ратонын. Сæ сусæг сау фæндтæ æмбæхсынц патриотон æмæ демократон лозунгтæй. Цомахъ уыд æцæг патриот, æцæг демократ, революцийы идейæтыл æнувыд тохгæнæг. Уый æхсæнадон змæлды архайдта зæрдиаг æмæ хъаруджынæй. Къордтæ æмæ партитæй алчи дæр фæлвæрдта Цомахъы йæ рæнхъытæм æрбакæнын, йæ авторитет æмæ йæ курдиатæй спайда кæнын»[4].

Цомахъæн сæрибары сæрыл тох йæ уды куыд цæвæнтæ кодта, афтæ æхсыст йе сфæлдыстады. Æмæ йе ‘фхæрд дзыллæйæн кодта рæстаг æмæ барджын ныхас:

---

[1] Г ю г о В. Собр. соч. в 15 т. Т. 14. – М., 1956. – 613 ф.

[2] М а н н Г е н р и х. В защиту культуры. – М., 1986. – 170 ф.

[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 53 ф.

[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджы-хъæу, 1999. – 221 ф.

*Адæм куы стыхсой цагъайраджы цардæй,*
*Адæм куы бамбарой се 'фхæрд, сæ марæг,*
*Зон, уæд кæй сыстдзысты иу бон хъыгдардæй,*
*Зон, уæд кæй фехъуысдзæн иу бон сæ зарæг.*

*Дардыл фæзындзысты тохы нысæнттæ,*
*Тохы хъæр ацæудзæн, анхъæвздзæн дардыл.*
*Стыхджын уыдзысты сæрибары фæндтæ,*
*Сдзурдзысты адæм уæд иумæ сæ цардыл.*

*Дзыллæйы хъаруйæ къæдзæх нынннæрдзæн,*
*Хæхтæ нырриздзысты дзыллæты барæй.*
*Адæмы ныхмæ цы уæйыг фæлæудзæн?*
*Чи сыл фæуыдзæн уæлахиз æхсарæй?*[1]

(«Адæм»)

Цомахъ цахæм адæймаг уыдис, адæмы æхсæн ын цы кад уыдис, уый æрттивы йæ цардæй иу хуымæтæджы, фæлæ уыимæ иу цымыдисон, удыхъæдæвдисæг цауæй. Эстонийы Дерпы (ныры Тартуйы) университеты студент ма куы уыдис, уæд аллейæйы изæрмилты рацæй цыдысты чызджытæ. Лæпputæ сæм ныхасæппарæнтæ кодтой, цæмæй смæсты уой. Уый куы федта, дæрдджын дарæс кæуыл уыд, уыцы фидыцджын студент, уæд сын бауайдзæф кодта, ома, худинаг уæм куыннæ кæсы, чызджыты цур уæхи афтæ дарын. Кæд иунæгæй уыдис, уæддæр сæ нæ бауагъта æфхæрын. Æмæ йæ уый фæстæ æрфарста чызджытæй сæ иу – Наташæ Мусьпан æрцагуырдта уыцы хæрзæгъдау лæппуйы. Йæ зæрдæмæ тынг фæцыд. Цомахъы куы æрцахстой, уæд йæ фæдыл, декабристты æмкъæйттау, ацыд Сыбырмæ æмæ 1913-æм азы, æртхъирæны мæйы 17-æм бон Цомахъ æмæ Натальяйыл саргъуыдта сауджын – дины æгъдауæй систы æмкъæйттæ.

Мусьпан фæстæдæр фыста: «Уый тынг мысыд йæ райгуырæн Ирыстон, йæ бинонты, йæ уарзон æмгæртты. Уæлдай тынгдæр та мысыд йæ фыды. Йæ зæрдæ рысти, йæ иууыл ахсджиагдæр фæндиæгтæ кæй фехæлдысты,

[1] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 9 ф.

уымæй дæр. Уый фæндтæ кодта аивады, рухсады æмæ зонады хъуыддагæн йæхи снывонд кæнын, æмæ ныр уыцы фæндиæгтæй иуæн дæр сæххæстгæнæн нал уыди»[1].

Æппæт уыдæттæн уацмысы хъайтары алыварсон æмæ æххæстæй равдисыны охыл иумæ æртымбыл кæнæн ис нывæфтыд дзырды фæрцы, драматургийы – «условность» кæй хонынц, уыцы амалæй. Æмæ Шамил йæ пьесæйы, уымæй спайда кæнгæйæ, кæд Цомахъы цардæй сæйраг 1905–1908-æм азты цаутæ систа, уæддæр йæ бон бацис, йæ хъуыдыйы, цы уыдис, уый сныв кæнын, ома, йæ хъайтары цард æмæ рæстдзинады сæрыл удуæлдай тох, цас гæнæн уыд, уымæй алыварсондæр æмæ æххæстдæрæй равдисын. Фæлæ ууыл дæр не ´рлæууыд автор. Шамил йæ пьесæйæн систа, уыцы дуджы Ирыстоны цы стыр цау æрцыд – ирон сфæлдыстадон фæсивæд сæ разы куыд æрæвæрдтой нæ мадæлон æвзагыл, размæдзыд адæмæн куыд æмбæлы, афтæ газет рауадзын æмæ куыд æххæст цыд уыцы хæс. Дуг кæд тар æмæ змæст у, адæймаг кæд йæ развæд нæ уыны, уæддæр уый Цомахъмæ нæ хауы. Уымæн йæ зонды сыгъдæгæй развæлгъау алцы дæр бæрæг у æмæ йæ не ‘мбæхсы. Плиты Харитоны тухæн: «Цæйнæфæлтау æфсондз хæссæм, фæлтау мæлæт хуыздæр уыдзæн»[2], – уый ноджы раздæр бавзæрста. Æмæ йæ дзуры æргомæй:

*Ыстыр хъуыддаг ыстыр лæгдзинад домы.*
*Æмæ кæмæ ис ахæм æхсар? Рухсæй*
*Нæ адæмы фарн чи хæссы? – Къоста!*
*Нæ ныфс у уый, нæ ном æмæ нæ намыс,*
*Нæ кад нын систа тар дуджы бæрзонд,*
*Фæцыди нын цырагъдарæг хæларæй.*
*Зын уавæры ис абон æмæ кувын:*
*Йæ цæрæнбон нын бирæ уæд! Къоста*
*Нæ хуыцау у, нæ зæды хай. Æз кувын:*
*Нæ адæмы та уыцы хорзæх уæд,*
*Цæмæй сын уа йæ тохы зарæг уарзон.*
*Уæд уыцы амонд кæстæрты, цæмæй*
*Къостайы фæзмын базонæм нæ царды»[3].*

[1] Г æ д и а т ы Н. Мысинæгтæ Цомахъы тыххæй // Фидиуæг, 1982. – № 1. – 88 ф.
[2] П л и т ы Х а р и т о н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 251 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993. – 120–121 ф.

Шамил уый Цомахъы номæй дзуры, фæлæ йæхи хъуыды дæр æнæ дæлæ-уæлæ афтæ уыд: «Уынгæджы бон кувын тыхстæй: О стыр Къоста, ракæс, цæмæй Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!»[1] («Ракæс»). Стæй æрмæст уыдон арф хъуыды нæу афтæ. Нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы катай нæ кæй æндавы, уыдон не ´ппæт дæр хъуамæ уæм хæст ахæм фæндыл. Уæд нын æцæг бантысдзæнис размæ цæуын, иууыл бæрзонддæр цы нацитæ лæууынц, уыдон бæрзæндмæ схизын, царды хæрзтæ уынын.

Джыккайы-фырт нæ йæ пьесæйæ ууыл ахуыр кæны, кæд уый æнцон хъуыддаг нæ уыд, уацмысы Цомахъæй дарддæр иу æмæ дыууæ историон адæймаджы нæ уынæм, сæ нæмттæ кæд чысыл ивд сты, уæддæр. Фæлæ сæ алчи дæр æххуыс кæны уацмысы сæйраг хъайтары удыхъæд хуыздæр æргом кæнынæн. Гуæздæрты Азæ уымæн зæгъы уацмыс æмæ уымæ гæсгæ æвæрд спектаклæй: «Интеллектуальный герой живет и действует не только в гуще в революционных событий, но, прежде всего, в атмосфере культурной жизнии Осетии. В реалистических картинах, озаренных светом поэзии, воссознана жизнь различных слоев общества – творческой интеллигенции и духовенства, офицерской среды и купечества. Их судьбы переплетены и в целом отражают процесс исторического развития, культурного уровня и психологического состояния общества в судьбоносное время. Роскошны массовые сцены спектакля, особенно впечатляет пиршество в доме преуспевающего купца – это колоритная композиция, в которой каждая деталь выявляет как внешний облик, так и внутренний мир участников «театрального» действия»[2].

Æмæ уыцы фиппаинаг – драмон уацмысы сæйраг хъайтар йæ дуджы сæйраг цауты, адæм кæмæй фæцæрынц æмæ царды уæззау цалхы алыварс удисгæйæ дæр кæм фæзилахар кæнынц, уый Шамилæн æрмæст «Цомахъ»-мæ нæ хауы. Характерон у æмткæй фыссæджы сфæлдыстадæн. Нафи афтæ: «Шамил ацы хъуыддагыл – адæймаджы трагикон хъысмæтыл цивилизацийы дуне-йы! – уæлдай æнувыд уымæн уыд, æмæ йæ нымадæй социалистон цивилизаци дæр адæймаджы хъысмæт удыхъæды хорзмæ нæ раздæхта. Реалон социалистон дунейы ахæм дызгъуымтæ

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ракæс // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 18 ф.

[2] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 178 ф.

æмæ фæлывд фæзындтæ уыд, æмæ адæймаджы удыхъæд хæлдмæ, гуманистон рæзынадæй иппæрдмæ цыд. Æхсæнады хицауиуæггæнджытæ дзы арæзтой сæхицæн коммæгæс цумайы лæппу, фæсдзæуин, афтæмæй социализмы нысан та адæймагæй æрыстыр æмæ сæрибар удгоймаг сфæлдисын уыди. Гъе æмæ, мæ нымадæй, Шамилы трагикон хъынцъым ацы фæзынды фæдыл раст уыди. Романтикон фырдиссаджы хуызы йыл кæй дзырдта, уый та йæ курдиаты æрдзы хъæдимæ баст у æмæ цæстмæдаринаг нæу...». Ноджы дарддæр: «Шамилы цæст Æфсатийы дарддзæст лæппуйæ хуыздæр уыны, зæххыл цы ис, цы цæуы, уый дæр æмæ ма, авд уæларвы сæрмæ цы ис, уый дæр. Стæй канд уынгæ нæ, хъусæй дæр афтæ арæзт у. Йæ зæрдæйы хъустæ ахсынц, ныры сейсмографион техникæ цы нæу фехъусынхъом, уый дæр»[1].

Фыссæджы уыцы, цырддзаст уæвын, æппæт уынын æмæ зонын, чиныгкæсæджы тæрхонмæ сæ хæссыны хъуыддагæй иуварс нæ аззад йæ драматурги дæр. «Йæ фыст пьесæтæм гæсгæ æвæрд спектаклтæм ын адæм цыдысты æмæ абон дæр цæуынц зæрдиагæй»[2], – зæгъы Черчесты Хъасболат, сæ проблемæтыл сын æргомæй кæй дзуры, уый охыл.

Уымæн æндæр гæнæн нæй æмæ нæ уыд. Адæм уарзынц сæ уидæгтæ. Уæлдайдæр, сæ уыцы уидæгтæ номхуындæй се стыр хъуыддæгтыл æргомæй дзурæг куы уой, сæ аразыны фарс куы хæцой, сæ кад сын бæрзонд куы исой, сæ сыхаг адæмты æхсæн сын сæ номы хъуыддæгтæ куы æргом кæной, стыр цыты аккаг сæ куы кæной, уæд.

Плиты Грис райгонд æмæ сæрыстырæй уымæн дзырдта нæ Фыдыбæстæмæ, цæмæй йын йæ кад истаид бæрзонд кады бынатмæ:

*Уарзын æз æппæт дзыллæты бирæ,*
*Нуарджын къухтæй чи кæны фæллой,*
*Афтæмæй мæхи ныййарæг Ирæн*
*Иу ран дæр нæ рох кæнын йæ кой.*

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Сагъæс æнæфыст чиныгыл // Рæстдзинад, 2015. – 25 февраль.

[2] Ч е р ч е с т ы Х ъ а с б о л а т. Дзырдта æргомæй, фыста зæрдæйæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 94 ф.

*Атъæпп уа дыдзæсгом налат, уастæн,*
*Чи хаста дæ уарзтмæ арæх фау! –*
*Кæд, цы лæг нæу хи адæмы уарзтæн,*
*Уый нæ ратдзæн иннæтæн æгъдау!*[1]

(«Рай мын, Ир!»)

Æрмæстдæр Фыдыбæстæ, радтæг адæмы рухс фидæныл хъуыдыгæнгæйæ ис ссарæн æгæрон æнтыстытæм фæндаг. Æмæ аивады уыцы стыр гуырæнтæ тæлфыдысты æппынæдзух Джыккайы-фырты хъуыдыйы. Ахæм фыссæджы драматурги фыццаг æркастæй дæр куыннæ хъуамæ хауа сценæуарзджыты цæсты æмæ уыцы хъуыддаджы æмбулы Шамилы трагикомеди «Санаты Сем».

Театрдзаутæ «Санаты Сем»-ы уайтагъд бауарзтой æмæ йын æмбæлон аргъ скодтой, фыццаг хатт æй йе ´мном спектаклы куы федтой, уæд.

Пьесæйæ автор æппæты фыццаг балхæдта, 1992-æм азы нæ драматургийы бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъойы номыл арæзт конкурсы жюрийы уæнгты зæрдæтæ – Джыккайты Шамил йæ комеди «Санаты Сем»-ы тыххæй ссис конкурсы лауреат. Афтæмæй, куыд зонæм, Джыккайы-фырт театрдзауты зæрдæтæ уæдмæ ссардта йæ трагедитæ «Хъодыгонд зæд» æмæ «Цомахъ»-æй, фæлæ йе сценæмæкæсджыты зæрдæтæ уæдмæ цас фæриссын кодта, уыйбæрц æй ныр бафæндыд сæ барæвдауын, ома, сæ ахудын кæнын. Афтæмæй йе сфæлдыстады юмормæ мæнæ-мæнæ æмхиц нæ уыдис.

Æниу, оригиналон, Шамилæй дарддæр кæй ничи радзырдтаид, ахæм худæг хабæрттæм рæвдз уыд. Æз-иу ын æнкъардæй дзæвгар фæхудтæн йæ ныхæстæй бирæтыл. Зæгъæм, уыцы мæстыхуызæй-иу дзырдта:

*«Уæллæй, тынг дис кæнын нæ фысджытæй бирæтыл... Æмæ сын тæригъæд дæр кæнын... Цы æвзагыл фæдзурынц, цымæ, сæ сывæллæттимæ – сæхæдæг уырыссагау нæ зонынц, сæ сывæллæттæ – иронау»*[2].

---

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ. 2 т Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 146 ф.
[2] А в т о р ы а р х и в æ й.

Кæнæ-иу куыд æхсызгонæй æрымысыд:

*«– Диогенмæ исбонæй зондæй дарддæр ницы уыдис. Афтид боцкъæйы дæр уымæн цард.*

*Иу хъаймæты рæстæджы адæм сæ исбонæй уæргъты бын дугъ кæнынц хъæрзгæуынæргъгæ.*

*Чидæр æм сæ фæкомкоммæ:*

*«– Ды дæ исбонæй цæмæннæ исты хæссыс?»*

*«– Мæнæн мæ исбон иууылдæр мемæ ис», – уыдис сын Диогены разыйы дзуапп*[1]*.*

Æмæ-иу йæхæдæг дæр къаддæр разыйæ нæ баззад. Мæ зæрдæ мæм афтæ дзуры, цыма нæ рагфыдæл Санаты Семы худинаг æмæ кæуинаджы хабæрттæ нæ адæмы тыххæй джиппы рауадзынмæ дæр уымæн æрæвнæлдта.

Куыд зæгъынц, афтæмæй Сем цардис Захъайы. Ома: «Захъайы ныр дæр ма ис Санаты ком, сæ хъæуы бынат дæр уым ис. Уырдыгæй фæлыгъдысты Цъамелмæ»[2], – зæгъы таурæгъ. Фæлæ Санаты таурæгъæй Семы æмбисæндтæ бирæ дардылдæр сты, кæд се ‘ппæт фыст æмæ чингуытæм хаст не´рцыдысты, уæддæр.

Æндæр ран кæсæм: «Адæмон таурæгъмæ гæсгæ, Санаты Сем райгуырд 200 азы размæ Захъагомы, Санаты хъæуы. Йæ фыды ном хуынди Бердыхъ, уыди Санахъоты хæрæ-фырт. Иннæ адæмон таурæгъмæ гæсгæ та царди æмæ амарди Уæллаг Хъæнийы»[3]. Бынтон диссаг та сæ дардыл æмæ арф хъуыдыйæ сты, чи сæ фехъусы, уыцы адæмæн.

Уыимæ æрмæст зонды къуыбар нæ уыд, фæлæ зыдта цæрæгойты, мæргъты æвзæгтæ дæр. Сæ кæрæдзиимæ-иу цы дзырдтой, цы фæндтæ-иу сæм уыд, уыдæттæ базоныны тыххæй-иу æй тæлмац нæ хъуыдис. Тынг хорз сæ æмбæрста:

*«Иу хатт ныхасы бадтысты зæронд лæгтæ. Семæ уыд Санаты Сем дæр. Уыцы рæстæджы сæ сæрты æрбацæй тахтысты дыууæ сынты. Иуæй-иу хатт-иу райхъуысти*

---

[1] У ы й д æ р у ы р д ы г æ й.

[2] И р о н а д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 708 ф.

[3] И р о н а д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. Ирон таурæгътæ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 386 ф.

*сæ уасын. Уæд сæм Сем скасти æмæ бахудти. Йæ фарсмæ бадæг лæгтæ бадис кодтой æмæ йæ афарстой:*

*– Дæ хорзæхæй, Сем, цæуыл худыс?*

*Сем ницы сдзырдта, фæлæ йæ лæгтæ куынæуал уагътой, уæд сын афтæ:*

*– Куырдтаты комы иу ран барæг былæй ахаудта, бæх фæмард, фæлæ барæгæн ницы уыд. Ацы дыууæ сынты тæхынц бæхы мард хæрынмæ æмæ ууыл цин кæнынц.*

*Нæ бауырныдтой Семы ныхæстæ ныхасы бадæг лæгты. Уæд Сем арвитын кодта Куырттаты коммæ дыууæ барæджы, цæмæй уыдон сбæрæг кæной, æцæгæй дæр хъуыддаг афтæ у, æви нæ.*

*Дыууæ барæджы куы 'рбаздæхтысты, уæд радзырдтой, æцæгæй кæй федтой комы мард бæх æмæ йæм дыууæ сынты хæрынмæ куыд бавнæлдтой, уый»*[1].

Æмæ Шамил бацархайдта, нæ уæззау царды адæм ивгъуыд идеалтимæ сæ къух куы истой се 'ууæнкыл, сæ зæрдæтæ сын куы къахтой, демократты номимæ сæм цы цæстфæливджытæ цыдысты, уыдон та сын æнæуынон куы уыдысты, уæд адæймаджы зæрдæйы арфы цæмæй исты ныфс сæвзæрын кодтаид. Гуæздæрты Азæ уымæн зæгъы: «Главный герой пьесы «Шанаты Шем» остался в сердцах народа чистосердечным, любимым, красивым, остроумным человеком. Сам автор о нем говорит: «Нæ адæмы историйы бирæ уыд уæззау рæстæджытæ. Фæлæ уыцы уæззау уавæрты дæр цардысты æмæ уыдысты ахæм адæмтæ, кæцытæм уыд адæмы æхсыст рæсугъд хъару, æцæг адæймагдзинад. Ахæм адæймæгтæ сæ архайдæй тох кодтой æдылыдзинадимæ, худтысты йыл, цин кодтой зонды уæлахизыл, – уый та æхххуыс кодта адæмы удварны цард сыгъдæгдæр кæнынæн, фидар сæм кодта æнæуынондзинад æмæ уарзондзинад. Æнæ уарзондзинад райгуырæн зæхмæ, æцæгдзинадмæ, адæймаджы хорз хъуыддæгтæм нæй æхххæст цард. уыцы адæймæгтæй уыд Санаты Сем дæр. Мæн фæнды, цæмæй йæ фарн æртыхса нæ адæмыл»[2], – Аланы ныхасæй пайдагæнгæйæ, цыма йæ Шамилæн йæхицæй рафыста, афтæ дзургæйæ[3].

[1] Ирон адæмон сфæлдыстад. 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 708–709 ф.

[2] Парсиаты Алан. Санаты Сем / Смена, 1993. – июль.

[3] Газдарова А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 178 ф.

Четиты Рубен дзырдта: «Джыккайты Шамил таурæгъон фæлгонц Санаты Семæй реалон литературон фæлгонц кæй сфæлдыста (æви реалон адæймагæй сфæлдыста литературон фæлгонц? – Хъ. М.), уымæй стыр ахъаз фæци Семы æнусон цæрæн-бонтæн.

Курдиатджын драматург цыргъзонд Семы сбаста ирон адæмы иууыл уæззаудæр цаутимæ. Тæтæр-монгойлаг тыхгæнджытæ балбирæгътау куы лæбурдтой Кавказы цæрæг адæмтæм, уæд... Тыхы ныхмæ лæгæй-лæгмæ тохы бацыди цыргъзонд Санаты Сем. Сем æхсæнгарзæй иу æхст дæр нæ фæкодта, кардæй иу цъыкк дæр не ‘ркодта, афтæмæй басаста æгæрон тыхы хицау Мæличчы æмæ хъалонæй фервæзын кодта Ирыстоны»[1].

Кæуылты æххæст иу лæджы цыргъ зонд! Æмæ æрмæст уый зонд нæ. Шамилæн ирон адæмы диссаджы таурæгътæ уыдысты нæ адæмы дзыхæйдзургæ хæзна дæр æмæ нæ диссаджы истори дæр. Дзырдта йæ æргом: «Хъæздыг æмæ æвидигæ у ирон адæмы сфæлдыстад. Уый у нæ адæмы зонд æмæ зæрдæйы рухсæй нывæст. Йæ диссаджы æвæрæнты сыгъдæгæй зынынц фæлтæрты сагъæстæ æмæ бæллицтæ. Уый уыд æмæ у фæлтæрты нывæфтыд истори. М. Горький адæмы схуыдта æппæты хъомысджындæр поэт æмæ нывгæнæг[2]. Ирон адæм сфæлдыстой, «Илиадæ» æмæ «Калевалæ»-йы æмсæр чи у, уыцы Нарты эпос, æмбисонды аргъæуттæ, куырыхон таурæгътæ. «Адæмы æцæг историйæн зонæн нæй, йæ дзыхæй дзургæ сфæлдыстад ын куынæ зонай, уæд», – дзырдта стыр пролетарон фыссæг[3]. Махмæ фысгæ истори нæ уыд, æмæ нын фольклор у историон æрмæг, уый нын бакæны æнусты дуæрттæ, срухс кæны ивгъуыд заманы талынг къуымтæ æмæ историон зарджыты æмрæнхъ нывыл ахадындзинад ис таурæгътæн»[4].

Фыссæг æмæ ахуыргонд сæрмагондæй Санаты Семæн цы аргъ кодта, уый дæр ын сусæггаг нæ уыд. Стæй йæ

---

[1] Ч е т и т ы Р у б е н. Рагон цауты абоны хабæрттæ дзыназынц / Рæстдзинад, 1993. – 1 июнь.

[2] Г о р ь к и й М. Собр. соч. в 30 т. Т. 24. – М., 1953. – 26 ф.

[3] Г о р ь к и й М. Собр. соч. в 30 т. Т. 24. – М., 1953. – 34 ф.

[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Таурæгъ – адæмы дзургæ истори // А д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. Ирон таурæгътæ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 3 ф.

цæмæн хъуамæ сусæг кодтаид: «Санаты Сем хайджын у адæмы æнусон фæлтæрддзинадæй, зоны, цы уыд æмæ цы уыдзæн, уыдæттæ, – афтæ дзы таурæгътæ скодтой зæххон пахуымпар»[1], – дзырдта æргомæй.

Адæймаг хъуыдытыл фæвæййы: Шамилы тынгдæр цы сразæнгард кодта комеди ныффыссынмæ: Семы цыргъзонд ныхæстæ æви йæ дардылæххæсгæ æрхъуыды? Поэт æгæр хорз дæр зыдта фыдцарды фыдмитæ. Исчи йын сæ амона, уый йæ нæ хъуыд:

*Æрбадт нæ Иры дзыхъхъы мигъ,*
*Ды йæ мæрзыс дæ худæй;*
*Нызгъалы мигъ дæ сæрыл их,*
*Мæрдтæм цæуыс цæрдудæй.*

*Зæххыл сæрибар нæй лæгæн,*
*Нæй амондæн æрцахсæн;*
*Тыхбар дæ уацайраг кæндзæн,*
*Дæ дзырдыл дардзæн сахсæн.*

*Кæд уыди курдиатæн аргъ,*
*Йæ куыстæн кад кæд уыдзæн?*
*Æрчъитæ скæндзæн олигарх*
*Дæ рагъдзармæй йæ куыдзæн*[2].

Санаты Сем схъæлрихи æмæ сойбылæй уымæн нæ цæуы йе стыр зонд æмæ æппæтзонгæйæ. Йæ куырыхон зонд адæмыл æнæаргъæй цы тауы, æндæр сæ ницы домы, кæд искæмæн, – уæлдайдæр, бонкалдтæн, – йæ царды хабæрттæ развæлгъау раныв кæнынæй йæ цард йæ сæрты акалдаид, уæддæр. Автор уымæн кæны мæсты, иронион худт.

Æмæ иугæр Сем историон фæлгонц у, йæ хъуыддæгтæ йæ радтæг мæгуыр адæмы цардæй ист сты, уæд нын Шамил йæхи æрымысгæ аивадон уацмысы цы хабæрттæ кæны, уыдонмæ дæр хъуамæ кæсæм историон хабæрттау – уырной нæ, истори нæ куыд уырны, афтæ.

Маргарита Громова загъта: «Пьесы на исторические сюжеты особенно трудно было создавать именно потому,

[1] У ы й д æ р у ы м, 19 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æвзæрст уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015. – 147–148 ф.

что при этом нужно было сохранить «связь времен», показать преемственность истории и современности, неразрывность реальности и вымысла»[1].

Дарддæр дзуры ноджы бæлвырддæрæй: «Однако в лучших пьесах исторические сюжеты помогают авторам преподнести мудрый урок современности, по-новому, с высоты пройденных лет и веков, оценить давно прошедшее»[2]. Æмæ нын Джыккайы-фырт Семæй цы хабæрттæ кæны, уыдонæн æнæбауырнгæ нæй, адæмон сфæлдыстады сыл куынæ æмбæлæм, уæддæр:

Дзыныхты Аленæ зæгъы Шамилы «Санаты Сем»-ы тыххæй: «Шамил уый зæгъынмæ хъавыд, æмæ кæд ирон адæмæн царды цагъардзинадæй сæ зонд бамынæг, уæддæр ма сæ ис цыдæр ныфс. Ныфсджын у йæхæдæг Шамил. Уыцы миниуæгæй схайджын кæны йæ хъайтары дæр (Æви автор йæхæдæг у куырыхон æмæ æппæтзонæг Семы ныфсæй ныфсджын? – Хъ. М.). Зæронд лæг пьесæйы райдианы усгур лæппу кæй фесты, йæ маскæ фелвасгæйæ, уым дæр бæрæг хъуыды æвæрд ис. Ома, кæд фæндыр сæстытæ у, – Ир мæстытæ æмæ хъыгтæй дзаг у, – уæддæр ирон уд, рæсугъд æмæ базырджын æнкъарæнтæй ифтонг чи у, ирон адæмон аивадимæ баст чи у, уымæн мæлæн нæй. Гъе, уымæ гæсгæ йæ амарынмæ мадзал дæр не ссарынц, æрмæст ын йæ фæндыр ныппырх кæнынц, сæ фыдбылыз дзы фенынц. Фæлæ се ´цæг знаг йæ зонд кæй у, уый цыма нæ базонынц. Æмæ уый фæстæ Сем æндæргты гамхудтæ дæр радгай уымæн сисы, се ´цæг цæсгом сын адæмæн уымæн рабæрæг кæны. Уый йæ тыхы ис, уый у пахуымпар. Ацы ранæй райдайы Сем царды мæнгардимæ тох кæнын йæ зондæй, йæ курдиатæй»[3].

Шамил, «Хъодыгонд зæд»-ау, æрмæст æрцæуæггæгтæй нæ сарæзта нæ иры знæгтæ. Уыдонау ын æнæуынон сты, нæ мæсыг кæмæй хæлы, уыцы «нæхи дуртæ». Уыдон нæ къаддæр нæ сафынц. Уый тыххæй сыл нæ ауæрста драматургийы, прозæйы, публицистикæ, поэзийы дæр. Дæрæн сæ кодта. Æфтыдта сæ адæмы цæсты.

[1] Г р о м о в а М а р г а р и т а. Мир современной драмы//К о л л е к т и в а в т о р о в. Драматургия второй половины XX века. М., 2006 . – 8–9 ф.

[2] У ы й д æ р у ы м, 9 ф.

[3] Д з ы н ы х т ы А л е н æ. Æнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 148–149 ф.

Дзуццаты Хаджы-Мурат загъта: «Адæймаг æмæ уавæртæ, адæймаг æмæ æхсæнад, адæймаг æмæ рæстæг – се ´хсæн цы ахастытæ, цы ныхмæвæрдтæ, цы хъуырдухæнтæ ис, уыдонмæ у йе ‘ргом Шамилы курдиатæн, фæлгъауы сæ æмæ сын тæрхон кæны хорз, рæстад æмæ рæсугъддзинады позицийæ. Арæх уавæртæ, æхсæнад, рæстæг сты адæймаджы ныхмæ æмæ дзы сæхицæн цагъар куы скæнынц, уæд адæймаг свæййы æнæ адæймаг, рохуатæн радты иумæйаг-адæмагадон хæрзæгъдау æмæ удварны хæзнатæ, фесафы йæ намыс æмæ йе ‘фсарм. Бирæтæ уый хонынц амонд, æгæрыстæмæй дзы сты буц æмæ сæрыстыр дæр, сæхи хуызæттæ сын – зондджынтæ æмæ куырыхонтæ, сæхи хуызæн чи нæу, уыдон та – æдылытæ æмæ æрратæ. Уыцы бирæтæ Шамилæн сты йæ удхæссæг æмæ йын семæ бафидауæн нæй»[1]. Цыфæнды жанры дæр:

*Кæуы Отелло – намыс æмæ лæг,*
*Кæуы хæстон – мæсыг æмæ æхсаргард.*
*Гуырысхо æмæ хъизæмарæй уый*
*Сæтты хæрам, гадзрахат æмæ хахур...*
*Кæл-кæлæй чидæр партеры ныххуды,*
*Кæнынц паяцау мавырыл чыр-чыр...*
*Цæуыл худынц – комедийы куынæ сты?!*
*Цæмæн сын фæци худæджы хос маст?*
*Лæгтæ, лæппутæ – уадулсырх, хæрзарæзт,*
*Сæ цæсгæмттыл хъуыдыйы ныдзæвд нæй,*
*Нейлон хæдон, гæлæбу галстук – ииуыл*
*Нырыккон æмæ итувæрд æппæтæй,*
*Вæййынц æдзухдæр хъæлдзæг æмæ даст,*
*Сæ сæрыхъуын – цыбыр æлвыд, лæгъз фаст,*
*Хуылыдзгонд, рухсмæ сæрдæнтæй æрттивы.*
*Сæ астæу бадынц сылгоймæгтæ – гом*
*Сæ уæхсчытæ, сæ зæрдæтæ – æппæтæн.*
*Æмæ сын чи сты? Уарзæдтæ? Лымæнтæ?*
*Æви сæ устытæ?.. Цы уæлдай у, æнцу?*
*Гъай-гъай, сымахмæ худæг кæсы лæг,*
*Куы кæуы уый æууæнчы сæфтыл, уымæй[2].*

(«Кæуы Отелло...»)

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 83 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджы-хъæу, 1969. – 37 ф.

«Худы сыл, тох кæны семæ, нæ сын бары, æмæ йын уыдон дæр нæ барынц, сæхи хуызæн скæнын кæй нæ комы, уый тыххæй. Уымæн йæ фæндаг у уæззау, зын, хъизæмайраг»[1], – зæгъы Дзуццайы-фырт æмæ къаддæр трагизм нæ уынæм «Санаты Сем»-ы, кæд комеди у, йæ жанрмæ гæсгæ, йæ цауты равæрдæй дзы худæгæй хъуамæ артæнхæлдтæ кæниккам, хъал адæм сæрыстырæй куыд фæкæнынц, нæхи дзы афтæ зæрдæхцонæн ирхæфсиккам, уæддæр.

Фæлæ куыд худæм, автор нын уацмысы Ирыстоны иууыл кæуинаггаг æмæ æрдиаггагдæр рæстæджытæй иуы – æхсæрдæсæм æнусы нæ ирон дзыллæйы фыдбойнаг цард зæрдæрисгæйæ куы ныв кæны, уæд? Хъæнийы хъæуы Хан-Мæликк куыд æлдариуæг кæны, сæрибарæнгуырд мæгуыр адæмæй тыхбоны хъалон куыд исы, къæлæтджынил бадгæйæ, «хъылма» куыд пъæртт кæны, нозтджынæй цагъайраг чызджытæм кæсгæйæ, йæ сырдон мондæгтæ куыд мары, уыдонмæ адæймагмæ худын нæ, кæуын цæуы. Семы та уыцы фыддуджы ноджы бахъæуы ирон æлдæрттæ – Беслæн, Ислам æмæ Саламимæ тохы бацæуын. Фыссæг сын æргом кæны, цæргæ-цæрæнбонты ирон хъæздгуытæ сæ кæрæдзийæ сæ сæфт цæмæй уыдтой, уыцы цухдзинад – сæ кæрæдзийæ уынынц се сæфт, архайынц мæгуыр адæмæй куыд фылдæр ратона кæныныл æмæ, сæ кæрæдзи кæй хæрынц, уый, кæд Мамсыраты Дæбе афтæ загъта: «Мызд исын бирæ куыст нæу»[2], – уæддæр уыдон сæ кæрæдзи кæй тонынц, уый æрцæуæг знæгтæн фадат дæтты, цæмæй сæ цæгъдой æмæ куынæгмæ тæрой æнцонæйдæр. Мæгуыр адæм та сæ къахыл слæууынæн не сты, фæлæ сæ койгæнæг нæй.

Бынæттон æлдæрттæ, стæй Мадзары мæличчы ныхмæ куырыхон Сем тох кæны авторы цыргъзонд æмæ мæлгъæвзаджы фæрцы, уæлахиз дæр йæ дзырдарæхсты охыл æфты йæ къухы. Автор та мæлгъæвзаг кæны: «Бæсты фæстаг уыдзæн дон æмæ Уырысы»[3], – чи базыдта, уыцы Семы руаджы. Афтæмæй, зæгъæн ис, уацмы-

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 83 ф.

[2] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1967. – 118 ф.

[3] И р о н а д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. Ирон таурæгътæ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 386 ф.

сы автор ӕмӕ уацмысы сӕйраг хъайтар сӕ кӕрӕдзи кӕй ӕххӕст кӕнынц, сӕ иу иннӕйы хъуыдытӕ ӕмӕ хъуыддӕгтӕ кӕй дарддӕр кӕны, уымӕй иууыл тынгдӕр ӕмбулы уацмыс ӕмӕ уыимӕ чиныгкӕсӕг, стӕй театрдзау дӕр.

Уыцы фарны хъуыддаг алы фыссӕджы къухы нӕ фефты, фӕлӕ Уӕллаг зӕрдӕхӕларӕй кӕмӕ бахуды, уымӕн ӕй бауарзы йӕ цӕст. Ӕмӕ уыцы амондджын фысджытӕй иу уыдис Шамил. Уымӕй дӕр цы хуызӕн! Йе ´гӕрон курдиаты фӕрцы йӕ бон бацис стыр куырыхон фольклорон-историон хъайтарӕй, абарӕн кӕмӕн никӕимӕ ис, ахӕм комикон-литературон хъайтар сфӕлдисын, йӕ курдиаты фӕрцы йын ирон нывӕфтыд литературӕйы историйы йӕ ном ӕрттиваг дамгъӕтӕй ӕнусмӕ ныффыссын. Ӕмӕ йӕм ӕрмӕст Семы фӕлгонц не ‘рбахаста. Уӕдмӕ дӕр ын йе сфӕлдыстады ахуыр уыдыстӕм йӕ ӕндӕр диссаджы историон фӕлгонцтыл. Сӕ фӕстагӕттӕн-иу нын сӕ лӕджыхъӕд афтӕ раныв кодта ӕмӕ сӕ ма уарзӕм, уый гӕнӕн нӕ уыд ӕмӕ нӕй. Йӕ хъайтартӕ сӕйраджы та ӕмбулынц сӕ рӕстдзинадӕй. Алыккаты Хазби уынгӕгхъуырӕй дзуры:

*Мах ницы уадзӕм а бӕстыл нӕ фӕстӕ,*
*Ӕмӕ мӕрдкъахтау зыд ӕмӕ кӕрӕфӕй*
*Нӕ фӕстагӕттӕ номхӕссӕн цыртӕн*
*Йӕ уаз фыстытӕй дам-думтӕ куы кӕной,*
*Кӕрдзын ӕмӕ цыты базары уӕд*
*Нӕ дард фӕдон кӕйдӕр уӕрдоны зардзӕн*
*Ӕмӕ хӕсдзӕн фӕндаггагӕн нӕ кой.*
*О, уый зындӕр у хъоды ӕмӕ ‘лгъыстӕй!*
*Ныхъхъус у, зарӕг!*
*Мах фестӕм ам нӕ цард ӕмӕ нӕ зарӕг,*
*Нӕ мӕлӕт уыд йӕ рӕсугъддӕр ныхас,*
*Фӕстаг ныхас – ӕхцон ӕмӕ куырыхон –*
*Нӕ хъысмӕты ӕхцон фарнӕн нывгонд*
*Уыдис, ӕмӕ йӕ афоныл зӕгъын*
*Мах базыдтам...*[1]

(«Хазби»)

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзӕуджыхъӕу, 2010. – 17–18 ф.

Стæй сæйраг цы уыд, нæ фыссæджы бон-иу нæ адæмон хъайтарты нæмттæ, адæм сæ цы бæрзæндмæ систой, уымæй ноджы уæлдæр сисын кæй бацис. Æмæ дзы афтæмæй кæй ном не срухс кодта, уыдонма цымæ бирæ сты? Æви сыл фыссæг йæ цыбыр царды аххæст иууылдæр, никæй дзы ферох кодта, афтæмæй?

Джыккайы-фырт йæхæдæг афтæ: «Куырыхонтæ æмдзыхæй дзурынц: сфæлдыстад райдайы дис кæнынæй. Дис кæнынæн хъæуы курдиат – зæрдæйы хъустæ, зæрдæйы цæстытæ æмæ хъуыдыкæнынад. Æнæ уыдон поэт нæй æмæ нæ уыдзæн. Уыцы æууæлтæй нардуатæй хайджын уыдысты нæ фыдæлтæ – æрдзы хъæбултæ. Уыдон хъуыстой стъалыты сусæг ныхас, уыдтой мæлдзыджы тугдадзинты цавд. Дис кодтой хуры скастыл æмæ саджы фидауцыл, хъуыдытыл сæ æф-тыдта бæласы цард...»[1]. Уыдонимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уыд йæхæдæг дæр: Хуыцауы цæст курдиат кæмæн бауарза, уымæн зонд нæ бахæлæг кæндзæн. Секъа загъта: «Халон, дам, уæрцц нæ ахсы»[2]. Уый – халон. Шамилæн цæргæс ахсын дæр æнцонæй æфтыд йæ къухы.

Джыккайты Шамил истори æмæ абоны бон кæй иу кодта, иу зæрдæ сæм кæй дардта, уыцы хъуыддаг уæлдай ирддæрæй разынд йæ монолог «Дауыт Сосланы хъынцъым»-ы, йæ кадджытæ «Мад», «Нывгæнæджы мæлæт», «Намыс», «Иры стыр хъарæг», пьесæтæ «Хъодыгонд зæд», «Цомахъ», «Санаты Сем» æмæ бирæ, бирæ æндæр æмæ æндæр диссагæндзуринаг алыхуызон æмæ алы жанрты фыст уацмысты.

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Рагон ирон цард æмæ адæмы зондахаст. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 260 ф.

[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 302 ф.

Æ В Д Æ М  С Æ Р

## ПРОЗÆЙЫ ТЫГЪД БАЗЫРТЫЛ

Карцкæрдæг сынк акæнынмæ дæр æнæмæнг сарæхсдзæн. Æмæ ирон дзырдаивады дæснытæ литературæйы кæцыфæнды жанрмæ сæхи куыд феппарынц, стæй дзы бирæтæн хорз бынтæ смæрзын куыд бантысы, уый сæрмагонд хъусæрдарыны аккаг у. Уыцы бын нын суанг нæ номдзыд классиктæ Къоста, Секъа, Цомахъ æмæ бирæ æндæртæй баззад. Бирæтæ нæм куыстой æмæ уæхскуæзæй кусынц литературæйы алы жанрты, суанг – литературæзонады дæр. Уыцы «низæй» йæхи бахъахъхъæнын йæ бон нæ бацис Джыккайты Шамилæн дæр. Æмæ – табу Хуыцауæн. Литературæйы алы жанры дæр нын, кæд сæйраджы-сæйраг поэт уыд, уæддæр скодта бынтæ. «Стихи Шамиля остры как меч, который «закалял он сам», но как показала жизнь, кроме врагов да горькой славы они не принесли автору никаких дивидендов»[1]. Æмæ уыцы хъуыды хауы æмткæй йæ литературон бынтæм.

Фыссæг æмæ йе сфæлдыстады тыххæй ныхасгæнгæйæ, литературæиртасæг Гуæздæрты Азæ уымæн загъта: «Многогранный талант ищет различные способы для полного выражения своей сути, своего неповторимого характера и образа мышления. Кроме того, творческая натура всегда стремится к глубокому постижению природы вещей, к исследованию причин возникновения того или иного явления действительности. Достижению этой высокой цели – творческого познания жизни особые возможности создает проза, которая способствует глубокому проникновению в мир чувств, мыслей и идеалов человека, основного *предмета* художественного отражения»[2]. Сæрмагондæй нæ фыссæджы тыххæй та зæгъы: «Шамиль Джи-каев в прозе стал обращаться уже в ранний период своего творчества. Он писал лиричес-кие миниатюры, пейзажные за-

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и, К а з и т ы М е л и т о н, Б у л к а т ы И г о р ь. Убит поэт Шамиль Джиккайты / Литературная Газета, 2011. – 1–7 июнь.

[2] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 183 ф.

рисовки, своеобразные литературные легенды»[1]. Ӕмæ цахæмфæнды куы уыдаиккой, дзырд сæ цæуылфæнды куы цыдаид, уæддæр æвдыстой сæ авторы удыхъæд, æргом ын кодтой йæ бирæ алыхуызон дзуринæгты иу хай. Ирон чиныгкæсæг сыл фæстæдæр йæ цæст иууыл тынгдæр æрæвæрдта, хицæн чиныгæй сæ, – «Арт æмæ æртхутæг»[2], – мыхуыры куы федта, уæд.

Автор йе ´мбырдгондмæ бахаста алы азты фыст 97 прозæйон аив уацмысы: новеллæтæ, радзырдтæ, памфлеттæ, очерктæ, фельетонтæ æмæ сæ нывæфтыдон афыст, стæй сæ хъуыдымæ гæсгæ фæхицæнтæ кодта ахæм сæртыл: «Намыс», «Цардфæлварæн» «Ӕфсиртæ» æмæ «Зонды чыргъæд».

Фыссæг йæ прозæйон æмбырдгонд хайгай хуымætæджы нæ равæрдта. Сбарста сын сæ рафæлдысты манерæ, дзырд сæ цæуыл цæуы æмæ, æгæрыстæмæй, куыд цæуы, уыдæттæ дæр. Уый охыл сын радта ахæм сæргæндтæ. Хозиты Барис æнæбындурæй нæ зæгъы, ома, сæ: «...хорз зыны цытджын прозаикон æрмдзæф куыд рæзы, прозæйы жанры æмбарынад æм куыд райхъал, уый. Прозæйы ахорæнтæн ис æндæр ахаст, æндæр сагъæсы уаг, æндæр рæнхъæвæрд, мидис, ныхасыздæхт æмæ фæлгонцад (сурæтамад). Шамилы радзырдтæй иутæ хæстæгдæр сты новеллæмæ, иннæтæ – очеркмæ. Ӕнцон ссарæн дзы у хи æрмдзæф агурыны, хи фæлтæрæнты фæд. Афтæ зæгъæн дæр ис, æмæ фыццаг хайы («Намыс») автор фыхæй бахордта йæ прозаикон хойраг; дыккаджы («Цардфæлварæн»-ы) – публицисты къæбæр; æртыккаджы («Ӕфсиртæ») – фоклористы удыхъæд; цыппæрæмы («Зонды чыргъæд») – ахуыргонды зондахаст»[3].

Фæлæ сæ алкæмæ не ´рхаудта афоныл рухс фенынн амонд. «Иутæ дзы йæ рæстæджы мыхуыргонд не ´рцыдысты, цензортæ æгæр «цырддзаст» уæвыныл кæй архайдтой, уый тыххæй»[4], – Шамилы аив дзырдæн табугæнгæйæ,

---

[1] У ы й д æ р у ы м.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – 2007. – 367 ф.

[3] Х о з и т ы Б а р и с. Лæгæн йæ намыс у йæ мæт / Рæстдзинад, 2010. – 25 февраль.

[4] А б а й т ы А р б и л я н æ. Фыссæг æмæ поэты ныстуантæ / Рæстдзинад, 2007. – 21 сентябрь.

зæгъы Абайты Арбилянæ. Æмæ йæхи номæй чиныджы автор æмæ уацмыстæн рухс чи фенын кодта, уыцы рауагъдад «Ир»-æн газеты бузныг кæй зæгъы, уый дæр куынæ у цымыдисон, фæлæ Абиан фыссæджы прозæйæн сæйраджы рафæлгъуыдта йæ аивадон авнæлд – фыссæджы дæсныйадыл дзурæг æууæл: зæрдæйыл царды прозæ никуы фæуæлахиз уыдзæн. Феодализм уа, бюрократон социализм кæнæ олигархон капитализм – сæ фæлварæнтæ æдых сты уды сæрибарыл тохгæнæг зæрдæйы раз. Поэзи та у уды сæрибармæ бæллын»[1].

Æмæ Джыккайы-фырты прозæйы чиныгкæсæджы цæстæнгас йæхимæ здахы уыцы бæллиц, йæ поэзи, йæ драматургийы куыд у, афтæ дзы стыр бынат лæвæрд цæуы «уды сæрибары» сæрыл тохæн.

Чиныг цы радзырдæй райдайы, – «Цопаны чындз», – уый иу фæкастæй кæд фыццаг адæймаджы хъуыдыйы драматургион, сценæйон афыст фестъæлфын кæны, уæддæр уацмысы хъазгæ-æмхасæнты разыны царды нын иуыл зынаргъдæр чи у, нæ царды аргъæй дæр нæ цы уды сæрибар фæхъæуы, уыцы æвæджиаг æнкъарæн. Уыимæ уынæм царды æгъатырдзинад: хæстонæн нывонд галæн давды рæстæджы туджы куы «æвдылы галы урс дзых, йæ рæсугъд былтæ. Йæ фарсæ бады Цопан. Йæ сæр æрхауд йæ уæрджытыл. Зæхмæ кæсы æмæ кæуы. Бады, змæлгæ нæ кæны, цыма уыцы хуызы цавддур фестади, уый хуызæн. Галы фæстæ хуыссы давæг. Лæпputæ йæм кæсынц. Мæнæ Хъауырбег! Æрысгæрстой йæ, цæф у, фæлæ – удмидæг, хъæрзы, йæ туджы мæцы.

Лæппутæ хæссæгау æрхастой Цопаны. Бæстытæй æркодтой Хъауырбеджы».[2]

Фæлæ царды æрцыд ноджы стырдæр фыд: «Кæрты йæ уæрджытæ хойы Фæрнион.

– Ацыд... Ацыд нæ чындз... Ныууагъта нæ иунæгæй...

– Цæфæй нæ мæлыс, уый та дын – рæхуыст, – саст хъæлæсæй уæрмæй дзурæгау, сдзырдта зæронд лæг. Бадзой-дзой кодта æмæ адæргæй йæхи æруагъта асины дуртыл. – Хæдзархæлд фæдæн, æндæр ницы»[3].

---

[1] А б а й т ы А р б и л я н æ. Фыссæг æмæ поэты ныстуантæ / Рæстдзинад, 2007. – 21 сентябрь.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 18 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 18 ф.

Цопан ӕрмӕст зӕхмӕ кӕй кӕсы, ӕрмӕст сау сыджыт кӕй уыны, уый хуымӕтӕджы нӕу, иу хатт-ма йӕ зӕгъӕм, Санаты Сем зӕххы кӕрон дон ӕмӕ уырысы кӕй уыдта, ӕндӕр кӕрон ын кӕй нӕ зыдта, уыйау.

Сылгоймаджы номимӕ кӕй у баст фидӕны цард, уый Шамилы фидарӕй уырныдта. Ӕрмӕст, царддӕттӕг кӕй у, уый тыххӕй, мыййаг, нӕ. Йӕ ныхас ӕргом уыд: «...женщины наши оказались более жизне-стойкими в сегоднящних сложных условиях, сумели сохранить в себе, наперекор всему, нравственное здоровье и веру в вечные ценности – что далеко не всегда можно сказать о мужчинах...»[1].

Уыцы хъуыды цардӕй кӕй иста, йӕ рӕстдзинадӕн йӕхӕдӕг кӕй уыдис ӕвдисӕн, ныхъхъуыдыгондӕй йӕ уымӕн лӕвӕрдта адӕмӕн ӕмӕ йӕ фӕд ныууагъта фыссӕджы сфӕлдыстады – нӕ царды ахсджиаг хъуыддӕгтӕ баст сты сылгоймаджы фарстимӕ, ома, царды сӕрыл тохимӕ. Хозиты Барис уымӕн зӕгъы: «Шамилы зырнӕйзылд уацмыстӕ кӕсгӕйӕ адӕймаджы цымыдис бахауы, рухс ӕмӕ аууон, арт ӕмӕ дон, ӕрвнӕрд ӕмӕ сабырады ӕхсӕн цы ӕнусон тох цӕуы, уымӕн йӕ цӕхӕры»[2], – афтӕмӕй фыссӕджы вазыгджын сфӕлдыстадӕй царды рӕстдзинад фенӕм йӕ прозӕйы дӕр.

Уыимӕ Шамил кӕддӕриддӕр тырныдта, цӕмӕй йӕ уацмысты ӕвзаг, адӕмон сфӕлдыстадау, уыдаид ӕнцонӕмбарӕн, хӕдхуыз ӕмӕ нывӕфтыд. Ӕмӕ уыцы хъуыддаг, нӕ бон у, зӕгъӕм – ӕфтыд йӕ къухы, уый зын хъуыддаг у, афтӕмӕй: «Бады Мӕхӕмӕт. Фӕлмӕн къӕлӕтджын – дур бадӕн. Йӕ быны – бӕмбӕг, бӕмбӕджы – сындзытӕ. Уӕддӕр бадын лӕууынӕй ӕнцондӕр у. Бады, хъуыды кӕны. Гъай цавӕр бынат у! – нӕй дзы тамако дымӕн, нӕй дзы чъиу ӕуууилӕн. Анекдотты чиныг куы уаид, уӕд бӕргӕ. Ӕниу уый дӕр тӕссаг ӕмӕ фыдбылыз у. Ӕмӕ мысы йӕ цард, агуры дзы ӕхцон цаутӕ. Ахӕмтӕ дзы куыннӕ уыд. Фӕлӕ диссаг! Хъуыдӕджы нӕ лӕууынц, нӕ фӕстиат кӕнынц. Ӕрттиваг хъӕндилтау ферттивынц ӕмӕ уайтагъд ӕрбатар вӕййынц. Уыйхыгъд ӕндӕр нывтӕ

[1] Д ж и к а е в Ш а м и л ь. Будет грустно, если только одни поэты останутся романтиками / Северная Осетия, 2000. – 26 февраль

[2] Х о з и т ы Б а р и с. Лӕгӕн йӕ намыс у йӕ мӕт / Рӕстдзинад, 2010. – 25 февраль.

йæ разы къæдзæхау лæууынц. Нæй ахизæн нæдæр сæ фæрсты, нæдæр – сæ сæрты. Кæддæр, абоны хуызæн, бадт æнхъæлмæкæсæн залы. Уæд ацы кабинеты уыдис партком. Мæхæмæт цыди партимæ. Хъуыдис æй сырх билет – цыкурайы фæрдыг. Уый алæмæт уыд. Æрттиваг, Сосланы карды фистоныл цы хъуымбылæг уыд, уыйау, æмæ æхсæв дæр рухс кодта лæджы фæндаг. Иугæр ыл фæхæст дæ, уæд дæ хъуыддаг – раст, дæ рæдыд – барст, цæр æмæ хæр. Дæ къæбиц – Сатанайы къæбиц, цасфæнды дзы хъау, æфтдзæн ыл æвæлмон бæркад. Цыкурайы фæрдыг лæгæн арвмæ æвæрдта сыгъзæрин асин. Хæрдмæ цу, схиз Æрфæны фæдмæ, ахс дæхицæн стъалытæ, æруидз сæ налхъуыт фæрдгуытау, æрхæсс сæ дæ хæдзармæ»[1], – тæлфыд æдзух хъуыдыйы.

Цæвиттонæн ам фыссæджы радзырд «Зын у цæрын»-æй æрхастам иу абзац, фæлæ дзы æрмæст æвзаджы рæсугъддзинад, стæй æндæр аивтæ нæ уынæм. Уый фæрцы нæ цæсты раз рæзынц уацмыс æмæ йæ хъайтар иумæ. Уынæм ын, йæ характер куыд уæрæхæй-уæрæхдæр кæны, уый. Æрмæст дуджы комулæфт дзы нæ хатæм, фæлæ дзы лæмбынæг кæсгæйæ зыны, уацмыс кæцырдæм æнцайдзæнис, уый дæр.

Цæвиттон сæрмагондæй æвзæрст нæу, фæлæ дзы цахæм ног дзырд рагæпп кодта – «хъуыдæг», ома, хъуыды кæм хъуамæ лæууа, бахъуаджы рæстæджы йæ кæцæй ис сисæн, уыцы бынат. Чи зоны, къуымон дзырд у, чи зоны, уый йæ не ´рымысыд, фæлæ рафидыдта йæ бынаты, кæд «хъ» зæл хурхы сæртæ фæхæссы, уæддæр. Ног, нысаниуæг кæмæн ис, чиныгкæсæг йæ кондмæ гæсгæ мидбылхудгæ кæуыл æмбæлы, сæрбæрзондæй кæй фæндараст кæны, уый уацмысы уæддæр уд æмæ дзæцц у. Тыбылты Алыксандр уымæн дзырдта: «Литературный язык – признак культурой зрелости всякого народа»[2]. Æмæ махæн нæ литературон æвзаг цæмæннæ хъуамæ уа нæ адæмы удыхъæды рæзтыл дзурæг, дзырд дзы цыфæнды зæрдæагайæг фарстыл куы цæуа, уæддæр. Адæймаджы хъусдард уымæн здахынц сæхимæ.

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу. 2007. – 239 ф.
[2] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 28 ф.

Уыцы нымад уацмыстæм хауы «Ирон чызджы мæлæт». Радзырды дзырд цæуы, 1830-æм азы Уæрæсейы паддзахад Ирыстоны, ома, «æгоммæгæс», сæрибаруарз, сæрыстыр æмæ æнæбасæттон адæмы нæ фыдбоны сыхæгты халæн, хъæстæ æвзагæй ныддæрæн кæнынмæ куы æрæвнæлдтой, дур нæ дурыл куынæ уал хъуамæ ныууагътаиккой æмæ куынæ уал уагътой, уæды æгъатыр цаутыл. Уæд нæ фыдбоны сыхæгты æрвылбонон ардауæнтæ æмæ хæстон æххуысæй фидарæй æрæвнæлдтой сæ хъæддаг фæнд сæххæст кæнынмæ: «Отряд, назначенный для усмирения осетин, под главным начальством свиты его императорского величества генерал-майора Ренненкампфа, 19 июня в 10 часов утра, по осмотре одного г. Тифлисским военным губернатором, генерал-адъютантом Стрекаловым, оставил сборное свое место – селение Цхинвал и в стройном порядке двинулся в Джавское ущелье»[1].

Радзырд фыст у уырыссаг афицеры фыстæджы хуызы, фæлæ дзы æддаг бакастæй сæйраджы зыны уæдыккон ирон чызджы хъысмæт, æмæ йæ адæймаг куы кæсы, уæд, дзырд кæд лирикон хъайтары номæй цæуы, уæддæр уацмысы мидтохмæ чиныгкæсæджы зæрдæйы тæдзынц тугтæ: «Мæ зарæг – мæ марæг»[2]. Уыцы тохæй нын зындгонд сты уырыссаг æфсады афицеры фыстæджытæ. Шамилмæ дæр уынæм уырыссаг афицеры «фыстæг»: «Æз дæм фыстон, Чеселтгом куы байстам, уæд. Фыстон, зæгъгæ, уырыссаг хотых кæрон кæны хъæддаг сæрибар æмæ тыхмитæн, æвæры æмæ фидар кæны паддзахы закъон. Сæттын ыл ныр: рæдыдтæн. Мах туг калæм æлдæртты сæраппонд. Уыдон нын куывдтæ кæнынц, фæлæ нын дæттынц хъæстæ нуазæнтæ. Цæмæн бакодта Ерыстау Бадджыны æвирхъау фыдракæнд? Фæтарст фидыдæй. Хæст къахта, цæмæй йын цагъартæ скæнæм Чысаны ирæй, йæ арм ын æрæвæрæм Урстуалты зæххыл. Цы агуырдта, уый ссардта. Йæ уд дæлимонты амæттаг уæд!..

Æз тæнзæрдæ нæ дæн. Фæлæ мæ нæ рох кæны уыцы чызг. Мæ цæстытыл уайы йæ сурæт, æнцой мæ нæ уадзы

---

[1] А н о н и м н ы й а в т о р. Письма из Осетии // К о л л е к т и в а в т о р о в. Периодическая печать Кавказа об Осетии и осетинах в 3 т. Т. 1. – Владикавказ, 2014. – 35 ф.

[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 96 ф.

йæ хъысмæт. Ныр æмбисбон у. Банцад тæдзынæг. Фæлæ мæ зæрдæйы тугтæ мæ хуылфмæ тæдзынц. Къæйыл цы дидинæг ныппырх, уый сырх зынгæй судзы мæ риуы. Хуыссын нæ комы нæдæр цæссыгæй, нæдæр фæсмонæй.

Рацыдтæн агъуыстæй. Иу дæлбазыр лæууынц мæ фысымтæ. Хатæны мæ уæлхъус лæууыдысты рухсцæсгомæй, ныр сæм бакæс – хæкъуырццæй кæуынц»[1]. Æмæ ирон æгъдæуттæм гæсгæ базонæм, хохæгтæ йæ уæлхъус цæмæн лæууыдысты «рухсцæстæй», уый дæр, сæ масты хай сæхицæн цæмæн кодтой хицæнæй, уый дæр. Хъæддаг кæй хуыдтой, уыцы ирæттæ сæ маст дæр никуы æвæрдтой искæй рагъыл, æнæхъуаджы дæр никæй æфхæрдтой æмæ уыдæттæ æнæ уæлдай радзур-бадзур уынæм радзырды. Авторы бон æй бавæййы мидрадзырды фæрцы нымад дзырдтæй сныв кæнын, кæд уыцы хъуыддаг æнцон нæу аивады хуызы равдисын, уæддæр. Уымæн æмæ йæ автор æнæ уæлдай афыстытæ, сыгъдæгæй æвдисы. Сыгъдæг зарæг та, Хъороты Дауыты загъдау: «...зæрдæйы уидæгтæм хъары»[2], – Шамилы аив дзырд æмбаргæ чиныгкæсæджы зæрдæйы рæбынтæ уымæн æгъатырæй цæвы. Змæлын æй кæны.

Уыцы хъуыддаг тынг зын у, фæлæ Шамил алы хатт дæр æмбылдта, авторы зæрдæйы уарзт-иу йæ бон йæ æвæрддзæг хъæйтарты зæрдæтæм рахизын кæнын кæй бацыдис, сæ хъысмæт-иу сын сæ радтæг, уарзон Ирыстонимæ сбæдтынмæ кæй сарæхст, уый фæрцы[3]. Фыссæджы зæрдæйы нæ Фыдыбæстæмæ цы æгæрон уарзт гуылф-гуылф кодта, уый бæрæг у йæ бирæ æрдхæрæн нывæфтыд уацмыстæй. Нæ ныхасæн æвдисæн – алы литераторы зæрдыл дæр æвиппайды чи æрбалæууы, уыцы аив, бирæ цæмæйдæрты нæ бон æппæлын кæмæй у, уыцы «ДЫУУАДÆС ДЗЫРДЫ»:

*Ирон Дзырдтæ мын хуртæ сты... Уæддæр*
*Дыууадæс дзырды – се ´ппæтæй хуыздæр.*

*Лæууы сæ сæрмæ фарны дзырдтæн ЦАРД,*
*Йæ фидауц уымæн – арвы стъæлфæн – АРТ.*

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 218 .
[2] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Æвзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 1988. – 182 ф.
[3] Х у ы г а т ы У. Уарзт æмæ фыдæх / Рæстдзинад, 1966. – 14 сентябрь.

*Нæртон дзырдтæн сæ фæлмæндæр у МАД,*
*Цæуы йæ армæй адæмыл БÆРКАД.*

*Нæ дзыллæйæн йæ рухсдæр бæллиц – ФАРН,*
*Уæздан лæгæн йæ уаздæр цин – ÆФСАРМ.*

*Сыгъдæг удæн йæ мæты сæр – ХÆЛАР,*
*Ыскæны мах Хуыцауы ‘мсæр ÆХСАР.*

*Лæджы нысан – СÆРИБАР æмæ КАД.*
*Сæ сæрвæлтау хъæуы хæцынæн КАРД.*

*Æппæт хæрзтæн ИРЫСТОН у бындур, –*
*Æнæ уый мæн нæ тавдзæни сæ хур*[1]*.*

Уый æцæгæй афтæ кæй уыдис, уый тыххæй фыссæджы прозæйæ дæр нæ бон у хæссæм æмæ хæссæм цæвиттонтæ. Уымæн æмæ, Шамил цыдæриддæр дзырдта литературæйы кæцыфæнды жанры, иууылдæр цыдысты йæ уарзæгой зæрдæйæ, бæстон-иу сыл ныхъхъуыды кодта, афтæмæй. Прозæйы жанрмæ дæр йæ рахызт уыдис афтæ. Хозиты Барис зæгъы: «Поэзийæ прозæмæ рахизын æнцон хъуыддаг нæу. Паустовскийы загъдау, тынг тæссаг у, дæ ногдзау бæлæгъ искæйы прозæйы стыр науы уылæны бын куы фæуа, уымæй. Шамилы прозæйы науæн денджызы тыгъдады фесæфынæй тас нæу. Уымæн æмæ ленк кæнынмæ йæхи рагæй цæттæ кодта. Йæ лирикон хъайтартæ дæр «денджызы был» схъомыл сты, æмæ сын уымæ гæсгæ зæрдæсастæй тæссаг нæу. Алчи дæр дзы радта цард æмæ хъысмæты фæлварæнтæ. Æмæ æрмæстдæр уый фæстæ загътой кæрæдзийæн (автор – хъайтар) фæндараст. Фыссæг баззад былгæроны, фæндагамонæн цырагъы бынмæ, архайджытæ – науы мидæг, денджызы хъæбысы»[2].

Автор йæ хъайтарты афтæ бæстæтты куы фæцæттæ кæны балцмæ, сæ фæндаг-амонæн цырагъы рухсыл фидарæй куы фæхæцы, уæд æрмæст йæхæдæг нæ вæййы

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 60 ф.

[2] Х о з и т ы Б а р и с. Лæгæн йæ намыс у йæ мæт / Рæстдзинад, 2010. – 25 февраль

зæрдæфидар, фæлæ йæ бæлццæттæ дæр нæ фæцудынц сæ фæндагæй. Ноджы сыл феууæндынц, чи сæ фенынц, уыцы адæм дæр. Джыккайты Шамилы прозæйыл чиныгкæсæг йæ зæрдæ уымæн никуы ивы. Стæй зæрдæивын нæ, фæлæ сæ сыгъдæг зæрдæйы уаг, Ирыстонмæ сæ сыгъдæг уарзт æмæ удæй æнæхæлд, цæвиттойнаг кæй сты, уый тыххæй сæ скъæфы зæрдæ. Уый у, автор йæ æвæрццæг хъайтарты сыгъдæг зæрдæйæ фаг кæй схайджын кодта, йæ романтикон поэзийы зæрдæуаг сын кæй нæ бавгъау кодта, уый фæрцы Тыбылты Алыксандр загъта: «...сыгъдæг зарæг зæрдæйы уидæгтæм хъары»[1]. Æмæ Джыккайы-фырты прозæ агайы чиныгкæсæджы зæрдæйы уидæгтæ.

Фыссæг ирон таурæгъгæнæг Наниты Андойы куырыхон хъуыдыйыл æнæнхъæлæджы нæ фæцин кодта:

«Фæрсынц æй:

– Цы у лæджы нысан?

– Хорз фырт схъомыл кæнын, – загъта куырыхон зæронд»[2].

Æцæг фыссæджы хæс у Фыдыбæстæйæн хорз кæстæр схъомыл кæнын. Шамил æй тынг хорз зыдта. Стæй йæ æрмæст зонгæ нæ кодта. Хорз ирон схъомыл кæнын царды дæр, аивады дæр йæхицæн хæсыл нымадта. Æмæ йæ хæс æххæст кодта кæддæриддæр. Абон æй цæсгомджынæй æххæст кæны йæ прозæйæ дæр, чи йæ кæсы, уый зæрдæйы фыссæг тауы æвæджиаг рæсугъддзинады тауинаг. Уый уыдис йе ʻнусон бæллиц æмæ йæ цæмæн хъуамæ æмбæхстаид. Тынг хорз зыдта, цас æй фылдæр фæзмджытæ уа, уыйбæрц Ирыстоны бæллиццаг фидæн тагъддæр æрцæудзæнис.

Куы йæ бафарстæуыд, царды цахæм хæрзтæм бæллы, уымæй, уæд йæ дзуапп уыдис: «Цавæр хæрзтæм бæллын? Бирæ хæрзтæм. Хæрзтæй фаг æмæ æфсис нæй. Мæн хъæуы стыр курдиат, нæртон хъару, куырыхон зонд. Æз бæллын сæрибармæ. Фæлæ ис дыууæ хорзы, сæйрагдæр чи у, ахæмтæ: Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарн... Æз цæрын Ирыстоны, ирон æхсæнады. Уыдон уавæрæй рæзынц мæ уавæр, мæ цард, мæ амонд. Кæс-ма, мæ бæллицты зыны эгоизм дæр. Фæлæ уый æцæг демократтæ хуыдтой

[1] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Æвзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 1988. – 182 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 362 ф.

«разумный эгоизм». Уый адæймаджы разæнгард кæны хорз хъуыддæгтæм»[1]. Æмæ йын цыдæриддæр æнтыст, – æнтысгæ та йын, куыд уынæм, афтæмæй бирæ кодта йе ′нувыд фæллойы фæрцы, – уыдон се ‘ппæт дæр уыдысты уыцы хорз хъуыддæгтыл баст. Стæй сæ æрмæст аразгæ нæ кодта, фæлæ фарны хъуыддæгтыл æфтыдта йæ ахуырдзау фæсивæды, йæ алыварс цы адæм лæууыд, уыдон æмæ йæ бирæ æнувыд чиныгкæсджыты. Уымæн æмæ йын æуууæндыдысты йæ рæстаг дзырд, йæ адæймагадон хъуыддæгтæ æмæ фыдцарды йæ равзаргæ фарны фæндагыл. Историон зонæдты доктор, профессор Мæхæмæтты Ахуырбег æмæ филологон зонæдты кандидат, ЦИПУйы доцент Хозиты Барис зæгъынц: «Личность Шамиля Джикаева в истории осетинской литературы – уникальное явление: поэт, прозаик, драматург, критик, публицист, переводчик, литературовед, общественный деятель. К этому стоит добавить и прекрасные человеческие качества – честность, порядочность, благородство, совестливость, величественную красоту, не только внешнюю, но и красоту сердца и души.

Ценитель и хранитель, страстный пропагандист родного языка и культуры в поэзии, в жизнии, в педагогическом слове, в научных изысканиях и общественной деятельности – во всех этих ипостасях Ш. Ф. Джикаев оставался на высоте своего таланта и призвания. Присущая ему как ученному, педагогу, поэту, человеку личности энергетика позитивных цепей была направлена на защиту традиционных ценностей, на приращение духовности и гуманизма современного общества»[2]. Шамилæн йæ бакаст, йæ дзыхыдзырд, йæ хъуыддæгтæ не ‘мбаргæ ирон адæмæн Хуыцауы арфæйау уыдысты. Алхатт дæр сæм кастысты æнхъæлмæ.

Уыдæттæ алкæй дæр фæфæндынц, фæлæ Хуыцауы радтгæ вæййынц. Шамилæн сæ бауарзта йæ цæст. Нæ зæрдæтæн дзы алцы дæр æхцон уымæн у.

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æз бæллын Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарнмæ / Рæстдзинад, 2007. – 31 май.

[2] М а г о м е т о в А х у р б е к, Х о з и е в Б о р и с. Поэт, мыслитель, гуманист / Номарæн газет, 2011. – № 1. – 4 июль.

Гæдиаты Секъа дзырдта: «...рæсугъд уындæй адæймаджы зæрдæ рухс кæны[1]. Шамилæн йе 'ппæт сфæлдыстадау, йæ прозæ уымæн рæвдауы чиныгкæсæджы зæрдæ.

Аивадон уацмыс куы бакæсай æмæ дæ, гъе, удæй куыннæ фæхъæздыгдæр кæна, гъе – зондæй, уæд, нæ бон у, зæгъæм æргомæй: Хуыцауы æнæхъуаджы фесæфтай дæ рæстæг. Аивадæн йæ ном йæ уæлæ ис – адæймаджы рæсугъд кæны. Æмæ Шамилы прозæ ахæм кæй у, йæ тыгъд базыртыл чиныгкæсджыты нывæфтыд дунемæ кæй фæхæссы, цымыдисон æй уый кæны.

---

[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 143 ф.

Æ С Т Æ М  С Æ Р

## НЫВÆФТЫД ДЗЫРДЫ СÆРВÆЛТАУ ÆГЪАТЫР ТОХ РÆСТДЗИНАДЫЛ

Зонады тыххæй цæрын Къоста нымадта куывдон хæсыл[1], – æмæ уæд аивадæн хи нывонд кæнын та Уæлладжыратгæ хæс у. Нæ фидæн, нæ дзырдаивадыл хъуыдыгæнгæйæ, Джыккайты Шамил уымæн дзырдта: «Уæлдай æдæрсгæ нæ литературон бынтæм кæсын хъæуы мах – ирон адæмы, ирон фысджыты»[2]. Æмæ йын уыдон бонаддæдæры дзырдтæ нæ уыдысты. Йæхæдæг ахæм уыд. Удæй дæр. Хъуыдыйæ дæр. Зæрдæйæ дæр. Уый ирон дзырдаивадæй цы фарст не ‘ндæвта, йæ хъус цæмæ нæ дардта, ахæм дзы нæй. Йæ цæстæнгас дардыл уымæн уыд: «Элладæйы антикон рæстæджы уыд æнæнымæц мидхæстытæ, дæс азы цыдис Илионы (Троя) хæст, сæдæгай азты персайнаг хæстытæ, уый фæстæ Мачъидон Алыксаны стæртæ. уыцы лæгæвзарæн хъуыддæгтæ уыдысты бæркадджын æрмæг эпосæн, кадджытæн, трагедитæн. Æмæ сын разынд сæ аккаг поэттæ – Гомер æмæ Эсхил, Родосаг Аполлони, Плутарх æмæ æндæртæ. Ахуыргæндтæ цыдысты балцы, зылдысты бæстæтыл æмæ адæмтыл, уыдтой сын сæ цард æмæ се ‘гъдæуттæ, сæхи ифтонг кодтой зонындзинæдтæй, – афтæмæй фæзындысты историктæ: Геродот æмæ Фукидид, Ксенофонт æмæ Диодор. Стыр цаутæ æмæ стыр хъуыддæгтыл уынаффæтæ æмæ тæрхæттæ кодтой куырыхон лæгтæ, стыр быцæуты æвзæрстой æмæ агуырдтой рæстдзинад, – афтæмæй рæзтысты стыр философтæ: Сократ æмæ Платон, Аристотель æмæ Демокрит. Уыцы хуызы рæзыдысты нывгæнджытæ æмæ скульпторты, музыканттæ æмæ архитектортæ дæр. Дардыл уыдысты сæ афæлгæсæнтæ æмæ уæрæх уыд сæ зондахаст; егъау уыд сæ дуне, æмæ рухс уыд сæ удыхъæд; ныфсджын уыдысты сæ историйæ, сæ адæмы сгуыхт хъуыддæгтæй æмæ бæрзонд æмæ уæздан уыдысты сæ хъуыдытæ. Цыбыр

[1] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 3. – М., 1960. – 220 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Лирикон поэзийы поэтикæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 5 ф.

ныхасæй, курдиат рæзынæн уыд иттæг хорз фадæттæ»[1]. Æмæ йæ уыцы ныхас рагадæмы кад бæрзонд исын, хи æмрæстæгонты ныгæнынæн нæ хъуыд. Йæ дзырды сæр, адæймаг йæ рæстæг, йæ дуджы цаутæй кæй хъуамæ пайда кæна, сæр куы бахъæуа, уæд карды комыл кафынмæ дæр кæй хъуамæ фæцарæхса, йæ хъуыдыйы ахæм фæнд хъал кодта æмæ йын уый лæвæрдта ныфс.

Цæмæй ирон дзырды фарн ногæй йæ гаччы æрбада, йæ зæлланггæнаг хъæлæсмæ арв къæс-къæс кæна, хъусæджы ма фæнда, фæиппæрд дзы уа, уый тыххæй Шамил йæхиуыл куыстæй никуы ауæрста. Йæ уыцы хъуыдыйыл чи лæууыдысты, уыдон хъуыддæгтыл, сæ дзырды фарныл фæлдыста зæрдæзæгъгæ уацтæ, монографитæ, ахуыргæнæн чингуытæ, æвæллайгæ æмæ алыварсонæй хъомыл кодта кæстæрты. Цæмæй та нæ абон, стæй нæ фидæн ма уыдаиккой кæуинаг, фæлæ цæуæм адæмы æмрæнхъ.

Йæ зонадон фæндаджы тыххæй Хозиты Барис афтæ зæгъы: «Ирзонынады патриарх ын йæ авторефератимæ куы базонгæ, уæд æм цы сæрмагонд фыстæг сæрвыста, уым скодта ахæм хатдзæг: «Дæ темæ у хъæугæ æмæ цымыдисаг. Дæ куыст у хорз нывæст æмæ йæм бацыд æппæты хъæугæдæр æрмæг. Дызæрдыг нæ кæнын, æнтыстджынæй хъахъхъæд кæй æрцыд, ууыл. Дæ диссертаци мыхуыргонд куы æрцæуид, уæд уый тынг фæндиаг уаид. Салæмттимæ Абайты Васо»[2].

Афтæмæй Шамилæн йæ фыццаг монографи «Фольклор æмæ ирон советон поэзи: 1917–1941»[3] нæ, фæлæ йæ бирæ зонадон-критикон уацтæ, ахуыргæнæн чингуытæ, монографитæ, йæ бацæттæгонд ирон литературæйы классикты уацмысты æмбырдгæндтæ цыма Васойы арфæмæ æнхъæлмæ кастысты – рухс уынын райдыдтой сæ кæрæдзийы фæдыл. Æрмæст ирон ахуырдзау фæсивæд æмæ ахуыргæндтæ нæ, фæлæ сыл ирон дзыллæ æнæхъæнæй æрæвæрдта сæ цæст. Федтой дзы, нæ нывæфтыд литературон критикæ цы бæлвырд æмæ цæстуарзон ныхас цух

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 4 ф.

[2] Х о з и т ы Б а р и с. Лæгæн йæ намыс у йæ мæт / Рæстдзинад, 1910. – 25 февраль.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Фольклор æмæ ирон советон поэзи: 1917 – 1941. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 160 ф.

уыдис, аив дзырд нывæфтыд цæмæй вæййы, аргъгæнæг аргъ кæмæн не скæндзæн, афтæмæй литературæ æнæ уый мæгуыр цæмæй вæййы æмæ йæхи цæмæ феууындзы, уыцы цæстæвæрæн хъуыддæгтæ. Куыстытæн æрмæст сæ нæмттæй дæр бæрæг у, фыссæг æмæ ахуыргонд куыд дардыл æвнæлдта, куыд арф æххæст аивады æвæрæнтæм: «Зæрдæйы æвзагæй»[1]; «Цардфæлварæн»[2]; ирон поэзийы къуыхцытæ æмæ дарддæры рæзты тыххæй «Нæ ныхасы сæр – поэзи»[3]; эссе æмæ зонадон уацты чиныг «Ныхасы фарн»; Коцойты Арсен, Брытъиаты Елбыздыхъо, Гæдиаты Цомахъ, Барахъты Гино æмæ Байаты Гаппойы лæмбынæг раиртæстгонд æмæ ныннывгонд портретты чиныг «Разагъды лæгтæ»[4]; «Поэт æмæ адæм»[5]; «Ирон литературæйы истори (1917–1956 азтæ)»[6]; «Æмдзæвгæ æмæ поэзи»[7]; «Ирон дзыр-даивад: поэтикæйы фарстытæ»[8]; монографи «Рагон ирон цард æмæ адæмы зондахаст: Миф. Фольклор. Æгъдау»[9]...

Дзæвгар сты. Фæлæ сæйраг сæ нымæц нæу. Сæ арф хъуыды, сæ аив афыстæй æлхæнынц адæймаджы зæрдæ. Сæ нысаниуæгæн та æмбал нæй. Шамилы кад ирон филологон зонынад æмæ адæмы цæсты æрвон уымæн у. Иу уацмыс ын чи бакæсы, уый фыссæг æмæ ахуыргонды сфæлдыстад æнæхъæнæй уымæн фæласы йемæ базонгæ кæнынмæ. Йе 'ргом, рæстаг дзырд, кæй ныхмæ-иу дзырдта, уыдон дæр уый охыл æлвæста йæхимæ. Æмæ куыннæ, кæд æмæ йæ хъуыды дзæнгæлтæ кодта: «Поэты цард хъизæмар у.

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1986. – 177–190 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цардфæлварæн // Мах дуг, 1986. – № 5. – 84–88 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Нæ ныхасы сæр поэзи // Мах дуг, 1988. – № 7. – 110–114 ф.

[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 389 ф.

[5] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Поэт æмæ адæм // Осетинская филология. – Владикавказ, 1999. – 17–36 ф.

[6] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори (1917–1956 азтæ). – Дзæуджыхъæу, 2003. – 464 ф.

[7] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æмдзæвгæ æмæ поэзи // Мах дуг, 2004. – № 12. – 96–105 ф.

[8] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон дзырдаивад: поэтикæйы фарстытæ // Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л, Г у æ з д æ р т ы А з æ, Д ж ы к к а й т ы З æ р и н æ. Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 196 ф.

[9] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Рагон ирон цард æмæ адæмы зондахаст: Миф. Фольклор. Æгъдау. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 264 ф.

Поэт рæстдзинады пехуымпар у, рæстдзинад æмæ хицауад (власть) антиподтæ сты, рухс æмæ талынгау иумæ нæ фидауынц, уымæ гæсгæ хицауад тырны рæстдзинад ныцъцъист кæнынмæ, фæрæзтыл нæ ауæрды, архайы æнæфсарм æмæ æгъатырæй. Хуыцау Адам æмæ Евæйæн ныббарстаид алцы дæр, фæлæ сын нæ ныххатыр кодта, зоныны фæткъуыйæ кæй сахостой, уый: нæ йæ хъуыд йæ сусæгдзинæдтæн æвдисæнтæ, нæ йæ хъуыд зонаг сфæлдисонтæ. Хуыцау æмæ хицауы нæ хъæуынц курдиатджын æмæ ахуыргонд, уыдон хъæуынц коммæгæс æмæ табугæнæг»[1], – амыдта нын, йæхæдæг цы тæрæнты фæци, уыдон, цæмæй йын йæ хал мах дæр ма ахæрæм.

Ноджы фæдзурæм: «Адæмæй басусæггонд цæмæн æрцыд Шамилы хуызæн сæрхъуызойы хъизæмары мардæй амарыны æцæг истори? Йæ аргæвдынмæ сæ сæртæй дуæрттæ чи кодтой, уыдон мидбылхудгæ цæмæн цоппай кæнынц уынгты?».

Се ʻруромын, кæй ныхмæ дзырдта, уыдонмæ хауы. Цæмæн сыл хъуамæ æрхæцой? Фæлæ махæн ам ныртæккæ сæйраг у, Джыккайы-фырт нывæфтыд литературæ æмæ литературон фарстытæм куыд каст æмæ сæ йæ бон куыд уыдис скъуыддзаг кæнын, уыдæттыл ныхас кæнын. Æмæ йын уыцы фарстытæ раст æмæ æппæтварсонæй лыг кæнын уыд Хуыцауæй лæвæрд. Уый-иу цы фыссæджы сфæлдыстадмæ æрæвнæлдта, ууыл цасфæнды ахуыргæндтæ æрæвæрдтаиккой сæ цæст, цасфæнды йæ фестыдтаиккой, уæддæр-иу ын Шамил афтæ ныккаст йæ цардмæ æмæ-иу федта, хуымæтæг адæймаджы цæст кæуыл нæ хæст кодта, йе сфæлдыстадон æвæрæнтæм-иу ын афтæ арф нывнæлдта æмæ-иу дзы чиныгкæсæджы къухты ныссагъта æнæвнæлд, æмбæхст хæзнатæ. Æмбисонд уымæн уыд.

Нæ фысджыты хуыздæртæй сæ иу, Брытъиаты Елбыздыхъойы цард æмæ сфæлдыстадыл Джыккайы-фырты размæ нæ литератортæ, стæй нæ зонадон кусджытæ раджы æрæвæрдтой сæ цæст. Йæхимæ сæ сайдта йæ хъуыдыйы арф æмæ дзырды нывæфтыд. Уыдис сын, цы дзы загътаиккой, уый æмæ йæ дзырдтой гуырахстджын уац-

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 207 ф.

ты: Тибилов А. – «Творчество Бритаева»[1], Гædиаты Цомахъ – «Бырытъиаты Елбыздыхъо»[2]; Ардасенты Хадзыбатыр – «Сæрибары зарæггæнæг»...[3]. Фыстой йыл монографитæ: Джусойты Нафи – «Елбиздико Бритаев. Жизнь и творчество;»[4] Дзаттиаты Г. Творчество Елбыздыко Бритаева в осетинской литературной критике»[5] æмæ афтæ дарддæр. Уацтæ нæ уыйбæрц дæр куы хъæуид. Фæлæ фыссæджы цард æмæ сфæлдыстадыл уыцы иртасæн куыстытæ нæ фæтæрсын кодтой Шамилы. Уымæн æмæ йын уыд йæхи дзуринæгтæ, æндæрты цæст кæуыл не схæцыд, чиныгкæсджытæн ног чи уыдысты.

Джыккайы-фырт нæ драматургийы бындурæвæрæджы уацмыстæ мыхуырмæ æрмæст дыууæ томæй нæ бацæттæ кодта[6], фæлæ ма сын ныффыста егъау, лæмбынæг, уыимæ – цымыдисон разныхас[7].

Фæлæ Шамил нæ разагъды фыссæджы сфæлдыстад афтæ арф айста йæ зæрдæмæ æмæ йæм, цы сарæзта, уый дæр фаг нæ фæкаст, æмбырдгонды фæлгæттæ йын йæ авналæнтæ кæй къуындæг кодтой, уый тыххæй æмæ йыл фæстæдæр сфæлдыста æнæхъæн зæрдæмæдзæугæ монографи «Сæрибары фидиуæг»[8], – зæгъгæ, ахæм номимæ. Æмæ уым йæ ахаст Елбыздыхъомæ раргом æххæстæй. Æнæнхъæлæджы нæ райдыдта, чиныгкæсæджы зæрдæ чи бакъуыры, чиныг бакæсынмæ, фæссæджы цард æмæ йæ сфæлдыстадмæ чи сразæнгард кæны, ахæм дзырдтæ æмæ хъуыдытæй. Уымæйдæр æм сæ дзырд ис сыгъдæг ирон æвзагыл, цæмæй, ирон худ чи дары, уымæ хуыздæр бахъарой: «Ирон культурæйы ахъаззагдæр æнтысты-

[1] Т и б и л о в А. Творчество Бритаева // Изв. СОНИИ. – Вып. 1. – 1925.

[2] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Брытъиаты Елбыздыхъо // Мах дуг, 1941. – № 5. – 3–18 ф.

[3] А р д а с е н т ы Х а д з ы б а т ы р. Сæрибары зарæггæнæг // Мах дуг, 1948. – № 8. 39–42 ф.

[4] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Елбиздико Бритаев. – Цхинвал, 1963. – 222 ф.

[5] Д з а т т и а т ы Г. Творчество Елбыздыко Бритаева в осетинской литературной критике. – Цхинвал, 1982. – 191 ф.

[6] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 302 ф.; Т. 2. – 1982. – 252 ф.

[7] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Стыр райдайæн // Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 . Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. –3–24 ф.

[8] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сæрибары фидиуæг // Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. Дзæуджыхъæу,1999. – 87–204 ф.

тæй иу у Брытъиаты Елбыздыхъойы сфæлдыстад. Йæ аивадон бынтæ сты национ исбон. Йæ уацмыстæ уыдысты сæрæвæрæн ирон драмæйæн æмæ ирон театрæн. Елбыздыхъойы æхсæнадон куыст æмæ сфæлдыстадæй дзæвгар фæхъæздыгдæр ис нæ монон цард. Къостайы поэзийы фæстæ нæ литературæйы æппæты фылдæр ахады Елбыздыхъойы сфæлдыстад»[1]. Æмæ йын уыйфæстæ йе сфæлдыстадимæ цы ирон нæ базонгæ уыдзæнис, йæ диссаджы уацмыстæ йын æрдæгкастæй чи ныууадздзæн?

Литературæиртасæг тынг хорз зыдта, цы хæс æрæвæрдта йæ разы, цы дзырдта, уый, фæлæ уæддæр йæ ныхас адарддæр кодта, Тыбылты Алыксандры хъуыдыйæ спайда кæнгæйæ: «Нæ драматург «ирон литературæ систа дунеон проблемæты æмвæзадмæ»[2], уый национ темæтæй рахызт æппæтадæмон æмæ философон проблемæтæм, скодта цæрдхъом традицитæ ирон драмæ æмæ ирон театрæн.

Елбыздыхъойы æхсæнадон архайд æмæ сфæлдыстадæн ис историон ахадындзинад. Йæ цард æмæ йæ куыст уыдысты æмбаст, иу хъуыддаджы дыууæ формæйы. Уыдон иумæ сты граждайнаг æмæ сфæлдыстадон сгуыхт. Елбыздыхъо уыд стыр патриот æмæ тохгæнæг гуманист. Йæ тох уыдис адæмы бартыл, социалон рæстдзинадыл, рухсадыл, уыдон сæрибарыл. Йæ цард йæхæдæг драмæ у, тохы драмæ, рæстдзинад æмæ сæрибар чи агуры, аивад æмæ фидауц чи сæнтысын кæны, ахæм титаны драмæ. Уыцы драмæйы сюжеты зыны фæзминаг герой – хъуыдыгæнæг, тохгæнæг, аразæг. Йе сфæлдыстады нывæфтыд æрцыдысты йæ рæстæджы æуууæлтæ, ирон царды социалон быцæутæ æмæ историон рæзт»[3], – афтæмæй нын цыбыртæй фенын кодта, чиныгкæсæг нæ драматургийы бындурæвæрæджы сфæлдыстады йæ хъус сæйраджы цы фарстытæм хъуамæ æрдара, уыдон.

Шамил бацархайдта, цæмæй фыссæджы уыцы стыр хъуыддæгтæ рафæлгъуыдтаид зонады фæрцы. Æмæ мæнгæй нæ акæнынц: «Адæймаг тынг цæмæ тырна, уый йæ къухы бафты». Джыккайы-фырты бон бацис, Елбызды-

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 87 ф.
[2] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 111 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджы-хъæу, 1999. – 87–88 ф

хъойы сфæлдыстад чиныгкæсджыты раз æрæвæрын, кæд æддейæ бакæсгæйæ уый бирæтæм хиирхæфсæгау куыд кæсы, афтæ æнцон нæу, уæддæр. Йæ монографи йын зæрдæ уымæн скъæфы.

Æмæ йын ахæм зæрдæхцон зонадон-иртасæн куыстытæ иу æмæ дыууæ не сты, мыййаг. Ирон нывæфтыд литературæйы ахуыргæнджытæн, нæ аивады кусджыты сфæлдыстад ахуыргæнгæйæ, Коцойты Арсен, Гæдиаты Цомахъ, Нигер, Барахъты Гино, Байаты Гаппо, Плиты Грис, Цæрукъаты Алыксандр æмæ бирæ æндæр ирон фысджыты сфæлдыстад раиртасынил Шамил цы ахсджиаг куыстытæ бакодта, уыдон иувæрсты ахизын сæ бон уымæн нæу. Джыккайы-фырты куыстытæ чи нæ зоны, уыцы ахуыргæнæгæн йæ бон нæ бауыдзæнис, цы фысджыты кой нæм ис, уыдон быдурон дзуринæгтæ сæрæйкæронмæ рафæлгъауын. Сæ иувæрсты ахизын уымæн никæй бон у.

Уыдонæй иу у Нигер: «Диссаг, тынг диссаг у Нигеры æвзаг. Æрмæст йæ поэтикон æвзаг нæ, фæлæ йæ критикон, зонадон, публицистикон уацмысты æвзаг дæр. Æнцонæмбарæн, зæрдæйы рæбынтæм хизæг, хъуыды цæвæг æвзаг. Цыфæнды стыр, цыфæнды вазыгджын хъуыдытæ афтæ ранывæнды, ахæм хъуыдыйæдтæй сæ абийы, æмæ сæ чифæнды дæр бамбардзæнис»[1].

Фæлæ йын Шамил æрмæст йæ диссаджы æвзаджы сусæг æвæрæнтæм, йæ поэтикæйы æмбæхст бынæттæм хурæргомæй не ´рдардта йæ хъус. Æндæвта йæ стыр поэты сфæлдыстады алы зындгонд æмæ æнæзындгонд фæзилæн дæр, йæхимæ йæ æлвæста йæ алы цымыдисон къахдзæф, йæ алы фæлгоц æмæ сæ æргом кодта сæ кæрæдзийы фæдыл. Цæмæй дзы чиныгкæсджытæн, ахуырдзаутæн талынг бынæттæ мауал уыдаид. Фæндвидар æмæ хъуыддагзонгæйæ уымæн дзырдта: «Нигер у зынгæ поэт, хъаруджын нывгæнæг, арф хъуыдыгæнæг. Йæ лирикæ мидисæй у хъæздыг æмæ ахадгæ, уый у нæ адæмы монон царды поэтикон истори дæр æмæ авторы удон царды истори дæр. Уый уыди ахъаззаг фæзынд ирон поэзийы æмæ æвдисæн у æмткæй нæ национ культурæйы рæзтæн. Уый равзæрд

[1] Хъазиты Мелитон. Хъарæгæй заргæ... – Дзæуджыхъæу, 2009. – 142 ф.

историйы æппæты вазыгджындæр æмæ знæтдæр заманы, равзæрд разагъды адæймаджы уд æмæ зондæй, уымæ гæсгæ у хъомысджын, æнкъарæнджын æмæ хуызджын. Уыцыиу рæстæджы у хуымæтæг æмæ вазыгджын, традицион æмæ ног, кæм ирд æмæ æргом, кæм та – аллегорион æмæ символон. Уым баиу вæййынц бæрзонд романтизм æмæ карз реализм – кæм æрдзон уагыл, кæм та курдиаты хъомысы барвæндæй. Иу дзырдæй, Нигеры лирикæ у, Нарты Сослан Мæрдты бæсты цы къуыбылой федта, уыйау: у бирæхуызон, нæй йын кæронмæ райхалæн, æвидигæ сты йæ сусæгдзинæдтæ»[1], – афтæ-иу загъта теоремæйы хуызы æмæ-иу стæй уыцы «сусæгдзинæдтæ» æргом кодта сæ кæрæдзийы фæдыл, цæмæй сæ йæхиау лæмбынæг бамбара чиныгкæсæг дæр. Æмæ уыцы хъуыддаг йæ къухы, нæ бон у зæгъæм, æфтыдис кæддæриддæр. Университеты йæ ахуыргæнинаг, уæд районон газет «Фидиуæг», ныр – «Рæстдзинад»-ы сæйраг редактор Битарты Маринæ уымæн зæгъы: «Хочу сказать напоследок своему преподавателю огромное спасибо за знания, которые дарил нам, научил мыслить и анализировать, поднял уровень нашей образованности, культуры, и просто за то, что был рядом с нами тем человеком, с которого хотелось брать пример во всем»[2]. Ирыстоны æмбаргæ адæмæн та абон у нoджы стырдæр цæвиттон æмæ дзы стæм разы æмæ сæрыстыр. Ирон кæй уыдис, алчи дæр дзы цæвиттон кæй иста, йæ хорз хъуыддæгтæ йын кæй фæзмыдта, сæйраджы-сæйраг та нын стыр сфæлдыстадон бынтæ кæй ныууагъта, уый охыл.

Джыккайты Шамил йæ поэзи, йæ прозæ, йæ драматурги, æппæт йе сфæлдыстадау, зонады дæр дзырдта, фæлгъуыдта рæстаг хъуыддæгтæ æмæ йын бар уыдис цыфæнды хæлæггæнæг, фыдгойгæнджыты астæуты дæр, рæстаг лæгæн куыд æмбæлы, цыдаид сæрыстырæй:

*Хæссынц мæм фау, тæрсын кæнынц зындонæй...*
*Фæлæ зæххыл рæстылдзæуæг уыдтæн*
*Æмæ æдас дæн фидæны тæрхонæй,*
*Мæ цæсгом уым æрдзон сыгъдæг уыдзæн.*

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 167 ф.
[2] Б и т а р о в а М а р и н а / Фидиуæг, 2011. – № 101.

*Нæ, дам, зоныс – цы нæ фæччы, цы фæччы,*
*Нæ, дам, кæныс нæ рæстæджы æгъдау...*
*Æрыхъусут-ма! Ме ‘рттиваг рæстæджы*
*Фæцардтæн æз поэт æмæ лæгау.*

*Æууæндыдтæн мæ адæмы хъуыддагыл,*
*Йæ фарн ын æз мæ зарæджы хæссын,*
*Йæ уаз ном ын сæуæхсиды зæлдагыл*
*Тырысайау хæрдгæ дзырдтæй фыссын.*

Æмæ йын йæ фæндагæй нæ уыд фæиппæрдгæнæн. Сæ бон ын ницы уыд сау тыхтæн. Уымæн æмæ сæ сыгъта, нæ сын лæвæрдта сæ сау, æгъатыр тых æвдисыны бар йæ рæстдзинад æмæ йæ зæрдæйы артæй, йæхæдæг та дзыллæйы фарнæн кодта «нывæфтыд арвы цъæхыл цард».

Цардаразæг та йæ фарн æмæ йæ фæллойы фæрцы, уыдон стыр ныфсæй алы хатт дæр дзырдарæхстæй фæдзуры æхсарджын æмæ хъæлæсыдзагæй:

*Нæй уымæн хауæн* – хæхты сæрмæ схурон,
Кæлы йæ рухс æндзыг æврæгътыл дард
Æмæ сæ судзы...
Цæй, уæдæ та дзурон,
Кæнон нывæфтыд арвы цъæхыл цард.

*Цæссыгæхсад зынамал дзырдтæй мастæн*
*Кæлæнгæнæгау карз хостæ кæнон.*
*Æз дæн сæ зæнæг адæм æмæ азтæн*
*Æмæ сыл ма дзурон – уый нæу мæ бон!*[1]

(«Хæссынц мæм фау...»)

Шамил йе сфæлдыстад иууыл дæр хæрдгæ дзырдтæй кæй фыста, йæ кад ын уый иста бæрзонд, йæ ном æрвон тыгъдадмæ уымæн сырæзт. Йæ уацмысты адæм æмæ рæстæджы номæй рæстытæ иууыл æргомдæрæй кæм хаста адæмы рæгъмæ, сæ тæрхонмæ, уыцы жанртæм хауынц

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджы-хъæу, 1990. – 190 ф.

йæ литературон-критикон бынтæ æмæ йæ публицистикæ. Йæ адзалæй Касаты Æмзор уымæн фæрыст: «Иры дзыллæйыл Шамилы амардæй фыдохы бон скодта. Ахуыссыд нæ намысы лæджы зынг. Рафæлдæхт нæ ныфсы мæсыг, йæ алы дзырды, йæ алы ныхасы дæр уæз кæмæн уыд»[1].

Шамил нæ Фыдыбæстæйы, нæ адæмы сагъæс йæ зæрдæмæ афтæ арф иста, афтæ сыл рыст æмæ, зæгъгæ, фыссæг нæ уыдис, йæ уды хъизæмæрттæ аивадон уацмысты не 'вдыста, йæ сагъæс, йæ бæллицтæ нывæфтыд дзырдæй нæ ныв кодта, уæддæр публицист ма уыдаид, йæ хъуыдыйы судзæгтæ уый фæрцы ма хастаид адæмы рæгъмæ, сæ тæрхонмæ, ма сын хъал кодтаид сæ дудаг дзуринæгтæ, уый гæнæн нæй. Æгæрыстæмæй, æрвылбонон цардуагон хъуыддæгты дæр.

Йæхæдæг дзырдта: «Плутарх фыста: арæх лæджы удыхъæд хуыздæр разыны, цы стыр хæстыты фæуæлахиз, уым нæ, фæлæ царды гыццыл хъуыддæгты. Поэт æргом-зæрдæ вæййы. Къостайы зонд æмæ уд зынынц йæ тохы дæр, йæ уацмысты дæр, йæ алы фæзилæны дæр. Цæлыккаты Аннæйæн хъаст кæны йæ хо Еленæйы дауты тыххæй: «Мæнæн мæ зæрдæйæн йæ тæккæ лыстæг уидæгтæ дæр кæмдæриддæр йæ армы тъæпæнау куы зынынц, уæд ма мæм цы къахинаг ис? Йæхæдæг у, йæхæдæг хин æмæ кæлæны дзæкъул». Стыр дардмæ зыны æмæ дзы алцы дæр вæййы адæмы цæстыты раз»[2].

Æмæ уыцы хъуыддаг ирдæй зыны Шамилæн йæхи сфæлдыстады. Дзырд дæр ыл нæй, йæ публицистикæйы дæр. Фыссæг хорз зыдта: «Нæ критикæ нæ зоны сфæлдыстады психологи (уый наукæ у!) æмæ нæ хынцы фыссæджы индивидуалон удыхъæд, йæ хыгъдон æууæлтæ»[3]. Йæхæдæг æй æгæр хорз дæр зыдта. Уымæн ыл дзырдта. Йе сфæлдыстады йæ уымæн æргом кодта.

Фыссæг æнæуый дæр аивадон публицистикæмæ рæвдз кæй уыдис, уый фергом йе сфæлдыстады райдианы, фæлæ ацы ахсджиаг жанры йæ зæрдæрисгæ дзуринæгтæ

---

[1] К а с а т ы Æ м з о р. Ирыстон æй никуы ферох кæндзæн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 1912. – 99 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Фыссæг æмæ цард / Рæстдзинад, 2003. – 24 май.

[3] У ы й д æ р у ы м.

сæ базыртæ иууыл дардылдæр айтыгътой хъомысджын Советон Цæдисы нæ адæмы знæгтæ, хæдмæлхор халæттау, хайгай фæйнæрдæм куы ратон-батон кодтой æмæ скъæфтой, уæд. Шамил уæд нæ фарн бавæрыны тыххæй нал ауæрста йæ царды фæлтæрддзинад æмæ йæ хъаруйыл. Хозиты Барис дзырдта: «Æууæнчы уысм Джыккайы-фырты публицистон сфæлдыстадæн, хæххон суадонау, хæссы царды хос. Уый йын фадат дæтты комкоммæ чиныгкæсæджы зæрдæмæ ныккæсынæн. Æууæнчы хъæбул – æргом ныхасæй автор цы хъуыддæгтыл дзуры, уыдоны ныллæг нæ кæны, фæлæ – бæрзонд. Уыцы иу рæстæг поэты публицистикæ у вазыгджын буары хуызæн. Æмæ йын цæмæй йæ арф хъуыды бамбарай, уый тыххæй адæймаджы хъæуы йе´ппæт монон тыхтæ дæр æрæмбырд кæнын. Уый уымæн хъæуы, æмæ автор йæ хъуыдыты арфы алыхатт дæр бамбæхсы, раст бакæсын-зонын кæй хъæуы, ахæм сæрмагонд зондахаст. Уыдон афтæ ахадгæ æмæ уæзгæ сты, æмæ дзы алкæмæн дæр сагъæс кæнынмæ фаг æрмæг разындзæн»[1], – уæлдайдæр, Шамилы зæрдæйылæмбæлæг, проблемон публицистикæйы. Уымæн æмæ, фыссæг тынг хорз зыдта æрмæст ирон аивадон публицистикæ нæ, фæлæ уырыссаг æмæ дунеон публицистикæйы проблемæтæ дæр æмæ нæ хызт сæ иувæрсты. Уый нæ, фæлæ дзы нæ ирдзардæн бæззон чи уыд, уый йæм хаста кæддæриддæр.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Шамилы аивадон публицистикæ алы хатт дæр, йæ литературон критикæйау, æнцой кодта фидар дæнцæнтыл, фæлæ æмбылдта æмæ æмбулы зондæй. Йæ дзырды сæр-иу цардуагон темæтæ куы систы, уæд æй хуымæтæг адæм æмбæрстой алыварсонæй æмæ кæддæриддæр уыдисты йæ фарс.

Йæ иууыл судзагдæр æмæ дудагдæр фарстытæй иу кæддæриддæр уыдис, Къоста æппынæдзух кæуыл катай кодта, нæ ирон адæм фыдæлтæй фæстæмæ, къæлыуайæ уæлдай, нæ кæрæдзийыл кæй нæ хæцæм, уыцы хъуыддаг. Зæрдæрисгæйæ уымæн уыд йæ ныхасы сæр: «Дихтæ цы адæм сты, уыдон вæййынц знæгты амæттаг. Ныууадзæм нæхицæй æппæлын æмæ æвронгæй акæсæм нæ ивгъуыд

[1] Хозиты Барис. Зæрдæйы хъарм æмæ зонды рухс / Стыр Ныхас, 2005. – № 19.

заманмæ. Цы ис нæ таурæгъты, нæ зарджыты? Æрмæстдæр æфхæрд. Тыхкæнынмæ нæм цыдысты, зивæг чи нæ кодта, уыдон се 'ппæт дæр. Хуссары нын нæ туг цъырдтой гуырдзыйы æлдæрттæ, Цæгаты нæ æвирхъауæй æфхæрдтой кæсæджы æлдæрттæ, сыгътой нæ хъулгъа. Сæ ныхмæ-иу æрлæууыдысты иугай хъайтартæ, фæлæ иунæг æфсад нæу, æмæ зарджытæ-хъарджытæ кодтам нæ хæсгæ мæрдтыл»[1]. Цы ма уа уымæй додойагдæр?!

Æмæ фыссæг йæ нывæфтыд дзырдау, йæ публицистикæйы дæр тырныдта, номхуындæй – йæ уд хъардта, цæмæй нæ адæм кæрæдзимæ лæууæм æнгом: «Мæнгæн нæ дзурынц, цин æмæ хъыг æфсымæртæ сты. Революцикуы фæуæлахиз, уæд ирон адæмæн дæр скодта паддзахад. Иу нæ, фæлæ дыууæ! Мах царциаты адæм стæм – иу нын фаг ницæмæй у, алцы дæр нæм ис дыууæ. Дыууæ Иры, дыууæ дины, дыууæ æвзаджы. Ныр та – дыууæ паддзахады. Кæрæдзийæ бынтондæр фæхицæн стæм. 38-æм азы дыууæ дихы фæцис нæ алфавит дæр, æмæ дыууæ Иры кæрæдзийы чингуытæ дæр нал кастысты. Дыууæ Иры бынтондæр фæхицæн сты æмæ аргъæутты геройтау фестадысты дыууæ хицæн дунейы – азиаг Гуырдзыстоны æмæ европейаг Уæрæсейы. Уый уыди национ катастрофæйы иу фæзынд, иу акт»[2]. Йæ бон уыдис загътаид – худинаггаджы акт.

Уыцы «фæзынды» аххосæй абон дæр Хуссары «хъайтар» дзурæм æмæ фыссæм, Цæгаты – «герой», цæмæй фыртыхджынæй нæ кæрæдзимæ хæстæг ма лæууæм. Æмæ цæмæннæ хъуамæ æрдиаг кæна, йæ сæр рæстмæ кæмæн кусы, уыцы ирон?

Шамилæн йæ бæллиц йæ публицистикæйы дæр нæ дихтæгонд Иримæ уыд: «Адæмы иудзинадæн хъæуы иу паддзахад – иу республикæ. Стыр Ныхас специалистты зондæй равзæрста, дыууæ Иры баиу кæнынæн барадон бындур кæй ис, уыцы фарст. Ис ын экономикон, культурон æмæ моралон æфсон дæр. Уыцы фадæттæ зындгонд сты нæ интеллигенцийæн, хъæуы сыл æрмæст кусын, хъæуы сæ аразын, хъæуы тох кæнын. Адæмы фарнæй

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъуыдытæ Шамилы уацтæй / Рæстдзинад, 2000. – 26 февраль.

[2] У ы й д æ р у ы м.

къæдзæх дæр ныннæры, – ныфс нын æвæры дзæнæтон Къоста. Адæмæн нывыл разамынд куы уа, уæд сæ бон у сæ хъысмæт аразын, знаджы ныхмæ лæууын. Нæ адæм иу куы уаиккой, уæд нæм йæ ныфс лæбурынмæ ничи хæссид. Уæд кусиккам сæрибарæй æмæ нæм уаид бæркад æмæ фарн»[1]. Фæлæ йæ нæ хицæуттæ æмæ уæйгæнджытæй алкæмæн ма зæгъ. Уæд æнустæм сæ цыфыддæр знаг фестдзынæ, лæгæргæвдæн кард дæ нæ раздахдзысты. Фыдæйфыртмæ сын ецуаг фæуыдзынæ.

Афтæ хъуыды кæнын йæ бон у æрмæстдæр патриотæн, йæ адæмы иузæрдион фыртæн. Шамил уыд Ирыстоны патриот. Нæ Фыдыбæстæ уарзта йæ удæййас; нæ, йæ удæй фылдæр. Æмæ ууыл ахуыр кодта мах, йе 'мрæстæгонты дæр. Йæ иу уацы цæвиттонæн æрхаста историон хабар: «Спартæйаг мад фæрсы, хæстæй цы илот æрхæццæ, уый, хæст цæуыл ахицæн, уымæй. «Дæ фырттæ фондзæй дæр фæмард сты», – загъта хабархæссæг. Ус ыл фæхъæр ласы: «Æлгъаг цагъар! Æз дæ уыдонæй нæ фæрсын, фæлæ, чи фæуæлахиз, уымæй». Куы базыдта, Спартæ фæуæлахиз, уый, уæд кувинæгтимæ атындзыдта кувæндонмæ.

Уыцы мадæн уыд наци. Уый ныййардта æмæ схаста патриоттæ æмæ геройтæ»[2], – ныллыг кодта Шамил æмæ уымæй раргом кодта йæ фидар фæнд: сæйраг амæлын нæ, фæлæ патриотæй рамбулын у æмæ уыцы хъуыддагыл ахуыр кодта æмæ кæны йæ бирæ чиныгкæсджыты – нæ радтæг, нæ дарæг Ирыстоны хъæбулты суанг Беслæны трагедийы фæстæ дæр.

Йæ хъуыды уыд æргом æмæ фидар: «Беслæны цæф нын рисдзæн цæргæцæрæнбонты, нæ хъæдгом нæ байгас уыдзæн хъаймæты бонмæ. Фæлæ чи цæры, уый хъæуы мадзæлттæ кæнын. Куыст – цардæн фæрæз. Ныфс – тых æмæ зæрдæрухсы хос. Фашисттæ Цæгат Ирмæ куы схæццæ сты, уæд бирæтæн сæ ныфс асаст. Мæ фыдыфыд Дауит куырыхон лæг уыд æмæ дзырдта: «Уырысæй ма иу сывæллон куы уа, уæддæр Уæрæсейæн басæттæн нæй».

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Нæ уавæр, нæ хæстæ / Стыр ныхас, 1996. – 24 февраль.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Адæмы фарн бирæ у / Рæстдзинад, 2004. – 2 ноябрь.

Ныр дæр афтæ уыдзæн. Бирæ знæгтæ нæм алырдыгæй хъуызынц, фæлæ Уæрæсе æдзух æнæсæрфат нæ уыдзæн... Ирыстон та Уæрæсейы къабаз у, ир æмæ уырыс иу ариаг уидагæй сæвзæрдыстыты æмæ сау адæмы фæндиаг нæ фæуыдзыстæм, нæ басæтдзысты мах сæ дин, сæ маст æмæ сæ хæрам»[1].

Шамилы уыцы ныфсæвæрæнтæ Беслæны трагедийы фæстæ нæ адæмæн цы тыхдæттæг уыдысты, уый æрмæстдæр æнкъардтой, уыцы æгæрон маст йæ зæрдæйы æнустæм фыстæй кæмæн баззад, уыцы мастæфхæрд адæм.

Ссæдзазон гуырдзиаг-ирон хæсты дуджы карз мастæй йæ зæрдæ чъырын арты цы ирон фысджытæн сыгъдис, уыдонæй иу уыд Шамил. Йæ аив дзырдау нæ фыдбоны сыхæгты дзæнгæлтæ кодта йæ публицистикæ дæр. Уый хыгъд базыртæ сагъта ирон æфхæрд удыл: «Фыдлæг æмæ фыдбон бирæ нæ хæссынц. Скæсдзæн иры хур. Ирон мадæлтæй та райгуырдзæн Хазби æмæ Чермен, Бега æмæ Ака, Тъотъор æмæ Антон. Ирон тугæн æмбийæн æмæ сысæн нæй. Нæ фарн нæ сæфы.

Чи хæссын кодта мады уаз æхсырæй йæ куыдзы хъæвдынты? Гуырдзиаг æлдар. Чи най кодта æнахъом сабиты бæхты къæхты бын? «Уæздан» гуырдзы.

Фыдæй-фыртмæ нын цæгъдынц нæ хуыздæрты. Мæнгардæй амардтой Ос-Бæгъатыры. Фынæйæ аргæвстой Алгъуызы. Хинæй мæрдтæм барвыстой сæ хæрзгæнæджы – Сослан Цæразоны. Хæрамæй сæ кæрæдзийы кæрдтыл бафтыдтой сæ ирвæзынгæнæг Гоцъи æмæ йе ‘мбæлтты. Марг бадардтой нæ сæрхъызойæн – Гасситы Афæхъойæн. Фехстой æртындæс коммунары. Нæй нымæц æмæ кæрон сæ фыдракæндтæн. Геноцид цæуы геноциды фæдыл. Гуырдзиаг нацизм фыддæр у немыцаг фашизмæй, лæбуры ардыдæй, хæцы агъуыдæй, 1830 азы Хъобан чи дæрæн кодта, уыцы фыдхор Абхаз дæр гуырдзиаг уыди, къниаз Абхазашвили»[2], – нымайы сын сæ фыдракæндтæ, цыма йын искуы фæуыдзысты нымад. Фæлæ сæ удмарыны охыл нæ нымайы. Цæмæй нæ макуы ферох уой. Æнæуый

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Адæмы фарн бирæ у / Рæстдзинад, 2004. – 2 ноябрь.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Удфидар ут. Зынтæн лæг хъæуы / Рæстдзинад, 2008. – 12 август.

та йæ ныфсы дзырд зæрдæйыл тынгдæр æмбæлы: «Уый у фыдæвзарæн, фæлæ нæу хъаймæт, нæу Нарты сæфт. Ис нын ныфс, ис нæм æхсар, ис ирон лæгдзинад. Мах фæлтæрд стæм, фыццаг хатт нæ нæ цæгъдынц фыд гуннтæ, ордатæ, гуырдзытæ. Фидар у нæ уидаг, нæ сæфы нæ мыггаг, нæ хуыссы нæ артдзæст»[1].

Ис æм философон бындур кæмæн ис, быцæуы охыл фыст чи æрцыдис, ахæм публицистикæ дæр, фæлæ сæйраджы-сæйраг у, нæ адæмы цард фæхуыздæр кæныныл сæ кæй цæуы дзырд æмæ сæ авторы хатдзæгтæ æрвылхатт дæр раст кæй уыдысты, уый. Гуæздæрты Азæ зæгъы: «Патриота и мыслителя волнует и тревожит все, что происходит в этом неуютном и беспокойном мире. При этом он не просто констатирует факты и события, он выявляет их причины, прослеживает их логическое развитие. Поэтому его публицистика, пронизанная высокой страстью трибуна, отличается научной обоснованностью»[2].

Ахæм бындур кæй ис йæ литературон-критикон сфæлдыстадæн, стæй йæ зæрдæйылныдзæвæг публицистикæйæн чиныгкæсджытæ сæ уымæн кæсынц цымыдисæй. Хицæн чингуытæй йын искæд бæргæ куы æрцæуиккой джиппы уагъд, уæд та сæ кæсиккой ноджы цымыдисæйдæр. Уымæн æмæ уыдон æрмæст нæ ивгъуыд, абон æмæ сомбоныл дзурæг не сты, фæлæ нын æвдисынц нæ ирон удыхъæд, сты нын зонд-амонæг æмæ, зæрдæ дзæнгæлтæ чи кæны, ахæм рæстылæфтауæг цæвиттонтæ.

Æппæт йе сфæлдыстад нæ алкæмæ дæр уымæн æнхъæлмæ кæсы рæхджы йæ джиппы рауадзынмæ

---

[1] Уыйдæруым.

[2] Газдарова А. Х. Поэзия правды и любви. –Владикавказ, 2010. – 38–39 ф.

ФАРАСТÆМ СÆР

## САДЖЫ ФÆЛГОНЦÆЙ ЗÆДЫ ФÆЛГОНЦМÆ

Ирон литературæйы бирæ стыр хъуыддæгтæ сты баст Къостайы номимæ – Нигер загъта: «Нæ Нарæй Иры хур ыскаст»[1]. Уыдонмæ хауы, нацийы цæсгомæвдисæг адæймаджы дзырдаивадон фæлгонц аразын дæр. Уымæйдæр ын йæ удæгас фæлгонц куы аразай. Æмæ Къостайыл йæ удæгасæй нæ мадæлон æвзагыл фыццаг зæрдæагайгæ æмдзæвгæ сфæлдыста, лæгæй-лæгмæ йæ зонгæ дæр чи нæ кодта, чи йæ никуы федта, нырма ирон аив литературæйы нæ фыццаг профессионалон поэтыл кæй нымайæм, уый – Мамсыраты Темырболат. Диссаг у, йæ алы дзырдæй, йæ алы сулæфтæй дæр йæ уацмысы æнæфау, кадджын хъайтармæ хъары æгæрон стыр уарзт:

*Уымæн йæ бæлас – æнæфау,*
*Уый кадджын у нæ цæсты.*
*Дидинæджы æнæвгъау*
*Азæй-азмæ куы дæтты.*

*Ды дæ митæй рæсугъд дæ,*
*Ноджы ма уындæй хайджын дæ,*
*Дæ зонд æмæ де ´гъдауæй*
*Ды мæ цæсты кадджын дæ.*

*Æз дын дæхи нæ зонын,*
*Дæ коймæ дын аргъ кæнын*[2]*.*

(«Кæмæдæр»)

Йæхи дæр ын хуызæй нæ зыдтой тынг бирæ ирон адæм: «...æнамонд адæмимæ Туркмæ афтыдис Иры фыццаг поэт Мамсыраты Темырболат дæр»[3], – фæлæ сæ уый

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 195 ф.

[2] М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Цхинвал, 1965. – 44–45 ф.

[3] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Иры фыццаг зарæггæнæг // М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 8 ф.

нæ хъыгдардта, цæмæй нæ хуыздæрыл сæ зарджытæ нывæстаиккой. Къостайæ зæгъын. Йæхи йын лæгæйлæгмæ чи зыдта, уыдон дзы ноджы сæрыстырдæр уыдысты. Йæ бон кæмæн уыд, уый йыл зарыд, зæгъæм, Гуырдзыбеты Бласкæ:

*Ка дин не скæндзæнæй кадæ,*
*Ка дин нæ ратдзæнæй æгъдау?*
*Ка ‘сдзурдта, нийййергæй нæ мадæ,*
*Адæммæ се ‘взагæй дойау?*[1]

(«Къоста»)

Ныртæккæ айык йæ хъуыдаттæй зынаргъ кæныны дуг у. Иу чиныгкæсæг йæ чиныг кæмæн никуы ма балхæдта, Шамил, Нафийы загъдау, «лексикон юморæй æмдзæвгæйы артдзæст»[2] кæм барухс кодта, уым, «Хуыцау талант куы» уæрста, уæд дзы хай кæмæн нæ радта, йæ уыцы лирикон хъайтары номæй мидбылхудгæйæ загъта:

*Хæцыд Чермен йæ бартыл,*
*Сæрибарыл – Къоста.*
*Мæхи нæ барын нартыл, –*
*Цы кæнон ныр æз та?*

*Мæ цард, мæ дуне – раууат,*
*Æнтыстæн нæй фæрæз.*
*Сæудæджер мæ нæ рауад,*
*Нæ зонын давын æз.*

*Мандат мæм нæй – йæ уæз ын*
*Нæ фæразын хæссын...*
*Хуыздæр куыстæн нæ бæззын*
*Æмæ стишки фыссын*[3]*.*

(«Æнæ хай»)

[1] Г у ы р д ж и б е т и Б л а ш к а. Уаджимисти æмбурдгонд. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 33 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Сагъæс æнæфыст чиныгыл // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 123 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 253 ф.

Афтæмæй, кæуыл худт, уыдон дæр сæрыстырæй ралæууынц æмæ сæ дæндæгты кæлмхæрд бынæттæ æнæфсæрмæй фесхъауынц: «Æз Къостайæ хуыздæр фыссын æмдзæвгæтæ, фæлæ уый мæнæй раздæр кæй цард, мæн уымæн ничи зоны».

Æмæ æз, Шамилы ном, – ту, ту, ту, Хуыцау бахизæд! – хæрдмæ ивазон, уый сæр æй нæ хъæуы, фæлæ, разагъды поэт кæй у, уый, æгæрыстæмæй фæбæрæг, æвзонг ма куы уыдис, уæд дæр. Стæй, хорз æмдзæвгæтæ кæй фыста, æрмæст уымæй нæ. Йæхиуыл дæр ын, хæлæггæнджытæ йыл цъыф калынмæ куы хъавыдысты, уæд не 'цæг поэттæй бирæ чидæртæ райдыдтой кады æмдзæвгæтæ фæлдисын!

Ходы Камал уыцы хъуыддаджы райдианы загъта: «... уый, мæнмæ гæсгæ, у авторы поэтикон курдиаты хæдбындурдзинады æвдисæн. «Цæф сæгуыты маст» – йæ ног чиныг. Йæ ном иттæг хорз бады чиныджы мидис, равг æмæ зæлынадыл. Хæрам æмæ хæлардзинады, хорз æмæ æвзæры, цард æмæ мæлæты æнусон тох – кæддæриддæр уагъта йæ фæд дзырдыл. Уыцы ныхмæвæрддзинадыл уыд æмæ у æцæг аивадон уацмысты диалектикон бындур. Уый у æнæгуырысхойаг æцæгдзинад»[1]. Цæмæй йын йæ рæстаг хъуыдыйыл хуыздæр баууæндæм, уый тыххæй нын цæвиттон дæр æрхаста уырыссаг стыр фыссæгæй: «Если вы даже очень счастливы все же, чужое несчастье не дасть вам покоя», – фыста йæ уацтæй иуы Сергей Наровчатов. Уыцы хъуыдымæ хæстæг у æмбырдгонды лейтмотив. Мæнæ куыд фыссы Шамил æмбырдгонды фыццаг æмдзæвгæ «Цæф сæгуыты маст»-ы:

*Кæмдæр та залым цыргъ кæны йæ кард, –*
*Мæлдзысты та уым дзыллæты хуыздæртæ!*
*Кæмдæр лæджы сæрибар зонд, йæ зæрдæ*
*Ыссæндынц тых, закъон æмæ фыдцард»[2].*

Стæй дарддæр: «Джыккайты Шамил рæдауæй хайджын у æцæг поэты миниуæгæй – у сыгъдæгзæрдæ. Цæйфæнды

[1] Х о д ы К а м а л. ...Æнцой уын нæ дæтты / Литературная Россия, 1970. – 6 февраль.

[2] У ы й д æ р у ы м.

тыххæй ма фыссæд – уарзондзинад, райгуырæн уæзæг, бердзенаг лæппуйы æнамонд хъысмæт – чиныгкæсæг æй æнкъары, уыдон былалгъæй ныхæстæ не сты, фæлæ поэты зæрдæйы зынгæй ссудзгæ дзырдтæ»[1].

Æмæ æцæг поэттау поэтты уыдон разæнгард кодтой Шамилы тыххæй сæ хъуыдытæ дзурыныл, уыимæ йыл æмдзæвгæтæ фыссынмæ дæр. Афтæмæй йыл Мыртазты Барисы поэтикон цæстæнгас æрхæцыд раджы, Джыккайы-фыртæн йæ фыццаг поэтикон æмбырдгонд рухс куы федта, уæд æмæ, чиныг куы бакаст, уæд йæ бон нал бацис йæ цин бамбæхсын. Æмæ кæд, йæ уæды поэтикон фæлтæрддзинад хынцгæйæ, йæ бон уыдис йæ курдиат равдисын, уæддæр нын нæ бамбæхста, фыццаг æм цы хъуыды æрцыд, уый:

*Шамил, дæ ног чиныг – «Æфсарм».*
*Дæ фыст мæ зæрдæмæ цæуы.*
*Лæгæн йæ ног ныхасы хъарм,*
*Æфсарм, дам, хъæдбын дæр лæууы*[2].

(«Шамил, дæ ног чиныг...»)

Уæддæр, Коцойты Арсен цæйау загъта: «Паддзахы ныхас тыхджын у»[3], – æвзонгæй йæ фæлтæрд хистæр куы раппæла, уæд ын уый ныфсы хос дæр у æмæ цины сæр дæр. Стæй æппæлæджы арæх фæвæййы фæзмджытæ.

Уымæ ма куы бафтауæм Къостайы æппæтуынаг цæстæнгас: «Лæджы хуызæн лæг нæм – ыстæм»[4] («Ракæс»), – уæд нын цы базонын хъæуы, Цæрукъаты Алыксандры цæстæнгас цæмæн æрæнцад йæ кæстæр Шамилыл («Сонет Джыккайты Шамилы сонетæн»), цы зондахаст æмæ зæрдæйы хъарм, цы фарнæй йæ æркæсын кодта йæхимæ. Куырыхон поэты бон развæлгъæу бацис аивадон æгъдауæй йæ фарны кæстæры фидæн фенын кæнын, йæ нывæфтыд дзырды тых ын банкъарын æмæ, лæппуйы хъуырмæ марæн кæрдтæ чи хастой, уыдон дæр æй цæмæй

[1] У ы й д æ р у ы м.

[2] М ы р т а з т ы Б а р и с. Шамил, дæ ног чиныг "Æфсарм"... // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 184 ф.

[3] К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971. – 33 ф.

[4] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 43 ф.

бамбæрстаиккой. Хъуамæ зыдтаиккой, саг-лæджы хъуырмæ кæй хæссынц цыргъаг.

Йæ рæстаг дзырд йæ зондæн кæй нæ уромын кодта, уый, цыма, æвзæр нæ уыдаид, Мамсыраты Дæбейы хъуыды: «...рæстдзинады ныхас уæлахиз кæны кæддæриддæр»[1], – царды дæр æцæг куы уаид, уæд, фæлæ хъуыддæгтæ фылдæр хатт бынтон æндæрæрдæм фæхæцынц. Хъыгагæн, хæрзгæнæг хорз нæ фæары. Æгæрыстæмæй: «Сывæллоны, æрыгоны, зæронды Фыдгул куы мары...» Езеты Маркслен ын æмбæрста йæ удыконд, уымæн дзырдта:

*Поэт... Фыссæг... Æппынæдзух – фæдисы...*
*Цы дуг, цы замантæ ыскодта, цы!*
*Рæстдзинад... Нæй! Сæрибар... Кæм?.. Цы фесты?..*
*Сæ бæсты – сайд, уæгъдибар æмæ... Цы...*

*Тыхсы... Фыссы... Ныр цал хатты ысдзуры*
*Йæ рæнхъыты йæ зæрдæйæн йæ рис...*
*Æдзух йæ удхъуырдухæнтæ фæрсудзы, –*
*Кæд ма кæмдæр уæддæр рæстдзинад ис...*

Фæлæ, уæддæр, æвæццæгæн, æппынæдзух не 'взаджы алгъыл цы «рæстдзинад» дарæм, уый кæмдæр æрымысæггаг у, тырысайы бæрзæндмæ йæ нæ исæм, æндæра поэт: «Цырддзаст, хъæддых, ныфсджын лæг у, – сæрæнгуырд: Цы зæгъы – зоны... кæм æмæ цæмæн; Йæ дзуаппы та – нæртон æмæ зæрингуырд: Куыд зæгъа – зоны... кæд æмæ кæмæн», – фæлæ зылыны рæстдзинад нæ хъæуы. Уымæн æй не 'ндавы. Æмæ нæ фыддæрадæнгæнæгау, цард уымæн дары зынг уæхстыл. Нæ цæстмæ – æхсидав, нæ дзыхмæ – къæбæр. Уый æнцой нæ лæвæрдта нæ хъайтарæн:

*Йæ зæрдæйы зæгъинæгтæ уæндонæй*
*Уый алкæддæр фыссы, кæрды æргом...*
*Куы цæуид цард нæ поэты фæндонæй, –*
*Нæ хæссиккам уæд тухиты æргъом...*[2]

(«Шамилæн»)

---

[1] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 4. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 225 ф.

[2] Е з е т ы М а р к л е н. Шамилæн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 185–186 ф.

Шамил марынмæ нæ – фарнмæ, æгъдаумæ сидт кæддæриддæр. Тынг хорз зыдта, фарн, æфсарм цы адæммæ ис, уыдонæн сæфынæй тас нæу. Йæ фыццаг чиныг «Æфсарм» хуымæтæджы не схуыдта. Æмæ кæд Тыбылты Алыксандрмæ гæсгæ, «алы заманæн хицæн æгъдау æмæ æфсарм вæййы»[1], – уæддæр нацийы цæсгом æфсармæй у рæсугъд. Фæстæдæр сæ фыццаг чингуыты тыххæй йе ´мгар Хъодзаты Æхсар æргомæй куы загъта: «Æз райдыдтон Æхсарæй, ды – Æфсармæй, / æрцæуæд-иу нæ кæрон дæр сæ фарнæй!».

Мах стырзæрдæ адæм стæм. Нæ уæлкъæсæрæй нæм цы фенхъæлмæ кæсы, уый æрцыд дæр нæ, хъыгагæн, нæ фæуырны. Нæ цардмæ куыдфæндыйы ахаст фæдарæм. Æхсармæ афтæ каст, уыцы рæстæгæн æрцæуын никуы бантысдзæн, фæлæ: «Фыдгæнæгæн бирæ æнтысы»[2]. Уый æмæ фыддуг фехгæнынц рæстаг адæймаджы фæндæгтæ. Джусойты Нафи Шамилæн йæ рæстæджы цы æмдзæвгæ схæлар кодта («Мæ цард æртхъирæнтæй фæцис»), уым æнæнхъæлæджы нæ зæгъы:

*Æз уалдзæджы æрцыдтæн цардмæ. Ради*
*Нæ ком, нæ хох!.. Æнхъæлдтон, нæй кæрон*
*Æхцонæн æмæ уарзтæн!.. Фæлæ тади*
*Æмæ ныххорз, къæцæлтæй артау, бон...*

*Нымгуыдын талынг. Дуне дзы фæдæлдон.*
*Фæдисы цагъд!.. Уæларвы къус – хъуытаз...*
*Æмæ мæ уæнгты растади фыдæлтæй,*
*Æнус-æнусты комрæбынæй тас.*

*...Ызмæст уылæнау, атылд тар мæ сæрты,*
*Ыскодта рæгътыл ногæй ирд бон арт!*
*Æмæ фыццаг хатт уæд ныфтыд мæ зæрды –*
*Æнусты фарст: цымæ цы уыдзæн цард?..*

Уыцы судзгæ фарст: «Цымæ цы уыдзæн цард?» – хъуамæ æндавид алы хъуыдыгæнæг адæймаджы дæр, цæмæй нæ къæхты бын ма алæбыра зæхх, дуне иннæрдæм ма

[1] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 268 ф.
[2] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 287 ф.

фæзила. Уымæн æмæ цард зоны ссудзын[1], мæсыгау акæлын[2], фæлæ Мамсыраты Дæбе дзырдта: «Цас цыбырдæр кæна цард, уыйбæрц зынаргъдæр у æмæ йæ тынгдæр хъахъхъæнын хъæуы»[3]. Æппæт уыдæттæ, Шамилау, алкæй нæ фендавынц. Цард алыварсонæй зонын нæм худинаг фæкæсы. Нæхицæн æй тæппуддзинадыл фæнымайæм. Цыма развæлгъау дардмæ уынын худинаг у. Нæ дæр нæ алчи фæзилы царды фæстæ, цуанон лæгау. Алкæй нæ не ʻндавы: «Æппæт куы ис зæххыл – хъыгтæ, æхцонтæ, Уæд ыл нырмæ куыннæ фæфылдæр уарзт?!.» Æмæ нæ уый алкæмæн дæр у сагъæссаг. Чи зоны, царды иууыл сагъæссагдæр, æркæсинагдæр хъуыддаг, афтæмæй йæ ауадзæм нæ хъусы иувæрсты. Ферох нæ вæййы, æнæ уарзт зæххон цард уыцы номæй хонæн кæй нæй. Шамилæй нæ рох кодта:

*Мæ «сомтæ» цадæг баисты «ызнонтæ,*
*Уæддæр лæууы мæ разы, сфинксау, фарст:*
*Æппæт куы ис зæххыл – хъыгтæ, æхцонтæ,*
*уæд ыл нырмæ куыннæ фæфылдæр уарзт?!.*

*Ныфсæй у цард, фæлæ нæ бонтæ – цъусдæр,*
*Ныфсы цард дæр уæд сур кæны, æртах...*
*Цард фурдау у! Цæуы, тындзы æнустæм,*
*Йæ астæуыл тæбынæй рæттæ – мах.*

*Бæргæ нырма æртхъирæнтæм æлвæст дæн,–*
*Налхъуыт-налмас мын царды хъузджы ис!*
*Бæргæ зилын æз – цуанон лæг!* – йæ фæстæ,
Фæлæ мæ цард æртхъирæнтæй фæцис... [4]

Джыккайы-фырт хорз зыдта: «Куыдзы хæстæн / куыдзы хъуын – / хос!» – уæддæр «цивилизацийы» сонæй нæ ирвæзт. Йæ хинтæй уыдис «сæргой æмæ хост»:

[1] Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 1958. – 19 ф.
[2] Х ъ у ы л а т ы С о з ы р ы х ъ о. Æвзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 1957. – 221 ф.
[3] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацм. 6 т. Т. 5. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 91 ф.
[4] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Уацмысты æмбырдгонд. Т. 2. – Цхинвал, 2015. – 142–143 ф.

*Хуссайраг калмау,*
*Ныдздзæвыс мæнг дзырдæй,*
*Хъуыды сæрдыс дæ сæтæй –*
*нықъуырма уа рис!..*
*Стæй сбуц кæныс марды, майданау,*
*дæ цыртæй, –*
*Фесты*
*удæгас саг-лæг*
*æфсирдзагъд куырис!..*

Фæлæ саг-лæг уæддæр нæ тарст нæ дæр царды зынтæй, нæ дæр – удуæлдай тохæй, нæ дæр – æгъатыр мæлæтæй. Мамсыраты Дæбе йæ дуджы загъта: «Ныфс æмæ æхсар хъуаг не сты нæ адæм»[1]. Нафи Шамилы номæй ныфсджынæй уымæн дзырдта:

*Æз – Муртакк лæг – æвзарын*
*хъама!*
*Лæг*
*йæ фыдгулы раз дæр*
*Лæг уа*
*хъуамæ!*[2]

(«Æнусон быцæу»)

Фæлæ: «Фæдисы раздæр чи ацæуы, уымæн йæ мард хæсгæ фæвæййы»[3]. Хъуамæ дæ фæстæ фæдисон æфсад уа. Уымæйдæр, дæ зондыл хæст куыд уой. Шамил йæ уд уымæн хъардта, рæстдзинадыл тохгæнджыты нымæц фылдæр кæныныл. Фæсус сæм кодта йæ едзагхъуыр фæдисæй: «Кæм дæ, кæм дæ, нæ цардагур фæсивæд? Мæ хъæрмæ азæр милдалынгтæй сыст, Дæ зардæй хъæу йæ мæрдон хуыз ысивæд! («Изæрмилты Дзомагъы уæзæгыл»), – фæлæ ахæм фæдисонтæ схъомыл кæнын æвиппайды нæ фефты къухы. Адæмы зонд рæстдзинадмæ саразын æгæрон бæллиц у. Епхиты Тæтæри загъта: «Фыдгулыл дын ысфарс уой адæм, – Мæрдтæм нæ бацæудзæн йæ мард».[4]

---

[1] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 5. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 280 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Уацмысты æмбырдгонд. Т. 2. – Цхинвал, 2015. – 398 ф.
[3] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 230 ф.
[4] Е п х и т ы Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. –Дзæуджыхъæу, 1961. – 51 ф.

Адæмы ахæм зондыл хъомыл кæнынмæ зæрдиагæй тырныдта Шамил.

Йæ рæстæджы Гуæздæрты Азæ загъта: «Прекрасный педагог, воспитатель и наставник молодежи. Лекции Ш. Ф. Джикаева доставляют огромное удовольствие, они учат студентов дорожить честью и достоинством, учат благородству, на конкретных примерах из фольклора и произведений литературы пробуждают патриотизм и любовь к Родине»[1]. Æмæ саг-лæджы уыцы ахсджаг фæдыздæхт йæ поэтикон фæлгонцы ма разындаид, уый гæнæн куыд ис. Æмæ йæ алы хъуыддæгтæй, уæлдайдæр, кæстæртæн ирд цæвиттон кæй уыдис, уый тыххæй дзы кæддæриддæр сæрыстыр, буц уыдис Уалыты Лаврент:

*Дæ хуызæн гуырдтæ Иры уæд фылдæр,*
*Былысчъилæй нæ мачи зæгъа: «Чи сты?»*
*Куы уа йæ бæстæн номхæссæн фыдæл,*
*Уæд кæстæртæй дæр рауайдзæни исты.*

*Ды та лæг дæ – зынты æхсыст, хæстон, –*
*«Æхсоны цæв æмæ цæхæртæ кала».*
*Ирыстоны дæуæн, мæ иубæстон,*
*Дæ фыстытыл нæ æрбаддзæни ала.*

*Кæнын дæумæ æхсызгонæй хæлæг:*
*Ирон дзырды фарн систай ды бæрзонддæр.*
*Дæ æнтыстыл куынæ цин кæна лæг,*
*Дæ фарнæй хайджын кæд ысты нæ цот дæр!*[2]

(«Æхсæвы æртытæ»)

Йæ фарнæй хайджын кæй сты нæ цот дæр, Цомахъы фæдзæхст: «Ызнаджы цæв йæ фыццаджы фæзындыл, Кæннæуæд дын бахъавдзæн дæ къонамæ»[3], – сын кæй амыдта, уый охыл æм ахæм «хæлæггæнджытæ», йæ фæндагыл цæуынмæ сæхи æууындзджытæ бирæ уыдис. Æмæ уыцы хъуыддаг Касаты Батрадз загъта æргомæй, поэтиконæй:

[1] Г а з д а р о в а А з а. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 25 ф.
[2] У а л ы т ы Л а в р е н т. Мæ дуне. – Дзæуджыхъæу, 99. – 139 ф.
[3] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 173 ф.

*Дæ цæстæнгасы мах уынæм нæ фидæн,*
*Дæ зæрдæ та у рухс зæдау сыгъдæг.*
*У не стыр ныфс дæ фæрцы хохау фидар,*
*Дæ авналæнтæн дун-дуне – къуындæг.*

*Дæ фæлмæн ныхас, аив дзырд ыссары*
*Нæ зæрдæты рæбинагдæр бынат,*
*Цыма ныл арвæй стъалытæ фæуары,*
*Мæ риуы цæхæр фестын кæныс арт.*

*Ды уарзыс Ир, ирон æвзаг. Нæ бæстæн*
*Йæ цинтæ ‘мæ йæ сагъæстæй цæрыс,*
*Нæй цардæй зады нæмыгау æмбæхсæн,*
*Ды махæн удварн уалдзæгау хæссыс.*

Секъа дзырдта: «Амонд куынæ уаид, уæд ын ном дæр нæ уыдаид»[1], – æмæ йæ ныхмæ ницы зæгъæн ис. Иугæр удварн ис, уæд æй хъуамæ чидæр хæсса æмæ уый, удварн дзыллæйыл, уæлдайдæр, хъомылгæнинæгтыл, фыццаджы-фыццаг фæтауы ахуыргæнæг. Батрадз йæ ахуыргæнæгмæ – Шамилмæ, нæ бон у зæгъæм, йæ зæрдæйы æппæт уарзт, йæ фарны ахаст йе ‘мдзæвгæйы кæрон уымæн раргом кодта:

*О ахуыргæнæг, – цардарæзты суадон!*
*Дæ рухс удæй дзæнгæрджытæ цæгъдыс*
*Æмæ нæ хоныс ног фæндæгтæм абон,*
*Рæдауæй нæм дæ уды хъарм хæссыс[2].*

(«Ахуыргæнæг»)

Фæлæ: «Æргомæй чи нæ фæуæнды, абырæгдзинад уый кæны»[3], – загъта Калоты Хазби. Æнæбындурæй нæ. Рæстдзинады къæдзилыл абырджытæ къуыдыртæ фæбæттынц. Уæддæр фæкæны йæ кæнон. Рæстдзинад. Ууыл дзурæг сты, Шамилыл йæ удæгасæй чи æрцыдысты фыст, уыцы бирæ æмдзæвгæтæ: Мамыкъаты Хъазыбеджы «Шамилæн», Гобозты Валерийы «Æрвон зарæг», Хозиты Бари-

[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 222 ф.
[2] К а с а т ы Б а т р а д з. Удцырагъ. – Дзæуджыхъæу, 08. – 76 ф.
[3] К а л о т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 156 ф.

сы «Поэт æмæ Ирыстон», Абайты Арбилянæйы «Шамилæн», Дзуццаты Эльбрусы «Шамилæн» æмæ æнд. Джыккайы-фырт сæ кæмæн саг-лæг уыдис, кæмæн – «Къостайы уаз фæдон», кæмæн – фæдисон... Уымæн æмæ йæ рæстдзинад армы æвæрдау уыд. Фæлæ рæстылдзурæг ницæйæгты цæстысындз у. Шамилы тыххæй мæнæ ацы рæнхъытæ ууыл дзурæг сты: «Æрцæудзæн, мæ кæстæр, рæстæг, Тæрсдзысты дæ ‘рвад уа, хæстæг...»; «Рæстдзинад чи агуры ‘дзух, Фæисынц нæм ууыл сæ къух...»; «Ныззилдзæн дæ хæнт сæрмæ арв, Зæхх хаудзæн дæ къæхты бын арф...»; «Дæ цæфтыл дыууæ къухæй хæц, Дæ ристыл уыргхæлдæй дæр хъæц...»; «Дæ къæсы дæм нал хаудзæн бар: «Истори сындзæхгæдæй дар!..»; «Дæ хъæстæ дын мардзæн дæ уд»...

*Ныббогъ кæны йе ‘взагыл стур,*
*Ды, дам ыл ныффæлдах цъæх дур...*
*Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.*
*Æвзиддзæн дæм уæлбылæй тъуз:*
*«Дæхи къухæй де стæг нырдуз!..»*
*Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.*
*Зын вæййы мæлын дæр.*

*Нæ уадзай кæд цъыфмæ дæ сæр,*
*Æвзиддзæн дæм ахсты къæсæр...*
*Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.*
*Хæрдзæнис дæ нацийы сыст,*
*Уæддæр та-иу, фениксау, сыст...*
*Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.*
*Зын вæййы мæлын дæр.*

*Кæд разынай ахæм æцæг,*
*Нæ дæм хаудзæн цардæй ыстæг...*
*Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.*
*Уæддæр-иу æхцонæй нырриз,*
*Дæхи дæр дæ сыкъатыл сис,*
*Кæн ахуыр мæныл –*
*Лæг зоны мæлын!*[1]

(«Хуыздæр бон нæ уыдис»)

[1] Р о к с а л а н. Цатыр. – Цхинвал, 2012. – 49–50 ф.

Æмæ Шамил акодта саг-лæджы мард. Ууыл дзурæг у, цæссыгдзастæй йыл цы поэзийы сатæг къæвда уары уæдæйардæм, уый. Ирон дзыхæйдзурджытæй йæ хъуыдытæ поэтикон æгъдауæй (зарæг уа æви хъарæг) зæгъын йæ бон кæмæн у, уыдонæй иунæг ахæм адæймаг нал баззад, Шамилыл йæ хъæлæсыдзаг чи нæ баеудодой кодта, йæ алыварсуæвæг дзыллæ кæмæн нæ багъе-гъе кодтой. Йе 'нусон дунемæ уыйбæрц цæссыг ахæссыны амонд саглæгтæй дæр алкæмæ не 'рхауы. Шамил æрмæст йæ удæгасæй нæ, йæ адзалæй дæр ссис адæмон. Йæ уд йæ адæмы фарнæй уыд. Алыккаты Хазби дзырдта: «...Хæхтæн сæ бынатæй фезмæлæн ис? Хурæн йæ фæндагæй фезмæлæн ис? Фидар сты! Мæ фæнд дæр афтæ фидар у. Цалынмæ мæ зонд кæрда, мæ уæнг змæла, мæ тугдадзин цæва, уалынмæ мæнæн мæ фæндыл гуырысхо кæнæн дæр нæй, аивæн дæр мын æй нæй»[1].

Никæй бон дæр баци йæ аивын.

Лæгау-лæг, цалынмæ хъуыддагмæ не 'рæвналы, уæдмæ йыл ныхъхъуыды кæны бæстон, цæмæй мацы рæдыд æруадза, стæй, симды куы бацæуай, уæд хъæуы, куыд æмбæлы, афтæ симын. Джыккайты Шамил ахæм уыд. Йæ маст æнæхъæн Ирыстоны фыдох уымæн уыдис æмæ у. Уымæн ыл дзыназæм («Ыскодтам дæ мæрдæй саутæ»):

*Зæрдæуынгæгæй фыццаг кæркуасæн*
*Фыдбоны халон Джыккайтæм уасы.*
*Æллæх, мæ боныл, зынгхуыст Шамилы*
*Йæ туджы мæцгæ хæдтулгæ 'рласы.*

*Дæ зынджы хай дыл æнæнхъæлæджы*
*Цæмæн ахуыссыд фыдгулы къухæй!*
*Зæрдæрыстæй дыл дæ буц хъæбултæ*
*Æхсæвæй, бонæй кæуынц æдзухæй.*

*Ыскодтам, Шамил, дæ мæрдæй саутæ,*
*Куы нал уромæм нæ судзгæ цæссыг.*
*Хуыцæутты Хуыцау, кæд ма Хуыцау дæ,*
*Цæмæн ныккалдис Джыккайты мæсыг?*

---

[1] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 97 ф.

*Цы лæг фæхъуыдис нæ уарзон Ирæй,*
*Куы нал æрттивы сæууон ыстъалы.*
*Шамилы адæм куыд уарзтой бирæ,*
*Ныр ыл нæ дзыллæ йæ цæссыг калы*[1].

Шамилæн фæстаг хæрзбон кæныны уысм йæ табæты уæлхъус зæрдæхауд, мæстæйдзагæй дзырдтон: «Шамил уыдис æцæг поэт, фæцардис поэты цардæй æмæ амард поэты мардæй. Махæн ныууагъта йе стыр ном. Йæ марджытæ – Ирыстоны къахæргæвдджытæ йæм уымæй дæр мæлдзысты хæлæгæй. Шамилæн ныр йæ бадæн уæлæрвты уыдзæнис. Уынаффæты баддзæн зæдтæ, дауджытимæ æмæ цæрддзу цы Фыдыбæстæ, цы адæмы тыххæй бакодта, уыдонæн цы фарн кургæ у, уый йын амонын нæ хъæуы»[2].

Уæлион цардæй йын куыд цæргæ, цы аразгæ уыд, уый йын амонын куыд нæ хъуыдис, афтæ.

Ныр уыцы хъуыды мæ зæрдыл æрлæууы, Джыккайты Шамилы тыххæй нæ мыхуыры цы дзæвгар номарæн æмдзæвгæтæ вæййы, уыдон кæсгæйæ. Уымæн æмæ йын йæ фæлгонц раздæр, йæ удæгасæй саг-лæг, тохмонц, æнæрцæф, æппæтзонæг æмæ æппæтнымайæг фыссæг, зонадон кусæг æмæ адæймагон адæймагæй æвдыстам, æмæ нæ рæдыдыстæм, фæлæ уыцы хъуыды цæхгæр фæивта йæ адзалы фæстæ. Куыд уынæм, афтæмæй нæ Иры удуæлдай фæдисоны бынат ахсы æппæтуынæг, æппæт-зонæг, æппæтхъом æмæ сыгъдæгуд, уæлæрвты бадæг зæды фæлгонц. Уæлейæ, арвæй нæм чи кæсы, уырдыгæй нæ, цæсты гагуыйау, чи хъахъхъæны, табу кæнын кæмæн хъæуы, ахæм зæды фæлгонц.

Сылгоймаг иууыл æнкъарагдæр кæм нæу, Абайты Арбилянæ Шамилы коймæ цыма къæхтыбынмæ барызт. Йæ «Хъодыгонд зæд» æрымысгæйæ йын нæ бавгъау кодта йæ уды рæбынæй ратæдзгæ дзырдтæ:

*Ды «хъодыгонд» нæ дæ, фæлæ – нæ зæд:*
*Сыгъдæгзæрдæ, сыгъдæгхъæлæс, æргомдзырд...*[3]

(«Шамилæн»)

---

[1] Айларты Михал. Ыскодтам дæ мæрдæй саутæ // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 175–176 ф.

[2] Шамилы табæты уæлхъус (Авт. архивæй).

[3] Абайты Арбилянæ. Шамилæн // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 191 ф.

Хæмыцаты Албег бацархайдта, цæмæй уыцы аив хъуыды ноджы фæпоэтикондæр кодтаид:

*Дæ рыст зæрдæйы артдзæсты цы зынг сыгъд,*
*Уый тавдзæни нæ уазал къуымтæ, мах.*
*Дæуæн æргъæу Парнасы дуæрттæ байтыгъд,*
*Дæ уды фарн нын басгуыхти цырагъ!*[1]

(«Номарæн æмдзæвгæ»)

Æмæ уыцы уаз, адæймагæн кадгæнæг сæнттыл æрмæст уыдон нæ уыдысты æмæ не сты. Уæззау трагедийы райдайæнæй ахæм удсыгъдæггæнæн хъуыдыйыл хæст у Гæджынон-Хабæты Риммæ дæр:

*Ныр зайдзæни дæ къахы фæдтыл уарди,*
*Ыстъалыйæ æрттивдзынæ цъæх арвыл!*[2]

(«Дæ кад дæ азтæй мин хатты фылдæр уыд...»)

Стъалыйау æрттивын, мæйау рухс кæнын дæр нæу алкæй бон. Æмæ, уæдæ, зæдау тæмæнтæ калын, сыгъдæг уд уæвын, тыхст адæймаджы фарсмæ иу скойæ февзæрын кæцæй хъуамæ уа æнцон, фæлæ нæ дзыллæ уыцы тых банкъардтой Шамилмæ, федтой йæм æй сæхи цæстæй æмæ сын æндæр фæндаг ничи уал ницы хуызы бауырнын кæндзæнис.

Уыцы хъуыды бæлвырддæрæй зæгъыныл уый охыл зæрдиагæй бацархайдта Къæбысты Уарден:

*Нæ Ир, куынæ стæм цаудтæй, уæд*
*Фыдгул куыд баххæссыд зæдлæгмæ?*

Стæй ноджы дарддæр зæгъы:

*...Лæгхор! Лæгдзинадæй дæ цух,*
*Æндæра... Афтæ ‘васт лæгдуагмæ*

---

[1] Х æ м ы ц а т ы А л б е г. Номарæн æмдзæвгæ / Рæстдзинад, 2011. – 2 июль.

[2] Г æ д ж ы н о н-Х а б æ т ы Р и м м æ. Дæ кад дæ азтæй мин хатты фылдæр уыд... / Уый дæр уым.

*Фыдмонцæй не систаис къух,*
*Йæ Ир дзы не ‘рцыдаид хъуагмæ!*[1]

(«Нынкъуыстис адæргæй нæ зæхх»)

Стыр адæймæгтæн сæ цард дæр, сæ кой дæр иу бонæн нæ вæййы. Йæ Фыдыбæстæ, йæ адæмы æхсæн, стæй дунейы дæр йе ‘цæг бынат æрцахсы йæ адзалы фæстæ.

Джыккайты Шамил стыр лæг уыдис, уæлдайдæр, Ирыстонæн æмæ рæстæджы цыдимæ йæ фæлгонц – ирон зæды фæлгонц стырæй стырдæр кæй кæндзæнис, не ‘рвон ныфсытæ йæ номæй ноджыдæр иуфылдæр кæй фесты, уый дызæрдыггаг макæмæн хъуамæ уа.

[1] К ъ æ б ы с т ы У а р д е н. Нынкъуыстис адæргæй нæ зæхх / Уый дæр уым.

## КÆРОНБÆТТÆН

«Æцæг лæг уый у, æмæ рæстдзинад чи кæны»[1], – зæгъы ирон æмбисонд. Рæстдзинад чи кæны, уый ма йæ фыдæлты фарныл хæст куы уа, уæд ын æнтысы. Æмæ мах, ирон адæм, – табу – Хуыцауæн, – уыцы фарнæй, –æвзæртæ кæмæ æмæ кæм нæй, – сæрсæфæн былы сæр дæр никуы фæиппæрд стæм. Фыдæлты фарн Хуыцауы фæдзæхстау хæссæм – «Атъæпп уа, цы фыййау хоны амондджын йæхи!»[2] («Лæскъдзæрæн»). Историон зонæдты доктор Тъехты Баграт загъта: «...индо-иранцы обосновавшиеся на Кавказе, в процессе тысячилетних контактов с кавказким окружением в сфере мате-риальной и духовной культуры постепенно «окавказились», навеки закрепившись в центральной части Кавказа. Но иранские племена никогда не теряли свой язык и свою самобытную духовную культуру, особенно же в тех регионах, где они проживали компактно, а такими регионами были северный и южный склоны Большого Кавказа»[3].

Уыцы стыр культурæ, Фыдыбæстæ æмæ радтæг адæмыл къух макуы исын, æндонвидар айнæг дæр хи дзыллæйы пайдайæн фатау æгæрдын уыдис йæ туджы æмæ йыл никуы иста йæ къух, дзырд-иу цард æмæ мæлæтыл куы цыдис, уæддæр. Уымæн æмæ, адæймагæн зындæр вæййы, йæ алыварс цытæ фæцæуы, уыдонæй алцы дæр бæстон куы фæуыны æмæ лæмбынæг куы фæзоны, уæд. Фæлæ Секъа загъта: «Зындзинады фидар лæууын лæгæн хъæуы чъырын сисау»[4]. Шамил сæ куыд уыдта æмæ зыдта, уый бæрæг у йæ цард æмæ йе сфæлдыстадæй. Уымæн хъæрзыдта:

*Охх, тыхбаримæ зындоны*
*Чи кæны быцæу!*
*Ам куырыхоны тæрхоны*
*Амбулы быдзæу.*

---

[1] Ирон адæмон сфæлдыстад. 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 390 ф.
[2] Хетæгкаты Къоста. Равзаргæ уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1989. – 76 ф.
[3] Техов Б. В. Осетины – древний народ Кавказа. – Цхинвал, 1993. – 13 ф.
[4] Гæдиаты Секъа. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 95 ф.

*Бæстæ сатæг у къуымыхæн,*
*Зондæн та – æнуд.*
*Сахар – ахæстон мæ тыхæн,*
*Бастад дзы мæ уд.*

*Ахсынц мах фæндæй фыдгултæ*
*Цадæггай нæ зæхх,*
*Хъанау сæ кæнæм хъæбултæ,*
*Марынц нæ дзæбæх.*

Æмæ поэт æхсæвæй-бонæй бæллыдис хуыздæр, рухсдæр æмæ фæрнджындæр бон-мæ, цæмæй нæ Фыдыбæстæйæн федтаид йæ цæстыдзаг хæрзтæ, хур ыл ракæсгæ. Æмæ йæ не 'мбæхста. Йæ дзырд уыдис бæлвырд æмæ комкоммæ: «Нæ разы ис бирæ хæстæ. Сæ сæйрагдæр у национ идейæ стыхджын кæнын. Уый хъуамæ ахъара нæ туг æмæ нæ зонды, – уæд нæ тыхтæ дæтдзыстæм Ирыстонæн. Мах хъæуы патриотон хъомылад нывыл сæвæрын. Уымæн йæ фадæттæ сты ахуырад æмæ зонынад. Зонындзинæдтæй ифтонг чи у, уый у ныфсджын æмæ цардхъом, уымæн йæ зонд у рухс æмæ уыны фидæны фæндаг. Мах хъæуы этикæ ахуыр кæнын, – уæд зондзыстæм, цы у намыс, лæгдзинад, национ сæрыстырдзинад. Нæ хицауады сæйраг хæс у наукæ, ахуырад æмæ культурæйы рæзтæн фадат аразын. Иу боны цинтæй цæрæн нæй. Адæмæн историон кадгæнæг сты чиныг æмæ геройты сгуыхт»[1].

Нæ хæдахуыр фыссæг Секъа нын кæд загъта: «...нæ чиныг, нæ зондæй хуыздæр нæм ниц и»[2], – фæлæ нæм уый куырыхон дзырд дæр рæстмæ нæ фехъуыст. Шамил дæр йæ уд хъæрдта ирон зондахаст чиныгмæ здахыныл. Фидарæй йæ уырныдта æмæ йæ махæн дæр уырнын кæны, нæ къухы цы чиныг æфты, уый ныл царды рухс таг кæй сæмбæлын кæндзæнис:

*Ехх, фæзын, фæзын, сæуæхсид,*
*Тар æхсæв фæсур,*
*Кæд нæ зæххы сæг æрæхсид*
*Уæд йæ рухсæй хур!*[3]

(«Сагъæсаг зарæг»)

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Нæ уавæр, нæ хæстæ / Стыр ныхас, 1996. – 24 февраль.

[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 10 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 184–185 ф.

Адæймаджы хъуыддаг афтæ у – нæ хуыздæрты, нæ зондамонджыты сидтытæ нæм æрæджыйау фехъуысынц, куы сæ фехъусæм, уæддæр сæ нæ зонды нæ ныффыссæм æмæ нæ айрох вæййынц. Нал разынынц нæ зæрдæфысты дæр.

Уыдæттæ æгæр хорз дæр зыдта нæ фыссæг æмæ ахуыргонд, нæ сæрыл рæстдзинады сæрвæлтау æгъатыр, удуæлдай тохгæнæг. Уымæн нын æвдисæн йе ‘мдзæвгæ «Поэты къухфыст».

Мæгуыры хурбон дæр куыд цæвы арв, афтæ та: «Цардис иу поэт мæгуырæй. Агуырдта цырагъæрухсæй къæбæр», – уæддæр «Рухс уыд хъал зæрдæ йæ фынтæй, Лæг куы уа уæздан æмæ ныфсхаст, Уæд нæ фæтыхсы йæ зынтæй». Иу къупец ын уымæн фæцис хæрзгæнæг: «Радта йын бынат йæ цары. Цар тæдзы – тæссагæй уым цы ис? Цæр – хъæбæр их дыл нæ уары!» Фæлæ: «Стонг гуыбын хъуырхъуыргæнаг у»[1]. Поэт: «Барвыста йæ фысыммæ фыстæг, Куры дзы æмгъуыдмæ суари», – фæлæ купец уымæн не скупец, мæгуыртæн хæс дætта. Æмæ: «Уазал æмæ стонгæй Бирæгъ дæр тæрсы, – Удхæссæг æввонгæй Ахæмты хæссы...»[2]

*Ничи уыд дзæгъæл мардыл кæуæг,*
*Арвыл дæр нæ зынд æрхæндæг.*
*Ныр æрзад йæ уæлмæрдыл кæрдæг,*
*Рох у адæмæй йæ фæндаг.*

Уæддæр, Хуыцау адæймагыл куы ауда, уæд, – удæгасæй уа, адзалы фæстæ, – кæддæр йæ хъул сах сбады. Мæгуыр поэт йæ уæлион зындоны бонтæ куы батыдта, уæд:

*Рацыди кæйдæр фæрцы йæ том,*
*Систам дис æмæ тæмæстæ.*
*Арвыл хурау абадтис йæ ном,*
*Цинæй байдзаг и нæ бæстæ.*

*Хастой йын дзыхæй-дзыхмæ йæ кой,*
*Адæм базыдтой сæ фырты.*
*Цинæй разылд се ‘фсæртыл куырой,*
*Бадынц мысæн бон æмбырдты.*

---

[1] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал–Дзæуджыхъæу, 2013. – 251 ф.
[2] Х е т æ г к а т ы К ъ о с т а. Равзаргæ уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1989. – 33 ф.

*Буд судзынæй нал зыдтой æлгъæд,*
*Кодта хорз купец дæр дистæ.*
*Иу изæр æнæнхъæлæджы уæд*
*Лагъзæй рагон фыстæг systa.*

Адæм мæнгæй нæ акæнынц: «Хуыцау амонд кæмæн дæтты, уымæн æй йæ ныхыл баныхасы»[1]. Æмæ фæцæры уый фæрцы дæр. Æндæра Сергей Есенин йæ уды хъизæмаримæ куы хордта «ард»: «Нет любви ни к деревне, ни к городу, Как же смог я ее донести?»[2] («Не ругайтесь, такое дело...»), кæй бæллицтæй цард, уыцы дуне тугкалгæйæ куы стыдта йæ риуæй[3], уæд ма цы ныфсæй лæууыд йæ къахыл?

Фæлæ Шамилы Поэты хъысмæт бынтон æндæр у. Суари йын хæс радтын цы мæрддзæст купецы цæст нæ бауарзта: «Бахудт къупец сонт митыл тызмæг, Загъта: «Уый та дын нæ уари!» – уый йын сырæзт йæ фыстæджы æрæджиауы фендæй:

*Нал хæцыд сæудæджерыл хуыссæг,*
*Бафтыд катай æмæ цинбл.*
*Дыккаг бон поэты къухфыст лæг*
*Радта иу музейæн миныл[4].*

Æмæ йæ куыдфæнды лæмарæм, уæддæр Джыккайыфырт йæ цардæй, йе сфæлдыстадæй равдыста не ’гъатыр, фæдисыллæуд царды гом æмæ хъыгаг рæстдзинад. Тыхæй нæ куы бафæнда, уæддæр дзы никуыдæм ис фæлидзæн. Æгæрыстæмæй, Шамилæн йæхи бон дæр нæ уыдис уыцы фыдрæстдзинадæй йæхи бааууон кæнын. Йæхи дæр ыл уымæн нæ батыхсын кодта. Хи дзы бааууон кæнынæй йæ ныхмæ æргомæй тох кæнын нымадта хуыздæрыл æмæ цыд уыцы фæндагыл.

Гуæздæрты Азæ зæгъы: «Шамиль Джикаев воплотил в своем облике лучшие черты Гражданина, Человека и

[1] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал–Дзæуджыхъæу, 2013. – 320 ф.
[2] Е с е н и н С е р г е й. Собр. соч. в 6 т. Т. 1. – М., 1977. – 187 ф.
[3] Н а у м о в Е. Сергей Есенин. – Москва–Ленинград,1965. – 131 ф.
[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 186–187 ф.

Поэта»[1]. Уый Ирыстоны, алы ницæйаг дæм æрвыл уысм йæ къах куы дара, дæ хурхмæ дын кард куы хæсса, уæд æнцон хъуыддаг нæу. Уый стыр хъайтардзинад у. Фæлæ Шамилæн бантыст царды бæрзæндмæ схизын, нæ адæмы æд аив литературæ лæджымбæрц сисын.

Джыккайы-фырты хъæздыг бынты ирдæй зыны, кæй уыдис Ирыстоны сæрыл, ирон идейæйыл хъæбатыр тохгæнæг, йæхицæн кæй никуы лæвæрдта æнцой, кæд-иу хъæддаг адæймаггæндты æхсæн йæ удæн уыдис тас æмæиу æй цыфыддæр сау лæты аххосæй тæрхондæтты йæ рæстдзинад бæл-вырд кæныны сæр бахъуыд, уæддæр. Зындгонд ын уыд алцы дæр: «Сафынмæ кæй хъавыс, уый ныхмæ цыфæнды мадзал дæр бæззы»[2]. Уæлдайдæр, йæ цæсгомыл йæ къух чи сисы, адæмы хъæр кæмæ нал фæхъуысы æмæ, кæм цы цъыфхортæ ис, уыдон æмдзæгъдмæ чи фæкафынц, уыцы гæбæррагъ тугæйдзаг æрмтты хицæуттæн. Фæстæ ницæуыл уал фæхæцынц.

Се ‘мдзæхтон куы уыдаид, сæ уæрдоныл куы бадтаид, уæд æй сæ фæтæг скодтаиккой, чи зоны, се ‘рмтты йын хъайла фыхтаиккой, уымæн æмæ сæ хъуыдис йæ зонд, йæ тых, йæ фарн. Фæлæ сын сæ мæнгард митыл худгæ кодта, уымæн æмæ: «Нæ уæрдон аргъуанмæ фæхæстæг, Уæд алчи бадæнæй цытæн Чысыл фæиртасы йæ фæстаг». Фæлæ йæхæдæг фарны лæг кæй у, уый тыххæй уый та табу кæны «Хъуыды æмæ Фæллойæн!» Сæрыстыр æмæ ныфсхастæй уымæн дзырдта:

*Мæ сæрæй акувын ныллæг*
*Къоста, Васо æмæя Балойæн[3].*

*(«Зæххыл цытæ цæуы, цытæ!»)*

Ахæм адæймаг йæ царды кæрон йæ адзалы бонæй дзæвгар раздæр фæуыны, фæлæ йæ Фыдыбæстæ, адæмы хъысмæтæй дарддæр уый нæ фендавы, йæ сæр æфснайын, йæ сæрыл кæуымæ йæ уымæн нæ равдæлы. Афтæ уыд нæ

[1] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 4 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæй фæдыл у цъиувæдис? / Рæстдзинад, 2008. – 1 ноябрь.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 236 ф.

разагъды поэт æмæ ахуыргонд, нæ фидыцы хъысмæт дæр. Æмæ уый бæрæгæй зыны йæ уацмыстæй бирæты:

*Цæфтæй тыгъд быдыры мæлын,*
*Цъæх арв мыл бонрæфты ныттар и.*
*Бæлон дæн æз, уæддæр кæнын*
*Мæхицæй мæргъты хæсты уари.*

*Нæ дæн фыдæхимæ лымæн,*
*Хыгъд ысты Уæллагæн нæ тыхтæ:*
*Мæнæн мæ урс пакъуы – фæлмæн,*
*Цыргъ ысты тугдзыхтæн сæ ныхтæ[1].*

(«Бæлон»)

Ахæм цæвиттонтæ нæ бон у, хæссæм æмæ хæссæм. Фæлæ сæйраг уый нæу. Йæ лæджыхъæд сæйраджы-сæйраг ис йæ кæуинаггаг адзал кæй зыдта, фæлæ нæ Фыдыбæстæ, нæ адæмы фарнæн йæ уд уыдонæй уæлдæр кæй не 'вæрдта, уый у.

*Зын у цæрын. Æлгъыст зæххыл лæгæн*
*Йæ цард, йæ фæндаг никуы сты йæхи бар.*
*Йæ фæндтæн нæй мадзал æмæ гæнæн,*
*Нæ уадзынц мæн мæ тыхст сагъæстæ хибар.*

*Зын у цæрын. Зæххыл рæстдзинад нæй,*
*Уыны хайуан йæ цæстысындз æфсургъæй.*
*Лæгау лæг нæм куы фæзыны, уæд æй*
*Фыдгулау марынц агъуыд адæм хурхæй[2].*

(«Зын у цæрын»)

Ноджыдæр æй зæгъын хъыгзæрдæйæ, фæлæ ныфсджын æмæ хъæрæй: Джыккайты Шамил уыд поэт æмæ акодта поэты мард. Нырмæ кæд не 'хсæн цард, рæсугъд нын кодта нæ цард, амыдта нын нæ цардвæндаг, цыдыстæм дзы сæрыстырæй, уæд ныр ссис сыгъдæг уд æмæ

[1] Уыйдæруым, 203 ф.
[2] Уыйдæруым, 257 ф.

нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы æппæтзонæг, æппæтхъом зæдтимæ, цæстыгагуыйау, хъахъхъæндзæн уæларвæй. Айларты Зарæ уымæн загъта: «Стъалытæм стъалы атахт... Махмæ та дардæй хъуысдзæн дæ нæргæ хъæлæс»[1].

«Джыккайты Шамилы сфæлдыстадон æрмдзæфы цы арф хъуыды æвæрд ис, уый нæ зæрдæйы уылæны куы баиу кæнæм, уæд та нæм разыны, ирон таурæгъты фарн кæм батадис, ахæм нæртон бæстæ. Æмæ цадæггай базонæм «Æфсармы» уидаг, «Цæф сæгуыты маст», «Амраны зæрдæйы» туджы цавд, «Сагъадахъы» хъынцъымтæ, «Æхсæвы æртыты цæхæр» æмæ «Саст дзæнгæрæджы» хъарæг. Æмæ сагъæсты цъайы куы ныххауæм, уæд нæ размæ рацæуынц «Разагъды лæгтæ» æмæ нын бамбарын кæнынц нæ адæмон поэты «Ныхасы фарн». Ахæм романтикон æмæ монон балцы фæстæ нын Шамилы сфæлдыстадон дуне фесты зæххон дзæнæт. Æмæ нæ алкæмæ дæр æрхауы рæвдыды хай. Арвы зынг зæххон зæрдæимæ кæм баиу вæййы, уым, нæртон лæгау, бахсиды зарæг. Æмæ лæг уымæй бæрц нæ зоны, суанг дзы йæ мæлæт куы ссары, уæд дæр. Йæ зæрдæйы норст цæхæр куы ныггуыпп ласы, уæд зæххонтæй нал вæййы – æрвонтæй»[2], – нæ фыссæг, зонадон кусæг æмæ хъомылгæнæгæй поэтиконæй уымæн зæгъы Хозиты Барис.

Калоты Хазби Ирæн цы лæгъзтæ кодта: «Уарзын дæ æмæ курын, ма мæ ферох кæн»[3], – уый æрцæуудзæнис Джыккайты Шамилыл: Ирыстон æй никуы ферох кæндзæн. Æмæ уымæй дæр хурæргом къахдзæнис нæ фыдызнæгты цæстытæ.

---

[1] А й л а р т ы З а р æ. Стъалы стъалытæм атахт // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012. – 101 ф.

[2] Х о з и т ы Б а р и с. Лæгæн йæ намыс у йæ мæт / Рæстдзинад, 2010. – 25 февраль.

[3] К а л о т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 88 ф.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

*Абаев В. И.* Скифы и осетины // *Геродот.* Мелпомена. – Владикавказ, 1991;

*Абайты Арбилянæ.* Аккаг куыстæн – аккаг кад / Рæстдзинад, 2010. – 10 ноябрь;

*Абайты Арбилянæ.* Дæ зæлдаг зæрдæйы фæд / Рæстдзинад, 1999. – 17 апрель;

*Абайты Арбилянæ.* Джыккайты Шамил: «Æз бæллын Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарнмæ» / Рæстдзинад, 2007. – 31 май;

*Абайты Арбилянæ.*. Фыссæг æмæ поэты ныстуантæ / Рæстдзинад, 2007. – 21 сентябрь;

*Абайты Арбилянæ.*Шамилæн // *Авторты коллектив*. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Абайты Васо.* Мах дуг. 1989. – № 5;

*Айларты Зарæ.* Стъалы стъалытæм атахт // *Авторты коллектив*. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Айларты Михал.* Ыскодтам дæ мæрдæй саутæ // *Авторты коллектив*. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;

Анонимный автор. Письма из Осетии // *Коллектив авторов*. Периодическая печать Кавказа об Осетии и осетинах в 3 т. Т. 1. – Владикавказ, 2014;

*Ардасенты Хадзыбатыр.* Сæрибары зарæггæнæг // Мах дуг, 1948. – № 8;

Aulard F. A. Le grands Francais/ Danton. 2 ed. – p. 1877;

*Ахматова Раиса.* Великий гнев, великая любовь // *Коллектив авторов*. Мятежная лира горца. – Владикавказ, 1981;

А в т о р ы а р х и в æ й;

*Бæциаты Агуыдз.* Иры артдзæст. – Дзæуджыхъæу, 1995;

*Бабаев С.* Черная зима Цхинвала / Советская культура, 1991. – 16 март;

*Багаты Лади.* Къостайы мондæгтæ сæ исын / Пульс Осетии, 2006. – № 37–38. – сентябрь;

*Барахъты Гино.* Уæлладжыры кадæг. – Дзæуджыхъæу, 1975;

*Басили.* – 46, 50, 52, 54, 57, 68 ф. æ. а. д.

*Бахрах Бернард С.* Аланы на Западе. – М., 1993;

*Бекоева Мадина.* И это все о нем... / Северная Осетия, 2011. – 5 июль;

*Белинский В.* Взгляд на русскую литературу. – М., 1981;

*Бестауты Гиуæрги.* Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003;

*Битарова Марина*. / Фидиуæг, 2011. – № 1;

*Блок А.* Соб. соч. в 6 т. Т. 2. – Л., 1980;

*Брытъиаты Елбыздыхъо.* Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981;

*Брытъиаты Елбыздыхъо.* Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982;

*Булкъаты Михал.* Дзæбидыры сæррæтт // Мах дуг, 1992. – № 2;

*Вахтангова З.* Образ родины, образ эпохи / Социалистическая Осетия, 1982. – 5 октябрь;

*Владимирова Г.* Легенди творят люди // Театральная жизнь, 1980. – № 23;

*Гаглойты Владимир.* Ӕдзæрæг мæсгуытæ // Фидиуæг, 1989. – № 7;

*Гæбæраты Юри.* Иры зарæг, Иры хъарæг / Хурзæрин, 2013. – 2 март;

*Гæбæраты Юри. Гæбæраты Юри*. Фыды зæххæн зæрдæйы хæссæн ис / Хурзæрин, 2005. – 26 март;

*Гæдиаты Цомахъ.* Брытъиаты Елбыздыхъо // Мах дуг, 1941. – № 5;

*Гæдиаты Н.* Мысинæгтæ Цомахъы тыххæй // Фидиуæг, 1982. – № 1;

*Гæдиаты Секъа*. Азау. –Дзæуджыхъæу, 1981;

*Гæдиаты Секъа.* Уацмыстæ. – Цхинвал, 1979;

*Гæдиаты Цомахъ.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951;

*Гæдиаты Цомахъ.*Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959;

*Габисова Светлана.* Плачь о друге // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Газдаравова А. Х.* Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010;

*Ганджеви Низами.* Искандер Намэ. 1 ч. Шараф Намэ. Дувал бросается в бой. – Баку, 1953;

*Гафез.* Адджын у цард. – Сталинир, 1948;

*Георгиаты Р.* Рæстдзинад – йæ хотых /Ленинская смена, 1990. – 16 март;

*Годизова Зара.* И это все о нем… / Северная Осетия, 2011. – 5 июля;

*Горький М.* Собр. соч. в 30 т. Т. 24. – М., 1953;

*Государственный комитет информации печати и Республики Южная Осетия.* Республика Южная Осетия. – Цхинвал, 2007;

*Громова Маргарита*. Мир современной драмы // К о л л е к т и в а в т о р о в. Драматургия второй половины XX века. – М., 2006 ;

*Гуæздæрты Азæ, Бететы Фатимæ.* Национ иудзинады темæ Джыккайты Шамилы трагеди «Хъодыгонд зæд»-ы// Фидиуæг, 1914. – № 4;

*Гуылæрты Барис.* Нæ нæм хъуыст фыдохы йæ фæдис // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Гуырджибети Блашка.* Уаджимисти æмбурдгонд. – Дзæуджыхъæу, 1966;

*Гюго В.* Собр. соч. в 15 т. Т. 14. – М., 1956;

*Джикаев Шамиль.* Будет грустно, если только одни поэты останутся романтиками / Северная Осетия, 2000. – 26 февраль;

*Джикаев Шамиль:* Мы все – рабы олигархической эпохи / Стыр ныхас, 2010. – Март;

*Джикаев Ш. Ф.* Фольклор и осетинская советская поэзия 1917–1941 гг. – Владикавказ, 1972;

*Джусойты Нафи.* Æрвыстæг поэтмæ / Рæстдзинад, 1992. – 10 ноябрь;

*Джусойты Нафи.* Елбиздико Бритаев. – Цхинвал, 1963;

*Джусойты Нафи.* Сагъæс æнæфыст чиныгыл // Рæстдзинад, 2015. – 25 февраль;

*Джусойты Нафи.* Уацмысты æмбырдгонд. Т. 2. – Цхинвал, 2015;

*Джусойты Нинæ.* Æмæ, дам, зæдтæ нæ мæлынц // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Джусойты Нинæ.* Поэты зæрдæ – адæмæн нывонд / Рæстдзинад, 2008. – 4 март;

*Джыккайты Шамил.* Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;

*Джыккайты Шамил.* Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007;

*Джыккайты Шамил.* Æвзæрст уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015;

*Джыккайты Шамил.* Æз бæллын Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарнмæ / Рæстдзинад, 2007. – 31 май;

*Джыккайты Шамил.* Æмдзæвгæ æмæ поэзи // Мах дуг, 2004. – № 12;

*Джыккайты Шамил.* Æфсарм. – Дзæуджыхъæу, 1964;

*Джыккайты Шамил.* Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;

*Джыккайты Шамил.* Адæмы фарн бирæ у / Рæстдзинад, 2004. – 2 ноябрь;

*Джыккайты Шамил.* Амыраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973;

*Джыккайты Шамил.* Арв. Цæссыг. Стъалы... // *Авторты коллектив* – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Джыккайты Шамил.* Изæрмилты кувын. – Цхинвал, 2002;

*Джыккайты Шамил.* Ирон дзырдаивад: поэтикæйы фарстытæ // *Джыккайты Шамил, Гуæздæрты Азæ, Джыккайты Зæринæ.* Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005;

*Джыккайты Шамил.* Ирон литературæйы истори (1917–1956 азтæ). – Дзæуджыхъæу,2003;

*Джыккайты Шамил.* Курдиаты æнæахуысгæ цæхæр / Рæстдзинад, 2006. – 2 ноябрь;

*Джыккайты Шамил.* Нæ ныхасы сæр поэзи // Мах дуг, 1988. – № 7;

*Джыккайты Шамил.* Нæ уавæр, нæ хæстæ / Стыр Ныхас, 1996. – 24 февраль;

*Джыккайты Шамил.* Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010;

*Джыккайты Шамил.* Ныхасы фарн. – 1996;

*Джыккайты Шамил.* Поэт æмæ адæм // *Авторты коллектив*. Осетинская филология: история и современность. Выпуск III. – Дзæуджыхъæу, 1999;

*Джыккайты Шамил.* Рагон ирон цард æмæ адæмы зондахаст: Миф. Фольклор. Æгъдау. – Дзæуджыхъæу, 2009;

*Джыккайты Шамил.* Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;

*Джыккайты Шамил.* Ракæс // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Джыккайты Шамил.* Сæрибары фидиуæг // *Джык кайты Шамил*. Разагъды лæгтæ. Дзæуджыхъæу,1999;

*Джыккайты Шамил.* Сагъадахъ. – Дзæуджыхъæу, 1980;
*Джыккайты Шамил.* Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000;
*Джыккайты Шамил.* Стыр райдайæн // *Брытъиаты Елбыздыхъо*. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981;
*Джыккайты Шамил.* Таурæгъ – адæмы дзургæ истори // *Адæмон сфæлдыстад.* Ирон таурæгътæ. – Дзæуджыхъæу, 2014;
*Джыккайты Шамил.* Уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1986;
*Джыккайты Шамил.* Удфидар ут. Зынтæн лæг хъæуы / Рæстдзинад, 2008. – 12 август;
*Джыккайты Шамил.* Фæдзæхст // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;
*Джыккайты Шамил.* Фæлгонцаразæн фæрæзтæ Грисы трагеди «Чермен»-ы // *Авторты коллектив.* Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005;
*Джыккайты Шамил.* Фæцæуынц бирæгъты цот хадзы // Мах дуг, 2008. – № 7;
*Джыккайты Шамил.* Фольклор æмæ ирон советон поэзи: 1917–1941. – Дзæуджыхъæу, 1972;
*Джыккайты Шамил.* Фыссæг æмæ цард / Рæстдзинад, 2003. – 24 май;
*Джыккайты Шамил.* Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993;
*Джыккайты Шамил.* Хъуыдытæ… / Рæстдзинад, 2000. – 26 февраль;
*Джыккайты Шамил.* Цæй фæдыл у цъиувæдис? / Рæстдзинад, 2008. – 1 ноябрь;
*Джыккайты Шамил.* Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969;
*Джыккайты Шамил.* Цардфæлварæн // Мах дуг, 1986. – № 5;
*Джыккайты Шамил.* Язык есть исповедь народа / Северная Осетия, 2002. – 20 август;
*Дзасохты Музафер.* Тæлмацгæнæгæй // *Шекспир Уильям*. Сонеттæ. – Дзæуджыхъæу, 2014;
*Дзасохты Музафер.* Фæлæ… // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
*Дзугаты Георги.* Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – 1972;
*Дзаттиаты Г.* Творчество Елбыздыко Бритаева в осетинской литературной критике. – Цхинвал, 1982;

*Дзугаты Хаджумар.* / Рæстдзинад, 1974. – 13 июль.
*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000;
*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;
*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Биографи. – Цхинвал, 1990;
*Дзыныхаты Аленæ.* Æнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы. – Дзæуджыхъæу, 1999;
*Дидро Денни.* Избр. атеистич. произв. – М., 1956;
*Джыккайты Шамил.* / Хурзæрин, 2011. – 28 май;
*Езеты Марклен.* Шамилæн // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;
*Епхиты Тæтæри.* Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1961;
*Еремян С. Т.* Вардан Восточанин. – Ереван, 1946;
*Еремян С. Т.* Степанос Орбелян. – Ереван, 1946;
*Еремян С. Т.* Юрий Боголюбский. Мхитар Гош. – Ереван, 1946;
*Есенин Сергей.* Собр. соч. в 6 т. Т. 1. – М., 1977;
*Икъаты Авдул.* Поэзийы æфсæддон / Ленинское знамя, 1981. – 14 март;
Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
Ирон адæмон сфæлдыстад. 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2007;
Ирон адæмон сфæлдыстад. 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 2007;
Ирон адæмон сфæлдыстад. Ирон таурæгътæ. – Дзæуджыхъæу, 2014;
Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат 4 т. Т. 2. – М., 2010;
Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
*Калоты Хазби.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
*Кануков Инал.* В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985;
*Касаты Батрадз.* Удцырагъ. – Дзæуджыхъæу, 08;
*Касаты Æмзор.* Ирыстон æй никуы ферох кæндзæн // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 1912;

*Кикодзе Геронти*. Сакартвело, 1917. – № 4;
*Козаты Хазби.* Æхсоны цæв æмæ цæхæртæ кала // Фидиуæг, 1964. – № 7;
*Коцойты Арсен.* Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972;
*Коцойты Арсен*. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971;
*Коцты Лизæ.* Зæрдæйы цæхæрæй / Рæстдзинад, 1982. – 3 август;
*Кочысаты Мухарбег.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977;
*Къæбысты Уарден.* Нынкъуыстис адæргæй нæ зæхх / Рæстдзинад, 2011. – 2 июль;
*Къоста.* Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæр, 1951;
*Къоста.* Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2002;
*Къоста.* Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009;
*Къоста.* Равзаргæ уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1989;
*Къудухты Маринæ.* Ирыстон кæуы йæ фыртыл… // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
Картлис цховреба. – Тбилис, 1959;
Картлис цховреба. Т. 1. – Тбилис, 1955;
*Лебедев-Кумач В.* Священная война // *Коллектив авторов*. Песни войны и победы. – М., 2010;
*Лермонтов М.* Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Ленинград, 1979;
*Лютер Бербанк.* Жатва жизни. – М., 1955;
Литература Древнего Востока. Иран, Индия, Китай. Тексти. – М., 1984;
*Магометов Ахурбек, Хозиев Борис.* Поэт, мыслитель, гуманист / Номарæн газет, 2011. – № 1. – 4 июль;
*Малиты Хасан.* Сыгъдæг уды хæрам тыхтæ марынц // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;
*Мамиаты Изетæ*. Фæцæуы, Ир, дæ намысы зæд дард // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
*Мамсыраты Дæбе.* Уацмыстæ 6 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1967;
*Мамсыраты Дæбе.* Уацмыстæ 6 т. Т. 4. – Дзæуджыхъæу, 1969;
*Мамсыраты Дæбе.* Уацмыстæ 6 т. Т. 5. – Дзæуджыхъæу, 1970;

*Мамсыраты Темырболат.* Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982;

*Мамсыраты Темырболат.* Ирон зарджытæ. – Цхинвал, 1965;

*Мамукаев Т. Б.* Тайна Нузальской часовни. – Владикавказ, 1969;

*Манн Генрих.* В защиту культуры. – М., 1986;

Матф. 7, 15;

*Минеев Александр.* Вспоминая ноябрь 89-го // Южная Осетия: и кровь и пепел. – Владикавказ, 1991;

*Мурасты Эльбрус.* Хорз ма ракæн æмæ... / Рæстдзинад, 2009. – 2 апрель;

*Мыртазты Барис.* Бонрæфты. – Дзæуджыхъæу, 1966;

*Мыртазты Барис.* Шамил, дæ ног чиныг «Æфсарм»... // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;

МИД Южной Осетии выразил обеспокоенность в связи с заявлением Саакашвили / Южная Осетия, 2011. – 29 январь;

*Наумов Е.* Сергей Есенин. – Масква – Ленинград, 1965;

*Нигер.* Уацм. æххæст æмб 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981;

*Нигер.* Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1968;

Нигер. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968;

*Нигер.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1988;

Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975;

*Парсиаты А.* Санаты Сем/Смена, 1993. – июль;

*Плавскин З. И.* Четырнадцать магических строк // Коллектив авторов. *Западноевропейский сонет XIII–XVII веков. – Ленинград, 1988;*

*Плиты Грис.* Фыстæджытæй / Рæстдзинад, 2015. – 21 январь;

*Плиты Грис.* Æвзæрст уацмыстæ. 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973;

*Плиты Грис.* Сослан Цæразон. – Дзæуджыхъæу, 1992;

*Плиты Грис.* Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013;

*Плиты Харитон.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972;

*Пушкин А. С.* Собр. соч. в 10 т. Т. 1. – М., 1974;

*Пушкин А. С.* Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975;

*Пфафф.* Этнологические исследования об осетинах. ССК 11. – Тифлис, 1872;

Редакцион уац. Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд / Иры Стыр Ныхас, 2011. – Зæрдæвæрæны мæй;
*Роксалан*. Джыккайты Шамилæн // *Авторты коллектив*. Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;
*Роксалан.* Цатыр. – Цхинвал, 2012;
*Русишвили Григори* / Цнобис пурцели, 1998. – 11 июнь;
*Руставели Шота.* Витязь в тигровой шкуре. – Переводы К. Д. Бальмонта (1936), Г. Цагарели (1937), З. Заболоцкого (1966);
*Сааведра Сервантесде Мигель.* Дон Кихот. – М., 1989;
*Свободный взгляд.* – Владикавказ, 2018. – 31 март;
*Свободный взгляд.* – Владикавказ, 2018. – 24 март;
*Стыр Ныхас.* – Дзæуджыхъæу, 2004. – № 22;
*Соттиты Римæ.* Арвы дзæнгæрджытæ // *Авторты коллектив*. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
*Таутиева Т.* О чем болит сердце поэта Шамиля Джикаева/Северная Осетия, 2005. – 20 май;
*Тедеев Георгий.* Размышления при свете «ночных костров» / Северная Осетия, 1992. – 22 сентябрь;
*Тедеева А., Дзантиев А.* Титан осетинской словесности / Столичная, 2004. – 26 февраль;
*Техов Б. В.* Осетины – древний народ Кавказа. – Цхинвал, 1993;
*Тибилов А.* Творчество Бритаева // Изв. СОНИИ. – Вып. 1. – 1925;
*Тогошвили Г. Д.* Сослан-Давид. – Владикавказ, 1990;
*Тыбылты Алыксандр.* Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1964;
*Тыбылты Алыксандр.* Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
*Тыбылты Алыксандр.* Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
*Уалыты Лаврент.* Мæ дуне. – Дзæуджыхъæу, 99;
*Фет А. А. // Коллектив авторов.* Люблю отчизну я… – М., 1982;
*Фидараты Рустем.* Разныхас / Нарты кадджытæ. 7-æм чиныг. – Дзæуджыхъæу, 2012;
*Хæдарцаты А.* Де уазæг, фæндагсар! // *Авторты коллектив.* Вопросы осетинской литературы и фольклора. – Дзæуджыхъæу, 1993;

*Хæмыцаты Албег.* Номарæн æмдзæвгæ / Рæстдзинад, 2011. – 2 июль;

*Хæмыцаты Албег.* Уыдтæ бæрзонд ныфсы мæсыг нæ Ирæн… // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Хетæгкаты Къоста.* Равзаргæ уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1989;

*Хетагуров Коста.* Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1974;

*Хетагуров Коста.* Собр. соч. в 5 т. Т. 1. – М. , 1959;

*Хетагуров Коста.* Собр. соч. в 5 т. Т. 3. – М., 1960;

*Хетагуров Коста.* Собр. соч. в 5 т. Т. 5. – М., 1961;

*Ходы Камал.* …Æнцой уын нæ дæтты / Литературная Россия, 1970. – 6 – 12 февраль;

*Ходы Камал.* Æхсоны цæв… // *Авторты коллектив.* КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014;

*Ходы Камал.* Балсæджы цалх. – Дзæуджыхъæу, 2009;

*Ходы Камал.* Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992;

*Ходы Камал.* Не дает нам покоя // *Авторты коллектив.* КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014;

*Ходы Камл.* Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;

*Хозиты Барис.* Зæрдæйы хъарм æмæ зонды рухс / Стыр Ныхас, 2005. – № 19;

*Хозиты Барис.* Лæгæн йæ намыс у йæ мæт / Рæстдзинад, 2010. – 25 февраль;

*Хозиты Барис.* Поэты сагъæс æмæ уарзты цин / Рæстдзинад, 2000. – 26 февраль;

*Хозиты Барис.* Рухс адæймаг // *Авторты коллектив*. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Хостыхъоты Зинæ.* Цин æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Хуыгаты Сергей, Ходы Камал, Джыккайты Шамил.* Бонвæрнон.–Дзæуджыхъæу, 1962;

*Хуыгаты Сергей.* Мæ сыхæгты номæй. – Дзæуджыхъæу, 1968;

*Хуыгаты У.* Уарзт æмæ фыдæх / Рæстдзинад, 1966. – 14 сентябрь;

*Хъазиты Мелитон.* Аивадон тыхæй // *Авторты коллектив*. Мыггаджы хуын. – Цхинвал, 2017;

*Хъазиты Мелитон.* Джыккайты Шамил / Хурзæрин, 2011. – 28 май;

*Хъазиты Мелитон.* Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013;

*Хъазиты Мелитон.* Хъарæгæй заргæ... – Дзæуджыхъæу, 2009;

*Хъодзаты Æхсар.* Æхсар. – Дзæуджыхъæу, 1965;

*Хъодзаты Æхсар.* Зынджы бардуаг. – Дзæуджыхъæу, 2003;

*Хъодзаты Æхсар.* Ирон дзырд //*Авторты коллектив*. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983;

*Хъодзаты Æхсар.* Иры фыццаг зарæггæнæг // *Мамсыраты Темырболат.* Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982;

*Хъодзаты Æхсар.* Критикæ æви вулгаризаци // Мах дуг, 2010. – №12;

*Хъодзаты Æхсар.* Мæ фæлтæры хъысмæт // *Авторты коллектив*. Фыссæг æмæ рæстæг: Критикон уацты æмбырдгонд. – Дзæуджыхъæу, 1981;

*Хъодзаты Æ.* Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987;

*Хъодзаты Æхсар.* Уидæгтæ ‘мæ талатæ //*Авторты коллектив.* Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1989;

*Хъодзаты Æхсар.* Фыццаг балц зæрдæтæм / Рæстдзинад, 1964. – 1 март;

*Хъуылаты Созырыхъо.* Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1957;

Хурзæрин, 2001. – 11 апрель;

*Цæразон Сослан.* Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016;

*Цæрукъаты А. Л.* Сонет Джыккайты Шамилы сонетæн// *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 1912;

*Цæрукъаты Алыксандр.* Цæуын сындæг, сæрыстырæй зæххыл / Рæстдзинад, 1982. – 23 сентябрь;

*Царукаев Владимир.* В мир счастья дороги идет через светлое сердце мое / Советская Осетия, 1990. – 2 март;

*Цгъойты Хазби.* Фæндагамонæг стъалыйау сыгъд йæ фарн // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 1912;

*Цъойты Хазби.* Ирон мифологи æмæ цардыуаджы дзырд уат. Дзæуджыхъæу, 2017;

*Цыбырты Людвиг, Дзасохты Музафер.* Арвыком цæмæн баззад фæсарæн? / Рæстдзинад, 2010. – 25 декабрь;

*Цыбырты Людвиг.* Ирон адæмон бæрæгбонтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;

*Чахрухадзе.* Тамариани, строфы 15, 16, 63, и 165 (Перевод Ш. Нуцубидзе). – Тбилис, 1942;

*Черчесты Хъасболат.* Дзырдта æргомæй, фыста зæрдæйæ // *Авторты коллектив.* Арв. Цæсг. Стъалы... – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Четиты Рубен.* Рагон цауты абоны хабæрттæ дзыназынц / Рæстдзинад, 1993. – 1 июнь;

*Чехов А. П.* Пол. соб. соч. и пис. в 30 т. Т. 5. – М., 1985;

*Чибиров Людвиг.* Совесть народа // *Авторты коллектив.* Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Чичинадзе З.* История Осетии по грузинским источникам. – Цхинвал, 1993;

*Шавтели*. Абдул Мессия, строфы 7, 8, 9, 10, 28 (Перевод Ш. Нуцубидзе). – Тбилис, 1942;

*Шегрен А. М*. Осетинская грамматика. – СПб. – 1844;

*Эфосский Гераклит.* Материалисты Древней Греции. – М., 1955.

# ИСТОРИЙЫ АЗХЫНЦÆГ

## РАЗНЫХАС

Нæ ирон адæммæ рагæйфæстæмæ æмбисондæн баззад: «Каркмæ айк æрæфтауын куы цæуа, уæд æй лæугæйæ дæр æрæфтаудзæн». «Æмбисæндтæй бæхфæлдисæджы дзырдтæ хуыздæр сты»[1], – æмæ «Адæм рагон æмбисондæй æрыгон æмбисондмæ тынгдæр хъусынц»[2], – уымæн акæнæм. Фæлæ æмбисондæн баззайын алы хатт бынтон бæллиццаг хъуыддаг нæу. Фылдæр æй нæхи сраст кæныны тыххæй фæдзурæм. Цæмæй ирвæзт уæм, нæ алыварс цы адæм ис, уыдон раз ныл нæ уд æмæ Хуыцауæй цы бæрн ис, уый бынтон цæсгомджынæй кæй нæ феххæст кæнæм, уый охыл.

Ацы æмбисонд мæ зæрдæфысты йæхи зынгæ ирон фыссæг, чи зоны, афтæ куы зæгъæм, нырмæ иууыл хуыздæр ирон историон романты автор Булкъаты Михалы тыххæй раргом кодта, уæддæр тынг бирæ нæ фæрæдийæм. Букуылты Алыкси дзырдта: «Булкъаты Михалы сфæлдыстады зынгæ бынат ахсынц нæ фыдæлтæ – аланты цардыуаг æмæ уæззау историон хъысмæт кæм æвдисы, уыцы уацмыстæ… Фыссæджы цард, йæ курдиат, æппæт йæ тыхтæ лæвæрд уыдысты Ирыстонæн, йæ радтæг адæмæн лæггад кæнынæн»[3]. Уый – Хуыцауæй. Фæлæ нын Хуыцау цы тых æмæ курдиат ратты, ууыл царды алыхуызон фыдты аххосæй æппын-æдзух нæ бар кæй нæ фæцæуы, алы хылы-мылытыл кæй бахæрæм, хъыгагæн, нæ уд, уый дæр нæ хъуамæ рох ма уа.

Михалæн дæр йæ аив дзырды тых æххæс-тæй рæстæгыл раргом кæныны фæрæз нæ фæцис. Джыккайты Шамил æгæр раст дæр загъта, ирон фысджытæн цæргæцæрæнбонты сæ хъару равдисыны фадат кæй никуы

---

[1] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 3 ф.

[2] Уый дæр уым.

[3] Б у к у ы л т ы А л ы к с и. Булкъаты Михалы тыххæй // Фидиуæг, 2008. – № 6. – 26 ф.

вæййы, уый тыххæй[1]. Адæймаг æппынæдзух цы хъуыддаджы сæргъ нæ лæууа, уым диссæгтæ куыд хъуамæ фæуа? Адæм ыл æвиппайд сæ цæст куыд хъуамæ æрæвæрой? Ирон фысджытæ не 'вæрæзæй, фылдæрхатт фердæхыны фыдæй æппынæдзух нæ къухтæм æмхасæнтæ фæкæнæм – хъуыдатт иу ран кæн, айк æндæр ран æфтау. Ахæм кæуинаггаг, æнæ сæрмæхæссинаг уавæры стыр аивадыл куыд ис дзурæн.

В. И. Ленин йæ рæстæджы Джон Риды чиныг «Десять дней, которые потрясли мир»-ы разныхасы адæммæ, уæлдайдæр, æппæт бæстæты кусджытæм фæдисгæнæгау кодта: «Прочитав с громаднейшим интересом и неослабевающим вниманием книгу Джона Рида «Десять дней, которые потрясли мир», я от всей души рекомендую это сочинение рабочим всех стран»[2]. Æмæ ахæм чингуытæ талфтулфæй раскъæфгæ нæ вæййынц. Уыдоныл хъуыды кæнын хъæуы æппынæдзух. Æппынæдзух æмæ алыварсонæй, лæмбынæгæй. Хъуамæ фыцой сæры магъзы, уадзой рухс æвзартæ, иунæг уысм дæр рохуаты ма зайой, афтæмæй. Секъа нæ уымæн фæдзæхста: «Æмбаргæ лæг зын хъуыддаджы кæддæриддæр нæ тагъд кæны»[3].

Бонсауизæрмæ йæ гомгуыбын сабитæ æмæ æнæхуруынд бинонтæн æнахуыйæн къæбæр амал кæныныл йæ хъиутæ чи хæры, æрдæгæхсæв та йе 'нæфыст рæнхъыты адæргæй йæ фынты чи схъиуы, уымæн цы æнæзагъд зæгъинæгтæ раргом кæнын хъуамæ æнтыса?

Константин Симонов дзырдта: «Когда то поэт Александр Блок сказал о нас с вами, писателях, что «писатель – растение многолетнее».

Чем дольше живешь, тем больше это понимаешь. Наша память набита событиями минувшего. Они – неистребимая часть нас самих, и от этого никуда не денешься. Ни в кусты трусости, ни в слепоту мнимого равно-душия, ни в иллюзии чистого искусства».[4]

Уыцы рæстдзинадæй нæй бамбæхсæн, æгæрыстæмæй, страус тасы рæстæджы йæ сæр змисы куыд нытътыс-

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 11 ф.

[2] Л е н и н В. И. Полн. собр. соч. Т. 40. – 48 ф.

[3] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 335 ф.

[4] С и м о н о в К о н с т а н т и н. В ответе за человечество // К о л л е к т и в а в т о р о в. С кем вы, мастера культуры. – М., 1985. – 512 ф.

сы, йæхæдæг та хурæргом куыд баззайы, афтæ куы кæнæм, уæддæр. Æцæг нын ацы маргъы мыггаг йæ уыцы æнæсæрфат миниуæгæй бирæ бæрцæй лæууын кæны не ʻрвылбонон цард нæ зæрдыл, лæмбынæг ыл кæй нæ фæхъуыды кæнæм, уымæй. Фыссæг нацийы цæсгом у. Æмæ мах цæмæн фæтырнæм, нæхи, нæ нацийы цæсгом ма уынынмæ, ма йæ хатынмæ, иуварс æй æппарынмæ, уымæн æвиппайды нæй бамбарæн. Стæй нæ фылдæры хатт йе ʻмбарын дæр нæ фæфæнды.

Мамиаты Изетæйы хъуыдымæ гæсгæ, Булкъаты Михалы уацмысты (номхуындæй, «Нарты Сосланы æвдæм балц»-ы) «мифты дунейæ сырæзыд хид ныры рæстæгмæ. Цæсты раз сыстынц фидæнæвдисæг кинофрагменттæ: тæригъæддаг, цæнкуыл адæм – цагъды уæлдæйттæ – иугæйттæ æмæ къордтæй куырмæджы змæлынц зæххы бын ныккæндты. Кæдæм у, дзойтæкæнгæ, сæ фæндаг, цы ма у сæ сомбон?»[1]. Фæлæ сын нæй басæттæн. Никуы дæр басæтдзысты. Сæ уыцы удыхъæдимæ райгуырдысты. Сæ уыцы удыхъæды ис сæ цард æмæ йыл никуы сисдзысты сæ къух. Афтæ куынæ уой, уæд сæ нæдæр айсдзæнис чиныгкæсæг. Нигер загъта: «Чиныг фæзыныны агъоммæйы царды ныв чиныджы фысты хуызæнæй баззайы адæмæн сæ аргъæутты, сæ таурæгъты, сæ кадджыты»[2]. Чиныджы рæстæджы цард дæр, куыд æмбæлы, афтæ алыварсонæй куынæ цæуа æвдыст, уæд йæхимæ никæй бацымыдис кæндзæнис. В. Белинский уымæн загъта: «Книга есть жизнь нашего времени»[3]. Уыцы «жизнь нашего времени» хъуамæ рухс кæна, цахæмфæнды историон цаутыл дзы куы цæуа дзырд, уæддæр. Уыцы рухсмæ фæфæнды адæймаджы цæуын æмæ цæрын. Брытъиаты Елбыздыхъо зæрдæбынæй уымæн бæллыдис ирон чиныджы срæвдзмæ. Æлгъитыны онг дæр-иу уымæн ахæццæ: «Ирон чиныджы сæфт Хуыцауы аххос чи кæны, уымæн тæрхонгæнæг Хуыцау йæхæдæг фæуæд»[4].

[1] М а м и а т ы И з е т æ. Дзырддзæуæны: автор æмæ хъайтары æмдзæнис. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 238–239 ф.

[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 359 ф.

[3] Б е л и н с к и й В. Г. Полн. собр. соч. Т. 4. – М., 1954. – 85 ф.

[4] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзуджыхъæу, 1982. – 85 ф.

Ӕмæ уыцы стыр хъуыддæгтыл чи хъуыды кæна, уымæ ма сæ аразгæ дæр чи кæна дзыллæйæн, ахæм адæмы сæхи удтыл, уæлдайдæр, гуыбыны хардзыл бынтондæр ма хъуамæ хъæуид сагъæс кæнын. Цардаразæгæн царды амæлттæ хъуамæ æнæмæнг уаиккой баст йе стыр фæллойыл. Хуыцау кæуыл ауды, уыцы дзыллæтæн сæ нацийы адæймæгтæ афтæ цæрынц. Цæмæй сын æнтыса фылдæр æмæ хуыздæр хъуыддæгтæ аразын. Фæлæ, махмæ фыдæлтæй фæстæмæ афтæ у: царды тых кæй къухы вæййы, уыдон ферох кæнынц ирон æмбисæндты хъуыды – ома, «Цардæй мæрдтæм фæндаг – Чъребайы зæронд хидыл»[1]. Уæддæр, цыма нæ зæрдыл нæ лæууы уыцы зондамынд кæнæ раст нæу, уый æфсон скæнæм. Афтæмæй нæ алчи дæр фидарæй хъуамæ зонид: «Цардæй мæрдтæм иу фæндагæй дарддæр нæй, фæлæ хъуыдддаг, куыд ыл ацæуудзынæ, уый у»[2].

Афтæмæй Михалы, хуымæтæджы мæлинаг удау, йæхи, йæ бинонты, – æмкъай, æртæ сабийы, – дарын хъуыд. Суанг ма, Расул Гамзатовы загъдау: «дети литератора плохого... просят есть, как дети Льва Толстого»[3], – уæд курдиатджын фыссæджы стонггуыбын сабитæ та цы ми хъуамæ кæной?

Михал дæр йæхи, йæ бинонты дарыны охыл æрвылбонон тыхкуыстытæ кодта, йæ сæнтты та йæ нæ фыдæлты алвæндæгтыл цæуын, суанг, куы-иу бахъуыд, уæд мифон стæрты хæтын дæр фæлвæрдта, цæмæй нын нæ литературон уаз фыдæлтæ цы стыр нывæфтыд аивад ныууагътой, уый дæлæмæ макуы æруадзæм. Ӕмæ уыцы стыр æвæджиаг хъуыддаг йæ къухы, лæгау-лæг æмæ стыр фыссæгæн куыд æмбæлы, афтæ æнæдызæрдыгæй æфтгæ дæр кодта. Йæ хъуыды æнæ ракæ-бакæ, кæддæриддæр фидарæй уымæн уыдис: «Фыццаг æмдзæвгæ ныммыхуыр кæн-гæйæ, афтæ цы поэт нæ зæгъа, æз Къоста хъуамæ суон, зæгъгæ, уый æцæг поэт никуы суыдзæн. Уыдæттæ

---

[1] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал–Дзæуджыхъæу, 2013. – 331 ф.

[2] Уый дæр уым.

[3] Г а м з а т о в Р а с у л. Стихи и поэмы. – М., 1974. – 526 ф.

иууылдæр сты æвзонгады бæллицтæ, сидтытæ»[1], – æмæ йын кæд рæстæджы гакъон-макъон фæндæгтæ, дыркъуым фæзилæнтæ æмæ фыдлæгты аххосæй бадт зæры кармæ зæрдæнцойæ фæцæрын нæ бантыст, кæд ын йæ нывæст хъуыдытæ зæххыцъарыл артæфтауджыты фыдæй, хъыгагæн, кæронмæ рухсмæ хаст нæ фесты, уæддæр йæ уд никуы схицæн нæдæр æвзонгады бæллицтæй æмæ сæм хи æууындзынтæй, нæдæр йæ удуæлдай сидтытæй. Ирыстоны фидæн нæ ивгъуыд æмæ нæ абоны æнæмæнг саразинаг чи уыдысты, уыцы проблемæты уымæн уыдта. Æмæ сæ, æйтт-мардзæ фыссæг æмæ лæгау-лæгæн куыд æмбæлы, афтæ фæлтæхтдысæй скъуыддзаг кодта нæ Фыдыбæстæйы хæрзæбонæн.

Фæлæ уыдæтты тыххæй – чысыл бæлвырддæрæй.

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Поэттæ æмæ диктатортæ / Рæстдзинад, 1993. – 11 декабрь.

Ф Ы Ц Ц А Г   С Æ Р

## ХИ АМОНДИМÆ РАЙГУЫРЫН

«Цард цалхзилæгау зилы»[1]. Фæлæ йæ сæйраг рæстдзинад – цæлæт æмæ мæлæты сæрты ахизын никæмæн ма бантыст. Райгуырд кæм æмæ цæмæн вæййы, уым уый иу бон адзал æнæрæййафгæ нæ фæуыдзæнис. Æмæ, чи зоны, царды иууыл стырдæр рæстдзинад уым ис. Уæллаг уыцы хъуыддаджы никæй фæхъулон кæны чысылæй дæр æмæ стырæй дæр, тыхджынæй дæр æмæ æдыхæй дæр, рæсугъдæй дæр æмæ фыдхъуынæй дæр. Кæй кой нæм ис, дзырдаивады уыцы дæсныйæ дæр уымæн никуы уыдис æлгъыстаг. Цыма В. Жуковский немыцаг поэт Фридрих Шиллеры æмдзæвгæ «Торжество победителей» уырыссаг æвзагмæ ивгæйæ уый тыххæй загъта: «Жизнью пользуйся живущий»[2].

Булкъаты Гаврилы фырт Михал (Михаил) райгуырд, фæллойгæнæг адæм афтæ куы фенхъæлдтой, ныр цæргæцæрæнбонтæм аппæрстам нæ зылынбаст æргъом – æнустæм фæцис æнæрæстдзинады дуг, ныллæууыд рæстаг фæллойы рæстæг, æрхаудта нæм кусын æмæ цæрыны амонд, уæд. Уый уыдис стыр революцийы фæстæ – 1928-æм азы Джиуæргуыбайы мæйы 14-æм бон Ахметайы районы Черекаулы хъæуы – Къахеты.

Уыцы дуджы Къахеты бæркадджын зæххыл цы бирæ ирон фæллойгæнæг адæм цардысты, уыдон фырбуцæн сæ зылд Скæсæн Ирыстон хуыдтой. Кæд дзул мыды нæ тылдтой, уæддæр сæ йæхи дзыхъы лæуд ничи хатыд æмæ сыл уый цæрыны базыртæ сагъта.

Уым цы ирон поэттæ райгуырдысты, уыдон ыл сæ хæлар зæрдæйæ не ‘фсæстысты зарынæй. Къахет сын æрмæст, кæм райгуырдысты, цард кæм базыдтой, уыцы бæстæ нæ уыдис, фæлæ йæм кастысты ныййарæг мады цæстæй. Рох нæ уыд нæ куырыхон фыдæлты фæдзæхст:

[1] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 335 ф.

[2] Ш и л л е р Ф р и д р и х. Торжество победителей // К о л е к т и в а в т о р о в. Зарубежная поэзия в переводах В. А. Жуковского в 2 т. Т. 2. – М., 1985. – 171 ф.

«Знагæй лымæн аразынмæ чи хъавы, уый йæ хурхыл къуымых кард æвæры»[1]. Цæмæй зыдтам, æфсымæртæ æмæ хоты уарзт цы сыхæгты кодтам, йæ рæстæджы къахеттаг ирæттæ сæ марджытæй кæй хъахъхъæдтой, уыдон сæм иу бон сæ дæлæрмтты æмбæхст дуртæй кæй ныхъхъавдзысты сæ фæскъæбуттæм. Нартыхты Михал се ‘хсæн схъомыл, фæлæ сæ никуы уыдис уый æнхъæл. Йе ‘ууæндагæй сыгъдæг зæрдæйæ зарыд:

*Ныр цы номæй дæм дзурон, дæ хорзæхæй,*
*О, фæрныг зæхх, кæныс мæм фæлмæн худт.*
*Мад дæ схонон æмæ уæд Иры хæхтæй*
*Æз куы фæуон мыггагмæ зæрдæхудт.*

*Хох æппæт дæр хæссаг у йæ зæрдæмæ,*
*Хатт ныккæрзы, – куы стыхсы йæ цардæй.*
*Уый зæгъдзæни: «Мæ цот ысты ‘взæртæ ‘мæ*
*Ме стыр тæгтæ ныллыг кодтой кардæй».*

*Дæ дыккаг мад... Нæ, уый дын æлгъыстау у,*
*Фот æлгъыстаг, мæ радтæг зæхх, де знаг.*
*Уадз, æгадæй ныстъæлæт мæ рæстаг уд,*
*Уый цæйнæфæлтау сарæхса ме ‘взаг.*

*Мæн дунемæ æрмæстдæр ды ракодтай,*
*Æз дыккаг мад æппындæр нæ зонын.*
*Уарзон мадæн иронæй кæм райгуырдтæн,*
*Уый мæ Иры сыджыты хай хонын.*[2]

(«Къахет – мæ Иры зæххы хай»)

Æрмæст къахеттаг ирон поэттæ цæмæн сомытæ кодтой сæ райгуыræн зæххæй, парахатзæрдæ адæмы зæрдæхæлар, дзадджын куывтытæ, се ‘ргом мидбылхуд æмæ иу нæ тадзгæ-баргæ ныхасмæ, чырыстон ссады хыссæйау, чи нæ ныффæлмæнтæ, æгъатыр, мæнгард цард-иу нæ кæмæ нæ фæкаст алæмæтон аргъауы хуызæн? Къоста мæн-

[1] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 164 ф.
[2] Н а р т ы х т ы Ми х а л. Уацмыстæ. – Цхинвал, 1968. – 22–23 ф.

гæй нæ загъта: «Йæ бонæй уа зæрдæ – Куыд хивæнд у, куы!»[1] («Чи дæ?»).

Никæй бон у йæ ныхмæ тох кæнын. Мæхицæн дæр ме 'взонджы бонты Къахеты зæххыл мæ зæрдæйы арфæй ахæм зæрдæйы уагимæ рантыстысты ацы хурæргом рæнхъытæ:

*Къахет, Къахет-иу кодтой,*
*Уым, дам, цæугæ дæттæ дæр сæн ысты.*
*Æз – сæнуарзаг лæг, хордтон*
*Ард, куыд уыдон цæстсайæнтæ ысты.*

*Ау, уæдæ мын цы схин чынд? –*
*«Къахеттаг» сæн мæ разы ысхъарми.*
*Уый цы мæлинаг чызг уыд?*
*Уый цы мидбылты худт уыд?*
*Цы 'рбаци?*

*Уый цы уарзтгуылф фæкаст уыд?*
*Усджын лæгæн цард нал кæны ад дæр.*
*Уый куыд бадт уыд, куыд карз уыд,*
*Къахеттаг сæнæй – расыггæнагдæр[2].*

(«Къахет, Къахет-иу кодтой...»)

Нæхæдæг дæр сæм фырбуцæн уыцы номæй – Ирыстоны Скæсæны цæрджыты номæй дзырдтам. Сæ куысты, сæ царды уавæртæ, махимæ абаргæйæ, материалон æгъдауæй бæрæг хуыздæр уыдысты – сæ дзаджджын зæхх сæ амыдта, кæд сæ æцæг Фыдыбæстæйæ – хуыздæр цардæнхъæл кæцæй алыгъдысты, уыцы уарзон æмæ сæрыстыр Ирыстоны хуссар хайæ чысыл дæрддзæг цардысты, сæхи куыд фæндыдис, ахæм уавæртæ сын нæ уыд нæ фыдæлты культурæйыл рæзынæн, нæ мадæлон æвзагыл æмбæлон ахуырад расынæн æмæ цæрынæн, уæддæр.

Уый тыххæй фыссæг фæстæдæр йæхæдæг дзырдта: «Учился на грузинском языке, а с родным языком контакты имел только в семье, разговаривающей на своего рода

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 65 ф.
[2] Р О К С А Л А Н. Цатыр. – Цхинвал, 2012. – 180 ф.

«эсперанто», приправленном почти одинаковыми дозами осетинского и грузинского языков»[1]. Ӕмӕ уыимӕ, скъолайы та нӕ фыдбоны сыхӕгты ӕвзагыл кӕй ахуыр кодта, цӕмӕй, чи сты, уый тагъддӕр ферох кодтаиккой, уый охыл сын нӕ мадӕлон ӕвзагыл дзурыны бар кӕй нӕ уыдис, уый дӕр куы бафтауӕм, уӕд зын рахатӕн нӕу се 'цӕг удварны уавӕр.

Ныр Къахеты нӕ туг-стӕджы уыцы дардыл зылд цӕрӕн бынӕттӕ махӕн, ӕнӕбасӕттон аланты байзӕддагӕн, гуырдзиаг-ирон хӕсты фӕстӕ федзӕрӕг сты. Уыцы зӕххытӕ нын сыгъзӕриныл куы уӕй кодтой, уӕд ныл «зӕрдыйӕ уыдысты» нӕ фыдбоны сыхӕгтӕ, цӕмӕй сӕ хызтаиккам сӕ фарсмӕцӕрӕг адӕмты абырӕгон ныббырстытӕй, ма сӕ уагътаиккам куынӕг кӕнын. Ирӕттӕй сӕхицӕн саразтой удӕгас ӕмбонд. Ныр ма сӕ мах цӕмӕн хъӕуӕм, ныр – сӕ хъахъхъӕнӕг, се сӕфт кӕмӕй ӕрцӕудзӕнис, уыцы НАТО. «НАТО все больше стремится трансформироваться в глобальную военно-политическую структуру, которая и дальше будет жить по своим правилам»[2]. Ӕмӕ нын уыдӕттимӕ нӕ къахеттаг ирӕтты фӕцагътой, сӕ къухты уырзтӕ цы галуантӕ кӕныныл ныййихсыдысты, уыдоны. Удӕгасӕй ма сӕ чи раирвӕзтысты сӕ къӕхты фӕрцы, уыдон дӕр – бӕгънӕг, бӕгъӕввадӕй, уӕнгхъуӕгтӕ ӕмӕ ӕрдӕгпырхытӕй, ӕрдӕгмӕрдтӕй. Цы ӕнӕадӕймагадон фыдмитӕ сын фӕкодтой, уыдон аргъӕутты диссӕгты дӕр ӕнцон фӕдзурӕн не сты, фӕлӕ: «Хъӕздыджы раз тыхджын – ӕдых»[3]. Ӕдых та уыдысты сӕ нымӕцӕй. Тымбыл сыл кодтой джыбытау. Тъыстой сӕ сӕ маргджын бырынчъытӕ. Ӕнӕтугӕргӕвст сӕ кодтой сӕ маргӕй.

Уыдӕттӕ цӕуынц, адӕмы рагъыл бӕхбадт чи скӕнынц, уыдонӕй; чи сын никуы вӕййы, сӕ уыцы цӕсгӕмттӕ бынтондӕр кӕй фесафынц, сӕ хъуынджын уӕцъӕфтӕ бынтондӕр кӕй ницӕмӕй уал фефсӕдынц, уыцы уӕцъӕф-хицӕуттӕй. Ноэтылмард Ельцин Горбачевӕй къаддӕр бирӕгъ нӕ уыд, фӕлӕ дзы афтӕ дзырдта: «…у

[1] Авторы архивӕй.

[2] Ф е д о р о в А н д р е й. Цена вопроса / Коммерсантъ, 2008. – 5 декабрь.

[3] И р о н ӕ м б и с ӕ н д т ӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1967. – 107 ф.

Тэтчер два человека охраны, а если Горбачев едет, то 200 человек охраны. Это что, необходимость? Необходимость иметь четыре дачи? И их построить за четыре года перестройки? Человек, который руководит государством, должен быть чист! А у него излишества, роскошь – это безнравственно»[1]. Уый 1990-æм азы тæргæйтты мæйы уыдис, фæлæ, фæстæдæр йæхæдæг куы схицау, уæд уый ноджы фæфыддæр æмæ, Советон Цæдисы хуызæн хъомысджын паддзахад ныддæрæнгæнæггаг абон йæ номыл цытæ нæ цæуы арæзт. Уыдон мах хуызæн мæгуыр адæм куыд хъуамæ æндавæм, сæхи адæм сæм куынæ сты нымады, уæд? Коцойты Арсен дзырдта: «Дуне куыд рагон у, афтæ рагон у «пайда» дæр»[2]. Æмæ уыцы «пайдаджынтæ» сæ мард мады æмпъызт къогъодзитыл дæр нæ бацауæрддзысты – бахсындзысты сæ. Ницæуыл дæр ауæрдынц. Уæлдайдæр, ирон чи æмæ цы хуыйнынц, уыдонæй.

Мах цæргæ-цæрæнбонты æхсарыл хæст адæм стæм. Нæ уæнгдых, нæ лæджыхъæдæй нæ вæййы æгæрон, æнæбасæтгæ ныфс. Афтæ нæм фæкæсы, цыма нын иунæджытæй дæр ничи ницы хъомыл у. Æмæ нæ кæрæдзийы фарсмæ никуы æрхъарм кæнæм нæхи. Зæрдæйы та, йæ бонæй йæ уа, «йæхи бар куы ауадзай, уæд бирæ фыдбылызтæ сараздзæн»[3].

Хабар æрцæуынæй æнусæй фæстæдæр Булкъайы-фыртæн удмарæн чи суыдзæн, уыцы Туркмæ лидзыны хъуыддаг дæр нын зарæджы хос уыд. Афтæмæй йыл кæуын æмбæлд. Се змæнтæг æмæ разамонæг, паддзахы инæлар, Хæстон-Ирон округжы хицау Къуындыхаты Муссæ 1860-æм азы 12 марты Кавказы æфсæдты Галиу къабазы къомандæгæнæг кънийаз Евдокимовмæ йæ фыстæджы дзырдта: «Æз æппæт фадæттæй дæр архайдзынæн, ныхмæлæууын, фыдбылызы йеддæмæ кæмæ ницæмæ æнхъæлмæ кæсæн ис, уыцы хæххон адæмы Туркмæ алидзын кæнынæй».[4] Æмæ сæ фæсайдта хъаны цардæй. «Но увы!

[1] Зиновьев Александр – Ельцину Борису: «Запад вам аплодирует за то, что разваливаете страну» / КП, 2013, – 27 сентябрь.

[2] Коцойты Арсен. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 228 ф.

[3] Уый дæр уым, 97 ф.

[4] Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы паддзахадон арх. Терчы областы хицауы къанцлары фонд. – 118–119 ф.

Какое разочарование постигло этих поистине несчастных переселенцев и сколько раз слышались слова проклятий на головы тех, которые их увлекали, когда трудность дороги и действительность предстали им воочию и раскрыли им глаза, – тогда-то, забыв недавние розовые мечты, они поняли, что обмануты, что они сделались жертвами своего легковерия, поддавшись лживым словам тех глупцов, которые уверяли их, что им будет хорошо. И вот они, по милости этих глупцов-фанатиков теперь гибнут»[1], – фæстæтæр фыста, уыцы хъаймæт йæхи цæстæй чи федта æмæ дзы тых æмæ фыдтæй чи раирвæзт, фæстæдæр чи сфыссæг, уыцы сайдфæуджытæй иу, Хъаныхъуаты Инал. Уæддæр сæ фырмæстæй, сæ цæхджын цæссыг ныхъуыргæйæ, зарыдысты сæ кæуинаггаг сæртыл. Уымæйдæр – хъæлдзæг-иронион зарджытæ. Æмæ йæ уыдонæй райстой сæ фæстагæттæ:

*Стамбулмæ цæудзыстæм,*
*Гуд-гуды-гудала.*
*Урс дзул дзы хæрдзыстæм,*
*Гуд-гуды-гудала.*
*Дари хæлæфтæ кæндзыстæм,*
*Гуд-гуды-гудала.*
*Дари хæдæттæ кæндзыстæм,*
*Гуд-гуды-гудала.*
*Паса-мæйттæ кæндзыстæм,*
*Гуд-гуды-гудала.*
*Аддзын цай цымдзыстæм,*
*Гуд-гуды-гудала.*
*Сырх мæнæу дзы хæрдзыстæм,*
*Гуд-гуды-гудала.*

Уæды амондсыгъд адæммæ кæсгæйæ, фæзындис, Джусойты Нафи куыд загъта Мамсыраты Темырболаты «Сагъæстæ»-йæ, афтæмæй: «Ирон поэзийы фыццаг профессионалон зарæг райгуырд адæмы национ трагедийæ, фæсфæстагæттæн дзуринаг трагедийæ»[2]. Фæлæ сæ чи уыр-

[1] К а н у к о в И н а л. Сочинения. – Владикавказ, 1963. – 64 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. –

ныдтой, сæ уыцы бæллицтæ сæ æцæгæй цæмæ æркодтой, сæ амондджын, ома, фидæнæй сæ къухтæ сæ дзыхты куыд акодтой æмæ фыдæнхъæл куыд фесты, «удæн уд дæр»[1] сын чи уыдис, уыцы райгуырæн бæстæй фæхицæн сæ кæй бадомдта, уый фергом вæййы амондсыгъд, сайдбаййафæг чызджыты зарæджы кæрон:

*Муссæйы хъæбул амæла,*
*Гуд-гуды-гудала.*
*Дæлæты цом, уæлæты,*
*Гуд-гуды-гудала*[2].

(«Стамбулдзауты зарæг»)

Туркмæ цы адæм фæлыгъдысты, уыдон фæсмон зæхх нал урæдта, фырфæсмонæй сæ былтæ хостой, фæлæ ма цы: «Муссæ сын цы амондджын цардæй зæрдæ æвæрдта, уымæн йæ фæд дæр нæ федтой... Стыр хъизæмæрттæ федтой лыгъд адæм фæндæгтыл дæр. Иутæ дзы Туркмæ денджызыл ахызтысты, иннæтæ – сурзæххыл... Ахæм бæллæхтæ фенгæйæ, фæндагæн æрмæст йæ койæ дæр адæймаджы зæрдæ рыстаид. Уæддæр, цы æвирхъау рæдыд сыл æрцыдис, уый бамбаргæйæ, лыгъд адæмæй бирæтæ æппæт хъарутæй архайдтой, фæстæмæ сæ райгуырæн зæххыл сæмбæлыныл»[3]. Бæргæ сæ уадзæг куы уыдаид, уæд. Раздæр сæ уырысы æфсад нал уагътой сæ хæдзæрттæм, стæй – турчы.

Фæлæ нын иу сенæй сен никуы уыдис. Ныртæккæ дæр нæм исчи куы фæфæдис уаид, кæцыдæр планетæйыл цард ныккалд, уæд æм махæй раздæр ничи фæцырд уаид, æрмæст дзы хъаны цард кæнæм.

Къахетмæ дæр ирæттæ хуыздæр цардæнхъæл лыгъдысты. Мæлæтыл зарæгимæ цы ирон æмбæлд, йæ цардыл сæйраг уый чи хуыдта, уымæн уæд йæ хъæлæс Къахетмæ

---

[1] Мамсыраты Темырболат. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 20 ф.

[2] Иронадæмон сфæлдыстад. 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 576 ф.

3 Мамсыраты Мурат. Æцæгæлон бæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 7–8 ф.

фæндагыл цæмæннæ хъуамæ зæлланг кодтаид, кæд уыцы зæххытæ сыгъзæринæй æлхæдтой, уæддæр?

Фæлæ дзыллæйæн æнусон зарæджы сæр вæййы, къæм кæуыл нæ абады, уыцы хъуыддаг. Æндæра, Нартыхты Михалы тыххæй Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Михал райгуырд æмæ ралæг, йæ царды разæмбис, дыууын иу азы бæрц арвыста Къахеты. Уым ирон æмæ гуырдзиаг адæм цæрынц фæрстæй-фæрстæм, кæрæдзийыл æндавынц алы ‘гъдауæй дæр. Уым ирон «уæрæйдæ» æмæ гуырдзиаг «чагуна» зæлынц æмхъаруйæ, хæлар æмæ æнæзæрдæхудт сыхæгтау»[1].

«Сыхæгтæй» нæ, фæлæ «сыхæгтау». Æниу æй Дзуццайыфырт «сыхæгтæй»-ы хъуыдыйы загъта. Уымæн æмæ йæ афтæ фæндыд. Фæлæ уый ирæттæ зарыдыста «чагуна», уыдонæн «уæрæйдæ» сæ комы «нæ бады». Сæ хъуыры ныхсы ирон фæлмæн «æ». Фæлæ цæвиттоны хъуыды æххæстæй куы рахæссæм Булкъайы-фыртмæ, уæд дæр нæ фæрæдидзыстæм.

Булкъаты Михал куы райгуырд, уæддæр ма къахеттаг ирæттæ сæхи амондджын хатыдысты. Сæ фыдæлтæ туджы аргъæй кæй балхæдтой, уыцы зæххытæй сæ искуы, сæ хуыздæрты удтæй кæй бавæрдтой, уыцы ницæйаг «фысымтæ» сæм, ома, сæ бæр нымæцы фæрцы бахæссой сæ ныфс, æххуырст æфсады æххуысæй схæцой сæ сæртыл, фæсурой сæ тугкалгæйæ, уый сæ уадиссаг никуы бон бауырныдтаид. Къубалты Алыксандры загъдау: «Иры барджытæ – цæхæр… Мигъы фесæфт дард сæ кæрон, Фæлæ дарддæр цыд сæ хъæр»[2]. Уымæй сæ алы хатт дæр уыдис ныфс. Фыдæлты хъæбатыры кæйттæ сын сæ тыхыл æфтыдтой тых. Иу хъæуы куыйтæ æвварс кæй фæкæнынц иунæг, æвæгæсæг бæлццоныл, аныхъхъуырынмæ йæ кæй фæхъавынц, уыцы хъуыды нæ уагътой сæ сæрмæ. Сæ тыхæй сæ уыдис ныфс, кæд æнæ фидар къабæстæ адæймаг æдых у, уæддæр.

Æцæгæй та: «Фондз азы дæр ыл нæма сæххæст, афтæ Булкъаты зæхкусæг бинонты кулаччытыл банымадтой. Балцы бæх æмæ сæм иуцæд галтæ кæй уыд, уый тых-

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 87 ф.
[2] К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 196 ф.

хæй. Рахуыдтой сæ ног цардарæзты знæгтæ. Знæгтæн та сæ фæндаг бæлвырд уыд – Сыбыры æппæты дарддæр къуыммæ.

Бирæ азты фæстæ Михал уыцы æвирхъау цаутæ гæххæтты æвджид куы кодта, уæд фырдисæй йæ урс сæрыхъуынтæ арц сбадтысты: «Ау, цы уды фидар сæм разынд, куыд ныффæрæзтой утæппæт фыдмитæн? Цавæр дзуармæ бакувой, сæ мæгуыр къонамæ сæрæгасæй кæй сыздæхтысты, уый тыххæй?»[1] – дæсгай азтф фæстæ катайгæнгæ йæхи фарста Мурасты Эльбрус.

Æмæ лæппу, кæд гуырдзиаг скъолайы ахуыр кодта, уæддæр æм уад райгæ. Астæуккаг скъола каст фæцис Дуисы Фыдыбæстæйон хæсты тæккæ тæмæны – 1943-æм азы. Фæстæдæр йæ ахуыр адарддæр кодта Калачы, æфсæйнаг фæндаджы инженерты институты эксплуатацион факультеты. Каст æй фæцис 1953-æм азы. Райста, уæд тынг бирæтæн бæллиццаг чи уыдис, ахæм дæсныйад – ссис æфсæнвæндаджы индзылер.

Æртæ азы бакуыста Донбасы. 1956-æм азы йæхи фæхæстæгдæр кодта йæ Фыдыбæсæм. Куыста æмæ цард, цалынмæ нæ фыдбоны сыхæгтæ ирæтты хардзæй сæ паддзахады арæнтæ нoджы ауæрæх кæнын не ‘рымысыдысты æмæ нын сусæг геноцид нæ арæзтой, уæдмæ, 1991-æм азмæ, адджын ын чи фæцис, уыцы горæт Самтредийы. Ссис æфсæнвæндаджы вокзалы директоры хæдивæг. Æмæ-иу ын сæ сæртæй ныллæг чи куывтой, ард-иу ын чи хордтой, сæ удтæй йæ фылдæр кæй уарзынц, йæ сæрыл мæлæтмæ дæр цæттæ кæй сты, уый тыххæй, уыдон-иу ын ныр, – цагъайраг æгъатыр у, – сæ тымбыл къухтæ зындгонд фыссæгæн йæ фындзы бынмæ бахастой, нæ зæххыл цæрыс, ома æмæ нын ма цъир нæ сой. Цыма сын сæ зæхх йæ дзыппыты рахæссынмæ тырныдта. Фæлæ ирон æмбисонд зæгъы: «Знагæн йæ номæй йæ тас фылдæр у»[2]. Уæдмæ йæ рæзты æнæфæкæлгæйæ чи никуы ахызтаид, йæ ном фехъусгæйæ-иу къахыл чи слæууыдысты, уыдон ын йæ разы æрæвæрдтой фидар фарст – кæнæ æнустæм хъуамæ райса «уазæджы» ном, йæхи æдтуг, æдыстæг ныффысса уыдоныл кæнæ сæ бæстыл йæ кой, йæ хъæр мауал уа.

[1] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Фæстаг ныфс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 101 ф.
[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 193 ф.

«Бæхты хъæрмæ хæрæг куыд срог уа, уыйау»[1], – сæ æрфæндыд дардыл фыдыбæстæ ныззилын чысыл Ирыстоны хардзæй. Æмæ Михалы хуызæн дзырддзæугæ лæг сæ ныхмæ куы рацыдаид, уæд сæ уый хъыгдардта. Сæ фарс куы фæуыдаид, уæд та сæ тых фылдæр кодта. Уымæн архайдтой, цæмæй ахæмтæй тагъддæр фервæзой.

Æмæ, уæдмæ æнæхъæн Самтредиа кæмæй фидыдта, уыцы кадджын фыссæг ныууагъта, йæ аивадон уацмыстæ дамгъæгай кæм фæныв кодта, цæргæ-цæрæнбонты фатер аразынил кæм фæхордта йæ хъиутæ, цы бынтæ фæкодтой æнæхъæн хæдзарыдзагæй, уыдон иууылдæр, йæхæдæг æд бинонтæ, мæгуыр, йе 'фхæрд, æнæрцæф уд, мæстæй тъæппытæ хаугæ, хуыздæр цардæнхъæл Азербайджаныл тыхæйты фæхаста Цæгат Ирыстонмæ. Ныр – лигъдоны номимæ. Уæззау, æгады ном у лигъдон. Намысджын адæймаг æй хæссын нæ фæразы...

Иунæг зæронд хæттулгæйы хицау ма уыдысты æнæхъæн бинонтæй – хæдзар дæр сын уыдис, фæндаджы фæрæз дæр æмæ сын уый та уым, Цæгаты, сæ фырхъалæй нæ «уæйгуытæ» адавтой. Ирыстоны хуыздæр фысджытæй иу – Булкъаты Михал, йæ уд кæмæн нывонд кодта, нæ уыцы Фыдыбæстæйы æвæгæсæг, æнæсæрылхæцæгæй баззад гом арвы бын. Мæн у зæгъæг ын нæ разынд. «Уæддæр Михалæн йæ хъару нæ састи, уæддæр йæ зæрдæ кæуылдæрты дардта. Æмæ йын æцæгдæр фæзынд хæрзгæнæг. Телеуынæны æмæ радиойы паддзахадон комитеты сæрдар Фидараты Булат æй кусынмæ райста литературон-драмон редакцимæ».[2]

Эльбрус куыд дзырдта, афтæмæй йыл телеуынынады кусджытæ иууылдæр цинæй мардысты редакторæй, режиссерæй, ассистентæй – ахæм зындгонд фыссæг æмæ куыстуарзаг адæймаг сын бамцег. Фæлæ-иу уæд йæхæдæг катайгæнгæ бакодта, йæ хуссайраг ныхасыздæхты тыххæй дзы йе 'мкусджытæй, стæй телевизормæ кæсджытæй чидæртæ разы кæй нæ уыдысты, кæй-иу ын æй бадардтой йæ цæстмæ[3]. Æниу, сæ Эльбрус раст кодта: «Те-

---

[1] Уый дæр уым, 214 ф.

[2] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Фæстаг ныфс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 104 ф.

[3] Цыма сæхæдæг сыгъдæг литературон æвзагыл дзырдтой, афтæмæй ралæвæрдтытæ цæгаттаг ныхасыздæхтыл аразынц.

левизормæкæсджытæ куы федтой Михалы арф интеллект, йæ хъуыдыты бæрзонд æмвæзад, уæд ын йæ чысыл хъæнтæ ныххатыр кодтой. Арфæтæ дæр нæм æрбарвыстой. Ехх, сывæллонау куыд цин кодта нæ хистæр æмбал, Ирыстоны хуыздæр романисттæй иу!..»[1].

Фæлæ уæддæр нæ фæрæзта, æфсымæры цард кæимæ кодта, уыцы мæнгард адæм ыл афтæ гадзрахатæй кæй рацыдысты, уый. Æмæ фæразгæ дæр куыд скодтаид уыцы стыр, судзгæ маст – 1993-æм азы, цыппурсы мæйы 17-æм бон Горæтгæрон районы, Октябры номыл хъæуы, кæйдæр фатеры фæци сæрдæскъуыд. Йе стыр курдиат æй æркодта æнафоны стыр мæлæтмæ. Афтæмæй йæ уд нырма дæр хъизæмар кæны æнæзонгæ адæмы æхсæн æцæгæлон уæлмæрды.

Нафи дзырдта: «...райдыдта Гуырдзыстоны газеты, радио, телеуынæны Хуссар Ирыстоны ныхмæ идеологон хæст. 1989 азы кæрон та райдыдта Гуырдзыстоны гæрзифтонг тыхгæнджыты ныббырст Хуссар Ирыстонмæ. Михалæн нал уыд цæрæн Самтъредиайы. Ныууагъта йæ куыст дæр, Йæ цæрæнуат дæр æмæ йæ бахъуыд Цæгат Ирыстонмæ фæлидзын. Ам бирæ фæрахау-бахау кодта искæй хæдзæртты, куы æгуыстæй, куы та рæстæгмæ куысты лæудæй. 89 азæй фæстæмæ ма цы рацард, уый – фыдбон æмæ фыдбылызты денджызы...»[2].

Цæмæй афтæ дзырдтаид, уый тыххæй йын уыдис бындур: «Михал рагæй хъæрзыдта йæ зæрдæйæ. Йæ фыстæджыты мæм иу-цалдæр хатты фыста: «Мæ матъор дзæбæх нал кусы, мæ куыдз ыл амæла!..» Фæлæ уæддæр Михал йе сфæлдыстадон архайд никуы ныууагъта, æхсæндзарды тыхст æмæ уырыд уавæрæй йæхи иуварс никуы аласта. Йæхи царды тыхстытæ та хаста æмырæй, иунæг бæлццоны рифтæгау.

Æмæ æрмæст уыдоныл куы уыдаид. Историон æнæрæстдзинад дæр ын æвдæрзта йæ уд. Мурасты Эльбрус куыд зæгъы, афтæмæй, дам ын телеуынынады «уæлдай фылдæр уарзтон, нæ режиссер Мадзаты Мæхæмæтимæ-

[1] Мурасты Эльбрус. Фæстаг ныфс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 104 ф.
[2] Джусойты Нафи. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 310–311 ф.

иу цы интеллектуалон быцæуты бацыд, уыдон. Бæстæиу сæ сæрыл систой… Мæхæмæт разы нæ уыд, йæ роман «Теркæй Туркмæ»-йы Къуындыхаты Муссæйы фæлгонц куыд æвдисы, уыимæ»[1]. Михалæн «Муссæ нымудзæг æмæ дыдзæсгом политик уыд. Мæгуыр хæххон адæмы æууæнк бахордта, паддзахы ныхмæ сæ барæй растын кæны. Æфсад сыл куы æрхъула ис, уæд ын цыма æнæнхъæлæджы хабар у, йæхи афтæ æвдисы. Æппæты разæй баппары йæ кард знаджы къæхты бынмæ, сразы кæны иннты дæр сæ гæрзтæ раттынмæ. Ды та, дам, æй цæмæйдæрты рæстытæ кæныс: «Курдиатджын разамонæг, йæ алы къахдзæф дæр – нымад, йæ ныхас – развæлгъау барст, рæстдзæвин». Куыд æмбаргæ у уый? Кæм равдыста йæ арф зонд? Йæ тæригъæдтæ йын Иры дзыллæтæ нæ ныббарстой: «Уæ, Муссæ, дæ хъæбул амæла, кæд нæ ацы сыгъд фæндагыл цæмæн ракодтай!..» – дзынæзтой сæ хъарджыты ирон мадæлтæ»[2].

Нæ быхста, мæгуыр, йæ удæн нæ фыдæлты рæдыдтытæ дæр. Йæ удæн сæ, йæхи рæдыдтытау, фиддоныл нымадта. «Гъе, æмæ йæ низæфхæрд æмæ куыствæллад зæрдæ нал баурæдта уытæппæт тыхстытæ…

Михал ахицæн йæ бинонтæ, йе ‘мгæрттæ, йæ адæмæй æмæ Ирыстоны арæнгæрон хуыссы иунæгæй… Йæ цæргæйæ дæр дард уыд нæ литературон æхсæнадмæ æмæ йæ мæлæты фæстæ дæр иу хъæууон уæлмæрды фæдджийыл æрхуыссыд иунæг æмæ иппæрдæй… Мæ зæрдæ мæм дзуры: æмырæй, тæргайæ, фæлæ уæддæр – йæ уарзон фыдыуæзæг Ирыстоны арæнгæрон, æнустæм æнæраивгæ хъахъхъæнæгæй!..»[3].

Къостайы ныхасы дызæрдыггаг ницы ис: «Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы; куы бамбæхсай барæй, Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..»[4]. Нæ саглæгтæ нын мæрдтæй дæр ныфс сты. Фæлæ уыцы бæсты кæд, æцæгæй исты ис, уæд дзы не ‘гуыдзæгыл тъæппытæ куыннæ хъуамæ хауа Михалы зæрдæ. Раст у, не ‘гуыдзæгæй нæхицæн, къæвда ныл

[1] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Фæстаг ныфс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 104 ф.

[2] Уый дæр уым, 104–105 ф.

[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 311 ф.

[4] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 51 ф.

кæм нæ цæуа, ахæм къæс бадзæппытæ кæнын дæр нæ бавæййы нæ бон, фæлæ æгас Ирыстоны иу ахæм лæгау-лæг нæ разынд, нæ фысджыты хуыздæртæ иу, чи зоны, нæ иууыл хуыздæр романистмæ æнцой чи фæлæууыдаид. Хицæуттæй искæмæн йæ дард хæстæг куы æрыхснырсы, уæддæр ыл саймайты цынæ хорзæх атъæпæн кæны. Михалæн та, балæууæн бынат нæ, хиуыл фæхæцæн ныфсы ныхас дæр никæй цæст бауарзта. Куыст, дам ссардта... Æмæ, æцæг ирон литературон ныхас цы у, уый, зонгæ нæ, фæлæ, хъусгæ дæр чи никуы фæкодта, уыдон дæр æй телеуынынады куыйты хринаг кодтой, литературон æвзаджы бæсты, дам къуыдайраг ныхасыздæхтыл дзурыс. Цыма йын сæхæдæг, Къоста афтæ кæмæй загъта: «Если я пишу то или другое слово так, а не иначе, то я пишу сознательно, я над ним долго ломал голову и не хочу ни тебе, ни кому бы то ни было позволить изменять их без моего ведома, бездоказательно, и тем более в стихотворениях, где не должно быть ни одного лишнего звука или недостатка в нем и где каждая буква занимает рассчитанное заранее автором место»[1], – уыцы литературон æвзагыл уайдзæфтæ кодтой. Ныр дæр мæ фидарæй уырны, Къоста цы ирон литературон æвзаджы бындурæвæрæг у, уый сæ бирæтæ зонгæ дæр кæй нæ кæнынц. Фæлæ... Къаддæр чи фæзоны, уый æрвылхатт дæр йæхи растдæр фенхъæлы. Æмæ бар-æнæбары зæрдæрыст, нæ фыдбоны сыхæгтæй æнæаххосæй карз æфхæрдбаййафæг фыссæджы йæ царды фæстаг бонтæ тонын хъуыдис ахæм уавæры.

Куыннæ йыл хъуамæ рыстаиккой æмæ риссой йе 'мсисонты зæрдæтæ дæр?!. Уæдæ йын йæ адзалы аххосаг тынг хорз зыдтам æмæ йыл дзынæзтам нæ зæрдæты. Фæлæ æгас нацийы сæфтыл кæм фемдзæгъд кæнынц, уым сæ, æгæрыстæмæй, стæй, хъыгагæн, тынг нал фендавынц сæ дзыллæйы хуыздæртæ дæр, сæ мидзæрдæты сыл цы фæдзыназынц, æндæр. Фыддуджы адæймаг аслам кæны. Æлборты Хадзы-Умар, кæд марды фæндараст нæ фæкæнынц, уæддæр зæрдæрисгæйæ уымæн дзырдта:

[1] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в пяти томах. Т. 5. – М., 1961. – 143 ф.

*Фæндараст, Булкъаты Михал!*
*Ныр та дæуæн ысхауд дæ хал...*
*Дæ цæргæйæ кæм не ссардтай бынат,*
*дæ мæлгæйæ уым дзæнæты фæбад[1].*

(«Булкъаты Михалы рухсæн»)

Хадзы-Умар йæхæдæг дæр йæ царды фæстаг азтæй иудзæвгар батыдта Ирыстоны цæгат хайы. Зындгонд ын уыдысты Михалы хабæрттæ лæгæй-лæгмæ дæр, койæ дæр, лигъдоны хъысмæт дæр. Тынг хорз зыдта, Михал дзы йæ цæргæйæ цæмæннæ ссардта бынат. Адæймаг йæ удæгасæй кæм не 'рбæстон вæййы, уым ын йæ мардыл чи тыхсы: «Сидзæры хæдон – дзала худ»[2]. Фæлæ йæ зæрдæйы фæндон поэтиконæй ма загътаид, уый нæ уыд йæ бон æмæ дзы чысыл фæрухс кодта фыссæджы царды уаг йæ удæгасæй дæр, йæ адзалы фæстæ дæр, цæмæй йæ уынæм хуыздæр.

Хъодзаты Æхсар та йын зæрдæфæлæууынæн, Булкъайы-фырт цахæм фæлмæн æхсæвтæ уарзта, уыдон æрымысыд сныв сæ кодта фæлмæн зæрдæйы уагимæ, поэтиконæй, адæймаджы зæрдæ куыд бакъуырой, æхцон сагъæстыл æй куыд бафтауой, цæмæй йæм æрцæуа цæрын, мауал æй афæнда йе 'нусон дунемæ афæндараст уæвын:

*Цы 'рцыди цымæ цъырцъырæгтыл ахсæв,*
*цы сæрра сты, цы ныл æфтауынц дис? –*
*дæлдзæх æмæ уæларвбæстæтæ ахсы*
*цъæх кæрдæгау цъæхснаг зарæг-фæдис.*
*Фæцис йæ уацар дуне æмæ хъусы*
*(æмсæр-æмбар – хуыцау æмæ мæлдзыг).*
*Цырен зæлтæй æхцон уæлдæф ысрухс и,*
*кæны дыз-дыз, ныттынг æмæ нындзыг[3].*

(«Номарæн Булкъаты Михалæн»)

---

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 93 ф.
[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 53 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 225 ф.

Коцойты Арсен раст уыд: «Адæм, æппæтæн æмзæрдæ уæвæн нæй»[1]. Йе ‘мсисонтæй йын йе ‘нæрæнцой удыхъæд чи зыдтой, йæ аивады нысаниуæг чи æмбарынц, уыдон æй мысыдысты æмæ мысынц нывæфтыд дзырдæй. Йæ ном ын, куыд æмбæлы, афтæ кæнынц æнусон. Джусойты Нафи загъта:

*Бафынæй... Фыд фын... Уынгæг хæст... Зæрдæ –*
*Масты фурды судзгæ нау – фæдæлдон...*
*Не знæгтæн сæ рад: фыццаг – æвзæрдæр,*
*Махæн та – хæрзæджы сæфт – фыдæлтæй!..*

*Хъæц, фæраз!.. Æз дæр æй зонын, зонын!..*
*Фæлæ уый мæ кæстæр уыд, æфсымæр!..*
*Уæд мæ уд цæуыл лæууа, цы ‘фсоныл?*
*Зонд ныггоби, дзурæн дзых ныссымæр...*

*Бирæтæн сæ къодахыл дæр ногæй*
*Зайы тала, арвы цъæхмæ ‘ххæссы.*
*Æз – зæронд, къуызыр бæлас – мæ цонгæй*
*Нал фæразын асæрфын мæ цæссыг.*

*Бирæтæн сæ цæсты рухс – нымæгыл,*
*Гъе, уæддæр бæзхъуын кæны сæ хæлын!..*
*Æз – бæлас, уæлгъæдæй хус мæ зæнгыл, –*
*Ме ‘нхъæлцау, мæ ныфсы цæнгтæ згъæлынц...*
*Уæд цы кæнон?..*[2]

(«Булкъаты Михалы тæфæбон»)

Зæрдæ развæлгъау бирæ цыдæртæ фæзоны. Къоста дзырдта: «Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ, – Тагъдæр мæ балцæн йæ фæстаг кæрон...»[3] («Хæрзбон»). Фæлæ арæх æрцæуынц ахæм хабæрттæ, адæймаджы зонд мыггагмæ дæр кæй никуы æрцахсдзæнис. Æмæ сæ, чи зоны, трагеди аразын нæ фæхъæуы – не ‘ппæт дæр адзалы фос стæм, фæлæ зæрдæ, куыд акæнынц, фыдымурæй уæлдай ницы

[1] К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 48 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Хæрзбон, ссæдзæм æнус!. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 385 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 29 ф.

у, æмæ фæкæны йæхион – фæриссы. Булкъаты Михалы цардвæндаг, цыма, раст цыдис, бирæтæн бæллиццаг уыд, фæлæ йæ кæрон афтæ трагикон кæй разынд, уый бирæ фæлтæрты æнкъарагдæрты зæрдæтæ ма агайа, уый гæнæн нæй. Æмæ уый æнæмæнг афтæ хъуамæ уа. Цалынмæ адæймагæн йæ риуы зæрдæ уа, йæ сæры зонд кæрда, уæдмæ. Мамиаты Изетæ дзы уымæн дзуры: «Ацы номимæ цæстыты раз сысты интеллигентон, хъуыдыгæнæг æмæ æуууæнкджын адæймаджы сурæт. Йе 'нæхудгæ цæстыты фæлварæг каст – уды рæбынæй цæуæг рухсы уылæн ыл сабыр не 'нхъæвзы, зæгъгæ, уæд, чи зоны, уазал æнгæс лæвæрдтаид цæсгомæн. Тызмæг (æви хъизæмайраг?) сагъæсы тæмæн хъазыд йæ тæрныхыл, аргъуаны дзуары нывау ыл цавæрдæр сусæгдзинады гакк æвæрдта. Ныр ма йæ цы зонын хъæуы: хъысмæты уæззау разæнкъарæн уыд уый… Дугивæн рæстæджы маргджын калм æвдæрзта нывгæнæджы зонд æмæ хъуыды, йæ рæстылдзу сыгъдæг зæрдæ хæрамимæ ныхмæлæуды химидæг сыгъди. Æмæ йæ риссæгты судзаг цас арфдæр норста, уыйас сæ мынæг цæхæр адæймаджы катайыл æфтыдта»[1].

Йæ романтæ «Теркæй Туркмæ», «Дæ фыдæлтæ – рухсаг», «Нарты Сосланы æвдæм балц», хицæн чиныгæй нын фенын кæмæн нал æнтысы, афтæмæй фыссæджы царды стыр бынат кæмæн ис, уыцы «Сырх хъаймæт», йæ историон радзырдтæ æмæ уацаутæ, кæд нын се 'ппæты чингуыты фенын нæма бантст, уæддæр ын ирон аив литературæйæ æрттивынц цæхæркалгæ стъалытау. Ахæм уæрæхавнæлдон, арфпроблемон æмæ, карды фындзау, цыргъконфликтон романтæ цы адæмы аив литературæйы ис, уыдонæн сæхи гæвзыкк æмæ æдых схонын, мæнмæ гæсгæ, ном нæу. Кæд: «Нæй кад мæгуыр лæгæн йæ куыстæн»[2], – уæддæр сыл уыцы ном никуы дæр фидаугæ скæндзæнис. Сæ кад сæ разæй хæссынц.

Михал æрдзæй уыдис фæндвидар адæймаг. Рæстæджы фыдтæй, царды зынтæй басæттæн кæмæн нæ уыд, стæй – табу Хуыцауæн, – сæтгæ дæр чи нæ бакодта цæнды бын æй куы фæкæнай, уæддæр йæ раст хъуыды чи нæ аивтаид, æхсон дурыл дæр чи нæ фæцъула уыдаид, раст ахæм.

[1] М а м и а т ы И з е т æ. Миф æмæ æцæгдзинад фыссæджы аивады / Рæстдзинад, 2007. – 1 март.

[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. –Дзæуджыхъæу, 1951. – 34 ф.

Ӕнæмæнг, нæ зынгæ ирон фыссæг Гафез йæ зындгонд æмдзæвгæ «Тулдз»-ы сæрыстырæй йæхицæй уый æмæ уыйхуызæттæй загъта: «Нæ бон у, асæттæм, æндонау, Фæлæ нын, назау, тасæн нæй!»[1].

Булкъайы-фырт, царды уыдаид, литературæйы, цы хъуыддагмæ æвнæлдта, ууыл-иу развæлгъау ныхъхъуыды кодта арф. Йæ рæстдзинад-иу ын йæхи уды рæстдзинадимæ сбарста алырдæмыты, æмæ уыйфæстæ йæ ныхмæ æнæхъæн хъæдтæ, хæхтæ куы слæууыдаиккой, уæддæр æй йæ равзæрст фæндагæй ничи уал фæиппæрд кодтаид. Развæлгъау уыдта йæ аразгæ хъуыддаджы фидæн. Уый йын лæвæрдта ныфс. Лæджы-хъæдæй, зонадон æгъдауæй, æмбаргæйæ æппæт хъуыддæгтæ дæр сарæзтаид, йе 'нæниздзинадæн цыфæнды фыдты куы цыдаид, уæддæр, æцæг лæгау-лæгæн куыд æмбæлы, йæ равзæрст проблемæ нал ныууагътаид æнæ кондæй. Куыд, цы хуызы йæ арæзта, уый уындзыстæм дарддæр. Ӕмæ уый, уæдæ, цæуылдæрты дзурæг у. Кæддæриддæр фидарæй æууæндыд, йæхæдæг цы аразы, уый æндæр исчи нæ сараздзæнис. «Алы маргъæн йæхи зарæг ис»[2], – дзуры ирон æмбисонд. Фидарæй афтæ зæгъæн ис алы адæймагæй дæр. Уæлдайдæр, нывæфтыд дзырдæн чи райгуырд, йæ уд ын чи снывонд кодта, æнæ уый, цæрын нæ, улæфын дæр чи нæ фæразы, уымæй. Цæрукъаты Алыксандр зæрдæрисгæйæ уый охыл дзырдта, Михал йæ уд кæмæн хъардта, нæ уыцы мадæлон æвзагæн:

*Ирон зæлланг ныхас, дæу айс мæнæй,*
*Уæд баззаин къуырма æмæ куырмæй.*
*Нæ арв, нæ зæххæн нал уынин сæ хуызтæ,*
*Ӕнæ дæу мын мæ къæхтыл ацæуæн дæр нæй.*
*Къостайы аив дзырд, æнæ дæу æз –*
*Ӕнæ къона, æнæ артдзæст хæлд къæс,*
*Ӕндæргау хус цъацъа, уæлхъæдæй мард дæн.*
*Ирон æвзаг, æз демæ – уадхæссæг цæргæс,*
*Йæ сæрвидауц ды дæ, йæ уæвынад мæ цардæн.*[3]

[1] Г а ф е з. Уацмыстæ. – Сталинир, 1955. – 139 ф.

[2] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. 1 т. – Цхинвал–Дзæуджыхъæу, 2013. – 45 ф.

[3] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Ирон зæланг ныхас… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Мæ рæсугъд азæлгæ æвзаг. – Дзæуджыхъæу, 2015. –26 ф.

Уый, мæнмæ гæсгæ, æцæг лæджыхъæдджын адæймаджы, æцæг нæлгоймаджы, æцæг аивады кусæджы минийæг у æмæ дзы æнæмæнг раппæлын æмбæлы, кæд хорзæй хорз зæгъыны бæсты тынг бирæйæ нæхи ницыуынæг скæнæм, уæддæр. Мах нæхи куы ныхъхъус кæнæм, уæддæр дуне къуырма нæу – исчи йæ, кæд абон нæ, уæддæр райсом йæ хъæлæсыдзаг æнæмæнг зæгъдзæнис.

Булкъаты Михал уыд, нæ кадджындæр хистæртæй иу, Къубалты Алыксандр, афтæ кæмæй загъта: «Горец твердо верит в действительность жизни и подвигов героев-нартов, и сказания о них, в отличия от сказок и басен»[1], – уыдонæй. Йе сфæлдыстадон хæтæнтæ йæ уый охыл фæцæуæг кодтой нæртон дунейыл дæр «Нарты Сосланы æвдæм балц»-ы. Æрмæст зæххон хъуыддæгтæ йæ не 'ндæвтой. Йæ уд мифон хъафтартимæ дæр хæтыдис уæлæрвты æмæ-иу сæр куы бахъуыд, уæд авд дæлдзæхы дæр. Йæ бæллицтæ йæ хастой уыцы удуæлдай хæтæнты æмæ сыл никуы зивæг кодта йæ радтæг адæмы фарн æмæ йæ уарзон Фыдыбæстæйы рухсдæр фидæн феныны сæраппонд. Æмæ, бæргæ, Хъамбердиаты Мысост афтæ дзырдта: «Амондмæ ма дзур, амонд», зæгъгæ, «йæхæдæг зындзæн»[2], – уæддæр, Михалыл Уæллагæй ахæм арфæ нæ сæмбæлд.

Æгæрыстæмæй йæ йе 'ппæт удфæразонæй дæр, хъыгагæн, нæ фæцис йæ мадæлон æвзагыл скъолайы, гъе, уæлдæр ахуыргæнæндоны йæ уды фæндиаг сæрибарæй ахуыр кæныны амонд; кæд, тынг бирæ адæм кæмæ бæллыдысты, ахæм индзылер уыд, уæддæр, йæ уд æмæ йæ цард кæмæн снывонд кодта, йæ уыцы æцæг дæсныйадыл – æппынæдзух аив дзырдыл кусыны амонд, кæд иунæг уысм дæр йæ хъуыдыйæ никуы иппæрд кодта, кæд ын йе сфæлдыстады сæрысуангæй йæхи кæронмæ лæвæрдта æмæ дæдтгæ дæр ракодта, уæддæр.

---

[1] К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 64 ф.

[2] Х ъ а м б е р д и а т ы М ы с о с т. Æмдзæвгæтæ, кадджытæ, радзырдтæ. – Дзæуджыхъæу, 1979. – 27 ф.

Д Ы К К А Г  С Æ Р

## УДÆГАС ДЗУРИНÆГТÆ

Царды алцæмæн дæр йæхи сæрмагонд фæндаг æмæ йæхи истори ис. Æцæг аивады равзæрд, йæ рæзт æмæ йæ уавæрты тыххæй Джыккайты Шамил дзырдта философон хъуыды: «Гыццыл цады нæй сырæзæн китæн; гыццыл сапны нæй тулгæ дурæн йæ тых равдисæн; цæмæй дур сцырын уа, уый тыххæй йæ хъæуы рæстæг æмæ дæрддзæг. Змæлд æмæ архайд – тыхæвдисæн. Уый у карз æцæгдзинад.

Ацы æцæгдзинад фæтк у аивды дæр. Аивад ис алы адæмтæм дæр, уыд æмæ ис æппæт заманты дæр. Фæлæ стыр аивад ис æрмæст стыр æмæ фæрныг адæмтæм;[1] стыр аивад æвзæрд æмæ рæзт æрмæст бæлвырд заманты, бæлвырд фадæтты. Цæмæй уыцы æцæгдзинад фенæм æмæ бамбарæм, уый тыххæй йæм акæсын хъæуы объективон цæстæнгасæй, хирвæсон æнкъарæнтæ æмæ хистауæн монцтæй нæхи ссæрибар кæнæм, афтæмæй»[2].

Æцæгдзинады сæрты зын ахизæн у. Нигер мæнгæй нæ дзырдта: «У фадат аразæг!..»[3]. Царды уыцы рæстдзинад нæм куы кæцæй сдары йæ сæр, куы – кæцæй. Æвдисæн ын – Булкъаты Михалы сфæлдыстадон фæндаг дæр.

Михалы æнкъараг уд дзырдаивад бакъуырдта, йæ лæджы кары куынæ ма æрбадт, фæлæ царды æнæрæстдзинадмæ йæхи дыууæ цæстæй куы кастис, афтæмæй йæхимæ йæ ныхмæ стох кæныны хъару куынæ ма хатыд, бынтон æдых куы уыдис, астæуккаг скъолайы ма куы ахуыр кодта, уыцы дуджы. Нæ фыдбоны сыхæгты æвзагыл уæд райдыдта æмдзæвгæтæ фыссын æмæ йæ зынгæдæр уацмыс уыд кадæг В. И. Ленинныл. Стæй æцæгæлон æвзаг йæхи æвзагæй къаддæр нæ зыдта. Уымæ гæсгæ йæ фыццаг поэтикон фæлварæнтæ хызтысты адæймаджы зæрдæмæ. Фæлæ, фыссæг фæстæдæр йæхæдæг куыд бæлвырд кодта, афтæмæй адæймагæн йæ зæрдæйы арфы æвæрд чи вæййынц, йæ уыцы иууыл æвæджиагдæр хъуыдытæ æххæстæй зæгъын йæ бон бавæййы æрмæстдæр йæ

[1] Дзырд бирæнымæц æмæ чысыл нымæц адæмтыл нæ цæуы (Авт.).
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 3 ф.
[3] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 211 ф.

мадæлон æвзагыл. Йæ хъуыды уымæн уыд бæлвырд æмæ фидар: «Как не старался, грузинскому языку не было суждено стать орудием моего мышления»[1]. Ирон æвзагыл цæмæннæ æвзæрста йе сфæлдыстадон хъару, уый тыххæй дæр йæхæдæг дзырдта: «В осетинской литературе и письменности я, как говориться, являюсь самоучкой, ибо высшее учебное заведение, которое я окончил, по своему профилю не состоит в родстве вообще с искусством»[2].

Афтæмæй-иу ын хæдзары, бинонты ‘хсæн, удæн æхцон цы ирон дзырд уыдис, уый фæрцы раныв кæнын цы хъуыдытæ бацис, æрмæстдæр уыдон хастой иууыл стырдæр æхцондзинад. Фæлæ йæ мадæлон æвзагыл дзырдта æрмæстдæр хæдзары бинонтимæ, сæ алыварс ирон дзыхæйдзурæг кæй нæ уыдис, уый тыххæй. Хæдзары та сæ мадæлон æвзаг уыд, фыссæг-иу иронион хуызы куыд дзырдта, афтæмæй цахæмдæр «эксперанто» алы æмæ алы æвзæгты дзырдтæ сиукæнгæйæ. Фæлæ йæ уæддæр æгæрон уарзтæй уарзтой. Сæ ирон æвзаг. Цахæмдæр «эсперантойы» хуызы дæр. Уарзын та стыр хъуыддаг у. Барахъты Гино дзырдта: «Уарзгæ чи кæны, уый йæхæдæг дæр у уарзыны аккаг»[3]. Михал йæ хæдзары бинонтæн сæхи дæр æмæ се ‘взаг дæр уарзта æгæрон уарзтæй. Æмæ йын уым нæ уыд рамбулæн.

Уыцы хъуыддаг фидæны фыссæджы сфæлдыстадон фæндаг æнахуыр хуызы ныйййивæзта Хетæгкаты Къостамæ ныффидаргонд литературон æвзагмæ, кæд гениалон поэты уацмыстæ хъæубæсты æнæахуыргонд, фæлæ зæрдæргъæвд адæймæгты фæрцы хихуызон фæлдæхтытæй сабибонтæй фæстæмæ хъуыста, уæддæр.

Цæмæй нæм нæ мæлгъæвзаг ма хъуыстаид æмæ ма хъуыса, уый тыххæй не ‘нæбасæттгæ удтæ æвзæрзтой æмæ æвзарынц æппæт фыдтæ дæр. Хъодзаты Æхсар æй аивадон æгъдауæй афтæ банысан кодта:

*... Æвæрдтой йыл цъутта æрцæуæг хæддзутæ,*
*цыфыддæр фыдгултæ: агуыр уа, фыдгунтæ.*

---

[1] Б у л к а т ы М и х а и л. Автобилграфия / Авторы архивæй.

[2] Уый дæр уым.

[3] Б а р а х ъ т ы Г и н о. Уæлладжыры кадæг. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 366 ф.

*Рæхуыстой йæ арцæй, фæлвæрдтой йæ артæй,*
*æхстой йæ мæнгардæй гадзрахаты фатæй.*

*Æппæрстой йæ хъоргъы – куыд баззайа рохы.*
*Йæ цот æй фыдохы ныууагътой-иу рохы.*

*Нæ басаст ирон дзырд – куырыхонæй номдзыд,*
*тыхы бон хæстон уыд: нæ фегад нæртон цыт[1].*

(«Ирон дзырд»)

«Нымæты цас фылдæр нæмай, уый бæрц бæзджындæр кæны»[2]. Диссагæн баззад ирон æвзаджы удвидар. Никæй бон бацис Михалы зæрдæйæ дæр йæ сæппарын. Йæ, æнæфыст гæххæтты æнгæс, сыгъдæг зæрдæйы «Нарты каджытæ» æмæ Къостайы «Ирон фæндыр» йæ адзалы бонмæ цы стыр фæд ныууагътой, уый дзы нæ рох кодта йæ лæджы кары дæр. Æмæ «Сослан нарты «нæрæмон»[3] – куыд ссис, афтæ æвзонг лæппу сæ бинонты æхсæн бонæйбонмæ ахсын райдыдта йæхи аккаг бынат æмæ йын уый ноджы йæ ныфсыл æфтыдта ныфс, нал дызæрдыг кодта, æввахс рæстæджы йæ бон кæй бауыдзæнис ирон дзырды къæбицы арф æмæ æвæджиаг æвæрæнтæ фенын, кæй сæ уыдзæн йæ бон парахатæй пайда кæнын æмæ уый æцæгæй дæр йæ къухы райдыдта æфтын.

Михал тæвдтуг романтик уыдис æмæ æнæстъæлфгæ нæй кæсæн нæ радтæг, нæ уромæг Зæххы, стæй æрмæст уымæй нæ, фæлæ йæ зæрдæ æппынæдзух уарзгæйæ кæимæ æмæ цæимæ дзырдта, уыдон тыххæй йæ зæрдæбын ныхас. Зæрдæхцонæй йæ хъуыды уыд: «Кроме образа великого Коста, пришедшего ко мне благодаря декламациям неграмотных сельских стариков и превратившегося в суть моей повседневной реальной и горькой жизни, мою мысль еще подпитывает неугасающая память о фантастической любви моего отца Габо и моей матери Досыр к родной земле,

---

[1] Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо, Ходы Камал. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983. – 35 ф.

[2] Хъазиты Мелитон. Ирон хæзна. Т. 1. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 229 ф.

[3] Нигер. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 465 ф.

возделывание которой ими было возведено в ранг культового ритуала. Эта память о преклонении перед культом земли настраивает меня в унисон с требованиями нашей сложной эпохи, принуждает жить правдой своих близких, считающих высшим благом для человека честный труд. Эта память заставляет меня ходить по многострадальной земле осторожно. Напоминаю народу: любите матушку землю, ласкайте ее, обращайтесь с ней как с равной. Не думайте, что ее возможности неиссякаемы! Я поклоняюсь ей в своих произведениях и считаю, что это есть и поклон перед памятью тех, кого жестокие и кровавые репрессии культа личности безвременно лишили высшего блага – жить на родной земле и общаться с ней, как живой»[1].

Радтæг зæхх æгæрон уарзтæй уарзын цард уарзын у. Цард æцæгæй чи уарзы, уымæн йæ бон у æмбæлон аргъ кæна искæй уарзтæн дæр. Æмæ Михалы автобиографийы ацы рæнхъытæ кæсгæйæ зæрдыл æрбалæууынц, Фыдыбæстæйон Стыр хæсты тæккæ тæмæны фашисттæ 1943-æм азы, 25 августы Берлины Чехославакийы зынгзæрдæ патриот, фыссæг Юлиус Фучикæн мæлæты тæрхон куы рахастой æмæ йæ уым 8 сентябры куы сæххæст кодтой, уæд ма йæ мæлæты размæ цы зындгонд чиныг ныффыста, «Ныхас мæлæты размæ», уый кæрон нæ куыд фæдзæхста, уыцы рæнхъытæ: «Люди, я люблю вас! Будьте бдительны!»[2]

Михалы ацы хихуызон фæдзæхсты бæрæгæй зыны, фыссæджы цæмæннæ бафæндыд йе 'вæджиаг хъуыдытæ æцæгæлон æвзагыл нывæндын, æцæгæлон адæмæн сæ, зылынбаст æргъомау, хъарын. Йе 'взонджы бонтæ йæ мадæлон æвзаг лæмбынæг сахуыр кæнынæн кæй æрхаста нывондæн, уый йын, ма нæ хъуамæ рох кæна, бирæ рæстæг ныффæстиат кодта йе 'рбацыд ирон нывæфтыд литературæмæ. Фæлæ йæм куыддæр йæ къах æрбавæрдта 1961-æм азы журнал «Фидиуæджы» фæрцы йæ фыццаг чысыл радзырд «Иу цæссыг»-æй[3], ирон чиныгкæсæг ыл уæд æрæвæрдта йæ цæст. Æмæ сæ фидæны фыссæг нæ фæкодта фыдæнхъæл. Фыццаг радзырды фæдыл, цыма

[1] Авторы архивæй.
[2] Ф у ч и к Ю л и у с. Слово перед казнью. – М., 1950. – 173 ф.
[3] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Иу цæссыг // Фидиуæг, 1961. – № 9 – 30–32 ф.

сæ афтæ сæрмагондæй саразта, рухс федтой «Трактор æмæ Гутоны зарæг»[1], уæлдайдæр, «Нæмыгдзæф фæндыр»[2] куы фæзындысты, уæд райдайгæ фыссæг ирон чиныгкæсджытæн фæцис æцæг цæстæвæрæн. Хуымæтæджы нæ. Уый, бынтон æвзонг фыссæджы дебют нæ уыдис, фæлæ сæ ирон чиныгкæсæг федта, æцæгæй йын йæ цæстæнгас йæхимæ чи аздæхта, ахæм хæдбындур аивадон кусæджы.

«Иу цæссыджы» тыххæй Букуылты Алыкси дзырдта: «Радзырды кæд чысыл аиппытæ уыдис, уæддæр ыл чиныгкæсæг æрæвæрдта йæ цæст. Ныллæууыд Михал литературон фæндагыл æмæ йыл цæуы уæзбын, фидар къахдзæфтæй»[3]. Фæлтæрд фыссæджы зæрдæ дзы уымæн барухс. Æмæ нæ фæрæдыд ард æмæ нывæфтыд литературæйы фæлтæрд лæг. Михалы къахдзæфтæ нæ ирон литературæйы æцæг уæзбын, стæй фидар уыдысты. Æмæ рæстаг хъуыддаг дарддæргæнгæ у – Алыксийы уыцы хъуыдыйæн, фыссæджы сфæлдыстадыл ныхасгæнгæйæ, мах фæфæнды æви нæ, алы хатт дæр вæййы йæхи бынат. Мамиаты Изетæ уымæн зæгъы: «Уым уыд царды хи фæндаг агурыны фæлтæрæнтæ, рæстæджы размæцыд æййафыны пафос, хъуысти дзы цардимæ æмдзугæнæг фæллойы симфони»[4].

Райдайгæ фыссæгæн æппæтхъом нывæфтыд дзырды фæрцы йæ бон бацис йæ хъайтарты афтæ сныв кæнын, цæмæй сæ хъуыддæгтыл дзырдтаиккой, автор нæ, фæлæ сæхæдæг сæ алы фезмæлдæй; цæмæй сæ алы дзырды дæр уыдаид аивадон тых æмæ уый йæ къухы æфтыд. Йæ хъайтартæ дзырдæй нæ, фæлæ сæ хъуыддæгтæй тох кодтой æмæ сæ сæртæ Фыдыбæстæйон Стыр хæсты рæстæджы алыхуызон цардуагон фыдæвзарæнты нывондæн хастой сæ радтæг адæм æмæ сæ уарзон Райгуырæн бæстæйы сæрибар æмæ хæдбардзинады сæраппонд.

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Трактор æмæ гутоны зарæг // Фидиуæг, 1961. – № 10 – 71–75 ф.

[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Нæмыгдзæф фæндыр // Фидиуæг, 1961. – 22–30 ф.

[3] Б у к у ы л т ы А л ы к с и. Зæрдæйы хъуыддæгтæ // Фидиуæг, 1965. – № 3. – 59 ф.

[4] М а м и а т ы И з е т æ. Миф æмæ æцæгдзинад фыссæджы аивады / Рæстдзинад, 2009. – 27 январь.

Уацмыстæ кæсгæйæ, цыма В. Харитонов æмæ Д. Тухмановы зындгонд зарæджы дзырдтæ æппынæдзух æнæрæнцойæ зæлынц нæ хъусты:

*День Победы, как он был от нас далек,*
*Как в костре потухшем таял уголек.*
*Были версты, обгорелые, в пыли, –*
*Этот день мы приближали, как могли*[1].

(«День Победы»)

Уымæн æмæ Булкъайы-фырты хъайтартæ дæр, сæ бон куыд уыдис, афтæ, сæ удтыл нæ ауæрдгæйæ, хæстæгдæр кодтой Уæлахизы бон, æгæрыстæмæй-иу сæ уый охыл сæ сæртæ нывондæн æрхæссын куы бахъуыд, уæд дæр. Авторæн, кæй кой нæм ис, йæ уыцы радзырдтæй сæ иуæй иннæ уымæн у хуыздæр, сæ иуæй иннæ – нуарджындæр, фæлæ нæ «Нæмыгдзæф фæндыр»-ы фæрцы æцæгæй бауырны, Фыдыбæстæйон хæсты сæ сырх туг чи калдтой, уыдонæй, фæсчъылдым чи баззад, уыцы удуæлдæйттыл хуыздæр бон кæй нæ уыдис, Гаглойты Владимир уымæн дзырдта: «Раджы фæцис Стыр Фыдыбæстæйон хæст, фæлæ уыцы темæ, революцион темæйау, кæддæриддæр актуалон у»[2]. Æнахъомæй, сылгоймагæй, зæрондæй сыл уынгæджы бон кæй уыдис, цæмæй сæ удуæлдæйттæн фæстæмæ сæ зæрдæтæ ма æхсайдтаиккой, уый дызæрдыггаг никæмæн у. Уыдон дæр сæ хъæбатыр хæстонтаутау хъуыд зæхх игæрæй хафын. Афтæ куынæ уыдаид, уæд уыцы тугкалæн рæстæджы фæсчъылдым хъынцъымгæнгæйæ нæ тъизыдтаид Нигеры фæндыр:

*Нæ дуг заман у махæн,*
*Заман, заман, нæртон дуг!*
*Чи бахаудзæни цардмæ,*
*Чи сисдзæни йæ сонт уд…*

[1] Х а р и т о н о в В. День Победы // К о л л е к т и в а в т о р о в. Песни войны и победы. – М., 2010. – 254 ф.

[2] Г а г л о й т ы В л а д и м и р. Рæзты фæндагыл // Фидиуæг, 1971. – № 5. – 66 ф.

*Мæ Ир, мæ уарзон бæстæ,*
*Дæ ном, дæ фарнмæ дзурын –*
*Бындурон уæнт дæ риуыл*
*Дæ байзæддаг, дæ хъæстæ!*[1]

(«Цымæ, ныр та кæй рад у…»)

Фыдыбæстæйон Стыр хæст куы фæцис, уæд Михалыл æвддæс азы дæр æххæст нæма цыд, фæлæ йæ хорз бадардта йæ зæрдыл. Æмæ йæ куыннæ бахъуыды кодтаид, кæд æрвыл уысм дæр кæцырдæм ныззылдаид, адæймагыл йæ Хуыцауы хай кæцæй æрхаудаид, уый Уæллагæй дарддæр ничи зыдта. Алкæй бон дæр сæ уыдис хæстонтæй загътаид Александр Твардовскийы æмдзæвгæйы дзырдтæй: «Мы с ними шли дорогой войны В едином братстве воинском до срока, Суровой славой их озарены, От их судьбы всегда неподалеку»[2] («В тот день, когда окончилась война»). Уымæн ын бадардта Булкъайы-фырт йæ зæрдыл йæ иумæйаг æндыгъд æрдзыконд. Мыртазты Барис уымæн загъта: «Мæлæт лæджы æгъатырæй куы ‘рбырсы, Уæд ыл сабырæй мах фæкæнæм хъыг»[3] («Мæлæт лæджы æгъатырæй куы ‘рбырсы…»). Фыссæг ахæм реалистон цаутæй, детальтæй пайда кæны, – мадæй йæ зынгхуыст ныффсы мæлæт, стæй нæмыгдзæф фæндыр куыд æмбæхсынц, – æмæ сæм æнæныккæрзгæ нæ фæуыдзæн цыфæнды дурзæрдæ адæймаг дæр. Уымæй дæр æй лæмбынæг чи бакæса, уымæн æй ферох кæнгæйæ нал у: «Кулдуар чидæр сындæггай бакодта æмæ йæ арæхстгай фæстæмæ хъинцъхъинцъгæнгæ ахгæдта, цыма кæртмæ хъуызгæ кодта. Кудзиты дуарыл æрбалæууыд постхæссæг Илас. Ацы æвзонг постхæссæг йæ чысыл уæхсчытыл циндзинад æмæ хæсты азар рахæсс-бахæсс кодта æмæ æнæхъуаджы никæй кæртмæ бавæрдтаид йæ къах. Æрбацыдис дæ кæртмæ – æнхъæлмæ кæс кæнæ циндзинадмæ, кæнæ – сау хабармæ. Фæлæ Кудзитæм цæмæн бацыдис, уыдонæй фронты куы

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 303 ф.
[2] Т в а р д о в с к и й А. Т. Собр. соч в 6 т. Т. 3. – М., 1978. – 25 ф.
[3] М ы р т а з т ы Б а р и с. Мæлæт лæджы æгъатырæй куы ‘рбырсы… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирон поэзийы антологи 2 т. Т. 2. – Цхинаал, 1970. – 173 ф.

ничи ис. О, фæлæ та мæ куы айрох ис… Фæндыр… Иласы къухы фæндыр куы ис, фæндыр, стæй зонгæ фæндыр, Бечыры фæндыр… Иннæ къухы дæр, бæлоны базырау, цыдæр куы æрттивы… О, гæххæтт, æртæтигъон фыстæг. Илас йæ цæстытыл йæ худ æрæмбæрзта, афтæмæй зæхмæ нымдзаст, йæ чысыл, мæллæг уæхсчытæ æнкъуыстысты, кæугæ кæй кодта, уый зын базонæн нæ уыдис, фæлæ цæуыл куыда?.. Æдзынæгæй аззадтæн, мæ бон ницы уал бацис æмæ мæ бынаты ноджы нынныгуылдтæн, уæрццау. Кудзи лæппуйы къухы фæндыр куы ауыдта, уæд хорзау нал фæци æмæ цудгæ рауади постхæссæджы ‘рдæм. Илас дæр йæхи нал баурæдта. Кудзийырдæм йæхи ауагъта, йæ астæуыл ын йæ къухтæ æрбатыхта æмæ цæссыгæй хуылыдз цæсгом зæрон лæджы куырæты нымбæхста»[1].

Йæ уыцы радзырдтæй сæ иуæй иннæ у хуыздæр, фæлæ «Нæмыгдзæф фæндыр»-ы фæрцы базонæм, Фыдыбæстæйон хæсты сæ сырх туг чи калдтой, уыдонæй, фæсчъылдым чи баззад, уыцы удуæлдæйттыл хуыздæр бон кæй нæ уыдис. Фыссæг ахæм реалистон цаутæй, детальтæй пайда кæны, – мадæй йæ зынгхуыст ныфсы мæлæт, стæй стыр фыдтыл дзурæг нæмыгдзæф фæндыр, куыд æмбæхсынц, – æмæ сæм æнæныккæрзгæ нæ фæуыдзæн цыфæнды дурзæрдæ адæймаг дæр.

Рауагъдад «Ирыстон»-ы фыссæджы радзырдты æмбырдгонд «Удæгас обелиск»[2] рухс куы федта, уæд, ирон литературæйы ноджыдæр иу курдиатджын фыссæг кæй фæзындис, ууыл гуырысхо ничи уал кодта. Ирон нывæфтыд прозæйы фыццаг трилоги «Фатимæ»-йы автор Бекъойты Елиоз райдайгæ фыссæгæй баззад райгондæй æмæ ныфсджынæй фыста: «1964 азы мыхуырæй рацыд Михалы радзырдты фыццаг чиныг «Удæгас обелиск».

Нырма æрыгон автор уæвгæйæ, Михал дæсны нывгæнæджы сисæй аразы йæ хъайтарты фæлгонцтæ»[3], – æмæ авторæн уæды ахæм литературон авторитеты раппæлд, дзырд дæр ыл нæй, уыдис стыр ныфсдæттæг, кæд Бекъойы-

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Нæмыгдзæф фæндыр // Фидиуæг, 1961. – № 11. – 29 ф.

[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Удæгас обелинск. – Цхинвал, 1964. – 105 ф.

[3] Б е к ъ о й т ы Е л и о з. Булкъаты Михал // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 273 ф.

фырт йæ хъуыды æххæст æргом æмæ алыфарсонæй нæ загъта, райдайгæ фыссæджы раппæлинаг миниуджытæ, чиныгкæсджыты зæрдæтæ цы ахсджиг темæтæй æлхæдта, уыдон нæ раргом кодта, уæддæр.

Уыдис фæлтæрд фыссæджы ныхасы уæддæр йæхи бæлвырд рæстдзинад – Булкъайы-фырты уацмысты хъайтарты ивддзаггæнæн нæ уыдис, уæды ног хъайтарагурæг бирæ, колхозон быдырты æмæ куыстуæтты цоппайгæнæг фысджыты ирон литературæйы джиппыуагъд шаблонон фæлгонцтимæ. Уыдонмæ та сæ тардтой партион æмæ грамофонон лозунгтæ. Уымæ сидтысты, æгæрыстæмæй фысджытæн сæхицæй дæр тынг бирæйæ: «Хъыгагæн, абоны онг нæм нæма ис Ирыстоны кусæг къласыл иунæг хæрзгъæд уацмыс дæр.

Колхозы цардыл фыст уацмыстæй дæр, иу стæмтæй фæстæмæ, иннæтæ уæлæнгай æмæ схематикон сты, нырыккон зæхкусæджы зондахаст, йæ цæстæнгас, йæ моралон æмæ духовон рæзт ын æххæстæй чи æвдисы, ахæм уацмыстæ нæм стæм сты.

Нæ прозаиктæн сæ бæрæг фылдæр аздæхтысты интимон æмæ моралон-этикон темæтæм, æмæ ахсджиагдæр темæ, на боны раззагдæр адæймаджы темæ фаг куыст нæ цæуы»[1], – дзырдта Гаглоты Владимир, цы уацы кой йын скодтам, уым, цыма, стыр литературæ темæтæм гæсгæ аразгæ у, афтæ. Фæлæ уыдæттæ хисайæн, стæй чиныгкæсæджы дызæрдыджы æппарыны ныхæстæ сты. Схæццæ кæнынц бирæ хæттыты, йе сфæлдыстадон фæндагыл фидарæй чи нæ лæууы, ахæм фысджыты дæр – нал фæзонынц, æцæгæй сæ цы аразын фæхъæуы. Фыссæг йæ хъуыд даг бæлвырдæй куы зона, йæ куысты сæр фидарæй раст фæндагыл куы лæууа, уæд чиныгкæсæг ссардзæнис кæддæриддæр æмæ, кæй тыххæй фæлдисы аив дзырд, уыцы дзыллæ йæ æнæмæнг фехъусдзæнис. Ныры дуджы йæ, кæддæр Хъаныхъуаты Инал куыд фæдис кодта: «…где ты… читатель? Откликнись!..»[2] – афтæ фæдис кæныны сæр нæ бахъæудзæнис. Фыссæгæн йæ уды рæбынæй куы цæуа йæ дзырд, уæд æм кæд хъусæг разынид. Уæлдайдæр, XX-æм

[1] Г а г л о й т ы В л а д и м и р. Рæзты фæндагыл // Фидиуæг, 1971. – № 5. – 70 ф.

[2] К а н у к о в И. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 270 ф.

æнусы дыккаг æрдæг ахæм уыд. Чиныгуæйгæнæн дуканиты æфтауцдæттæй-иу бынтон лæмæгъ чингуытæ бахъуыд сфыссын æмæ макулатурæмæ радтын, кæд-иу ахæм хабæрттыл дæр иу æмæ дыууæ хатты нæ сæмбæлдыстæм, уæддæр.

Идеалагурæг æмæ стыр идейæйы тыххæй хи цард уæлдай кæнын иу не сты. Æмæ Михалы хъайтартæ сæ удтæ не 'вгъау кæнынц стыр идейæйы, сæ дзыллæйы сæраппонд[1]. Цыма æмдзырд сты Фыдыбæстæ сын у цæссты гагуыйау хъахъхъæнинаг. Алкæмæн дæр сæ йæ бон уыдис сфæлхатт кодтаид Кочысаты Мухарбеджы ныхæстæ: «О Ирыстон! О мæ мæгуыр адæм! Хъусын, хъусын дардмæ дæр дæ хъæр»[2]. Уыимæ сын автор хурмæ, чиныгкæсджыты размæ рахæссы се 'вæрд зæгъинæгтæ æмæ уымæй раргом вæййынц йæ ахсджиаг дзуринæгтæ: «Нæ зæгъыс раст!.. Дæуæн уыдис фыд… хорз фыд… сахъ лæг, сахъ фыд… Фыдыбæстæйон хæсты чи фесæфтис, ахæм фыд… – тыхæй ма фæрæзтон дзурын æмæ мæм Бег джихæй кæсгæйæ баззадис.

– Уыдис мын!.. Уыдаид мын фыд, кæй зæгъын æй хъæуы!.. – йæ сæр йæ риуыл æруагъта, афтæмæй дзырдта Бег. – Мæ зæрдыл ма чысылтæ лæууы, мæ мæгуыр мад дæр-иу афтæ дзырдта, фæлæ… О, уыцы сау ххх!.. Чысылтæ ма хъуыды кæнын фын фенæгау, мæ мæгуыр мад-иу мæ йæ хъæбысы ныттыхта, мæ цæсгом-иу мын йæ русмæ нылхъывта æмæ-иу дзырдта: «Тæрсгæ ма кæн, мæ чысыл уари, мæнæ ма иу чысыл, стæй хæст фæуыдзæн, адæм сæ хæдзæрттæм æрыздæхдзысты æмæ махæн дæр нæ баба æрцæудзæн…» – æмæ-иу йæ цæссыг судзгæ лæдæрстис. Уыцы цæссыгты рис мæм уæд нæ хъардта… Хæрз чысыл уыдтæн æмæ цы 'мбæрстон, фæлæ мын ныр мæ зæрдæ судзын байдайынц… – Бег йæ риуыл йæ къух æрæвæрдта, арф ныуулæфыдис, йæ даргъ цæсты хаутæ тагъд æрцæвæрцæв райдыдта æмæ дарддæр дзырдта. – Ницæуыл хъуыды кæнин, мæ зæрдæмæ ницы хæссин, де зноны фарст дæр мæм хъыг нæ фæкастаид, фæлæ мæм афтæ кæсын байдайы, цыма хъуыддæгты сæрбостæ, арцы бырынчъы-

[1] Б у к у ы л т ы А л ы к с и. Зæрдæйы хъуыддæгтæ // Фидиуæг, 1965. – № 3. – 59 ф.

[2] К о ч ы с а т ы М у х а р б е г. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977. – 47 ф.

тау, мæныл, стыр уаргъау, цы сау зæхх уæз кæны, уымæ ныббыцæу вæййынц æмæ мæ маст дывæр кæнын бай-дайы…

Мæн кæмæй буц кодта мæ мæгуыр мад, йæхæдæг алæ-бон кæугæ кæмæ æнхъæлмæ кастис, уымæй сау гæххæтт райста!.. Нал æрыздæхтис, йæ зæрдæмæ маст бахаста æмæ фæрынчынис… Бирæ нал ахаста… царæфтыд фæци!.. Баз-задтæн зыбыты сидзæрæй… Мæхимæ ууыл мæсты кæнын, йæ худгæ цæсгом мæ зæрдыл кæй нал лæууы!.. Æниу æй худгæ дæр стæм хатт уыдтон, фæлæ… Марды чырыны йæ куы нывæрдтой, уыцы цау, цыма знон æрцыди, афтæ лæууы мæ цæстыты раз, фæлæ йæ, ацу æмæ ахæм хуызы нынныв кæн!..»[1].

Уыйхыгъд Михал йæхæдæг дæсны уыд йæ уацмысты хъайтарты зæрдæуаг æрдзы фæливæнтæй ныв кæнынмæ, адæймаджы цæстыты раз æй æрæвæрынмæ. Брытъиаты Елбыздыхъомæ куыд у: «Суадон йæ цæстытæй къæдзæхыл згъоры. Амраны рис базондзæн, уымæн йæ хъæстæ чи фæуа адæмæй, кæй схæсса ардæм йæ фыдбылыз, йæ зонд»[2], – афтæ йæм-иу раудæгас дуне. Æрдз алы афонты, йæ алы æмæ алы нывæфтыд уацмысты ныв кæнынмæ уый тыххæй никуы зивæг кодта. Зивæг нæ, фæлæ уыцы æвæджиаг куыстæй æхцондзинад уымæн иста. Уадз, фыц-цаджы-фыццаг æй ихсыд фразиологизмтæй дæр хастаид нæ размæ: «Æхсæв йæ сау нымæт бæстон æрæмбæрзта зæххыл. Цæсты къух куы фæтъыссай, уæд æй нæ фен-дзынæ. Иоры нарæг цъалайы ныббадтысты мылазон ми-гътæ æмæ ма доны сæр-сæр гæзæмæ хъуысы. Дыдзы рухс ма кæнынц Иоргэсы цырæгътæ.

Æхсæвбонмæ арв æмæ зæхх кæрæдзи фæхостой. Къæв-дайы сæх-сæх мæм рудзгуытæй афтæ цæуы, цыма Иал-нойы æфцæгыл къухтæ разад æмæ мæнæ ныр æмдзæгъд кæны. Мæ сынтæг – фæрссаджы комкоммæ, хуыссæг мыл нæ хæцы æмæ æддæмæ кæсын, зæгъын, кæд истæуыл мæ цæст схæцид, фæлæ, марадз зæгъ, бæстæ – мады гуыбынæй талынгдæр. Зауыр дæр йæ уаты хæлбурцъ кæны æмæ йæ уымæй хатын, йæ хуыссæг Иалнойы æфцæгæй кæй ахызт.

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Удæгас обелиск. – Цхинвал, 1964. – 92–94 ф.

[2] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 214 ф.

Хатт ахæм æрттывд фæкæны æмæ лæг зæгъдзæн: знæт арв йæ цæхæртæкалæг фæринк дардыл æрзылдта æмæ сæрыстыр Иалнойы цæгæр сæр хъуамæ ахауын кæна... Фæлæ Иално йæ цæгæр сæр мылазон мигъты бафснайдта æмæ рæдзæ-мæдзæ кæны.

Кæм ис Асинет? Цæмæн фæлыгъд, йæ куыст цæмæн ныууагъта, Зауыр буцæй афтæ кæмæй загъта, зæгъгæ, нæ фæндаджы арæзтады зарæджы хъæргæнæджы хицау у, уыцы рæсугъд чызг...»[1]. Афтæмæй, Зауыр йæ уаты хуымæтæджы кæй нæ хæлбурцъ кæны, Асинет йæ зæрдæйы цинæн кæй не 'рбайсæфт, уый базонæм фыссæджы знæт æрдзы афыстæй.

Уыцы хуызы арæзт сты, фыссæг йæ чиныгмæ цы радзырдтæ бахаста: «Удæгас обелиск», «Трактор æмæ гутоны зарæг» æмæ «Медальон» – уыдон æртæ дæр. Æнæуд архайджытæ дæр Михалмæ свæййынц удджын æмæ уацмысмæ чиныгкæсæджы цымыдис уый кæны цырендæр, скъæфы йæ, удджын чи свæййы, уыцы уацмысы хабæрттæ, Букуылты Алыксийы загъдау, «хъуыддæгтæ» тагъддæр æмæ уыимæ хуыздæр базонынмæ. Уыдон та сты авторы къухы æмæ нæ иу цауæй иннæмæ кæны арæхстджынæй.

«Автор уд бауагъта зæронд тулдз бæласы, – дзырдта Алыкси удæгас обелискæй. – Радта йын адæймаджы æнкъарæнтæ.

Лæууы удæгас обелиск, айдæнмæ кæсæгау, кæсы архайджыты зæрдæтæм æмæ сын æнкъард кадæг кæны сæ мидсагъæстыл, куы та хъæрæй ныззары сæ цинтыл. Афтæ зыны, цыма дугты æвдисæндарæн фыццаг радзырды нæ ахицæн вæййы, нæ аскъуыййы йæ кадæг, фæлæ зæлланг кæны уыцы иугъуызон хъæлæс, цалынмæ чиныг кæронмæ нæ бакæсай, уæдмæ»[2].

Йæ чиныг адæймаджы хъуыды кæныныл кæмæн æфтауы, царды дзыллæмæ размæ чи сиды, нæ ныфсыл нын ныфс чи 'фтауы, уый амондджын у, уæдæ, цы. Æмæ Булкъайы-фырт хауы уыцы амондджын фысджытæм, кæд ын кæронмæ цæрын нæ бантыстис, дзырдаивады цы алæмæтон тауинæгтæ байтыдта, уыдон тыллæг ын кæронмæ

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Удæгас обелиск. – Цхинвал, 1964. – 35–36 ф.

[2] Б у к у ы л т ы А л ы к с и. Зæрдæйы хъуыддæгтæ // Фидиуæг, 1965. – № 3. – 59 ф.

фенын нæ бауагъта хъысмæт, йæ зæрдæйы фаг сыл нæ фæцин кодта, уæддæр.

Æвæццæгæн, нæ худгæбыл, цардцух поэт Хъамбердиаты Мысостæй афтæ куы дзырдта: «Иу æнахуыр диссаджы миниуæг ис æвзонгады рæсугъд тæмæнмæ: йæ хур æнафоны куы анығуылы, уæд ферттивы дæс хаты тыхджындæр æмæ адæмы хъуыдыйы æнустæм баззайы, уыцы фæстаг ферттывды тæмæн куыд ссудзы, афтæмæй»[1], – уæд ыл йæ хъысмæт худт, ома, тагъд æй дæхи удæй бавзардзынæ.

Фæлæ, Михал уæд кæд нырма райдайгæ фыссæгыл нымад цыдис, уæддæр æм уыд царды фæлтæрддзинад. Нæ тарст зынтæй. Иннæ ахæм – куыстæй. Раст æй цыма йæ уацмысы хъайтартæ Бибо æмæ Асинеты удыхъæдтæй хай фæцис, æппæт дæр саразта, цæмæй уыдон царды зынтæн удæгас æвдисæн чи уыдис, уыцы удæгас обелиск – тулдз бæлас ног дуджы домæн – ног фæндаг саразыны охыл калд ма æрцыдаид, æмæ уый йæ къухы бафтыд. Тыхæй кæнæ тыхкæнгæйæ нæ, аивады хуызы. Чиныджы фыццаг рецензент Букуылты Алыксийы зæрдæ дзы уымæн барухс: «Хæрзарæхст æмæ сфæлдыстадон хъару хъуыдис зæронд Бибо æмæ Асинеты трагеди равдисынæн… Ацы дыууæ адæймаджы не сты, æгæрыстæмæй, тугхæстæг дæр, фæлæ сæ хъысмæт æрæвæрдта фыд æмæ чызджы бынаты… Дунейыл сын никуы уал ничи баззадис сæ кæрæдзийы йеддæмæ. Дуджы тымыгътæ сын ныддымдтой се ʻппæт ныфсыты…»[2]. Æмæ ма сын ныфсæн, стæй сæ царды фыдтæн æвдисæнæн чи баззад, – тулдз бæлас, – уый рæстæджы амæттаг кæй нæ бацис авторы – фыссæджы арæхстдзинады фæрцы, уый уацмысты хъайтартимæ æрцæрын кæны чиныгкæсæджы дæр. Фыссæг йæ хъайтары зæрдæмæ ныккæсынæн куы уа, царды цыд йæхирдыгонау здахынмæ куы рæхса, уæд йæ бон бирæ цыдæртæ саразын бауыдзæнис. Уæлдайдæр: «Æрмæджы сюжет куынæ уа, уæд уый сывæллонæн ницы раттдзæн, йæ сæры дзы ницы баззайдзæн, уый уыдзæн æрмæст дзæгъæлы

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Цырагъ дымгæмæ алыхатт нæ ахуыссы // Фидиуæг, 1989. – № 7. – 75 ф.

[2] Б у к у ы л т ы А л ы к с и. Зæрдæйы хъуыддæгтæ // Фидиуæг, 1965. – № 3. – 59–60 ф.

дзæнгæда»[1], – дзырдта Коцойты Арсен, æмæ прозæйы уыцы хъуыддаг Булкъайы-фыртæн амонын кæй нæ хъуыдис, уый бæрæг у ацы радзырдæй дæр. Сюжетбыды фæрцы бацис фыссæджы бон удæгас обелиск ма бахъыгдарын, стæй йæ уацмысы сæйраг хъайтарты зæрдæтæм зæрырдæм хуры тын ныттадзын, цæмæй сæхи фæхатой амондджын.

Чиныджы фыццаг дыууæ радзырды – «Удæгас обелиск» æмæ «Трактор æмæ гутоны зарæджы» сæйраг хъайтартæ Бибо æмæ Уасо сæ сыгъдæг удыхъæд, сæ рæстаг хъуыддæгтæ æмæ дзыллæмæ, сæ Фыдыбæстæмæ сæ зæрдæты æнæкъæм уарзтæй цыма сæ кæрæдзи дарддæр кæнынц, чиныгкæсæгмæ афтæ дæр фæкæсы, фæлæ сæ иу иннæйы нæ фæлхатт кæны. Уый нæ, фæлæ адæймагæн лæджыхъæд равдисынæн тулдз бæлæстау лæууынц сæ кæрæдзийы æнцой. Къоста сæрыстыр цæмæй уыд: «Я верю в разумную волю, доброе сердце, светлую любовь»[2], – уыцы æвæджиаг æнкъарæнтæ тæлфынц ацы хъайтарты уæнгтæ æмæ хъуыдыйы дæр.

Æмæ уый стыр хъуыддаг у. Адæймаджы уарзт йæ къахыл дæр лæууын кæны, хæхтæ дæр уый фæрцы фæлдахы æмæ йын цæрыны ныфс дæр дæтты. Æмæ Гæдиаты Цомахъмæ гæсгæ, уарзондзинад кæд «уардийы дидинæг»[3] у, уæддæр ын æнтысы хус быдыры Аза-бæлас æрзайын кæнын, адæймагыл сыгъзæрин базыртæ садзын, дзæнæты æвæрæнтæй дæр хи рæвдауын æмæ, Михалæн йæ бон уыд уыцы хъуыддæгтæ зæххон æгъдауæй йæ хъайтарты зæрдæйы арфы дзырдгай, нывгай æргом кæнын

Фыссæг сыгъдæгзæрдæ, æнæкъæмуд Уасойы тыххæй тадзгæ-баргæйæ куы дзуры, уæд нæ бауырны, цæргæцæрæнбонты гутоны хъæдыл хæцгæйæ кæй ис уды æхцондзинад ссарæн. «Фæлæ канд хи уды хæрзиуджытæ нæ агуырдта фæллойы. Уымæн йæ «зæрдæйы хъуыддæгтæ» уыдысты уæрæхдæр, бирæ рæсугъд сагъæстæ æмæ æнкъарæнтимæ. Уасойæн зынаргъ сты, цыдæриддæр фæллойгæнæгæн царды хæрзиуджытæ дæтты, уый номимæ баст хъуыддæгтæ. Растдæр зæгъгæйæ та, гъе, уы-

[1] К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстя 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 263 ф.
[2] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в пяти томах. Т. 2. – М., 1961. – 53 ф.
[3] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 48 ф.

дон сты йæ зæрдæйы стыр æмæ кадджын хъуыддæгтæ»[1], – уыд йæ рецензент Букуылы-фырты рæстаг хъуыды. Æмæ Алыксиимæ æнæсразы нæй, Уасойы хабæрттæ лæмбынæг куы кæсай, уæд: «Иу диссаг у Уасомæ байхъусын, йæ гал Морæйы тыххæй куы фæдзуры, уæд. Морæ уымæн æгомыг фос нæу, фæлæ йемæ уæхски-уæхск хæрзиуæгон фæллой чи кæны, ахæм æмбал… Æмæ мæнæ хицæн кæны цардæй уыцы домбай, зондджын æмбал, йе стыр цæстытæ доны зилы æмæ афтæ зынди, цыма йæ хицауæй хатыр куры… Æмæ нал баурæдта Уасо йæ маст: æрзоныгуыл кодта Морæйы цур æмæ райдыдта гутоны зарæг. О, уыцы зарæджы зæлтæ æрдомдтой куыствæллад цæстытæ, æнусбонтæм чи нал ракæсдзæн, уыцы хъамбул цæстытæ!

Цымæ цæуыл зарыд гутондар? Цинæй нæ, мæстæлгъæд зæрдæйæ рæмыгътой æддæмæ фыдохы зæлтæ. Тохы быдыры йæ хæстон æмбал кæмæн бабын вæййы, уымæй къаддæр нæу, йæ фæллойæмбал чи фесæфта, уый маст дæр. Æмæ лæдæрстысты йæ цæссыгтæ…»[2].

Уасо æнæ зæхгуыст кæй нæ бафæразы, йæ кусæг галы тракторæй кæй аивы, уый дуджы æндæвдадæй, царды æгъатыр рæстдзинадæй цæуы. Нæу йæ бон æнæ нæ радтæг, æнæ нæ уромæг зæхх. Радзырды лирикон хъайтар æй куы афæрсы, зæгъгæ, кæд ма хъуамæ баулæфай, уæд æм зæронд гутондар цымыдисон каст уымæн бакодта: «Улæфгæ зæгъыс? Мæнæн мæ улæфт, – Уасо сыджыты къуыбар систа æмæ йæ йæ къухы ауыæрста, – амæй хуыздæр чи суадздзæн, мæ уд йæ фæхъхъау фæуа»[3], – æмæ уыцы дзырдтæм нæ уды райхъал вæййы царддæттæг зæхмæ нæ зæрдæты уарзт. Æмæ уым ис, Михалæн йæ рафæлдисæг кæй нæ бахæлæг кодта, уыцы æппæтхъом, мардудæгасгæнæг аивады тых. Æмæ, чи зоны, исчи зæгъа, ома, уым диссагæй цы ис, ахæм хъуыдытæ, уыцы зондджын хъуыддæгтæ æз нырмæ дæр фехъуыстон. Фæлæ уым дæр ницы ис диссагæй. Уæддæр уæлдай нæ уыдзæнис, ноджыдæр иу хатт нæ зæрдыл куы æрлæууын кæнæм Александр Пушкины мæнæ ацы афоризм: «Следо-

---

[1] Б у к у ы л т ы А л ы к с и. Зæрдæйы хъуыддæгтæ // Фидиуæг, 1965. – № 3. – 60 ф.

[2] Уый дæр уым, 61 ф.

[3] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Удæгас обелиск. – Цхинвал, 1964. – 76 ф.

вать за мыслями великого человека есть наука самая занимательная»[1], – уæд. Уымæн æмæ адæймаг хорзмæ кæсгæйæ, хорз хъуыддæгтæ аразынæй цæуы размæ. Æмæ уыдон цы уацмысты уой, уыдонæн сæ кад, сæ хъомыладон нысаниуæг бирæ у. Михал йæ чиныгмæ, йæ фыццаг рæнхъытæй чиныгкæсæджы чи æрцахсы, æртыккаг радзырд дæр раст ахæм уымæн бахаста, «Медалон», зæгъгæ. Уыцы уацмыс дæр Михалы иннæ радзырдтимæ иу рæстæджы райгуырд. Æмæ ирон æмбисондмæ гæсгæ кæд: «Зæхх уырзгай у: кæм хъæздыгдæр у, кæм – мæгуырдæр»[2], – уæддæр, адæймаджы хъуыдыйы уыцы иурæстæджы цы хъуыдытæ сфыцой, иурæстæджы сæ чи райгуыра, уыцы уды скъуыддзæгтæ сæ кæрæдзи мацæмæй мысын кæной, уый гæнæн нæй.

«Рæстдзинад»-ы № 47 Брытъиаты Елбыздыгъойы идæдз зæгъы ахæм ныхас: «Бирæ ранæй хъуысы ныр дыууæ азы, цыма Елбыздыхъойы фыстытæ никæмæн дæттын æмæ сын афтæмæй къуылымпы кæнын сæ джиппæй рацыд, цыма сын агурын бирæ æхца æмæ æндæр ахæм ныхæстæ.

Уымæ гæсгæ зæгъын:

Елбыздыхъо йæ цæрæнбонты ууыл нæ фæкуыста æмæ йæ куысты фæрцы уымæн нæ амард æмæ йын æз йæ фыстытæ чырыны нывæрон. Уый фыстытæ сты ирон адæмы»[3], – дзырдта Тыбылты Алыксандыр Елбыздыхъойы идæдзы номæй.

Михал дæр тынг хорз зыдта, йæ уацмыстæ ирон адæмы кæй сты, уый тыххæй æппынæдзух архайдта, цæмæй йын уыдаиккой ирон адæмы зæрдæмæдзæугæ. Цы радзырды кой нæм ис, уый дæр хауы уыдонмæ.

«Знонæй нырмæ мæ алыгъуызон хъуыдытæ æвдæрзынц, парчы цъæх нæууыл ратул-батул кæнын æмæ алырдыгæй сгарын, æвзонг нывгæнæг Стрелцов Бег мын йæ æвиппайды алыгъдæй мæ разы цы Вавилоны мæсыг авæрдта, уый. Фæлæ йæ хуылфмæ ныккæсынæн ницы бафæрæзтон, уæдта мыл æмбæлгæ куы нæ фæкодтаид, уæд йеныр афтæ не сдыгъуырццæг уыдаин æмæ иннæ улæф-

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 5. – М., 1975. – 17 ф.

[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 293 ф.

[3] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1964. – 142 ф.

джытау æз дæр æнцад-æнцойæ æнхъæлмæ кæсин мæ балцы æмгъуыдмæ, фæлæ...»[1], – зæгъы, автор йæ новеллæты хабæрттæ дзурын цы лирикон хъæцтары номæй уарзы, уыцы лæппу.

«Уый кæттаджы раз лæууыди, нывгæнæн сисы кæрон йæ дæндæгтæм ныббыцæу кодта, афтæмæй цъæх арвы иу тæпмæ нымдзаст æмæ, æз йæ фæстæ кæй слæууыдтæн, уый фиппайгæ дæр нæ фæкодта. Лæппуйы фæтæн уæхсчыты сæрты кæттагмæ ныккастæн æмæ мыл цыма йæ уæлæ нывгонд æвзонг сылгоймаджы цæсгомæй æнкъарддзинады комы тæф сæмбæлдис, афтæ мæм фæзындис»[2], – дарддæр цымыдис кæны чиныгкæсæджы.

Ацы уацмыстæ иуулдæр сæ темæтæ, сæ сюжетон арæзт, хъайтарты фæлгонцтæ ныв кæнын, цауты афыст æмæ радзырдты нысаниуæгæй сты цымыдисон, æнцон кæсæн, кæд сыл ранæйрæтты чиныгкæсæг, æнæбауырнинаг хъуыддæгтæ сæ кæй ис, уый тыххæй сыл дызæрдыг кæны, уæддæр. Фæлæ, цы чысыл аиппытæ сæ ис æвзаджы, стæй афыстон æгъдауæй дæр, уыдон æрмæстдæр уыдысты, райдайгæ фыссæгмæ нырма дзырдаивады кусæджы фаг фæлтæрддзинад кæй нæма уыдис, уый аххос. Æнæуый та, Джусойты Нафи куыд зæгъы: «Михалæн фыдыбæстæйы уарзондзинад, куыд æнкъарæн афтæ, уыд æвæджиау бæрзонд æмæ уаз, сæххæссæн кæмæ нæй, йæ фидауцы рухсмæ цæст кæмæн нæ лæууы, ахæм. Михалæн фыдыуæзæгыл баст уыд адæймаджы царды мидис æппæтæй»[3], – æмæ йын уыцы стыр æмæ сыгъдæг уарзт æмбæрзта йæ алыхуызон чысыл аиппытæ, кæд, дзырд дзырдмæ куы æрцæуа, уæд уыдон сæ ракойы аккаг не сты, уæддæр.

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Удæгас обелиск. – Цхинвал, 1964. – 83 ф.

[2] Уый дæр уым.

[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ. 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 306 ф.

ЦЫППÆРÆМ СÆР

## ДУР-ЧЪЫРЫ САХАРЫ ДУРÆЙЛÆМÆРСТ ХЪÆЛÆС

Булкъайы-фырты уыцы иурæстæджы æндæвтой нæ фыдæлтæ аланты истори, нæ хистæр фæлтæр – хæсты хайадисджыты хъысмæт, ирон фæсивæды æрвылбонон проблемæтæ, хъæууон æмæ горæты адæмы цард. Æмæ сæм æрмæст йæ хъус нæ дардта, фæлæ сæ алыхуызон ирд ахорæнтæй ныв кодта йæ уацмысты. Ныв сæ кодта йæхирдыгонау. Уымæйдæр æй йæ хъæздыг фантази куыд амыдта, афтæ алыфарсон æмæ зæрдæмæдзæугæйæ. Уымæн æмæ, йæ удыхъæдæй цыдысты адæймаджы уарзт, хæлар ахаст æмæ хæрзæгъдау. Йæ удмæ хæстæг уый тыххæй лæууыдысты иунæг бæлццон Къостайы уды хъынцъым, алайнаг хотыхгæнæг Тохы бæллиц, æфсургъ Дзераны цæссыгтæ...[1].

Михалы бон уыдис цардмæ, æгæрыстæмæй, æнусты сæрты йæхи цæстæнгасæй кæсын, йæхирдыгонау ын аргъ кæнын æмæ фæлтæрты æнусты сæрты сæ иууыл сæйрагдæр бæллицтæ æмæ проблемæтæй сæ кæрæдзиимæ бæттын. Æмæ уыцы хъуыддаджы прозæйы жанры цыбыр формæты йæ иууыл зæрдæмæдзæугæдæр чиныг басгуыхт йæ уацауты чиныг «Сарт æмæ кард»[2].

Нывæфтыд литературæйы йæ фыццаг къахдзæвтæй йæхи сæрмагонд фæндагыл чи цæуа, зæрдæзæгъгæ æнтыстытæ кæмæн уа, уый зындгонд романы фæстæ («Сарт æмæ кард» ныммыхуыр «Теркæй Туркмæ»-йы фыццаг чиныгæй фæстæдæр) цæмæннæ хъуамæ ныффыстаид зæрдæмæдзæугæ уацмыстæ. Æмæ нæм цы чиныджы кой ис, уый басгуыхт ахæм.

Чиныгкæсæджы уацмыстæ сæ фыццаг хъуыдыйæдтæ, сæ фыццаг нывтæй æркæсын кæнынц сæхимæ æмæ сæ нал фæзоны йæхи атонын. Уымæн æмæ уæдмæ ахуыр нæ уыдыстæм ахæм уацмыстæ кæсыныл. Æниу сыл ирон

[1] К а з и т ы М е л и т о н. Писатель с трепетной душой / Южная Осетия, 2014. – 25 январь.

[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974. – 227 ф.

нывæфтыд литературæйы Михалы фæстæ дæр ирон фысджытæй никæй уал уацмысты æмбæлæм.

Чиныг райдайы «Дур-чъыраг куырдалæгон – Уастырджи йе 'мбал»-æй: «Дур-чъыры[1] сахары нарæг уынджы фæцæйцыд Куырдалæгон. Фæйнæрдыгæй фыдæлтыккон систæ ныхъхъил сты, мæсгуыты æндæргтæ ма гæзæмæ зындысты зæрæхсиды сыгъдæг арвыл.

Чысыл банозтджынис Куырдалæгон. Фæцæйцыд, йæ галдзарм раздарæны хыбар-хыбур хъуыст афтид уынджы. Цыдæртæ дыгъал-дыгъул кодта йæхиимæ. Æвиппайды фæлæууыд, йæ сæрмæ, айнæджы байбынау, цы уæладзыг ратасыд, уымæ скаст, кæддæра, кæй агъуыст у, зæгъгæ. Базыдта йæ: йæхи номыл уынджы фæцæйцыд.

«Куырдалæгоны уынг! – йæ цæсгом сæнцъылдта, цыма туаг æхсынцъы ахордта. – Йæхæдæг цы у æмæ йæ номыл уынг цы уыдзæн». – Уый йæхицæй дзырдта зæрæхсиды бæлццон»[2]. Æмæ чиныг ахæм аивадон фæзилæнтæ, ныхасыхъæд æмæ афыстæй ахсы чиныгкæсæджы. Стæй, «ахсы» цæмæн дзурæм, цауты дарддæры райхæлдмæ нæхæдæг куы цымыдис кæнæм, хъуыддæгтæ дарддæр куыд хæлдзысты, уый нæхи тынгдæр куы æндавы, нæхи йæм куы æппарæм, уæд?

Автор чиныгмæ, йæ уацмысты фыццаг æмбырдгондау, бахаста бæрцæй æртæ уацмысы («Дур-чъыры Куырдалæгон – Уастырджи йе 'мбал», «Сарт æмæ кард», æртыккаг – «Уый æз дæн, хуыцау!»), фæлæ уыдонæй дæр бæлвырдбæрæгæй зыны фыссæджы сфæлдыстадон фæдыздæхт, йæ курдиат. Æмæ уый цъус нæу. Джыккайты Шамил афтæ дзырдта: «Сæйраг рахæцæн у курдиат, сфæлдыстадон хъомыс»[3]. Фыссæджы уыцы «курдиат, сфæлдыстадон хъомыс» æнæ дызæрдыгæй уыдис Михалмæ. Уыцы курдиат ын фæлдисын кодта зæрдæмæдзæугæ уацмыстæ, уый фæрцы цыд размæ.

Æркæсæм, йæ сюжетон нывæзт, йæ афыстæй чи къскъæс кæны, уыцы «Дур-чъыры Куырдалæгон – Уастырджи йе 'мбал»-мæ. Ацы уацмысы сæйраг аххосаг æцæгæй рай-

[1] Дур-чъыр – осмайраг дзырд «кар-гирь» нысан кæны: «дурын бæстыхай», «бындур». (Михалы фиппаинаг).

[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974. – 5–7 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Лирикон поэзийы поэтикæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 5 ф.

гуыры алайнаг фæтæг Æмбазыджы мæсты утæхсæнæй: «… æрбахаста фæтæг Æмбазыг хæстæй йе 'хсаргард цъæлæй æмæ загъта мæстыйæ: фæуæлахиз алайнаг хæстоны удыхъæд, фæуæлахиз сты Дур-чъыры сахары мæсгуытæ, басаст нæ хотых...»[1].

Æмæ уый, чи зоны, абон махмæ ницы кæсы: «Галиу фæрскæй цы риссы, уый рахиз фæрск нæ зоны»[2], – фæлæ хæстон лæгæн йæ хотых басаст йæ хæдзар басыгъдæй бирæ тæссагдæр у. Уæлдайдæр, йæхи удæн. Стæ йæм фæстейæ чи æнхъæлмæ кæсы, уыдонæн дæр. Æнæ æйттмардзæ хотыхæй йæ, абон уа æви райсом, бахъæудзæнис йæ фидæртты къæсæрыл йæ хотыхарæзт æгъатыр знаджы къухæй амæлын. Йæ даринæгтæ, йæ аудинæгтæ баззайдзысты дзæгъæл, знаджы къæхты бын. Йæ хæстон хотых ын йæхи удау зынаргъ уымæн у. Йæ хотыхæн аргъ кæнын чи нæ зоны, уый тохы фæндаг цыбыр æмæ æгад вæййы.

Уыцы хъуыддаг нæ фидарæй бауырны, Куырдалæгонмæ фæтæг мæстыйæ, тъыфылтæ калгæ, фыццаг куы бацæуы, уæд. Æмæ нæ разы сысты, куы-иу смæсты, «уæд-иу знаджы бæхы йæ фæстаг къахæй сæныккау» чи рацахста æмæ-иу æй æдбарæг сæрсæфæнмæ чи фехста, уыцы хохлæджы фæлгонц, йæ мады сæвæргæ ном – Æнæрис – йæ мадимæ кæмæн амард, йе стыр дæсныйад Куырдалæгон ном кæуыл сæвæрдта, аланты сахар Дур-чъыры номы уынг кæмæн ис, нырмæ йын йæ кад дæлæмæ чи никуы æруагъта, адæмы æхсæн сæрыстырæй чи цæуы, уыцы саглæджы фæлгонц.

Фæлæ басаст алайнаг хотых, Куырдалæгоны рацæгъдгæ хотых. Æмæ нæм уацмысы райдайæны алайнаг куырды мидхъуыды, – «Уадз æмæ ныууæй кæной мугъултæ аланты æнæфтиаг куырды Мысыры цагъарты базары», – кæд фыццаг æгæр цæхджын фæкæсы, уæддæр автор йæхæдæг Куырдалæгоны буцтæгæнæгау сагъæсы цæйау зæгъы: «Иугæр æрмдæсныйæн йæ армæй скæнгæ куы сфаудæуа, уæд йæ цард ницыуал у», – зæгъы æмæ алайнаг номдзыд, сахъ Куырдалæгон ахæм цардæй æвирхъау мæлæт хуыздæрыл нымайы: куыд ис уый гæнæн, йæ туг, йе стæг уый рацæгъдгæ хотыхы аххосæй знаджы раз фæцуда?

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974. – 41 ф.
[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 61 ф.

Ам, ахæм уавæры бынат нæй адæмон загъдауыл амад Тлатты Хохы базырджын хъуыдыйæн: «Цыдæриддæр цæуы – уый иуиуылдæр хорз, пайда лæгæн; уæрдон асæтта – суг, гал амæла – фын, лæг амæла – хист!»-æн[1]. Михалы хъайтарты лæгдзинад нацийы туджы бахсидгæ, мады гуыбынæй рахæсгæ уыд, сæ автор-иу æй йæ зæгъыны размæ йæ зæрдæйы дзæвгар фæфыхта æмæ Куырдалæгонæн йæ маст рахызт сагъæсмæ – «Йæ мыггаджы хæрзиуæгæн аразы куырд æхсаргард дæр æмæ дзывыр дæр. Дамаскаг æрмдæсны йæ уд болаты мидæг нывæрдта, фæлæ Куырдалæгоны нæ уырны, йæ дойны лæджы тугæй кæй састаид. Уæвгæйæ, диссаг у куырды цард æмæ уды сконд: адæймаджы цард бахъахъхъæныны сæраппонд адæймаджы амарыны хос аразы йæ куырдадзы. Чизоны, уыцы пысылмон дæсны лæджы дæр, Куырдалæгонау, йæ зæрдæ кусарт кæнынмæ нæ тардта æмæ фосы туг фенгæйæ дæр йæ сæр зылд, фæлæ, куы бахъуыд, уæд æхсаргард адæймаджы тугæй байсæрста.

Кæд уыд лæгæн йæ цард йæхи бар. Æрхастаид иу бон йæ хицау йæ хотых хæстæй йе 'мбисыл цъæлæй, куырды уæлхъус æрлæууыдаид æмæ йын загътаид тызмæгæй: абон дæ рацæгъдгæ болат басаст, райсом та дзы, йæхи чи хъахъхъæны, уый басæтдзæн. Райсоммæ, æфсæйнаг цыхтау чи кæрда, ахæм æхсаргард куынæ рацæгъдай, уæд дын дæ куыдзы сæр дурæй-дурмæ ныххойдзынæн»[2].

Амæлын æнцон у, дæ фæстæ æнæмæнг бакæнинаг хъуыддæгтæ дзæгъæлæй куынæ уадзай, уæд, уымæн кæддæриддæр алайнаг куырд ссардзæнис æмбæлон рæстæг: «...Дур-чъыры сахары куыдзæппарæн къæдзæхæй йæхæдæг атæхдзæн æмæ йæ хæррæгъ Ашлама-Дерейы комы сынтытæн хæринаг фæуыдзæн»[3], фæлæ… худинаг! «Æниу, йæ амæлæт цы 'рхæсдзæн? Азфыссæг уæддæр ралæудзæн æмæ ныффысдзæн йæ чиныджы: «Æхсыстой ныры онг алантæ иунæг хуыцау æмæ хох дуæгты фæрцы æхсонау хъæбæр æмæ хъæзау тасгæ-уасгæ болат. Ныр бахаудта уыцы стыр хъуыддаг æнаккаг нæлыстæджы къухы æмæ ба-

---

[1] Т л а т т ы Х о х. Фын. – Дзæуджыхъæу, 1911. – 16 ф.
[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974. – 30–31 ф.
[3] Уый дæр уым, 31 ф.

саст нæ хотых. О, стыр хуыцау, йæ худинаджы гакк ма сис уыцы æнаккагæн тъымы-тъымамæ. Оммен!»[1].

Булкъайы-фырты хъайтартæ та, худинаджы гакк йæ сæрмæ чи схæсса, уыдонæй не сты, æмæ нæ цæсты раз йæ уд уæлдай кæны, фæлæ алайнаг Куырдалæгон сæры ног болат. Хъуамæ ныббырса дамаскаг куырд Идрисы йæ дæсныйады сусæг æвæрæнтимæ, хъуамæ рацæгъда, уый болаты ныхмæ хъæддыхæй чи фæлæууа... Нæ, чи йæ басæтта, ахæм хотых, Идрисы æхсаргардау æй адæймаджы туджы байсæрын куы бахъæуа, уæддæр. Фæлæ, кæд дамаскаг дæсны йæ уд болаты мидæг нывæрдта, уæддæр алайнаг Куырдалæгон æхсаргард дæр æмæ дзывыр дæр йæ мыггаджы хæрзиуæгæн кæм аразы, адæймаджы зæрдæ кæй тæлфы йæ домбай риуы, уый тыххæй нæ нæ уырны, дамаскаг Идрисау, йæ хотыхы уæлахизæн йæ дойны лæджы тугæй басæтдзæнис, уыцы хъуыддаг. Фæлæ, Джыккайты Шамил цæйау дзырдта: «Тыхстæй тыхст митæ кæны лæг, Нæ кæсы алцæмæ æдзынæг»[2] («Æрбацыд саувадыг ныллæг...».

Æниу ын йæ фыртыхстæй йæхицæн дæр æнцой нæ дæтты иу удмарæн хъуыды: «Кæннод нæ мыггаг скъуыйы». Ома, сæ удуæлдай хæстонтæн æнæ ахæм алæмæтон хæцæнгарз саразгæйæ. Æмæ, Дзес куынæ уыдаид, уæд бар-æнæбары æрцыдис сырх зынг болат искæй (уадз, уæд уацайраг дæр) буары бæсты йæ зæнджы хæцъæфы аскъæрынмæ. Æрмæстдæр йæ саразгæ хотыхыл макæй зæрдæ хъуамæ бахудтаид, исчи йын æй уазал зæрдæйæ брæттæм ма хъуамæ адыгъгъуытт кодтаид.

Гæдиаты Цомахъ дзырдта: «...хæххон адæмты тыххæй нырыонг цытæ фыстой, уыдæттæ иууылдæр тынг æмæ тынг дард сты хæххон адæмтæй, чи зоны, ирæттæй фæстæмæ»[3]. Адæмæй алчи йæхирдыгонау, йæхи фæлтæрдзинадмæ гæсгæ ифтонг кодта йæ цард. Ныртæккæ бирæ адæмтæ нæ фыдæлты культурæ æмæ аивадон бынтæ давын æмæ скъæфынмæ куыд ныххæррæтт кодтой, æфсæрм куыд нал зонынц, уæд афтæ нæма уыд. Раздæры рæстæ-

---

[1] Уый дæр уым.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æвзæрст уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015. – 78 ф.

[3] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 336 ф.

джы. Цыфæнды ницæйагмæ дæр мæлæтæй худинагдæр каст, йæхи искæй кады фыдæлтыл фыссын.

Нæ зонын, болатсæрыны дæсныты цæстæнгасмæ гæсгæ цас раст у Куырдалæгоны арæхстдзинад, фæлæ йыл дзырд дæр нæй, чиныгкæсæджы уырны æппæт йæ архайд, бауæнды, зæгъгæ, болат афтæ байсæр, уæд æнæмæнг рауайдзæвис цæстæвæрæн, æрдхæрæн: «Æгæр хъæбæр куы рауадаид æмæ фæтасын куынæ куымдтаид, уый тасæй йæ нырма доны тæфæй байсæрста, стæй та – тæвд донæй. Æхсидгæ æндонмæ сондон æмæ «нурыдзæхх» дыууæ хатты кæй фæхæццæ кодта, уый дзы айрох ис адæргæй. Йæ уæрагыл æй, тæлыйау, æртыхта, фæлæ йæ куы суагъта, уæд йæ гаччы абадт. Æнæхъуаджы нæ фæтох кодтам, зæгъгæ, талынг æхсæв æмæ æгъуыссæгимæ. Кæлмдзæфау фестад Куырдалæгон, фырцинæй йæ зæрдæ схæлбурцъ кодта: «Цыфæнды хъæбæрсæрст æй куы бакæнон, уæддæр ын асæттынæй тас нæу!.. Сондон æмæ «нурыдзæхх» æй нæ бауадздзысты сæттын»[1]. Уый уыдис йе стыр цины сæр.

Чиныгкæсæджы нуæрттæ ныттынг вæййынц: цы уыдзæнис дарддæр? Цы ма базондзæнис æхсаргард сæрыны тыххæй ноджыдæр. Стæй – нæ фыдæлты удуæлдай хъуыддæгтæй дæр. Уымæн æмæ нæ автор ахсы йæ аив дзырдæй, йæ сыгъдæгзæрдæ хъайтарты зондахаст æмæ сæ хъуыддагыл æнувыд уæвынæй. Цахæм хъуамæ уа адæймаг, цæмæй сæ хотых ма басæттайы тыххæй цæттæ-йæ лæууа, йæ къахы хæцъæфы сырх æндон атъыссынмæ? Фæлæ мах уырны чиныджы авторы ныхасæй. Æууæндæм ыл алы хуызы дæр. Æууæндæм ыл. «Титаны туг мæ тугдадзин ратынг кодта. Уæнгтæ тохагур змæлынц»[2], – дзырдта Елбыздыхъойы Амыран. Михалы ныхас цурон кæй нæу, уый ахсæм уацмысы рæзт æмæ авторы æууæнкæй. Цинзæрдæйыл нæ æфтауы, нæ Фыдыбæстæйæн ахæм æнувыд фырттæ кæй уыдис æмæ кæй ис, Сæрибарæн сæ удтæ нывондæн кæй хастой æмæ хæссынц, уый. Джыккайты Шамил уымæн дзырдта:

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974. – 35 ф.

[2] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 223 ф.

*Ис иу хæрзиуæг дунетыл лæгæн,*
*Йæ ном – Сæрибар, цинты цин, æлутон.*
*Быхсæм йæ тыхæй маст æмæ зынтæн,*
*Йæ фарнæй уый ыскæны мах æвдудон.*

*Лæгæн нæ раттдзæн уыцы хорз Хуыцау,*
*Уый суадонау нæ сæнтысдзæн дæлдзæхæй.*
*Вæййы дзы ифтонг хаттæй-хатт фыййау,*
*Вæййы дзы арæх сахты сах æнæхай*[1]*.*

(«Сæрибар»)

Уый уды Сæрибар у, фæлæ уыимæ ис æхсæнадон, паддзахадон Сæрибар дæр. Æхсæнады тыххæй Аристотель дзырдта: «Общество, состоящее из нескольких селений, есть вполне завершенное государство…»[2]. Афтæмæй уды Сæрибар æмæ Æхсæнады Сæрибар хъуамæ баст уой сæ кæрæдзийыл. Алчи сæ иунæгæй ма кæна йæхи сæры кой. Иунæг Сæрибары сæрыл тохы æдых у. Сæ кæрæдзийæ куы иппæрд кæной, уæд сын хицæнтæй ницæй тыххæй уыдзæнис бирæ цæрæнбон. Чиныг нæ цымыдисæй уымæн сайы йæ фæстæ, йæ хъæйтартæ сæ Сæрибаримæ мах Сæрибарыл дæр кæй тох кæнынц: «Дзес æй фенкъардта: цыдæр æрцыд, ырма куырд йæхæдæг дæр бæлвырд кæй нæма зоны, ахæм цыдæр. Чи зоны, хуыцауы фæдзæхстау, бахъардта уыцы сусæгдзинад дур-чъыраг куырды удмæ!

…Райсомы хуры тынтæм цæхджын донæй сæрст æхсаргард куы бахастой, уæд куырд æмæ лæппу фæфиппадтой: æнахуыр хъулон уыд болатæн йæ буар. Цыма æндоны мидæг туг ныххызт æмæ дзы фæйнæрдæм ахъардта. Куырдалæгоны цæсгом хурау худтис, æхсаргарды ком раздарæнæй сæрфта æмæ йæ былтæ змæлыдысты, цыма хуыцаумæ куывта.

– Йæ ком ын бафæлварæм. – Фехъуыст æм Дзесы уынæр.

– Уымæн йæ дæндаг цæмæй асхъауæм, ахæм ницы ис ам.

Цæджындзыл батъæпп ласта ногарæзт æхсаргард. Уыйхуызæн зæлланг никуыма фехъуыста ацы куырдаддзы Дзес. Куырдалæгонмæ зонгæ фæкаст уыцы зæл, йæхи

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 104 ф.
[2] А р и с т о т е л ь. Соч. в 4 т. Т. 4. – М., 1984. – 378 ф.

афтæ æнкъардта, цыма хуыцæуттæ æмæ бардуæгтæ уымæ æркастысты»[1], – кæсыс чиныг æмæ йæ кæсынæй не ‘фсæдыс.

Сæйраг дзы, уæддæр, цы у? Куырдалæгон йæ дæснийадыл æнувыд кæй у, чи зоны, уый. Кæнæ та йæ, æвæццæгæн, фæнды, зæххы цъарыл иууыл арæхстджындæр, иууыл стырдæр куырд цæмæй уый уа.

Уæд та кæд, Брытъиаты Елбыздыхъо йæ хъайтар Хадзымæты дзыхæй куыд зæгъы: «Лæууынæй пайда нæй»[2], – ууыл хъуыды кæны? Фæлæ уацмысы хи уды мулкæн йæ кой дæр нæй. Авторæй хъайтартмæ сæ цард, сæ удтæ, сæ хъуыдытæ иууылдæр баст сты сæ Фыдыбæстæимæ. Уый хъуамæ æмбула цыфæнды сæруæлдай тохты дæр. Сæхицæн дæр æрмæст уæд уыдзæнис цæрæнбон. Сæ удтæй сын сæрибар уæвын уымæн у зынаргъдæр.

Фæлæ уыдæттæ автор риторикон фæхъæртæ, цæстмæхъусты æрвылбонон аслам лозунгтæй нæ дзуры, декоративон нывтæй йæ не ‘вдисы, фæлæ йæ уынын кæны, йæ хъайтарты хъуыддæгтæй, сæ характертæ куыд рæзынц, тыхджынæй тыхджындæр куыд кæнынц æмæ сæ иу хъуыддагæй иннæ хъуыддаг зæрдæмæдзæугæдæр куыд кæны, æппæт уыдæттæй. Чиныгкæсæджы цæст уацмыстæ æрдæгкастæй ныууадзын уымæн нæ уарзы.

Хъаныхъуаты Инал дзырдта: «Писатель сжигает самого себя, чтобы потешить толпу минутным фейерверком: ведь нельзя сохранить теплоту, если будешь передавать ее другим!»[3]. Булкъайы-фырт йæ уд йæ уацмысты хъайтартимæ уымæн уæлдай кодта, цæмæй æвдыстаид царды рæстдзинад. Йæ чиныгкæсджытæн аив, нывæфтыд дзырды фæрцы уынын кодта, суанг нæ рагфыдæлтæ сæ удтæ куыд не ‘вгъау кодтой махæн, сæ фæсфæстагæттæн, Фыдыбæстæ ныууадзыны охыл.

Уый тынг стыр хъуыддаг у. Къорд азы размæ профессор Н. Нарочницкая фыста: «Европа – это кладбище народов, потому что там, где сейчас живут французы и немцы, когда

---

[1] Уый дæр уым, 35–36 ф.

[2] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 185 ф.

[3] К а н у к о в И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 240 ф.

то жили десятки народов»[1]. Стæй æрмæст уыцы бæстæты нæ, иннæ европæйаг бæстæты дæр нæ бацауæрстой уыцы хъуыддагыл. Æндæра-ма абондæр нæ тугстæг уырдыгæй «уæрæйдæ-рæйдæ» зарид нæ фыдæлты кадæн. Æмæ сæ фыссæг уымæн хаста йæ сæр бæрзæндты. Нæ фыдæлтæй. Нæхицæн, стæй нæ фæстагæттæн аив дзырды фæрцы уымæн фæдзæхсы: Кæсут, цахæм фыдæлтæ нын уыдис! Æмæ сын сæ ном дæлæмæ ма хъуамæ æруадзæм. Ма сæ хъуамæ фегад кæнæм!

Сур, сидæн дзырдтæй нын æй нæ дзуры. Уæд нæм хъуысгæ дæр нæ кæнид. Нывæфтыд литературон уацмысæй нын æй уынын кæны. Æмæ уый Михал-фыссæджы стыр æнтыст у. Раст цыма Цæразон Сослан басгуыхт:

*Алцы арæхсткай фæфыстон, алцы рафæлгъуыттон раст:*
*Цард куыд æрвыстам, зæххыл нæм фыд, хæрзæбонæй цы каст,*
*Хорзæй нæм цы уыд – æппæтдæр чиныгмæ æрцæуа хаст,*
*Фæлæ, Стыр Хуыцау, Чырысти, уый дæ хъомысыл у баст.*
*Иры номдзыд гуырд Бæгъатыр – сахъ, тыхджын паддзахæй цард,*
*Хазар, валхæгтыл, французтыл айхъуыст паддзахы ном дард,*
*Хордтой йе 'хсарæй, йæ кадæй, йе, йæ фидыц уæнгтæй ард, –*
*Афтæ сæ Сослан фæфыста – сахъ Бæгъатыры бындар[2].*

(«Алгъуызы кадæг»)

Булкъайы-фырт та нын дур-чъыраг Куырдалæгоны хабæрттæ фæдзырдта. Æмæ æнæнхъæлæджы нæ. Нæ рагфыдæлтæ ацы дæсныйады куыд арæхстысты, уый тыххæй нын, æгæрыстæмæй, цæвиттон æрхаста Вильгелм де Рурручы «Балц Скæсæйнаг бæстæтæм»-æй: «...тæссаг ахизæнмæ куы бахæццæ стæм, уæд ссæдз хæстонæй дыууæмæ разынд згъæртæ. Æз сæ бафарстон, кæцæй уæм бафтыдысты, зæгъын. Æрдæбон цы аланты кой кодтам, уыдонæй

[1] А р г у м е н т ы и ф а к т ы, 2007. – № 46.
[2] Ц æ р а з о н С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016. – 43 ф.

сæ балхæдтам, уыдон алæмæты куырдтæ сты æмæ сæ иттæг хорз аразынц, зæгъгæ, мын загътой»[1]. Фыссæг сæ уымæн скодта хъæбатырты кадæджы аккаг.

Михалæн йæ бон бацис зæххон Куырдалæгоны уæларв Куырдалæгоны бæрзæндмæ исын: «Куырдалæгон Батрадзы куынцгомы баппæрста, куыфгай йыл æвзалы фæкалдта, стæй йыл дойнаг дзæнхъа самадта. Уыйфæстæ йæм дыууадæсырдыгæй дыууадæс куынцы сарæзта æмæ йыл сæ мæйы дæргъы фæдымдта. Мæй куы рацыди, уæд Куырдалæгон йæхинымæры дзуры: «Афонмæ, мæгуырæг, ныссыгъди Хæмыцы фырт. Цон æмæ йын йе стæгдар ракалон…»[2]. Фæлæ, куыд уынæм, афтæмæй не сфæлдисæг Хуыцау хъуыддæгтæ йæхирдыгонау ныллыг кæны.

Уæларв Куырдалæгон фыссæгæн уыд цæвиттойнаг. Йæ ацы цымыдисон чиныджы дыккаг уацмыс «Сарт æмæ кард»-ы темæ дæр нæ рагфыдæлтæ, аланты дугæй ист у, æмæ «Дур-чъыры Куырдалæгон – Уастырджи йе ‘мбал»-ы уацмысы архайд, чиныкæсæджы цæстæнгас Куырдалæгон йæхимæ куыд аздахы, афтæ ацы уацауы та иуæй иннæ ирддæр фæлгæнцты ‘хсæн нæ разы сысты хох-лæг Тох, бардуагтæ фæлдисæг Тох.

«Алайнаг Куырдалæгоны не ‘вдæлы дзывыртæ аразынмæ, сæ сæйраг ирвæзынгæнæг хотых у, амæй-ай хуыздæр, амæй-ай фидардæр хотых саразынил уымæн хъары йæ уд, фæлæ ууыл дæр куы уаид – хатт ын уымæн дæр нал вæййы рæстæг, æмæ йе сæрст хотыхимæ афсæры йæ мыггаджы цард бахъахъхъæнынмæ. Хуыцæуттæ фæлдисæг алайнаг Тохы дæр не ‘вдæлы æрмæст дуæгты нывтæ аразынмæ, æмæ йæ кæд Фæтæг, Мысыры æдзæрæг быдырты цы хуыцæутты нывтæ федта, уыдон æмсæртæ сфæлдисыны ныфсæй фæстейæ уромы – «дæ бардуаг дæр демæ куы басудза цæхæры», зæгъгæ, уый тасæй, уæддæр æм Тох фæхъыг, æмæ йæ дзуапп у цыбыр, фæлæ фидар: «Уæд уал мын кæлмæрзæн ныккæнын кæн!»[3].

Йæ уд фæсчъылдым бавæрын æм сылгоймаджы кæлмæрзæн ныкæнын кæсы. Уый та цæуы иууыл карздæр,

[1] В и л г е л ь м де Р у б р у к. Балц Скæсæны бæстæтæм // Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974. – 5 ф.

[2] Н а р т ы к а д д ж ы т æ. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 196–197 ф.

[3] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Нæ ис, нæ бис. Т. 1. – Цхинвал, 2008. – 13 ф.

фидиссаггæнæг ирон æлгъыстытæй. Къоста уымæн дзырдта: «Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..»[1] («Катай»), ома, дæ фидиссаджы ном дæ рагъæй макуы ахауæд цæргæ-цæрæнбонты. Суанг мæрдты дæр: «Именно анимистические верования и поклонение духам породили в отдаленную эпоху культ предков, который явился достаточно поздней и сложной формой религезных верований»[2].

Тохы дæр, хотыхтгæнæг Куырдалæгонау, мыггаджы кад, лæджы намыс бахъахъхъæныны сæрвæлтау бахъæуы йæ къухмæ хотых райсын, æгъатыр мæлæтимæ удуæлдай тохы гуыр-æмгуыр бацæуын æмæ кæд дуне басæттæг къуылых фæранчы (монгойлаг Тимуры) æнæнымæц æфсады мыггаг сыскъуынын хæсты быдыры нæ баци йæ бон, уæддæр йæ курдиат, йæ арæхстдзинад æмæ йæ лæджыхъæдæй басаста (æцæг, зынбауырнæн у, Тохы хуызæн хæстон, – кæд хуыцæуттæ фæлдисæг у, уæддæр, сæйраджыдæр, удуæлдай хæстон у, – гæнæн уæвгæйæ, Тимуры амарыны фадат ауадза, уый) дунейыл арт бафтауæджы.

Михалы æвæрццæг хъайтартæ, мыййаг, хъæздыгдзинад, мулк, дзадджын царды охыл нæ фæхæцынц тугкалæн тохы быдыры. Сæ тохы сæр лæджыхъæд, уды сæрибар, адæмы цин вæййы, æмæ удыхъæдæй бæрзонд адæймæгтæн уыцы нысан сæ къухы æфтгæ дæр бакæны. Секъа загъта: «Лæгæн зонд – фæндаг, амонд – йæ хæссæг»[3]. Тох рамбулын æм сæйраг у. Йæхи уды кой сæ, – ома, бирæ фæцæрон, – уыцы фæнд сæ никæмæ ис. Æмæ сæм куыд уыдаид, ирон нæлыстæг, цæйнæфæлтау зæры кармæ фæцардаид, сылгоймæгтæ æмæ сывæллæттæн хъазæн хъул суыдаид, фæлтау йæхицæн тæскъ уымæн бийын кодта – аппæрстаикккой йæ былæй æмæ акодтаид лæджы мард. Автор, бæрæг у, йæ хъайтар (Тох) Тимуры амара, ууыл дæр уымæн нæ архайы. Бестауты Гиуæрги, нæ историйыл хъуыдыгæнгæйæ, нæ рагфыдæлты кой кæнгæйæ уынгæгзæрдæйæ уымæн хъæрзыдта:

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 51 ф.

[2] Ч и б и р о в Л. А. Традиционная духовная культура осетин. – Владикавказ, 2008. – 241 ф.

[3] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 16 ф.

*Кæддæр, мæ райгуырдæй дæр раздæр*
*Тъыфылмонц фæнд мæ туджы ‘ртæхты ссыгътой.*
*Нæ уыд бæллиц æвæджиагдæр, уаздæр,*
*Сæ тохсидтмæ куы тахтаин æвзыгъдæй.*

*Фæлæ зæхх æмæ арвы фыдæх иумæ*
*Ныццыхцыр ысты заманты мæ сæрмæ,*
*Мæ зæрдæ мын фыдгултæ систой милмæ,*
*Уæддæр нæ састæн м‘ адзалы къæсæрмæ...*

*Фæлæгæрстон зындоны пиллон арты,*
*Фæлæ нæ федта мæн хъысмæт тыхстхуызæй.*
*Фыддугты талынг райгæрстон мæ кардæй,*
*Фæстейæ баззад тугуарæн, тыгъдызæй...*[1].

(«Дзуры Ирыстон»)

Тимуры дæр, кæд чиныгкæсæджы тынг нæ уырны, уæддæр, автор йæ мастыл уый тыххæй хæцын кæны йæ дæндæгтæй. Фæлæ Тох уацары, хъоргъы дæр, – «Тыхагур тыхыл æмбæлы»[2], – нæ басæтты: «Талынджы мысалгъы къуырма гуыпп-гуыпп хъуыст». Уый йыл æфтыдта ныфс, амыдта йын, цы кæнын æй хъæуы. Брытъиаты Елбыздыхъо йæ хъайтар Хазбийы номæй цæйау загъта: «Хæхтæ уыныс, сæ сæрмæ хурзæрин кæмæн æрттивы? Куыд æнхъæл дæ, хæхтæн сæ бынатæй фезмæлæн ис? Хурæн йæ фæндагæй фезмæлæн ис? Цалынмæ мæ зонд кæрда, мæ уонг змæла, мæ тугдадзин цæва, уалынмæ мæнæн мæ фæндыл гуырысхо кæнæн дæр нæй, аивæн дæр мын æй нæй»[3]. Æмæ ныфсджынæй арæзта, йæ зæрдæ йын цы дзырдта, уый. Уый та уыдис æрмæст йæхи уды бæллиц нæ, фæлæ йæм нæ туг-стæгæй алчи дæр тырныдта. Беджызаты Чермен сæрыстырæй уымæн дзырдта: «Цæры æмæ цæрдзæнис националон бæллиц»[4].

Скодта къæдзæхыл, æрмæст удуæлдай тохмæ нæ, адзалы къæсæрмæ дæр кæй фæдыл нæ базивæг кодтаик-

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 110 ф.

[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 251 ф.

[3] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 97 ф.

[4] Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Уацмыстæ. – Сталинир, 1958. – 295 ф.

кой, йæ цæстыты иу ферттывдæй дæр сын ныфсы хос чи уыд, сæ уыцы паддзахы ныв: «Бæрзонд къæдзæхлæг лæууыд разæй. Йæ рахиз къухы – æхсаргард, галиуæй ронбæттæны бæрзæн уартыл æнцой кæны. Танхъайы бынæй бæгъатыр цæсгом зыны, цæстыты мидæг сомбоны ныфс æрвæрттывд тæлмау судзы.

– Еухор! – байрадис Бирæхъан.

Фæтæджы раз йæ цыппæртыл чи лæууыд æмæ йæм уæлæмæ рувасау чи каст, уый нæ базыдта иудзонгон.

– Уый та чи у? – афарста Тохы.

– Къуылых!

Саст Тамерланы бафтыдта къулыл нывгæнæджы къух. Æцæгæй иннæрдæм уыд, фæлæ афтæ фæндыд сфæлдисæджы æмæ цардис аланты æнæсæттон уды схъис талынг хъоргъы.

Рухсы таг къулыл конд Еухормæ ныббыцæу. Тох æмæ Бирæхъаны цæстытæ дæр уырдæм ныккомкоммæ сты. Уырдыгæй ма сæм кастис йæ иу цæстæй цард, æрмæст уырдыгæй.

Æвиппайды фегом ис дуар, цыма йæ тыхдымгæ æрбайтыгъта.

Мидæмæ дыууæ хъахъхъæнæджы æрбацыд æмæ дыууæрдыгæй цыртытау æрлæууыдысты. Чысыл фæстæдæр Тамерлан дæр æрбачиудта. Фыццаг Тохмæ ныккаст, стæй – фæйнæрдæм. Къулыл нывгарст ауынгæ йæ нарæг цæстытæ ауæрæх сты. Æввахс æм бацыд. Ныры хузæн никуыма фæхатыд йæхи састы бынаты дун-дунейыл æлдариуæггæнæг. Цæхæркалгæ фæзылд Тохмæ. Цæсты фæныкъуылдау æваст иу фехстæн Тохæн йæ саразгæ кард йæ риуы ныссагъта.

«Уастырджи-Еухоры» йæ тæккæ роцъойы бын банкъаргæ бахудæнбыл ис Тох.

– Еухор!.. Фæдзæхстай мæ!.. Хуыздæр æфснайæн ма йын кæм ссарон!.. Æркæс-ма!..

Къуылыхы саст цæстæнгас цины базыртæ басагъта Тохыл æмæ йæ дзыхыдзаг ныхъхъæр кодта худгæ: «Дзæнæты дуæрттæ байгом сты!»[1]. Æмæ уыцы дзæнæты дуæрт-

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сарт æмæ кард. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 113–114 ф.

тыл бирæ ирон удтæ фæхызтысты, кæд, Къостайы хъуыдымæ гæсгæ, «нам недоступны рай и ад»[1], – уæддæр.

Михал нын нæ рагфыдæлты цард ахæм лæджыхъæдджын, ахæм цардуарзонæй æвдыста æмæ адæймаг, фæнды йæ æви нæ, уæддæр йæ гæрзтæ рабæтты уыцы æнæихсыд цæуæнты, уыцы номхæссæн стæрты йæ лæджыхъæд æвзарынмæ. Фæфæнды нæ лæгæй лæг зæгъын, æгуыдзæджы та йæ бынаты æрæвæрын, цæмæй цард ма змæнта, хорз æмæ йын æвзæр сæ кæрæдзиимæ макуы хæццæ кæной.

Гæдиаты Цомахъы загъта: «Фыд сахат æнамонд æнамонды æййафы»[2]. Æмæ-иу Михал йæ уацмыстæн кæд уыцы фыд сахаттæ равзæрста, уæддæр йæ уды кондмæ гæсгæ йæ уацмысты хъайтарты дæлæмæ никуы уагъта. Уый нæ, фæлæ-иу сæ систа бæрзонд, чиныгкæсджытæн фæзминаг куыд уой. Уымæн æмæ, Хъороты Дауыт куыд дзырдта: «Мæ бæсты сагъæс мæ хуылфы судзы»[3], – афтæ уыд Булкъайы-фырт дæр. Фыдæлтæй фæстæмæ нæ бирæ фыдтæбавзарæг адæм цы хъыцъыдæттæ фæнозтой, уыдон йæхи уды сагъæсау иста йæ зæрдæйы арфмæ æмæ йын нæ лæвæрдтой удонцой, скъуыддзаг сæ кодта иу удæй, йæ хъару, йæ курдиат æй куыд амыдтой, афтæ. Уыдонæй та йæ Стыр Хуыцау нæ фæцух кодта.

Михалы зæрдæйæн нæ рагфыдæлты истори кæд цыдæр адджын фæцис (йæ уацмыстæ, иу стæмтæй фæстæмæ, сты фыдæлтыккон цардыл фыст), уæддæр йæ уацау «Уый æз дæн, хуыцау!..» снывæста советон дуджы ахсджиагдæр, цардивæн цаутæй иуыл, ныртæккæ махæн историон чи ссис, фæлæ нæ афтæмæй бирæты хъуыды, хъыгагæн, хæрам кæмæй у, ууыл – колхозон цардарæзтады æнæнцой дугыл.

А. Твардовский дзырдта: «Литература полным-полна картин, поэтизирующих труд, показывающих человека красивым в труде»[4]. Æмæ колхозон арæзтадыл кæд дзæвгар зынгæ уацмыстæ æрцыдис фыст ирон литературæйы дæр суанг гуырахстджын романты онг, уæддæр нæ фыс-

---

[1] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 3. – М., 1960. – 370 ф.
[2] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 59 ф.
[3] Х ъ о р о т ы Д а у ы т. Ироны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 208 ф.
[4] Т в а р д о в с к и й А. Т. Собр. соч. в 6 т. Т. 5. – М., 1980. – 341 ф.

сæг йæ хъус аздæхта, советон дуджы, уæлдайдæр Сталины рæстæджы дуарæхгæдæй кæй дардтой, уыцы карз проблемæтæй ахсджиагдæртæй иумæ – колхозон арæзтады рæстæджы иуæй-иу фыдзæрдæ, лыскъуд адæймæгты аххосæй бирæ æнæаххос, уымæйдæр, æнæзæрдæхудт удтæн сæ цард куыд скъуыд æрдуйы тагау æмæ сæ бæрзонд бынæтты кусджытæ хъуыды дæр куыннæ кодтой, æрмæстдæр сæхи удты æхцонæн куыд цардысты.

Уый тыххæй Хъодзаты Æхсар, æрмæст йæхи уды тыххæй дуне аныхъуырынмæ чи хъавыд, уыдонæй зæгъы: «Большевикон лæгмартæ канд адæмы сæрхъызойтæм, нацийы зонд æмæ зæрдæмæ нæ хъавыдысты. Уыдон нæ ауæрстой хуымæтæджы фæллойгæнджытыл дæр – колхозонтыл, кусджытыл. Æрмæст Цæгат Ирыстонæй æфхæрд баййæфтой 14 мин адæймаджы. Бирæтæ дзы сæ мæлæт ссардтой Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады къалатиты, концентрацион лагерты. Хуссар Ирыстонæй цал адæймаджы баисты советон хицауады амæддаг, уый бæрæг нæу»[1]. Фæлæ йын æнæзонгæ нæу, Ирыстоны хуссар хайы дæр æгъатырæй кæй басыгътой хъæстæ удты уыцы зынгæй. Æмæ уыдæттæ Михал фехъусæггагæй нæ зыдта, йæхи сæрыл дæр дзы аныдзæвд.

Булкъайы-фырт хорз арæхст йæ хъайтарты зæрдæтæм ныккæсынмæ, сæ риссагдæр тæгты аххосаг сын равдисынмæ, æмæ кæд йæ ныхъхъуыдыгонд архайды тыххæй хатт искæцы цауы сæрты акъахдзæф кæны (зæгъæм, Арчилы амарды тыххæй, стæй Тох, ингæнау, талынг хатæны фæтæг Еухоры ныв айнæджы фарсыл куыд аив сарæзта...), уæддæр уацмысы афыст, хъайтарты психологи æмæ архайды уавæр чиныгкæсæджы æууæндын кæнынц уацмысы рæстдзинадыл.

«Йæ фыды фæндиаг Кæм вæййы фырт дæр?»[2] («Ныфс») – æмæ, уæдæ, саразгæ фæдгонцтæ иууыл кæм уыдзысты авторы фæндиаг. Фæлæ-иу Михал йæ саразгæ фæлгонцтыл уыйбæрц фæкуыста, афтæ-иу сæ сныв кодта æмæ-иу систы йæхи фæндиаг дæр æмæ чиныгкæсæджы фæндиаг дæр. «Условность» кæй хонæм, уыцы бадзырдон

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 254 ф.

[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. –Дзæуджыхъæу, 1951. – 22 ф.

фæзилæнтæ ауадзæм нæ хъусы иувæрсты. Уымæн æмæ нæ уацмысы архайд, йæ композицион арæзт, йæ архитектоникон æууæлты цур уыдæттæ нал фендавынц. Цы аивты кой кæнæм, уацмысы нæ бадзырдон амалæй уыцы аивтæ тынгдæр, нæ бон у зæгъæм, бирæ тынгдæр фендавынц. Нæ хъуыды нын нал фæуадзынц сæхицæй атонын. Йæ хъайтарты койаг свæййынц мах бæллицтæ. Чиныгкæсæг уацмысы хъайтаримæ куы сиу вæййы туг æмæ стæгæй, сæ койаг иу куы разыны, уæд уый у авторы стыр æнтыст. Михалмæ уыд уыцы æрдзон курдиат.

Коцойты Арсен дзырдта: «Прокуроры фидар куы уырна адæймаджы зылындзинад, гуырысхойы мыггагæй йæм куы ницы уа, уæд ын цы дзурын хъæуы, уæд йæ ныхас тыхджын у, тæрхоны лæгты йæхирдæм здахы, хъусджыты зæрдæтæм дæр фæндаг ары»[1].

Михалы уацмысты гуызавæ ныхасæн бынат кæй нæй, ууыл бирæ баст у се ‘нтыст. Фыссæг, цы дзуры, уымæн хъуамæ уа хицау. Æмæ Булкъайы-фырт йæ уацмысты, йæ хъайтарты рæстдзинады охыл алы хатт дæр цæттæ уыдис аргъуаны сыгъдæгзæрдæйæ цырагъ сæвæрынмæ. Къубалты Алыксандры рæстагæй уырныдта йæ хъуыдыйы рæстдзинад: «Песни о нартах составляют слишком важную часть осетинской народной словесности, чтобы не заниматься изучением их»[2]. Нæ фыссæг та йæ разы æвæрдта, нæ адæм æххæстæй цы нæ зонæм нæ кады фыдæлты тыххæй, уый цæмæй алыфарсон æмæ уарзгæйæ хастаид чиныгкæсæджы размæ æмæ, куыд уынæм, афтæмæй уыцы хъуыддаг йæ къухы æфтыд. «Æнцонæй» нæ зæгъдзынæн. Стыр æмæ хорз хъуыддаг аразын кæдфæнды дæр зын вæййы, уæлдайдæр æм иунæг удæй куы æвналай. Михалæн дæр зын уыдис иу удæй йæ хæлæггæнджыты ныхмæ тох кæнын. Йæ уацмыстæ дæр-иу ын фылдæр хатт уымæн скарстой. Рухсмæ-иу сын фæндаг уый тыххæй нæ лæвæрдтой.

Йæ фыстæджы мæм фыста 1985-æм азы сæ иуæн дзуаппæн «йæ фиппаинæгты» тыххæй: «Лыстæггай сæм

---

[1] К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971. – 136–137 ф.

[2] К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 204 ф.

æркæс – кæд искуы истæмæй фæрæдыдтæн, уæд мын æй æргом зæгъ… Иугæр мын мæ къухмæ кард сисын кодтой, уæд дзы кæнæ искæй хъуамæ ныммырхон кæнæ та йæ мæхи зæрдæйы ныццæвон»[1]. Ахæм уыд йæ хъайтартау йæ удыхъæд – рæстаг æмæ æнæрцæф. Уый тыххæй йын, цæмæй йæ хуыздæр базонæм, ацы чиныджы йæ фыстæджытимæ дæр базонгæ уыдзыстæм.

Йæ уацау «Уый æз дæн, хуыцау!..»-ы дæр, иннæ уацмыстау ирд æмæ æххæст фæлгонцтæ сты йæ сæйраг хъайтартæ Арчил æмæ Габо. Лæджы дыууæ армау сын нæй фæхицæнгæнæн: «фæсивæдæй фæрсын-фыссын чи зыдта, уыдонæн сæ активондæрты ахуырмæ арвыстой хицауады хардзæй. Хыбы æмæ Лексайæ активондæр чи уыд! – Уыдон арвыстой Телаумæ курсытæм. Габо æмæ Арчилау гобитæй нæ баззадысты. Фæскомцæдисы мандаттæ дæр уым нывæрдтой сæ дзыппыты, сæхи загъдау.

Куырм у Арчил, топпы кæсæны йеддæмæ ницы æвзарынц, æвæццæгæн, Габоимæ. Цæй сæрдары лæг у Арчил! Хыбы та – ахуыр, фæскомцæдисы уæнг»[2], – ахæм сур ирони ма йæм куы фæхæццæ вæййы, уæд, лæджы мастыл цæхх куыд айзæрай, уыйау фыссæджы æвзаг бынтон райдайы дасын. Æмæ уынæм, лæджы дыууæ армау иу сты Арчил æмæ Габойæн сæ куыст дæр æмæ сæ тох дæр, сæ хъуыдытæ дæр æмæ сæ цард дæр, фæлæ сын хинæйдзаг (æцæг æй автор Джеры Уастырджыйы стырбоны æгæр рæузондæй равдыста), хъæздыг Цуг се 'хсæн ныкъкъуырдта цурк, æмæ сæ кæд йæ бон кæронмæ ахицæн кæнын нæ бацис, уæддæр сæ дыууæ дæр уыцы азарæй басыгъдысты абырæг Ибæйы тугæйдзаг къух æмæ Цуджы калм æвзаджы марг æмæ кæлæнты аххосæй.

Булкъайы-фырт кæддæриддæр разы уыд йæ уацмыстæ æмæ сæ хъайтартæй. Кæддæриддæр цæттæ уыдис уыдон тыххæй алы рæстаг быцæуы бацæуынмæ дæр. Уæлдайдæр, ирон литературæйы тыххæй. Ацы уацауы охыл мæм 1988-æм азы хуымгæнæны мæйы 28-æм бон фыста: «Æрвитын дæм «Уый æз дæн, хуыцау!..» – куыд у,

[1] А в т о р ы а р х и в æ й.
[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974. – 172 ф.

афтæмæй, Игоры[1] тæлмацæй. «Дозæ»-йы[2] æмвæзадыл нæу тæлмац, фæлæ йын ницы у. Уый куы тæлмац кодта, уæд ыл æссæдз азы йеддæмæ нæма цыдис. «Дозæ, мæнмæ гæсгæ, виртуозон тæлмац у, йæ иумæйаг тон ын гыццыл эксцентрикизмырдæм кæй фæзылдта, уымæн ницы у. Дозæ уæддæр Дозæйæ баззад æмæ уацмысыл нæ зыны, тæлмац кæй у, уый. Æз дзы тынг разы дæн æмæ тæлмацгæнæгæн «Молодец!» загътон»[3]. Йæхицæн ын нæ уыд бузныг зæгъæг. Фæлæ йæ йе сфæлдыстадон фæндагыл дæр куынæ уыдаид хъыгдарæг. Куы йын æмбæрстаиккам æмæ æмбариккам, куыд æмбæлы, афтæ йæхи, йæ хъайтарты. Сæ арæзт, сæ нысаниуæг куыд у, уыцы бæрзæндмæ сæ куы сисиккам, бæргæ.

Æрмæст Куырдалæгон, Тох, Еухор, Арчил, Габойы... фæлгонцты нæ, Булкъайы-фырт йе сфæлдыстады æнæхъæнæй дæр тырныдта æгæрон удыхъæды хицау адæймæгты, къах атилын кæм фæзын вæййы, ахæм уавæрты равдисынмæ, æмæ уыцы хъуыддаг йæ къухы кæй æфтыд, уымæн æвдисæн уыд йæ ног чиныг «Сарт æмæ кард».

Уыимæ Булкъаты Михалæн, куыд уынæм, афтæмæй аив литературæйы йæ уарзондæр темæ ссис истори. Нæ рагфыдæлты – аланты истори. Уыимæ-иу ын историон цауæй нæ Фыдыбæстæйы уарзт, удвидар адæмы цард, рæстæгмæ цы цæстæй кастысты, уыдонмæ йе ‘ргом здахын уыдис бирæ æхсызгондæр. Йæ бирæ аив дзуринæгтæиу, цас гæнæн уыд, уый бæрц рафсæрстой рухсмæ. Æмæ йæ ацы чиныг мыхуыры куы фæзынд, уæд дзы федтам, сæ удтæ сæ раттæг адæмы абонимæ сæ фидæнæн чи нывонд кæнынц, ахæм фæйнæгфарс, дурвидар адæймаджы къорд фæлгонцы.

Уыцы хабар, удуæлдай адæймаджы фæлгоц нæм, табу Хуыцауæн, ног нæ уыдис, фæлæ нын Михал цы тыхджын, æнæфæцудгæ, домбай адæмы снывкодта, уыдон нæм афтæ разындысты, цыма фыссæг рох дуджы хох-æмбæрзæнтыл фæлмау иуварс ахæцыд æмæ йæ хъайтартæ разындысты ирддæрæй. Алайнаг æхсондурæй конд фæтæг Æмбазыджы

[1] Булкъаты Михалы фырт, Ирыстоны Фысджыты цæдисы уæнг.
[2] Авторы радзырд // Казиты Мелитон. Алмас. – Цхинвал, 2014. – 145–169 ф.
[3] Авторы архивæй.

мастæмдзаг дзырдтæ: «...фæуæлахиз сты Дур-чъыры сахары мæсгуытæ, басаст нæ хотых...» – мæлæтæй бирæ фыддæр сты Дур-чъыры сахары æнæрцæф, уæйыджы æнгæс куырд Куырдалæгонæн. Фæлæ Цæразон Сослан загъта: «Цард уæрдоны цалхау зилы, цардæн иуран æрлæуд нæй»[1]. Æмæ уыцы цард æппынæдзух кæны йæ кæнон, мах нæ фæрсы, афтæмæй.

Куырдалæгон домбæйттæй домбайдæр у. Æхсон дур куы ныллæмара, уæддæр дзы дон æртæдздзæнис. Æмæ Къубалты Алыксандр загъта: «Хæцæг лæгæн нæ бæззы бадт æгæр!»[2]. Стæй – æрмæст хæцæг лæгæн нæ: алы адæймаг дæр хъуамæ æппынæдзух лæууа йæ хъуыддаджы сæргъ. Куы-иу смæсты Куырдалæгон, уæд-иу, бæргæ, знаджы бæхы йæ фæстаг къахæй сæныккау» рацахста, æмæ дæ фыдгул – афтæ. Фæлæ йæ уд, йæ адæмæн уæлахиз чи хæссы, уыцы хотыхæн нывонд кæны, æмæ йæ байсæрынæн цы фыдтæ уыны, уыдæттæ кæсгæйæ адæймаг свæййы йе 'мархайæг, йе 'мзонд. Бауарзы йæ хи туг-стæгау. Йæ рис свæййы нæ рис, йæ цин – нæ цин.

Аивады уымæй стырдæр, уымæй бæллиццагдæр æнтыст нæй. Æмæ фыссæг æмæ чиныгкæсæджы афтæ иу кæнынц фыдæлтæй буц, сæрыстыр уæвын, радтæг адæмы сæрыл хи уд нывондæн хæссын æмæ иу стыр идейæ – рæстдзинадæн цагъартæ уæвыны идейæ.

Æмбазыг æмæ Куырдалæгонау удвидар сты аланты бардуæгты фæлдисæг хох-лæг Тох, фæтæг Еухор («Сарт æмæ кард»), ног дуджы амæттаг Арчил («Уый æз дæн, хуыцау!..») æмæ æндæртæ. Цыма сæ фыссæг йæ фыссæн сисы фындзæй не сныв кодта, фæлæ сæ, Тохæн йæ саразгæ бардуæгтау, скарста айнæджы фарсæй сарт æмæ мысалгъы фæрцы. Уыдон фæрцы сæ бауагъта уд.

Уый у, Михал сур ныхасмæ кæй нæ уыд æмхиц, фæлæ æцæг нывгæнæг кæй уыдис, ууыл дзурæг.[3] Аивад аивады тыххæй нæ, фæлæ аивад аивадæн æвдыста йæхицæй. Аивадæн ын йæхи ныхыфыст уыдис цардбарæн, дунейы

---

[1] Ц æ р а з о н С о с л а н. Алгъызы кадæг. – Цхинвал, 2016. – 83 ф.

[2] К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 254 ф.

[3] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Хæсы æмбис // Фидиуæг, 1971. – № 9. – 69–73 ф.

диссæгтæ æвдисæг. Уый зыны нæмыгдзæф фæндыр («Нæмыгдзæф фæндыр»), алайнаг бардуæгты нывтæ («Сарт æмæ кард»), æхсыры цад («Нарты Сосланы æвдæм балц») æмæ, йæ æрымысгæ æмæ саразгæ æндæр, уадз бæрц, фæлæ хи фæлгонцты ныхыфыстæй. Æрмæст аивад ын нæ уыд цардæвдисæг, фæлæ æгъатыр дугтæ аивадæн йæхиуыл хæрамы гакк куыд æмæ цы хуызты æвæрдтой, уыдæттæ дæр ныв кодта зæрдæргъæвд, удуæлдайæ, раст цыма адзалæй мадзал аразæгау. Уымæн æмæ йæ уацмыстæ кæддæриддæр уыдысты драматикон, психологон æгъдауæй удвидар. Сæ удыконд цыдис фæлтæрæйфæлтæрмæ. Уыдис сыл быцæугæнæн, фæлæ нæ уыд сæ иувæрсты ахизæн. Уымæн æмæ цыдысты йæ зæрдæйы арфæй. Ахæмты тыххæй загъта Нигер: «Музыкæ цы у, уый чи ‘мбары, уымæн бирæ дзурын нæ хъæуы»[1]. Михалæн царды музыкæ дæр, аивады музыкæ дæр, уæлдайдæр йæхи аивады музыкæ æмбарын кæнын нæ хъуыд.

Æмæ табу – Стыр Хуыцауæн.

Фæлæ адзалæй мадзал аразын цыфæнды фæлтæрд фыссæджы дæр гæркъайы хуынчъы ныздухы. Хъуамæ, Мамсыраты Темырболаты хъайтарау, «æхсар æмæ рæстдзинад» æппынæдзух дара йæ къухы[2]. Æмæ Михалы æппæтæнкъараг уд зынтæй никуы тарст. Йæхи сæ нæ ласта иувæрсты. Уыцы æлвæст карды æнгæс къæсхуыр буары дæр цыма цард, йæхæдæг йæ зонды тыхæй кæй саразта, уыцы фæйнæгфарс мæлинæгты удтæй иу. Зынтæ, аивады рассæнд-бассæндтæ йæм царды ныхдуртæ никуы кастысты, æмæ йын æппынæдзух размæ цæуын уымæн æнтыст. Фидарæй йæ уырныдта, адæймаг – Хуыцауы рафæлдисонд, фæлæ – туг æмæ стæгæй конд, æнæмæлæт нæу, фæлæ хъуамæ цæра сæрибарæй. Æмæ уыцы сæрибарыл фыссæг куыннæ дзура, уæд æндæр чи! Дзуццаты Хадзы-Мурат Гафезæй дзырдта: «Хæстонæн нæ райгуырд, фæлæ хæстон у, уымæн æмæ хæстон куынæ уа, уæд адæймаг сæрибар нæ уыдзæн, не ссæрибар уыдзæн цагъары хъадамантæй æмæ нæ сæххæст кæндзæн, æрдз æмæ йын истори кæй сны-

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 122 ф.

[2] М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 37 ф.

сан кодтой, уыцы бæрзонд æмæ арфæйаг мисси»[1]. Уый та æцæг адæймагæн нæу сæрмæхæссинаг. Сæ иу дæр æмæ се 'ннæ дæр йæхимæ уымæн ардта æгæрон тых. Раст цыма нæхи Къостайы удуæлдай хъайтар:

*Я полюбил весь мир, весь свет*
*И дерзко требовал в ответ*
*Себе какой-то жизни новой –*
*Свободы, равенства и счастья...[2].*

(«Перед судом»)

Михалы бадт зонд æмæ æнкъараг зæрдæйæ, йæ удуæлай фæллойы фæрцы рантыст диссаджы аивадон роман – «Нарты Сосланы æвдæм балц». Фыссæджы бон бацис царды фарн снывкæнын, йæ хъæнтæ йын хурмæ ракалын æмæ сæ абон дæр уыны ирон чиныгкæсæг. Уый, уæлдайдæр, уæды рæстæджы, бынтон зын уыдис – нæ царддзæнæт у нæ ахуыр кодтой; Михал та раргом кодта, æхсыры цады кæй надтой, уыдоныл куыд æфтыдтой рохниз, цæмæй сæ бон хъуыды кæнын ма уыдаид. Афтæмæй уæд ахæмтæ дзурæн, фыссæн нæ, ской кæнæн дæр нæ уыд. Фæлæ аивад æмæ адæймаджы бон бирæ у, кæй уарза, уыцы куыстæн йæ уд куы нывонд кæна, уæд. Михалæн ахæм уацмыстæ фæлдисын уымæн æнтыст, æмæ аивадæн æрдзæй уыд нывонд. Аивад æмæ йæ Фыдыбæстæйæн. Уыдон цæрайæ цард æмæ, куы хъуыд, уæд сын не 'вгъау кодта йæ уарзæгой уд. Уыдон тыххæй йæ бон аразын уыдис æппæт дæр. Æндæра, иронау кæсын æмæ фыссын нæ зыдта; гуырдзиаг æвзаг ын донау цыд, тынг хорз æм тæлмац кодта ирон литературон уацмыстæ (Зæгъæм, Букуылты Алыксийы роман-дилоги «Зарæг баззад цæргæйæ»[3] æмæ æнд.), афтæмæй йæ курдиат, йæ куыстуарзондзинад æмæ лæджыхъæды фæрцы ссис ирон фысджыты тæккæ хуыздæртæй, кæд ын нырма, куыд æмбæлы, ахæм кад нæ кæнæм, уæддæр.

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 199 ф.

[2] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 2. – М., 1974. – 54.

[3] Б у к у ы л т ы А л ы к с и. Зарæг баззад цæргæйæ (гуырдз.). – Цхинвал, 1985. – 413 ф.

Фыссæг æппынæдзух тырныдта, цæмæй йæ алы уацмысæй дæр нæ литературæмæ хастаид ног дзуринаг. Адæймаг уазалзæрдæйæ кæй иувæрсты нæ ахиздзæнис. Тынг зæрдæбынæй кæуыл бацин кæндзæнис. Нæ аив литературæйы æнтыстыл кæй банымайдзæнис. Æмæ уыдæттæ иууылдæр æфтыдысты йæ къухы, кæд ын цард æнцон никуы уыд, уæддæр. Мæнгæй нæ акæнынц: чи цы агуры, уый ссары. Михал йæ уд нывонд кодта литературæйæн, адæмы рæгъмæ цы хаста, уый арæзта йæ тугæй фыссæгау æмæ йын æнтыст бирæ алæмæтон уацмыстæ фæлдисын, кæд йе сфæлдыстадон куысты райдианы æвзагæй цудыдта, уæддæр.

Йæ мадæлон æвзагыл кæй нæ ахуыр кодта, уый йын æвæрдта ныхдуртæ, фæлæ удвидар лæг, уæлдайдæр, йæ равзаргæ хъуыддагыл æнувыд куы уа, уæд куыд хъуамæ фæтаса? Михал та зындзинæдтæй никуы тарст. Йæ курдиат, йæ иузæрдыг куысты фæрцы, доны æртахау, дуры хуылфы дæр ахызтаид. Хизгæ дæр-иу акодта. Æмæ-иу, йæ алы судзгæ фыдæбон йæ удыл куыд æндæвта, уый федтам фæстæдæр йе сфæлдисгæ уацмысы фæрцы.

Уæддæр Булкъаты Михалæн æцæг фыссæджы стыр ном æрхастой йæ гуырахстджын романтæ «Теркæй – Туркмæ»[1] (дилоги), «Дæ фыдæлтæ – рухсаг»[2], «Нарты Сосланы æвдæм балц»[3], æмæ, йæ фæстæ рауагъдадтæм фæндаг чи нæ ары, йæ уыцы фæстаг роман «Сырх хъаймæт».

Æмæ сыл, нæ къух нæ куыд аразы, афтæ ахæссæм нæ цæст.

---

[1] Булкъаты Михал. Теркæй Туркмæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 340 ф.

[2] Булкъаты Михал. Дæ фыдæлтæ рухсаг. – Цхинвал, 1982. – 360 ф.

[3] Булкъаты Михал. Нарты Сосланы æвдæм балц. – Цхинвал, 1988. – 279 ф.

Ф Æ Н Д З Æ М  С Æ Р

## ТЕРЧЫ ЦЪÆХ УÆЛВÆЗТÆЙ ТУРЧЫ СЫГЪД БЫДЫРТÆМ

«Стыр алы хатт хорзы нысан нæу»[1], – рæстагæй зæгъы ирон æмбисонд. Фæлæ нæ фыссæджы алы хатт дæр цымыдис кодтой стыр цауты стыр дзуринæгтæ. Уымæй дæр æй, куыд загътам, афтæмæй фыссæджы цаутимæ сæйраджы æндæвтой, уыцы цардивæн дугты адæймаджы миддуне – йæ кæнинæгтæ, йæ ахаст, йæ цинтæ æмæ йæ мæстытимæ. Уды мидтых æвдисынмæ Булкъайы-фырт афтæ дæсны уыд, æмæ дын аивады фæрцы йæ зæрдæйы судзæгтæ схион кодтаид æнæмæнг. Уый, куыд æй зонæм, афтæмæй сæ бон бавæййы æрмæстдæр æцæг фысджытæн. Стыр фысджытæн. Æмæ нын йæ уыцы миниуæг дзурæг у, Булкъаты Михал стыр фыссæджы курдиатæй цух кæй нæ уыдис[2].

«Теркæй Туркмæ» – йæ фыццаг роман снывæста, ирон, стæй Цæгат Кавказы цæрæг бирæ адæмты судзгæ трагедийыл – æнудæсæм æнусы дыккаг æмбисы пысылмон диныл хæст дзыллæ се ʻмдинон туркæгтæм куы лыгъдысты, æцæгæлон зæххыл амонд ссарын æнхъæл куы уыдысты, афтæмæй фыдæнхъæл куы фесты æмæ сæ сæртæ дыгай къухтæй куы хостой, уæды заманыл.

Романы йæ фыццаг рæнхъытæй: «Цахæмдæр уæззау разæнкъарæнтæй йæ хуыссæг фæлыгъд Терчы облæсты хицау инæлар-лейтенант Лорис-Мелниковæн, æмæ нырма не сбон, афтæмæй фестад йæ сынтæгæй...»[3], – чиныгкæсæг фæхаты, уацмысы сюжет кæй уыдзæнис, æнцой йын чи нæ дæтта, ахæм. Уыцы «цахæмдæр уæззау разæнкъарæнтæй» уый дæр кæй фæхайджын уыдæнис, уый развæлгъау бамбары уацмысы ном æмæ цауты рæзтæй, стæй йæ авторы ныхасыхъæдæй.

---

[1] Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал–Дзæуджыхъæу, 2013. – 252 ф.

[2] Б у к у ы л т ы  А л ы к с и. Дуджы амæттаг // Фидиуæг, 1998. – № 6. – 16–23 ф.

[3] Б у л к ъ а т ы  М и х а л. Теркæй Туркмæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 7 ф.

Кавказ Уæрæсеимæ куы баиу, æгæрон уæрæсейæгты диссæгтæ æмæ æмбисæндты бæстæ, Кавказыл зæрдæхъæрмттæ куы кодтой, рæстæгмæ дзы уæддæр куы ацæриккой, йæ рæсугъддзинадæй сæ цæстытæ куы байдзаг уаиккой – куы ссис сæ бæллиц, уæд æрцæуæггæгты, æрвыл хатт куыд вæййы, афтæ бафæндыд сæхи фæтк æмæ æгъдæуттæ æвæрын. Иннæ адæмтæн тыхæй бастой се 'гъдæуттæ, сæхи дин æмæ фæтк. Къубалты Алыксандр фæйнæгфарс Черменæй дзырдта: «Дæ ехсæн йæ къæрццæй знаг кодтой лымæнтæ, Дæ топы гæрахæй – ызнæгтæ лымæн...»[1], – уыйау уыдон дæр æмзæрдæ уыдысты сæ тохы æмæ, сæ уæлахиз сæ къухы кæй уыдис, уый хъуыдыгæнæг адæймагæн сусæггаг нал уыдис.

Гæдиаты Секъа чырыстон дины уæды ирон раздзог Колыты Аксойы тыххæй куыд дзырдта, уымæй æрхæсдзыстæм стыр цæвиттон. Æрмæст йæ дзырдты рæстдзинады тыххæй нæ, фæлæ сæ авторы дзырдарæхсты охыл дæр: «Кæд йе стихты фæлгуыртæ зарæджы уылæнтæй нæ улæфынц, уæддæр йæ дзырдтæ зæрдæ агайынц æмæ сæры магъзы, дзæнгæрæгау, зæлланг кæнынц.

Йæ зæрдæйы райгуырæн бæстæйы туг, цæтджинагау, фыхт æмæ, чъырсудзæнау, пилон уагъта йе 'мбæстон ирон адæмы мæтæй. Æхсæв нæ хуыссыд, бон нæ бадти, Ирыстоны къуымты, зæрватыккау, ратæх-батæх кодта, цæмæй сиу кодтаид чырыстон дины уырнындзинады руаджы армыдзаг æмæ хæлиугонд ирон адæмы, цæмæй сæ цардуаг æппæтæй дæр фæхуыздæр уыдаид, ууыл йæхи хъардта.

Рухсаг уæд, Аксо хорз зыдта, ирон адæм чырыстон динæй куы баиу уыдаиккой Иры пысылмæттимæ, уæд сæм цард йæ мидбылты кæй бахудтаид, уый, æмæ уæд кæй разындаиккой стыр Уæрæсейы астæу иннæ зынгæ адæмты хуызæн, ууыл гуырысхо нæ кодта. Фыста ирон чингуытæ, ирон стихтæ, æмæ уымæй хъæздыг кодта ирон литературæйы»[2].

Фæлæ алы хатт, æгæрыстæмæй, зондджын адæймаджы куыд фæфæнды, афтæ нæ рауайы цард. Уыдæттæ тынг

[1] К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 233 ф.

[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 375 ф.

хорз зыдта Секъа. Катайгæнгæ уымæн дзырдта: «Фарн æмæ фыдбылыз кæрæдзийæн знаг сты, æхсæв æмæ бон кæрæдзийыл хæцынц. Аксойæн йæхи хуызæн хъæбатыр фæзынд пысылмæтты 'рдыгæй дæр – Къуындыхаты Муссæ. Æгас округджы хицау уæвгæ, Муссæ пысылмæтты фарс фæци, Аксо та – чырыстæтты. Дыууæ хъæбатыр домбайы Ирыстоны уарзондзинады рохы кæрæттыл фæхæст сты æмæ йæ кæрæдзийæ ратон-батон кодтой»[1].

Секъа удыхъæдæй дæр, аивады дæр уæздан адæймаг уыдис, нæ адæмы иу хай нын йæхи удыбæсты тыххæй æцæгæлон адæмы къæхты бын чи фæкодта, æндæр адæмы æхсæн кæй азымæй тайынц æмæ дудынц, уымæй дæр æй нæ бафæндыд æвзæр загъын, æндæра Муссæйæн Ирыстоны уарзтæй йæ зæрдæйы исты куы тæлфыдаид, уæд сын сæ Фыдыбæстæ нæ уадзын кодтаид. Æмæ, Туркмæ лидзгæйæ, сæ къуыбар цæссыг сæхицæй æмбæхсгæйæ, тымбыл къухæй чи сæрфтой æмæ афтæ чи зарыдысты:

*Тулдзы зæнг – фатхъулмæ,*
*Сырх мæнæргъы тонынмæ ныр цæуæм, цæуæм,*
*лæппутæ,*
*Турчы зæхх Стъамбулмæ сырх мæнæу хæрынмæ.*
*Гъе, кæннæуæдæ Муссæйы хъæбул амæла,*
*Мах нæ фыды зæххæй чи фæхицæн кодта*[2] –

(«Туркмæ цæуджыты зарæг»)

уыдон куыннæ зыдтой, сæ инæлар раздзог сын кæм фæтъыссын кодта сæ сæртæ, кæд æй Секъа домбай хуыдта, уæддæр. Уымæй чи хъуамæ загъа: «Æнусон уарзон дын уыди нæ фыдыуæзæг Ирыстон»[3]. Уæд йе 'взаг йæ комы арынджы æрдæгыл куы ныкъкъæрцц ласдзæнис. Цæрдудæгасæй йыл лигъдæттæ сæхиимæ уымæн еудодой кодтой:

---

[1] Уый дæр уым.

[2] И р о н а д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. 2 т. Т. 1 – Дзæуджыхъæу, 2007. – 575 ф.

[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Хæрзбон, ссæдзæм æнус! – Цхинвал, 2007. – 130 ф.

*Стъамбулмæ лидздзыстæм,*
*Хæрæгæй дзы хуым кæндзыстæм,*
*Сыстæй мыггаг таудзыстæм,*
*Лыскъæй хæрдгæ кæндзыстæм[1].*

(«Стъамбулдзауты зарæг». Вариант.)

Тыхы дон хæрдмæ ласы. Уымæн акæнынц: «Тыхджын – ныфсджын»[2]. Фæлæ йемæ алчи нæ фæразы кæны, уæлдайдæр, сæрибар адæмæй. Сæ динылмард кавказæгты иу хайы тыхдымгæ, мæгуыр, уымæн атымбыл кодта йæ разæй, стырæй-чысылæй сæ сæфты къахыл – сæ фыдæлты уæзгуытæ ныуурадзыныл уымæн слæууын кодта.

Брытъиаты Елбыздыхъо дзырдта: «Вся наша жизнь – и моя, и отцов наших – война. В этой войне мы никогда не показывали врагу спину...»[3]. Уæд Муссæ, тæтæры æлдариуæгады дуджы пысылмон дин чи райста, уыдон фæтæрсын кодта уырысимæ хæстæй. Турчы сæ рæдыд куы бамбæрстой, уæд ма фырадæргæй дæндагæй лæбурдтой сæ цæнгты фыдтæм:

*Уæ! Нæ хæхтæ, нæ бæстæ,*
*Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!..*

*Нæ райгуырæн, нæ бæстæ,*
*Цардæн адджын ды куы дæ!*
*Цард нæ курæм дæ фæстæ,*
*Зæрдæйы рухс дæр ды куы дæ!*

*Уæ! Нæ хæхтæ, нæ бæстæ,*
*Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!..*

*Иттæг хорз нын ракæнис, –*
*Цæттæ дын ыстæм мæлынмæ, –*
*Дæхимæ нæ ку' акæнис*
*Залымимæ хæцынмæ.*

---

[1] И р о н а д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. 2 т. Т. 1 – Дзæуджыхъæу, 2007. – 576 ф.

[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 245 ф.

[3] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 264–265 ф.

*Уæ! Нæ хæхтæ, нæ бæстæ,*
*Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!..*[1].

(«Сагъæстæ»)

Æмæ сæ йæ бæстæ йæхимæ нал ракодта «залымимæ хæцынмæ», фæлæ ирон адæмы уыйфæстæ Донайы хæсты бахъуыд сæ кæрæдзийы ныхмæ тох кæнын, сæ кæрæдзийы туг калын: сæ иутæ – уырысы фарс, иннæтæ – турчы фарс, афтæмæй уыдыстæм, цыма, нæ кæрæдзийы туджджынтæ[2]. Цæвиттонтæ, хъыгагæн, æгæр бирæ дæр ис. Плиты Грис цæйау дзырдта:

*Кард бæрзонд фæхæссы ирон*
*Æмæ ирон сæрæн – дзæхст!*[3]

(«Рагон ир»)

Æмæ Михалы нæ адæмы уыцы стыр трагеди, – нæ Фыдыбæстæйæ æцæгæлон зæхмæ, цæссыгвæдуадзгæ лидзын, – сразæнгард кодта, бирæ азты дæргъы йæ уд кæмæн лæвæрдта, уыцы стыр, æцæг уæззау сфæлдыстадон куыстмæ. Уыцы фарст æнусты проблемæ у. Нæй йын зæрдæнцойæ аргъ кæнæн. Нæй йæм æнæзæрдæрисгæ кæсæн. Нæ фыссæджы цæст ыл уымæн æрæнцад. Æмæ нæ бацыдысты сæ кæрæдзийы зæрдæхудты. Михал проблемæ систа бæрзонд, дилоги – Михалы. Кæд романы йæ рæстæджы, мыхуыр кæнгæйæ, дæргъмæ æмæ уæрхмæ фæцис цыргъ хæсгардтæй чъеппгæнджытæ, йæ фæндаг ын рухсмæ æхгæнджытæ, уæддæр. Кæмæн автор нæ цыд йæ зæрдæмæ, кæмæн… ома, уацмыс. Æцæгæй та уыдæттæ иууылдæр арæзт цыдысты хæлæджы охыл, ома, уымæн махæй фылдæр цæмæн æнтысы. Афтæ сæ фæндыдис æгуыдзæгæй дæр, мыхуыры органты хъарм бынæтты сæ иу къах иннæ къахыл куы сæвæриккой, фыссæджы тама-

[1] Мамсыраты Темырболат. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 18 ф.

[2] Гафез. Фыдызæххы комулæфт. – Цхинвал, 1980. – 59–102 ф.

[3] Плиты Грис. Рагон ир // Авторты коллектив. Мыггаджы хуын. – Цхинвал, 2017. – 68 ф.

ко куы пъæртт кæниккой æмæ сæм роман романы фæстæ царæй куы хауид. Фæлæ, куыд акæнынц: «Æввонг цыхт вæййы æрмæстдæр мыстахсæны».

Æмæ сæ бирæтæ уыцы æввонг цыхтмондагæй цыдысты партийы обкоммæ, ПÆК-мæ, нæ сырх кодтой цыфæнды хицæуттæм дæр цъыфкалæнтæ фыссынил. Романы дыккаг чиныджы æрдæг ын редакцийы рæстæджы уыцы цъыфæйдзаг, ома, «хицæуттæ» акалдтой. Йæ иу хъастфыстæджы уымæн дзырдта Михал: «...ис, йæ примитивизмы æмбыд сымаг кæмæн кæлы, ахæм фактор æмæ йын æнæзæгъгæ нæй: Гæбулты Мелитоны размæ «Ирыстон»-æн[1] цы директортæ уыд, уыдон фарст æвæрдтой афтæ: иугæр Булкъаты Михал «махæрдыгон» нæу, уæд ацæуæд æмæ йæ чингуытæ рауадзæд, кæм цæры, уым!»[2]. Ома, Къахеты кæнæ Самтредиайы. Цыма, Михал Фысджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады уæнг нæ уыд!

Фыссæджы фыццаг роман «Теркæй Туркмæ» у, нæ историйы ахсджиагдæр цаутæй сæ иуыл – Туркмæ ирон адæмы алыгъдыл, æгæрыстæмæй, нырмæ чи фæзынд, уыдонæй иууыл алыварсондæр, ахсджиагдæр æмæ аивадон æгъдауæй æххæстдæр æмæ зонадон-критикон æгъдауæй стыр кад кæмæн хъæуы, ахæм чиныг.

Уыцы хъуыддаг æнæфæхатгæ нæ фæцис уæды цырддзаст ирон литературон критикæ. Романы æнтысты кой æрмæст чиныгкæсджытæ нæ кодтой, фæлæ йыл номхуындæй æппæлæн рецензитæ фыстой фысджытæ Гаглойты Владимир[3] æмæ Æлборты Хадзы-Умар[4].

Уымæн æндæргæнæн нæ уыдис. Фыссæджы уацмыс ирон адæмы цард æмæ ирон нывæфтыд литературæйы у маштабон уацмыс æмæ йæ авторæн æрхаста, æнæ ахуыр цæстæнгас иуфæкастæн кæй нæма уыдта, ахæм æнтыст. Булкъайы-фыртæн æнæнхъæлæджы ныхмæлæуджытæ уымæн фæзынд. Стæй сын сæ къух арæзта, фыссæг йе ʻмсисонтау æппынæдзух Хуссар Ирыстоны зæххыл кæй нæ цард, чи йæ бахъыгдардтаид, уыдон былтæ йæхæдæг дæр

[1] Хуссар Ирыстоны чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-æн (автор).

[2] Авторы архивæй.

[3] Гаглойты Владимир. Рæзты фæндагыл // Фидиуæг, 1971. – № 5. 64–70 ф.

[4] Æлборты Хадзы-Умар. Хæсы æмбис // Фидиуæг, 1971. – № 9. – 69–73 ф.

цæмæй бакъуырдтаид, уый фадат ын кæй нæ уыдис, уыцы хъуыддаг. Калоты Хазби загъта: «Æргом чи нæ фæуæнды, абырæгдзинад уый кæны»[1].

Михал æрмæст бæлвырд рæстæг нæ райста йæ уацмысæн, фæлæ йæ сæйраг архайджытæй бирæтæ сты бæрæг, историон адæм. Нæ адæмы ‘хсæн чи цардысты, нæ дзыллæ сæ дæргъ дæр æмæ сæ уæрх дæр тынг хорз кæмæн зыдтой, ахæм бæлвырд-бæрæг адæймæгтæ. Æмæ уыцы хъуыддаг историон уацмыс кæны бæрæг цымыдисондæр, кæд нывæфтыд уацмысы авторы куыст бæрæг цымыдисондæр кæны, уæддæр.

Уыцы историон, æлгъыстаджы адæймæгтæм фыццаджы-фыццаг хауынц: ирон пысылмон-æлдар Алхæсты фæндзæм фырт, уырыссаг æфсады инæлар-майор, турчы дивизион инæлар, лигъдонты сæйраг сæргълæууæг Къуындыхаты Муссæ æмæ Терчы зылды сæргълæууæг, фистæг æфсады инæлар – граф Михаил Лорис-Меликов. Романы афтæ ахъаззаг бынат лæвæрд цæуы, уæд йæ лæджыхъæд адæмæн зонгæ кæмæн нæма уыд, уырыссаг æфсады уыцы корнет, лигъдæтты-мухаджирты зарæггæнæг чи ссис, фæстæдæр ирон нывæфтыд литературæйы зындгонд классичы бынат чи æрцахста, фæлæ дæсгай азты нæ цъыфбырынкъ дзырдхæсджыты аххосæй нæ нывæфтыд литературæйы æмгæрон кæй нæ уагътой, Турчы дзырдхæссæг кæй хуыдтой, уыцы поэт – Мамсыраты Темырболатæн.

Темырболаты тыххæй Гæдиаты Цомахъ загъта: «Мамсыраты Темырболаты хонынц фыццаг ирон поэт»[2]. Джусойты Нафи йæ схуыдта «Нæ зарæджы райдиан»[3]. Хъодзаты Æхсар æмæ йæ Ходы Камал та схуыдтой «Иры фыццаг зарæггæнæг»[4].

Ирон литературон критикæйы йыл иу æмæ дыууæ уацы, мыййаг, нæ фæзынд. Уæдæ, нæ поэттæй, æвæццæгæн, бынтон стæм разындзæнис, Темырболатыл æм-

---

[1] К а л о т ы Х а з б и. Фыстæджытæ // Мах дуг, 1978. – № 1. – 107 ф.

[2] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 430 ф.

[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 330 ф.

[4] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р, Х о д ы К а м а л. Иры фыццаг зарæггæнæг // М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 5 ф.

дзæвгæ чи нæ ныффыста, ахæм. Æмæ уым диссагæй ницы ис. Поэтæн Туркмæ йæ алыгъд, уым йæ цард, йе сфæлдыстадон фæллой, йæ адзал, йе ‘мдзæвгæтæй 1920-æм[1] азы иуæндæсы æрхауд Ирыстонмæ – иуыылдæр сæхæдæг цæуынц поэзимæ.

## БÆСТЫМУÆЗ КАТАЙ

*(Мамсыраты Темырболатæн)*

Разве унесешь Родину на подошвах сапог?

**Жорж Жак Дантон**

*Уыд арв æрхуым. Нæ дзы зарыдис иу маргъ.*
*Ныхъхъуси Терк. Фæлдæхт æрфыгæй бамыр зараг тар*
*хъæд.*
*Цæрæг удтæм нæ уыди цардæн цард‘ аргъ.*
*Нæ йæм цыдис цæрын. Æхгæд хъуырты ныццахстис*
*хъарæг.*

*Цыд уæрдæтты хъыррыст. Ыскъуыд сæм зæрдæ.*
*Мæстæйдзагæй хæтæнхауæг лæппуйы игæр хæлдис,*
*Кæмæй нал нуаздзæн, уыцы дæтты сæртæ,*
*Кæй нал фендзæнис, уыцы хæхты, кæмтты, кæуæг*
*хæрис,*

*Æртæх фæхстæ, фынкрагъ æхсæрдзæн уа цъæх,*
*Гæмæх рæгътæ, йæ уындæй иуæн сæ нæма нæ бафсæст.*
*Йæ хъæуккаг чызг, кæуыл не ‘мбæлдис арæх, –*
*Фæзылдис-иу сæм армтыгъдæй. Бæллицмæ арм кæд*
*аххæст?!.*

*Ныййивтой йын йæ урс сæнттæ сæ диныл.*
*Сæхи ‘хцонæн ныккодтой йæ цъæх дурты бын*
*цæрдудæй.*

[1] ИЭÆЛИ архив. 13-æм фонд. Æрхаста сæ Къуындыхаты Муссæйы фырт Бечыр (Бекир-Бей Сами), Турчы уæды фæсарæйнаг хъуыддæгты министр. Мæскуымæ æрцыд Советон Уæрæсеимæ паддзахадон бадзырд саразыны охыл.

*Ныргæвстой йын йæ уарзт йæ сырх дидиныл.*
*Фæласынц æй Ирыстоны сæрыл тохæй тæппудæй...*

*Зæрдæхæлдæй хуызыдзыд æмæ фæлурс зæд,*
*Нывонд сагау сæрбæрзонд æмæ ризгæ уæрджытимæ,*
*Кæййонг фæцæуа джихтæгæнгæ? Кусæд*
*Йæ зæрдæ куыд?.. Бæстысæфты фаг æрра*
*«сæрджынтимæ»?!.*

*Цыма Хуыцау уæларвбадæг у дихтæ.*
*Йæ дзæнæт зæхх йæ рафæлдисгæ цотæн ссис*
*зæрæстон.*
*Фæхæссынц æй йæ фыды зæххæй мигътæ.*
*Ныуаздзæнис кæйдæр зæххыл куыдзы бæлæгъы змæст*
*дон...*

*– Лæппу! Цы ма дæ ферох ис фæстейæ?.. –*
*Нæ уыдис лæппуйæн йæ бæстымуæз катай æмбæхсæн.*
*Нæ зыдта мад йæ дин, йæхи хъæстæйæ,*
*Фыдыбæстæн кæй нæй зæрдæ ‘мæ цæстыты*
*фæхæссæн!*[1]

Нафи Темырболаты номæй ныффыста æнæхъæн стыр æмдзæвгæбыд «Зарæджы хъизæмар»[2]. Æмæ сæ афтæ нæ бон у нымайæм цастæр, кæй кой нæм ис, уыдоныл публицистикæйы цас дзырдæуыд æмæ дзырдæуы, уыцы уацтæ æмæ чингуытæ куы ауадзæм нæ хъусы иувæрсты, уæддæр.

Муссæ – уырысы æфсады инæлар, пысылмон адæмы, историйæ куыд зонæм, афтæмæй уый сразæнгард кодта се ‘мдин адæмы æрцагурынмæ, сæ сæфты бон, ома, сæ сæртæ уыдоныл бакъул кæнынмæ. Уый уыдис, Туркмæ лидзæг æнамондтæн, се ‘ппæты раздзог, кæд, романы цæстмæ ахæстоны куыд бады, афтæмæй ноджы Турчы фæсарæйнаг хъуыддæгты министр Али-Пашаимæ куыд æмбæлы æмæ сæ хинæйдзаг, сусæг тæрхæттæ куыд хæссынц, уыдæттæ адæймаджы тынг нæ уырнынц, уæд-

[1] Р о к с а л а н. Бæстымуæз катай // Фидиуæг, 2015 – № 4. – 59 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Хæрзбон, ссæдзæм æнус! – Дзæуджыхъæу, 2007. – 130–163 ф.

дæр. Фæлæ сæ автор афтæ фæндвидарæй дзуры æмæ сæ иувæрсты ахизæн дæр нæй.

Йæ хæрæфырт – йæ хойы лæппу Темырболаты аив дзырдæй та райдыдта нæ ирон профессионалон поэзи. Æмæ Бестауты Гиуæрги Æгъуызаты Иуанейы тыххæй цæйау дзырдта, зæгъгæ, йын къам нæ баззад, фæлæ цин кодта, ома, йæ дард фæдон Джусойты Нафи: «Фыдæлты туг»-ы бацархайдта Иры фарны фидиуæг зилгæйæ йын йæ фæлгонц сныв кæныныл…»[1], – уыйау ма – нæ фыццаг ирон профессионалон поэт Мамсырайы-фыртæн нæм къам дæр нæ баззад, Михалы афыстæй уайы нæ цæстытыл: «Æвиппайды Темырболаты хæдсæрмæ архъаны цæг, æрвæрттывды тæлытау, никъкъæдз-мæдзытæ ис. Иу цæстыныкъуылд, иу уысм! Цæг йæ хъуырыл æртыхсдзæн æмæ къæдзæхыл ауыгъдæй йæ гæндзæхтæ бацæгъддзæн.

Нæ рауад афтæ. Темырболаты дамбацайы гæрах фæцыд æмæ, бæндæн къæдзæхæй кæм разæбул, уым фæдыуuæ и. Архъаны цæг лæппуйы хъуырыл æртыхст уæддæр, фæлæ йæ нæмыг йæ астæуыл атæхын кодта æмæ йын уæлæмæ сивазæн нал уыд»[2]. Кæнæ – ноджы фыддæр: «Темырболат, йæ разы чи бадт, уый никъкъуырдта æмæ йæ бæхæй аппæрста. Сæрбихъуырæйттæгæнгæ атылд уый, фæлæ, гæдыйау, йæ къахыл алæууыд æмæ «Хуыцауæй» йæ рагъмæ чи ʻргæпп ласта, уымæ дамбаца фæдардта. Бæхæй фæдзой кодта Темырболат, цæстыныкъуылдмæ дамбаца йæ хицауы къухæй стыдта, фæлæ хæцæнгарзы гæрах уæддæр фæцыд æмæ йæм чъылдымырдыгæй æхсаргардæй чи февзыста, уымæн йæ бæхы сæрыл сæмбæлд нæмыг»[3].

Уыдæттæ, кæй зæгъын æй хъæуы, романы авторы романтикон дæсныйад æмæ хъуыдыкæнынадыл дзурæг сты, фæлæ нæ хъуамæ рох ма уа, Темырболат каст кæй фæцис Бетырбухы кадетон корпус. 1860-æм азæй 1865-æм азмæ кæй службæ кодта бæхджын полчы[4]. Уыцы хъуыддаг Михалæн алы бар дæр лæвæрдта, цæмæй йæ хъайтар-

---

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 308 ф.

[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Теркæй Туркмæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 41 ф.

[3] Уый дæр уым, 44 ф.

[4] К а л о е в Г. З., А р д а с е н о в Х. Н., Г и р е е в Д. А. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992. – 19 ф.

æвзонг хæстоны равдыстаид диссаджы тæлтæг æмæ арæхстджын хæстонæй. Æмæ уыцы хъуыддаг йæ къухы цæстæвæрæнæй бафтыд йæ фыссæджы дæснынйады фæрцы.

Ацы æмæ Булкъайы-фырты романы бирæ ахæм афыстытæ нæ фыццаг поэты тыххæй сты дзæвгар удæгас зонæнтæ. Уадз, аивадон афыстытæ дæр уæнт. Уый аивадон уацмысы, цыфæнды историон куы феста, уæддæр афтæ хъуамæ уа, уæдæ, куыд. Романæн, стæй ирон адæмæн нæ поэт Мамсырайы-фырты тыххæй алы биографион æмæ, æрымысæггаг дæр фестæд, ног зонæн дæр йе 'мбæрц сыгъзæринæй бирæ зынаргъдæр у, йæ цардæй йын, цас нæ фæнды, уыйбæрц хабæрттæ кæй нæ зонæм, уый тыххæй. Уæлдайдæр нын нæ дзыллæйы стыр кад æмæ цæсгомы æцæг аивадон фæлгонц удæгасæй æппæты фыццаг Булкъаты Михал сарæзта йæ роман «Теркæй Туркмæ»-йы. Æмæ уый уацмысы нысаниуæг кæны дыууæ хатты ахсджиагдæр. Уæлдайдæр, фыссæг хъахъхъæны ирон фæтк æмæ æгъдау. Темырболаты æмкарæн, Турчы бæстæй фæстæмæ ралидзын кæмæн бантыст, уыцы ирон фыссæг Хъаныхъуаты Инал дзырдта: «Горцы бреют голову, а европеец – бороду»[1]; кæнæ: «Когда перестает есть старший, то все младшие, сидящие ниже его, должны последовать его примеру, если бы даже они умирали с голоду»[2].

Фыссæг кæд Ирыстоны не схъомыл, уæддæр ирон æгъдæуттæ афтæ сахуыр кодта, йæ уацмысты æвæрццæг хъайтартæ иууыл уынгæджыдæр уавæрты куы бахауынц, уæддæр нын нæ фыдæлтæй цы фарн баззад, уымæй афтæ пайда кæнынц æмæ сæ уæздан ахастæй, сæ уды кондæй чиныгкæсæджы æфтауынц дисы. Джыккайты Шамил дзырдта: «Фыдыбæстæ мын йе 'вззаджы хæзнатæ Уæрсты боны кæстæры хайæн радта»[3] («Хъæздыг дæн æз»). Йæ фарн дæр. Къоста уымæн загъта: «Алкæмæн йе 'гъдау йæ гакк у кæддæриддæр»[4] («Лæг æви ус?»).

Афтæ ма фыссæг фыццаг хатт сныв кодта Къуындыхаты

---

[1] К а н у к о в И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 291 ф.

[2] Уый дæр уым, – 294 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æвзæрст уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015. – 15 ф.

[4] К ъ о с т а. Ирон фæндыр.–Дзæуджыхъæу, 1951. – 107ф.

Муссæ, Лорис Меликов æмæ æндæр историон адæймæгты фыццаг аивадон фæлгонцтæ дæр. Уыцы хабæрттæ чи зонынц, уыдонæй рох нæу, раздзогæн алы хатт дæр куыд зын вæййы. Махæн дæр уыцы хъуыддаг æнæмæнг фидарæй у зæрдылдаринаг. Уæд хуыздæр базондзыстæм нæ фыссæджы сфæлдыстад. Ацы уацмыс фæлдисгæйæ Михал цы зын хабæрттыл æмбæлдис æмæ йын куыд лыггæнгæ уыдысты, уыдæттæ.

Уый дæр уыцы хъуыддаджы – мухаджирты трагеди аивадон æгъдауæй историон уацмысты нывгæнджыты раздзог уыд æмæ сын сæ цардыл дзурын куынæ уагътой, ома, уæйгæнджытæ уыдысты, сæ кой кæнын не 'мбæлы, уæд Михалæн дæр йæ роман-дилоги сфæлдисын æнцон нæ уыд.

Къæрццхъус парти æмæ цензурæ алцæмæ дæр гæппæввонгæй лæууыдысты, дзырдхæсджытыл æнцойгæнгæйæ. 1952-æм азы, 16-æм апрелы уыдис ÆК(б)П-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фæндзæм пленум æмæ уым карзæй дзырдæуыд: «Ирыстон æмæ Кавказы иннæ адæмтæ Уæрæсеимæ кæй баиу сты, уый уыдис иунæг раст фæндаг. Уæрæсеимæ баиу уæвгæйæ, Кавказы адæмтæн тæссаг нал уыд æддагон знæгтæй, афтæ нæ бакæнгæйæ сæ аныхъуырдтаиккой æмæ сцагъар кодтаиккой фæстæзад хæстонфеодалон Турк æмæ Перс. Уæрæсеимæ кæй баиу сты, уый Кавказы адæмтæн уыдис, уæвæн кæмæн уыд, иунæг ахæм фæндаг сæ хæдзарад æмæ культурæ рæзын кæнынæн, уый фадат лæвæрдта Кавказы адæмты экономикон æмæ политикон дихтæдзинад сликвидаци кæнынæн... Ирыстоны Уæрæсеимæ баиу кæныны ныхмæ лæууыд æрмæст тæгиатаг феодалты чысыл къорд...»[1] Ома, Бадилатæ æмæ Тæгиатæ уырысы ныхмæ уыдысты, нæ разы кодтой семæ, ирон адæмы пысылмон хайы иу къорд уыдон асайдтой Туркмæ æмæ сæ кой чи кæны, уыдон дæр ирон адæмы знæгтæ сты. Ома, Ирыстоны размæцыдæн ныхдуртæ чи æвæрынц, сæ фæндæгтæ æхгæнын кæмæн æмбæлы, раст уыцы знæгтæ.

Нæ дæ хъæуы ахæм рæстæджы уæды цаутыл роман

[1] Æ К (б) П-й ы Ц æ г а т И р ы с т о н ы о б к о м ы ф æ н д з æ м п л е н у м / Æрыгон большевик, 1952. – 23 апрель.

фыссын. Уымæйдæр, мухаджирты раздзоджы хæрæфырт Темырболаты цæвиттойнагæй æвдисын! Уадз Компартийы XX-æм съезды фæстæ дæр уыдаид. Фæлæ Михал уæддæр йæхион акодта. Йæ лæджыхъæдджын ныхас загъта историйы тыххæй. Хъарæгæй нæ, йæхи загъдау, нæлыстæджы номæй. «Æнкъард мотивтæ хæстæг лæууынц æрмæст æнкъард зæрдæмæ»[1], – дзырдта Нигер. Михал æнæрцæф уыд, æнкъард зæрдæйы хицау – никуы. Цард, æцæг фыссæгæн куыд æмбæлы, афтæмæй Ирыстоны цæрайæ.

1988-æм азы Цхинвалы нæ разамынды ныхмæ политикон акцитæ куы уыд, адæм Театралон фæзуатмæ куы æртымбыл сты суанг хъæутæй дæр, æнæаскъуыйгæ митингтæ куы арæзтой, Калакæй нæ ныхмæ Мидхъуыддæгты æфсадæй горæты уынгтæ куы байдзаг кодтой, фæлæ тæсæй йæ хъуын дæр куы никæмæн фæтасын ластой, се 'фсад, сæ къæдзилтæ – сæ сагæхсты, афтæмæй фæстæмæ кæнинаг куы фесты, мах нæ хъуыддаг куы акодтам – тыхурæд хицæутты куы фæсырдтам, уæд мæм, цыма исты аххосджын уыдис, æз та уыцы «змæстыты» хайадисæг кæй уыдтæн, уый охыл, йæхи растгæнæгау, фыста Самтредиайæ: «Фæстæдæр куыд фехъуыстон, афтæмæй Цхинвалы уынгты политикон акцитæ уыд æмæ æз та уым, Калачы, Асаты Реуаз æмæ Гачъечъиладзе Георгиимæ телеалæвæрды литературæйыл ныхас кодтон. Уым адæмы хъуыды бомбæйау гæрах кодта (афтæ мын æй радзырдтой) æмæ æз та музæтыл дзырдтон...»[2].

Диссаг æм цы каст, хъуыддаг чи зыдта æмæ йæ дзыхæй иу дзырд дæр кæмæн не схаудта, уыдон позици. Мæн дæр нæ уырны, йæхæдæг уæлæнгæйтты куы фехъуыстаид, Цхинвалы уыцы, 1988-æм азы, хуымгæнæны мæйы 17–18–19-æм бонты цытæ цыд, уыдон куы фехъуыстаид, «паддзахадон сусæгдзинад» куынæ уыдаиккой, уæд нæ цуры ма æрбалæууыдаид, уый гæнæн нæ уыд. Ирыстоны уарзтæй «рынчын» уыдис æмæ дзы йæхи нæ хызта. Æмæ кæд, Цомахъы загъдау: «Æнкъард у Ирыстоны астæуккаг æнусты истори»[3], – стæй, æмткæй сисгæйæ, Ирыстоны ис-

---

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 121 ф.

[2] А в т о р ы а р х и в æ й.

[3] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 426 ф.

тори, уæддæр æм йæхи æппæрста, æмæ табу – Хуыцауæн, нæ дзыллæйæн дзы аккаг историон уацмыстæ æрмарзта.

Роман «Теркæй – Туркмæ»-йы алыхуызон аивадон амæлтты фæрцы ирдæй зыны, Уæрæсейы хæдхæцæг паддзахы заманы паддзахы адæм сæ ныхмæлæууæг хохæгты æрмæст дæрæн кæй нæ кодтой, фæлæ ма сæ куыд стын кодтой сæ быдыртæй, æхсæнмæ-æхсæнты сæ куыд цæрын кодтой уырысимæ, цæмæй ферох кодтаиккой сæ дин, се ʻгъдау, се ʻвзаг æмæ хæдхæцæг паддзахæн суыдаиккой æнцонархайд.

Гæдиаты Секъа афтæ цы дугæй дзырдта: «Гуырдзыстон Уырысимæ баиу кæныны фæстæ[1], адæм куы ʻрсабыр сты, куы æрынцадысты»[2], – уæддæр ма Ирыстон бирæ хæттыты, фылдæр гуырдзыйы аххосæй, йæ сау туджы мæцыд. Нæ йын уыдис æлдæртты аххосæй æнцой, сæ авналæнтæм гæсгæ зæрдæзæгъгæ цард аразæн.

Михал йæ дилогийы бацархайдта, цæмæй хурмæ ракалдтаид Кавказы адæмы ацы стыр трагедийы сусæг, æмбæхст æвæрæнтæ. Æмæ йын йæ арæзт фæлгонцты, уæлдайдæр, сæйраг фæлгонцты вазыгджын арæзтæй, сæ мид-зæрдæты рассæнд-бассæндæй уый бирæ бæрцæй æнтысгæ дæр бакодта. Булкъайы-фырты фæрцы нæ литературæйы фæзынд, ирон чиныгкæсæг нæ дудгæбоныл рагæй кæмæ æнхъæлмæ каст, нæ литературæ æмæ нæ адæмы фарнæн афтæ æрæджыйау чи фæзынд, уыцы æцæг историон æмæ зæрдæзæгъгæ роман. Æмæ ныртæккæ нæ аив литературæйы уый ахсджиаг хъуыддаг у, куы зæгъæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм.

«Ирон адæмы, æмæ канд ирон адæмы нæ, фæлæ æгас Цæгат Кавказы адæмты историйы дæр, æнудæсæм æнусы æмбис зындгонд у уæззау дугæй. Адæмæн сæ ныфс асаст рухсдæр сомбонæй, сæрибарæй, сдыгъуырццæг æмæ схæтæгхауæг сты, ноджы сæ тынгдæр æлхъивын байдыдта хæдхæцæгад. Сæ фыдæлты зæххыл, сæ райгуырæн сыджытыл ма сын цæрыны бар ис, уымæй сæхицæн зæрдæ нал æвæрдтой. Афтæмæй дзы бирæтæ сæрзилæн авантюрæйы амæттаг фесты, сæ фыды зæххыл цæрынæй сæм Турчы гæмæх атагъаты амæлын хуыздæр фæкаст. Гъе, уыцы

[1] 1801-æм азæй фæстæмæ.

[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 326 ф.

хабæрттыл фыссы Булкъайы-фырт йæ роман»[1], – дзырдта Æлборты Хадзы-Умар. Æмæ уыцы хъуыды, раст кæй у, уый тыххæй фæстæдæр фæдис фæзмджытæ.

Историон фæлгонц ныв кæнгæйæ, авторæн йæ къух фæаразы, адæймаг йæ фæстæ цы ном ныууадзы, фыссæг уымæй кæй фæпайда кæны, уый. Цæттæ фæллой – бад æмæ йæ дæ зæрдæйы дзæбæхæн хæсс гæххæттмæ, фæнымайынц бирæтæ. Ома, историон фæлгонцтæ æнцондæр аразæн сты. Цыма сæ гæххæтмæ рахæссынæй дарддæр ницы уал фæхъæуы. Фæлæ нæ Нигер фæдзæхста: «Сæры зондæй дæр æмæ хъаруйæ дæр хъуамæ æххæст уа лæг»[2], – цæмæй йæ бон уа, царды стыр хъуыддæгтæ аразын. Æмæ Михал лæууыд уыцы фæндагыл, кæд ыл цæуын æнцон нæу, уæддæр.

Æнцон кæй нæу, уый Н. Чернишевский раджы бахахх кодта: «Исторический путь – не тротуар Невского проспекта; он идет целиком через поля, то пыльные, то грязные, то через болота, то через дебри. Кто боится быть покрыт пылью и выпачкать сапоги, тот не принимайся за общественную деятельность. Она – занятие благотворное для людей, когда вы думаете действительно о пользе людей, но занятие не совсем опрятное»[3]. Афтæмæй историон фæндагимæ иу кодта æхсæнадон фæндаг дæр.

Фæлæ уый æддейæ бакæсгæйæ фæзыны афтæ. Ацы темæ уæды царды ныхмææвæрдтытимæ ноджы вазыгджындæр кæны уацмысæн йæхи дæр æмæ йæ сæйраг хъайтарты фæлгонцтæ дæр. Уырдæм, Туркмæ куы лыгъдысты цæгат Кавказы пысылмон адæмы иу хай, уæд сæ рухс фидæныл афтæ æуууæндыдысты, æмæ сæ бирæтæ бæрзæндты тахтысты – фервæздзысты æрвылбонон хæстон ныббырстытæй, æгъатыр тугкалдтæй, фыдæбонæй, афтæмæй сæ диныл нæ рацæудзысты сайдæй, гадзрахатæй. Баззайдзысты æнустæм сыгъдæг удтæй.

Пысылмон, стæй, йæ диныл æнувыд чи у, уыцы адæймагæн уымæй стырдæр арфæ цы хъуамæ ракæнай? Æмæ, æгæрыстæмæй, чызджытæ дæр, кæд сын уыцы рæстæджы

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 217 ф.

[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 353 ф.

[3] Ч е р н и ш е в с к и й Н. Г. Полн. собр. соч. Т. 7. – М., 1950. – 923 ф.

нæлгоймаджы цæстытæм æргом бакæсын стыр худинаг уыдис, уæддæр сæ рухс фидæныл быдтой зарджытæ, Турчы се 'мдин адæмимæ цардæй къæртт куыд æппардзысты, паша мæйттæ куыд кæндзысты («Сырх мæнæу дзы хæрдзыстæм»)...

Фæлæ сæ куы бауырныдта, цы стыр сайд фесты, «тæдзынæгæй цыхцырæгмæ бахаудтой»[1], се 'намонд хъысмæт сæ сæфтмæ æртардта, уæд-иу сæ, куыд федтам, афтæмæй сæ уынгæг, сæ кæуинаггагдæр уысмты нæ айрох сæ сафæг: «Гъе, кæннæуæдæ Муссæйы хъæбул амæла, Мах нæ фыды зæххæй чи фæхицæн кодта» («Туркмæ цæуджыты зарæг»); «Муссæйы хъæбул амæла, Гуд-гуды-гудала» («Стъамбулдзауты зарæг»). Кæнæ «Стамбулдзауты зарæджы» варианты сæхиуыл иронийы хуызы куыд худынц: «Хæрæгæй дзы хуым кæндзыстæм», «Сыстæй мыггаг таудзыстæм». Фидис чи нæ хаста[2], уыцы ирæттæ сæхицæн сæхæдæг сæ уынгæг бонты æрхаудтой фидис кæнынмæ.

Æмæ уыдæттæ иууылдæр фыссæгæн æххуыс уыдысты, адæмы зæрдæйы уаг, сæ зондахаст, Муссæйы ахаст адæммæ, стæй йын йæ фæлгонц алыварсондæр æмæ æххæстдæрæй æвдисынæн. Къуындыхаты разагъды инæлар Муссæйæн раздæр, сæ Хуыцауы хайау, табу чи кодтой, уыдонæй йæ ныр тынг бирæтæ æлгъыстой, фæлдыстой йын æвзæртæ. Фыссæгыл та фембæлы историон рæстдзинадимæ цард æмæ аивады рæстдзинад равдисын дæр. Историон æгъдауæй уацмыс раст куы уа, фæлæ цардæн дзуапп куынæ дæтта, аивадон бæрзæндмæ куынæ æххæсса, уæд никæй зæрдæйыл сæмбæлдзæн. Уыдæттæ Михал тынг хорз зыдта. Æвдисгæ дæр æй афтæ ракодта йæ зæрдæйы кондмæ гæсгæ.

Уый хыгъд Темырболатæн йæ ном æмæ нæм дзы цы бæрц æмдзæвгæтæ æрхауд, уыдонæй дарддæр ницы зыдтам æмæ Михалы бахъуыд, цæмæй йæ сæрæй-къæхтæм, – хуызæй уа, зæрдæйы уагæй уа, зондæй-фердæхтæй уа, – иууылдæр сныв кодтаид йæхæдæг æмæ уый фыссæджы къухы æнтысгæйæ бафтыд, йæ нымад, фæлæ судзгæдудгæ хабæрттыл дзурæг æмдзæвгæты фæрцы йын йæ зæрдæйы дæгъæл кæй ссардта, уый руаджы. «Благодаря

[1] М а м с ы р а т ы М у р а т. Æцæгæлон бæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 3 ф.

[2] Н а р т ы к а д ж ы т æ. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 183 ф.

Михаилу Булкаты осетинский читатель получил долгожданное произведение о мухаджирах»[1].

Уацмысы райдайæны алыхуызон контрастон цаутæ сæ кæрæдзи ивынц. Сæ иуæй иннæ у цымыдисондæр. «Темырболат дзы нырма, фæрссаг архайæг цыма у, афтæ зыны, фæлæ ныридæгæн дæр бæрæг у, йæ цæхæр зæрдæ æмæ æнæрцæф зондмæ райсом стыр зынæвзарæнтæ кæй æнхъæлмæ кæсынц. Уымæн æцæгæй царды дæр йæ хъысмæт ахæм уыд. Туркмæ лыгъд адæмы зарæггæнæг уæвгæйæ, йæ зæрдæмæ айста се 'ппæты маст æмæ хъыг, йæ фыны æмæ йæ хъалы дæр уыдон уыдысты йæ мæтаг. Дард фыдыбæсты уарзондзинад ын сси зæрыбонтæм æнæаскъуыйгæ трагеди»[2], – раст дзырдта Æлборты Хадзы-Умар. Æмæ уыцы хъуыддаг бæрæгæй зыны Æлборыфыртæн йæ поэзийы дæр. Поэт дзуры Темырболаты номæй, зæгъгæ, «кæд ам æрцæуудзæнис / æцæгæйдæр мæ мæлæт, / мæ бæстæй рох, / кæйдæр зæххыл дзæгъæлæй», – уæд куры арвæй, цæмæй йыл уый ныккала йæ цæссыг, зæрин хур ыл цæмæй йæ мадау скæна саутæ:

*Сымахмæ дзурын, дымгæтæ, уæ фæрæз,*
*уæ сæрибар – цæрæнбонты мæ бæллын, –*
*фæхæссут-иу мын а бæстæй мæ хъæлæс,*
*ма йын уæд кæйдæр зæххыл нымmæлæн.*
*Фæхæссут æй,*
*уый уарзонæн ныводн у,*
*Мухаджиры æгад æмæ зыдæй*
*йæ алы мыр, йæ алы сулæфт дæр нывгонд у.*
*Мæ Хуыцау, ме скæнæг, дæуæй,*
*о, курын,*
*фехъус мын мæ лæгъстæ:*
*кæд ам ныххуысдзæнис, æцæгæйдæр, мæ цард, –*
*Турчы зæхх мын ма схай кæн дзæнæтæн,*
*мæ фыдызæхх, мæ хæхтæ мын зындонæн ратт*[3].

(«Темырболаты лæгъстæ»)

---

[1] К а з и т ы М е л и т о н. Писатель с трепетной душой / Южная Осетия, 2014. – 25 января.

[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 223 ф.

[3] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 159 ф.

Уыцы хъуыдытæ поэтæн йæхи сфæлдыстадæй цæуынц, куы зæгъæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм. Дзыназгæйæ дзырда йæ бæстæйæн: «Нæ райгуырæн, нæ бæстæ, Удæн уд дæр ды куы дæ! Цард н‘ агурæм дæ фæстæ, Зæрдæйы уæлæ хуыд куы дæ!»[1]; «Урс базыл сау цæссыг Тынгæйтынгдæр куы цыдис»...[2].

Михал, йæ роман «Теркæй Туркмæ» фысгæйæ сæйраджы æнцой кодта æртæ фидар цæджындзыл: фылдæр æнæфыст истори, адæмон сфæлдыстад æмæ йæ уды аивадон рæстдзинадыл. Иуварс нæ авæрдта, уæдмæ нæм Темырболат, стæй Муссæйы тыххæй фыст чи æрцыдысты, æппæт уыцы аивадон уацмыстæ дæр.

Уыцы хъуыддаг, куыд уынæм, афтæмæй бæрæгæй зыны уацмысы кæронæй дæр: «Фыррыстæй йæ цæстытæ æрæхгæдта æмæ йæ цæсгом сæнцъылдта. Здыхуыз цæсгоммæ ныккаст, йæхи цæстытæ дæр, сабийы æдзард цæстытау, аих сты. «Йæ мад æй кæм нæ базыдта, уым йæхæдæг дæр... Мард у, афтæмæй фæцæуы!.. Мæрдтæ фæцæ_уынц Турчы зæххыл!.. Мæрдтæ фæцæуынц Турчы зæххыл!..». Фæйнæрдæм аракæс-бакæс кодта, стæй сабийы æмыр былтæ æмæ авгау ирд цæстытæм фæкомкоммæис. Фæсонтис, размæ атындзыдта.

– Цомиан! Цомиан!

Ӕлдадты идæдз чындз дзыхълæуд фæкодта æмæ йæм Темырболат йæ цæнгтæ бадардта:

– Цомиан! Цомиан!

Ус сабийы здыхуыз былтæм ныккаст æмæ йæ мидбынаты барызт. Мухаджиртæ æрбамбырд сты. Темырболат идæдзы раз йæ зонгуытыл лæууыд æмæ куыдта.

– Болат! – ныхъхъуыст æм кæйдæр дзурын.

Ныр ыл бæстон баталынг хур æмæ йæ хъусты уадтымыгъ сыстад. Сидæг бынты æрбавнæлдта æмæ сабийы йæхимæ айста»[3].

Ацы ныв кæсгæйæ, Турчы зæххыл цард ссарынмæ чи хъавыд, уыцы мухаджирты додойаг уавæр, æнæхуруынд

---

1 М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 20 ф.

2 Уый дæр уым.

3 Б у л к ъ а т ы М и х а л. Теркæй Туркмæ. 2 чиныг. – Цхинвал, 1979. – 182–183 ф.

сабийы мæлæтмæ кæсгæйæ, зæрдæ кæмæн ис, уыцы адæймаджы уд куыннæ хъуамæ ныккæрза?!. Уый йæхицæн кæрдзыны къæбæр, доны хъуыртт куыд хъуамæ садджын кæна ацы тæригъæдджын зæххыл?!. Ходы Камал уымæн зæгъы: «Нæ рæстæг – тугхъулæттæ, сау. Йæ тыл ныццæвы галиугæнæг растæн»[1]. Æмæ уыцы æнæраст хъуыддагæн нæ зыны йæ кæрон – хизы фæлтæрæй-фæлтæрмæ, æнусæй-æнусмæ. Хæрамдзинад райгуыры адæймагæн йемæ – нæ йæхæдæг сæфы, нæ басæттын комы. Афтæ уыд историон рæстдзинад, афтæ йæ уынæм Булкъайы-фырты романы.

Сæхи удты æхцонæн сæ адæмыл гадзрахатæй чи рацыдысты, сайдæй сæ, цæмæй сæ Фыдыбæстæйæ дард, æцæгæлон зæххыл дæр цардæй къæртт æппарой, уымæ чи тырнынц, уый тыххæй сæ фыдвæндагыл чи акодтой, уый цæмæн хъуамæ æндава дзыллæйы кæуинаггаг хъысмæт: «Æмæ ногæй айхъуыст ирон хъарæг, фæлæ йæ æцæгæлон зæхх нæ иста». Æна мæрдджыны сæр йæ риумæ нылхъывта æмæ йын дзуры:

– Аку, аку, чындз, дæ фæхъхъау фæуон æмæ дын фенцондæр уа!

– Уæ, Муссæ, дæ хъæбул амæла, кæд нæ ацы сыгъд фæндагыл цæмæн ракодтай! – фемæхст Цомианы хъæлæс.

– Æлгъит, мæ хъæбул, æлгъит, кæд дæ зæрдæйы маст ссæуид! – ныхъхъарæг кодта Къуындыхон.

– Уæ, Муссæ, дæ хъæбул амæла! – æррайау богъ кæны зианы мад.

– Уæ, Муссæ, дæ хъæбул амæла! – тылдис Анатолийы быдыры ирон хъарæг.

Муссæмæ адæмы æлгъыст нæ хъуыст. Ууыл Хъарсы сахары Турчы фæсарæйнаг хъуыддæгты министр Али-Пашайы минæвæрттæ фембæлдысты æмæ Кавказы мухаджирты раздзæуæджы Стамбулырдæм цытимæ акодтой»[2].

Уацмысы сæрæй кæронмæ Муссæ афтæ цæуы æвдыст, æмæ æнæ уый иунæг зынгæ хъуыддагæн дæр нæй аразæн. Æмæ уый æрмæст авторы бархъомысæй нæ уыдис афтæ. Уыцы хъуыддагæн историон бындур ис. Мухаджирты

[1] Ходы Камал. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 198 ф.

[2] Булкъаты Михал. Теркæй Туркмæ. 2 чиныг. – Цхинвал, 1979. – 183 ф.

хъуыддæгты сæйраг «аразæг» уый кæй уыд, уымæ гæсгæ æппæт цауты ахсджиагдæртæ уымæ хаудтой, кæд мæ_ гуыртæм, æлдар ахуыр куыд уыд, афтæ уæлейæ бынмæ кæсы, уæддæр.

Къоста загъта: «Нæу сусæг хорзæн йе 'цæг ном, Налатæн та – йæ фæсномыг» («Æхсины лæг»)[1]. Фæлæ налат адæймагмæ искæй маст нæ хъары. Гæдысайд, райгуырæн уæзгуытæй схъиуд адæм алкæй дæр æмæ алцы дæр бæргæ бамбæрстой, Иры зæххыл цæрынæй чи нæ бафсæст[2], уыцы фыссæг æй ныв дæр бæргæ бæлвырд-бæрæгæй скодта, фæлæ фыдохы уавæр фæнывылдæр кæнын, хъыгагæн, сæ иуты бон дæр нæ уыдис æмæ иннæйы бон дæр. Историон цаутæ сæ рæстаг хъуыддæгтæй куы ныццæхгæрмæ уой фыссæджы раз, уæд сæ иунæг цæсгомджын адæймаджы бон дæр нæ бауыдзæнис аивын.

«Хуыцауы азарæй бирæгъ дæр тæрсы»[3], – уыдис Секъайы хъуыды, фæлæ ам хъуыддаг тасы охыл нæ уыд. Уыцы хъуыддæгтæ нырма дæр бирæ адæймæгты зæрдæты хæлбурцъ кæнынц æмæ судзынц. Нæй сæ зыгъуыммæ кæнæн. Нæй сæ хи зæрдæйы фæндоныл здахæн.

Н. Добролюбов загъта: «Цель исторического романа – «оживить» мертвую букву летописного сказания, вдохнуть душу живу в мертвый скелет подобранных фактов, осветить лучом поэтического разумения исторически темную эпоху»[4]. Æмæ Булкъайы-фырт фыццаг нæ уыдис, нæ адæмы уыцы кæуинаггаг дуг аив дзырдæй равдисынмæ йæ ныфс чи бахаста, историон дурамад мысинæгты уд чи бауагъта, уыдонæй.

Ирон пысылмон адæмæй, стæй кавказæгтæй дзæвгар адæмты алыгъд Туркмæ бирæты зæрдæтæ фæриссын кодта æмæ риссын кæны. «Теркæй Туркмæ»-йы фыццаг чиныгæй афæдз раздæр рухс федта Богазты Умары роман «Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ...»[5]. Уацмысы сæр, алчи

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 49 ф.

[2] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Иры зæххыл цæрынæй нæ бафсæст / Рæстдзинад, 2007. – 1 март.

[3] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 50 ф.

[4] Д о б р о л ю б о в Н. А. Собр. соч. в 9 т. Т. 1. – Ленинград, 1961. – 530 ф.

[5] Б о г а з т ы У м а р. Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ... – Дзæуджыхъæу, 1969. – 335 ф.

дæр зоны, райста Темырболаты æмдзæвгæ «Сагъæстæ»-йы рефрен: «Уæ! Нæ хæхтæ, нæ бæстæ, Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!..»-йæ. Æмæ уацмыс йæ авторы сфæлдыстады, стæй уыцы темæйыл дзурæг чингуыты æхсæн у нымад. Уæддæр, Михалы роман «Теркæй Туркмæ» акаст «Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ…»-йы сæрты.

«Романы нæй цауты иумæйаг, даргъ æмæ уæрæх афыстытæ, æрдзы нывтыл нæ хардз кæны цалдæргай фæрстæ. Уый хыгъд чиныгкæсæгæн фадат ис, дзæвгар рæстæджы уына хъайтарты миддунейы, мидæнкъарæнты алыгъуызон фæзилæнтæ, хъуса сын сæ алы уынæрмæ дæр. Æддаг цауты змæлд дæр уынæм хъайтарты зæрдæйы ныхасы æмæ афтæ зыны, цыма, романы архайд рæзы, цæуы æддæмæ нæ, фæйнæрдæм нæ, фæлæ хуылфмæ, мидæмæ хъайтарты уды. Уый у романы характерон миниуæг»[1], – дзырдта Æлборты Хадзы-Умар. Æмæ уыдæттæ ирдæй уынæм Михалы «Теркæй Туркмæ»-йы. Уынæм сæ фыссæджы æппæтуынæг цæстæнгасы фæрцы, йæ романыл зæрдæбынæй æмæ, йæ хъуыддаг хорз кæй зыдта, афтæмæй кæй куыста, уый фæрцы. Йе ʻнтыст ирон чиныгкæсæгæн у æнусон цины хъуыддаг. Уымæн æмæ XX-æм æнусы дыккаг æрдæджы ирон нывæфтыд прозæйы æндидзæн дуджы Булкъайы-фырты дилоги «Теркæй Туркмæ»-йы рухсмæ фæзындæн, æппæт ирон адæмы чи æндавы, ахæм историон темæйыл кæй дзуры, уый охыл дæр æмæ уацмысæн йæ авнæлд, йæ арæзт æмæ фæлгонцты рæзт, стæй йæ афыстæй стыр нысаниуæг ис. «Цæгат Кавказы адæмтæ тыхы раз сæ сæр æркъул кæнын нæ куымдтой, уымæ гæсгæ паддзахы хицауад архадта алыхуызон мадзæлттæй: кæм тыхмийæ, кæм та фæлывд, сайæн митæй. Хохæгты стын кодта дæлвæзтæй æмæ сын сæ бынæттæм æрвыста хъазахъхъы. Уымæй мардта дыууæ тæрхъусы: иуæй, бынæттон адæм хъазахъхъы ʻхсæн куы ныййиугай уыдаиккой, уæд сæ тых асастаид æмæ ныхмæ зæгъынхъом нал уыдаиккой, иннæмæй та се ʻгъдау, сæ дин, се ʻвзаг тагъддæр ферох кодтаиккой»[2], – дзырдта Æлборты

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 225 ф.

[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 218 ф.

Хадзы-Умар. Нæ литературæйы ахæм уацмыстæ бынтон стæмтæ уыдысты æмæ йæм алчи дæр дисгæнгæйæ кастис. Ахъаз уыд прозæйы уæрæх райрæзтæн æмæ уый цастæр бæрцæй ахъаз у уацмысы нысаниуæг уæлдæр кæнынæн.

Хуыгаты Сергей зæгъы: «Романы архайджытæ иууыл ирæттæ не сты – ис дзы цæцæйнæгтæ дæр, мæхъхъæлæттæ дæр, лекъæгтæ дæр æмæ алчидæр æвдыст цæуы, йе 'рдзон гакк йæ уæлæ, афтæмæй. Уыдонæй алчидæр йæхи цæстæй кæсы, Уырысы паддзах Кавказ басæттыныл сусæг-æргомæй куыд тох кодта, уымæ».[1] Æмæ уыцы хатдзæг æнæбындур нæу. Михал йæ дилогийы хъæйтарты афтæ снывæзта, цæмæй дзы алы адæмы хатты минæвæрттæ дæр хæссой, чиныгмæ кæй номæй æрцыд хаст, уыцы дзыллæйы комулæфт, йæ уаздæр бæллицтæ æмæ йын базонæн уа йæ адæмы туг æмæ стæгæй. Иу хъæйтарæй адæм базонын царды дæр æнцон нæу. Чиныджы йæ аивадон фæрæзтæй снывкæнын, дзырд дæр ыл нæй, удуæлдай, хидкалæн фæллойыл нымад цæуы рагæй фæстæмæ дæр. Уый зын хъуыддаг у, фæлæ, Хуыцау курдиат кæмæн нæ бахæлæг кæны, уымæн алцы дæр, инджын кардæй лыггæнæгау, æнцон у. Уыцы хъуыддаг Булкъаты Михалы къухы бафтыд.

1 Хуыгаты Сергей. Чысыл разныхас // Булкъаты Михал. Теркæй Туркмæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 6 ф.

ÆХСÆЗÆМ СÆР

## РУХСАГ ФЫДÆЛТÆ

Михал цардбарæг лæг уыдис дзыллæйы æхсæн дæр, литературæйы дæр. Йæ бон йæхи раз зын фарстытæ æвæрын куыд уыд, вазыгджын фæлгонцтæ-иу куыд систа, афтæ æнтысгæйæ сын арæхст сæ равзарын, сæ аразын, рæстагæй сæ зæрдæрисгæ хъуыддæгтæ аскъуыддзаг кæнынмæ дæр[1]. Уымæн ын фадат лæвæрдтой, цы фарстмæ æвнæлдта, уый-иу лæмбынæг æмæ алыфарсонæй кæй сахуыр кодта, æнæмбæрст фарстытæ-иу ын дзы кæй над баззадис, æппæт уыдæттæ. Стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ хъайтарты зæрдæтæм ныккæсынмæ кæй арæхстис, уый йын бирæ бæрцæй, чи зоны, иууыл ахсджиагдæрæй раст уый арæзта йæ къух.

Куыд загътам, афтæмæй Михал хæдзарæй дарддæр скъолайы йæ мадæлон æвзагыл, ирон культурæйыл нæ рæзт. Ахуырад æндæр æвзагыл – нæ фыдбоны сыхæгты æвзагыл райста, Нартыхты Михал æмæ Бестауты Гиуæргийау. Фæлæ, йæ ирон æвзагмæ афтæ æрæвнæлдта, уый дæр æй Нартыхы-фырт æмæ Бестауы-фыртау афтæ лæмбынæг сахуыр кодта, æмæ йын йæ уацмыстæ куы кæсай, уæд æнæмæнг зæгъдзынæ: дæ Хуыцауы тыххæй, ацы лæг фыдæлты хæстон æмæ цардуагон æгъдæуттæ базоныныл тыдта йæ царды бонтæ, цыртдзæвæнты нæмттæ зоны, фæлæ сын сæ рагон æвзаг кæцæй скъахта? Йæ сарæзт фæлгонцтæн се 'взаг дæр у дуры хуылфæй райсгæйы æнгæс. Фæлæ уымæн дæр нæу тас асæттынæй. Йæ фырдиссагæй къæс-къæс кæны. Дзырд æм «кæддæриддæр дзырд сайы»[2] («Лæскъдзæрæн»). Æмæ уыцы дзырдарæхст куы сиу вæййы æнæфенддаджы æрцæугæ цаутæ æмæ хъуыддæгтимæ, уæд æм хъен слæууынц цыфæнды фенæг адæймаджы сæры хилтæ дæр: «Дур-чъыры сахары аланты фæтæг Фарнаты Æмбазыг йе стæримæ æрвæрттывдау смидæг монголты нойоны сæйраг сахары, фæлæ фæ-

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Нæрæмон романтик / Рæстдзинад, 2003. – 25 декабрь.

[2] К ъ о с т а. Ирон фæндр. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 96 ф.

къуыхцы æмæ ма йæхи тыхамæлттæй раиуварс кодта. Монгъолтимæ хæсты фæкъуыхцы уæвын диссаг нæ уыд, диссаг æндæр цыдæр каст Æмбазыгмæ: чи рацыд сахарыл гадзрахатæй æмæ чи фæбæрæг кодта нойонмæ аланты фæтæджы сусæг фæнд?

Ноджы ма иу хабар сæмбæлд Æмбазыджы сæрыл арвыцæфау: йæ усаг Борæты Зæрæда Рагъыфидары йæ мады ‘рвадæлтæм уыд æмæ чызджы дæр аскъæфтæуыд раст уыцы стæры бон.

Уый фæстæ та ноджы стырдæр диссаг æрцыд: Борæты Кæфци, йæ фыды ‘фсымæры лæппу Уæрхæг æмæ Цъæхилты Саукуыдз йæ разы гуымирытау слæууыдысты, æмæ Æмбазыг лæппуты се ‘рбацыды аххосагæй куы афарста, уæд ын Борæйы-фырттæ тызмæгæй загътой:

– Мах æппындæр ницы хъæуы, мæнæ Саукуыдзы бафæрс æмæ дын уый зæгъдзæн не ‘рбацыды аххосаг!»[1].

Раст, адæмон æмбисонды куыд у, афтæ: «Дур тылд æмæ дыл сæмбæлд»[2].

Гæдиаты Цомахъ йæ рæстæджы бæргæ дзырдта: «Историон рæстдзинад, кæддæриддæр тар æмæ урс хæххытæ æддæг-мидæг кæм ауайынц, уый ныртæккæ раивынмæ хъавынц «æппæтуæрæсейаг национ клубы рæстдзинадæй»[3], – фæлæ истори историйæ баззайы йæхи тар æмæ урс хæххытимæ æмæ йæ Михал дæр æвдисы афтæмæй царды хъулæттимæ: «Æмбазыг йе уæхсчытæ банкъуыста, кæд ацы фыдфынтæ фæтары уаиккой, зæгъгæ, фæлæ Саукуыдз уæддæр йæ разы лæууыд æмæ цæмæдæр æнхъæлмæ каст. Йæ къухтæ йын нæ ныббаста, хъоргъы дæр æй нæ ныппæрста, комкоммæ йæ тæрхоны размæ бакодта, фæлæ кæй бауырныдтаиккой ацы æбуалгъы митæ?

Авдæй бадтысты ныхасы фæзы, сæ алфамблай æгас сахар æрæмбырд. Гадзрахаты уæлхъус хъарагъултæ нæ лæууыд, йæ сæрыхъуынтæ йæ фæтæн ныхыл æркалдысты, æгæрон хъынцъымæй йедзаг мыдгъуыз цæстытæ сæ къуырфыты арф бахаудтой. Тæрхоны сæргълæууæг зæронд Матæрс лæппумæ джихæй каст æмæ йæхинымæры дзыр-

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Дæ фыдæлтæ рухсаг. – Дзæуджыхъæу, 1994. – 4 ф.

[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 311 ф.

[3] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæудыхъæу, 1951. – 347 ф.

ды сæр агуырдта»[1]. Ахæм æндыгъд уавæримæ уацмысы æвзаг æрмæст архайд не 'ргом кæны, фæлæ дзы, цыргъ кардæй амады хуызæнæй зынынц уацмысы фæлгонцтæ дæр. Уымæн æмæ сыл зыны, кæй сты, тъымытъыматы чи никуы ма æрцыд, уыцы хъæбатырдзинад саразынил дæр.

Стæй уыцы æвзаг æрмæст дзургæ нæ кæны, фæлæ змæлы, худы, райы; зоны цин æмæ маст, хорз æмæ фыд. Цинæй йыл тæхæн базгуытæ базайы, тыхы раз ныммæстæг вæййы æмæ дзы къæртт нæ раппардзынæ. Æмæ сæйраджы-сæйраг – джипы уагъдау бады уацмысыл.

Бирæ аразгæ, стæй зæронд, фыдæлты дугæй ист дзырдтæ, цыма ирон æвзагæн туг-хæстæг чи нæ уал уыдысты, ахæм фæзилæнтæ йæм дзæвгар кæй уыд, уый йын уæззау кодта мыхуырмæ йæ фæндаг. Йæ иу ныхмæлæууæг редактор ын фиппаинаг арæзта æмæ йæм ахæм азым дæр æрхаста йæхи уацмысæй – «Нарты Сосланы æвдæм балц»-æй: «Йæ фæйнæ цæсты дыгай гагуыйы йæм бахудтис!» Ахæм каламбур дзы никуы ма уыд. Иу цæсты дыуугæ гагуыйы чердæм уыд?» «Ноджыдæр та Сосланæн йæ цæсты дыгай гагуытæ уыди. Кæцæй? Куыд? Иу цæсты дыуугæ гагуыйы?»[2].

Æмæ йын Михал бар-æнæбары, «Нарты кадджытæ»-йыл æнцой кæнгæйæ, дзуапп кодта: «Нæ «культурон цыртдзæвæн зæгъы: «Йæ иу цæсты дыууæ гагуыйы кæмæн уа, йæ зачъетæ уызыны сындзы хуызæн кæмæн уой, уымæй-иу дæхи бахъахъхъæн»[3]; «Бæхджынæн йæ сæр уыди басылыхъхъы тыхт, фæлæ йæ иу цæсты та дыууæ гагуыйы уыди»[4]; «Сослан уыди, уæдæ, уый, Сослан! Уый йеддæмæ хуыцауы скондæй йæ иу цæсты дыууæ гагуыйы никæмæн ис»[5], – уыд йæ æвæндон дзуапп[6]. Афтæ-иу æй арæх, йæхæдæг азымджын чи уыд, чи нæ йæ æмбæрстой, стæй, æгæрыстæмæй, «Нарты кадджытæ» чи нæ зыдтой, фæлæ зынгæ бынæтты чи бадтысты, уыдонæн бахъуыд йæ

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Дæ фыдæлтæ рухсаг. – Дзæуджыхъæу, 1994. – 4–5 ф.

[2] Авторы архивæй.

[3] Н а р т ы к а д ж ы т æ. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 306 ф.

[4] Уый дæр уым, 311 ф.

[5] Уый дæр уым.

[6] Авторы архивæй.

рæстдзинад бæлвырд кæнын. Куыд-иу æй раргом кодта, уый та æнæмæнгæй фендзыстæм, ацы чиныджы кæронмæ æввахс ын йæ фыстæджытæ куы кæсæм, уæд

Булкъайы-фырты уацмыстæ нæдæр алы детективтæуарзаг чиныгкæсæг каст æмæ фæкæсы зæрдиагæй. Æмæ уым диссагæй ницы ис. Михал хиирхæфсæн уацмыстæ фæлдисынмæ никуы æвдæлдис. Стæй – иубонон уацмыстæ фыссынмæ дæр. Йæ алы æнтыстыл дæр-иу, сабийау, цинæй мард, фæлæ, искæй зæрдæмæ фæцæуа, уый тыххæй никуы æрбадтаид йæ кусæн фынджы фарсмæ. Уыцы хъуыддаг йæ удыкондæй цыдис æмæ бæрæгæй зыны, цæвиттонтæ цы уацмысæй хæссæм, уым дæр.

Фыссæджы удыконд та сæйраджы-сæйраг Ирыстон æмæ ирон адæмæн фарн хæссын уыд. Нæ истори нын, налхъуыт-налмастæ агурæгау, халгай иртæста рохы хъæбысы, сыгъдæг æй кодта дугты æртхутæгæй æмæ-иу æй сæрттивын кодта йæ хъуыдыйы арф æмæ уæзгæ дзыхы дзырдæй. Хадзы-Умар уымæн дзырдта: «…цы хъуыддаг аразы, уый æхсызгон хъæуы нæ литературæйы – ахуыр кæны нæ адæмы рагон æмæ фыдрагон царды цаутæ, лыстæггай сæ æвзары, куыд фыссæг æмæ историк, æмæ сæ аив дзырды ‘руаджы удæгас нывтæй хæссы чиныгкæсæджы размæ»[1].

Гæдиаты Цомахъ йæ рæстæджы катайгæнгæ дзырдта: «Хæххон адæмты æвзæгтыл æмæ хæххон адæмты тыххæй ныронг цытæ фыстой, уыдæттæ иууылдæр тынг æмæ тынг дард сты хæххон адæмтæй, чи зоны, ирæттæй фæстæмæ… Æцæг чиныг хæххон адæмтæм нæма уыдис»[2], – фæлæ, Михал ирон æцæг историон роман йæ гаччы куы бадын кодта, уæд ирон нывæфтыд литературæ, суанг историон романæн дæр уыд æнтыст. Уæддæр æй нæ фыссæг кодта хъæздыгдæр, зæрдæмæдзæугæдæр. Кæд А. Пушкин йе ‘мдзæвгæ «Герой»-ы фæндвидарæй загъта: «Мечты поэта – историк строгий гонит вас!»[3] – уæддæр нæ фыссæг ахызт рæстæджы уыцы историон рæстдзинады сæрты æмæ йæм цыма йæ хъайтартæ сæхæдæг æгæрстой фæндаг

---

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 226 ф.

[2] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. –Дзæуджыхъæу, 1959. – 336 ф.

[3] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 250 ф.

историон æртхутæгæй, цæмæй сын уынаффæ кодтаид сæ тыхст æмæ уырыд дуджы сæрсæфæн хъуыддæгты. Æмæ сын фыссæг йæхи сæрмагонд моралон кодексмæ гæсгæ алы хатт дæр сæ разы æвæрдта, иу кæнæ сæ иннæ уавæрты цы аразын хъуыдис, цæмæй адæм æмæ дуджы раз алы хатт дæр сæ цæсгæмттæ æхсад уыдаиккой, дзыллæйы раз сæ къæмдзæстыгæй лæууын ма хъуыдаид æмæ æлвæст сагты æнгæс лæвæрдтаиккой, уый тыххæй[1]. Æмæ уыцы рæстæджы фыссæджы сфæлдыстадон хæтæнты цæугæйæ чиныгкæсæг дæр бахауы, хæрзаудæн æмæ фыддзинад сæ кæрæдзиимæ куыройы цалхау кæм зилынц, уырдæм. Фæлæ сæ алчи йæ фыртыхстæй нæ фæзоны, йæ арм рæстаг уылæны барцыл хæст кæй вæййы.

Булкъайы-фырты роман «Дæ фыдæлтæ рухсаг» куы ныммыхуыр, уæд ничи уал дызæрдыг кодта, фыссæг фидарæй кæй ныллæууыд историон уацмыстæ фыссыныл. Æмæ раст бакодта. Ацы уацмыс уыдис йе стыр æнтыст. Романы историон æгъдауæй бæлвырд-бæрæгæй ныв кæны нæ фыдæлтæ-алантæ æмæ æнæнымæц тыхгæнæг тæтæр-монгойлæгты æнæмсæр тох, нæ туг-стæджы удуæлдай хъæбатырдзинад.

Адæймаджы хъусдард уайтагъд ацахсы, араббаг географ Абулфедайы уацмысæй автор романæн эпиграфæн цы скъуыддзаг æрхæссы, уый дæр: «Кыр-ор ис æвдæм климæты кæрон ассты бæстæйы æмæ йæ ном туркагау амоны цыппар лæджы. Уый у зынбайсæн сахар æмæ арæзт у, бацæуæн кæмæ нæй, ахæм хохыл. Хохы уæлæ ис, уыцы бæстæйы цæрджытæ тасы заманы сæхи кæм бафснайынц, ахæм фæз, æмæ йæ цæрджытæ хауынц ассты знæммæ»[2].

Æмæ уыцы знæмæн тыхгæнæг тых нæ ары. Æгæрыстæмæй, иунæджытæй куы вæййынц, цыфыддæр знаджы къухмæ куы бахауынц нывгæнæг Тохау («Сарт æмæ кард»), уæддæр. Уымæн æмæ сабийæ-зæрондмæ састы къæлæт хæссыны бæсты сæ нысан иууылдæр у кады мæлæт. Монгойлæгты нымæц сæ уымæн нæ тæрсын кæны. «Кард сæлвасын æмæ æрцъыкк кæнынæй лæджы хъысмæт

[1] К а з и т ы М. Писатель с трепетной душой / Южная Осетия, 2014. – 25 январь.

[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. – Дæ фыдæлтæ рухсаг. – Дзæуджыхъæу, 1994. – 3 ф.

рæстыл сбарын зындæр у»[1], – æмæ фыссæг лæджы хъысмæт дæр, адæмы цардамод æмæ дуджы комулæфт дæр уымæн æвæры рæсты тæразыл. Тæразы къустæй чи цы бынаты слæудзæнис, уый йын-иу кæд развæлгъау зындгонд уыдис, уæддæр йæ хъайтарты алы фезмæлд, сæ алы дзырд барста авд хатты («Дзырдæн аргъ кæнын чи нæ зоны, уый цардæн дæр нæ базондзæнис аргъ кæнын».[2]), лыг æй кодта иу хатт, уацмыс дзы, уыимæ нæ истори куыд рамбылдтаид, афтæ. Æлборты Хадзы-Умары хъуыдымæ гæсгæ: «Фыссæг ацы уацмысы йæ цырагъы рухс бахаста нæ адæмы историйы талынгдæр æмæ æрхæндæгдæр периодтæй иумæ – тæтæр-монголты ныббырсты заманмæ»[3]. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый хуымæтæджы нæ уыдис. Уæд мах нæ гауыр знæгтæ хъавыдысты бындзагъд ныккæнынмæ, цæмæй нын нæ кой дæр сыстъыгътаиккой зæххы цъарæй, фæлæ аланты мыггагæн тыхæй фесафæн нæй: хуыцæуттæ нæ фарс сты, нæ удуæлдай тохты нæ мæрдтæ нæ фарсмæ фæтох кæнынц.

«Куыд зыны, афтæмæй Михал йæ историон романтæн æвзары нæ адæмы социалон-историон æмæ национ цардыкарздæр моменттæ. Уыдон ын фадат дæттынц адæймаджы удыхъæд контрастондæрæй равдисынæн, йæ бæрзонд стæхæнтæ æмæ ныллæг æрхауæнтæ йын хуыздæр фенын кæнынæн.

Афтæ, æмæ Булкъаты Михал мидæгъдауæй фылдæр æмхиц у историмæ, нæ монон уидæгтæм, адæймæгтæ æмæ адæм сæ характерты генеалоги кæцæй æмæ цæмæй хæссынц, уыдонмæ æмæ уыдон æвдисгæйæ, йæхи дæр æвдисы æххæстдæрæй, хуыздæрæй»[4], – рæстагæй уыд Хадзы-Умары хъуыды.

Булкъаты Михалæн нæ ирон адæмы истори алы хатт дæр уыдис актуалон æмæ æрвылбонон. Æмæ ацы романы фæстæ ууыл дызæрдыг ничи уал кодта. Фæлæ, диссаг цы уыдис æмæ цы у – цыма йын йæ уацмысты темæтæ æмæ

---

[1] Уый дæр уым, 12 ф.

[2] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 152 ф.

[3] Æ л б о р т ы Х а д з ы-Ум а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 227 ф.

[4] Уый дæр уым.

сын сæ хъайтарты хæтæнтæ нæ иторийы счъилты нæ хъуыдис агурын, фæлæ цыма йемæ райгуырдысты; йемæ кодтой æмцард, уыдысты æмдзæрин. Цыма-иу æнусты сæрты йæ хъайтарты агурæг йæхæдæг нæ фæраст нæ фыдæлты æххæл-мæххæл фæндæгтыл, фæлæ-иу æм сæхæдæг фæзындысты уынаффææнхъæл.

Историон нывæфтыд уацмыстыл, сæ архайд, сæ кондыл хъуыдыгæнгæйæ æмæ сын хаццæгтæ аразгæйæ, литературæиртасæг Мамиаты Изетæ зæгъы: «Документалон факттæ аивадон уацмысы æгъгъæд не сты историон æцæгдзинад алывæрсыгæй равдисынæн. Фыссæг хъавы, ахуыргæндтæн цы нæ бантыстис, уый йе сфæлдыстадон æрхъуыдыйæ баххæст кæнынмæ. Историкты къухы нæ бафтдзæнис, стæй сæ хæс дæр нæу, удæгас, тугбуар фæлгонцтæ снывæндын.

Историон романист æнæмæнг хъуамæ æнцой кæна, царды бынат кæмæн уыдис æмæ документы чи баззадис, ахæм цаутыл. Уый афтæ нæ амоны, æмæ сæм æппын æрымысæггаг хабæрттæ бафтауыны бар нæй. Фыссæг историон факттимæ быцæу нæ кæны, лæмбынæг сæ сахуыр кæнгæйæ, сфæлдисы хуызджын, эмоцийæ ифтонг нывтæ æмæ афтæмæй ахизы документы иувæрсыгдзинады сæрты»[1].

Афтæ кæй у, Абайты Васойы ныхас цæвиттонæн уымæн баззад: «Хорошо известно, что поэтам удается нередко гораздо глубже и совершеннее проникнуть в дух и характер изображаемой эпохи, чем самым добросовестным и кропотливым специалистам – историкам»[2]. Æмæ уыцы «поэттæй» иу уыдис æмæ у Булкъаты Михал. Йæ аив дзырд чиныгкæсæг дзыллæмæ уæрæх фæндаг уымæн ары. Уымæйдæр, рæстæгимæ ныфсджынæй кæны æмцыд.

«Хатт рагон, фыдрагон историон кæнæ мифон сюжетты цы мидис æвæрд æрцæуы, уый нын ахæм хуызы рауæрæх кæны нæ хъуыдыкæнынады арæнтæ адæймаг æмæ адæймаджы цардуæвынады нысаниуæджы тыххæй, æмæ дзы уд æмæ зæрдæйæ дæр кæнæм хъæздыгдæр, зондæй – хæлардæр, æмбаргæдæр. Уыцы миниуджытæ та тынг ахс-

[1] Мамиаты Изетæ. Дзырддзæуæны: автор æмæ хъайтары æмдзæдис. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 143 ф.

[2] Абаев В. И. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982. – 90 ф.

джиаг сты нæ карз æмæ тызмæг заманы, адæймаджы зæрдæйы ядерон тæссаг-дзинады азар куы бацард, хъуыдыкæнын-ады стандартизаци, кæрæдзийæ иртæсын æмæ æндæр ахæм глобалон проблемæтæ нæ разы цæхгæр куы слæууыдысты, уæд»[1], – дзырдта Æлборты Хадзы-Умар.

Цæмæй литературон критик ахæм хъуыды загъта-ид, фыссæджы сфæлдыстад æнæхъæнæй систаид уыцы æмвæзадмæ, чиныг-кæсджытæн æй равдыстаид цæвиттой-нагæй, ома, ивгъыдæн аргъ кæнæм абоны цæстæнгасæй, уый тыххæй йын уыдис фидар бындур. Уыцы бындур абон дæр у Михалæн йе сфæлдыстад. Уырыссаг æвзагыл йæ радзырдтæ æмæ уацауты æмбырдгонд «Живой обелиск»-ы раздзырды æнæнхъæлæджы нæ фыстæуы: «Обращаясь к прошлому, автор рисует борцов за счастье народа, их нравственную чистоту. Наполненные внутренним драматизмом, произведения М. Булкаты свидетельствуют о нерасторжимой связи поколений, преемственности духовных ценностей, непримиримости к бездушию и лжи»[2]. Фыссæджы сфæлдыстады истори æмæ нæ абоны царды идеалтæ бирæ цæмæйдæрты кæй æмиу кæнынц, уый нæм хæстæгдæр кæны фыссæджы уацмыстæ.

Михал йæ историон, зындгонд уацмыстæ «Дур-чъыры Куырдалæгон – Уастырджи йе ‘мбал», «Сарт æмæ кард», «Теркæй Туркмæ»-йы хæдфæстæ нæ ирон адæмæн балæвар кодта ноджыдæр, ирон чиныгкæсæг æвиппайд йæ цæст кæуыл æрæвæрдта æмæ кæмæй байрад, уый – йæ ацы ахъаззаг историон роман «Дæ фыдæлтæ – рухсаг». Æнæфæхатгæ йæ уымæн ничи фæцис.

Роман фæзынд, уæды Советон Цæдисы адæмтæ чысыл сæхи сæрибарæй куы рахатыдысты, сæ ивгъуыдмæ сæ цæст лæмбынæгдæр дарын куы радыдтой, историон уацмыстæ фыссын модæйы хуызæн куы фæцæй кодта, уыцы дуджы. Историон æцæг уацмыстæ нæм арæхæй-арæхдæр уымæн райдыдтой зынын. Уым гæсгæ æргомæй-æргомдæр кодта сæ философон-психологон авналæнты рæзт. Æмæ уыцы хъуыддагæн, стæй, историон æмæ мифон хъуыддæгтæ аивадмæ уыцы гуыппцыдæй куыд æф-

---

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 228 ф.

[2] Б у л к а т ы М и х а и л. Живой обелиск. – М., 1981. – 4 ф.

сæрстой, уæлдайдæр, нывæфтыд литературæмæ, уыцы нымæцы ирон литературæмæ дæр, уымæн ирд æвдисæн у Булкъайы-фырты ацы зынгæ роман. Арæзта йæ æргом æмæ фæндвидарæй, уымæн æмæ тынг хорз зыдта, истори æмæ мифтæн цы стыр нысаниуæг ис адæмы царды, æргомæй æмæ нын æнæуынгæйæ куыд æндавынц нæ абон æмæ сæ сомбоныл. Уымæн æмæ, æрвон хъуыддæгты уидæгтæ дæр баст сты зæххон цардимæ. Август Бебель дзырдта: «Наряду с незнанием природы и ее явлений на сознание человечества действовали также гнет и насилие со стороны собственных повелителей или чужих народов и их повелителей. Последнее нередко рассматривалось как заслуженное наказание за свершенные грехи и еще более побуждало к религиозным упражнениям. Часто в тех случаях, когда народ чувствовал себя неспособным своими собственными силами избавится от гнета и насилия, в нем зарождалась надежда на неземного спасителя, мессию, который в награду за верное служение высшему существу должен появиться и освободить народ»[1]. Æмæ уыцы хъуыддæгтæй Михал йæ хъусы иувæрсты ницы ауагъта. Иууылдæр сæ бахынцыдта, курдиатджын æмæ æцæг фыссæгæн куыд æмбæлы æмæ йын куыд нымаинаг сты, афтæ. Уымæн æмæ зыдта, Коцойты Арсен афтæ цы дугæй дзырдта: «Кæддæр æгъгъæд уыди хуымæтæджы дзырд радтын, лæдзæгыл уыгард æркæнын, – уыдон гæххæттытыл фидардзинадæй фидардæр уыдысты, адæм æууæндыдысты кæрæдзийыл»[2], – уыцы рæстæджытæ раджы кæй фесты. Азхынцæджы фæлгонц æй уымæн бахъуыдис æмæ йæм афтæ лæмбынæг уымæн æркаст – лæджы дзырдæй гæххæтт райдыдта тыхджындæр кæнын. Æмæ йæ æрцахста Михалы æппæтуынæг цæст.

Æлборты Хадзы-Умары хъуыды уымæн уыдис: «Йæ фысты стилмæ, йе сфæлдыстадон хъуыдыкæнынадмæ гæсгæ уыцы фæндагмæ эволюцион гъдауæй арæзт у Булкъаты Михал. Уымæн йæ аивадон дзырд тырны историон-психологон уæрæхдзинад райсынмæ, фæнды йæ, нырыккон хъуыдыкæнынадæй абонмæ куы æрбахæстæг кæнид, рад-

[1] Б е б е л ь А в г у с т. Деятели междунар. рабочего движения о религии и церкви. – М., 1976. – 22–23 ф.

[2] К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 24 ф.

жы æмæ фыдраджы чи æрцыд, уыцы цаутæ, куы ссарид уыдонæй абонмæ, абонæй та уыдонмæ чи æххæссы, ахæм иудзинады тæгтæ. Уый зындис йæ фыццаг историон романы, уый тынгдæр бæрæгæй разынд йæ дыккаг романы. Уыцы хабар зæрдыл даргæйæ, æнæнхъæлæджы ма хъуамæ уа йæ ног романы Азхынцæджы фæлгонцы фæзынд дæр. Азхынцæджы фæлгонцы зыны йæ рæстæг æмæ, цы адæмы минæвар уыд, уыдон фарн – сæ цин, сæ хъыг, сæ бæллиц. Уый нæу ахæм, хуымæтæджы, уазал зæрдæйæ чи нысан кæны царды æрцæуæг хабæрттæ æмæ цаутæ стæнхъыл, ома гæххæттыл. Уый цæры, мæлæт æмæ алы фыдбылыз адæмимæ æмдзæрин кæм кодтой, уыцы саудар заманы ристæ æмæ низтæй, куывта уыдон цардбонмæ æмæ тох кодта лæгæй-лæгмæ уыдон хæрзæбоныл»[1]. Уыимæ æнæмæнг зæрдыл дарын хъæуы, Булкъайы-фырты Азхынцæг кæй у, ирон нывæфтыд литературæмæ фыццаг хатт йæхи хуызы барджынæй чи æрбакъахдзæф кодта æмæ дзы чи æрбæстон, уыцы фæлгонц. Уымæйдæр, аив арæзт фæлгонц.

Фыссæг йæхæдæг дæр бирæ бæрцæй разынд уыцы удуæлдай тохты, алайнаг ызнæмы хъæбатыр удыхъæдæвдисæг. Уымæн æмæ, æртындæсæм æнусы æгъатыр æмæ тугмондаг тæтæр-монголтимæ сыхæгтæй чи цардысты æмæ тугхор, æнæнымæц æрдонгты ныхмæ сæруæлдай тохæй чи нæ тарст, Азфыссæг кæй дудгæбоны хъуыддæгтæ ныууадзынмæ хъавыд историйæн, уыцы æнæфендда-джы диссæгтæ Булкъайы-фырты сисы фæрцы нæ дугмæ æрхæццæ сты хуыздæр.

Уый æнæнхъæлæджы нæу. Михал уыцы хæс æнæмæнгæй æвæрдта дзырдаивады дæсныйыл: «Поэт у, йæ адæмы монон дуне æмæ дуджы социалон фæзилæнты æхсæн Граалы сыгъдæг къус хъахъхъæнæджы лæуд чи кæны, ахæм æнусон фидиуæг. Поэзи та у поэты хъысмæты аив дзурæг сих æмæ хъæрæй сдзуры, адзал ыл æнæнхъæлæджы йæ дзæнгæрæг куы æрцæгъды, уæд»[2]. Æмæ уæд, æвæццæгæн, фыссæг хъæрæй сдзырдта, адзал ыл

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 228–229 ф.

[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Адзалы дзæнгæрæг // А в т о р т ы к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 224 ф.

æнæнæнхъæлæджы йæ дзæнгæрæг кæй æрцагъта, уый охыл. Фæлæ куыдфæнды уæд, уæддæр нын балæвар кодта диссаджы аивадон уацмыс. Джусойты Нафи зæгъы: «Михалы роман æнæхъæнæй дæр у уыцы уавæрыл хъайтарон зарæг-хъарæгау фыст: поэт зары уыцы аллон адæмы сгуыхтдзинадыл…»[1].

Роман конд у æртæ ахсджиаг хайæ. Уацмыс радайы, архайды æнагъæддаджы митæ сæйраджы-сæйраг кæм цæуынц, адæймаджы къах нæ, фæлæ цæст дæр æнцæйтты кæдæм нæ хæццæ кæны, уыцы фидар-сахарæй. Автор æй афтæ ныв кæны, цыма йæ архитектор, йæ аразæг дæр уый уыдис. Æмæ йын æуүæнды чиныгкæсæг йæ алы дзырдыл, Дур-чъыры сахар æмæ йæ бахизæнты алы фæзилæнтыл дæр. Æууæнчы тыххæй та «Библии» зæгъы: «Вера горами двигает»[2]. Уыимæ ма Михалы арæзт нывтæ агайынц адæймаджы зæрдæ, змæлын ын кæнынц йæ хъуыды. Уыцы хъуыддаг цæуы, уацмысы кæцыфæнды бынатмæ æркæс, уæддæр: «Хæрз чысыл фæзмæ бахызтысты, егъау къæйтæ, уæйгуытау, рæдзæ-мæдзæ кодтой. Кæфци уыцырдæм, йæ худ йæ дæларм скæнгæйæ, куы ацыд, уæд базыдта Дзес, уыцы къæйтæ зæппæдзтæ кæй уыдысты, уый, æмæ йе уæнгтæ ныккæрзыдтой. Дурын голладжы хуылфмæ бахызт, уым æнустæм йæ фæллад уагъта хæствæллад алайнаг хæстон, йæ бæхарц ын къæйыл бахъил чындæуыд, къулыл ын æрцауыгъдæуыд йæ уарт æмæ йæ кард.

– Цы ис йæ уæлæ фыст? – афарста Кæфцийы бацæуæны сагъд хъæдын дзуарæй.

– «Хæствæллад богалы раз дæ худ сис», – загъта уый.

Никуыма федта алайнаг уæлмæрды дзуар сагъд.

– Чи йæ ныссагъта?

– Азхынцæг.

Цымæ цас мæрдтæ фæхастой алантæ хæсты быдыртæй мæнæ уырдæм! Дыууæ санчъех сыджыт сын не схай кодта се сфæлдисæг æмæ дурын голлæгты мидæг улæфыдысты.

Хъилдуртæ йын йæ хъæдгом сног кодтой.

Фæрæтæй фасты хуызæн нарæг тыргъы бацыдысты, сæ разы æнæнхъæлæджы бæрзонд æфсæн дуар куы февзæрд,

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 308 ф.

[2] М а т ф., (17, 20).

уæд Дзес сагъдæй аззад: «Айнæг сартæй скъахтой æмæ йыл æфсæн дуар басагътой!»[1].

Уый – æрмæст сахармæ бацæуæны. Фæлæ сахары алы къæйдур, алы тигъ дæр автор ныв кæны афтæ бæлвырд æмæ уарзгæйæ. Фыццаг хайы –Дур-чъыры сахары афысты фæстæ та автор чиныгкæсæджы зонгæ кæны «Ордæ æмæ йæ дæлбартæ»-имæ. Афтæмæй, зæгъæн ис, базонæм, Нафи афтæ кæмæй зæгъы: «Роман «Дæ фыдæлтæ рухсаг» фыст у Хъырымы цæгатфарс иу чъырдурæй къæдзæхыл цы фидар æрцыд кæддæр арæзт, алантæ кæм цардысты 1299 азмæ, ууыл. Горæт алантæ цы хуыдтой, уый бæрæг нæй, фæлæ йыл уыдон фæстæ чи цард, уыцы туркаг дзутт æй хуыдтой Чуфут-кале. Уыцы фидары æмæ йæ алыварс бирæ адæм цардаиккой, уый фадат (бынат) дзы нæй æмæ чысыл адæмæн та бирæ тыхгæнджыты ‘хсæн, аллон адæмы сæйраг фæлтæртæй иппæрдæй, сæрибарæй фæцæрой, уый фадат нæй: кæнæ искæмæн хъумæ цагъайрæгтæ суой, кæнæ та хæсты цæхæры басудзой, – цыфæнды хъæбатыр ма уой, уæддæр сæ тыхы денджызы уылæнтæ фæбынæй кæндзысты… сæ дард фæдон Михал кæуы уыдон æвæджиауы сæфтыл, уыдон сæ этносы сæйраг фæлтæрæй иппæрд кæй уыдысты, уый трагикон фæстиуæгыл…»[2].

Æмæ уыцы чысыл адæм сæ удты сæрибарыл, – «Хуыздæр æгады цардæй – сæрибарыл мæлæт»[3], – сæ цард куыд ивынц, автор сæ лæджы номæй зæдтау уæлæрвтæм куыд исы, уый уынæм романы æртыккаг хайы «Дур-чъыры сахары фæстаг бон»-ы. Уымæй дæр авторы аив дзырд, уацмысы хъайтарты æнувыд æмæ рæстаг тох чиныгкæсæгмæ афтæ тынг хъарынц æмæ Гæдиаты Цомахъ ацы романы дугмæ куы фæцардаид, уæд нæ загътаид: «Æцæг чиныг хæххон адæмтæм нæма уыдис». Уымæн æмæ уацмыс змæлын кæны адæймаджы зæрдæ, йæ хъуыды йын æххæстæй æлвасы йæхимæ: «Комæй цæйдæр сыф-сыф ссыд. Уæлдæфы зынджыты хуртуан апырх кодтой æмæ

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Дæ фыдæлтæ рухсаг. – Дзæуджыхъæу, 1994. – 44–45 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 ч.. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 308 ф.

[3] К о ч ы с а т ы М у х а р б е г. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977. – 77 ф.

сæ рухс æрвæрттывдау ферттывта. Йæ хæдфæстæ фæцыд сæгъты иугæндзон мехъ-мехъ, стурты зæрдæхалæн богъ-богъ, теуатæ æмæ къамбецты дудаг уаст, ефсыты удисæн мыр-мыр. Æвæццæгæн, æгомыг фосæн сæ уæлæ цæхæр ауагътой æмæ сæ чъылдымтæ судзгæ мæлæтдзаг уаст куы ныккодтой, уæд сыл ехсытæй цъыкк-цъыкк ралæууыдысты æмæ уыцы иумæйаг хъæрзынимæ баиу ис гуымсæджыты гыбар-гыбур, æгтæ æмæ æрхуы тасты къæрцц-къæрцц.

– Тас рахауд уæлхæдзарæй! Тас рахауд уæлхæдзарæй!

Цæхæр йе ‘взаг куыддæлæмæ ивæзта, къæдз-мæдзытæгæнгæ Салацыччы нарæг ахизæныл æрзылд, дыргъджын коммæ бахæццæ æмæ Дур-чъыры сæрмæ уынæр уддзыд цæджындзау сыстад.

Сæ чъылдымтыл цæхæр калгæ æмæ ехсытæй нæмгæ сæ тымыгъау раскъæр-баскъæр кодтой. Бæхтæн сæ барцытыл арт сирвæзт æмæ æрдиаггæнгæ сæ къæхтæй зæхх хостой. Гыбар-гыбур, тъыбар-тъыбур, къамбецты тæригъæддаг уасын... Зæхх куыдта æмæ йæ комытæфæй сахар сыгъта.

– Тас рахауд уæлхæдзарæй! Тас рахауд уæлхæдзарæй!

Адæймаджы сæры магъз хуынчъытæ кодта æмæ уыцы хъаймæтæй бамбæхсæн нал уыд...»[1].

Хæсты алы мадзал дæр хорз у знаджы басæттынæн, стæй хи мæлæтæй бахизынæн. Уæлдайдæр, Фыдыбæстæ æмæ радтæг адæмы бахъахъхъæнынæн. Хъаныхъуаты Инал дзырдта, зæгъгæ, хæст у: «...источник вырождения расы. Требуя лучших сил народа в жертву в самом их расцвете, в возрасте их произвадительной способности, она их ведет на бойню и превращает их, как метко выразылся... Наполеон, в «пушечное мясо»[2]. Æмæ уыцы хъуыддаг куыд ирдæй зыны Михалы романы. Аллон цардцух хæстонтæ худинаджы бæсты мæлæтмæ куыд рæвдзæй дæттынц сæ удтæ!

Нæ фыдæлтæ, стæй нæхæдæг дæр уынæрæй искæмæн ныфс дæттын, кæнæ йын йæ хъару сæттынмæ бирæ хæттыты вæййæм рæвдз, фæлæ хæстон дуджы уынæры

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Дæ фыдæлтæ рухсаг. – Дзæуджыхъæу, 1994. – 352 ф.

[2] К а н у к о в И. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 436 ф.

фæрцы æргомæй æнæсæттон адæмы сæттын ирон хæстон литературæмæ ахæм æргом хуыз фыццаг хатт Михал æрбахаста æмæ уыцы хъуыддаг литературæиртасджытæн æнæмæнг хынцинаг у.

Æнæмæнг хынцинаг ма цы у. Фыссæгæй уыцы æрвсыгъд æмæ æрвхауды, уыцы дудгæбоны дæр нæ рох кодтой йæ хъайтартæ: «Куырдалæгон æмæ Борæты Уæрхæг дурæхсæнтæй æддæмæ нæ цыдысты, Кæфци, Тар æмæ Бæрзæйцæф – чысыл кулдуарæй. Фæсæмбисæхсæв тæтæр хъахъхъæнæн систы сæрты дыууæ тымбыл къуыдыры æрбазыввытт ластой æмæ сæ фæлмæн гуымс зæххыл куы фæцыд, уæд сæм Æмбазыг назы цырагъ ныддардта. Смоленскы хицаумæ цы дыууæ фидиуæджы арвыстой, уыдон базыдта фæтæг»[1].

Аллон туг-стæджы ахæм хуызы та психологон æгъдауæй мардтой, ома, сымахæн дæр уæ царды кæрон уырдæм цæуы. Фæлæ сæ нæ уыд сæ бон фæцудын кæнын. Сæ иууыл стырдæр ныхдур сын уыдис, абон дæр не сæфт кæмæй у, уыцы хæлæгнизæй чи фæцæуы, уыцы гадзрахат. Фæлæ, сæ бон куыд цыд, афтæ куынæг кодтой уый дæр. Романæй чиныгкæсæджы уымæн нал фæфæнды фæиппæрд уæвын. Калоты Хазби раст ахæм чингуытæй загъта: «Любить литературу, читать ее всякий культурный человек обязан»[2].

Михалы романы хъайтартæ иууылдæр цымыдисон сты. Сæ кæрæдзи кæй нæ фæлхатт кæнынц, уацмысы дзы алкæмæн йæхи сæрмагонд бынат кæй ис, уый тыххæй сæ алчи дæр у зæрдæмæдзæугæ. Фæлæ ацы романтикон уацмысы адæймаджы йæхимæ иууыл тынгдæр æлвасы, уæлдай романтикондæр æй чи кæны, уыцы Уастырджийы фæлгонц.

Цæвиттон, Цъæхилты Саукуыдз йе 'фсымæры ардыдæй йæхи цæрдудæй баныгæдта – йæ адæмыл рацыд сайдæй. Ауæй сæ кодта знæгтæн, афтæ æмæ сæм афтæ, фæтæг Фарнаты Æмбазыг йе стæримæ кæй хъавы æнæнхъæлæджы ныббырсынмæ. Ноджы йын йе 'мкъайаджы аскъæфта. Уымæйдæр, йæ фыдракæнд рахъæр кодта йæхи дзыхæй æмæ æрдомдта, цæмæй йæ ахæм фыды тыххæй фесхойой Куыдзæппарæнæй. Уæддæр ма, чи йæ æппæрстой,

[1] Уый дæр уым.

[2] К а л о т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 138 ф.

уыдонæй – Борæты Кæфци æмæ йæ мæнгард æфсымæр Цæрайæ æрдомдта иу хæрзиуæг. Бадзырдта Кæфцимæ:

«– Слæууыны фадат мын ратт æмæ ма лæугæйæ иу хатт афæлгæсон Дур-чъыры мæсгуытыл, стæй дæ ми кæн.

Йæ зæрдæйы ма тызмæгдзинадæй цы баззад, уый дæр фæтары ис æмæ Цæрамæ кæсгæйæ хъуыды кодта: «Æтт, Саукуыдзы бæсты мын ды куы фестис!» – бæндæнмæ фæлæбурдта æмæ йæ райхæлдта.

– Тæрхоны раз дæ дзуапп дæттын кæй бахъæудзæн, уый зон! – фæхъызыд æм Цæра, фæлæ фыдæнæн Саукуыдзы къухтæ дæр сæхæлдта.

– Уый æгæр стыр хæрзиуæг у, Кæфци! – æхцон сулæфыд Саукуыдз.

– Хуыздæр хъысмæты аккаг нæ дæ, куыдз! – æлгъыста Цæра йе ‘фсымæры.

Саукуыдз фестад æмæ Цæрайы цæсгомыл нытту кодта:

– Æмæ ды Куыдзæппарæны аккаг дæр куынæ дæ, куыдз! – загъта æмæ æвиппайды сæрсæфæнæй атахт йæхæдæг»[1].

Хъамбердиаты Мысостмæ гæсгæ кæд: «Фæндыр – ныхæстæ къахæн»[2] баскъуыхы, уæд нывæфтыд литературæ æнæхъæн царды айдæн у. Æмæ ам, цыма, Михал афтæ хъæбатыр, афтæ сæрыстыр, афтæ цардуарзонæй кæй фæныв кодта, уыцы Саукуыдзы цард фескъуыд æрдæгыл. Цæргæс йæ базыртæ æххæстæй нæма айтынг кодта, афтæмæй атахт, фондзыссæдз метры бæрзæнд чи у, уыцы хохы сæрæй æмæ æгады бын баци къæдзæхы рæбын дзедыраджы къутæрты.

Фæлæ ма уæд Михал цæй романтик фыссæг уыдаид? Йæ цæстæвæрæн фæлгонцтыл ма йын цæй тыххæй дис кæниккам? Æмæ, романтикæн куыд æмбæлы, бакодта афтæ. Нæ бауагъта, йæхæдæг æмæ чиныгкæсæг фыццаг фендæй кæй бауарзтой, стыр кады хъуыддæгтæм кæмæ æнхъæлмæ кастысты, уыцы Саукуыдзы æгады мардæй амæлын, фæлæ, æцæг хæстон лæгæн куыд æмбæлы, афтæ йæ систа бæрзонд.

[1] Булкъаты Михал. Дæ фыдæлтæ рухсаг. – Дзæуджыхъæу, 1994. – 11 ф.

[2] Хъамбердиаты Мысост. Æмдзæвгæтæ, кадджытæ, радзырдтæ. – Дзæуджыхъæу, 1979. – 52 ф.

Йæ рафæлдисæг дзедыræджы къутæрты æхсæн æгады мæлæт кæмæн нæ радта, уыцы Саукуыдз ссардта, зæххыл чи нæ хæцыд, ахæм урс-урсид æфсургъ æмæ урс-урсид фæлыст. Йæхæдæг дæр – урс, афтæмæй-иу аланты бардуаг Уастырджийы хуызы аллонты знæгты æхсæн кæм смидæг, уым-иу сыл тугуарæн ныккодта. Нафи дзы уымæн зæгъы: «Мæнмæ Саукуыдзы фæлгонц кæсы иуу-ыл романтикондæр Михалы сфæлдыстады. Романтикон у, куыдзæппарæн былæй куы агæпп кодта æмæ удæгасæй куы баззад, уый дæр. Уыцы былæй парашютыл куы агæпп кæнай, уæддæр удæгас нæ баззайдзынæ. Уый зыдта Михал дæр, дыууæ хатты дзы уыди, фæлæ романтикон поэтикæйы фæлгæтты ахæм гæнæнтæ уыдис æмæ ис»[1].

Æниу, уыцы романтикон фердæхт, Саукуыдзы фыдхъæбатыр хъуыддæгтæ алкæй зæрдæмæ нæ цыдысты. Реалистон фæлгонц куы уыдаид, уымæ сæм дзырдта сæ зæрдæ: «...историон романы жанры æгæр авантюристон ад кæнынц Саукуыдз-быдзæуы фæлгонцимæ баст коллизитæ. Уый æнæуый дæр бирæ рæтты стыр æнахуыр диссæгтæ кæны, йæ митæ нæм æххæст уырнинаг нал фæкæсынц, æцæг Уастырджи-зæды миниуджытæ райсы»[2], – дзырдта Æлборты Хадзы-Умар, цыма, Саукуыдз романтикон фæлгоц кæй у, уый дзы рох фæци, афтæ. Фæлæ уый, æвæццæгæн, йæхæдæг фылдæр реалист кæй уыдис, цард реалистонæй кæй ныв кодта, йæ хъуыды фылдæр уымæн быдта уыцырдæм. Афтæ амыдта дуг дæр, фæлæ нæ литературæ романтизмæй иппæрд никуы уыдис. Æцæгæй дзы йæхи мæнæ-мæнæ дæр нæ хызта. Къубалты Алыксандр, Нигер, Малиты Геуæрги, Бестауты Гиуæрги, Малиты Васо, Джыккайты Шамил, Хаджеты Таймураз æмæ нæм æндæр æйтт-мардзæ романтиктæ уымæн ис. Æмæ дзы кæй сфæлдыстадыл бандæвта цаудырдæм ацы литературон фæдыздæхт?

Д. Урнов англисаг, æппæт дунейæн зындгонд Джордж Гордон Байроны тыххæй дзырдта: «Поэт становится живой легендой. Дополнительное обаяние его творчеству

---

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 309 ф.

[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 236 ф.

придает уже известная публике красочная жизнь автора, достойная романтического повествования»[1]. Мах та нæ хуыздæртыл худгæ фæкæнæм: «Æгæр бæрзæндты нæ тæхы?!.».

Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм Жанна д'Аркы фæлгонц. Цард 1339–1453-æм азты Франц æмæ Англисы сæдæазон хæсты дуджы – французаг адæмы тыхст заманы. Капетингты династийы фæстаг каролы мæлæты фæстæ та англисæгтæ уыцы бынат сæхи бакæныны охыл цæттæ кодтой ног хæст. Æнхъæлмæкæсæн уыд бынтон стыр фыдтæм.

Адæм та уыдысты бынтон хæствæллад. Бæстæ нал фæрæзта се знæгты æфсады уæззау æмæ тугкалæн ныбырстытæн. Гæндонмæ æрцыд паддзахады хæдзарад. Хъæуты, горæтты адæм мардысты сыдæй. Сæ уд лæууыд æрдуйæ хидыл, фæлæ ныфсы цъыртт никуыцæй зынд. Адæм, донластау, ныфсæнхъæл цæттæ уыдысты хъæмпы халыл фæхæцынмæ дæр.

Æмæ уæд фæзындис хуымæтæджы хъæууон чызг Жанна д'Арк. Уыдис дины цагъар. Йæ Фыдыбæстæ уарзта сыгъдæг æмæ æгæрон уарзтæй. Æмæ фыны федта, кæй ссис Францы йæ фыдызнагæй ирвæзынгæнæг. Афтæмæй йыл бауæндыдысты йе 'мдинонтæ. Францы король КарльVII-æн знæгты ныббырстытæй йæ сæр йæ кой кæй ссис æмæ кæй ницы уал зыдта, уый тыххæй уый дæр бауæндыд чызгыл. Сфæлыста йæ хотыхдары урс-урсид фæлысты, радта йæм урс тырыса æмæ йын йе 'фсад бакодта йæ бæрны.

Хæстонтæ йæ уæлæрвтæй æрхизгæ зæд фенхъæлдтой æмæ йæ фæдыл ныггуылф кодтой тохмæ – æгады царды бæсты æвзæрстой кады мæлæт. Афтæмæй сæрибар кодтой Францы паддзахад, цалынмæ Жанна д'Арк знæгтæм уацары нæ бахаудта æмæ йæ арты нæ басыгътой, зæгъгæ, кæлæнгæнæг у. Фæлæ йæ сыгъдæг фæлгонц абон дæр цæры. Аргъуан æй скодта сыгъдæг уд. Йæ ном ын æрмæст бæрзонд нæ систой, фæлæ йæ æнусæй æнусмæ хæссынц, хъайтарæн куыд æмбæлы, афтæ сыгъдæг æмæ уарзгæйæ, кæд йæ хъуыддæгтæ аргъауы хуызæн сты, уæддæр. Фыс-

[1] Урнов Д. Властитель дум // Байрон Джордж Гордон. Избр. произведения в 2 т. Т. 1. – М., 1987. – 11 ф.

сынц ыл алыхуызон аивадон æмæ историон уацмыстæ. Æнæхъæн дунейæн фрацузаг зындгонд фыссæг Вольтер æй йæ «Генриада»-йы схуыдта «хъæбатыр амазонкæ», «англисæгты худинаггæнæг»[1].

Æмæ, уæдæ, махæн цы бар ис, ма æууæндæм Саукуыдзы хъысмæтыл, чиныгкæсджытæн дзырддаг кæнæм Булкъайы-фырты диссаджы арæзт æрдæгзæххон, æрдæгуæларвон фæлгоц Уастырджийы, йæ иу фæзындæй дæр æнæхъæн уацмыс æмæ чиныгкæсæджы зæрдæ куы ныррухс кæны, уæд?!

Михал-романтичы хъару æмæ арæхстдзинад тæмæнтæ калдта прозæйы жанры. Тæмæнтæ калы ныр дæр хæдхуыз, хæдбындурæй. Н. Добролюбов, поэт Шевченкомæ хъазахъ ляхтæм цы зæрдæ дардтой, уый тыххæй загъта: «Сила казацкой ненависти к ляхам выражается у Шевченка в восклицании казака Яремы, у которого похитили они невесту: «Отчего не умер я вчера, еще не зная об этом, – говорит он. – А теперь если я умру, так все равно – из гроба встану для того, чтобы мучить ляхов»[2].

Михалы историон уацмысты хъæйтартæ ахæм цардуарзон, ахæм хъаруйы хицау сты æмæ чиныгкæсæджы нæ уырны, мæлгæ сæ чи акæны, уый йе ‘нусон фæндагыл ацæуы, уый. Цыма, Куыдзæппарæны сæрæй йæ бынмæ, адæймаджы цæст кæй нæ уыдта, уыцы дзедæрæгтæм цы Саукуыдз атахт æмæ «ногæй чи райгуырд», нæ уаздæр зæд Уастырджийы фæлгонцы чи бацыд æмæ аллонты знæгты даддæр æгъатырæй чи дæрæн кодта, уыцы æдзардтæ бафæзмдзысты уый æмæ се ‘нусон дунейæ фæстæмæ æрцæудзысты се ‘нусон знæгтæ – монголты бындзагъд никкæнынмæ.

Феликс Кузнецов зæгъы: «Традиции отцов, их подвиги, их внутренний облик, их жизненный опыт и …дела – неувядающий урок для молодых»[3]. Æниу, дард цæмæн цæуæм, нæ адæм кæдæй нырмæ дзурынц: «Куырд куырдыл ахуыр кæны».

[1] А р т а м о н о в С. Д. и Г р а ж д а н с к а я З. Т. История зарубежной литературы XVIII века. – М., 1956. – 214 ф.

[2] Д о б р о л ю б о в Н. А. Литературная критика в 2 т. Т. 2. – Ленинград, 1984. – 234 ф.

[3] К у з н е ц о в Ф е л и к с. Беседы о литературе. – М., 1977. – 107 ф.

Михал хъайтартæн фыды уæзæджы уарзт, уды сæрибарыл уд ивын фыдæлтæй баззад æмæ йыл никуы уæлæхох кодтой. Сæ разæй йæ номы тырысайау уымæн хастой. Мах æй нæхæдæг нæ хатæм, фæлæ уацмысты æндонфарс хъайтартæй æнæуынгæ тæгтæй фæхизы махмæ, сæ иузæрдыг чиныгкæсджытæм дæр. Романы иууыл стырдæр хорздзинад, чи зоны, уым ис. Уымæн æмæ, бæллиццаг удæн царды иууыл стырдæр хорзæх у мадæлон æвзаг æмæ Фыдыбæстæйы æгæрон уарзт.

Уый бирæ хатт адæймаг йæхæдæг дæр нæ фæзоны. Фæцæуы йæм æрдзон æгъдауæй. Æмæ вæййы æгæрон. Афанасий Фет риторикон фарст уымæн лæвæрдта Иван Тургеневмæ: «Поэт! Ты хочешь знать, за что такой любовью Мы любим родину свою?»[1] («Ответ Тургеневу»).

Цыфæнды дзуапп дæр, цыфæнды ардбахæрд дæр уыцы фарстæн цъус уыдзысты. Æмæ Михалы уацмысты хъайтартæ сæ адæм, сæ уæзæджы тыххæй куы фæцæй цæуынц ацу æмæ ма раздæхы фæндагыл, уæд чиныгкæсæг йæ сæнтты уымæн фæраст вæййы семæ æмæ йæ уырны сæ рæстдзинад, разы у сæ лæджыхъæдæй. Басæттæн сын нæй[2]. Аивады уыцы хабар къухы зын бафтæн у. Фæлæ Михалæн æфтыд йæ къухы, йæ ныхмæ-иу цыфæнды цæлхдуртæ куы уыдаид, уæддæр. Йæ уацмыстæ йæхицæй бирæ цæрдхъомдæр уымæн разындысты, уымæн систы хрестоматион.

Фæлæ æнæбафиппайгæ нæй, романы дзырд цы ирон адæмыл цæуы, уыдон иппæрд кæй сты æмткæй ирон адæмæй, æппындæр сын кæй ницы бастдзинад ис се 'мтуг-стæг адæмимæ, цыма нæ фыдæлты цот æрмæст уыдоныл банцадысты. Уый тыххæй Æлборты Хадзы-Умар афтæ зæгъы: «Фыссæг йæ ног роман нывæндгæйæ, куыд загътон, афтæмæй сагъæс кодта йæ адæмы историон цардыл, се стыр тухитæ æмæ фыдæвзарæнтыл, се 'хсар æмæ лæджыхъæд цы историон фæлтæрæнты æхсыст, уыдæттыл. Фæлæ Михал уыдон равдисынæн райста ирон адæмы иу къабаз, Ирыстонæй æддæдæр, Ирыстонæй æмæ æмткæй ирон адæмæй локалонæй. Ирыстоны тыххæй, ома

[1] Ф е т А. А. Соловьиное эхо. Тула, 1978. – 112 ф.

[2] М у р а с т ы Э. Иры зæххыл цæрынæй нæ бафсæст / Рæстдзинад, 2007. – 1 март.

ирон адæм раздæр дæр, сæйраджыдæр æмæ фылдæрæй кæм цардысты, историон, психологон æмæ национ æгъдауæй дæр нæ уды тæгтæй баст кæдæм æмæ кæимæ стæм, уый тыххæй романы æппындæр загъд нæй, иунæг иу репликæйы кой куынæ ракæнæм: «Нузалмæ дæр искæй куы арвитиккам»[1], – зæгъгæ, уæд. Ирон адæмы иу къорды царды хъысмæт куыддæр иппæрдæй аззайы, не свæййы æппæт адæмы трагедийы хай. Уый бæрæг-бæрцæй хъыг дары романы хабæрттæ æмæ фыссæджы фæндиæгтæ дæр зæрдæмæ арфдæр айсынæн»[2].

Уый уымæн афтæ рауад æмæ монгойлаг æнæнымæц тугхортæ аланты куы ныддæрæн кодтой, нæ фыдæлтæ сæ хæтæнтæй лидзинаг куы фесты, уæд ма Хъырымы æрдæгсакъадахыл сæ хъаруйы фæрцы цæргæйæ чи базад, уыдоны дарддæры хъысмæт кæй равдыста фыссæг, хъуыддаг уымæн афтæ рауад. Хицæнæй уый охыл аззадысты.

Фæлæ Михал æнцой кодта фæсарæйнаг азфыстытыл, æмæ раст загъта критик: «Уый аххос кæнын æз, фыссæг зæрдæбынæй кæуыл архайы, ома нæ адæмы ивгъуыд царды хъысмæт, царды хабæрттæ абонмæ æрбахæстæг кæнын, абонимæ сын бастдзинады тæгтæ ссарын, нæ уд, нæ зæрдæйы сæ сфыцын, нæ историон цард-уæвынады органикон хай сæ скæнын – уым уæддæр цыдæр кæй не ‘фты авторы къухы, уый. Æвæндонæй цыдæр æцæгæлондзинад, иппæрддзинад уæддæр хатæм нæ абоны хиæнкъарынад æмæ романы хабæртты, адæймæгты хъысмætты ‘хсæн.

Уыцы ссадвæдыл ракойгæнинагыл нымайын, фыццаг бакастæй нæм уадиссаг рæгъмæрахæссинаг чи нæ фæкæса, иу ахæм хъуыддаг дæр. Фыссæг кæны ирон адæмы (сæ иу хайы) историон царды хабæрттæ, фæлæ сæ иунæг ран дæр ирон адæм нæ хоны, фæлæ алантæ. Цымæ цæмæн? Мах алантæ хуыдтой европæйаг адæмтæ, фæлæ нæхи нæхæдæг хуыдтам æмæ хонæм ирон. Уæдæ нæ уырыс та ас, яс хуыдтой, стæй гуырдзы та – ос, овс æмæ, историон роман фысгæйæ, нæхимæ уыцы нæмттæй куы дзурæм, уæд

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Дæ фыдæлтæ рухсаг. Цхинвал, 1982. – 198 ф.

[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 234–235 ф.

уый цас раст уыдзæн, стæй цы сæрæн хъæуы»[1]. Æмæ йын æмбарын хъæуы йæ зæрдæйы «фæдис», кæд проблемæ нæу, уæддæр.

Михал зынгæ фыссæг уый тыххæй нæу, æмæ йæ уацмысты ирæттæ, алантæ, ястæ, остæ кæнæ овстæ хоны. Уæды ирон аив литературæйы тыххæй Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Канд идеологийæ кæнгæ нæ, фæлæ нæм уыд цардæй кæнгæ уацмыстæ дæр… Рæстдзинадмæ-иу се 'ргом куы скодтой, æцæгдзинады ныхас-иу куы загътой, уæд-иу уый уыд хъуыды-æнкъарæны егъау уæлахиз»[2]. Æмæ цæвиттон хæссы Толстойæ: «Храбрый тот, который ведет себя, как следует»[3]. Æмæ Михалы уацмыстæ дæр хауынц, рæстдзинады ныхас-иу чи загъта, уыдонмæ. Сæ алайнаг ном та растдæр хæссынц, иу хатт ма йæ зæгъæм, фæсарæйнаг азфыстытæй.

Æниу ын, Гур æмæ Мцхетайы нæ фыдæлты фидæрттыл Ос-Бæгъатыры тохтыл дæр куы бантыстаид историон роман сфæлдисын æмæ нæ уым та нæ фыдбоны сыхæгты азфыстытæм гæсгæ остæ куы хуыдтаид, кæддæра цы фесæфтаиккам. Сафгæ нæ, фæлæ нæ литературæ нодджыдæр фæуыдаид къæпхæн уæлдæр. Уымæн æмæ, фыссæг æппынæдзух тырныдта, цæмæй йæ алы уацмысæй дæр нæ литературæмæ хастаид ног дзуринаг. Адæймаг уазалзæрдæйæ кæй иувæрсты нæ ахиздзæнис. Тынг зæрдæбынæй кæуыл бацин кæндзæнис. Нæ аив литературæйы æнтыстыл кæй банымайдзæнис. Æмæ уый æфтыд йæ къухы. Нодджы-ма зæгъæм, чи цы агуры, уый ссары. Уый фæрцы нæм удуæлдай адæймаджы фæлгонц, табу Хуыцауæн, ног нæ уыдис, фæлæ нын Михал цы тыхджын, æнæфæцудгæ, домбай адæмы снывкодта, уыдон цыма, рох дуджы хох-æмбæрзæнтыл фæлмау иуварс ахæцыдысты æмæ уырдыгæй рахызтысты. Алайнаг фæтæг Æмбазыджы мастæмдзаг дзырдтæ: «…фæуæлахиз сты Дур-чъыры сахары мæсгуытæ, басаст нæ хотых…» – мæлæтæй фыддæр сты Дур-чъыры сахары уæйыджы æнгæс Куырдалæгонæн. Куыннæ сæм ныррызтаид, йæ номыл уынг кæм уыдис,

[1] Уый дæр уым, 235 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 95 ф.

[3] Уый дæр уым.

уыцы сахар, стæй йæ туг-стæг уый фыдæй куы сæфтысты, уæд?

Куырдалæгон, автор нын æй куыд сныв кодта, стæй йæ куыд федтам, афтæмæй домбæйттæй домбайдæр у. Куы-иу смæсты, «уæд-иу знаджы бæхы йæ фæстаг къахæй сæныккау» рацахста, æмæ дæ фыдгул – афтæ. Фæлæ йæ уд, йæ адæмæн уæлахиз чи хæссы, уыцы хотыхæн нывонд кæны, æмæ йæ байсæрынæн цы фыдтæ уыны, уыдæттæ кæсгæйæ адæймаг свæййы йе 'мархайæг, йе 'мзонд. Бауарзы йæ хи туг-стæгау. Йæ рис свæййы нæ рис, йæ цин – нæ цин. Æмæ уымæн æндæр гæнæнæн нæ уыд. Афтæ цы фыссæг нæ хъуыды кæны, мæ хъайтарæн тыхгæнæг тых ма хъуамæ ссара, чи нæ йæм тырны, уымæй литературон æнтыст дардмæ лидзы. Æмæ Михал æппынæдзух хъуыды кодта æмæ архайдта уыцы фæлгæттæ фæуæрæхдæр æмæ фæарфдæр кæныныл, цæмæй йæ хуыздæр æмбæрстаиккой йæ чиныгкæсджытæ. Барахъты Гино дзырдта: «...фыссæгæн йæ хъуыддаджы сæйраг у, йæ фыстытæ йын чи кæсы, уыдон культурæйыл ахуыр кæнын»[1], – æмæ æнæдызæрдыгæй нæ бон у зæгъæм, уыцы хъуыддаг æфтыд Михалы къухы.

Нæ чиныгкæсджыты культурæйыл ахуыр кæнын – уый нæ алкæй хæс дæр у, фæлæ йæ чи арфдæр æмбары, уый йын йæ рахæцæнтæ зæрдæбынæйдæр фæагуры. Æмæ уыдонæй иу уыдис Булкъаты Михал. Йæхицæй йæ чиныгкæсджыты æхсæн хидтæ агурынæй зæрдæхцон иста. Уыцы хъуыддаджы йын æнтыст дæр уымæн уыдис. «Не 'мбисæндты фылдæр чиныджы тыххæй»[2], – цæмæн у, уый йын кæйдæртау искæй амонын нæ хъуыд. Уыдта йæ. Зыдта йæ. Æмæ йæ арæзта, фыссæгæн куыд æмбæлы, раст афтæ. Йæ ныхдуртæ ахсæдын-иу алы хатт дæр бацис йæ бон.

[1] Б а р а х ъ т ы Г и н о. Уæлладжыры кадæг. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 392 ф.

[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 10 ф.

Æ В Д Æ М  С Æ Р

## НАРТЫ ХÆТÆНТЫ

«Бас кæй басудзы, уый доныл дæр фу кæны»[1]. Джусойты Нафийы роман «Сырдоны цæссыгтæ» æгæр стыр загъд-замана куы расайдта, ома, нарты кадджытæ сзыгъуыммæ кодта[2], йæхи джиппы сæ ауагъта[3] (цыма, уæдæ, сæхи джиппы æвзæр фидауынц). Йæ ныхмæ рацыдисты Хæдарцаты Азæ[4] æмæ бирæ æндæртæ, зæгъгæ, нарты сафæг гæды гацца Сырдоны скодта нарты ирвæзынгæнæг, уæд Михалы æнæрæнцой уд иуран æрхæст нал зыдта.

«Иу сюжет мын æнцой нæ дætты!..» – дзырдта катайгæнгæйæ, сагъæсгæнгæйæ. Куы-иу ын загътон, ныффысс æй, уæд-иу йæ фарст уыдис цæхгæр æмæ фæлварæгау: «Фæуыдзынæ мæ фарс?»

Чингуыты рауагъдады редактор кæй уыдтæн, йæ ныхмæлæуджытæ дзы кæй уыд, ууыл уыдис йæ катай. Мæ дзуапп дæр-иу ын развæлгъау зындгонд уыдис: «Æз алы хатт дæр уыдтæн æмæ уыдзынæн æцæг литературæйы фарс».

Уæддæр та-иу мæ афарста: «Фæуыдзынæ мæ фарс?»

Нæ мæ уырныдта, бынтон цыбыр рæстæгмæ æрбахæсса диссаджы аивадон роман – «Нарты Сосланы æвдæм балц». Фæлæ аивад æмæ адæймаджы бон бирæ у, кæй æмæ цы уарза, уымæн йæ уд куы нывонд кæна, уæд. Михалæн уымæн æнтыст, æмæ аивадæн æрдзæй уыд нывонд. Уый цæрайæ цард, æмæ йын не 'вгъау кодта йæ уд.

Историон фæлгонц ныв кæнгæйæ, автормæн йæ къух фæаразы, историон адæймаг йæ фæстæ цы ном ныууадзы, фыссæг уымæй кæй фæпайда кæны, уый. Цæттæ фæллой – бад æмæ йæ дæ зæрдæйы дзæбæхæн хæсс гæххæттмæ, – фæнымайынц бирæтæ. Афтæмæй: «Структура и

[1] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 318 ф.

[2] Д з у г а т ы Г е о р г и. Сырдоны цæссыгтæ / Советон Ирыстон, 1980. – 26 март.

[3] Д з а т т и а т ы Г и у æ р г и. Сырдоны цæссыгтæ / Советон Ирыстон, 1982. – 11 июнь.

[4] Х æ д а р ц а т ы А з æ. К проблеме фольклора и литературы: на примере романа «Слезы Сырдона» // Литературная Осетия. – № 6.

композиционное построение работы обусловлены характером и содержанием исследуемого материала. Каждое произведение имеет свои специфические жанровые и стилевые особенности»[1], – зæгъы Гуæздæрты Азæ.

Нигеры хъуыды ноджы дардылдæр уыдис: «прозаикон уацмыс къухы уа 'нцæйттыл не 'фты. Уый домы бирæ фенындзинад, бирæ зонндзинад, бирæ бафæллой кæнын. Æмæ ахæм миниуджытæ кæмæ ис, уыцы нæмттæ нымæцæй ирон аив литературæйы бирæ не сты»[2]. Бирæ никуы дæр уыдысты. Фæлæ Михалы ном се 'хсæнæй æрттивы æнусон стъалыйау. Нæй йын банымæггæнæн. Йæ мидтых, йе стыр фæллæйтты фæрцы никæмæн дæр, дæлæмæ йыл æрхæца, уый бар ратдзæнис.

Михал цардбарæг лæг уыд. Йæ бон зын фарстытæ æвæрын, вазыгджын фæлгонцтæ сисын куыд уыдис, афтæ æнтысгæйæ сын арæхст сæ равзарын, сæ аразын, сæ аскъуыддзаг кæнынмæ дæр. Уымæн ын фадат лæвæрдтой, царды цы фарстмæ æвнæлдта, уый-иу лæмбынæг æмæ алыфарсонæй кæй сахуыр кодта, æппæт уыдæттæ. Æнæуый дæр, стыр хъуыддаг æнæ ныфсæй ничи аразы. Джыккайты Шамил, ирон æмбисонд: «Дон кæй ласы, уый йæ ауон дæр ацахсы»-йыл[3] æнцойгæнгæйæ, уымæн загъта: «Лæг къæдзæхæй куы фæтулы, уæд дæр йæ зæрдæ дары цæуылдæр – кæрдæджы хал уæд, хæлуарæджы тын уæд, исты йæ уромдзæн»[4] («Æнусон рис»). Уыцы ныфс у царды таг. Адæймаджы нæ уадзы хауын. Дæтты йын уæраджы магъз. Æмæ уый ма хиза аивады кусæджы, уæлдайдæр, фыссæджы сфæлдыстадмæ, уый гæнæн нæн. Чи зоны, аивадон уацмысты æппынæдзух уыцы ныфс кæй тæлфы, уый сæ кæны зæрдæйæн æхцон, адæмæн – æнусон.

Михал, уæдмæ цы историон уацмыстæ сфæлдыста, уыдонæй ныр сфæлдыстадон балцы ацыд ноджы дарддæр – йæ ног роман «Нарты Сосланы æвдæм балц»-ы хъæйтартæ

---

[1] Г а з д а р о в а А. Х. История и современность в художественной интерпретации Нафи Джусойты. – Владикавказ, 2002. – 11 ф.

[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 167 ф.

[3] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 143 ф.

[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 75 ф.

сæйраджы систы нæ адæмы алæмæтон эпос «Нарты кадджытæ»-йы сæйраг архайджытæ – Сослан, Уырызмæг, Батрадз, Æхсæртæг, Хæмыц, Сатана… Уыимæ йæ бон баци, адæмон сфæлдыстады амæлттæй пайда кæнгæйæ, кæм æй бафæнды, уым рæстæджы цыд бауромын, дæсгай æнусты сæрты йæ хъайтарты ахизын кæнын æмæ нарты гуыппырсартимæ ирон адæмон хъайтартæ Тылаттаты фæйнæгфарс Чермен, Алыгкаты Хазби æмæ æндæрты фембæлын кæнын. Нигер æнæнхъæлæджы нæ загъта: «Тыхджын у рæстæг»[1] – Михалæн дæр радта йæ мифон хъайтарты зæххон адæмимæ æмбæлын кæныны фадат.

Фæлæ цæмæн бахъуыдысты романы авторы нæ эпосы хъайтартæ, мæрдты сын сæ дзæнæты бæстæ цæмæн ныууадзын кодта æмæ сæ, уæлæуыл ахуыр куыд уыдысты, афтæ сын цæмæн райсын кодта хотыхтæ æмæ сæ цæмæн фервыста знæгтимæ ææнæмсæр тохы фæндæгтыл? Цы уыдис йæ зæрды æмæ уыйбæрц фыдæбоны фæстæ – гуырахстджын уацмыс сфæлдисынæй цы бафтыд зæрдæзæгъгæйæ йæ къухы?

Роман сфæлдисыны дуджы дыууæ социалон цардæвæрды: социалистон æмæ капиталистон цардæвæрдтæ сæ кæрæдзийы ныхмæ дыууæ туджджынау чи кæй аныхъуырайы лæуд куы кодтой, рæстдзинад æмæ хæрамдзинад сусæг-æргомæй чи кæй бабын ласдзæнис, ууыл сæ удтæ куы хъардтой, уæд капиталистон блочы бæстæтæ æрвылбон дæр социалистон æхсæнады ныхмæ радио, телеуынынад, мыхуыр æмæ пропагандæйы æндæр мадзæлтты фæрцы алы цъыфкалæн куы кодтой, адæмæн сæ зонд, сæ хъуыды байсын, стæй сæ масон æгъдауæй скуынæг кæныны тыххæй ног æмæ ног хæцæнгæрзтæ куы мысыдысты (æниу та ныр дæр афтæ сæрра сты!), уæд, мæнмæ гæсгæ, зæххы цъарыл иунæг пахуымпарæн дæр йæ бон нæ уыд æмæ нал у, базона, чысыл хæстытыл ма чи дзуры, фæлæ, стыр, дунейон хæст уыдзæнис æви нæ кæнæ, хæсты арт кæд ныггуыпп кæндзæнис æмæ, милуан азты адæм цы културæ арæзтой, уый куыд аныхъхъуырдзæн, уыдæттæ зонын. Тыхы сæрыл сæ уайтагъд ферох вæййы:

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 416 ф.

«æмдых куынæ сты хæсты бирæ æмæ иу...»[1]. Афтæмæй куыд тыхджындæрæй адæмы скъæрынц иу нучы.

Уæдæ, ахæм заманы аивады кусæг, фыссæг арф ма ныхъхъуыды кæна, ацы ахсджиаг проблемæ йæ ма ныхъхъæрзын кæна йæ зæрдæйы арфæй, уый гæнæн куыд ис? Михалы дæр раст уыцы хъуыддаг æркодта ацы гуырахстджын (къухфыст уыд 20 мыхуырон сыфы бæрц!) уацмыс «Нарты Сосланы æвдæм балц» ныффыссынмæ.

Нарты тæссарвад Сослан-иу бонизæрмæ дзæнæты цъæх нæууыл йæхи хъулæй хъазынæй дæр ирхæфсид, изæрмилты-иу нарты куырыхон хистæрты дæллагфарс бадид ныхасы, стæй дæ зæрдæйы фæндиаг фæкаф Нарты симды, фæлæ уый тыххæй, дæ алыварс цы дуне ис, уыимæ хъуамæ иу зондыл хæст уай. Дæлимон æмæ нæртон лæгæн нæй иу æфсондзы бын цæуæн. Ноджы: «Фыдбылыз æмхиц у...»[2]. Дæлимонты паддзах Дзæцъу (стæй уый æнæнхъæлæджы æрбайсæфт æмæ йын йæ бынат бацахста йæ фырт) йæ фæстæмæзæвæтджынтимæ дзæнæтæй иуæггай скъæфы нæртон гуырдты æмæ сæ æрыссы йæ куыройы. Стæй сæм уый дæр фаг нал фæкаст. «Тохы зарæг хъуысы дард»[3], – æмæ Дзæцъу иу æвзаг ссардта нарты фыдрагон знаг Челæхсæртæгимæ.

Иу адæмы знæгтæ сæ кæрæдзиимæ иу æвзаг куы ссарынц, уæд свæййы хъуыддаг уæлдай карздæр. Æмæ автор йæ уацмысы спайда кодта дуджы уд æмæ хъуыдымарæн мадзалæй. Михалмæ йæ фыстæджыты кæй кой уыдис, мæ уыцы рецензийы къухфысты уымæн дзырдтон: «Ныртæккæ рауагъдад «Ирыстон»-ы ирон æвзагмæ тæлмацæй цæуы С. Сергеевы чиныг «Тоталон шпионаж» æмæ уым «Операци «Æрвгъуыз маргъ æмæ йæ дарддæрдзу»-йы кæсæм: «1977 азы æнæниздзинад хъахъхъæныны сенаты къамисмæ бахаудтой ССУ-йы раздæры дæлбулкъон Дж. Уайты æрмæджытæ[4]. Уыдон æхсæн уы-

---

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 255 ф.

[2] К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 31 ф.

[3] Е п х и т ы Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1961. – 186 ф.

[4] Йе стилмæ йын не ‘вналын (Автор).

дысты йæхи сæрмагонд бонæгтæ, кæцытæ, цæмæдæр гæсгæ февзæрдысты Лос-Альтос-Хиллсы (Калифорнийы штат) колледжы музейы. ЦРУ-йæ бар райсгæ, фыссæг Д. Маркс базонгæ АИШ-ы арæнты Централон развæдсгарæг управленийы архайд иртасыны фæдыл къамисы бавдисгæ архивон æрмæджытимæ æмæ дзы ссардта цалдæр мин документы. Уыдон бахъахъхъæд æрцыдысты бынтон æнæнхъæлæджы, уымæн æмæ рæдыдæй æвæрд æрцыдысты финансон документтимæ. Сусæг документтæн сæ бирæ фылдæр та йæ рæстæджы куынæг æрцыдысты ЦРУ-йы раздæры директор Р. Хелмсы бардзырдæй. Æнæхъæнæй чи баззад æмæ кæй ссардтой, уыцы документтæ дзырдтой ууыл, æмæ куыд ССУ, афтæ ЦРУ дæр, гестапойау, сæ бæстæйы куыстой удæгас адæймæгтыл фæлварæнтæ аразыныл, химикон æмæ наркотикон фæрæзты æххуысæй сын сæ уагахастыл контрол кæнгæйæ»[1].

Чысыл дарддæр ноджыдæр кæсæм фыддæртæ: «Коммунисты æмæ сæрибархъуыдыгæнджыты «фæлмас коммæгæс» скæнын, кусджыты мадзура цагъартæ, салдæтты – коммæгæс лæгмарджытæ скæнын уыд дунеон æлдариуæгадмæ сæ быцъынæгскъуынæг авантюристты стырдæр бæллиц»[2].

Æмæ ноджыдæр: «Иртасæнты фæстиуæгæн арæзт æрцыд «мæгъзтæ рахсæн» препарат». – Пайда та дзы кодтой: «Нью-Йорчы районы конспиративон фатеры пациенты сæхимæ сайдтой гадза сылгоймæгты æххуысæй æмæ сын æнæбафиппайгæ лæвæрдтой хос»[3].

Ацы дæнцæн æгæр ирдæй æвдисы Михалы уацмысы хъайтартæ кæд нæ эпосы хъайтарты нæмттæ хæссынц, уæддæр æнгом баст кæй сты не 'гъатыр дугимæ, ома уацмысы дзырд кæй цæуы нæ дуджы ахсджиагдæр проблемæтыл.

Дзæцъу æмæ Челæхсæртæг дæр æртыккаг дунейы хъуыды рохгæнæн æхсыры цадмæ сæ амæттæгты монцуадзæн сылты æххуысæй, уыдон фæрцы сайынц æмæ-иу сын сæ ивгъуыдыл бафтын кодтой мæрдырох, афтæмæй сæ

[1] Авторы архивæй.

[2] Уый дæр уым.

[3] Уый дæр уым.

арæзтой коммæгæс цагъартæ, сайдтой сæ æрхуы зиллачы мæнг рухсæй, сæхи къухæй сын марын кодтой цард, Хурзæрины.

Уырдæм-иу, ома, Æхсыры цадмæ-иу сайын чи бакуымдта, уыдон Михал тынг арæхстджынæй февзæрста – «Нарты кадджытæ»-йы сæ йæ бон сайд æруадзын кæмæн у, æнцæнттæй раст уыдон хауынц Æхсыры цадмæ дæр – Хæмыц, Æхсæртæг... Гæдиаты Секъа дзырдта: «Хæлæгдзинад низ у нæ буар æмæ нæ удæн»[1], – фæлæ рæстæгыл нæ бон нæ бавæййы йæ аппарын æмæ нын æрхæссы стырдæр фыдтæ.

Иууыл тыхджындæр, иууыл æууæндагдæры сæр кæм хъæуы, уыцы хъуыддаджы Батрадзимæ никæй абардзынæ. Уый охыл бахаудта Æхсыры цадмæ дæр æмæ йыл кæд æххæстæй нæ бандæвта, уæддæр ын схæццæ кодта йæ хъуыды æмæ, цы уыд, уый нал ахсы йæ зонд, афтæмæй ссис Дзæцъу æмæ Челæхсæртæджы рахис цонг.

Михал хъуыдыгæнæг адæймаг уыдис. Нæ дуг, нæ царды уавæртæ, нæ тых, нæ лæмæгъ бынæттæ дæр ын зындгонд уыдысты, æвзæрста сæ йæхи рагъыл дæр æмæ йын рæстæг развæлгъау уынын кодта, кæдæм цæуæм, æппынфæстаг, цы аразын нæ хъæуы, æппæт уыдæттæ. Хъуыдыгæнæг фыссæгæн уыцы удмарæн хабæрттæ свæййынц йæ уацмысты сæйраг рахæцæн. Михалы уды сæ марын нæ хъуыдис, фæлæ, аив дзырды ад чи зоны, уыдонæн æмбæлд йæ фарсмæ балæууын, цæмæй йын йæ куысты уыдаид æнæфæцудгæ æнцойттæ æмæ йын æнтыстаид фылдæр æмæ хуыздæр. Йе ‘рмдзæф, йæ уды фæллой, уæд йæ чиныджы къухфысты рецензенттæ æмхъæлæсæй куыд дзырдтам, æцæгæй афтæ кæй уыдис, уымæн ныртæкæ нæ бон у, æрхæссæм дзæвгар цæвиттонтæ.

«Фыссæг йæ алыварс дунемæ цы цæстæй кæсы, æхсæнадон æмæ намысон-этикон фæзындтæн цы хуызы аргъ кæны, уыцы æмбарынады уылæнтæ æнхъæвзынц йæ аивадон уацмысы алы къабазы дæр. Зæгъæм, сюжетты, конфликтты хицæндзинады, характеры равдысты æмæ а. д.»[2], – зæгъы Мамиаты Изетæ Дзесты Куыдзæгæй. Фæлæ

[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 382 ф.

[2] М а м и а т ы И з е т æ. Курдиат рæстæджы тыхæвзарæнты. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 45 ф.

уый æмткæй сисгæйæ хауы дзырдаивады алы дæснымæ дæр. Æмæ фыссæгæн йæхи дæр уыцы «æмбарынады уылæнтæ» æрхæссынц адæмы размæ.

Михал хиирхæфсæн чингуытæ, – искæмæн æфхæрыны хуызы йæ нæ дзурын, – никуы фæлдыста. Стæй – иубонон уацмыстæ дæр. Йæ алы æнтыстыл дæр-иу, сабиййау, цинæй мард, уымæн æмæ-иу дзы æвæрдта йæ уд, фæлæ, искæй зæрдæмæ фæцæуа, уый тыххæй никуы æрбадтаид йæ кусæн фынджы фарсмæ. Æмæ тынг раст кодта. Уый йæ уды скондæй цыдис, æмæ дзы диссагæй ницы ис. Быркуыййы цы уа, уый дзы сисдзынæ. Фæлæ, оу, мæ бон! Иу адæймаджы, иу уацмысау уацмысы ныхмæ уыйбæрц цъыф кал!..

Бынат тыхджын у. Фæлæ нæ ферох вæййы бæрн. Цæразон Сослан та дзырдта: «Ис ыстыр хæстæ паддзахыл, алхатт хъуамæ хата бæрн...»[1] Гæдиаты Цомахъ æнæнхъæлæджы нæ загъта: «Мæ амонд мæнæн мæ дзыллæйы амондимæ æмхæст у»[2] («Дыууæ дидинæджы»). Чысыл хицауæй дæр нæ сæртæ мигътыл фæхафæм. Иу редактор Михалы романæн сарæзта æртæ æмæ фондзыссæдз фиппаинаджы (æви цъыфкалæны?). Афтæмæй Михал, чиныг рауадзын кæмæ хаудта, уыдонæй партийы обкомы нымæрдарæй райдай æмæ, фысджытæй йæ зæрдæ кæуыл дардта, уыдонмæ йæ фыстæджы сбæлвырд кодта, йæ чиныгæн аргъ скæнын кæмæн æмбæлд, уый æрмæст нывæфтыд литературæимæ кæй не ‘мбæрста цард æххæстæй, ноджы-ма уыимæ «Нарты кадджытæ» дæр фехъусæггагæй дарддæр рæстмæ кæй нæ зыдта. Фыссæг кодта фæдисы хъæр, ома рецензент: «нæ бамбæрста, уацмысæн йæ идейон нысан Нарты гуыппырты стыр кады апологи, кæнæ сæ дискредитаци нæ, фæлæ капиталы бæстæты цы адæймаджы зонд байсыны аномали фæзынд, уый ныхмæ аивадон мадзæлттæй тох кæнын кæй у. Нарты эпосы цы сты, уымæй романы кæд бæрзонддæр, цытджындæр æмæ идейон æгъдауæй цыргъдæр рауадысты (уым сау рувасдзармыл нæ хыл кæнынц, куыдз æмæ хæрæг сæ ничи фестад æмæ иу хъуджы тыххæй кæрæдзийы бинонты бындзагъд не скодтой, уымæн æмæ

[1] Ц æ р а з о н  С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2015. – 82 ф.
[2] Г æ д и а т ы  Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 71 ф.

æппæты стырдæр фыдракæнды ныхмæ тох кодтой!), уæд уый та у кæрæдзимæ æнгом бацæуæг мифологон æмæ реалон дунеты алвæндагыл цæуæг архайды логикæ, фæлæ (ома, редактормæ – Хъ. М.) цæмæндæр урс хуыз сау фæкаст æмæ бæлвырд кæны, Булкъаты Михал йæ уацмысы «Нарты гуыппырты дæлдзиныг кæны», зæгъгæ. Романыл æвæрццæг рецензитæ ныффыстой Джусойты Нафи, Хацырты Сергей, Букуылты Алыкси, Хъазиты Мелитон, Цыбырты Людвиг æмæ Гаглойты Владимир, фæлæ уацмыс рауагъдады нывæзтæй уæддæр иуварс баззад...»[1].

Уый дæр дзурæг уыдис, урæд хицауыл уæлейæ фæхæцæг куы вæййы, уæд æм адæмы хъæр кæй нæ фæхъуысы. Ноджы растдæр зæгъгæйæ та – къуырмайы æфсон кæй скæны. Фæлæ разыны, хъуыддаг æндæрырдæм чи фездухынц, ахæмтæ дæр.

«Хуссар Ирыстоны рауагъдады рецензенттæ-редактортæ[2] авторимæ быцæу райдыдтой нæртон эпосы геройты сæрыл: раст æвдыст цæуынц æви нæ, зæгъгæ»,[3] – роман мыхуыр куы æрцыдис, уымæй фынддæс азы фæстæдæр фыста Нафи. Иу лæджы ном зæгъынæнæй «фæкъæмдзæстыг» æмæ хъуыддаг «рауагъдады рецензенттæ-редакторты аххос фæцис, афтæмæй йыл, кæд, кæм куыстон, уыцы рауагъдады разамынады мæхиуыл ардыдтон, уæддæр рæстаг рецензи, стæй æппæлæн редакторон хатдзæн ныффыстон æрмæстдæр æз. Редакци кæнынмæ дæр æй æз райстон æмæ федта рухс. Дзырддаг æй чи скодта, уымæн та йæ рæстæджы йæ ных ничи бакъуырдта: «Æлдар фыдлæг у, Лæгдзарм тæнæг у – Мæлын кæй фæнды?..»[4] («Хъуыбады»), фæлæ Нафи уæддæр, афтæ йæ фæндыдис æви нæ, афтæ рауад – йе ‘фхæрæн ныхас йæ «рецензенттæ-редактортæ»-йæ рахста мердæм дæр.

Æниу, хъаст кæнын дæр хатт фæрæстмæ вæййы. Михалы романæн ахæм дæлæ-уæлæ, æфхæрæн рецензийы

---

[1] Авторы архивæй.

[2] Нафийы уыцы æнæбындур æфхæрд уæд мæнмæ дæр «хауы», уымæн æмæ, Михал мæ йæхæдæг куы нымайы æвæрццæг рецензенты номхыгъды, ноджы йын æппынфæстаг редактор æз уыдтæн (Автор).

[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Нæрæмон романтик / Рæстдзинад, 2003. – 25 декабрь.

[4] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 58 ф.

фæстæ рауагъдады разамынад, – нæ зонын, хицæуттæй кæй телефоны зæллангæй фæтарстысты – фæлæ дзы уæллæгты къух æнæмæнг уыд, – æддæг-мидæг æгæр аудысты. Романы къухфыст цы фæкодтаиккой, уый нал зыдтой. Æппынфæстаг æй скодтой мæ разæй. Ома, кæд исты фыдбылыз расайа, уæд æз, æвæрццæг рецензи йын кæй радтон, уый тыххæй хойон мæ сæр дуртыл. Сæхимæ та сын азымхæссæг азымагæй ницы уал ссардтаид æмæ фыдбылызæй уыдаиккой ирвæзт, афтæмæй сыл æнæуый дæр никуыцæй ницы уæз цыдис.

Михал йæ роман джиппы уагъдæй – чиныгæй куы федта, уæд йæ къухтæ рызтысты. Йæ райдзаст уды фæд йæ къæсхуыр, урсцъар цæсгомыл уылæнтæй зынд. Фырцинæй, цы акодтаид, уый нал зыдта æмæ мын фыццаг экземплярыл ныффыста: «Мелитон, мæнæ дын, фæлдæхын кæй нæ бауагътай, уый!» – мæ номы размæ хъуамæ мыггаг дæр бафыстаид, фæлæ йæ уæлдайыл банымадта – ныххах æй кодта комкоммæ чиныгыл[1]. Æмæ бамбæрстон, Хуыцауысконд адæймагæн, цалынмæ йæ фыдæбон рухс федта, уæдмæ «Хорз цæмæн дæ?»-йы тыххæй цас уды хъизæмæрттæ бавзарын кодтой, йæхимæ йæ йæ къух сисынмæ тыхæй куыд ссыдтой.

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Махмæ, йæхи фыссæг чи хоны, уыдонæй бирæтæм арæх вæййы иунæг уырнындзинад: «Æз дæн зæххы бикъ æмæ комы дæгъæл!»[2] Æмæ хорз дæ, фæивын ын кæн йæ хъуыды. Йæ сæр цæрттыл хафдзæнис, йæ хицау хиуæттæй цы чысыл хицауы бынат фæкуырдта, уымæй. Кæйдæр фæзмгæ хъулæттæ кæндзæн, кæй чиныг æм бафта, уый æнæфыст, сыгъдæг кæрæттæ... цæмæй фæзоны, уыцы «рæдыдтытæ», «æнæсæрфат» фыстытæ чи фенынц, уыдон ыл кæй фæхудынц: «Уымæй уæлдай ницы æмбары?».

«Нарты Сосланы æвдæм балц», куыд загътам, афтæмæй амад у, æмсæр кæмæн нæй, нæ уыцы эпосы куыд уынæм, афтæмæй Сослан ногæй куыд бацыд Мæрдты бæстæм. Фыццаг хатт Мæрдты бæсты вæййы эпосы. Æрмæст æй ныр æцæгæлон мæрдты цард нал цымыдис кæны. Ныр

[1] А в т о р ы а р х и в æ й.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 317 ф.

йæ сæйраг хъусдард аздæхта, нартæй уымы бæстæм чи ацыд, уыдон цы ми кæнынц се ‘нусон дунейы, уымæ. Æмæ, куыд загътам, афтæмæй базоны, уæлæуыл нарты знæгтæ чи уыдысты, уыцы дæлимонтæ нарты куырыхонтæ æмæ гуыппырсартæн кæй æрымысыдысты Æхсыры цад, цæмæй сын, уæлæуыл цы нæ бантыст, уыдæттæ кæной се ‘нусон дунейы.

Æрмæст уый уæлейон царды Æхсыры цад нæу. Уым, романы Æхсыры цады йæхи чи нынназйы, цæмæй сæ риуты дзаг сулæфой, уыд рохнизы ахæсты бахауынц æмæ Уырызмæгитæ нал хъуыды кæнынц, чи сты, уый. Дæлимонтæ сæ удыбыцъынæг тонынц, цæмæй сын уой хынджылæггаг. Фæлæ, цæмæй, æрцæуæн кæмæн нæй, уый ма æрцæуа, адæймагад ма фесæфа, уыцы хъуыддаг Михал йæ аивадон уацмысы æцæг аивады бындурыл æхсарджын æмæ, курдиатджын фыссæгæн куыд æмбæлы, афтæ аразы фольклоры бындурыл.

Булкъаты Игорь зæгъы: «В современной осетинской прозе, прежде всего в романах Нафи Джусойты и Михаила Булкаты, осознание культурных ценностей происходит именно за счет мифологического восприятия, посредством определенных архетипов, которые выделяются из всеобщего культурного наследия и превращаются по выражению Спинозы в инструмент «идентификации мира»[1]. Æмæ уый романы цæуы, адæймаг æй куыд уына, ахæм аивадон хуызы. Уыимæ романы ис хи хъæбатыр æмæ æнæсæттонæй равдисæн, мифон уацмысы уыцы хъуыддагыл лæуд чи у, уыдонæн.

Джыккайты Шамил дзырдта: «Мæлæт тæссаг нæу, тæссаг у худинаг. Тæссаг у адæм æмæ Фыдыбæстæйы раз хæс нæ сæххæст кæнын»[2]. Æмæ цæвиттон хæссы «Нарты кадджытæй»: «Афтæ уыд нарты этикон зондахаст дæр: «Нæ нæ хъæуы æнусон цард, ратт нын æнусон кад!»[3]. Мах уый – æнусон кады сæрыл удуæлдай тох, адæймагæн ном чи кæны, уыцы хъуыддæгтæ цæвиттойнагæй уынæм романы.

[1] Б у л к а т ы И г о р ь. Слезы Нафи / Литературная Россия, 2015. – 31 июль.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 156 ф.

[3] Уый дæр уым.

Уыцы зондахаст нын рох кæнын кодтой æмæ кæнын кæнынц, нæ алыфарс цы дæлимонтæ уыд æмæ ис, уыдон. Цæмæй нын байсой нæ культурæ, сæхи бакæной нæ истори, скæной нæ, йæ ивгъуыд чи нæ уал хъуыды кæны, фидæн чи нæ зоны, ахæм манкурттæ – рохфос. Æмæ, сæхи фыдæлтыл чи нæ уал æввæрсынц, нæ фыдæлты кад сæ цæмæй æввонгæй фæуа, уый охыл сæ диныл дæр сæ къух чи исынц, уыдон фæуаид, цæмæй ныл худой, уый фадат. Æмæ уыдæтты тыххæй цынæ фидиссаг митыл ис информацион фæрæзты фембæлæн. «Жители Северной Осетии собрались, выразить свое отношение к размещенной в интернете петиции о переименовании в Аланию соседней Ингушетии»[1], – дзырдæуы газет Единая Осетия»-йы. Æмæ цас æмæ цас ахæм цæвиттонтæ ис æрхæссæн, йæ фыдæлтыл чи нал æввæрсы æмæ, нæ кады фыдæлты ном кæй æрхъуыдис, уыцы кадмондæгтæй!

Афтæмæй, абон нын нæ историон ном æмæ нæ культурæ – суанг, цыма «Нарты кадджытæ» уыдон фыдæлты уыдысты, нæ сыхæгтæн сæ кадмондæгтæ тыхæй кæнæ дамтæй исынмæ куыд хъавынц, уыдæттæ, лæмбынæг æркæсгæйæ, зынынц уацмысы. Михал йæ хъусы иувæрсты хъæуæг информации нæ уагъта. Дзуапп ын кодта комкоммæ æмæ аивады хуызы, куыд æмбæлдис æмæ, ирон лæгыл куыд æмбæлы, афтæ хъуыдыгæнгæйæ, хиуылхæцгæйæ.

Чиныг чи нæ бакæса, уый æнæмæнг зæгъдзæнис, ома, Михал бафæллад историон темæйæ, хæстытыл систа йæ къух. Ахызт аргъæуттæм. Фæлæ ахæм хъуыды раст нæу. «Нарты Сосланы æвдæм балц» йæ сæрæй йæ кæронмæ йæ тæккæ æмдзаг у алыхуызон æгъатыр хæстытæй. Нартæн сæ уæлион цардæй сæ уымы дуне разынд ноджы тохмонцдæр. Сæ цард у, Плиты Грис цæйау дзырдта: «Хæст цæмæй лæгæн фæуа æлгъыстаг, Уый тыххæй хæцынмæ цæуæм мах…»[2] («Уæззау улæфт»).

Цард царды хуызæн цæмæй уа, хур хурхорты æнæфсис уæцъæфты ма аирвæза, уый тыххæй уацмысы æвæрццæг хъайтартæ мæрдты дыккаг мард акæныныл дæр сты разы,

[1] Жители Северной Осетии протестуют против переименования Ингушетии в Аланию / Единая Осетия, 2017. – № 5 (42). – март.

[2] П л и т ы Г р и с. Атакæ. – М., 1995. – 65 ф.

ærmæst ræstdzinad ma ‘rxauæd kъæxty bynmæ.

йыл фыст уацмысы мын Нарты Сослан æмæ Тылаттаты Чермены иумæ архайгæ куы феной, уæд?..»[1].

Федтой сæ. Чидæртæ дзы сæ тыбыртæ ацагътой. Фæлæ сæ бон рæстдзинады, стæй аивады ныхмæ тох кæнын не сси. Нæдæр сын æй Булкъайы-фырт йæхæдæг ныббыгъста. Багъæраты Созыр раджы загъта: «Растбæл надæн нæ бухсуй»[2]. Романы рухсфенд уымæн бирæ ракæ-бакæтæ баййæфта. Æмæ нæдæр йæ авторæн уыдис басæттæн, нæдæр – йæхицæн. Зæххон царды хъизæмæрттæ, рæстдзинады фæндæгтæ æмæ дзы, хуымæтæг адæймаджы цæст кæй нæ уыны, йæ хъус кæй нæ хъусы, уыцы проблемæтæ æддæг-мидæг афтæ ацыдысты æмæ, аивад чи æмбары, уый сæ иувæрсты ахиза, уый гæнæн ницы хуызы ис. Нæ йæ схæсдзæнис йæ сæрмæ. Уацмысы æвæрццæг хъайтартæ сæ психологон-этикон арæзтæй уымæн æмбæлынц чиныгкæсæджы зæрдæйыл.

Нафийæн уæд, автор æм кæй бахатыд, уый охыл ын цы рецензи радта, уым йæ хъуыды уыд фидар (фæстæдæр æй ныммыхуыр кодта йæ чиныджы): «Мæ нымадмæ гæсгæ Булкъаты Михал нырма ацы уацмысæй хуыздæр ницы ныффыста æмæ уый у æхсызгон хабар (ома, уæдмæ хуыздæр кæй ницы ныффыста, уый нæ, фæлæ – хуыздæрæй-хуыздæрмæ кæй цæуы – Хъ. М.) нæ литературæйæн. Ацы хъуыдыйы рæстдзинад равдисынæн фаг у дыууæ фарстæн дзуапп раттын: цахæм у романы сюжетон-композицион сконд æмæ, цы у романы идеологон пафос æмæ идейон мидис?»[3].

Уыйфæстæ рецензент уацмысы æнтыстытæ æмæ нысаниуæджы тыххæй дзуры бæлвырд фиппаинæгтæ, фæлæ ма нæм фæстæдæр рецензийы кой кæй уыдзæнис, чиныгкæсæгæн уым фадат кæй уыдзæн йемæ лæмбынæгдæр базонгæ уæвынæн, уый тыххæй дзы цæвиттонæн æрхæсдзыстæм æрмæстдæр чысыл егъаугомау скъуыддзæгтæ.

Цы дыууæ фарсты кой кæны рецензент, уыдон сты:

1. «Роман амад у ахæм хуызы, цыма мæрдты бæсты адарддæр, Нарты Сослан æмæ Челæхсæртæджы ‘хсæн цы

---

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 ч. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 333 ф.

[2] Б а г ъ æ р а т и С о з у р. Зæрди дуар. – Дзæуджыхъæу, 1988. – 104 ф.

[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ. 2 ч. 2 ч. – Цхинвал, 1914. – 334 ф.

конфликт уыди, уый. Сæ тох адарддæр, фæлæ ныр сæ тохы мидис у бынтон æндæр, – бирæ вазыгджындæр, стæй æппæтдунеон кæнæ та, дун-дунеон нысаниуæг кæмæн ис, ахæм. Лæгæй лæджы ‘хсæн конфликт, чи лæгдæаер у, зæгъгæ, уый охыл ерыс, стæй сылгоймаджы сæрыл быцæу рахызт адæймаджы фидæны сæрыл, адæймаджы зонд æмæ уды сæрыл, стæй дун-дунейы царды сæрыл (Хурзæрины ссæрибары охыл) быцæумæ»[1] æмæ афтæ дарддæр.

Рецензент нымайы йæ фарстытæ:

2. Булкъаты Михалы роман цымыдисаг у канд йæ сюжет æмæ мифон мидисæй нæ, фæлæ йæ идеологон пафосæй дæр. Романы идейон мидис амад у æргом быцæуыл. Фыссæг быцæу та кæны буржуазон мæнг «гуманизмы» ныхмæ. Бæлвырддæр та, адæймагыл мæт кæнын, уый амондыл тох кæнын, зæгъгæ, чи дзуры (президент Рейган дæр «адæймаджы бартыл» тох кæны! Æрвыл къуыри йæ телералæудтыты афтæ фæдзуры будамæзт хъæлæсæй!), æцæгæй та йæхи пайдайæн кæнæ йæ классон привелегиты сæрыл чи хæцы, уыдон социалон æмæ философон демогогийы ныхмæ.

Уый стыр проблемæ у ныркон дунеон идеологон царды. Булкъаты Михал ацы фарстыл кæй сагъæс кæны, йæ социалон æмæ йын йæ философон бындуртæ кæй фæлгъауы, уый у романы бæрзонд хорздзинæдтæй иу.

3. Роман мæнмæ æмткæй кæсы курдиатджын уацмыс, рæхджы мыхуыркæнинаг уацмыс».[2]

Æмæ йæ бахынцинаг фиппаинæгтæй дæр аппаринаг ницы ис. Зиан цы нæу, уый пайда у. Фæлæ, Джыккайты Шамил дзырдта: «Æз куынæ уон, уæд æцæгтæ Иры чи дзурдзæн æргом?»[3] («Фæдисоны хъæлдзæг зарæг»). Фæлæ Нафи дзырдта йе ‘цæгтимæ, йæхи æнæзонæг кæмæн скодта, ахæм… æнæ «æцæг» дæр.

Цæвитон, Михалы чиныджы тыххæй ам йæ ныхас балхынцъ кодта: «Романы хъысмæты мæ ныхас исты акарста æви нæ, уымæн зæгъын æмæ рауагъдады аннотацийы фыст ис: «Рецензенттæ: историон зонæдты доктор,

[1] Уый дæр уым.
[2] Уый дæр уым, 337 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 282 ф.

профессор Цыбырты Людвиг æмæ Гуыцмæзты Алеш». Афтæ цæуы, цыма мæ рецензи уынгæ дæр нæ фæкодтой, æндæра сæ ног дыууæ рецензенты цæмæн бахъуыд? Аннотацийы романæн цы характеристикæ ис, уый дæр цыма мæ рецензиимæ зонгæ лæджы фыст у, афтæ мæм кæсы, фæлæ...»[1]. Афтæмæй, барæй йæ сарæзта æви нæ, уæддæр та цъæмæлтыл зонгæзонын афу кода чиныджы редакторырдæм. Æнæуый та тынг хорз хъуамæ зыдтаид, чиныгыл фыст кæй вæййынц, автор йæхи пайдайæн æппæлæн хъуыды кæмæй райсы, уыдон нæ, фæлæ, рауагъдад æй йæхæдæг кæмæ арвиты æмæ йæ куысты аргъ кæмæн бафиды, уыцы рецензентты нæмттæ. Науæд, «Нарты Сосланы æвдæм балц»-ы къухфысты тыххæй цас рецензитæ ныффыссын кодта автор, – мæнæн дæр, – уыдон иууыл, куыд уынгæджы фестæм, куыд фыстаиккам чиныгыл? «Йæ хорз хурмæ ничи судзы»[2].

Сæйраг уыдис æмæ у, роман нæ нывæфтыд литературæйы оригиналон кæй рауадис, йæ алыхуызон бирæ хъайтарты йын, тынг дæ куы бафæнда, уæддæр кæй нæ фæивддзаг кæндзынæ æмæ нæ литературæйы æцæг цæсгомæвдисæг уацмыстæй кæй разынд.

Æмæ нæм иугæр уацмысы архайджыты кой æрхаудта, уæд сын сæ миддунемæ кæсгæйæ æнæбахынцгæ нæй Мамиаты Изетæйы зонадон хъуыды: «Мифон-этикон характерты логикæйæ нæ фæкайгæйæ, Михал йæ персонажты сисы, егъау социалон-философон мидис кæмæн ис, ахæм символты æмвæзадмæ. Уыимæ ныв цæуынц дзаджджын, дырыс æрхæххытæй, сæ фердæхт, сæ алы къухамынд, буары, цæсгомы змæлд у æнгасджын, бæлвырд, зæрдылдаргæ. Сæ уаг æмæ æгъдау, сæ дунембарынад, царды цаутæ, Хурзæрины сæраппонд кæнæ йæ ныхмæ архайд рæзынц психологизм æмæ хуызджын нывкæнынады домæнтæм гæсгæ. Динамикон сты хæсты эпизодтæ. Хъусæм дзы тохы уынæр, топпыхосы хус фæздæг нын æхгæны нæ улæфæнтæ, сырхзынг æфсæйнаг æмæ сыгъд буары

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ. 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 1914. – 340 ф.

[2] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. 1 т. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 187 ф.

хуыдуггænæг смаг уайы не ‘мбудæнтыл»[1]. Афтæмæй уынæм царды рæстдзинад.

Изетæйы удмæ романы афыст афтæ бахъардта æмæ йæ зæрдæйы цинып фæстæ нал фæхæцыд. Раргом æй кодта чиныгкæсгæн: «Сатирæ æмæ иронийы стъæлфæнтæй цæхæртæ калы авторы фантази дæлимонты цардвæтк æмæ æфсады æрфысты. Зæгъæм, Челæхсæртæджы куы раскъæфтой, авд боны æмæ æхсæвы йæ дæлдзæхы куыд фæракæ-бакæ кодтой: «Заргæ, худгæ æмæ хъыбылтау уасгæ, домбæйттау абухгæ цыдысты»[2]. Сæ хиирхæфсыны нывтæ цыма зæххон циндзинады æнгæс сты, фыццаг бакастæй афтæ зыны. Фæлæ хицæн кæнынц «хæйрæджджын сонт ми æмæ «зыгъуыммæ» мидисæй. Дæсны нывгæнæгау автор (автор æцæг дæсны нывгæнæг кæй уыдис, уымæн афтæ у – Хъ. М.) Сау Цъыззы Цъасы «куывдонты» къордтæ-къордтæй равæрдта æмæ дзы, чи цы кусæг у, уый æххæстæй уынæм. Мæнæ сæ иутæ «æртытæ скодтой æмæ-иу сæ даргъ къæдзилтæ сæ дæлæрмтты фæцавтой, афтæмæй арты сæрты, цъæхснаг хъыллистгæнгæ, атахтысты». Иннæтæ кæрæдзийы цæнгтыл ныххæцыдысты, атæмæй симдтой æмæ «зыгъуыммæ чъыртт кодтой. Æртыккæгтæ цæххойæнты мидæг «сау-сауид дойнаг дуртæй хостой дон» (диссаджы цæстуынгæ архайд, фæлæ у уырыссаг æмбисондæй калькæ, «иронау» хъуамæ дон ехсæй надтаикккой)»[3].

Михалы роман кæй фескъуыхт, лыскъудтæ йын барæй кæнæ се ‘нæрхъуыдыйæ кæй æвæрдтой цæлхдуртæ, ууыл дзурæг у, иронау йæ рухсфенды дыккаг, 1989-æм азы, Мæскуыйы, рауагъдад «Советский писатель»-ы уырыссаг æвзагыл кæй федта рухс, уыцы хабар дæр. Уыцы хъуыддаг ын ирон чиныгкæсæджы цæсты дæр схæцыд йæ кадыл. Романы, стæй йæ авторы кадыл. Махæй цалынмæ æцæгæлон зæгъы хорз, уæдмæ нæхицæн æмбæлон кад кæнын нæ базонæм. Нæ дæр ыл йæ ирон рецензентты

[1] Мамиаты Изетæ. Дзырддзæуæны: Автор æмæ хъайтары æмдзæдис. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 340 ф.

[2] Булкъаты Михал. Нарты Сосланы æвдæм балц. – Цхинвал, 1988. – 30 ф.

[3] Мамиаты Изетæ. Дзырддзæуæны: автор æмæ хъайтары æмдзæдис. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 340 ф.

нæмттæ ис, нæ дæр – йæ ирон редакторы ном, йæ аннотаци дæр ын йæ ирон рецензенттæй никæмæй фелвæстой, фæлæ мæ бон у, дзуары хуылфмæ бацæуон, уый тыххæй уацмыс иу мур дæр нæ фесæфта йæ нысаниуæгæй. Уацмыс иууыл тынгдæр та æмбулы, йæ автор роман æмæ йæ хъайтарты архайд йæхæдæг кæй нæ дзуры, фæлæ йæ, æцæг аивадон уацмысы куыд вæййы, афтæ кæй кæны ныв. Аивад нывтæй фидауы. Уæд æрцæуы, Къоста куыд загъта, афтæ: «Пусть арфа сломана – аккорд еще рыдает...»[1].

Æркæсæм, чиныг фыццаг цы фарсыл рафæлдахæм, уымæ: «Санибайаг лæппу бавзæрста Дзахайы «минасы» ахадæн дæр æмæ Æртыккаг дунейы иннæ хинтæ дæр. Æмæ йын ныртæккæ ахæм хуыз уыди, цыма тарф фынæйæ райхъали. «Лæг рæдийын зоны æмæ йыл йæ рæдыд къаддæр æруæз кæны, быцæутæ йæм куы сæвæры, уæд. Дзæцъу мын мæ арæзт топпыхосæй дзаг къæртатæ уæларвмæ куы стæхын кæна, уæд ма мæ рæдыды уæз бауурмон, уый мæ нæ уырны!» – тыхстис йæхимидæг уый.

– Ахæм минасы фæстæ нæм фæткмæ гæсгæ æмбæлы фынæй кæнын, – загъта Цæнди æмæ цыллæйыл иуварс ахæцыд.

– Æмæ уый фæстæ цы уыдзæни, Санибайаг лæппу?

– Уый дын Уырызмæг мæнæй хуыздæр рафæзмдзæн, Сослан.

– Уый фæстæ дуар тыхцæф ныккæндзысты, хатæнмæ цæгъдæгау æрбалиуырдзысты æмæ нæ афæрсдзысты, чи стут æмæ Æртыккаг дунемæ кæцæй æрхаудтат, зæгъгæ. Нæ ардыгон нæмттæ сын куынæ зæгъæм, уæд нæм фæлæбурдзысты æмæ нæ цæстыныкъуылдмæ кæнæ Æхсыры цады ныррæцугъдзысты, кæнæ та – сау хъоргъы! – мæстыйæ загъта Уырызмæг.

– Баба! – йæ хъæлæс ныддыз-дыз кодта Сосланæн. – Хуыцау ма зæгъæд æмæ Хæмыцы уавæры фенæм Батрадзы. Уæд мах хæст нæ рамбулдзыстæм æмæ Хурзæрин тъымытъыматæм баззайдзæн Хызы фырты уацары!..

– Хурзæрин кæм нæй, уым Батрадз нæ ныллæудзæн.

Сосланæн йæ зæрдыл æрбалæууыд, Сатана йын афтæ кæй загъта, уæдæй нырмæ кæуыл хъуыды кæныс, ууыл

[1] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959. – 88 ф.

фембæлдзынæ, зæгъгæ, уый. Адæргæй йæ буар батæвди, фæлæ йæ фыды ницæмæй уал бафарста»[1]. «Цы фæччы, уый бакæн, цы нæ фæччы, уый ма бакæн»[2], – афтæ-иу дзырдтой нæ уæздан фыдæлтæ. Фыдæлтæ та, уæлдайдæр, уæздан æмæ куырыхон фыдæлтæ кæстæр фæлтæртæй цардыл хæст чи сты, Хуыцау йæ ныхыл йæ арм кæмæн авæрдта, уыдонæн алы хатт дæр фæзминаг уыдысты æмæ сты. Æмæ уыдонмæ кæд Сослан нæ хауд, уæд ма æндæр, уæдæ, чи?

Æмæ, егъау чиныджы фæстаг фарс бафæлдахгæйæ, сæры фæтæлфы хивæнд хъуыды. Зæгъæм, цыбыр æмдзæвгæ куы бакæсай: «Æз дæм цæрæнбонты цæуын, Зæхх»[3] кæнæ:

*«К æ с а г у æ й г æ н æ г:*
*...– Кæй ма хъæуы кæсгæгтæ?!*
*Сæрджынты кило – сомырдæг!*
*Æнæсæртæ та – сом!..*[4]

(«Армукъайы уынæрæй скъуыддзаг») –

æмæ райгондæй куы ахъуыды кæнай: «Бафтауæн æм ницы уал ис», – уæд уый арфæйаг хъуыддаг у, уæдæ цы. Фæлæ уæзгæ чиныгæй куы зæгъай: «Ницы уал æм бафтаудзынæ», – уæд уый бынтон диссаг æмæ сæрыстыры хос у. Уæлдайдæр, ныры дуджы.

Кæй кой нæм ис, роман «Нарты Сосланы æвдæм балц» – уый архайд сæрæй кæронмæ удæгас кæй у, æппынæдзух кæй змæлы, чиныгкæсæгæн хъуыды кæнын кæй амоны, уымæй æрмæст уацмыс нæ, фæлæ йæ автор дæр, хъуамæ йæ æргом дзурæм, бирæ бæрцæй æмбулы. Рæстæджы цыдимæ ирон литературон критикæйы, стæй литературон зонады цъус ныхæстæ æмæ хъуыдытæ нæ сайы йæ фæдыл æмæ уымæй кæны зындгондæй зындгонддæр.

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Нарты Сосланы æвдæм балц. – Цхинвал, 1988. – 204 ф.

[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 397 ф.

[3] Ч е д ж е м т ы Г е о р. Иурæнхъон урс æмдзæвгæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирыстоны поэзи. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 530 ф.

[4] Х о д ы К а м а л. Ном. – Дзæуджыхъæу, 1979. – 35 ф.

Фæлæ сæйраг у – нацийы нывæфтыд литературæ фæхъæздыгдæр вæййы Булкъаты Михалы роман «Нарты Сосланы æвдæм балц»-ы хуызæн æппæтæй æххæст аивадон чингуытæй. Уыцы хъуыддаг нæ хъуамæ, йæ адæм, йæ Фыдыбæстæ æгæрон уарзтæй чи уарзы, чи сын аргъ кæны, уыдонæй алкæмæн дæр уа сæрыстыры хос.

## ÆСТÆМ САÆР

# ХЪАЙМÆТЫ ФЫДÆВЗАРÆНТЫ

Ирон аив литературæйы æцæг романтæ цыппар чи ныффыста, ахæм фысджытæ, иууылдæр удæгас куы фестиккой, уæддæр сæ æрнымаиккам нæ иу къухы æнгуылдзтыл æмæ дзы уæлдай бынат дæр баззаид. Сæрыстыр сæ кæмæй стæм, уыдон хуыздæртæм хауы Булкъаты Михал. Авторæн бантыст йæ цыппæрæм роман ныффыссын дæр. Уый уыд «Сырх хъаймæт. Нафийы ныхас: «Михалы сæйраг уацмыстæ сты радзырдты иу чиныг, æртæ романы (Теркæй Туркмæ», «Дæ фыдæлтæ рухсаг» æмæ «Нарты Сосланы æвдæм балц»), (иу чиныг та уацауты æмбырдгонд рауагъта, йæ кой нæм уыд – «Сарт æмæ кард»[1] – Хъ. М.), литературон портретты чиныг æмæ æвæуд роман «Сырх хъаймæт»[2], – уый бынтон раст нæу. Уымæн æмæ, ацы чиныгæн дæр «Нарты Сосланы æвдæм балц»-ы хал ахæрынæй кæй тарстис, йæ размæ романы дудгæбæттæ уымæй кæй исдзысты мыхуыры «уырытæ», уый йæ уырныдта æмæ йын развæлгъау сыгъдæг кодта йæ фæндæгтæ. Къухфыстæн (уыд машинкæйыл мыхуыр) мæнæн ныффыссын кодта рецензи. Хорз æй хъуыды кæнын, уыцы хуызы йын рецензи ныффыста Букуылты Алыкси дæр. Фæлæ, роман хицæн скъуыддзæгтæй журналтæ «Фидиуæг» æмæ «Мах дуджы» цы федта рухс[3], æндæр, кæм ис чиныг йæхæдæг æнæхъæнæй, уый абон дæр бæрæг нæу.

Æмæ уый махмæ диссаг нæ кæсы. Нырмæ кæй зонæм ирон нывæфтыд литературæйæ, уыдонæй кæм сты Сослан Цæразоны æрдхæрæны «Алгъуызы кадæджы»[4] иннæ сæртæ? Кæмдæр баззадысты Мамсыраты Темырболаты,

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974. – 227 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ. – Цхинвал, 2014. – 311 ф.

[3] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сырх хъаймæт // Фидиуæг, 1991. – № 6–7; 1996. – № 1; 1996. – №№ 1, 2, 3, 5, 6; 1997. – №№ 3, 4, 5... Стæй ноджы – Мах дуджы...

[4] Ц æ р а з о н С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016. – 95 ф.

аргъгæнæг аргъ кæмæн не скæндзæнис, уыцы литературон бынтæ. Мамсыраты Мурат дзырдта: «Йæ хо Азизæ, дам, тынг базæронд, афтæмæй амард 1969 азы. Темырболаты къухфыстытæ кæддæр уымæ уыдысты æмæ Турчы ирæттæй чидæртæ архайдтой се ссарыныл. Азизæ ма æгас куы уыдис, уæд-иу æй фарстой, фæлæ – ницы. Æрмæст, дам-иу афтæ загъта: «Уыдæттыл ма уыдтæн æви цы! Ай нæ хъæстæ куы сыскъуыд, бындар нын куы нал баззад, уæд ма гæххæттытæй цы кодтон. Нæ мадмæ уыдис стыр чырын, æрхуыйæ тæлмытæ йыл. Ме 'фсымæр куы бабын, уæд ын йæ фыстытæ уыцы чырыны сæвгæдтон. Иу ранæй иннæмæ ралидз-балидз кæнгæйæ-иу æй куы цары авæрдтон, куы – уæрмы, æмæ кæм баззад, уый нал хъуыды кæнын»[1]. 1937-æм азы Фæрнионы куы æрцахстой, уæд йæ «Уады уынæр»-ы – нæ фыццаг ирон романы дыккаг чиныг æмæ Мидхæсты хъайтар Дзæрæхохты Хадзы-Муратыл егъау уацауы къухфыстытæ дзæмсæфт фæкодтой...[2] Не 'нæраны митæ, нæ аивады хæзнатæм нæ уазал ахаст ма дарддæр нымайæм?

Михалы цыппæрæм роман «Сырх хъаймæт»-ы къухфыст уыцы хъысмæтæй хъуамæ хызт уа. Сæрг у, рухс кæй федта ирон литературон журналты фæрстыл. Хæрзгæнæг ын куы фæуаид, уæд æй уырдыгæй дæр уаид скъахæн. Стæйдæр, авторы къухæй машинкæйыл æппынкъаддæр æртæ экземплярæй уыдаид мыхуыр æмæ дзы иу æнæхъæнæй уæддæр баззадаид. Уыцы хабæрттæм Михал хæдзардзин уыд. Чиныгæй йæ куы фæуа мыхуыргæнæг, уæд, мæнмæ гæсгæ, разындзæн йæ кæстæртæм. Фæлæ нæм уацмысæн йæхи кой уыдис.

Фыссæг бацархайдта, стæй, алыхуызон архитектоникон амæлттæй пайда кæнгæйæ, дзырдаивады фæрцы сныв кодта, цард рæстæгæйрæстæгмæ куыд сызмæст вæййы, дывыдоны дуг куыд ныллæууы, адæм æддæг-мидæг куыд ацæуынц æмæ нæмæг сурæджы куыд нал фæзоны. Уыцы дугтæ та нæ чысыл Ирыстоны иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдысты. Булкъайы-фырт æй бавзæрста йæхи рагъыл

[1] М а м с ы р а т М у р а т. Æцæгæлон бæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 45–46 ф.

[2] Д з у г а т ы Г е о р г и. Фæрнион Къоста // Ф æ р н и о н. Уацмыстæ. – Цхинвал, 1959. – 425 ф.

дæр, сæ куыстуарзаг хæдзарвæндагыл – йæ фыды фыды байзæддагыл ын кулæгты ном куы сæвæрдтой, дард æмæ сæ уазал Сыбырмæ куы фæхастой. Муразты Эльбрус уымæн дзырдта: «Раст цыма ирон адæм цыдæр æвæуæгæ тæригъæдтæ фидынц сæ хуыздæрты удтæй, афтæ фæкæсы адæймагмæ. Иутыл æртынæм азты туджы зæйтæ рацыд, иннæтæ тохы быдыры сæ рæзгæ цард нывондæн æрхастой, аннæтæ Гуладжы уæлæуон зындоны амæддаг баисты. Сæ фылдæр – хæрз æнафоны, сæ лæджы granted кармæ дæр куы нæма бахæццæ сты, афтæмæй...

Ацы трагикон номхыгъдмæ хæстæг лæууы Булкъаты Михалы уæззау хъысмæт дæр. Суанг йæ сабибонтæй фæстæмæ æййæфта, иу удæн æгæр, бынтон æгæр чи уыдысты, ахæм фыдæвзарæнтæ. Фондз азы дæр ыл нæма сæххæст, афтæ Булкъаты зæхкусæг бинонты кулаччытыл банымадтой. Балцы бæх æмæ сæм иу цæд галтæ кæй уыд, уый тыххæй. Рахуыдтой сæ ног цардарæзты знæгтæ. Знæгтæн та сæ фæндаг бæлвырд уыд – Сыбыры æппæты дарддæр къуыммæ»[1].

Уый æппæт фыдтæ мысгæйæ, Эльбрусы зæрдыл æнæнхъæлæджы не ‘рлæууыд уæды цаутыл фыссæджы уацмыс «Уый æз дæн, хуыцау!..»[2] æмæ дзырдта: «Бирæ азты фæстæ Михал уыцы æвирхъау цаутæ гæххæтты æвджид куы кодта, уæд фырдисæй йæ урс сæрыхъуынтæ куыд ныффæрæзтой утæппæт фыдмитæн? Цавæр дзуармæ бакувой, сæ мæгуыр къонамæ сæрæгасæй кæй сыздæхтысты, уый тыххæй?

Тайгайы тарф хъæдты уæрагмæ миты чи лæгæрста, фырæххормагæй дæнгæлтæ чи кодта, брезенты бын уазалæй чи марди, уыдонæй бирæтæ нал федтой сæ райгуырæн бынæттæ. Иумæйаг ингæнты сæ къодæхты калд кодтой.

Хурзæрин фæскъæвда тынгдæр ферттивы. Михалæн йæ уд æрсабыр, æнхъæлдта, ныр сæ хъизæмæрттæ фæсте аззадысты, ныр сын кæд фадат фæуаид сæ цард саразынæн. Фæлæ та фæрæдыд. Сæ бинонтæн бар нæ радтой Хуссар Иры æрцæрынæн æмæ Къахетмæ алыгъдысты, сæ дард фыдæлтæ ивгъуыд æнусы, фæсреформæйы заман,

[1] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Фæстаг ныфс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 101 ф.
[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974. – 115–227 ф.

зæххагур кæдæм ацыдысты»[1], – æмæ йæ сыгъзæринæй кæм ссардтой, уырдæм.

Зынтæ, мæстытæ, фыдтæн сæ бон у æрсабыр уой зæрдæ æмæ хъуыдыйы, æрбада сыл æртхутæг æмæ мауал зыной. Фæлæ сыл хъуыдыгæнæг адæймагмæ нæ бафты мæрдырох. Чысыл уддзæф дæр базмæлын кæны æртхутæг, айсы йæ иуварс æмæ цæхæр рарттивы ногæй. Нæ фыссæджы риссаг ивгъуыд дæр æгæрон Советон Цæдисы советон дуджы рацарæзты рæстæджы фадат радта ивгъуыд бонтæ хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр мысынæн æмæ, нæ фыссæджы зæрдæйы билцъ цы маст уагъта, уый радта рухс æвзар – роман «Сырх хъаймæт».

Ахæм ном ын æнæнхъæлæджы нæ равзæрста Михал. Ацы хуыз – сырх хуыз адæмæн æмткæй тыхы, хъаруйы, лæгдзинад, стæй сæрибары нысан у æрмæст махæн, ирæттæн нæ, фæлæ дунейы тынг бирæ фæллойгæнджытæн. Бынтон æрæджы дæр ыл, куыд зонæм, афтæмæй сæрибары, кады, амонды зарджытæ нывæзтам:

*Нæ тугсырх тырыса*
*Нæ тугхъулон хохы*
*Сырх-сырхидæй дардмæ фæйлау!*[2]

(«1920-æм АЗ»)

Кæнæ, ноджы фæстæдæр кæй кодтам, ахæм зарджытæ:

*Сырх Гварди нæм фæзынд:*
*Сырх стъалытæ цъупп худтæй æрттывтой:*
*Нæ сæууон хур – сæрибарад æрцыд –*
*Йæ рухс тынтæй Ирыстоны æртыхта.*[3]

(«Сырхгвардион»)

Бæргæ раст дзырдта Мамсыраты Дæбе: «Цард цæрынæн у æмæ дын Хуыцауæй цы дыууæ боны лæвæрд ис, уыдон

---

[1] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Фæстаг ныфс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 101–102 ф.

[2] Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958. – 508 ф.

[3] Г а ф е з. Уацмыстæ. – Сталинир, 1955. – 58 ф.

дзæбæхæй ацæр…»[1] – фæлæ уыцы бон дæр адæймаг йæхи уæнгбæстытæй куы хата, уæд цыфæнды æфсæст цард дæр удæн æнцой нæ дætты. «Æрæджы дæр-ма сырх хуыз махæн уыд сæрибар æмæ рухс фидæны символ. Уый райгуырд немæ Стыр Октябрæй, царди немæ æмæ нæ уырныдта: фæстаг революци у фæстаг тугкалд æмæ адæмтæ йæ хурмæ ссардзысты æнцой. Æвдай азы нæ уырныдта…» – катайгæнгæ, дзырдта Букуылты Алыкси, чиныджы къухфыстæн авторы фæндонмæ гæсгæ цы чысыл рецензи ныффыста «Сырх хъаймæт», зæгъгæ, уым. – «Фæлæ мæнæ ныллæууыд сабыр революци. Æмæ йын йæ «сабыр» нæма федтам: плюрализм нын æрхаста бирæ контрасттæ, фæлæ рацарæзт раздæры иллюзитæ ныддымдта, раивта дуг, фæлæ нæма ссардта æнцой, уый нæ, фæлæ монцтæ сгуыпп ластой ногæй æмæ тæхы уыцы монцтимæ адæймагад йе 'нусон балцы, кæдæм – йæхæдæг дæр æй нæ зоны…»[2].

Фæлæ уый хыгъд зонæм, рецензент, Ирыстоны хуссар хайыл ивгъуыд, XX-æм æнусы фæудæй ног æнусы райдайæнмæ туджы зæйтæ кæй аххосæй цыдысты, Горбачевы уыцы сыгъдыйы («рацарæзт»-ы нæ, фæлæ «фесæфты»!) дугивæны кой кæй кæны разыйæ. Уымæн æмæ нæ афтæ хъомыл кодтой – уæлейæ цы зарæг схъæр кæной, мах дæр уымæн хъуамæ хъырнæм. Дзуццаты Хадзы-Мурат дæр йæ дугæй уымæн разыйæ æппæлыд: «Нæ абоны цард æмæ рæстæг домынц, цæмæй тынг сырæза адæймагдзинады критери. Буржуазон-реакцион æхсæнад, аивад æмæ литературæ тауынц дегуманизацийы марг, стауынц тыхми, æфхæрд æмæ фыдгæнд, адæймаджы кæнынц æнæадæймагон. Мах тох кæнæм адæймаг æмæ адæймагдзинады сæрвæлтау, æппæт амæлттæй архайæм, цæмæй сæ бахъахъхъæнæм, цæмæй адæймаг æнæмæнг суа адæймагон, тох кæнæм, адæймагмæ цыдæриддæр æнæадæймагонæй ис, уый ныхмæ. Ныры хуызæн цæхгæр æмæ карзæй никуы ма лæууыд гуманизмы фарст. Ныры хуызæн бæрнон æмæ алывæрсыгæй никуы ма цыд скъуыддзаг гуманизмы коммунистон æмæ æппæтадæймагон миди-

[1] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1965. – 66 ф.

[2] Авторы архивæй.

сы фарст»[1]. Фæлæ, дзæвгар рæстæг нæма рацæудзæнис, афтæ, нæ уæды бирæ «тохмонц» адæймæгтау, фыссæг дæр чысыл нал фæхæцдзæнис йæхиуыл, уайтагъд, цыма йæм рагæй цæттæ кодта йæхи, йæ уæдмæйы «фидар» хъуыды фæивдзæн цæхгæр: «Парадоксально, но война (Фыдыбæстæйон Стыр хæст – Хъ. М.) для многих из нас была возможностью обретения свободы. Поэтому рвались на фронт, на поле битвы. Дрались честно и героически, не щадя своей жизни. И победили. И вернулись. И что же? Ничего не изменилось, стало еще меньше свободы. Оказывается, дрались с немецким фашизмом ради того, чтобы спасти свою несвободу»[2], – æмæ, Хадзы-Мураты хуызæн курдиатджын фысджытæ сæ хъуыды афтæ кæм раив-баив кодтой, уым иннæтыл цы бон уыдаид?!. Ахæм хæццæ ракæ-бакæйæ адæм сæфтой сæхи хъуыды. Цард сыл æмпылд хурбоны æрчъиагау. Бирæтæн дзы хæццæ кодтой цардмæ сæ ахаст.

Æмæ уыцы рæстæджыты сыгъдæг, æууæнчы цагъар адæмыл ныккæнынц уынгæг, кæуинаггаджы бонтæ. Æмæ Алыкси кæд бынтон разы нæ уыд Горбачы «сæрибар»-æй, уæддæр йæ хъуыды дзырдта æргомæй: «Уæддæр, табу плюрализмæн: «Æргом дзырды къæм нæй», – зæгъгæ, ирон æмбисонды фарс слæууыд æмæ хъæрæй дзурыны бар рацыд. Адæймаг йæ цæстытæй ракаст æмæ, цы дуне зыдта, уый йæм æндæрхуызон разынд, раздæр йæ фæсонæрхæгмæ дæр кæй нæ ныдздзырдтаид, уыцы æвирхъау хабæрттыл дæр æргом сдзырдта. Сыгъдæг рæстдзинадхæссæг æнхъæл кæмæн уыд, уый дыууæудон разынд: æддаг бакастæй цивилизацийы хъæбул, мидæгæй та – хъæддаг сырд, цъæх бирæгъ... Æмæ, кæд цыфæнды амалæй дæр æмбæхста йæ сырдон æрдз, уæддæр баззадысты йæ дзæмбыты тугхъулон фæдтæ...»[3]. Сæрибарæй йæм бафтауæн уыдис: «йе згæ ссыры хæстытæ».

Уыдæттыл та йæ рæстæджы сæ тæвдæй куынæ уа дзурæг, уæддæр баззайынц адæймаджы зæрдæфысты

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 149 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæсытæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 237 ф.

[3] Авторы архивæй.

æмæ, кæд абон нæ, уæддæр сын райсом æнæ фергомгæнгæ нæ вæййы – сзынынц сæ тугæйдзаг фæдтæ. Г. Куницын дзырдта: «И все же глубоко заблуждаются те, кто готов уже и теперь потихонечку (и под самыми различными предлогами) свернуть в художественном творчестве классово-политическую проблематику, представить дело так, будто уже на данной стадии в советском обществе, поскольку социальный строй у нас в принципе справедлив, отпала необходимость самой серьезной критики различного рода недостатков, а в замен появилась необходимость немедленного перехода искусства к такому идеалу красоты, в котором прекрасное изображение может соответствовать лишь прекрасному же объекту. По существу своему это есть не что иное, как неосознанный призыв к социальной пассивности. Против него наша партия предостерегала художников всегда и самым определенным образом»[1]. Афтæмæй, уымæн фæдзурынц, столицæты быдыр ахæххытæ кæнынмæ куы фæсидынц, уæд хъæуты та хуымты стыръæфсæн гутæттæ адарынц æмæ йæ иннæрдæм фæфæлдахынц, лæгæмбæрц къанауты сæрты сæ кæрæдзи дæр куыд нал уыной. Æмæ сæхицæй вæййынц разы.

Ахæм дуджы аивад никæй уал фендавы, сур ныхæстæй йæ цыфæнды стауай, уæддæр. Епхиты Тæтæри 30-æм азты ирон литературæйæ дзырдта: «Иу æнаккаг цæстæнгас ма ис ныртæккæ дæр нæ фысджытæм, уый у ахæм цæстæнгас, кæцымæ гæсгæ нæ социалистон арæзтады хъазуатонтæ не сты цæргæ, змæлгæ, йæ туг кæмæн æнхъизы, ахæм адæймæгтæ, фæлæ цавæрдæр хъæды лыггæгтæ, къодæхтæ, машинæтæ, кæцытæм ницы хъары, кæцытæ нæ зонынц «сагъæс» кæнын риуы арф бынæй»[2].

Æфхæргæ карзæй кодта, фæлæ уыцы дуджы тæвагæй йæхæдæг дæр нæ хатыд йæ уацы стиль. Æмæ ахæм уацтæ, стæй ноджы фыддæртæ иу æмæ дыууæ нæ уыдысты. Джыккайты Шамил æгъатырæй уымæн банысан кодта: «30-æм азты гуымиры критикæ рæзти, уымæл рæстæджы зокъотæ куыд зайынц, афтæ. Критикон «зокъотæ» уыдысты маргджын, хæрамхъæстæ æмæ фыццаг састой курди-

[1] К у н и ц ы н Г. Специфика искусства // Новый мир, 1970. – № 11.

[2] Е п х и т ы Т æ т æ р и. Хъуыдытæ нæ лирикæйы тыххæй / Рæстдзинад, 1934. – 29 сентябрь.

атты хъару, фæстагмæ та æркодтой 1937 азы трагедимæ. Уæд цагъд æрцыдысты иры сфæлдыстадон тыхтæ, арты сыгъдысты чингуытæ, удтæ, ныфсытæ. Æрнымæг литературон цард, æрлæмæгъ аивады рæзт»[1].

Михалæн нырма йæ зæрдæ хæлмæгтæ уыд уæды дуджы «кулæкты» азарæй, 37-æм азы нæ хуыздæрты сугъты цагъд ныккæнынæй æмæ йын æргом дзурыны рæстæг куы фæцис, уæд, Октябры револицийы агъоммæйæ рацарæзтмæ Ирыстоныл цыдæриддæр судзгæ фыдтæ æрцыд, уæлдайдæр, нæ хуыздæртæ цы культы рæстæджы басыгъдысты, уыдон иууыл иумæ сæхи æргом кæнын райдыдтой фыссæджы риссаг зæрдæйы æмæ сæ райгуырдис, уæдмæ уæллæгты тызмæг цæстæнгасæй рухс фенæн кæмæн нæ уыдис, ахæм гуырахстджын роман «Сырх хъаймæт».

Ивгъуыды фыдæвзарæнтæ йæхи рагъыл чи бавзæрста, Фыдыбæстæйон Стыр хæсты мæлæтдзаг цæфæй уацары чи бахаудта, инæг Хуыцауы фæрцы удæгасæй чи баззад æмæ фашистты къухæй ралидзын кæмæн бантыст, афтæмæй хæсты фæудмæ лæгмарты чи дæрæн кодта æмæ «цæмæннæ амардтæ?»-йы тыххæй хæсты фæстæ кæй æрцахстой, уазал Сыбыры хай кæй фæкодтой, йæ уд æрдуйы халыл кæмæн сæвæрдтой, уыцы хуыцауысконд адæймаг æмæ курдиатджын фыссæг дзы афтæ дзырдта: «Реалон ахорæнтæй реалон фæлгонцтæ нывкæнгæйæ, автор æргом кæны, банысангонд периоды тугхъулон фæндæгтæ. Æмæ канд æргом нæ: куыд фæзæгъынц, лæмбынæг ныккаст ивгъуыд дуджы талынгдæр къуымтæм, æрцæугæ историон цаутæн аразы философон-психологон анализ æмæ æвæры фарст: «Кæдæм цæуыс, адæймаг, дæ тугхъулон фæндæгтыл?» Уый у знæт дунейы фæдисы хъæр æмæ йæ чиныгкæсæг æххæстæй банкъары арф, карз дуджы нывтæ йæ цæстыты раз удæгасæй куы сыстынц, уæд»[2].

Булкъайы-фырт тынг хорз зыдта культы зынгæй басудзæг ирон разагъды фысджытæ Беджызаты Чермен, Хъуылаты Созырыхъо, Тыбылты Алыксандр, Малиты Геуæрги, Илас Æрнигон æмæ бирæ æндæрты кæуинаггаг

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 212 ф.

[2] Б у к у ы л т ы А л ы к с и. Сырх хъаймæт (Авторы архивæй).

хъысмæт. Осип Мандельштамы та ма цыма уырныдта: «И на земле, что избежит тленья, Будет будить разум и жизнь Сталин»[1] («Если б меня наши враги взяли…». «Ӕдых тыхджынæн – дондзау»[2]. Фæлæ Михалæн нæ тыхмардты кæуинаггаг хъысмæт æнцой нæ лæвæрдта, сæ царды истори йын хордта йæ уд æмæ йын ныр фадат фæцис, цæмæй чиныгкæсджытæн аивадон æгъдауæй сныв кодтаид, уыцы дывыдон дуджы æнагъæддаджы рæстæг, кæд йæ рæстæджы уыцы хъуыддаг, ныртæккæ бирæтæм куыд æнцон кæсы, афтæ нæма уыдис, уæддæр.

Уымæн хъуыд ныфсхаст адæймаг, бирæ хъару, стæй уæды рæстæг æмæ трагикон цауты бындур лæмбынæг сахуыр кæнын. Ӕмæ Булкъайы-фыртæй кæд уыдон дзæвгар тых æмæ ныфс æрдомдтой, уæддæр фыссæг уыдон атыдта йæ риссаг удæй æмæ, йæ разы цы стыр хæс æрæвæрдта, уый йæ къухы æфтгæ дæр бакодта.

Чиныджы автор йе ‘вæрццæг хъайтарты уарзгæ æмæ арæхстгай цас бæрцæй ныв кæны, уый бæрц ын æнæуынон сты, социалистон цардæвæрды номæй нæ хуыздæрты скуынæг кæныныл сæ удтæ чи хъардтой, сæ туг сын доны бæсты чи нуæзтой, уыцы лæгхортæ. Сæ иу – Дзандары уынæм: «Йæ царды закъон марын, æргæвдын æмæ удæгасæй хæрын кæмæн уыд, ахæм тугдзых цъæх бирæгъ»-ы[3] хуызæнæй.

Уымæй фæстæдæр ницæмæй лæууынц, йæхийау сæ цæсгæмтты (æниу сын цæй «цæсгæмттæ» ис?) цъæрттæ сæ зæвæтты цъæрттæй бæзджындæр кæмæн сты, уыцы ницæйæгтæ, адæймаджы сыгъдæг æмæ бæрзонд ном худинаггæнджытæ – Сими, Сæрæгас æмæ сæ хъузæтты.

Авторы курдиат рæвдздæр цæмæй уыдис: уæдæ, конфликт карз кæнын, уæдæ, фæлгонцтæ аразын, уæдæ, сатирæ æмæ юморы æвзагæй дзурын, уæдæ, символикон ныхасыхъæд æмæ æрдзы нывтæм чиныгкæсæджы цæстæнгас здахын æмæ æндæр аивадон амæлттæй фæстæ ницæуыл фæхæцыд, цæмæй уацмыс æппæтæй дæр рауадаид рæвдз, стæй – æппæтфарсон. Ӕмæ йын уыцы ахаст

[1] М а н д е л ь ш т а м О с и п. Стихотворения. Переводы. Очерки. Статьи. – Тбилис. 1990. – 243 ф.

[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. –Дзæуджыхъæу, 1976. – 248 ф.

[3] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сырх хъаймæт (къухфыст). – 471 ф.

фадат лæвæрдта йæ хъайтарты удыхъæд фæзминагæй, аллайагæй рæстæджы цыдимæ æвдисынæн. Секъа бæргæ раджы скарста: «Хуыцауы стыр лæвар – зæнæг»[1], – фæлæ адæмы хъуыды та ноджы раздæр райгуырд: «Сæгъæй сæныкк гуыры, фысæй – уæрыкк»[2].

Хуыцауы къахæргæвдæг Дзандарæн йæ фырт Сæрæгас йæ мады гуыбынæй рацыд йæ фыды халдих. Чъизи цæсгом, маргæй йемыдзаг зæрдæимæ цæрын йæ удыконды ис. Кæуылты ацæуы, уым йæ фæд баззайы рæстаг адæмы тугæй амæхстытæй. Йæ тугхор хæлар Берияйы аудыдæй бацахста партийы райкомы фыццаг нымæрдары бынат æмæ йæхи хуызæттау не 'фсæды сырх хуыз бæрзонд исын, сур ныхас æмæ дзы къозбау митæй æппæлынæй. Адæймаг зæгъдзæнис: «Ацы лæг æрмæстдæр сырх хуыз хъахъхъæныны тыххæй райгуырд». Фæлæ авторы фæндонæй символикон хуызы сырх мит куы райдайы уарын, уæд ма дзы бæргæ хъавыд йæ сæр бафснайынмæ, фæлæ йын уый нал бантысы. Нигер: «Æгъатыр у рæстæг»[3], – кæмæй дзырдта, уыцы дуджы сырх миты зæй раскъуыд, æрцыд, чиныгкæсæг кæмæ фенхъæлмæ кæсы, уыцы сырх хъаймæт æмæ дзы йæ бирæ саразгæ фыдты аххосæй Дзандарæн бабын вæййы йе 'взæр сæр.

Булкъайы-фыртæн, йæ уацмыстæй бирæты куыд у, афтæ ацы романы дæр æрдзы нывтæ, куыд уынæм, афтæмæй, сырх митау, ахъаз кæнынц чиныджы хъуыды хуыздæр раргом кæнынæн, адæймаджы хъуыдыйы йæ арфдæр нывæрынæн: «Тæссаг уыд сырх митæн йæ уынд, фæлæ уымæй тæссагдæр та уыд, йæ лæсæн-иу тæхгæ-тæхын кардау, кæм аныдзæвд, уым-иу рæмыхст зæххæн, зынгдзæф дзидзайау, йæ цъыс-цъыс кæй ссыд, уый. Рæмыхст зæххæн-иу, æгæрыстæмæй, йæ фæздæг дæр скалд æмæ-иу уæлдæф топпыхосы тæфæй айдзаг, цыма йæ уæлæ миты тæф нæ, фæлæ зынгсаха æруад, уыйау. Сырх хъаймæтæн йæ сусæгдзинады дзуапп фыст уыд йæ уылæны космикон тухгæзылды уæлæ æмæ-иу арвы рæхысау кæуыл æруад, уый-иу æрбакуынæг йæ иу ферттывдимæ. Афтæ

[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 213 ф.

[2] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал–Дзæуджыхъæу, 2013. – 246 ф.

[3] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 416 ф.

уыд ӕнӕмӕнг! Тугхуыз хъаймӕты ӕбуалгъ ферттывд-иу сӕ хъуыдыйы аззад дамгъӕйау, фӕлӕ-иу сӕ сырх-сырхид уылӕн йӕ къӕбӕлдзыг базырӕй рацъыкк ласта ӕмӕ-иу сӕ йӕ хуылфы ныттыхта сӕ сусӕгдзинӕдтимӕ»[1].

Хъамбердиаты Мысост бӕргӕ ӕвдыста адӕмы бӕллиц: «Бӕсты фарн, ды ардӕм Рухс амонд ӕрхӕсс!»[2] («Ӕнхъӕлц») – фӕлӕ... Нӕ адӕмӕн уыцы амонд нӕ фысджытӕй кӕй цӕст нӕ уарзта, фӕлӕ адӕймаджы бӕллицтӕ ӕмӕ фадӕттӕ Хуыцауы фӕндӕй куынӕ цӕуой иугонд, уӕд сын уды фӕндонӕй нӕй сӕххӕст уӕвыны фадат.

Сырх хъаймӕт, фыссӕг ӕй куыд сныв кодта, афтӕмӕй, хъыгагӕн, ӕххӕст фарнхӕссӕг нӕ разынд – зӕххӕн рухс амонд нӕ бауарзта йӕ цӕст. Михал йӕ уацмысы нывнӕлдта, нырма нӕ риуты чи судзынц ӕмӕ дудынц, уыцы риссӕгтӕм, басхъаудта сӕ йӕ фыссӕн сисы фындзӕй ӕмӕ сыл рухсы тын куыддӕр аныдзӕва, афтӕ сӕм тынг бирӕ адӕмты риссаг зӕрдӕты дуӕрттӕ байгом уыдзысты. Нӕ литературӕйы фӕзындзӕнис, нӕ зӕрдӕты риссӕгтӕ хурмӕ чи ракалдзӕн, ахӕм хъӕуӕг чиныг. Фӕлӕ Джыккайты Шамил хуымӕтӕджы нӕ дзырдта: «Цардӕн нӕ ивы йӕ конд, Хорз лӕгӕн бирӕ и знӕгтӕ»[3] («Зондджын мын амоны зонд»). Ӕмӕ уыцы знӕгтӕ нӕ хуыздӕртӕн – адӕмӕн, чингуытӕн алы хатт дӕр, басӕттӕн кӕмӕн нӕй, ахӕм ӕгъатыр ӕмӕ ӕнусон ныхмӕлӕуджытӕ разынынц. Нӕ сын фӕдӕттынц рӕстӕгыл хур фенины фадат. Фӕлӕ рӕстдзинады ныхмӕ алчи дӕр ӕмӕ алцы дӕр Хуыцауы фӕрцы ӕдых у.

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Сырх хъаймӕт //Фидиуӕг, 1996. – № 1. – 13 ф.

[2] Х ъ а м б е р д и а т ы М ы с о с т. Уацмыстӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 2002. – 84 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ӕвзӕрст уацмыстӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 2015. – 158 ф.

ФАРАСТÆМ СÆР

## НЫВÆФТЫД ДЗЫРДЫ АИВТÆ

Адæймагæн Хуыцауæй нывгонд цы уа, уымæй йæ кæдæмфæнды куы æппарай, уæддæр ын æм æнæздæхгæ нæй. Æмæ, бæргæ, «кæуыл цы бон æркæны, уыцы бонæй ф‘ архайы»[1], – уæддæр адæм зондджын сты: «Фæрнджын лæг йæ амонд мæрдтæм нæ хæссы»,[2] – акæнынц.

Михалы дуджы индзылер стыр кадджын уыдис. Æмæ, куыд зонæм, афтæмæй æфсæнвæндæгты индзылер уыдис. Кусгæ дæр гыццыл бынаты нæ кодта. Уæды авналæнтæм гæсгæ цæрын фæрæзта Фæлæ нæ бон зæгъын нæу, йæ дæсныйадæй йæ сæр мигътыл хафта, зæгъгæ. Буц æмæ сæрыстыр уыдис æрмæстдæр, Ирыстоны историйы, уæлдайдæр ирон нывæфтыд литературæйы историйы йæ ном цæмæй баззад, уыцы фыдзын, æбузын, фæлæ æвæджиаг дæсныйадæй – фыссæджы удуæлдай фыдæбонæй.

Ацы тыхбыны куысты йæ хъуыддæгтæ куыд цыдысты æмæ йын саразын цы бантыст хорзæй, уыдоныл нæ цæст ахастам. Фæлæ прозæйы жанрау арф æмæ алыварсонæй хъуыды кодта ирон литературон критикæйы. Йæ цардуагон куыстæй дзы дзырдтæ аркъауæй куы æлвæстаис, уæддæр дзы йæхи тылив кодта, цыма дзы фæлмæцыд уыд, цыма дзы тых куыст кодта, цыма дзы йæ уæлхъус хотыхтимæ лæууыдысты. Фæлæ йын литературæйы кой скæн… Уымæй дæр, «литературная обойма»-мæ[3] чи хауд, уыдоны нæ, фæлæ литературæйы æфсондз æнæ хъинцъ, æнæ хъыллист чи хаста æмæ хæссынц, уыдон кой йын скæн…

Æцæгæй, литературæйы, йæ проблемæты, уæхскуæзæй йæ чи арæзтой, уыдон кой дын къуыригæйтты дæр кодтаид. Хæлцы кой чи кæны – литературæйы цур æй дон дæр нæ хъуыдис, æрмæст ын æмцег фæлæууыдаис уыцы хъу-

[1] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 313 ф

[2] Уый дæр уым, 309 ф.

[3] И л ь ф И л ь я, П е т р о в Е в г е н и й. Необыкновенные истории из жизни города Колоколамска. – М., 1989. – 221 ф.

ыддаджы. Стæй æнæбындур ныхас никуы кодта, кæнæиу йæ зонындзинæдтæ никуы æвдыста. Алы хатт дæр йæ ныхас уыд бæлвырд, принципиалон æмæ хъуыддагыл. Уый тыххæй йæм кæддæриддæр хъусын уыд æнцон æмæ уыимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æхцон дæр.

Уый тыххæй нæ æмæ йæхи литературæйы бодзыл нымадта, фæлæ литературæйы бодз кæй уыдис, ууыл цæмæн хъуамæ дызæрдыг кодтаид, æцæгæй дæр афтæ куы уыдис, уæд. Стæй литературæйы тыххæй æрмæст дзургæ нæ кодта, фæлæ ирон литературон критикæйы, уæлдайдæр эссейы жанры йæ хъуыдытæ чиныгкæсджыты рæгъмæ хаста разæнгард æмæ разыйæ. Нафи дзырдта: «Михалæн бирæ уацтæ ис фыст ирон аивадон литературæйы уацмыстыл æмæ нæ фысджыты сфæлдыстадон сурæтты фæдыл… йæ иуæй-иу фыстæджытæ дæр сты сæрæй кæронмæ литературон уацмыстæн анализ кæныны охыл фыст»[1]. Æмæ уый æнæфæхатгæ нæ фæуыдзæнис, фыссæджы сфæлдыстадимæ æрмæст уæлæнгай базонгæ уа, уый кæй бафæнда, уыцы чиныгкæсæг дæр. Уымæн æмæ, Булкъайы-фырт цард нывæфтыд литературæйы цæрайæ æмæ литературæйы тыххæй. Æмæ уымæй алыхатт дæр уыдис разы. Мурасты Эльбрус дзырдта: «Бирæ, тынг бирæ аивадон хæзнатæ уыд æцæгдæр Михалы сæры… Михалы фæндыдис, ирон фысджытæй фылдæр кæй нымадта, сæрыстыр кæмæй уыд, уыдон сфæлдыстадон портреттæй хицæн чиныг саразын»[2].

Аразгæ дæр æй скодта. Нæ мыхуыры фæрæзты дзы цалдæр рухс федтой æмæ сæ арæзт, се ‘взаг, сæ зæгъинæгтæй чиныгкæсæджы зæрдæ райы, кæд нæм литературон критикæйы уый алы хатт нæ вæййы, уæддæр. «Поэт трагикон цау фенгæйæ, бындзарæй куы ныккæрзы æмæ йæ зæгъинаджы поэтикон фæлгоц йæ уды тæгтæй куы фæнывæнды, уæд ын йе сфæлдыстад басгуыхы цардæгас автопортрет. Ахæм сурæтæн йæ нывæст вæййы вазыгджын æмæ символтæй йедзаг, уымæн æмæ февдисы куыд конкретон адæймаджы бæрæг-бæлвырд гæччытæ, афтæ адæймаг æмæ дуджы кæрæдзимæ ахастытæ. Поэт

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 322 ф.

[2] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Фæстаг ныфс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 108 ф.

нæу цаутæй рифмæбыд уацмыс фыссæг. Поэт у, цауты æндæвдæй уды сæвзæргæ тугæрхæм фæлгонцæн поэтикон формæ чи ссары, уый. Цæрукъаты Алыксандр зæрдæйы хъусæй ахсы дуджы удызмæлд æмæ йын йæ алы мыræн йæ поэтикон дунейы ары æмзæл мыр. Удæн æддейæ йæ агурын ницы хъæуы æмæ мысгæ дæр ницы кæны. Йæ уды хæлбурцъгæнæг æрмæгæй фыссы йæхи «суанг сонты бонтæй» фæстæмæ, дунейы рис æнкъары сабийы æнæхин зæрдæйæ. Йæ цаутæм ын кæсы æппæт æмбарын æмæ банкъарыны цымыдисæй се 'мыдзаг чи у, ахæм цæстытæй. Дунейы дæрзæг цъарыл аныдзæвгæйæ, йæ зæрдæйæ æрвгъуыз туг цал хатты ныссæххæтт кæны, уал хатты та йæ разы байгом вæййы ног бæстæ. Йæ фæндаг æй куы «хосгарсты бæрзæндмæ» ссайы, куы йæ «лæбырд фахсы лæсæнмæ» бакæны, куы та йæ «æвзист доны хуырдзастыл» алæууын кæны. Фистæгæй мин хатты кæмыты æрзылд, уымыты та йæ разы байгом вæййы ног дуне, фæлæ йæм фæстагмæ уæддæр æрцæуы ахæм хъуыды: «Æмæ йыл размæ цас ацæуын фылдæр, гъе уый бæрц дуне ногдæр у мæнæн» («Фæндаг»). Дун-дунейы хуылфы рагæй-æрæгмæ цы хæлбурцъызмæлд ныттыгуыр, æрмæстдæр æм уый банкъарыны сæраппонд æрцæуы зæхмæ йæхи æруадзыны хъуыды. Цæмæй скифаг чызг Занчуллæ (йæ радзырд «Мæлгæ аццы кафт»-ы), фырвæлладæй «уæлгоммæ хуысгæйæ, арвы цæхæр къуырфмæ» куыд каст æмæ тыхгæнджыты зæронд науы кæлæддзаг хъилты хъинцъ-хъинцъмæ куыд хъуыста, афтæ байхъуса хæстæндзарджыты фыдæй атомифтыгъд зæххы къорийы ихсыд уромæнты дзæнгæлтæгæнæг къæскъæсмæ. Йæ буар æмæ йæ удæй сын банкъара сæ дагъытъайлаг уавæр æмæ йæ базона, кæддæра ма кæдмæ фæуромдзысты сæрсæфæн уырдыджы къæппæвæрд къори»[1], – дзырдта, поэт-иу романтикон æнкъарæнтæй зæххон хъуыддæгтæм цы хуызы æрфистæг, уый охыл.

«Литературæйы ахъаззаг миссийыл хъуыды кæнгæйæ, æцæг курдиат, цыфæнды бирæ куы сараза æмæ йын цыфæнды бирæ куы 'нтыса, уæддæр разы никуы вæййы

[1] Булкъаты Михал. Поэты автопортрет // Фидиуæг, 1988. – № 12. – 60–61 ф.

йæ куыстæй, нæ ныззыны йæхимæ, фæлæ иугæндзон къæмдзæстыг у йæхи æмæ адæмы раз»[1], – Цæрукъайыфырт уыдис, Дзуццаты Хадзы-Мурат афтæ кæмæй дзырдта, уыцы фысджытæй. Уыдон та æппынæдзух сæ дзыллæ æмæ сæ Фыдыбæстæйы сæраппонд схъæлбæрзæйæ никуы фæцæуынц, фæлæ фæлдæхтдысæй фæархайынц сæ адæмы раз се стыр хæс бафидыныл. Хадзы-Мураты хъуыды фыссæджы тыххæй уыд: «Уый афтæ бирæ домы йæхицæй, ахæм егъау бæрндзинад æнкъары æмæ йæм йæ нырыонг фыстытæ ницы кæсынц, æнхъæл у, зæгъгæ, йе 'цæг уацмыс нырма фыст нæу æмæ йæ, чи зоны, сомбоны ныффысса»[2].

Алыксандр æцæгæй ахæм фыссæг кæй басгуыхт, Михалы цæстæнгас ирон поэттæй æппæты фыццаг йæхимæ чи аздæхта, уыдон номхыгъды уымæн ис[3]. Хадзы-Мурат дзырдта: «Алыксандыр кæй у, нырыккон ирон поэзийы æцæг аивады барæнтæй æмæ домæнтæй дзурæн кæуыл ис, ахæм поэт»[4]. Æмæ уый тыххæй Михал-критичы дзырд æмбæлы адæймаджы æнкъарæнтыл, агайы зæрдæ. Сæйраджы-сæйраг та нæ цымыдис кæны фыссæджы сфæлдыстадмæ, цæмæй йæ бакæсæм ногæй, бамбарæм æй хуыздæр, кæнæм ын æмбæлон аргъ, нæ зæрдæтæм ын хæстæг айсæм йæ лирикон-философон хъуыдытæ. Кæд йæ критикон уацты æмхиц нæу даргъ цитатæтæ хæссынмæ, уæддæр сæм йе 'ргом уымæн дары, цæмæй поэты авналæнтæ парахатдæрæй равдиса.

Мæнæ, адæймаджы цæстæнгас йæхимæ чи здахы, алыхуызон хъуыдытыл нæ чи æфтауы нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй, уыцы цæстæвæрæн цæвиттонтæй иу: «Цард цыфæнды тæхæд размæ, уæддæр поэт цæры йæ рисимæ. Уый нæу рог. Уымæн йæ судзаг рæстæджы иу фадыгыл нæ ахады æмæ йæ бæрцæй Ирыстоны арæнты нæ цæры, мыййаг. Æххæссы тынг дæрттыл æмæ æнусты сæрты æвналгæйæ, æххæссы Туркмæ, Иранмæ, Сиримæ, Индимæ, Алжиры змис быдыртæм.

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 317 ф.

[2] Уый дæр уым.

[3] Г а д ж и т ы Г е о р г и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 190–199 ф.

[4] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 80 ф.

*Мæ къабаз Хуссары, фæсденджыз, риссы,*
*Мæ зæрдæйы кæрдихтæ ихсийынц кæмдæр.*
*Уым ме 'фсымæр хæты лæзæрд сæхъхъисы,*
*Чалмæ-хызæй æрбатухы йæ сæр.*
*Нæ сау хæхтæ нæма систой сæ саутæ,*
*Сæ цотмæ бæлгæ тахтис сыл æнус.*
*Зынджы стъæлфау, ирон лæг, дард фæхаудтæ...*
*Кæд, чи зоны, æрттивынц ма дæ туджы*
*Фыдызæххы æгъдæуттæ æмæ уарзт...*
*Уынын дæ æз цола хæргæфсыл Турчы,*
*Лæууыс Ираны стыр мæзджыты раз.*
*Уынын дæ хурсыгъд Сирийæн йæ уынгты:*
*Фæхæссыс де 'ккой къомситы чыргъæд...*
*Æмбæрзы дымгæ пъалмæджын быдырты*
*Дæ араббаг бæхы сæфтджыты фæд...*
*Уынын дæ Индийы – æрмахуыр сау кæлмыты*
*Ыстыхтай цонгыл базары кæрон.*
*Уынын дæ æз – Алжиры змис тæлмытыл*
*Дæ теуа бастад... Мысыс сатæг бон...*

Уый у, нæ адæмæн йæ гуыргъахъ цардвæндагыл, фыдохы чъегърейау, чи басгуыхт, ахæм рис. Алыксандр ын йæ райдиан нымайы, суанг ма грекаг закъонæвæрæг Солон æмæ скъифаг стыр философ Анахарсис куы цардысты, уыцы дугæй»[1], – цæмæн æмæ куыд, уыдæттæ нын Михал фæлгъауы æрдхæрæны поэты сфæлдыстады тыххæй йæ уацы.

Æмæ афтæ уарзгæ, афтæ арæхстгай æмæ райгондæй æрмæст Александры поэзийы кой нæ кæны. Йæ дзуринæгтæ дзæвгар æмæ дардыл сты. Уымæй дæр алы кары æмæ алы удыхъæды адæймæгтыл. Уыимæ сæ алкæй тыххæй ныхас кæны, кæмæн сæ куыд у йæ курдиат, ахæм нывæфтыд ныхасы уагæй. Фæлæ сæ иу кæны иу стыр хъуыддаг – ирд æмæ хæдбындур курдиат. Æмæ сæ литературон критик кæй тыххæй фæнды дзурæд, йæ ныхас у æргом, зæрдæмæхъаргæ æмæ раст. Чи сæ фæкæсы, уый афтæ тынг уымæн фелвасынц сæхимæ. Уымæн æмæ сын

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Поэты автопортрет // Фидиуæг, 1988. – № 12. – 61 ф.

Булкъайы-фырты фæрцы ныккæсы сæ уды иууыл арфдæр, зæгъæн ис, сусæггагдæр æвæрæнтæм. Уыцы хъуыддаг алкæй бон кæй нæ уыд æмæ нæу, Михалы эссетæ нын уымæн сты зынаргъ.

Зæххыл æрмæстдæр «иу хуыцау – Рæстдзинад»[1] кæмæн уыд, Нафи «йæ поэтикон зæрдæйы æмæ хъуыдыйы хивæнд»[2] кæмæн рахуыдта Плиты уыцы куырыхон фыссæг Грис йæхицæй фынддæс азы кæстæр Булкъаты Михалæн та ахуыргæнæг æмæ зондамонæг уыдис[3]. Стыр поэт, æппæтуынæг драматург, фенддаджы тæлмацгæнæг æмæ, критик йæхæдæг куыд зæгъы – «дзыхæйдзургæ радзырды жанры» дæсныйы тыххæй йæ уды цин бамбæхстаид, йæ ирд æмæ уæлмонц хъуыдытæ адæмы рæгъмæ ма рахастаид æмæ сæ чиныгкæсæгæн алæмæтон аргъауау ма фæдзырдтаид, цæмæй хуыздæр базыдтаиккам, Хуыцауы цæст нын цы курдиат радтын бауарзта æмæ йæ цæмæй фылдæр бауарзæм, уый литературон критикæн нæ бацис йæ бон æмæ тынг раст бакодта, йæ тадзгæ-баргæ хатдзæгтимæ мах дæр кæй базонгæ кодта, уымæй.

Автор юмористон ныхасмæ æмхиц нæ уыдис æмæ йын æуууæндæм йæ зæххон хъуыдыйыл: «Дунейыл цъус нæй, бирæ жанрты чи кусы, ахæм фысджытæ, фæлæ се сфæлдыстадон æрдз æппæты хуыздæр разыны иу жанры. Плиты Грисы сфæлдыстадон æрдз та æмхуызон рарвгом трагеди, драмæ, лирикæ æмæ, йæхæдæг йæ къух кæуыл ауигъы, уыцы дзыхæйдзургæ радзырды жанры. Чи зæгъдзæн, «Чермен», «Хæррæгъ» æмæ Грисы дзыхæйдзургæ нигилистон радзырдтæн иу автор ис, зæгъгæ? Йæ аив дзырд æмхуызон ахады трагеди æмæ комедийы, фæлæ трагикомедитæ нæ фыссы. Чи зоны, йæ комедион персонажтæн, уды драмæйы бахаугæйæ, сæ дзыхæй уæззау дзырд схауа. Кæнæ йæ трагедион хъайтартæ рог дзырд сæппарой мæлгæйæ, фæлæ трагикон уавæрты никуы бахауынц. Йæхæдæг дæр вазыгджын адæймаг у. Хорз зæрдыл куы вæййы, уæд ын йæ ныхасы не ссардзынæ иу мисхалы бæрц дæр драмæ. Хъынцъым кæнгæйæ та йæ

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 303 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009. – 5 ф.

[3] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Нæ ахуыргæнæг æмæ нæ зондамонæг // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 180–191 ф.

тар хуызты нал аззайы райдзаст хуызтæн сæ кой дæр. Йæ зæрдæйы ахаст йе 'нгæсы ахадгæ фæивтытæй нæ бафтауы адæймагыл, фæлæ йæ æмæнкъарæн скæны йæ миддунейы æцæг равгæй. Ахæм рæстæджы йæ равг фæзыны æрмæст йæ хъæлæсыл æмæ йын фæивы, бынтон бæзджынæй (бас!) райдайгæйæ суанг сабийы зæлланггæнаг (дискант!) хъæлæсы онг»[1].

Бæргæ, «доны дурын дон хæсгæйæ сæтты»[2], – фæлæ алцæмæн дæр ис йæхи рад. Джыккайты Шамил, алырдыгæй йыл чи рæйдтой, уыдон тæссаг æртхъирæнтæ æмæ йæ царды стыр нысаныл хъуыдыгæнгæйæ, дзырдта: «Раст дзырд – мæ цардæн тæссаг, Худинаг – уымæй тæссагдæр» («Зондджын мын амоны зонд...»)[3]. Æмæ ирон лæг кæддæриддæр худинаджы бæсты мæлæт æвзæрста. Грис æцæг ирон лæг уыдис, йæ сæрмæ худинаг кæй нæ хаста, æппынæдзух æмгæрттæй дæр, хицæуттæй дæр схуыст уымæн æййæфта.

Уый тыххæй йын байхъусæм йæхимæ Гафезмæ йæ фыстæджы: «Единственное, что для меня доставляет отраду, это – письма друзей, близких, знакомых, круг которых, как ни странно, у меня становится почему-то все уже и уже. На днях меня в Обкоме так разделили, так! Арв æмæ зæхх æмбу кодтой мæ тæригъæдæй. Мæныл йæ къах чи нæ сæрфта, чи мыл нæ ту кодта, мæ бæрзæй мын чи нæ тъæпп кодта – бирæ ахæм нæ уыдис. Ме 'мбæлттæ, – кæй сæрыл хæцыдтæн, кæй хъахъхъæдтон, цæфтæ кæй тыххæй райстон, уыдон та, мыстытау, хуынчъыты бабырыдысты æмæ уырдыгæй гудзитæ кодтой. Айразмæ дæ иу письмойы фыстай иу дзауахеттаг дзæргъы тыххæй. Фæстаг ахъаззаг тох скодтон Елбыздыхъо, Дауыт, Цомахъ æмæ кæйдæрты сæрыл, фæлæ тæккæ размæ ралæууæны фæстæмæ фæкастæн æмæ мæ фарсмæ, мæ фæстæ никæй ауыдтон. Мæ зæрдæ суынгæг ис æмæ галау ныббогъ кæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ, мæ цæсты сыг цы æркалдис, æндæр мæ дзыхæй ницы мыр сирвæзти...

Ныххостой мæ, карз æфхæрд мын радтой æмæ бæрзæйкъулæй рацыдтæн.

---

[1] Уый дæр уым.

[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 316 ф.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 269 ф.

Æппæты зындæр та мын уый у, æмæ вульгаризаторты аминдигæнæг ДЖ. А-имæ чъизицæсгом Тембол кæй ра-зынди. Уымæй калмдæр калм зæххыл нæ уыд, нæй æмæ нæ уыдзæн никæд! Уый æнаккæгтæн сæ тæккæ сæр у, æмæ йын æй макуы ферох кæнут сымах дæр»[1]. Мæстæйдзаг, æфхæрд фыссæг фæдзæхста йæ хуссайраг æмсисонты дæр, цæмæй сыл йæхи сайд макуы æрцæуа, ма йыл бауæндой уыдон дæр æмæ сæ лопъо сайд макуы фæкæна. Уымæн æмæ, иу хатт чи бахæры йæ цæсгомы цъар, уымæ дыккаг хатт æнхъæлмæ кæс ноджы фыддæр фыдтæм. Йæ туд-жы кæмæн цы ис, уымæн нæй сафæн. Нæ фыдæлтæ-иу уымæн акодтой: «Хæрæг сæдæ боны куы фæсира, уæддæр ын иу бон æнæ асæпп-сæппгæнгæ нæй»[2]. Æмæ уыдæттæ Грисæн амонын нæ хъуыд, æппынæдзух йæ куысты сæр кæй хъуамæ лæууа, стæй дзырдæн, Дзодзийы дурау, авд æвæрæны куыд ис, уыдæттæ куыд фидарæй зыдта, уыйау.

Афтæмæй ахæм уавæры дæр Къостайæ фæстæмæ ирон фысджытæй, æвæццæгæн, ирон дзырды аивыл Грисæй хуыздæр ничи куыста. Афтæ-иу æй скалын кодта цæхæръ-тæ æмæ зæрдæйы тигътыл фæпæр-пæр кæнынц. Фыс-сæджы цард æмæ сфæлдыстадыл куы дзурай, уæд уыцы нывæфтыдтæн нæй рохгæнæн, хъæуы сæ чиныгкæсæджы размæ хæссын. Æмæ, зæгъæн ис, Михалæн йæ бон куыд бацис, афтæ æппæт хъарутæй бацархайдта поэты уыцы аивтæ чиныгкæсæгæн фенын кæныныл.

«Грисæн йæ поэзи кæм ис, – зæгъы критик, – йе сфæл-дыстады иннæ жанртæ дæр сты уым. Хицæнтæй сæ са хуыр кæнын сомбоны хъуыддаг у, фæлæ уæлдай цымы-дисагдæр у, йæ поэзи æмæ йæ драматурги кæрæдзийыл куыд ахадынц кæнæ сæ иу се ‘ннæйы куыд æххæст кæны, уый. Йæ драматурги бæрзонд поэтикæ у, фæлæ хатт йæ лирикæ дæр сулæфы драматургийы улæфтæй æмæ йæ уый сисы адæмон хъуыдыйы барæнтæй фыст уацмысы бæрзæндмæ. Дзырд «адæмон» фæбæрæг кодтон, уымæн æмæ урс æмдзæвгæйæ фыст уацмысы поэтикон хъуыдый-ад адæмон ныхасыздæхтмæ Грис тынг баввахс кодта.

Уыцы бæллиццаг зыны, æгæрыстæмæй, Шекспиры тæл-мæцтыл дæр, æмæ æвзаджы ахæм тасгæ-уасгæ змæлд аи-

[1] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – 2013. – 12 ф.

[2] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 263 ф.

вады бæрзонд къæпхæнмæ сисынц поэтæн йæ драматурги æмæ йæ лирикæ. Афтæмæй Грисæн йæ бон у æмæ зæгъа: æз æппындæр ницы мысын. Æрмæст ирон æвзаг æмæ аив хъуыдыйадæн сæ æрдзы æнæвнæлд фæлтæртыл зилын. Сæ æрдзы мидæг ме ‘мхъæлæсон цы зæлтæ разыны, уыдон сисын æмæ сæ равæрын, сæ хуыз, сæ музыкæ хуыздæр куыд раргом уой, афтæ. Гъе, уый тыххæй йæ поэтикон ныхас аив æмæ музыкалон кæнгæ аивадæй нæу, фæлæ йæ сбæрзонд кæны йæ æрдзон уавæр. Уæвгæйæ, дзырдыл поэтизацийы гакк ма сæвæр, афтæмæй йын йæ примитивон æрдзæй курдиатджын уацмыс сфæлдис, зæгъгæ, уый йæхæдæг тынг бæрзонд аивад у. Фæлæ уыцы миниуæг ссис Грисы сфæлдыстады сæйраг принцип æмæ зыны йæ алы жанры дæр»[1].

Уыцы дæсныйад уæлдæфæй нæ цыд. «Грис арф æнкъары йæ хæс, йæ куысты бæрн æмæ йæ уацмыстыл кусы бæстон»[2], – дзырдта Шамил. Æмæ Плийы-фыртæн йæ бæстон куысты егъау фæстиуджытæ йæ къухы æфтыдысты йæ курдиаты фæрцы.

Булкъаты Михалы-иу, сæр кæм бахъуыд кæнæ-иу æй кæм бафæндыд, йæ уацты уыцы бынæтты йæ бон уыдис литературæйы кæцыфæнды жанры æмæ кæцыфæнды фыссæджы сфæлдыстады тыххæй кодтаид конкретон ныхас.

Малиты Васо дзырдта: «…критикон уацмыстæн, кæй сфæлдыстады тыххæй фыст цæуынц, уый ном æмæ кадмæ æнæ бавналгæ нæй»[3]. Афтæ кæй у, уый тыххæй адæймаг цымыдисæй хъусы, Ходы Камал æмæ йе сфæлдыстады тыххæй Булкъайы-фырт цы бæлвырд ныхас æрæфтыдта, йæ уацмыстæ йын йæхирдыгонау кæм æвзары, уымæ: «Уæддæр кæцæй райдыдта поэт Ходы Камал? Йæ фыццаг чиныг «Цæхх æмæ кæрдзын»-æй? Йæ дыккаг чиныг «Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц»-æй? «Кар»-æй? «Ном»-æй? Æви «Равг»-ы ссис, мах æй поэзийы кæмæй

---

[1] Булкъаты Михал. Нæ ахуыргæнæг æмæ нæ зондамонæг // Авторты коллектив. Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 187 ф.

[2] Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 229 ф.

[3] Малиты Васо. Ныстуан //Авторты коллектив. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 15 ф.

зонæм, ахæм? Кæд бавдыстой кæрæдзимæ сæ домæнтæ поэт Ходы Камал æмæ цард? «Цæхх æмæ кæрдзын»-ы æмдзæвгæтæ фысгæйæ нырма хæрз саби уыд, фæлæ, бирæ фенæгау, загъта:

*Кæсут-ма, мæнæ сæрсæфæн былыл*
*Мæ къахдзæфтæ куыд дзæбæх зынынц хурмæ…*
*……………………………………………………..*
*Мæ цардвæндагыл ахастон мæ цæст, –*
*Нæ хæххон донау, ацыди къæдз-мæдзы.*[1]

(«Мæ сонты бонтæ абонау уынын…»)

Иннæ ран сиды:

*Мæ царды фæндагыл æз дардæй фæлгæсын,*
*Цыдæр судзгæ сагъæсы зæрдæ нырризы.*[2]

(«Мæ царды фæндагыл…»)

Фæлæ цас «дард» уыд йæ царды фæндаг мидцоппайы заманты хъомылгонд 16–20-аздзыд лæппуйæн?

Йæ карæны миддунемæ бирæ æввахсдæр лæууы «Рудзгуытæ»-йы философи. Уым поэт рудзгуыты бауагъта уд. Цыма рудзгуытæ «адæймагмæ комкоммæ кæсынц, æнæныкъулгæ цæстытау» æмæ æнтъыснæгæй зæгъы:

*Мæнæн хъыг вæййы,*
*Рудзгуытæ изæр*
*Куы фехгæнынц æнгом*
*Æмæ куы ахуыссынц*
*Гагуытæ*
*Радыгай,*
*Цыма исчи*
*Тыхæй æрхæцы*
*Цæсты уæлтъыфалтыл…*[3]

---

[1] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 26 ф. Михалмæ цитатæ раст фыст нæу.

[2] Х о д ы К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 30 ф.

[3] У ы й д æ р у ы м. – 32 ф.

«Цæхх æмæ кæрдзын»-ы бакæсæм, йæ туг, йе стæджы рис буардзыд кæм ссис, ахæм æмдзæвгæ «Мæ фыды мысгæйæ». Ис дзы, нæ нацийы знон æмæ абоны трагикон уавæр кæм æвдисы, ахæм æмдзæвгæтæ дæр («Ирыстон», «Алантæ-иу сæ æрцыты цыргъытæ, «Цыртытæ). Ис дзы лирикон æмдзæвгæтæ («Къæвда», «Æнæраст хъуыддæгтæ», «Зæрдæ зоны уарзын», «Æмбисæхсæвы монолог»). Хæдбар курдиат разынд йæ дыккаг чиныг «Кæмбæр ирон лæппутæ зарынц»-ы. Æнкъард зæлтæй уæзгæ лирикон æмдзæвгæтæ ам фылдæр ис, фæлæ дзы ис, йæ уды ахасты тохы мидис кæм раргом вæййы, ахæм æмдзæвгæтæ дæр («Мадимæ ныхас», «Хъуыды», «Цы пайда сты», «Цомахъы фын», «Дызæрдыг», «Поэты хъынцъым», «Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц». Фæзынди йæм хъуыдыйы хъуырдухæн æмæ уæвынады философийы тыххæй («Уæларвæй ничи скъæфы стъалытæ», «Цæугæ дон æмæ рæстæг», «Уæларвæй цы ‘рхауа, уый уромы зæхх»). Уæды онг йæ хъуыды бæрæг дардта, удæнцой-иу ыл чи бафтыдта, ахæм ферттывтытæй. Ныр та йын сæйраг систы цæхгæр æвæрд фарстытæ царды мидис æмæ адæймаджы удыхъæды тыххæй...»[1].

Æгæр даргъ цæвиттон у? Æз та йæ бадис кæнынæн дзурын – фыссæгæн бæрц дзырдтæй йæ бон куыд бацис поэты сфæлдыстадыл афтæ бæрæг-бæлвырд æмæ алыварсон ныхас зæгъын. Хъуыддагон ныхасы кой кæнын. Куыд арæхстджынæй нын раргом кодта: «Уый курдиаты фæтк у. Курдиаты ахæм «хивæнд» домæнты фæрцы нæ поэтæн йæ къухы бафтыд гуырахстджын планæй фыссын» æмæ нын равдыста «йæ чингуытæ афтæ хъæздыг кæй сты алыхуызон хъуыдытæ, цаутæ æмæ миниуджытæй, аив, зæрдæагайгæ, уæлмонц фыст кæй сты, уый»[2]. Афтæ куыннæ уаиккой, уæд та нæ агаиккой зæрдæ, нæ сæ ахсид хъуыды, чиныгкæсæг-иу сæ, цыма никуы æмæ ницы – ауадзид йæ хъусы иувæрсты.

Уыдонимæ федтам, Булкъаты Михалæн йæхи курдиат дæр нæ фысджыты, йе ‘мдугонты хуыздæртыл эссетæ фысгæйæ, бæрæг кæй рарттывтадæр, кæй йын фæ-

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Адзалы дзæнгæрæг / Рæстдзинад, 1992. – 7 октябрь.

[2] Уый дæр уым.

хъæздыгдæр. Кæуылфæнды фыстаид, Хъамбердиаты Мысост æви Гафез, Нафи æви Бестауты Гиуæрги, Гаглойты Владимир æви Уататы Бибо, Дзуццаты Хадзы-Мурат æви Хъодзаты Æхсар, Джыккайты Шамил æви… алкæмæн дæриу сæ бацархайдта йæ зæрдæйы сусæг æвæрæнтæм ныккæсымæ, йе 'вæджиагдæр зæгъинæгты кой йын ракæнынмæ. Æмæ уый у æцæг литературæиртасæджы миниуæг.

Цомахъ дзырдта: «Зын уавæры уыдысты хæххон адæм се 'ппæт дæр, стæй уыдонимæ ирон адæм дæр[1]. Фæлæ уыцы рæстæджы æнæхъæн Цæгат Кавказы адæмтæй ирон адæмæй дарддæр зæгъдæзæгъгæ литературæ никæмæ уыди. Уыцы традици абон дæр нæ сæфы, кæд нæ фывæфтыд литературæмæ, иннæ республикæтимæ абаргæйæ, паддзахадæрдыгæй æмбæлон æркаст нæй, уæддæр. Æмæ Булкъаты Михалы эссеты чиныг рухс куы фенид, уæд нæ аив литературæйы æнтыст хуыздæр равдисынæн уый дæр хорз ахъаз фæуаид. Уый тыххæй йæм уæддæр хъæуы хъус æрдарын.

Фæлæ уый, кæмæ хауы, йæ саразын кæй бон у, уыдæтты не 'ндавы, хæлæджы охыл сæ нæдæр фæнды йæ аразын. Уый нын рагон низ у. Нæ чиныджы райдайæны Елбыздыхъо йæ фырхъалæй нæ дзырдта: «Ирон чиныджы сæфт Хуыцауы аххос чи кæны, уымæн тæрхонгæнæг Хуыцау йæхæдæг фæуæд»[2].

Фæлæ нæ чиныджы мæр хъæздыг у, йæ уидаг – арф æмæ фидар. Ницы дæр ын хæлæг цæсты бон бауыдзæнис, ницыдæр – хъæстæ æвзаджы.

---

[1] Г æ д и а т ы Ц о и а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 441 ф.

[2] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 85 ф.

Д Æ С Æ М  С Æ Р

## ФЫСТÆДЖЫТÆ КÆНÆ ЗÆРДÆЙЫ РИССÆГТÆ

Адæймаджы зæрдæйы цинæй дæр, мастæй дæр цы тæлфы, уый йæхицæй хуыздæр ничи фæзоны. Уыдон иумæ сисгæйæ сты адæймаджы зæрдæйы риссæгтæ. Æмæ адæймаг йæ зæрдæйы риссæгтæ иууыл хуыздæр, куыд зонæм, афтæмæй раргом кæны, искæимæ, уæлдайдæр, йæ ныхас кæмæй не 'мбæхсы, уыимæ дзурæгау, йæхиимæ куы фæныхас кæны, уæд.

Уый тыххæй Ходы Камалы ныхас æмбисондæн уымæн баззад.

Поэт йæхиимæ цыдæртæ куы дзырдта, уæд æй Дзасохты Музафер афарста:

– Камал, дæхиимæ дзурыс?

– Лæг хаттæй-хатт куырыхон адæймагимæ куы аныхас кæна, уæд уый дæр бирæйы аргъ у, – уыд Камалы дзуапп»[1].

Уыцы хъуыддагæн, ома, зæрдæйы риссæгтæ дзурынæн иууыл хуыздæр мадзал у эпистолярон жанр. Джусойты Нафи дзырдта Абайты Васойы фыстæджытæ ирон фысджытæ, историктæ, филологтæмы тыххæй: «Письма – продолжение его научных исканий[2], размышления о предметах и явлениях, волновавших его как историка и языковеда родного народа. Письма его – это еще и самые его истинные представления о людях, с которыми встречался, о явлениях культуры, с которыми знакомился, о фактах общественной жизни, которые волновали его беспокойную мысль и взыскательную совесть, рыцарски преданной справеливости в человеческом общежитии»[3].

Дзырд дæр ыл нæй – уыцы хъуыддаг фыстæгæн йæ нысаниуæгæй цæуы. Чи йæ фыссы, уый фылдæр хатт зонгæ-зонын хурмæ рахæссы йæ зæрдæйы æмбæхст зæгъинæгтæ, уæлдайдæр ын мыхуыры сæ зæгъыны фадат

---

[1] А д æ м о н д з у р г æ с ф æ л д ы с т а д æ й.

[2] Ома, Васойæн (Автор).

[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Слово о письмах В. И. Абаева //Письм Вассо Абаева. – Цхинвал, 2008. – 5 ф.

куынæ вæййы, уæд æмæ уымæй чысыл ссæуы йæ зæрдæйы риссаг. Афтæмæй нын раргом кæны йæ рæстæг æмæ æхсæнады цæсгом.

Æмæ уыцы хабæрттæ ныв кæныны хъуыддаджы Булкъайы-фырт никæмæ батæхуды кодтаид. Уыцы цаутæ æрмæст публицистон хуызы нæ, фæлæ бирæ хатт нывæфтыдæй дæр æвдыста йæ фыстæджыты. Уыимæ сæ адæммæ, нывæфтыд литературæмæ йæ ахаст æвдисы ирдæй æмæ тынг хорз уыдзæнис, уæ иузæрдыг лæггадгæнæгмæ уыцы хъуыддаг, йæ фыстæджытæй ма мæм цы баззад[1], уыдоны куыд разынд, уыимæ уæхæдæг куы базонгæ уаиккат фыссæгæн йæхи фæрцы.

Ноджыдæр æй зæгъын æмæ чиныгкæсæгæй хатыр курын, рæстæгмæ бæрæг аххосæгтæм гæсгæ, фыстæджыты кæй кой кæны, уыцы адæймæгтæй кæйдæрты нæмтты бæсты кæцыдæр дамгъæтæй кæй пайда кæнын, уый тыххæй. Уый мæн аххос нæу. Афтæ амоны рæстæг, цæмæй макæй зæрдæ фæриссын кæнæм.

Михалы фыстæджытæ сты иудзæвгар æмæ алыхуызон… Æмæ сæм æркæсдзыстæм, хронологион æгъдауæй нæ къухы сæ равæрын куыд бантыст, афтæ. Цæмæй сын сæ иумæйаг хъуыдыйыл хæст кæнæм хуыздæр.

* * *

**Мелитон, дæ бон хорз!**

Хатыр мын бакæнут, уæ «командировочнытæ» уын афтæ кæй байрæджы кодтон, уый тыххæй. Æвзонг фысджыты уацмысты æмбырдгонды тыххæй та – стыр бузныг.

Мæ романы[2] хъуыддаджы нæ дыууæйы иу фарст бахынцын хъæуы: уацмысы æз «Дур-чъыр» цы æрдхæрæй-

[1] 1989–2008-æм азты гуырдзиаг-ирон хæсты рæстæджы мæ фатер дыууæ хатты куы ныппырх знаджы ракетæтæй, стæй мын Цхинвалы районы Уæллаг Отъреуы мæ дачæ куы ныххафтой, райхæлдтой æмæ аластой, уæд мын цы къухфыстытæ æмæ чингуытæ басыгъдысты, уыдон æхсæн Михалы фыстæджытæй дæр ма уыдаид, уый гæнæн нæй (Автор).

[2] Дзырд цæуы Булкъаты Михалы роман «Дæ фыдæлтæ рухсаг»-ыл – Цхинвал, 1982. – 360 ф.

наг сахары хонын, уый ныртæккæ «Чуфут-кале» кæй хуыйны, уый нын чиныгкæсæгæн исчердæмты бамбарын кæнын хъæуы. Йæ саразджытæ йыл цы ном сæвæрдтой, уый фесæфт æгъатыр рæстæг, хомхор монгъолтæ æмæ дзутты фыдæй. Æвæццæгæн сыстхор монгъолтæн сæ цæсты мидæг кæрвæзæгау æрзад, сæ маст сын сæ хъуыры онг скодта æмæ йæ куы ныддæрæн кодтой, уæд ын йе скойыл тобæ скодтой. Сæ маст дзы истой, йæ номимæ баст цыдæриттæг уыдис, уый сыгътой, – суанг адæймаджы хъуыдыйы онг æмæ йæ уæвынады алыварс сбыгъдæг кодтой. Истори æмæ адæмы хъуыдыйы ахæм «вакуумтæ» стæм хатт февзæры, фæлæ нæ фыдæлты номхæссæн сахары фыдæлгъыст кæй баййæфта æмæ йе ‘цæг ном кæй фесæфт, уый дæр зын бамбарæн нæу. Дæхæдæг ма йыл ахъуыды кæн: монгъолтæ æгас дунейыл тас бафтыдтой, сæ разы слæууынмæ йæ ныфс ничиуал хаста æмæ размæ бырстой, сæ ныллæг хъуынджын бæхтæ лидзын цас фæрæзтой, уый бæрц, фæлæ æнæнхъæлæджы сæ разы февзæрд, дæрæн кæнын сын чи нæ бакуымдта æмæ сын сæ размæ бырсты плантæ чи фехæлдта, ахæм æрдхæрæйнаг сахар. Гъе, уый тыххæй дзы монгъолты примитивон-генион æфсадфæтæгтæ сæ маст систой, йæ ном-иу кæй дзыхæй сырæзт, уымæн-иу йæ сæр акъуырдтой, уыимæ баст историон хроникæтæ дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, басыгътаиккой, йæ цæрджыты йын скуынæг кодтой, йæ хуылфмæ йын цæрынмæ батардтой, сæ къультурæ æмæ этникон æмбарынад искæимæ æппындæр кæмæн нæ хæццæ кæны æмæ æндæр адæмты культурæйы æндæвдад тынг зынтæй кæуыл ахады, уыцы дзутты. Хъуыды кæныс рагон Ромаг æфсадфæтæг Сципионы? Йæ алы дзырдæн иу афтæ фæкодта, æппæт дæр хорз цæуы, фæлæ Карфагены ныппырх кæнын хъæуы, зæгъгæ. Йе ‘рдхъирæн сæххæст кæнын йæ къухы бафтыд, Карфагены ныппырх кодта, зæххæмдзалх æй скодта æмæ йыл цæхх байзæрста, фæлæ йын йæ ном фесафын нæ бантыст. Монгъолтæ Сципионæй тыхджындæр рауадысты, уыдон нæ фыдæлты æрдхæрæйнаг сахар басастой æмæ йе ‘цæг ном фесафын сæ къухы бафтыд, уымæн æмæ йыл цæххы бæсты байзæрстой дзутты. «Чуфут-кале» дзуттаг дзырд у, нысан кæны «дзутты фидар», «юдейты фидар» æмæ ирон аива-

дон уацмысы афтæмæй йæ кой кæнынæн гæнæн нæ уыд. Дзуттæ дзы куы бацардысты, уæд ма йæ мидæг иронæй цы баззад, уый скуынæг кодтой, æгæрыстæмæй бацархайдтой топонимтæ аивыныл дæр, уыцы хъуыддаджы йæхи тынгдæр равдыста нæ фыдæлты бабынгонд сахары бацæрæг дзутты рабинтæй иу, йæ ном Фыркович Абрам. Уыцы Абрам «Чуфут-кале»-йы тыххæй цыппар чиныджы ныффыста æмæ дзы иу ран дæр нæ сирвæзтис, «Чуфут-кале» цы сахарыл сæвæрдтой, уый алантæ кæй саразтой æмæ дзы 1299 азы онг уыдон кæй цардысты, уый. Уый нæ, фæлæ ма афтæ дæр бæлвырд кæны, дзуттæгтæ уым незаманæй фæстæмæ цæрынц, зæгъгæ, æмæ цæмæй йæ мæнг верси сбæлвырд кодтаид, уый тыххæй бавдæлд æмæ йæ алыварс цыдæриттæг дуртæ уыдис, уыдонæн сæ бафыстытæ фехæлдта, йæхицæн пайда чи уыдаид, ахæм текстты сыл бафыста æмæ сын цæмæй рагон æнгæс уыдаид, уый тыххæй сæ цъыфæй байсæрста. Уый фæстæ йын йæ аферист митæ раргом кодтой уырыссаг ахуыргæндтæ æмæ йæ фæндырты ныццагътой, фæлæ ма цафон! Чи йæ зоны, цал ирон ном бабын кодта, йæ бон куы бауыдаид, уæд алантæ се 'гъдаумæ гæсгæйæ дуры гуыбыны къахт уæтты мидæг цы фыдæлтыккон астуцæджындзтæ слыг кодтой, уыдон дæр ныпырх кодтаид. Дуры гуыбыны къахты ма цæй астæуцæджындз хъæуы, фæлæ йæ арæзтой, уымæн æмæ нæ адæммæ астæуцæджындз дæр, Сафайау, сыгъдæг предметыл уыдис нымад. Дзуттæм та ахæмтæй ницы ис, уый зыны, Фыркович уыцы бабынгонд сахары бæстастæу цы синагогтæ саразта, уыдоныл дæр.

Гъе, уый тыххæй уыцы диссаджы сахарыл мæ романы сæвæрдтон «Дур-чъыр». Æниу ыл уыцы ном æз нæ сæвæрдтон, иу арабаг автор æй йæ уацмысы «Кар-гир» хоны, ома, «къар» – «дур» æмæ «гир» – «чъыр», «Дур – чъыр».

Уыдæдтыл ма бахъæудзæн, иу дыууæ фарсы бæрц чи бацахсдзæн, ахæм разныхасгонд, цæмæй чиныгкæсæг зона, дзырд кæцы сахарыл цæуы, уый.

Салам нæхи лæппутæ, сегасæн!

*Дæхи Михал.*

* * *

## Мелитон, дæ бон хорз!

Райстон дын дæ пакет, йæ мидæг «Дозæ»[1], афтæмæй. Цалдæр азы фæстæ та йæ ногæй бакастæн æмæ мæ ныр тынгдæр бауыр-ныдта, стыр прозæйы компоненттæ дзы кæй ис, уый. Дис кæнын, дæ искæцы чиныгмæ йæ куыннæ бахæсгæ фæдæ, ууыл. Йæ ном мæ зæрдæмæ нæ цæуы, гуырдзиагау та ноджы мæгуыраудæр азæлдзæн æмæ йын æй, чи зоны, аивон (номæвæрæггаг – хæдон!). Ӕдт, фысджыты цæдис. Кæм дæ, цæмæннæ пропогандæ кæныс уый хуызæн уацмыстæ æндæр æвзæгтыл!.. Иуæрдыгæй мæ ацы зæрдæйы низ бадомдта, иннæрдыгæй та рæстæг у цыбыр æмæ мын нал бантыст æрбацæуын. Калакмæ дæр мæ хъæуы ныууайын, дæ къухфысты сæраппонд Гвердцъителиимæ баныхас кæныны тыххæй[2]. Нæ литературæйы фарст цæдисы аренæйыл тынг æвзæр кæй у, уый, æвæццæгæн, фиппайыс æмæ йыл тыхсыс, æз ыл куыд тыхсын, афтæ! Англисæгтæм иу ахæм æмбисонд ис: «Дæ бырон æддæмæ ма ахæсс!».

Хæсгæ æмæ йæ калгæ та куыннæ кæнынц, фæлæ йæ акалынц, сæ сыхæгтæ сæ куыннæ бафиппайой, афтæ. Мах та æддæмæ хæссæм (демонстративон хуызы!), æвзæрæй нæм цы ис, уый. Ныры прогматикон дуджы уавæрты æппæтæн дæр хъæуы, курдиатимæ ма практикон азмæлдтытæм дæр чи арæхсы, ахæм сæр. Махæн та нæдæр хицау ис, нæдæр – сæр, нæдæр, арбитры хæстæ йæ къухмæ чи райсы, ахæм организаци æмæ нын иннæ адæмтæ нæ литературæйы æмвæзад барынц Кавказаджы[3] дзымандытæй. Ды уый бахъуыды кæн, гуырдзымæ Къоста æмæ Арсенæй Джиоты Дауыт æмæ Асаты Реуаз популярондæр сты! Дауыт рухсаг уæд æмæ Реуаз та бирæ фæфыссæд, карз арахъхъы фæстæ ацаходынæн чи бæззы æмæ дыккаг райсом унитазы хуылфы чи адымы, ахæм балладæтæ, фæлæ ахæм фыстытæ дзуапп никуы лæвæрдтой нæдæр литературæйæн æмæ нæдæр цардæн, – æгæрыстæмæй,

---

[1] Кæны радзырды кой //Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Чызджы зæрдæ. – Цхинвал, 1989. – 131–142 ф.

[2] Йæ зæрды йæ уыдис уыдон æвзагмæ аивын (Автор).

[3] К а в к а з а г – ирон фыссæг Хъæцмæзты Ильяйы псевдоним. Цардис Калачы (Автор).

Саулохты Мухтар æмæ Кавказаг «зынгæтыл» нымад куы уыдысты, уæд дæр! Ныртæккæ фыссæг, «актуалон уацмысы» бæсты «антиактуалон уацмыстæ» фыссын кæй хъæуы, уый куынæ æнкъара, уæд уымæн нæй цæст, хъус, зæрдæ, уд æмæ æмбудæнтæ. Дзырд «актуалон»-æн йе 'рдз хорз у, фæлæ йыл æфсины куатæ (раздарæн) бафтыдтой æмæ йæ «кухнийы» баппæрстой (ома, уым хæлц аразыны куыст кæн, æндæр дæумæ ницы хауы), магазины йæ барæнты уæлхъус сæвæрдтой æмæ йæ тынг карзæй бафæдзæхстой, цырд кæс, уæйгæнæг æлхæнæджы ма фæсайæд, кæннод царды принциптæ ныххæлдзысты æмæ адæймæгты æмахастыты къæм фæзындзæн, зæгъгæ, трибунæты дзæнгæда дзы сарæзтой æмæ йын стауын кæнынц мæнгхъайтарты мæнглæгдзинад, уырыссаг практикон цард æмæ литературæйæ æрбафтгæ «тещайы проблемæйы» æхсæны лæг дзы скодтой, йæ дзыхы йын сур пропагандæйы рупор батъыстой, йæ фæстаджы та (табу дæ фарнæн) план сæххæст кæныны сæраппонд уагъд синтетикон сойæ ахуырст хъил æмæ йæ фестын кодтой хæтаг сыл. Гъе, уый тыххæй зæгъын æз: фыссын хъæуы адæймаджы предмет, архайд æмæ æвдæлон сæры магъзы сæвзæргæ идеологийы дæлбар чи скæны, ахæм «актуалон» уацмыстæ нæ, фæлæ æппæт дæр лæджы фырты миддуне раргом кæныны куыст кæм кæны, ахæм «антиактуалон» уацмыстæ. Мæнгæй нæ зæгъы французаг стыр фыссæг æмæ эссеист Андрей Моруа, литературон уацмыс идеологийæ ма хъуамæ равзæра, идеологи литературон уацмысæн йæхицæй хъуамæ райгуыра, зæгъгæ!

Кæсыс, кæййонг æй систа æмæ йыл цæййас функцитæ сæвæрдта! Уыцы тезисмæ гæсгæ аивадон литературæ у се 'дæппæты сæр, се 'дæппæты райдайæн, адæймаджы психологи æмæ миддунейы альфа æмæ омегæ, æмæ дзы уыцы лæг загъта, æцæгæй цы у, уый. Мах та йыл «кухнийы» дуæрттæ сæхгæдтам, сиахс æмæ усымады æхсæнылæг дзы аразæм æмæ йын уалдзæджы быдыртæм минералон хъацæнтæ ласын кæнæм!

Ау, аивадон литературæйы хæс уыйхуызæн актуалондзинад æмæ рæстдзинадыл дзурын у? Уæд ма адæймаджы миддунейы æнæвнæлд фæлтæрты (пласы!) мидæг быræутæ зилын та кæй хæс у æмæ дзы иртасыны сæраппонд

хуызæджы муртæ чи хъуамæ сиса? Фыссæджы хæс бирæ продукттæ скæнынил дзурын нæу. Фыссæджы хæс у адæймагдзинад æмæ гуманизмы уидæгтæ агурын æмæ кæд уыцы агурын йæ фæдыл продукт скæнын кæнæ бинонты æмахастыты кой расайа, уæд та сæ хъæуы социалон фарсты æмвæзадмæ сисын.

Кæддæр мын Хъодзаты Æхсар иу поэтæй афтæ зæгъы, æвзонгæй фæрæдыд æмæ курдиатджын уæвгæйæ куыд фæрæдыд, ууыл дис кæнын, зæгъгæ. Ау, Сыгъдæг Уд (Святой Дух) дыккаг Чырысти ма зæгъæд, адæймаг хуыцау нæу æмæ рæдигæ дæр хъуамæ кæна, зæгъын! Уæд та мын уый афтæ зæгъы: уыцы поэтæн уæд, æвæццæгæн, йæ курдиат нырма фынæй уыд, уый йеддæмæ æцæг курдиат йæхæдæг хуыцау у æмæ хуыцау та, дæхæдæг æй куы загътай, рæдигæ нæ кæны, зæгъгæ.

Бæллæх у, æцæг хуыцæутты дæр сæ раст фæндагæй, сæ мидзæрдæйы амындæй (мæнмæ гæсгæ фыссæгæн йæ компас уый у!) чи фæиртасы, ахæм тыхты фæзынд, фæлæ уымæй стырдæр бæллæх та у, иуæй-иутæн, царды уæлцъæртты сенк кæнгæнгæйæ, цæуыны йеддæмæ сæ бон кæй ницы у, фæлæ сыл уыцы æппæтмуртæгæнæг тыххуыцауы нимбтæ кæй æрсагъта, уый. Уыцы «нимбджынтæ» öæмæй сæ позицитæ бафидар кæной æмæ дæлæмæ ма æрхауой, уый тыххæй æрымысыдысты «политикон романы» термин. Юлиан Семенов цæмæй йæ интригæтыл амад «шпионон чингуыты» (афтæ сæ хонынц чиныгкæсджытæ!) уæвынадæн аргумент ссардтаид æмæ бынтон æнæфыдæл кæй нæу, уый сбæлвырд кодтаид, уый тыххæй бавдæлдис æмæ Л. Толстойы «Хæст æмæ сабырад» политикон роман схуыдта. Кæсыс, цахæм профанаци æмæ дисквалификацимæ бахастой сæ ныфс уыцы «нимбджынтæ»! «Хæст æмæ сабырад» у политикон роман æмæ ууыл фæцис! Политикæ, дипломати æмæ интригæ дзы фыдыусы лæппуйы бынæттæ кæй ахсынц æмæ Толстойæн Уæрæсейы паддзах Алыксандр – I-ы хицауадон аппараты мæтæй йæ сыдзы быз-быз дæр кæй нæ цыд, уый кой нæ кæны.

Æрæджы каст фæдæн гватемалайаг прозаик Мигель Анхель Астуриасы роман «Нартхоры адæм» («Люди маиса») æмæ мæхи нымæры загътон: «О хуыцау, ратт иу ахæм

роман ирон литературæйæн æмæ куыддæр уый райгуыра, афтæ мæн дзыхъмард фæкæн!» Уæд уыцы роман нæ чысыл адæмы царды цы куыст кæнид, уый зоныс, Мелитон? Ирыстоны раз хъен лæууид гигантон стыргæнæн авг (увеличительное стекло!), бакæсæн дæр æм уаид æрмæст уыцы стыргæнæн авджы мидæг æмæ дзы фыццаджы райдианы стырæй разынид ирон æцæг фæллойгæнæг лæг, стæй та йæ цард æмæ йæ хабæрттæ. Астуриасæн йæ къухы бафтыд йæ райгуырæн Гватемалайы раз ахæм стыргæнæн авг сæвæрын æмæ уый фæрцы йæ рæстæмбис сконды индейæгтæ æппæтдунейы адæмтæм кæсынц гиганты хуызæн, Нарты Батрадз æмæ Сосланы хуызы. Уый дын «политикон роман» æмæ политикон проституцийы дисквалификаци!

Бахатыр мын кæн, Мелитон, мæ зæрды уыйас чиныг фыссын нæ уыд, фæлæ мыл «Дозæ» фырдзырд бафтыдта æмæ адзæгъæл дæн.

Рауагъдады бодзтæ исчердæмыты бамбарын кæнын хъæуы: куыддæр фидæны планмæ мæ чиныг хаст не 'рцæуа, афтæ сын сæ сæртæ фаджысæй байсæрддзынæн æмæ сбæлвырд кæндзынæн, аивадон литературæ æппындæр кæй не 'мбарынц кæнæ та сау тыхты ныхмæ дзурын сæ зæрдæмæ кæй нæ цæуы, уый. Принцип: кæнæ, уæлдæр кæй загътон, уый сбæлвырд кæндзынæн, кæнæ та хъуамæ амæлон! Афтæ æнхъæлын, æмæ мæ мæлын нæма бахъæудзæн, уымæн æмæ А...[1] ацы хъуыддаджы къуымых лæджы архайд кæй кæны, уый бæлвырдгæнæн аргументтæ ис. Гуырдзиагау æй æнæхъуаджы нæ ратæлмац кодтон, куырдиат дæр мын цæттæ у Гуырдзыстоны ЦК æмæ Хуссар Ирыстоны обкомы хицæуттæм.

Æрæджы Гæбулты Мелитоны номыл арвыстон, афтæ кæм фыссын, мæ фароны куырдиатæн мын дзуапп ратт, зæгъгæ, ахæм куырдиат, фæлæ дзуапп нæма райстон. Дæ хуыцаумæ скæс, фæбæрæг мæм кæн хабæрттæ. Æрвитын дын мæ чиныггонд гуырдзиагау[2], кæд дзы истытæ бакæсай, уæд хорз.

Ныббар мын мæ фыддзырд. Ленины загъдау, рæстæг мын нæ уыд æмæ мæ письмо уымæн рауад афтæ даргъ.

[1] Йæ ном ын барæй нæ фыссын (Автор).

[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Удæгас обелиск (гуырдз. æвзагыл). Кутаис, 1984.

Салæмттæ дæ дзæбæх бинонтæ æмæ дæ балгъа-булгъатæн.

*Дæхи Михал*

*21.III – 85 аз*

Æнæмæнг бакæс Джыккайты Шамилы драмæ «Мах дуджы». Мыхуыр у йæ иу хай, фæлæ дзы ис хатдзæгтæ скæнæн. Ис дзы драмæ фыссыны дæсныйад, хъуыды æмæ аив дзырдæй конд хуызфыссынад.

Уый фæст (фыстæг машинкæйыл мыхуыр у) къухфыстæй:

*«О, хæдæгай! Ахæм письмотæ фыссын Ирыстоны цы расайдта, уый зонын, фæлæ дæм æй уæддæр фыссын, уымæн æмæ зонын, кæимæ дзурын, уый».*

**Мелитон!**

Æнхъæл дæн, рауагъдады папкæйы ис Гаглойты Владимиры пьесæты чиныг. Дæ хуыцаумæ скæс, йæ дыккаг экземпляр ма йын рарвит Игорæн[1]. Ницы йын кæндзынæн, нæ йæ фесафдзынæн, афтæмæй йæ æрхæсдзынæн мæхæдæг[2].

Дæ дзæбæхтæ мæм хъуысæнт.

*Дæхи Михал*

Иу дæргъæццон письмо дæм арвыстон. Фæхæццæ дæм ис?

* * *

**Мелитон, дæ бон хорз!**

Æрвитын дæм А...-йы фиппаинæгтæ комментаритимæ. Лыстæггай сæм æркæс, кæд искуы истæмæй фæрæдыдтæн, уæд мын æй æргом зæгъ. Адресаты йеддæмæ ма сæ арвыстон Гаглойты Валодямæ, Хацырты Сергеймæ æмæ дæумæ. Сергеймæ йæ цæмæн арвыстон, уый дын зын бамбарæн нæу. Уымæй А...-мæ фæндаг хæрз цыбыр у, мæ

---

[1] Б у л к ъ а т ы  И г о р ь – Михалы лæппу, фыссæг. Ныртæккæ цæры Мæскуыйы.

[2] Хъуыдис æй, Валодяйыл эссе кæй фыста, уый тыххæй.

письмойæ ахæм логикæ скодтон æмæ йын, чи зоны, йæ дæвдæг ных бахойа (А-йæн). Къухфыст (романы) ацы письмоимæ æрвитын директормæ (Гæбулты Мелитонмæ). Иугæр мын мæ къухмæ кард сисын кодтой, уæд дзы кæнæ хъуамæ искæй ныммырхон, кæнæ та йæ мæхи зæрдæйы ныццæвон, – æндæр гæнæн дзы нæй.

Кæд ацы письмо ницы расайа, уæд та мæхæдæг ацæудзынæн Калакмæ, цæмæй исчердæмыты аудиенци саразон республикон партийы бодзтæм.

Кæд дзы исты дæ зæрдæмæ нæ фæцæуа, уæд мын æй комкоммæ зæгъ!

Салам Ленæйæн æмæ дæ чысыл сабитæн.

*Дæхи Михал*
*22.IV – 85 аз*

* * *

Гуырдзыстоны ССР КП Хуссар Ирыстоны областон комитеты æртыккаг секретарь Тъехты Юлия Никъалайы чызгмæ

Гуырдзыстоны Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар Нишнианидзе Шота Гиоргийы фыртмæ (гуырдзиагау)

Гуырдзыстоны ССР Министрты Советы рауагъдадты, полиграфийы æмæ чиныгæй базар кæныны паддзахадон комитеты сæрдар Бакрадзе Валерий Гивийы фыртмæ (гуырдзиагау)

Хуссар Ирыстоны чингуыты рауагъдад «Ирыстоны» директор Гæбулты Мелитон Алыксандры фыртмæ

Хуссар Ирыстоны зонад-иртасæн институты ирон литературæ æмæ фольклоры историйы хайады сæргълæууæг, филологийы доктор, фыссæг Джусойты Нафи Григолы фыртмæ

1983 азы июлы рауагъдад «Ирыстон»-ы дирекцимæ арвыстон, мæ ног роман «Нарты Сосланы æвдæм балц» мын ывæзтмæ бахæссут, зæгъгæ, кæм фыстон, ахæм куырдиат. Уыцы азы 8-æм августы рауагъдады сæйраг редактор А...-

йæ райстон официалон дзуапп æмæ дзы хæссын скъуыд-дзаг, ницы дзы ивын, афтæмæй: «Дæ хъуыдыимæ рауагъдады дирекци разы у, æрмæст нæм хъуамæ æрæрвитай романы проспект, цæмæй йын йæ мидисимæ базонгæ уæм, уæлдайдæр, дзырд цæуы Нарты эпосыл – ирон адæмы культурон цыртдзæвæныл».

Проспект арвыстон августы, романы къухфыст та бав-дыстон октябры, фæлæ йæ А... афæдзæй фылдæр сейфы фæдардта, цыма емынæйæ рынчын уыд, уыйау æм тæфтыл никæй æруагъта æмæ йæ нывæзтмæ нæ бахаста.

«Литературон уацмысы авторы бартæ» нын амонынц: «Рауагъдад», бадзырд нæ саразгæйæ (без заключения договора!), лæвæрд къухфысты гуырахст дæс авторон сыфæй фылдæр куынæ уа, уæд æм æркæсын хъæуы æртæ мæйы æмгъуыдмæ. 10 авторон сыфæй фылдæр куы уа, уæд та уыцы æртæ мæймæ бафтауын хъæуы фæфылдæргонд гуырахсты алы фондз сыфæн фæйнæ мæйы. Ацы æмгъуыдты халын расайы редакцийы сæргълæууæг æмæ раздзæуæг редакторы дисциплинарон бæрн» (Ахвледиани З. «Литературон уацмысы авторы бартæ», рауагъдад «Сабчъота Сакартвело», 1974 аз, 42 фарс). Уымæй чысыл дæлдæр та кæсæм: «Къухфыст нымад цæуы раппæлинагыл (одобренной!), йæ бавдисынæй райдайгæйæ иу мæй æмæ уымæ алы авторон сыфæн бафтаугæ цыппаргай бонты аивгъуыйыны æмгъуыдмæ автормæ йæ уацмыс бафауын, кæнæ та йын йæ аиппытæ рараст кæныны сæраппонд фыстæй куынæ фæбæрæг чындæуа, уæд» (43 фарс). Уыцы юридикон документмæ гæсгæйæ мæ уацмыс раппæлинагыл (одобренным) хъуамæ æрцыдаид нымад, кæнæ та мæм 1984 азы февралы рауагъдад официалон æгъдауæй (письменно) фæбæрæг кодтаид йæ бафауыны хабар. Хъыгагæн, 1985 азы апрелы онг мæнмæ æппындæр ницы æрбайхъуыст, уый агъоммæ-иу рауагъдады сæйраг редактор А... фæскулисты ментор æмæ командæгæнæджы хъæлæсæй бардзырды хуызы кæй рауагъта æмæ аивадон литературæмæ дард лæууæг дилетанты йеддæмæ аргументты бæсты сæ бавдисын йæ сæрмæ кæй ничи бахастаид, ахæм репликæтæй дарддæр. Иллюстрацийæн фаг у мæнæ ахæм факт: Нартыл фыссынмæ йæ ныфс куыд бахаста, нæ цытджын фыдæлты нын сæ мæгуырыл цæмæннæ ныууад-

зы, зæгъгæ, рауагъта бардзырд æмæ «Фидиуæджы» редколлегийы уæнджы бартæй зыгъуыммæ пайда кæнгæйæ вето сæвæрдта, йæ сæйрагæй фалæмæ йын каст чи нæма уыд, ахæм уацмысы публикацийыл. Стæй дзы аргументтæ куы æрдомдтой, уæд рабæрæг ис, «Нарты кадджытæ» дæр ын каст кæй нæ уыдысты æмæ сын сæ текстæ æппындæр кæй нæ зыдта, уый. Роман бакæсгæйæ («Нарты кадджытæ» уæддæр нæ бакаст!) А... нæ бамбæрста, уацмысæн йæ идейон нысан Нарты гуыппырты стыр кады апологи, кæнæ сæ дискредитаци нæ, фæлæ капиталы бæстæты цы адæймаджы зонд байсыны аномали фæзынд, уый ныхмæ аивадон мадзæлттæй тох кæнын кæй у. Нартæ эпосы цы сты, уымæй романы кæд бæрзонддæр, цытджындæр æмæ идейон æгъдауæй цыргъдæр рауадысты (уым сау рувасдзармыл нæ хыл кæнынц, куыдз æмæ хæрæг сæ ничи фестад æмæ иу хъуджы тыххæй кæрæдзийы бинонтæ бындзагъд не скодтой, уымæн æмæ æппæты стырдæр фыдракæнды ныхмæ тох кодтой!), уæд уый та у кæрæдзимæ æнгом бацæуæг мифологон æмæ реалон дунеты алвæндагыл цæуæг архайды логикæ, фæлæ А...-мæ цæмæндæр урс хуыз сау фæкаст æмæ бæлвырд кæны, Булкъаты Михал йæ уацмысы «Нарты гуыппырты дæлдзиныг кæны», зæгъгæ. Романыл æвæрццæг рецензитæ ныффыстой Джусойты Нафи, Хацырты Сергей, Букуылты Алекси, Хъазиты Мелитон, Цыбырты Людвиг æмæ Гаглойты Владимир, фæлæ уацмыс рауагъдады нывæзтæй уæддæр иуварс баззад, уымæн æмæ рецензенттæй, А...-йау, рауагъдады сæйраг редакторы къæлæтджыныл ничи бады æмæ нæ сиды, цы аразын хъæуы, уый æз æмæ мæ рауагъдад зонæм æмæ нæ цыдæриттæр бафæнда, уый кæндзыстæм, зæгъгæ. Цыдæриддæр æй фæнды, уый æцæгдæр аразы æмæ дзы нæ рох кæны «йæ рауагъдады» нывæзтмæ фæд-фæдыл йæхи мыггаг бахæссын, фæлæ мæнæн цы йæ зæрды ис, кæнæ йын цы хуыздæр уыдзæн, уый нал загъта: мæ фыссæн сис аппарон, Фысджыты цæдисæй рацæуон, æви бардзырд ратдзæн æмæ мæ йæ романты «переписчикæй» бауромдзæн? Гъе, ахæм парадоксалон уавæрæй рацæуæн куынæ ссардтон, уæд бахатыдтæн Фысджыты цæдис, рауагъдад æмæ журналы сæргълæуджытæм, цæмæй иумæйаг рабадты сæрмагондæй æрныхас кодтаиккой мæ уацмы-

сыл æмæ мын алчи комкоммæ загътаид йæ фиппаинаг. «Фидиуæджы» сæйраг редактор Гаглойты Владимиры сæргълæудæй ахæм рабадт сырæзт ивгъуыд азы ноябрæн йæ фондзы æмæ уыцы рабадт иугæр фæндон куы рахаста, роман мыхуыр æрцæуæд, зæгъгæ, уæд А… тыхджындæр смæсты ис æмæ уацмыс «ныллыг» кæнынмæ радта Цыбырты Людвигмæ, фæлæ та уым дæр фæмæнгис йе 'нхъæлцау, уымæн æмæ цытджын профессор йæ рецензийы ныффыста: «К чести автора романа М. Булкаты – он бережно и любовно обращается к эпосу и историческому прошлому Осетии, довольно правдиво интерпретирует и осмысливает его… В заключении еще раз повторяю: роман М Булкаты «Седьмое путешествие нарта Сослана» задумано довольно интересно и считаю его издание целесообразным», зæгъгæ. А-а-а, уæдæ, урс хуыз саумæ нæ исут æмæ сымахæй роман «ныллæг» кæнын никæй фæнды, зæгъгæ, загъта уæд, æвæццæгæн, А… æмæ ахæм рецензиты фæстæ уацмыс редактормæ раттыны бæсты ныффыста, 103 «фиппаинаджы» кæм æрнымадта, ахæм «редакторон хатдзæг», фæлæ ныллæг кæнын æмæ дискредитацийæн дæр хъæуы уæзгæ аргументтæ, стæй сæйраджы та эрудици æмæ компетенци! Редакторы хатдзæг «Уголовон кодекс нæу, йæ фиппаинæгтæ та, æнæмæнг сæххæст кæнын æмæ хъахъхъæнын кæй хъæуы, уыцы статьятæ! Авторæн сæ айсын, кæнæ сæ иувæрсты ацæуыны бар дæтттынц «Литературон уацмысы авторы бартæ», фæлæ ам дзырд ууыл нæ цæуы. Ам дзырд цæуы рецензентæн йæ объективондзинадыл, йæ компетенцийыл, йæ эрудицийыл æмæ ахæм «редакторон хатдзæджы» авторæн литературон уацмысы арбитрæй уæвыны бар ис, æви нæ, ууыл. «Нартæ нæ адæмы уды, туджы, зонды афтæ сфыхтысты æмæ нын систы ИДИАЛОН, адæмы нæ фæнды æмæ сын исчи «БЫЛАЛГЪÆЙ сæ кой кæна», зæгъгæ, фыссы А… йæ «Редакторон хатдзæджы». Фыццаг уал уый, æмæ «Нарты Сосланы æвдæм балцы» автор Нартæн «быбалгъæй» нæ кæны сæ кой, фæлæ «он бережно и любовно обращается к эпосу и историческому прошлому осетин» (Цыбырты Людвиг). Дыккаг та уый, æмæ мæ А… аххосджын цы миниуæгæй кæны, уымæн йæ формæ у «БЫЛАЛГЪ» нæ, фæлæ «БЫЛЫСЧЪИЛ». Æртыккаг та уый, æмæ «Редакто-

рон хатдзæджы» авторæн Нартæ «ИДИАЛОН» кæй сты æмæ йын «КУЛЬТУРОН ЦЫРТДЗÆВÆНÆЙ» кæй басгуыхтысты, ууыл гуырысхо кæнын, уымæн æмæ адæймагæн адæймаг ИДЕАЛ свæййы иугæндзонон контакты фæстæ, йемæ хорз куы базонгæ вæййы æмæ йын уыцы ИДЕАЛЫ фæлгонц йæ развæндаг куы фæрухс кæны, уæд. А…-йæн та Нартæ «ИДИАЛОНÆЙ» басгуыхой, уый гæнæн нæй, уымæн æмæ сын нæ кастис се ‘рдхæрæйнаг кадджытæ, нæ сæ зоны æмæ сæ рисæй нæ риссы. Цыппæрæм та уый, æмæ адæймаг йæ хъуыдыйæн графикон формæ ссарынхъом куыннæ уа, уæд ын литературон уацмысы арбитрæй уæвыны бар нæй. «Чи зоны æз рæдийын, уымæн æмæ Цыбырты Людвиг – историон зонæдты ДОХТЫР (зонæдтæн ис «ДОХТЫРТÆ» нæ, фæлæ «ДОКТОРТÆ». «ДОХТЫРТÆ» ис медицинæйæн!), фыссæг Букуылты Алыкси, филологон зонæдты ДОХТЫР Джусойты Нафи, драматург Гаглойты Владимир æмæ Æлборты Хаджи-Умар[1] романы Нарты ныхмæ æвзæрæй ницы федтой, уый нæ, фæлæ ма Гаглойты Владимир роман кæронмæ нæ бакаст, афтæмæй йæ рахуыдта XX æнусы глобалон фæзынд», – фыссы дарддæр А… æмæ та нæ ам дæр фæгуырысхо кæнынц йæ æнæпрецендентон тенденцитæ, уымæн æмæ нæм февзæры дыууæ фарсты: I. Фондз лæджы (уыдонæй дыууæ – зонæдты «дохтыртæ») «урс» кæмæй зæгъынц, уый ды «сау» цæмæн хоныс, Францийы паддзах Людовик XIV дæ æви советон чингуыты рауагъдады сæйраг редактор? 2. Гаглойты Владимир, рабадты ныхас кæнгæйæ, йæ хъуыды романы хицæн деталтæй куы фидар кодта, уæд æй кæронмæ куыннæ кастис æмæ дæу цæмæн бахъуыд фактты фальсификаци? «Æрмæст дæр иунæг Хацырты Сергей бафиппайдта æмæ загъта: Нарты эпосы йæ адыл цæуылнæ ныууадзут, зæгъгæ», – ам нæ «Редакторон хатдзæджы» автор æргомæй ныххæцыд фактты фальсификацийыл, уымæн æмæ Хацырты Сергей йæ рецензийы никуы зæгъы, «Нарты эпосы йæ адыл ныууадзут», зæгъгæ. «Булкъаты Михал бакодта стыр куыст, уый ирон «мард» дзырдты уд кæй бауагъта, раст у, бирæтæ уыцы дзырдтæй абон нал «кусынц», сæ функцитæ нал æххæст кæнынц, фæлæ чиныгкæсæг цæуылнæ хъуамæ зона, йе ‘взаг,

[1] Х а д ж и-У м а р нæ, фæлæ – Х а д з ы-У м а р (Автор).

йæ хæзна? Ændæр хъуыддаг у «нæлгоймаджы» бæсты фыдæлтон «æвзагыл» дзурын – ома, «нæлыстæг» (Науæд афтæ дзырдтаиккой?) куы фыссай. Ахæм рæстæджы сæ автор йæхи худæджы уавæрмæ æрæппары, æндæр ницы».

Æппæлæн ныхæсты тыххæй бузныг, фæлæ уыцы «мард» дзырдтæ æз нæ «райгас» кодтон, уыдон цæрынц Абайты Васойы жнæмæлгæ «Историко-этимологон дзырдуаты»[1]-[2]-[3]-[4] æмæ А… кæй нæма бакаст, афтæмæй цы «Нарты кадджыты» сæрыл хæцы, уыдон мидæг. Стæй та нæм ацы хæццæ-мæццæ хъуыдыйады конструкци дæр февзæрын кодта алыгъуызон фарстытæ: фыссæгæн иу хъуыдыйады мидæг цал рæдыд æруадзыны бар ис? Фыссæг грамматикæйы элементарон закъæттæ хъуамæ зона æви нæ? Фыссæгæн цинизмы бар ис æви нæ?

«Редакторон хатдзæджы» алы «фиппаинагæн» дæр романы ис аивадон бындур, фæлæ сæ А… банымадта гуырысхойагыл æмæ былысчъилæй дзуры, куыд уыцы бындурыл, афтæ уацмысы авторыл, уымæн æмæ зонгæ нæу хицæн терминтæ æмæ дзырдты æрдзимæ, ирон классикон литературæимæ, фольклоримæ. Цæмæй нæ ныхас сур ма рауайа, уый тыххæй уыцы «фиппаинæгтæй» сисдзыстæм иу цалдæр характерон дæнцæны, сæ фарсмæ сын аргументты хуызы бафысдзыстæм сæ ратæдзæнтæ æмæ афтæмæй дзуапп ратдзыстæм мæнæ уыцы æртæ фарстæн: 1. Куыд зоны А… «Нарты кадджытæ» æмæ сæ искуы кастис, æви нæ? 2. Куыд зоны А… ирон æвзаг æмæ куыд æнкъары аив дзырд? 3. Куыд æмбары А… литературон уацмыс æмæ йын цахæм барæнтæй бары йæ аивадон æмвæзад?

Дард цæуын нæ нæ бахъæудзæн, йе сфæлдыстадæн ын анализ анализ нæ кæндзыстæм, уыцы фарстытыл нын дзуапп ратдзысты «Редакторон хатдзæджы» фиппаинæгтæ. Мæ номыры фарсмæ-иу «скобкæты» мидæг сæвæрдзынæн

---

[1] А б а е в В. И. Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т. 1. – Москва–Ленинград, 1958. – 655 ф.

[2] А б а е в В. И. Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т. 2. – Ленинград, 1973. – 448 ф.

[3] А б а е в В. И. Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т. 3. – Ленинград, 1979. – 358 ф.

[4] А б а е в В. И. Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т. 4. – Ленинград, 1989. – 325 ф.

«Редакторон хатдзæджы» «фиппаинаджы» номыр, 1975 азы Орджоникидзейы рауадзгæ «Нарты кадджыты» прозæйон вариантыл дзырд кæм цæуа, уым фысджытæн «Нарты кадджытæ», 1975 азы Цхинвалы мыхуыргонд поэтикон вариантыл дзургæйæ-иу фæнысан кæндзынæн «Нартæ» æмæ Абайты Вассойы «Ирон æвзаджы историкоэтимологон дзырдуатмæ» æххуысмæ кæм фæсидон, уым та-иу цыбырæй зæгъдзынæн – «Васо».

I. КУЫД ЗОНЫ А... «НАРТЫ КАДДЖЫТÆ» ÆМÆ СÆ ИСКУЫ КАСТИС ÆВИ НÆ?

I. (I) Фæбæлвырддæр хъæуы ЦÆРЦДÆЛИМОНТЫ бæстæ... цы у ЦÆРЦ?»

А... лæгæй-лæгмæ ныхас кæнгæйæ цалдæр хатты «фæкъуыхцы» æмæ фергомис, «Нарты кадджытæ» йын каст кæй нæ уыдысты, уый. Куыд кæсæм, афтæмæй сæм уæддæр не ʻрдардта йæ хъус æмæ та мæнæ фæрсы, «цы у цæрц», зæгъгæ. «Дзуры Æхсармæ: «Æз уын æй федтон Цæрццудзæуæны цæрцдæлимонтæм» («Нартæ», 59 ф.). «Уалынмæ йʻ алыварс æрбамбырдысты «цæрцдæлимонтæ, зыгъуымкъахджынтæ» («Нартæ», 59 ф. «Цæрц дæлимонтæ – зындоны дæлимонтæ» («Нартæ», «Фиппаинæгтæ»).

2. (2. 29) «Бæхы фæрстæ ныццавта æмæ бæхæй æрчъихортæ схаудта, Сосланы армытъæпæнæй та – уафсхортæ. Гипербола хорз у, фæлæ æгæр у. Сослан бæхы армы тъæпæнæй цавта?»

«Уыдон сæ кæрæдзийæ куы фæхицæн вæййынц, уыцы афон мæнæн æртæ ахæм цæфы ныккæнын куы бафæразай, æмæ мæ фарсæй æрчъихортæ куыд схауа, дæ армытъæпæнæй та уафсхортæ, уæд баирвæздзыстæм» («Нарты кадджытæ», 224 ф.). «Стæй мын ахæм къæрцц фæкæн, æмæ мæ агъды фарсæй уафсхор куыд фæхауа, дæ армы дзыхъæй – ехсытъæпæнхор» («Нарты кадджытæ», 289 ф.). Сослан, Батрадз æмæ Айсана сæ бæхты армытъæпæнæй нæ цавтой, ехсæй сæ цавтой, фæлæ сæ цæфы мидæг ахæм тых уыдис, æмæ-иу сын ехсы хъæд сæ армытъæпæнæй уафсхор, кæнæ та ехсытъæпæнхор фелвæста. Æниу цæмæн хъæуы уый бæрц дзурын, А...-йæн нардхоры хуым рувгæйæ къæпийы хъæд йæ армытъæпæн никуы бафхæрдта? Уый тыххæй ныр афтæ зæгъæм, нард-

хоры хуым къæпийы комæй нæ, фæлæ йæ армытъæпæнæй рывта, зæгъгæ?

3. (13, 37, 73) «Йæ сау бæхы алиуырыныввонг скодта. Цы, дам у алиуырын? Вульгарон у». Чысыл фалдæр: «Цы дам у балиуырдтой», ралиуырдтой». Стæй та ноджы: «Цы дам у, ацы «ралиуырд-балиуырд?»

«Лæппу баскъæфта йæ саргъ, уыцы хуызæнæй йæ авæрдта уырсыл æмæ «БАЛИУЫРДТА йе рагъмæ» («Нарты кадджытæ», 57 ф.). «Уыцы мæстыйæ РАЛИУЫРДТА Сослан мæсыджы сæрæй» («Нарты кадджытæ», 113 ф.). «Лæппу балиуырдта барæджы фæсарцмæ» («Нарты кадджытæ, 193 ф.). Чи зоны А афтæ зæгъа, адæмон сфæлдыстадæн цы бартæ ис, уый фыссæгæн нæй, зæгъгæ, уæд ын дæнцæг æрхæсдзынæн нæ тæккæ уæздандæр æмæ стырдæр фыссæджы сфæлдыстадæй: «Хæбизджын æрсастон æмæ бирæгъ уырдыгæй алиуырдта» («Куырдтатаг гæдылæг». Гæдиаты Секъа. Равзаргæ уацмыстæ. Сталинир, 1959 – 372 ф.). Мæнæ ноджы дæнцæг не ‘ппæты стырдæр ахуыргонд лæджы сфæлдыстадæй «Лиуырын: Лиуырд / Лæуерун: Лæуирд – «прыгать», и «покрывать самку» (Васо (II т. – 46 ф.). Æз дæр уыцы дзырдтæн систон йæ «этикон» нысаниуæг æмæ йæ цалынмæ А... фæхты мидæг ныххостаид, афтæмæй йæ худæджы бын фæкодтаид, уалынмæ уал ын хъуымæ базыдтаид йæ этимологи, науæд та æрымысыдаид йæ сабийон бонтæ: мæн нæ уырны, æмæ уый йæ мад, кæнæ та йæ фыдымадæй макуы фехъуыстаид, «фырхæлæгæй йæ цæст лиуыры», зæгъгæ.

4. (11) «Нæлыстæг – кæд нæлгоймаг».

«Дæ размæ мын цыдæриддæр НÆЛЫСТÆГÆЙ цот уыдис, уыдон дæр æмæ дæ фыд йæхæдæг дæр фæмард сты Сосланы къухæй» («Нарты кадджытæ», 304 ф.). Ау, уыцы колоритон дзырд «мард» куы хонæм, уæд «Нарты кадджытæ» цæргæ нал кæнынц æви сын сæ бакæнымæ зивæг кæнæм?

5. (26, 47, 69) «Цы у уды къоти?» «Цы у къоти?» «Къоти», – ахæм дзырд æмбæлы арæх».

«Ацы рæстæджы хуызæн сæ мæрдты «КЪОТИ» куы нæ калдтой нозт æмæ хæрдыл» («Нарты кадджытæ», 230 ф.). А...-йы «Нарты кадджытæ» æнæхъæнæй бакæсынæй хуыцау бахизæд, фæлæ кæронæй, чиныджы «Дзырдуатмæ»

куы æркастаид, уæд уыцы дзырд йæ «фиппаинæгты» фараст хатты нал сфæлхатт кодтаид, уымæн æмæ дзы ссардтаид ахæм фæлгъауæн: «Къоти – хæф, цъæй, фаджыс. «Къоти калын» – хæлæф кæнын, зыд кæнын».

6. (31) «Цы сты бæхы хæфсытæ? Ацы дзырд мыл никуы фембæлд».

Раст зæгъы А..., уыцы дзырд ыл никуы фембæлдаид, уымæн æмæ дзы «Нарты кадджыты» йеддæмæ ничи пайда кæны æмæ йын уыдон та каст не сты. «Цы ма кодтаид бæх дæр сдзырдта: «Мæ адзал мæнæн мæ къæхты хæфсытæй у: бынæй мын мæ хæфсытæ куы нæ срæхойай, уæд мын мæлæт нæй». Чысыл дæлдæр: «Бæхæн йæ мæлæт у йæ къæхты хæфсытæй» («Нарты кадджытæ», 138 ф.). «Хæрдмæ ‘хсын байдыдтой Сосланы бæхы æмæ йын æй амардтой йæ къахы хæфсытæй» (Уый дæр уым, 139 ф.).

7. (74, 38) «Йæ фæйнæ цæсты дыгай гагуыйæ йæм бахудтис! Ахæм каламбур дзы никуыма уыд?» Иу цæсты дыуувæ гагуыйы чердæм уыд?» «Ноджыдæр та Сосланæн йæ цæсты дыгай гагуытæ уыди. Кæцæй, куыд? Иу цæсты дыуувæ гагуыйы?»

Нæ «культурон цыртдзæвæн зæгъы: «Йæ иу цæсты дыуувæ гагуыйы кæмæн уа. Йæ зачъетæ уызыны сындзы хуызæн кæмæн уой, уымæй-иу дæхи бахъахъхъæн. («Нарты кадджытæ», 306 ф.). «Бæхджынæн йæ сæр уыди басылыхъхъы тыхт, фæлæ йæ иу цæсты та дыуувæ гагуыыйы уыдис». «Сослан уыди, уæдæ, уый, Сослан! Уый йеддæмæ хуыцауы скондæй йæ иу цæсты дыуувæ гагуыйы никæмæн ис» («Нарты кадджытæ», 311 ф.).

8. (63) «Арæх æмбæлы Сау цъыззы цъас. «Цъас» бæрæг у. «Цъыззы та цы у? «Цъыз» – бынтон лыстæг дзынга у, мæнæ туаг сæны сæры сæрыл куы абады. Ам «цъызз» ахæм хуызы фидауы?».

Нæ, «цъасс» дæр нæу бæрæг А...йæн, цалынмæ «Нартæ» бакæса, уалынмæ: «Дæ мæгуыр мады авд æфсымæры сау цъызы цъассы ахæсты ысты» («Нартæ», 92 ф.). «Сау цъыззы цъас – дæлимонты зындон» («Нартæ», «Фиппаинæгтæ»). Фидауы, нæ фидауы, – æндæргъуызон зæгъæн ын нæ уыдис, уымæн æмæ афтæ хуындис, цæрц дæлимонтæ-иу адæймаджы цы зындоны ныппæрстой, уый. «Дугæн ссарын хъæуы йе ‘нгæс барæнтæ», – зæгъы А... йæ 80-æм

«фиппаинаджы». Се ‘дыппæтæн дæр хъæуы йæ эквивалентон барæн ссарын! Романы дзырд Нартыл кæй цæуы, уый тыххæй цаутæн кастæн, уыдон сæм куыд кастысты, афтæ æмæ сæ дзурын кодтон сæхи æвзагæй, уацмысы сæ æрцæрын кодтон сæхи царды этикæйæ, фæлæ уый та А... мæ фæкастис дисау, уымæн æмæ сын нæ зоны, нæдæр се ‘взаг, нæдæр сæхи æмæ нæдæр сæ цардуаг. Уый фæстæ лæг нæ зæгъдзæн, А... «Нарты кадджытæ» кастис, йæ хъайтарты æмæ йын сæ сæрыл хæцыны моралон бар ис, зæгъгæ.

II.КУЫД ЗОНЫ А... ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ КУЫД ÆНКЪАРЫ АИВ ДЗЫРД?

I. (3) «Йæ зæрдæ фæцъæррæмыхст. Кæд фæцъæх. Зæрдæ куыд æгъдауæй фæцъæррæмыхст, исты йæ ахафта. Кæнæ йæ истæуыл ахафта?»

А...-йæн йæхи логикæйæ пайда кæнгæйæ райдианы æвæрын фарст: «Кæд фæцъæх», зæгъгæ, мын куы уынаффæ кæны, уæд зæрдæйæн куыд ис «фæцъæхгæнæн», кæрдæг у æмæ йын уалдзæг æрцыд. Зæрдæ нæдæр йæ хуыз аивы, нæдæр цъæх фæвæййы, фæлæ «сфæлмæцыны» бæсты аивæй, гиперболайы хуызы фæзæгъæм, «мæ зæрдæ дзы фæцъæхис», зæгъгæ. Гъе, афтæ «зæрдæ фæриссыны» бæсты ис зæгъæн, «ис фæцъæррæмыхст», зæгъгæ, кæд æй ницы ахафы, уæддæр. Кæннод та бавдæлæм æмæ афтæ чи фæзæгъы, «мæ зæрдæ мын кæрчытæ фæхæрынц, зæгъгæ, уый бафæрсæм, алæма, кæуылты дын бавнæлдтой кæрчытæ дæ зæрдæмæ æмæ дын æй куыд фæхæрынц? Афтæмæй гæнæн ис, æмæ Къостайы раз дæр æрæвæрæм фарст: «Нæ дзыллæйы зæрдæ – Мæ хуымгæнды хай», зæгъгæ, куы адзырдтай æнусты сæрты, уæд куыд у дæ хуымгæнды хай, гутон дзы адарыс æмæ дзы хъæбæр хор байтауыс? Стæй тынг хъыгаг у, «фæцъæх» æмæ «фæцъæррæмыхсты» æхсæн цы хицæндзинад ис, уый кæй нæ фиппайы.

2. (7) «Уæд йæ рахис къух тымбылæй йæ риуыл авæрдта. Къух æмтгæй куыд стымбыл кодта? Кæд йæ мустучъи!».

А... афтæ кæмæй зæгъы, æмтгæй йæ куыд стымбыл кодта, зæгъгæ, уый у, «къух» нæ, фæлæ «цонг». Цонгæн, гъай-гъай, нæй æмтгæй стымбылгæнæн, фæлæ къухæн йе ‘нгуылдзтæ куы æрбатымбыл кæнынц, уæд свæййы «мустучъи».

3. (10) «Фæсхуыссæг. Уый та фердæм иронии (?) у? Фæсхуыссæг».

Ис дзырдтæ: «фæсаходæн», «фæссихор», «фæсхъазт», «фæскуывд», «фæсхъæу», «Фæс-Нарт». «Фæсхуыссæг æппындæр «ирони» нæу, уый у бынтон серьезон дзырд æмæ нысан кæны «хуыссæджы фæстæ».

4. (22) «Сыкъаджын сæрзæнт. Кæд сæрзæт, æнæ «и»-йæ».

А… «Нартæм» иухатт уæддæр куы ныккастаид, уæд нал закътаид, «кæд сæрзæт, æнæ «н»-йæ, зæгъгæ, уымæн æмæ уым дзырдæуы: «Йæ болат СÆРЗÆНТ, уæд йæ цурхъхъытæ» («Нартæ», 199 ф.). «Цурхъ æмæ сæрзæнт нæ байдзагысты» («Нартæ», 200 ф.).

5. (51, 68) «Æмæ йæ сыдзыл æрбадтис. Цы дам у сыдз? Аивдæр зæгъæн ын нал ис?» Йæ фиппаинæгтæ ныццарæх кæныны сæраппонд та чысыл дæлдæр: «Хæйрæг хуыцаумæ йæ сыдз ныхъхъил кодта, афтæмæй йæм сдзырдта.. цы дам у ай! Вулгаризм. Цинизм. Æниу ацы æнæфсарм дзырдтæм автор табу нæ кæны».

Ахæм «вулгарон» дзырдтæй пайда кæнынц Л. Толстой, Шекспир, И. Шолохов, нæхи Секъа, Мысост æмæ бирæ æндæр чидæртæ, фæлæ сæ худæджы бын ничи фæкодта. А… мæныл былысчъилтæ кæны æмæ йæ фæсонæрхæджы дæр нæй, уыцы «былысчъилты» бын кæй фæкодта классикты дæр. «Рувас лæгæты фарсмæ йæ СЫДЗЫЛ æрбадт» («Рувас Хадзы»). (Секъа. Равзаргæ уацмыстæ. Сталинир, 1960 аз. – 382 ф.). ««Ахмæт æрхуыссыди йæ фæстæ, æрхафта топпы сыдзæй хуыр» (кадæг «Ард». – Хъамбердиаты Мысост. Æмдзæвгæтæ æмæ кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1962 аз. – 114 ф.). Стæй ма Абайты Васомæ æркæсæм, кæддæра куыд «свулгарон» ис, уыцы дзырдæн йе ‘рдз фæлгъаугæйæ Чонкадзе Даниель æмæ Цораты Василийы æмбырдгонд «Ирон тeксттæй» цитатæтæ кæм хæссы, уым: «Лæппу (моллойæн) афтæ зæгъы: дæ бæхы сыдзæн апъа кæн… молло йæ бæхы сыдзыл нынныхæсти» (Васо. III т. – 182 ф.). Цæй, ныр Секъа, Васо æмæ Мысостæн сæ цæстмæ бадарæм, сымах циниктæ æмæ æнæфсармтæ стут, зæгъгæ, æви сын бузныг зæгъæм, уыцы «вулгарон» дзырдæн йæ бынат кæй ссардтой æмæ йæ кæй суæздан кодтой, уый тыххæй? Æниу, лæг цалынмæ ахæм хатдзæг скæна, уалынмæ хъуамæ банкъара, уыцы дзырдæн йæ фæлгъуыз «Ирон

тексттæ» æмæ Секъамæ юмористон кæй у æмæ Мысостмæ та драматикон зæлланг кæй кæны, уый. Мæнæн ме сконды мидæг юмор кæй нæй, уый тыххæй уыцы дзырдæй пайда кæнгæйæ мæхицæн уромæн сарæзтон Секъа æмæ «Ирон текстты» традицитæй æмæ (æнхъæл дæн) мæ къухы бафтыд, хæйрæджы æрдзæн æмхицон чи у, ахæм литературон фæлгонц, фæлæ йæ хъыгагæн А... нæ фæфиппайдта, уымæн æмæ «Нарты кадджытæй» хъауджыдæр ирон классикон литературæимæ дæр нæу хъæрмуд.

6. (67) «Æртæ дунейæ æхсæн æфхæлцæй æмæ сидзæрæй баззадтæн... Æфхæлц та куыд, æфхæлц у аборт. Ам фидауы? Ненхъæлдæн!»

Мæнг зæгъы ам дæр А..., уымæн æмæ «æфхæлц» у уырыссагау «выкидыш» æмæ «аборт» та у уыцы «выкидыш» аиуварс кæныны процесс. Æркæсæм сæ дыууæмæ дæр: «Аборт – преждевременное прекращение беременности и изгнание плода, самопроизвольно или вызванное искусственным путем» (Словарь русского языка. I т. М., 1981. – 19 ф.). «Выкидыш – плод человека или животного, преждевременно рожденный и нежизнеспособный» (Уый дæр уым, 259 ф.). Цæндийæн йе ‘хсыры цады æмгъуыд куы аивгъуыдта æмæ йæ ифтыгъд æрцæуыны фæстæ йе ‘муд куы æрцыд, уæд йæхи æфхæрын райдыдта, æртæ дунейы æхсæн («нежизнеспособный») «æфхæлцæй» кæй баззад æмæ йæ адæмæн ахъаз кæй нæ фæцис, уый тыххæй. Ныр дзы цы нæ фидауы, уый зæгъæм!

III. КУЫД ÆМБАРЫ А... ЛИТЕРАТУРОН УАЦМЫС ÆМÆ ЙЫН ЦАХÆМ БАРÆНТÆЙ БАРЫ ЙÆ АИВАДОН ÆМВÆЗАД?

I. (75, 77) «Хурзæрины къæхтыл Челехсæртæг бакодта рæхыстæ уæлдæр та (243 фарсыл) Челехсæртæг хурзæрины раз æрмахуыр куыдзау адæргъ ис. Ау, йæ къæхтæ кæмæн сбаста, уыцы хурзæрины раз ма куыдзау куыд адаргъ ис. Стæй цæмæн, кæм ис логикæ? Уыимæ йæм хурзæрин йæхи къахæй æрцыд, стæй ма йын йæ къæхтыл рæхыстæ чердæм баста. Куыд, цы хуызы. Ацы архайд нæ уырны чиныгкæсæджы». Чысыл дæлдæр: «Хурзæрин кæд афтæ тыхджын уыд æмæ Челæхсæртæджы рыг фестын кæндзæнис, уæд ма йын уæлдæр цæмæн дзуры, мæ къæхты рæхыстæ мын райхал, зæгъгæ. Кæм ис логикæ? Æви

нырма авторы афтæ фæнды»…

Ам æндæр гæнæн нæй, сабион фарстытæн сабион дзуаппытæ раттыны йеддæмæ: I. Хурзæрины раз Челæхсæртæг, æрмахуыр куыдзау, кæй адæргъ ис, уымæн йæ логикæ ис, Хурзæринæн баст уæвгæйæ дæр йæ зæрин тынтæй Хызы фырты бадон кæнын йæ бон кæй уыдис, уый мидæг; 2. Хурзæрин Челæхсæртæгæн афтæ кæй зæгъы, мæ рæхыстæ мын райхал, зæгъгæ, уымæн йæ логикæ ис, йæ кæнгæ хъæбул Батрадз æй кæй хъахъхъæдта æмæ йын йæ рæхысæвæрд къæхтæ æдзух доны мидæг кæй дарын кодтай, уый мидæг; 3. Хурзæринæл рæхыстæ кæй сæвæрдтай, уымæн йæ логикæ ис, Челæхсæртæг æй уæлæрвтæй сæрмагондæй уый тыххæй кæй æрсайдта, уый мидæг; 4. Ацы фарстыты алогикондзинады логикæ та ис, А… «Нартыл фыст уацмысмæ» развæлгъау йæхи кæй сцыргъ кодта æмæ, йæ мидæг цы цæуы, уый йæ мæстыйæ кæй нал бамбæрста, уый мидæг. Ацы ситуацийы сæйраг фактортæ сты Батрадз æмæ Хурзæрин тынтæ. Уыдон дзы куынæ уаиккой, уæд архайды æцæг дæр нæ уаид логикæ æмæ чиныгкæсæг зæгъид, Челæхсæртæгæн йæ бон хуры бахурх кæнын куы у, уæд ма йæ разы, куыдзау, цы ратул-батул кæны, науæд Хурзæрин Батрадзы йе ʻрхæсгæ рæхыстимæ цæмæннæ басудзы æмæ уæлæрвтæм цæмæннæ сфардæг вæййы, зæгъгæ? Æвæццæгæн мын уымæн амоны А.., уацмысы йæ мифологон бындурæй куы фæхицæн кæнис, уæд æппындæр ницæмæй фæцух уаид, зæгъгæ. Гъе, уæд та мын мæ разы сæвæрдтаид æцæг логикон фарст: алæма, Булкъайы-фырт, куыд æрцыд Хурзæрин зæхмæ? Науæд куыд бацыд зæххыл, йæхæдæг нæ планетæйæ мин хатты стырдæр куы у, уæд?

2. (87) «314 фарсыл хуры хоны зæрин гадза. Хур æмæ гадза? Æвзаг куыд æртасыд?»

Къухфысты текст: «Челæхсæртæг фырмæстæй йæ сæрыхъистæ бындзаггай тыдта, сæйраг мæсыджы хатæныиу иунæгæй куы аззадис, уæд-иу, сæнтдзæфау, йæ къухтæ тилгæ æмæ йæ комы фынк калгæ Хурзæринмæ æрдхъирæн кодта: йæ ныфс æм куыд бахаста уыцы зæрин гадза, куыд æм суæндыд, Хызы фырт, дæхи ардыгæй айс, дæ къоти æмæ мыл дæ дæлимоны сымаг ма кал, зæгъгæ?» Стыр эрудици йын нæ хъæуы, рæнхъон чиныгкæсæг æнцонæй

бамбардзæн, ам Хурзæрины «зæрин гадзы» автор нæ, фæлæ Челæхсæртæг кæй хоны, уый.

3. (99) «Бынтон бынсæфт фæуиккой, Дзорс (ома, Батырадз) дæр Сослан-иу сахары уынгты ралли-балли кæнид æмæ æртыккаг дунейы сылыстæг знаджы иунæгæй куы ныууадзид, уæд Дзоко (Хæмыц) æмæ Сантар (Æхсæртæг) уадз æмæ се ʻмбæлттимæ (нартимæ) куыйтау, фæсдуар æнхъæлмæ кæсой. Адон сты комкоммæ авторы ныхæстæ. Абзацы иунæг æрхъис дæр нæ зыны, ома уыдон сты Челехсæртæджы кæнæ Дзæцъуйы ныхæстæ, кæнæ хъуыдытæ. Сослан сахары уынгты ралли-балли кæны. Чи? Сослан! Æмæ иннæтæ та куыйтау фæсдуар æнхъæлмæ кæсынц. Гъе, уый тыххæй загътон ивгъуыд азы журнал «Фидиуæджы» редколлегийы рабадты дæр. Нартæ романы былалгъæй цæуынц æвдыст, цы фæнды сæ загъ, авторæн уæлдай нæу... Уый зыны текст куы кæсай, уæд». (Текст рафыстон куыд уыдис, афтæмæй, фæлæ йын мæ фысты бамыдултæ кæныны бар чи радта, уый нæ зонын! – Б. М.)

Ам нæ, кæнæ аивадон литературæйы теорийы лекцитæ кæсын бахъæудзæн, кæнæ авторитетон къамис скæнын, цæмæй А...-йæн комкоммæ зæгъæм: кæнæ дæ эрудици уацмыс бамбарыны фаг нæ комы, кæнæ та, ды цы абзацæй зæгъыс, уым æппæт дæр бамбæрстай æмæ йæ, романы компрометацийы сæраппонд фескъуыдтай, пайда дын кæм уыд, уым, уымæн æмæ дзы кæронæй фыст ис: «Уыдон куы æрбацæуой, уæд сæ Челæхсæртæг сардаудзæн Сослан æмæ йе ʻмбæлдтыл æмæ сын АРДЫГÆЙ кæсдзæн сæ хæлæ-мæлæ (къухфыст, 377 ф.). «Адон сты комкоммæ авторы ныхæстæ», зæгъгæ, куы фыссы, уæд цæмæннæ æркаст дзырд «АРДЫГÆЙ»-мæ? Кæцы «АРДЫГÆЙ»-йæ кастаид автор Нартæ æмæ дæлимонты хæлæ-мæлæмæ, Самтредийы йын цы коммуналон фатер ис, уый рудзынгæй, æви Челæхсæртæджы мæсыгæй? Уыдон «комкоммæ авторы ныхæстæ» куы уаиккой, уæд æй «АРДЫГÆЙ»-йы бæсты «УЫРДЫГÆЙ» зæгъын куы бахъуыдаид æмæ граматикæйы элементарон закъæттæ – «ФÆУИККОЙ», «КÆНИД», «НЫУУАДЗИД», «КÆСОЙ» «ÆРБАЦÆУОЙ» æмæ «САРДАУДЗÆН» – мивдисджыты ацы формæты бæсты «ФÆУЫДАИККОЙ», «КОДТАИД», «НЫУУАГЪТАИД», «КАСТАИКОЙ»,

ÆРБАЦЫДАИККОЙ», æмæ «САРДЫДТАИД», зæгъгæ, ныффыссын куы æрдомдтаиккой, уæд уый ты куыд рауадаид? Æви ахæм «лыстæг» нюанстæ æмæ «æрхъистæм» фыссæг йæ хъус ма хъуамæ æрдара æмæ сæ ма банкъара? «АРДЫГÆЙ»! – уый фæлгæсæн пункт, фæлгæсæг кæм лæууы, уым кæй ис, уый куы нысан кæны, уæд авторы цы бахастаид Челæхсæртæджы мифологон æртыккаг дунейы сæйраг мæсыджы хуылфмæ? Уæдæ ма А… мивдисджытæм лæмбынæг æркæсæд æмæ уыцы «АРДЫГÆЙ»-йы пунктыл Челехсæртæг куыд фæлгæсы, афтæмæй йæ ныууадзæд, кæддæра æппæт дæр йæ раны нæ абада æмæ нæ зæгъа: о-о-о, фæрæдыдтæн, «Адон сты комкоммæ авторы ныхæсты» нæ, фæлæ Челæхсæртæджы хъуыдытæ æмæ сын сæ формæ Булкъаты Михал фæсномыгæй (Иносказательно! – бауырнæд А…-йы, ахæм мадзал ис аивадон литературæйы æмæ роман иууылдæр фыст у уыцы «приемæй!») равдыста, зæгъгæ! Æппæты стырдæр бæллæх у, роман æнæхъæнæй ахæм цæстæй каст кæй æрцыд, А…-мæ персонажты позицитæй авторы позици равзарыны фаг эрудици кæй нæ разынд æмæ адæймагад æмæ гуманизмы фыдызнæгтæ Нартæй цы æвзæр ныхæстæ дзурынц, уыдон иууылдæр ме 'фсон кæй кæны, уый мидæг. Уый нæ, фæлæ дис кæнын, уыцы гæлир логик йын куыннæ зæгъын кодта, Хурзæриныл рæхыстæ Булкъаты Михал сæвæрдта æмæ йæ æртыккаг дуне дæр йе 'хсыры цадимæ уый сарæзта, зæгъгæ! Хъыгаг у, сывæллон дæр цы литературон фарстытæ æмбары, уыдоныл нæ А… серьезон æгъдауæй кæй æрдзурын кодта, уый. Уымæй стырдæр хъыгаг та у, йæ «Редакторон хатдзæджы» 103 фиппаинаджы сæ мидисæй иууылдæр, анализ цы фарстытæн скодтам, уыдон æмвæзадыл кæй лæууынц æмæ сыл фыссæджы компетенци æппындæр кæй нæ зыны, уый. Нæ анализ нын дæтты ахæм хатдзæг скæныны бар: А…, «Нарты кадджытæ» дзыхæй дзургæйæ цы фехъуыста, уый йеддæмæ сæ кæсгæ нæ бакодта; 2. Аивадон литературæйы мадзæлттыл дзургæйæ йæхи равдыста делетан æмæ æнæкомпетентонæй, уымæн æмæ йæм нæ разынд, автор фæсномыгæй цы персонажты хъуыдытæ дзуры, уыдонæй авторæн йæхи дунеæмбарынад фæхицæн кæныны фаг эрудици; 3. Не 'нкъары ирон аив дзырд, мæгуырау зоны

классикон литературæйы традицитæ, афтæмæй иунæгæй, искæмæ нæбайхъусгæйæ лыг кæны уацмысы хъысмæт; 4. Равдыста романæн йæ бындурон фарстыты зыгъуыммæ кæнын æмæ компроментацийы тенденцитæ; 5. Йæ «Редакторон хатдзæгыл» зыны адæймаджы дæлдзиныггæнæг цинизм æмæ æлдариуæггæнæг лæджы хъæлæсы уаг; 6. Нæй йын «Нарты кадджыты» «сæрылхæцæджы» роль æххæст кæныны моралон бар; 7. «Нарты кадджыты» сæ мæгуырыл ныууадзут, зæгъгæ, кæй зæгъы, уый нысан кæны: ныууадзут сæ, æз сæ куыннæ кæсын, афтæ сæ ма кæсут музейы сæ бавæрут æмæ-иу сæм исдугæй-исдугмæ бацæут уынынмæ 20 капеччы аргъ билетимæ.

Ахæм хатдзæг адæймагмæ февзæрын кæны логикон фарст: цæмæн расидт А... хæст, капиталы бæстæты цы кусæг адæймаджы зонд байсыны аномали фæзынд, уый критикæйыл фыст уацмысы ныхмæ æмæ йын чи радта, хицауады рауагъдад йæхи кантор фестын кæна, уый бар? Уый йеддæмæ ма ис, йæ примитизмы æмбыд сымаг кæмæн кæлы, ахæм фактор æмæ йын æзæгъгæ нæй: Б...-йы размæ «Ирыстон»-æн цы директортæ уыд, уыдон фарст æвæрдтой афтæ: иугæр Булкъаты Михал «махæрдыгон» нæу, уæд ацæуæд æмæ йæ чингуытæ рауадзæд, кæм цæры, уым! Чи зоны А...-йы дæр уыцы антиконституцион фарст разæнгард кæны мæ роман «ныллæг» кæнынмæ æмæ уымæн дзуры мемæ уæлбикъон лæджы хъæлæсæй? «Нарты Сосланы æвдæм балц»-æн рецензенттæ цы аргъ скодтой, уымæй рауагъдады 1985 азы нывæстмæ йæ бахæссыны раз нæ лæууыд, нæдæр йæ аивадон æмвæзад æмæ нæдæр йæ идеологон фарст. Иугæр уый не ‘рцыд, уæд та уæ курын, цæмæй йæ фервæзын кæнат волютаризмы ахастæй æмæ йæ бахæссат 1986 азы нывæстмæ.

*Булкъаты Михал*
*22/IV – 85 аз*

Ахæм фыстæджы фæстæ уæды рæстæджы Калакæй дæр, стæй нæхи обласы разамындæй дæр куыннæ уыдаид хъæбæр ныхæстæ. Чиныджы хъысмæт аскъуыддзаг кæнын иунæг удæй мæнмæ уымæн æрхаудта: «Гал амæла – дзидза, уæрдон асæтта – суг», – фæлæ, табу Хуыцауæн, сæ фын сæ фæсайдта. Мæ къухы гал дæр нæ амард – ро-

ман æрæджыйау, фæлæ уæддæр рухс федта[1], уæрдон дæр нырма йæ цыды хай кæны, кæд йæ ласинæгтæ дзæвгар фæфылдæр æмæ фæуæззаудæр сты, уæддæр.

* * *

**Мелитон, дæ бон хорз**!

Майы бæрæгбоны хæдфæстæ дæ чиныджы тыххæй «Мерани»-мæ бацыдтæн. Зондзынæ йæ, тæлмацгонд литературæйы хайады сæргълæууæг Цъулейскири кæй у. Загътон ын, Хъазиты Мелитоны дæлрæнхъон текстæй цæмæн тæлмац кæнут, мæнмæ йæ раттут æмæ, кæд тынг æнæвдæлон дæн, уæддæр, уыцы авторы прозæ мæ зæрдæмæ кæй цæуы, уый тыххæй йæ оригиналæй раивдзынæн, зæгъгæ. Æхсызгонæй сразы ис æмæ дзы Гвердцители дæр нæ бахъуыд, æрмæст уыцы фарстыл баныхас кæнын хъæуы сæйраг Редакцион Коллегийы сæргълæууджытимæ дæр, уымæн æмæ тæлмацгонд литературæйæн рекомендацитæ æмæ рецензитæ уыдон дæттынц, зæгъгæ, загъта. Ноджы дæр сразы ис мемæ æмæ мын йæ дзырд уый фæцис, иугæр хъуыддаг афтæ у, уæд ыл æрмæст рецензи дæр дæхæдæг ныффысс, зæгъгæ. Ногæй цы хъуамæ æрымысон афтæ тагъд, «Фидиуæджы» кæй ныммыхуыр кодтон, уый сæм арвитдзынæн цыбыргæндтæй.

Дæ къухфыст дын рецензи кæнынмæ барвыстой Нодиайы организацимæ æмæ дзы рецензент æвæрццаджы хуызы равзæрста фондз радзырды. Кæцы радзырдтæ сты, уый мæ зæрдыл нæ лæууы, фæлæ сæ гуырахст чиныджы фаг кæй нæй, уый бæлвырд у. Цъулейскирийæн йæхицæн дæр загътон: хъуыдыйаг рецензийы характер нæу, уымæн æмæ чиныг æз куы аразон, уæд ын йе сконды рецензигонд уацмыстæй, чи зоны, иу дæр нæ бахæссон. Хъуыдыйаг у, чиныг планмæ хаст кæй нæу, уый. Йæ разы йын федтон, тæлмацгонд литературæйæ «Мерани» 1985–1990 азты цы уацмыстæ хъуамæ рауадза, ахæм планы «черновик» æмæ дзы ирон фысджытæй хаст уыдис Къоста (стыр), Асаты Реуаз (æрвылхатт нæ уый рахæссы рæгъмæ, кæннод нæ дон нæ дæлæмæ ласид, нæ уæлæмæ) æмæ æз (1986 аз). Æз æй нывæзт аразыны принципæй афарстон æмæ мын

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Нарты Сосланы æвдæм балц. – Цхинвал, 1988. – 379 ф.

куы ницы бæлвырд дзуапп радта, уæд ын афтæ зæгъын: иу уал уый æмæ уæ нывæзты æгæр цъус ирон автортæ ис (апхаз дзы парахатæй сты). Иннæ ахæм та уый, æмæ Ирыстоны ис, Асаты Реуазау, уын уæ къæсæртæ чи нæ ихсийын кæны, фæлæ æнæмæнг рауадзын кæй хъæуы, ахæм автортæ, уымæн æмæ уыдон сты нæ абоны литературæйы цæсгом. Кæцытæ сты ахæмтæ, зæгъгæ, фæджихау уый æмæ сæ æз æрнымадтон: Гафез, Бестауты Гиуæрги, Нафи, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Æлборты Хадзы-Умар, Хъазиты Мелитон, Гуыцмæзты Алеш æмæ хохæн уыцы фарс иу-цалдæр фыссæджы. Ды цы автортæ æрнымадтай, уыдонæй нырма нæ къæсæрæй мидæмæ ничи æрбакаст, уæ фысджыты цæдисы сæрдар (Гыццыл Къоста!) та кæд йæхи тыххæй æрбацæуы, уый йеддæмæ йæ организацийы уæнгты сæраппонд йæ дзыхæй иу дзырд дæр никуы схауы, зæгъгæ, загъта, æмæ мæ цæхгæр афарста, Четиты Рубены зонын æви нæ, уымæй. Зонын æй – тетрады архайæг æмæ литературæйы алфæмблай зилдухгæнæг адæймаг, фæлæ, иронау æмдзæвгæтæ кæй фыста, стæй сæ гуырдзиагау йæхæдæг кæй ратæлмац кодта, уый мæ фæсонæрхæнæджы дæр нæ уыд, зæгъын, цæхгæр ын загътон æз дæр.

Кæсыс, цы уавæры стæм? Хицау æмæ нын сæрылхæцæг нæй, нæхæдæг дæр никæй тыхсын кæнæм æмæ æндæр адæмты литературон органты ирон литературæйы номæй сæрбæрзондæй дзурынц. Рубен «Мерани» æмæ «Цискъари»-йы хыл самадта, иронау кæй нæ ныффыста, уыцы æмдзæвгæты гуырдзиаг тæлмæцтыл ын æппæрццæг рецензи ныффыссын кæй бауæндыдысты, уый тыххæй. Маиу фæдисау у, Рубен йæ хылы фæрцы гуырдзиаг рауагъдадты Нафи, дæу, кæнæ та мæ бынат куы бацахса, уæд.

Гъе, уый дын нæ митæ! Кæддæр, мæгуыр Бестау редактор куы уыдис, уæд сæ кабинеты бадгæ баййæфтон æмæ Гиуæрги Рубенæн афтæ зæгъы: «Бакастæн дæ пьесæтæ æмæ дын мыхуыры аккаг не сты. Фыссын нæ зоныс, ше рджулдзагъло æмæ йæ ныууадз!».

Уый фæстæ «Фидиуæг» йæ позицитæ аивта, Бестау цы лæмæгъ пъесæтæ сфаудта, уыдон ныммыхуыр кодта æмæ сæ автормæ фæзынд, иронау кæй нæ ныффыста, ахæм æмдзæвгæты гуырдзиаг тæлмæцтæ рауадзыны стыр претензи. Нæ зонын, æвæццæгæн, мæ хъуыды цæхгæр кæй

фæзæгъын, уымæн фембыл вæййын æрвылхатт! Цъу-лейскири æмæ Цикълаурийæн дæр æгæр загътон, «Чети-ты Рубен», ахæм прозаик кæнæ поэты ирон литературæ нæ зоны æмæ сымахмæ цы «тæлмæцтæ» æрбавдыста, уыдонæн сæ «оригиналимæ» Ирыстоны зонгæ ничи у, зæгъгæ.

Цыбырдзырдæй, Цъулейскъири йæ хицæуттæм сфи-дар кæныны сæраппонд цы «черновик» хъуамæ баха-стаид, уым ма ныффыста Нафи (æртæ мыхуырон сыфы æмдзæвгæтæ – 1988 азмæ) æмæ дæу (дæс мыхуырон сы-фы прозæ – 1988 азмæ). Сауфыст нывæзтæн закъоны тых нæма ис, фæлæ йын нысаниуæг ис, дзырд ыл кæй цæу-дзæн, уый тыххæй. Рецензи рæхджы арвитдзынæн æмæ куыддæр Алешы тæмац фæуон, афтæ райдайдзынæн «Ал-мас»-ы» ивын, не взирая ни на что. Дæхæдæг дæр иу цыд куы ныккæнис, Цъулейскъирийы куы фенис, уæд мæгуы-рау нæ уаид. Реуаз дыууæ боны иу хатт куы цæуы, уæд ды дæ цæргæ-цæрæнбонты дæргъы иу цыд куы ныккæнай, уæд цы диссаг у! Мæхæдæг цæуинаг дæн, кæд а-рæхджы аккуырсон, уæд дæм развæлгъау фæбæрæг кæндзынæн æмæ иумæ ныууайдзыстæм. Ды мын цы роман средаци кодтай, уымæн гуырдзиагау йæ гуырахст рауад 22,7 авто-рон сыфы, планмæ та мын хаст ис 15 авторон сыфы. Хабар куыд рауайдзæн, уымæн ницы зонын. Цъикълаури мын ныфс бавæрдта, æртæ сыфы дæм бафтаудзыстæм æмæ йæ дæхæдæг дæр чысыл фæцыбыр кæн, зæгъгæ. Куыд æй фæцыбыр кæнон, уыйас куыст бакæныны фаг мæм тых нæй æмæ мæ фæндгæ дæр нæ кæны!

Мелитон, дæумæ цы даргъ письмойы копи æрбарвыстон (цымæ дæм æрхæццæ ис?), уый «Сосланы æвдæм балц»-ы текст æмæ рецензиты копитимæ рарвыстон Гæбулты Мелитонмæ дæр, фæлæ дзуапп нæма ис. Дзуапп нæма ис иннæ адресаттæй дæр. Цы фæнд сæм ис? Ома, Булкъа-ты Михал нæхи регионы цæрæг нæу æмæ йæм дзуапп куынæ арвитæм, уæддæр ницы кæны, зæгъгæ. Нæ, нæ рауайдзæн афтæ! Иугæр мын мæ къухмæ хæцæнгарз си-сын кодтой, уæд дзы кæнæ искæй хъуамæ ныммырхон, кæнæ та йæ мæхи риуы ныссадзон! Æндæр дзы гæнæн нæй! Ма фæзивæг кæн, дыууæ дзырды мæм афысс ситуаци

фæбæлвырлддæр кæныны сæраппонд, кæннод гæдыйау ауыгъдæй лæууын.

Салæмдтæ Ленæ æмæ йæ балгъа-булгъатæн.

Дзуаппмæ дæм æнхъæлмæ кæсы.

*Дæхи Миахал*
*14/5 – 85 аз*

* * *

**Мелитон, дæ бон хорз!**

Нæ зонын, æз цы аразын, уый нормалон адæймаджы принципæн дзуапп дæтты, æви нæ! Мæнмæ гæсгæйæ, йын дæтты, уымæн æмæ иуæрдыгæй фыссæг йæхæдæг лæгæн куынæ бæзза, йæ риуы зæрдæйы бæсты мадæл скорпион куы уа (мадæл скорпионæн нæл скорпион йемæ куы фæвæййы æмæ йын йе 'рдонг куы басæтты, уæд æй бахæры, кæннод йæ хуылфы ницы сæвзæрдзæн æмæ къуыртт нæ рауадздзæн!), уæд йæ уацмыс та цы гæнæг у! Иннæрдыгæй та мæн фæнды гуырдзыйæн нæ ныркон литературæйы æмвæзад равдисын æмæ уыцы æмвæзадыл уæлæмæ фæнды Шейдок схæцæд, фæнды Санчо-Пансо, фæнды Яго, фæнды Дзесты Куыдзæджы Чъеури, уæлдай сæ нæй! Чи зоны раст нæу, тæлмац кæныны процессы тæлмацгæнæг ницæйаг, цауд, аивадмæ дард лæууæг «уацмысы» туг бауадзыныл кæй фæцархайы, уый, фæлæ уый дæр цæуы, уæлдæр кæй загътон, уымæй. Иугæр æй дзырд æрхаста, уæд дын хъуамæ раргом кæнон, ацы æрмæджытæ цæттæ кæнгæйæ цы додойаг фактыл баныдзæвтæн, уый: цауд курдиатæн (бездарность и серость!) йæ закъон æрмæст лæмæгъ æмæ ницæйаг «уацмыстæ» фæлдисын нæу! Цауд курдиатæн йе 'гъдау æмæ йæ сæйраг фыдракæнддзинад ис, дзырд кæй бардузы æмæ уыцы æрдызт дзырды уæнгты туг бауадзыны фадат кæй нал вæййы уый мидæг! Уыцы уавæр чиныг кæсгæйæ уый бæрц нæ бамбардзынæ æмæ нæ фæфиппайдзынæ! Цæмæй дæм уыцы фыдракæнддзинады куынæггæнæг тæф тынгдæр æрбандава, уый тыххæй хъуамæ ратæлмац кæнай хуымæтæджы, рæнхъон лæмæгъ уацмыс нæ (лæмæгъ уацмыс дæр уацмыс у!), фæлæ йæ сæрмæсыдз критеритæ адæймагмæ антиэстетикон æнкъарынад кæмæн февзарын кæнынц, ахæм уацмыс! Дзырдæн, мæнæ дæм æз цы

тæлмац æрвитын, уымæн йæ оригинал! Фыссæг (стыр претензитæ кæмæ ис, ахæм фыссæг!) фыссы: «Агъуысты размæ айкау дæргъæццон цад. Цады сыгъзæрин доны – сыгъзæрин кæсæгтæ». Дыууæ хъуыдыйы кæрæдзийы фæдыл лæууынц æмæ сæ иуы мидæг дæр мивдисæг нæй! Æнæмивдисæг та хъуыдыйад хъуыдыйад нæу æмæ дзы нæй скæнæн динамикæйæн, колоритæн, предметты ракурстæн, архайды темпæн, хуызтæн, джандабатæн æмæ дозанатæн. Ахæм æнæтигъ æмæ æнæуд хъуыдыйæдтæй персонажы характер æмæ дзурыны манерæ бахахх кæнынмæ куы хъавид, уæд чи зоны исты уаиккой, фæлæ мардæрцыд у, уый авторæн йæхи хъуыды кæнын æмæ дзурыны манерæ кæй у, уый! Уыцы тексты автор нæ зоны, фыссæджы стиль мивдисæджы бынатмæ гæсгæйæ кæй сырæзы, уый. Уымæн йæ фæсонæрхæджы дæр нæй, фыссæг аив дзырды фæрцы æрмæст хабæрттæ кæй ма хъуамæ дзура, фæлæ предметтæн сæ хуыз кæй хъуамæ скалын кæна æмæ архайды темпæн уаг дæттыны хъуыддаджы мивдисæг тормузгæнæн мæцъисы функцитæ кæй хъуамæ æххæст кæна, уый. Махмæ иу мæгуыр Поре уыд (мæрдты рухсаг уæд!) æмæ хуыйы хъаппæй физонæгыл æрратæ кæй кодта, уый тыххæй нæ хъæуы хуытæ уый æрдызта. Кæс ма, кæддæра Порейæ къаддæр арæхсы æрдузынмæ, æз дын цы тексты кой кæнын, уый автор! «Парчы алыварс – урс агуыридурæй бæрзонд æмбонд»». Исты дын дзурынц уыцы дзырдтæ, кæнæ дын сæ къорд дæ цæсты раз исты февзæрын кæны? Кæй зæгъын æй хъæуы, интуицийæ бамбарæм, автор цы зæгъынмæ хъавы, уый, фæлæ цасы фаг суыдзæн нæ интуици, алы хатт æй ахæм аморфон хъуыдыйадыл фембæлгæйæ, минæ агурæн аппаратау, цæттæйæ куы дарæм, уæд? Иугæр аргъау фыссын, уæд мын седыппæт зæгъыны бар ис, зæгъгæ, хъуыды кæны уый æмæ ма йæм æркæс, кæддæра куыд уыны предметтæ: «Цады сыгъзæрин доны – сыгъзæрин кæсæгтæ». Æппæты рæсугъддæр, буцдæр æмæ хуызджындæр дзырд «сыгъзæрин» (æз ын уæлдай табу кæнын, дыууæ дзырдæй конд кæй у – «сыгъдæг» æмæ «зæрин» - æмæ сæ дыууæйæн дæр сæ ирон тæф дардмæ кæй кæлы, уый тыххæй!) уыцы цыбыр хъуыдыйады фæлхаттгонд цæуы, фæлæ йын нæдæр хуыз ис, нæдæр уд, уымæн æмæ «сыгъзæрин доныл»

дзырд кæм цæуы, уым бамбарын хъæуы, дон ахуырст æмæ змæст кæй у æмæ йæ мидæг, «сыгъзæрин кæсаг» нæ, фæлæ æппындæр кæй ницы разындзæн, уый. Нæ, ахæм фыссæгæй нæ зæгъдзынæ, йæ фысты дзуг æнæ банымайгæйæ дæр бæрæгæй цы фыййау фæдары, уымæй хуыздæр уыны, зæгъгæ! Гугкаты Шамил нывгæнæг кæй нæу, уый бæлвырд у, фæлæ, æгæрыстæмæй, уымæн йæ прозæ дæтты тæлмац кæныны хуыздæр фадат, уымæн æмæ йæ адæймагон æрдзы мидæг нæй, дзырд бардузыны инстинкт чи сактивон кæны, ахæм фыдракæнды потенци. Уæвгæй, æз цы тексты кой кæнын, уый автор дæр барæй не 'рдузы аив дзырд, уымæн æмæ цæмæй дзырд барæй бардузай, уый тыххæй йын хъуамæ зонай йæ æрдз æмæ йын йæ æрдз куы зонай, уæд та дæ дæ зæрдæ нæ батæрдзæн ахæм фыдракæнддзинадмæ! Уый дзырдæн йæ æрдз æмæ йæ хуызивæнтæ кæй нæ зоны, уый тыххæй уыцы фыдракæндæн йæ амонджытæ æмæ йæ медиатортæ сты йæ зæрдæйы сконд, йæ дæлæнкъарæн (подсознание!) æмæ йе стихи! Куыд хъуамæ кæнай, ахæм авторыл куы баныдзæвай, уæд? Кæнæ йæ хъуамæ уадзгæ ныккæнай, кæнæ та йæ ныффыссай сæрæй, цы æвзагмæ йæ тæлмац кæныс, уыцы æвзагыл! Æз æй ныффыстон сæрæй æмæ йæ бакæс! Кæд дæм дæ зæрдæ ныдздзура, уæд æй йæ авторæн равдис, кæннод æй туалеты хуынчъы ауадз æмæ мæм фæбæрæг кæн. Оригиналы куыд у, афтæмæй йын гуырдзиагау мыхуыргæнæн нæ уыд.

Мелитон, мæ романы къухфыст кæм уыдис æвæрд? Ды папкæтæм кæй нал ныккастæ, уый у логикон, уымæн æмæ уацмыс кастæ, хъуыды йыл кодтай æмæ йыл ныффыстай рецензи, фæлæ йæм Гæбулты Мелитон дæр кæй нæ ныккаст, уый у дзырддаг! Куы йæм ныккастаид, уæд æй фæстæмæ нæ раздæхтаид! Уый та дын уæлдай факт, тенденциозон кæй сты æмæ сæ цыдæр маст кæй абухын кæны, уый бæлвырд кæнынæн.

Ацы хатт дыл лæгæй-лæгмæ фембæлдзынæн æмæ дын лыстæггай банымайдзынæн, хъуыддаг цæй мидæг ис, уый. Факт у, роман сæрæй кæй рафыстон æмæ йæ уæддæр мæ къухы кæй дарын, уый.

Нодар Думбадзейы «Дæс радзырды» кастæн, сæ тæлмац тынг мæ зæрдæмæ фæцыд, авторæн йæ трагедихæццæ

юморы æнахуыр стиль кæй æрцахстай, уый тыххæй. Мæ хъуыдытæ дæм лыстæггай ныффысдзынæн (æмæ сæ дæумæ кæм фыссон, уым сæ мыхуырмæ дæр ныффысдзынæн), чысыл куы февдæлон уон, уæд.

Иу фиппаинаг уал мæстыйæ: «Картулидан таргмна Мелитъон Къазиевма». Худæг дæм нæ кæсы? Иу уал уый, æмæ мыггæгтæ тæлмац нæ цæуынц æмæ сæ фыссын хъæуы, мадæлон æвзагыл куыд сты, афтæ. Иннæахæм та уый, æмæ дæуæн дæ мыггаг у «Хъазитæй» æмæ йæ иугæр тæлмац кæныс, уæд фыст хъуамæ æрцыдаид «Къазиеви» нæ, фæлæ «Хъазиеви»! А-а-а, уырыссаг æвзагæй хатыр кæныс æмæ уым «Хъ» кæй нæй, уый тыххæй гуырдзиагау дæр «Хъ»-йы бæсты «Къ» ныффыстай? Пардон, пардон! Тебе не кажетстся, что это комедия? Дыккаг хатт-иу уымæ дæ хъус æрдар, я зачитываюсь не прозой какого-то Казиева, а талантливого осетинского прозаика Мелитоны Хъазиты.

«Гæдыла паддзах» мæ къухы ис, дæ зæрдæ йæм ма æхсайæд, архайдзынæн ыл æмæ йæ раивдзынæн, мæ бон куыд бауа, афтæ.

Салам Ленæ æмæ йæ сабитæн.

*Дæхи Михал*
*24/VI – 86 аз*

* * *

**Мелитон, дæ бон хорз!**

А фæстаг рæстæджы мæ зæрдæ æппæты тыхджындæр барухс дæу æмæ Алешы романтæй. мæ рæстæг мыл афтæ скадавар æмæ мын ныры онг нæ бантыст Дзерассæ æмæ Æхсары уарзты драмæ бакæсын. Ныббар мын, дæ хуыцаумæ скæс! «Фæлдзæуæн рæстæг» кæсгæйæ лæг æппæты тынгдæр барайы, авторæн йæ аив дзырд йæ коммæ кæй кæсы æмæ йæ хатт жанглер дæр кæй фестын кæны, уымæй. Нырыккон прозæ чиныгкæсджытæм йе ‘ргом здахы дзырды феномены фæрцы, хабæрттæ дзурыны дæсныйад дыккаг планмæ ахызт. Æниу, уыцы дыууæйæн æнæкæрæдзи уæвæн нæй: хабар никæй хъæуы, йæ мидæг дзырд æххæст куынæ æрттива æмæ зæлланг куынæ кæна, уæд. Хабар цымыдисон у, дзырды хуызтæй нывгонд куы уа, уæд. Ды йе «срæсугъд кæнынмæ» нæ тырныс, тых æм

нæ хæссыс æмæ ма, æгæрыстæмæй, кæрæдзимæ æгæр дæр суæндон стут. Дзырдтæй иу дæр фыдуынд нæй (æгæрыстæмæй, æнæцензурон дзырдтæ дæр!) æмæ йын йæ рæсугъддзинад чи фæфиппайы, уый йæ ныууадзы йæхи адыл. Фыссæджы дæсныйад у, дзырды æрдзон уавæр куыд фæфиппайы æмæ йыл йæ хъуыды куыд сбийы, уымæ гæсгæ. Дзырд нæ кæсы нæ коммæ, фæлæ мах кæсæм йæ коммæ æмæ йын цæргæ-цæрæнбонты стæм цагъартæ, уымæн æмæ уый у хуыцау, не сфæлдисæг. Пуй, фырдзырд мыл бафтыд! Уыдæттæ дын куы дзурын, уæд сæ дæхæдæг нзоныс, и?

Дзерассæ æмæ Æхсары æмахастытæн æнæ бабын гæнæн нæ уыд. Кæй бабын, уымæн ис бирæ аххосæгтæ, æз дзы æрнымайдзынæн иу-цалдæр. Уым æппæты стырдæр аххосаг у, чызг æмæ лæппуйы æмахастытæн уарзт схонæн кæй нæй æмæ сæ уыцы уæларвон æнкъарæн кæй не сиу кодта, уый. Уыцы фарстæн бæлвырд дзуапп дæтты романы дæлтекст, фæлæ хъуыддаг ис, æз æй куыд раиртæстон, уый мидæг. Печоринæн Азæмæт йæ хо Белæйы куынæ æрбакодтаид æмæ йын æй абырæг Казбычы бæх Хъарагезыл куынæ баивтаид, уæд, чи зоны, йæхи амарднтаид æмæ мæгуыр Грушницкий дуэлы йæ амæттаг нал фæуыдаид, фæлæ се ‘хсæн уарзт уыдис æви нæ? Æхсарæн уыцы æхсæв мæгуыр Дзерассæ цæхгæр куы загътаид, тынг дæ кæд уарзын, уæддæр экспромтæй чындзы нæ цæуын, зæгъгæ, уæд лæппу æнæмæнг йæхицæн фыдбылыз сарæзтаид, фæлæ йæ уарзта? Уæд ма Ацырухс та цы гæс уыд? Æхсары хуызæттæ сты се сфæлдисæг дуджы продукт, се сфæлдисæг сын сæ мидæг цы заряд нывæры, уый æндæвдæй кæнынц тынг курдиатджын хъазт æмæ кæд сæ зæрдæ æмæ сæ зонды æхсæн диссонанс вæййы, уæддæр сæ фæфиппайæм зынтæй. Æрымысæм: цалынмæ сиу сты, уалынмæ йæ Æхсар æппындæр кæй нæ фиппайы æмæ, æмкъæйттæ куы систы, уæд та Ацырухсимæ контролон куысты æфсон «куырмæхсты-тæй» кæй хъазынц, уый. Стæй, фыдбылыз куы сарæзтаид, уæддæр æй уарзты сæраппонд нæ сарæзтаид. Уым фыдбылызы аххосаг уыдаид бынтон æндæр цыдæр. Æхсар уыцы ситуацийы зыны, стыр зынгсирвæзтæй чи рагæпп кæны, ахæм «пожарничы» хуызæн æмæ йыл мæгуыр Дзерассæ, йæ цуры

уæвгæйæ, дон куынæ бакалдтаид, уæд, гъай-гъайдæр, басыгъдаид, фæлæ уыцы зынгсирвæзты уарзт нæ расайдта, нæдæр – иуæрдыгæй, нæдæр – иннæрдыгæй. Ох-ох-ох, дæ психологон эксперименттæ! Нырма уал «Алмас»-ы сырды инстинкт æмæ фыдлæджы ихсыд намыс баппæрстай тæрæзтыл, кæддæра сæ кæцы уæззаудæр рауаид, зæгъгæ. Ныр та ам иумæ бацæрын кодтай, хъысмæты фæндæй æгæр æрæгмæ чи райгуырд, ахæм зæд æмæ цъаммар дуг адаптацийы æппæты стырдæр хъæппæрис цы лæппуйæн радта, уый æмæ сæм авд мæйы дæргъы дардæй фæкастæ, кæддæра дзы цы рауаид, зæгъгæ, уый тыххæй вагæттæ æвдæлон кæны, уæддæр йæхи хъары зæрдæ æмæ æнкъарæны мидæндæвдæй нæ, фæлæ æрвонг хъуыдыйы амындæй, фæстæмæ нæ фæкæсгæйæ, йæ фæдыл кæй рацыд, уымæй йыл цы моралон хæс сæвæрдта, уый бафидыны мещанон этикæйы амындæй.

Дзырдæн, Æхсарæн йæ истори фыссыс дарддæр! Уæд ын йæ интимон бастдзинæд-тæ кæимæ равдисис? Стыр зынгсирвæзтæй раирвæзгæйæ мæгуыр Дзерассæ йæ разы лæуд куыд фæцис, афтæ, йæ разы фыццаг лæуд чи фæуид, уыимæ? Уæд уый уаид авторы тыхмийы фæстиуæг æмæ мæ нал бауырнид, уымæн æмæ ахæм ми цæуид Æхсары психологийы ныхмæ. Æппæты логикондæр уаид, Ацырухс кæд схъахбай ис, уæддæр æй йæ зæрдæ уымæ куы батæрид, уый.

Уый та нын амоны, Æхсармæ сыгъдæг æнкъарæнæй цы уыд, уый Ацырухсæн кæй схай кодта (Дзерассæ дæр ын куы загъта и ран!) æмæ мæгуыр Дзерассæимæ та йе 'махастытæ сыгъдæг хынцынадыл амад кæй сты, уымæ. Дзерассæйыл кæуы æмæ йыл йæхи мары, фæлæ мæм цæмæндæр афтæ кастис, цыма йæ разы уыдис Дзерассæйы бæсты Ацырухсы мард. Гъе, уырдыгæй цæуы йæ зæрдæбын хъынцъым.

Дыккаг аххосаг та, куыд загътам, афтæмæй у, сæ характертæ бынтон æндæр æмæ æндæргъуызон кæй сты, уый. Дзерассæ йæ сабион психологиимæ райгуырдис æгæр æрæгмæ. уый йæ сыгъдæг зæрдæимæ хъуамæ цардаид, чызджытæ-иу сæ уарзон лæппутæ райгуырæн бæстæйы цытæн сгуыхтдзинæдтæ куы домдтой æмæ-иу нæлгоймæгтæ та сæ рихийы æрду мысайнагæн куы ныууагъ-

той, уыцы дуджы. Ахæм сыгъдæг удты нæ прогматикон дуг æгъатырæй цъист кæны æмæ йæ цъист дæр ныккодта. Дзерассæйæн æнæвнæлд уыди (ацы дзырды нысаниуæг комкоммæ бамбаргæйæ) æрмæст йæ буар нæ, фæлæ йæ уд дæр æмæ йе сконды сыгъдæгдзинад ныппырх ис, Æхсарыл йе 'ууæнк куы бафтыдта, уæд. Дзерассæйæн йæ уарзт у ног дуне, йæхи кæм ссардта æмæ йæхи æххæстæй адæймаг кæм банкъардта, ахæм бæллиццаг дуне æмæ бабын, куыддæр уыцы дунейы мæнгарддзинад фенкъардта, афтæ...

О, хæдæгай, цæмæй мæ ма ферох уа, уый тыххæй дын ам хъуамæ зæгъон мæ иунæг фиппаинаг. Æцæг литературон уацмысы коллизитæ домынц æцæг аргументтæ. Дзерассæ Æхсары фæдыл фæстæмæ нæ фæкæсгæйæ кæй ацыд, уый цæмæй тынгдæр уырнинаг уа, уый тыххæй ма йæ ацæуыны агъоммæ йæ уарзты драмæйыл сагъæсгæнгæйæ иу-дыууæ æхсæвы æгъуыссæгæй куы сбон кæнид, уæд, мæнмæ гæсгæ, хуыздæр уаид. Кæннод мæм Дзерассæйы колоритон, æнæхъæн, æнæлаз æмæ сыгъдæг фæлгонцы (иу-дыууæ раны дзы, йæ характерæй чи нæ цæуы, ахæм пепликæтæ кæй сирвæзт, уый нæ нымайын!) уыцы иу бынат кæсы «ныххауæны» хуызæн.

Æппынфæстаг чиныгкæсæгмæ февзæры ахæм фарст: «Чи у Дзерассæ, кæнæ чи у Æхсар æмæ куыд зынынц, автор нын нæ разы цы иувæрсыг уарзты уардигъуыз рухс ссыгъта, уымæ? Дзерассæйы чиныгкæсæг цырагъау судзгæ уыны, Æхсар æй куы акодта, уыцы æхсæвæй фæстæмæ. Уый судзы йæ уарзты цæхæры æмæ йæхи нымайы амондджыныл, цалынмæ йе 'нæхин зæрдæйы гуырысхойы мигъ нæ фæзынд, уалынмæ (Æхсарæн æй нæ дзуры комкоммæ, фæлæ йæ мах уæддæр фиппайæм!). Æхсар та йæ алфæмблай, гæлæбуйау, ратæх-батæх кæны, йæ базырты уддзæф ныдзæвы цырагъыл, цырен æй кæны, цæмæй тынгдæр ссудза æмæ тагъддæр батайа.

Табу – хуыцауæн, æгайтма батад, цалынмæ «гæлæбу» йæхи нæ айста, уалынмæ. Ома, йæ уарзт æгæр чысыл æмгъуыдмæ ахаста? Ничи зæгъдзæн, Ромео æмæ Джульеттæ кæрæдзи æгæр цыбыр рæстæджы дæргъы уарзтой, зæгъгæ, уымæн æмæ сæ иу æхсæвыгон æнкъарæнты интенсивондзинад уыдис иу æнусы бæрц. Æхсар та? Æхсар та у моралон фыдгæнæг, мæгуыр Дзерассæйы æгæрон уарзтæй

кæй фæпайда кодта æмæ йæ æвиппайды кæй ахаста, уый тыххæй. Æниу, уый бынтон раст нæу. Растдæр уаид афтæ: йе 'гæрон уарзтæй йын кæй фæпайда кодта æмæ йын уыцы уарзты эквивалентон æнкъарæн кæй нравдыста, уый тыххæй.

Иу цыбыр дзырдæй, Дзерассæ амард фыруарзтæй. Ахæм хатдзæг нын аразын кæны фактты логикæ. Æхсар та рауад, йæ автор æй райдианы йæхимидæг куыд снывæзта, уымæй бирæ вазыгджындæр, уымæн æмæ нæ разы слæууыд, йе скондæй йæ дуджы характерон миниуджытæ чи бахахх кодта, ахæм типæй – æнæ «стерео».

Нæ цъаммар, прагматикон дуджы уарзт ахæм романтикон хуызæй равдисын баст у стыр рискимæ. Хæрзæнцонæй йын ис равдисæн эксцентрикон хуызы, кæнæ та, рок-музыкæйау, рог уылæнтыл сенк кæнгæйæ, уымæн æмæ уыцы стыр æнкъарæнæн йæ бынат ис æвзонг адæймаджы зæрдæйы. Нырыккон æвзонг адæймаг та ахæм цыты уаргъ хæссынмæ цæттæ нæу, йæ царды уавæртæ йæ чысылæй фæстæмæ залы уæгъдибарæй бадын æмæ, эстрадон музыкæмæ хъусгæйæ, йæ цыппар æнгуылдзæй æхситт кæныны йеддæмæ кæй ницы сахуыр кодтой, уый тыххæй.

Æгæр ныддаргъ мæ чиныг, чох сагъол фæу. Салам Ленæ æмæ йæ байзæддагæн.

*Дæхи Михал*
*25/VI – 87 аз*

Мелитон, кæд дын дæ зæрдæ зæгъа, уæд мæнæ уыцы куырдиат ратт рауагъдады Чемберленмæ, кæннод ын цыфæнды кæн. Чиныг, æцæгдæр, цæттæ у. Ныффыссинаг ма мын дзы баззад æртæ портреты.

* * *

**Мелитон, дæ бон хорз!**

Хатдзæджытæ скæныны сæраппонд уæм æрвитын, чиныджы къухфыстæй машинкæйыл мыхуыр цы ис, уый[1]. Иннæ хай дæр рæхджы рамыхуыр кæндзынæн æмæ йæ æрбарвитдзынæн. Айразмæ дæуæй Калакмæ куы ацыдтæн, уæд мæ мæ зæрдæ ныуурæдта æмæ мын æнæ-

[1] Йæ хъуыдыйы уыд, фысджыты тыххæй цы портреты чиныг ныффыста, уый.

хъæнæй йæ рамыхуыр кæныны фадат нал фæцис. Мыхуыркæнинаг ма дзы аззад Нафийы портреты кæрон, Цæрукъаты Алыксандр, Гаглойты Валодя, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Хъодзаты Æхсар, Джыккайты Шамил æмæ Ходы Камал, æдæппæтæй – сæдæ мыхуырон сыфы (ома, сæдæ фарсы – Хъ. М.) бæрц[1].

Хъайтыхъты Азæмæты систон, нæ йæ бахастон чиныгмæ. Нырма литературæйы рæстмæ нæ разынд æмæ йæ ды та классиктимæ иу чиныгмæ хæссыс, зæгъгæ, загъта Нафи. Уыцы портреты тыххæй нæм ныхас рауад. Раст у æви нæ, уæддæр æй систон. Æртхъирæн кæны, мæхи портрет дæр дзы нæ ауадздзынæн, зæгъгæ, фæлæ уымæй йæ коммæ нал бакастæн. Чи йыл цы зæгъдзæн, уый уымæ нæ хауы. Æцæг мын уый фыст нæма у, фæлæ чиныгмæ хæссынмæ хъавыдтæн Уататы Бибойы портрет дæр. Уый дæр æм нал бахæсдзынæн!

Цæй, стыр хатыр мын бакæн, кæй дæ тыхсын кæнын, уый тыххæй.

Стыр салам Ленæ æмæ йæ сабитæн.

Фадат мын кæд фæуа, уæд къухфысты иннæ хай мæхæдæг æрхæсдзынæн кæнæ рарвитдзынæн посты.

*Дæхи Михал*
*28/IX – 87 аз*

* * *

**Мелитон, дæ бон хорз!**

Æрвитын дæм Гаглойты Валодяйы драмæтæ. Бахатыр мын кæн, æгæр сæ кæй бакъуылымпы кодтон, уый тыххæй. Папкæйы уæлæ фыст ис авд уацмысы сæйраджы, фæлæ йæ хуылфы æхсæзы йеддæмæ нæ уыд. Уыцы хабар загътон Валодяйæн йæхицæн æмæ мын афтæ, «Ныййарæджы кадæг» мæхимæ ис, зæгъгæ.

Мæ роман редакци кæнынмæ куы бавналай, уæд мæмиу фæбæрæг кæн æнæмæнг. Хъуамæ æрцæуон Цхинвалмæ æмæ къухфысты бавæрон, «Мах дуджы» дзы цы хай ныммыхуыр, уыдон. «Фидиуæджы» скъуыддзæгты дæр хъавыдтæн бавæрынмæ, фæлæ уыцы хъуыдыйæ ницы

[1] Ома, сæдæ фарсы бæрц (Авт.).

рацæудзæн. Уыцы скъуыддзæгтæ куы ныммыхуыр сты, уый фæстæ роман æнæхъæнæй рафыстон. Ницы кæны, дæ цуры абаддзынæн (кæд æй редакци ды кæнай, уæд!) æмæ йæ иумæ средакци кæндзыстæм.

Салам дæ бинонтæн!

*Дæхи Михал*
*25/XI – 87 аз.*

P. S. Эссеты чиныджы къухфыстæй ма мæм цы хай баззад, уый дæр цæттæ у рагæй, фæлæ йæ рамыхуыр кæныны фадат нал дæтты зæрдæйы низ. Тагъд сæ рамыхуыр кæндзынæн æмæ сæ æрбарвитдзынæн. Нафи мæм, сабийау, цæуылдæр фæтæргай ис æмæ æртхъирæн кæны, мæныл кæй ныффыстай, уый ныкъкъуылымпы кæндзынæн, зæгъгæ. Фадат мын нал фæцис, цæмæй йæм афыстаин: это ребяческие капризы! Даже против этики!

* * *

**Мелитон, дæ бон хорз!**

Æрвитын дæм, мæ чиныгæй ма мæм цы хай уыд, уый. Джыккайты Шамил æмæ Ходы Камалы портреттæ мæхимæ ныууагътон, чиныг æгæр егъаугомау кæй рауад, уый тыххæй. Фæстæдæр бакæсдзыстæм хъуыддагмæ æмæ, кæд фадат уа, уæд сæ бахæсдзыстæм. Зонын æй, эссеистикæ, беллетристикæйæ зындæр кæсæн кæй у, уый, фæлæ мæ тынг зæрдиагæй фæнды, искæмæ раттыны агъоммæ уал æй дæхæдæг куы бакæсис, уый. Дæ хуыцаумæ скæс, Мелитон, ма фæзивæг кæн! Æртæ боны мæн тыххæй фесаф æмæ йæ бакæс. Бынтон публицистикæ нæу, аивадон прозæимæ хæццæ у. Кæм-иу мæ бахъуыд, уым-иу æм фæхæццæ кодтон прозæйы пассажтæ, мах сæ куыд æмбарæм æмæ сæ литературæйы теори куыд зоны, уыцы хуызы. Малиты Гиуæргийы портрет куы фыстон, уæд хъуыды кодтон, йæ трагикон хъысмæт ын цы хуызы равдисон, зæгъгæ, æмæ йæм бафтыдтон филиппинаг адæмон аргъауы мотивтыл фыст æнæхъæн новеллæ. Гъе, афтæ æндæр рæтты дæр. Ма фæзивæг кæн, бакæс æй дæхæдæг.

Мелитон, мæ зæрдыл нал лæууы, «Нарты Сосланы æвдæм балц»-æн чысыл разныхасгонд уыдис æмæ ма уый йæ уæлæ ис æви нæ? Кæд ма йæ уæлæ ис, уæд æй сисын

хъæуы, ситуаци нын ахæм бар дæтты, прессæ æмæ информаци ныр хæргæйау дзурынц, Брежневы дуджы советон адæмтæ ииуылдæр æхсыры цады сæхи кæй надтой, уый. Гъе æмæ романы нал хъæуы уыцы иу фарсыл фыст ширмæ. «Советский писатель»-ы йын æй сисын кодтон. Уæвгæй, Игорь фескъуыхтис. Мæскуымæ ныццыд, редакторимæ чиныгыл бакуыстой, производствомæ йæ радтой, гонорары 60% райста æмæ æрбаздæхт. Зæгъы, чи зоны, йæ массон тиражæй рауадзой, зæгъгæ.

Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн дзуапмæ. «Сосланимæ» дæр мæ зæрдæ кæй дзуры, уый дын зæгъын нæ хъæуы.

Салам Ленæ æмæ йæ хуртæн.

*Дæхи Михал.*
*20/I – 88 аз.*

* * *

**Мелитон, дæ бон хорз!**

Фæстæдæр куыд фехъуыстон, афтæмæй Цхинвалы уынгты политикон акцитæ уыд æмæ æз та уым, Калачы, Асаты Реуаз æмæ Гачечиладзе Гиоргиимæ телеуынынады литературæйыл ныхас кодтон. Уым адæмы хъуыды бомбæйау гæрах кодта (афтæ мын æй рафæзмыдтой!) æмæ æз та музæтыл дзырдтон!

Диссаг мæм цы кæсы, уыцы хабæрттæ æрцыдисты 17–19 апрелы, Асаты Реуаз сæ федта æмæ сæ фехъуыста, кæд ыл цæстытæ æмæ хъустæ ис, уæд, фæлæ уый сæраппонд йæ дзыхæй иу дзырд дæр не схаудта. Стæй цæугæ дæр куыд ракодта, йæ зæрдæ йæ куыд ратардта?! Æнауæд мын сæ цæмæннæ загъта? Диссаджы субъект у! Уый дын, фыссæг йæ адæмы рисæй куыд хъуамæ рисса, уый цæвиттон! А, æз къамбецы сыкъайы цæрын, мæ хъысмæт мæ уырдæм батардта æмæ мæм ницы хъуысы, фæлæ Реуаз та? Ф... ренегаты нырыонг хъуыдис фæсурын æмæ йæ йæ хъарм кабинетæй къуырттытæгæнгæ кæй фæтардтой, уый хорз у. Фæсурын хъæуы, æртыккаг секретары бынат цы ... ахсы æмæ йæ ителлект та кæркгæсы интеллекты бæрзæндæн кæмæн у, уый дæр. Уадз æмæ искуы хъугдуцæгæй бакусæд, кæнæ та – кæркгæсæй, уымæй уæлдæр бынат æм нæ цæуы æмæ дзы сынтæгыл та пайда ничи уал скæндзæн. Уыцы кабитетыл æнæхъæнæй сусæг

тæрхон куы æрцæуид, уæд уый уаид хорз! Ирыстоны дагъытъайладжы бынатмæ æрæппæрстой, гъе, уый дын сæ куыст! Да ну их к дъяволу, этих временшиков!

Мелитон, æрвитын дæм «Уый æз дæн, хуыцау!»[1] – куыд у, афтæмæй. Игоры тæлмацæй. «Дозæ»-йы æмвæзадыл нæу тæлмац, фæлæ йын ницы у. Уый куы тæлмац кодта, уæд ыл ссæдз азы йеддæмæ нæма цыдис. «Дозæ» мæнмæ гæсгæ виртуозон тæлмац у, йæ иумæйаг тон ын гыццыл эксцентрикæйырдæм кæй фæзылдта, уымæн ницы у. Дозæ уæддæр Дозæйæ баззад æмæ, уацмысыл нæ зыны, тæлмац кæй у, уый. Æз дзы тынг разы дæн æмæ тæлмацгæнæгæн «маладец» загътон.

Салам – дæ дзæбæх бинонтæн.

*Дæхи Михал.*
*28/IV – 88 аз.*

* * *

**Мелитон, дæ бон хорз!**

Махмæ Хуыгатæй иу Никъо цардис æмæ йæ фырт Титойæн бинонтæ æрхаста. Чындзæхсæвы хæдфæстæ йæ сыхæгтæ фæрсынц, куыд у, Никъо, куыд чындз дын ис, зæгъгæ, æмæ сын уый афтæ: мæнмæ гæсгæйæ йын ницы у, фæлæ Титойы куы афæрсиккат, уæд уын уый мæнæй бæлвырддæр дзуапп раттид, зæгъгæ. Уыйау ма уа, «Гæдыла – паддзах»-ы» ды зоныс, фæлæ æз дæр йæ мидæг бабырыдтæн æмæ йæ зонын. Оригиналы йæ аивадон æмвæзад лæууы, «Ну, погоди»-йы цы сценаритæм гæсгæ систой, уыдон бæрзæндыл (мæнмæ гæсгæ!), уыдонæй иу мисхал дæр цух нæу. Ныр дын йæ тæлмацæй раппæлон, æмæ мын Титойы æппæлд куы фæуа, уымæй тæрсын. Дæхæдæг æвзæр нæ зоныс гуырдзиагау, бакæс æй æмæ йæ цалынмæ искæмæн дæттай, уалынмæ уал ын дæхæдæг саргъ кæн. Аргъауæн йе стихы метры тыххæй демæ æрныхас кæнынмæ хъавыдтæн æмæ мын нæ бантыст. Æниу дзы дзургæ дæр цæуыл хъуамæ бакод-

[1] Йæ уацау уырыссаг æвзагмæ тæлмацæй. Фæстæдæр хур федта Мæскуыйы рауагъдад «Советский писатель»-ы æндæр сæримæ – «Плач Дзерана» уырыссаг æвзагмæ Æфсæрæгаты Б. æмæ В. Цыбины ивдæй // Б у л к а т ы М и х а л. Живой обелиск. – М., 1981. – 83–133 ф.

таиккам, уый нæ зонын! Ахæм барæны сæрибар æнæрифмæгонд æмдзæвгæ гуырдзиаг æвзагмæ тæлмац кæнынц цыппæрдæс уæнгон метрæй (Гомер æмæ Шекспиры гуырдзиаг барæн!), фæлæ мæм уыцы барæн сабитæн фæкаст æгæр уæззау æмæ йæ сарæзтон дæсуæнгон рæнхъæй /5+5/. Йæ зарджытæ оригиналы сты иуварсыг рифмæйæ конд, тæлмацы та рауадысты дыварсыг рифмæйæ. Иумæйагæй, мæнмæ гæсгæйæ, æвзæр нæ рауад, текст цæуы сæрибарæй æмæ тæлмацгонд уацмыс кæй у, уый йыл нæ зыны. Уый нæ, фæлæ ма сæ аиппытæн сæ тæккæ сæйрагдæр у, æгæр кæй сгуырдзиаг ис, уый. Уацмысы адæймæгтæ куы архайой, уæд уыцы адæймæгтæн сæ национ характеры миниуджытæ тæлмацы дæр семæ баззайынц, фæлæ бирæгъ, кæнæ арс, иронау цы вæййы, куырдзиагау дæр уымæй баззайы. Гъе, уымæ гæсгæйæ дын дзурын: æгæр сгуырдзиаг ис æмæ цы ‘взагæй тæлмац у, уый йыл нал зыны.

Исчи йæм куы æрæвналид, уæд дзы замманайы мультфильм рауаид.

Афтæ мын куы дзырдта, культурæйы министрад æй балхæдта, зæгъгæ, уæд балхæнын цы нысан кæны? Ома, йæ чи балхæдта, уыдон бар куынæ раттой, уæд ын мыхуыры ауадзæн нæй æви куыд? Мæ зæрдæ мæм дзуры, журнал «Пионери»-мæ йын раттæн ис, зæгъгæ! Цы нæ вæййы, уæд та йæ ныммыхуыр кодтой! Фæбæрæг мæм кæн, мыхуырмæ йæ раттыны бар ис æви нæ, уый æмæ йæ уæд арвитдзынæн «Пионери»-мæ». Аивадон æмвæзад дзы, уым цы уацмыстæ мыхуыр кæнын, уыдонæй цауддæр нæу æмæ бафæлварын хъæуы.

Дæ письмо дын, кæй зæгъын æй хъæуы, райстон æмæ мын тынг æхсызгон уыдис. Цы зæгъы Алеш, нæма йæ бакаст?

*Салам Ленæ æмæ сабитæн!*
*Дæхи Михал.*

Дæ хуыцаумæ скæс, «Фидиуæг»-æй» райс, Игоры уацауæй ма мыхуыр кæнинаг цы хай баззад, уый æмæ йæ рарвит.

* * *

*Ацы фыстæг дæм фæхæццæ уыдзæн æви нæ,*
*уый нæ зонын, фæлæ йæ уæддæр æрвитын.*

**МЕЛИТОН, СТЫР ХУЫЦАУЫ ХОРЗÆХ ДÆ УÆД!**

Ныртæккæ æз цæрын цъыфнæмæг куырм бæхы цардæй. Ирыстоны хабæрттæ зонын æрмæст гуырдзиаг прессæ æмæ телеуынынадæй, ирон газеттæ мæм нал хæццæ кæнынц, централон прессæ та мыхуыр ницы кæны нæ областы тыххæй. Иувæрсыг информаци кæй исын, уый хатын, мæхи цы фæкæнон, уый нал зонын. Мæскуыйæ æрцыдтæн 26 ноябры. Мæ бон иу ран бадын нал бацыдис æмæ 2-æм декабры хæдзарæй рараст дæр Хуссар Ирыстонмæ, фæлæ не ‘рбахæццæ дæн, уымæн æмæ мæ Каралеты «ГАИ»-йы посты баурæдтой гуырдзиаг æнæформалтæ. Дис мæм нал фæкаст, ам дæр бирæ хæттыты бахаудтæн ахæм эксцессты. Уынджы мæ æнæнхъæлæджы бауромынц æмæ мæ дзуапп фæдомынц, милицийы гæртамхор фæдагурæг рецедивисттæй куыд фæдомы, афтæ. Дыууæ къуырийы размæ ам культурæйы хæдзары фембæлдысты сæ цалдæр лидерыл æмæ йæ цæхгæр бафарстой, ирон фыссæг Булкъаты Михал кæм ис, ардæм цæмæннæ æрбацыд æмæ нын «Самачаблойы» хабæртты тыххæй дзуапп цæмæннæ дætты, зæгъгæ. Мæхи цы фæкæнон æмæ ма куыд цæрон, уый нал зонын. Иуæрдыгæй нын дзурынц, не ‘фсымæртæ стут æмæ дзæбæхæй цæрæм, зæгъгæ. Иннæрдыгæй та мыхуыр æмæ телеуынынады бæлвырд кæнынц, нæ зæххыл цæрут, нæ уазджытæ стут æмæ уæ уазæджы бынаты æнцад бадут, зæгъгæ. Дидгор, Шамхор, Хъарс, Марабда æмæ Кърцъанисы хæстыты нæ хорз фыдæлтæ семæ уæхскæмуæхск куы хæцыдысты æмæ сын сæ туджджын знæгтæм сæ риутæ куы дардтой, уæд нæ уыдыстæм уазджытæ, фæлæ сын ныр суазджытæ стæм. Гуырдзыстоны телеуынынад бынтон бамыр æмæ Хуссар Ирыстоны кой æппындæр нал кæны. Уый дæр, мæнмæ гæсгæйæ, дискриминацийы иу хуыз у. Ома, Ирыстон йæ дзурыны аккаг нæу æмæ уыцы регионы кæд исчи йæ сæрыл схæца, уæд «Самачаблойы» разындзæн, дзуапп сын чи ратта, ахæмтæ. Не ‘хсæн нын нæ дон змæнтынц «Гиа Тасоев» æмæ Тедеты Ольгайы хуызæн æххуырстытæ. Æркæс ма сын сæ

архайдмæ дзæбæх, хамелеонтау сæ хуызтæ куыд ивынц! «Гиа Тасоев» Нафимæ цы æргом фыстæг æрбарвыста, уым ирон адæмы номæй дзуры. Цыбырты Людвигмæ цы æргом фыстæг æрбарвыста, уым та гуырдзиаг у. Чи у æцæгæй, гуырдзиаг æви ирон? Мæнмæ гæсгæ сæ иу дæр нæу æмæ се 'ннæ дæр. Уый у хуымæтæджы æххуырст дзырдхæссæг, газеты публикацитыл йæ чъизи уд чи ныууæй кодта, ахæм. Ома Тасойтæй у? Не 'нхъæл дæн! «Тасоевтæ» ис куртмæ, туркмæ, ассиримæ тæтæрмæ æмæ Дагъыстаны адæмтæй бирæмæ. Тедеты Ольга цы у æмæ лингвистикæйы доктор куыд ссис, кæнæ профессоры бынат цы амæлттæй бацахста, ууыл дзуры, гуырдзиаг æвзаджы элементарон закъæттæ кæй нæ зоны, уый. Æппæт дæр бары йæхи чъизи уды барæнтæй æмæ афтæ æнхъæлы, цыма нымудзын, дзырдхæссын, тауыс æмæ сылгоймаджы буары сексуалон миниуджытæй наукон къæпхæнтæ æлхæнын царды нормæ у. «Литературули Сакартвело»-йы æхсæрдæсæм фарсæй Нафимæ уымæн сидтис, гуырдзы дын сæ академийы уæнг-корреспонденты цытджын ном куы радтой, уæд се 'вварс цæмæннæ хæцыс æмæ дæ адæмы цæмæннæ уæй кæныс, зæгъгæ. Хуссар Ирыстонæй мæм информаци нал цæуы æмæ рæстдзинады бын нæ уынын, фæлæ ныртæккæ нæ адæмыл ссæдзæм азæй фыддæр бон кæй ныккодта, уый хатын мæ интуицийæ. Ссæдзæм азы цæгатæрдыгæй революцийы (гæныстон хай фæуæнт уый дæр!) уылæн ранхъæвзта Кавказы хæхты сæрты æмæ нын нæ Иры йæ сæрæй фелвæста, афтæмæй йæ фервæзын кодта Джугъелийы арт æмæ кардæй, фæлæ ныр та? Ныр нæ хицауад суверенитеттæй хъазы æмæ йæ чысыл адæмтæм нал æвдæлы. Гуырдзыстоны хуылфы цы хабæрттæ цæуы, уыдонæн тæрхонгæнæг скодта Гуырдзыстонæн йæхи æмæ уым, мидæгæй кæд Ир, кæнæ Абхаз искæй фыдæй хъæрзынц, уæддæр сæ нæ фиппайы. Чидæртæ «старший браты» ныфсæй цы дуджы архайдтой, уый аивгъуыдта. Кавказы хæхты сæрты иуæндæсæм арми нал рахиздзæн, йæ разæй «Мироныч» Киров æмæ «æфсæйнаг нарком» Серго, афтæмæй. Ныр нæ тæккæ æввахсдæр (территориалон æгъдауæй!) сыхагимæ ныхæмных аззадыстæм зыбыты иунæгæй æмæ нæ дон æррæсугъд кæныныл дæр хъуамæ архайæм иунæгæй, æхсæны лæгтæ æмæ æхсæны

ӕвзаг дардӕй ма ӕрбахонӕм, афтӕмӕй. Мӕгуырау хъуыддаг у, критеритӕ фӕивыны хабар нӕ дыууӕ адӕмыл ӕндӕр ӕмӕ ӕндӕрырдӕм кӕй ахӕцыд ӕмӕ политикон ивддзинӕдтӕн ӕндӕр ӕмӕ ӕндӕргъуызон аргъ кӕй кӕнӕм, уый. Мах хӕцӕм революцийы фӕстиуджытыл. Уыдон та зӕгъынц, уый революции нӕ, фӕлӕ анекси уыд ӕмӕ нӕм лӕбурӕджы цыд цы иуӕндӕсӕм арми ӕрбакодта, уымӕн йӕ разы дуӕрттӕ сымах байтыгътат, зӕгъгӕ. Уырдыгӕй рацыдысты ӕфхӕрӕн «егретцъодебули самхрет-осети» ӕмӕ Ной Жорданийы цымхуын тырысайы тыххӕй цы хъаугъатӕ рауад, уыдон. Уыцы тырыса Хуссар Ирыстонмӕ бахаста зынгсивӕрзтытӕ ӕмӕ карды цъыччытӕ, Гуырдзыстон та дзы йӕхицӕн сарӕзта хӕдбарады символ. Афтӕ куы ацӕуой хъуыддӕгтӕ ӕмӕ политикон боныгъӕд куынӕ фӕива, уӕд Валико Джугъелийӕн Калачы центры (ӕмӕ, чи зоны, Цхинвалы дӕр!) цырт сӕвӕрдзысты. Ӕнӕхъуаджы нӕ сидынц гуырдзиаг экстремисттӕ, ссӕдзӕм азы кӕд Джугъели уыд Гуырдзыстоны, уӕд нӕм ныр та дыууадӕс рвазӕрдзӕн, зӕгъгӕ. Сыхӕгты ӕвзаргӕ нӕ ракӕнынц. Сыхӕгтӕ иу ран ӕрцӕрынц хуыцауы фӕндонӕй ӕмӕ кӕрӕдзи кӕд тынг нӕ фӕуарзынц, уӕддӕр сын фӕрсӕй-фӕрсмӕ цӕрыны йеддӕмӕ ӕндӕр хос нал вӕййы. Куыд цӕрдзыстӕм нӕ тӕккӕ ӕввахсдӕр сыхагимӕ, не 'хсӕн дон афтӕ змӕстӕй куы цӕуа, уӕд? Науӕд Хуссар Ирыстоны ныртӕккӕ цахӕм политикон боныгъӕд ис? Цӕголты Ким нын йӕ руссификаторон бадӕны бӕрзӕндӕй нӕ адӕммӕ цы зоопарчы ӕфсӕн хызы конд фӕранчы уагмӕ сидтис, уымӕ цӕуӕм, ӕви куыд кӕнӕм? Ӕз ын йӕ сидтытӕ кастӕн гуырдзиаг мыхуыры, фӕлӕ сӕ кӕцы ӕвзагыл фыста цымӕ? Кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, уырыссагау сӕ ныффыстаид, уымӕн ӕмӕ «чъирикувӕг» иронау нӕ зоны ӕмӕ йӕ хъӕугӕ дӕр ницӕмӕн кӕны. Уӕвгӕй, диссаджы хабӕрттӕ цӕуы перестройкӕйы заманы! Уырыссаг инӕлар метрополийӕ колонимӕ ӕрцыд ӕмӕ Гуырдзыстоны хицауадимӕ уырыссагау ныхасы бацыд ирон адӕмы номӕй. Афтӕ йын ничи загъта, ӕмбал инӕлар, ам тох цӕуы ӕвзаджы статусыл, монон културӕйы национдзинадыл ӕмӕ дӕуӕн уыцы фарстытимӕ иумӕйагӕй кӕй ницы ис, уый тыххӕй дын ренегаты сӕрмагонд улупа кӕм дарынц, уырдӕм ацу, зӕгъгӕ. Ома, ирон лӕджы фырт кӕй у ӕмӕ ма йӕ ирон

миниуджытæй йæхимæ йæ руссификацигонд мыггаджы бындур «Цæгол» кæй аззад, уый йын бар лæвæрдта? Нæ, Ирыстон æмæ ирон æвзагæн йæ бындур уый хуызæттæ зилын кæнынц зыгъуыммæ. Октябры иуæндæсы Дзæуджыхъæуы Къостайы юбилейон рабадты оратортæ, Нафийы йеддæмæ иууылдæр раныхас кодтой уырыссагау. Уырыссагау раныхас кодта Малиты Васо дæр æмæ рауад стыр ирон поэты юбилеон рабадт нæ, фæлæ партион функционеры мысæн изæр. Уыцы хабар йæхигъæдæй нæ рауад. Уый ахæм руссификаторон хуызы баифтонг кодта Дзасохты Алыксандр. Уыцы заманы æнхъæлмæ каст йæ функционерон асины уæлдæр къæпхæнмæ схизынмæ, хъуыдис æй обкомы фыццаг секретары бадæнæй ССРЦ фæсарæнты хъуыддæгты министрады бæрнон кусæджы бадæнмæ сгæпп кæнын æмæ йæ руссиффикаторон карьерæйы хъуыддаг йæ национ æнкъарæнты змæлдæй цæмæн хъуамæ бабын кодаид?

Кæдæм цæуæм. Чердæм тулæм æмæ ныл цы бон ныккодта? Ахæм сахъатджын политикæйæ равзæрд, нæ институтты ахуыр уырыссаг æвзагыл кæй цæуы, нæ ахуыргæндæттæ иууылдæр уырыссагау кæй хъуыды кæнынц æмæ Цæгат Ирыстон уырыссаг топонимтæй кæй байдзаг, уый дæр. Кæдмæ сфаг уыдзæн афтæмæй не 'взаг? Кæд ахаудзыстæм былæй æмæ нын дæлбыл нæ мæрдтыл цы холыхортæ сбаддзысты, уыдон кæцы æвзагыл хъуахъхъ кæндзысты? Дыууæ Ирыстоны æдæппæтæй ис иу университет æмæ фондз институты. Уыдонæй ирон æвзаг дыууæйы мидæр дæр хæрзлæмæгъ тæпп-тæпп кæны, уый йеддæмæ иууылдæр сты уырыссаг æвзаджы джиппы уагъд. Хатыр, Хуссар Ирыстоны пединституты гуырдзиаг æвзаджы функцитæ дæр кусынц! Нæ наукон институтты ахуыргонд лæгтæн куы зæгъай, сымах уырыссаг æвзагыл уæлæмæ хæцут æмæ ирон æвзаджы та маргæ кæнут, зæгъгæ, уæд дæм фæхъыг уыдзысты. Цæгат Ирыстон æнæхъæнæй фæирвæзы руссификацийы стыр хъæлæсы æмæ æппæты судзгдæр трагеди у, фæстæмæ раздæхæн фæндаг агургæ дæр кæй ничиуал кæны, уый. Хуссар Ирыстон дæр, иугæр гуырдзиаг æвзагæй йæхи дард ласы, уæд ын уыцы фæндагыл æнæцæугæ нæй. Иу Къостайы хуызæн лæг ма нæм райгуырдзæн æмæ цæхгæр расиддзæн, уырыссаг æвзаджы æнцæйтты цæуын

нын æгъгъæд у, нырæй фæстæмæ не ‘взаг хæдбарæй хъуамæ цæуа æмæ йын йе статусыл декларацитæ дæр нæ мадæлон æвзагыл хъуамæ фыссæм, зæгъгæ? Исчи йæ ныфс бахæсдзæн æмæ митинджы бæрзонд трибунæйæ расиддзæн, ирон æвзаджы статусыл уырыссагау дзурын æмæ уырыссаг документтæ фыссын æбуалгъы гадзрахат у, зæгъгæ? Абайты Зарæимæ ныхас кæнгæйæ, уыцы гадзрахаты фарст æз мæ фырмæстæй схуыдтон «говно» æмæ ды фæхъыг дæ, афтæмæй фæтары дæ мæ цурæй. Ды нæ бамбæрстай, Цоциты Аланы национ хæдбарады тохæн æз йæ мидис æмæ йæ идейæ æнæхъæнæй кæй исын, фæлæ йын йæ уырыссаг формæ кæй фауын, уый. Æз та тынг хорз бамбæрстон, уыцы рауагъдады ма мæм ды куы фездахай дæ чъылдым, уæд мын мæ эмигранты уавæрты дæр фæцæрæн кæй нал ис, уый. Ды æмæ æз фысджытæ стæм. Æмæ иугæр нæ цард, нæ уаг, нæ тох, нæ уæвынады сæйран нысан æвзаг у, уæд ма æргом зæгъ: хъæуы нæ, йæ дзыллæ æмæ йæ адæм Цæголты Ким, Исаты Мæхæмæт, Дзасохты Алыксандр æмæ Хæдарцаты Азæйау уырыссагау хъуыдыгæнæг адæймæгтæй конд кæмæн уыдзысты æмæ ирон æвзаджы статусыл уырыссагау кæм дзурдзысты, ахæм Ирыстон? Мæнмæ гæсгæйæ ахæм Ирыстонæн нæ фыссыс дæ романтæ, дæ уацаутæ æмæ дæ радзырдтæ. Уæдæ, æз дæр не ‘рвитын мæ бонтæ ахæм Ирыстоныл хъуыды кæнгæйæ, ме ‘взаг билцъ кæм нæ рафтаудзæн æмæ ирон нацийы хæдбарады уырыссагау, кæнæ та гуырдзиагау кæм дзурдзысты, ахæм фыдыбæстæн мæ цæст Къостайы æлгъыст бауарздзæн æмæ йын зæгъдзынæн, зæй дæ фæласæд, зæгъгæ. Айразмæ Гуырдзыстоны телевизийы федтон Цоциты Аланы æмæ йын байхъуыстон йæ интервьюмæ. Йæ ахаст æмæ йæ дзуаппытæ мæ зæрдæмæ фæцыдысты, сæ мидæг ахуыргонды компетенцитæ æмæ политикон архайæджы æлвæст хъуыды кæй змæлыд, уый тыххæй, фæлæ мын мæ хъуыдыйыл уазалæй аныдзæвд йæ уырыссаг ныхас. Уым уырыссаг, гуырдзиаг, англисаг, китайаг кæнæ испайнаг дзуаппытæ нæ хъуыд. Уым Алан йæ оппоненты алы фарстæн дæр дзуапп хъуамæ раттаид иронау æмæ йын йæ дзуаппытæ гуырдзиаг æвзагмæ тæмац кодтаид сæрмагонд тæлмацгæнæг! Гъе, уый уыдаид хорз Аланæн дæр, ирон æвзагæн дæр, Ирыстонæн дæр æмæ политикон интервьюйы боныгъæдæн дæр, уымæн æмæ

дыууæ æвзаджы æхсæн цуркау сагъд æртыккаг æвзаг хъамайау нал суадаид гуырдзыйы минæвæртты зæрдæты. Иннæтæ кæцы æвзагыл дзырдтой, уымæн уадиссаг нысаниуæг нæ уыд, фæлæ Алан æнæмæнг хъуамæ дзырдтаид иронау. Нырыккон лидертæн Франц æмæ Уæрæсейы революциты фæтæгты амæлттæй тохгæнæн нæй. Уæды революциты фæтæгтæ национ æнкъарæнты цырагъы рухсыл дæлейау æрхæцыдысты æмæ æппæт дунейы пролетариаты тырнæнтæй сæхицæн тырыса сарæзтой, афтæмæй «рухс фидæны» сæраппонд адæмтæм сидтысты классон тохмæ. Фæлæ фæдисы цæуджытæ, се ‘муд æрцæугæйæ, уыцы классон тохы нывæзты сæ национ тырнæнты нывтæ куынæ ссардтой, уæд загътой, мæнæ нæ фоау сæрвæтмæ куы æрбатардтой æмæ не ‘взаг, не ‘гъдæуттæ доны къусы сæфт куы кæнынц, уæд уый та цы диссаг у, зæгъгæ. Ныры змæлдæн та йæ ратæдзæн у, æвдай азы дæргъы æвдиуты зæвæтты бын цы национ æнкъарæнтæ фесты, уыдон æмæ йæ лидертæ сæ хъуыдытæ космополитизмы джиппы куы ауадзой, уæд уый уыдзæн сæфты хъуыддаг, ирон æвзаджы хъаймæты бон. Не ‘взаг нын алырдыгæй дæр хъахъхъæнын кæй хъæуы, уый дзырдтаг нæу, фæлæ стыр уырыссаг æвзаджы дæлбазыр балæууынмæ кæй хъавæм æмæ нæ национ тохы лидертæ <u>«национ-уырыссаг дывзагондзинады принциптæ»</u> кæй домынц, уый раст у? Гуырдзиаг æвзагæй нын уый хуыздæр уавæртæ скæндзæн æмæ нын ныййарæгæй басгуыхдзæн? Ассимиляци кæд мæлæтдзаг тохы мидæг йæхицæн чысылдæр массæ чи ахæры, ахæм вампир у, уæд цыппар милуаны сконды хъæлæсæй сæдæфæндзай милуаны сконды хъæлæсы тагъддæр нæ аирвæздзыстæм? Нæ чысыл æвзагæн нын дзидзидарæг нæдæр гуырдзиаг æвзаг у æмæ нæдæр уырыссаг æвзаг, фæлæ чысылæй хи хъахъхъæнгæйæ, ñòûðûðäæрмæ нæхи кæй ивазæм, уымæй тæдзынæгæй цыхцырмæ нæ лидзæм? Куыд уыдзыстæм, уый нал зонын. Ацы хъаугъайы цы бауыдзыстæм, уый нæ уынын. Ацы хатт æрбацæудзынæн æмæ мæ хъуамæ фембæлын кæнай Цоциты Аланыл, цæмæй йын комкоммæ зæгъон мæ хъуыды. Уæдмæ та ды ма фæзивæг кæн æмæ мæм афысс ацы национ хъаугъаты нывтæ цыбыртæй, дырысæй. Калачы кæцыдæр архивы фараст дуары мидæг æфснайд у æртæ сæдæ арагвиаджы

номхыгъд. Алан хъуамæ æрдома æмæ йæ мыхуыры рауадзын кæна. Уæд фæбæрæг уыдзæн, æртæ сæдæйæ ирæттæ цал уыд æмæ, уазджытæ уæвгæйæ, Гуырдзыстоны паддзахы сæрыл сæхи куыд рауæлдай кодтой.

Салам дæ бинонтæн!

*Дæхи Михал*
*28/XII – 89 аз*

Уыйфæстæ фыдбоны рацарæзтаразджытæ адæмы цард сызмæстой. Æгæрыстæмæй, фыстæджытæ фыссæн дæр нал уыдис. Æмæ нал ис. Никуыдæм уал хæццæ кодтой æмæ кæнынц. Михал йæ хæдзарæй Ирыстоны цæгат хаймæ Азербайджаныл лидзинаг куы фæцис, уæд йæ зæрдæ фылдæр судзæгтæй хаудта тъæппытæ, фæлæ йын дуг, æгæрыстæмæй, йæ зæрдæйы риссæгтæ гæххæттмæ хæссыны фадат дæр нæ лæвæрдта. Нæ кæрæдзийыл та æмбæлгæ нал кодтам. Уый хуссармæ нал æфтыд, мæн та Хуссары хæстæй Цæгатмæ цæуыны рæстæг нал уыд. «На юге Осетии и снег горел»[1]. Ирыстоны хæхтыл хурдзинауыгъд-æй нæ зæрдæтæ мæстæй тъæппытæ хаудтой. Фæлæ йæ ацы фыстæджытæй бæрæг у, цы æнæхъуаджы зæрдæсуъуынæн, судзгæ мæстыты дон кодта Хуыцауы ницæй тыххæй. «Ницæй» – афтæ кæй ма хъуамæ уыдаид, уый тыххæй зæгъын: «грузины, входившие в села, в первую очередь расстреливали молодых мужчин, а следом тех женщин, кто мог бы продолжать род. Это было настоящее истребление»[2]. Æндæра, уыцы рæстæджы Ирыстоны хуссар хай куы уыдаид Михал, йæхи цæстæй куы уыдтаид, куыдхуыздæрæй нæ æнæхъæн паддзахады æрмæстдæр, ирæттæ кæй стæм, уый тыххæй, сæ къухмæ нæ чи æфтыд, уыдон æнæтугæргæвст куыд кодтой, арты нæ куыд сыгътой æмæ Ирыстонæн йæ сыгъд хъæбулты, цæмæй сæ сæмбæлын кæнæм сæ сыджыты хайыл, уый тыххæй туджы аргъмæ куыд уæй кодтой, уæддæр нæ лæппутæ куыд хуыздæрæй сæ риуты æмбæрц нæмыджы

[1] А в т о р т ы к о л л е к т и в. На юге Осетии и снег горел в 4 т. – Цхинвал, 2006–2018.

[2] К о л л е к т и в а в т о р о в. Август 2008: война глазами очевидцев. Книга II. – Цхинвал, 2010. – 21 ф.

ныхмæ куыд бырстой, æппæт уыцы дудгæбæттæ, уæд зæрдæскъуыд раздæр фæуыдаид. Æниу, хорз хъуыста нæ фыдбоны сыхæгты æррадæтты хъомыл раздзоджы сидтытæ: «Осетины – дикий, необразованный народ, умные подстрекатели легко ими управляют».[1]

Æмæ нæ адæм зæрдæскъуыдтæ дæр куыннæ кодтаиккой сæ гæды ныхæстæм, мард дæр сæм дæлгоммæ куы æрзылдаид: «В городах, районах с компактно проживающим осетинским населением проходят многотысячные митинги в поддержку решения Верховного Совета Республики Грузия об упразднении незаконно созданной атономии. Да что Грузия – в Москве была проведена голодовка протеста против осетинских экстремистов с участием большой группы честных осетин»,[2] – æгæрыстæмæй, дзырдта ССРЦ МЗА-йы уæнг-уацхæссæг, Нью-Йорчы зонæдты академийы уæнг, прфессор Вахтанг Бочъоришвили. Æмæ сæ академиктæй раст дзырд кæм нæ сирвæзтаид, уым куыд уыдаиккой сæ хуыгæстæ?

Æмæ ницæуыл æмæ никæуыл ауæрстой. Ницæмæй æмæ никæмæй æфсæрмы кодтой. Кæмæй нæ тарстысты, сæ бон кæуыл цыд, уыдон мардтой æгъатыр мардæй сабийæ, зæрондæй, сылгоймагæй, нæлгоймагæй... Хордтой сын сæ фыд, нозтой сын сæ туг. Æлгъ ницæуыл кодтой. Цы æййæфтой, цы ардтой, уыдон давтой. Газет «Советская культура»-йы уацхæссæг сæ фыдмитыл дисæй мард. Æмæ уыцы æнагъæддаджы нывтæм зæрдæнцойæ лæууын та кæй бон уыд: «Не могу не сказать о театре... Когда я вошел в фойе, увидел разбитую статую Коста Хетагурова, справа висел целенький с фотографиями грузинской труппы театра, слева, где висел такой такой же стенд с фотографиями осетинских актеров, остался только след...

Нет ни одной комнаты, которая не была бы осквернена. «Воины свободы» оправлялись прямо на пол, а в соседних помещениях ели и спали, разбили и испоганили все, только можно было. Горькую судьбу театра разделили ансамбль

---

[1] Комсомольская правда, 1991. – 31 январь.

[2] Бочъоришвили Вахтанг. В городах, районах... // Коллектив авторов. Южная Осетия: 1988 – 1992. – Цхинвал, 1996. – 72 ф.

песни и танца Южной Осетии, библиотека, музей!..»[1].

Æцæгæлон адæймагæн йæ цæсгом нæ бахъæцыд, уымыты цытæ фæкодтой, уыдæттæ фæфыссын, фæлæ адæймаг бар-æнæбары ахъуыды кæны: кæд нæ лæппутæ æмæ нæ чызджытæ уыцы агъуыстытæ сæхæдæг басыгътой, уыцы æнаккаг миты фæстæ сæ зæрдæтæ уырдæмыты бацæуын кæй нал тардта, уый тыххæй? Цынæ вæййы.

Уæддæр ма Бабаев иу хъуыддагыл тынг фæдис кодта: «Такая деталь: в разгромленном театре я увидел стол, заваленный бутылками и объедками, за которым пировали «демократы». На месте тамады – старшего стола – на стол небрежно накинут фашистский мундир из костюмерной (чи зоны, семæ дæр æй æрбаластой – Хъ. М.) с крестами и повязкой со свастикой. Примеряли… Надо думать – подошел»[2]. Мæнæйдæр ма!.. Æмæ хъуыдымæ сæхи æгъдауæй лæгæрдынц Дзуццаты Хадзы-Мураты æмдзæвгæйы рæнхъытæ:

*Бахаудтæ сæм,*
*амынæтæй, уацайрагæй,*
*бахаудтæ сæ къухмæ, –*
*Кусартау дæ рафæлдæхтой,*
*кард дын бахастой дæ хурхмæ,*
*Дæ тугмæ дын дарынц агуывзæ, –*
*цыма мифон зындоны, –*
*Ирон туг нуазынц,*
*уадзынц дзы сæ дойны.*
*Кæнæ дæ цармæ*
*йе бæласы къалиумæ*
*сауыгътой дæ къахæй, –*
*Дæ сæр дын цадæггай,*
*арауынц, судзынц*
*æндадзæн цырагъæй…*
*Кæнæ дын бабæттынц*
*дæ къухтæ, дæ къæхтæ,*
*артæй райсынц зынг уæхстытæ,*
*Ирæттæ ма уыной Ирыстон, –*

---

[1] Б а б а е в С. Черная зима Цхинвала / Советская культура. 1991. – 16 март

[2] Уый дæр уым.

*скъахынц дын дæ цæстытæ,*
*Ралыг дын кæнынц*
*дæ хъустæ, де 'взаг, дæ мæхстæттæ, –*
*Ирæттæ ма хъусой ирон дзырд,*
*ма дзурой иронау,*
*уой æвæстæгтæ...*[1]
(«Боцъоджын лæппутæ»)

Куы-иу нæм баххæстысты, уæд нын чи кодтой уыцы фыдмитæ? Нæ удæййас кæй уарзтам. Нæ цæхх, йæ кæрдзын кæимæ дих кодтам... Æмбаргæ адæймагæн уыдон хъуамæ бирæ цæуылдæрты дзурæг уой.

Ницы сын уыд æвæджиаг: «Дзуары дур нæууыл – дæрæнтæ, фæзгъæртæ», «схъомпали уæлмæрд дæр...»[2] Мæрдтæ сæм сæ ингæнтæй кæм стадысты: «Схъомпал и уæлмæрд дæр. Ингæнтæй мæрдтæ / хизынц уæлæмæ. Æлгъыстаг нæ сæртæ»,[3] – уым цы кодтаиккой удæгæстæ?

Æппæт уыдæттæ Михал йæхи цæстæй нæ уыдта, фæлæ сæ тынг хорз зыдта, уæлдайдæр, Хуссарæй цы лигъдæттимæ æмбæлд, уыдон мысинæгтæй, рынчын лæг йæ фыдæлты бæстæм уымæн нал æрцыд. Куыд сæ сныв кодтаид аив дзырды фæрцы, уый йын амонын нæ хъуыд, фæлæ хъысмæт æгъатыр у.

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 81–82 ф.

[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дзау // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997. – 19 ф.

[3] Уый дæр уым.

## ФÆСНЫХАС

Зæгъын мæ фæндыд, нырмæ нæ фысджыты хуыз— дæртæй сæ иу, Булкъаты Михалы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй загъд чи нæма уыдис, афтæмæй нын йæ цард дæр, йе сфæлдыстад дæр чи фæрухсдæр кæнид, уыцы хъуыддæгтæ æмæ хъуыдыты тыххæй. Фæлæ... Не ’гуыдзæгæй йæ уацмыстæ дæр, куыд уынæм, афтæмæй æххæстæй нæ къухы нæма сты.

Йæ роман «Сырх хъаймæт» æмæ йæ эссеты чиныджы кой ам нал кæнын. Фæлæ уыдон уавæры сты йæ публицистикæ, йæ уацаутæ... Æмæ-ма, чи зоны, цы уацмыстæ...

Йæ радзырд «Нæмыгдзæф фæндыр» куыддæр «Фидиуæджы» фæзынд, афтæ йæ бауарзта ирон чиныгкæсæг, фæлæ йын уый фæстæ бынат нал разынд фыссæджы чингуыты. Нæхинымæры дис дæр кодтам – Михал ахæм дзæбæх уацмысы фæндæгтæ цæмæн æхгæны барвæндæй? Фæлæ йыл сæмбæлдыстæм йæ уырыссаг æвзагмæ Æфсæрæгаты Б. æмæ В. Цыбины тæлмацæй чиныг «Живой обелиск»-ы[1]. Æмбырдгонд райдайы уымæй, хорз радзырд кæй у, уый тыххæй. Ацы чиныджы Къостайыл цы радзырд ис – «Иунæг бæлццон»[2] («Одинокий путник») (Æфсæрæгаты Барисы тæлмацæй) – уый дæр нæ бахаудта йæ чингуытæм. Уыцы æнамонды хал ахордтой йæ радзырд «Иу цæссыг», «Фидиуæджы» æппæты фыццаг кæй ныммыхуыр кодта 1961-æм азы æмæ йæ уацау «Тутыр»[3]. Уацауæй йæ амæлæты фæстæ хицæн сæртæ æрцыд мыхуыр, фæлæ фæуд хъуамæ уа – йæ кæрон 7-æм хай «Куыдзы æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат» хуыйны, мыхуыр у.

Уæдæ, «Нæмыгдзæф фæндыр» уырыссаг æвзагмæ Тотраты Русланы ног тæлмацæй рухс федта журнал «Дарьял»-ы[4]. Ныр – уацауæй. Михал æй йæхæдæг сарæзтаид. Руслан кæй тæлмац кодта, уыдон цыбыртæ кæй кодта,

---

1 Б у л к а т ы М и х а и л. Живой обелиск. – М., 1981. – 5–21 ф.

2 Уый дæр уым, 134–150 ф.

3 Б у л к ъ а т ы М и х а л. Тутыр / Мах дуг, 1994. – № 2–3. – 13–67 ф.

4 Б у л к а т ы М и х а л. Семь «черных бумаг» // Дарьял, 2005. – № 2. – 8–33 ф.

ændær sæm йæхædæг ницы æфтыдта (æмæ сæм цæмæн хъуамæ æфтыдтаид истытæ?), сæ гуырахстыл нæ хъуыды кодта. Нæ хъуыдыйæн æвдисæн – Бицъоты Грисы чиныг «Небесное зеркало»[1]. Фыссæгæн йæ роман «Арвы айдæн»-æй дæр сарæзта уацау. Мах та Михалы æнæныммыхуыргонд уацмысты тыххæй ацы кæйттæ уымæн хъæуынц æмæ сæхæдæг æнæхъæн чиныг кæй сты. Фæлæ сæ ирон чиныгкæсæг нæ зоны. Журналты та сæ агургæ ничи кæндзæнис æмæ сæ рæстæгыл хъæуы джиппы рауадзын.

Джусойты Нафи нæ хуыцауыскон, æнæхъæр, æнæцæлхъ фыссæг Букуылты Алыксийы «æнæхæрд бæстæ»-йы[2] тыххæй куыд загъта, афтæ нæ нывæфтыд литературæ, уæлдайдæр, XX-æм æнусы дыккаг æмбисæй фæстæмæ, нæ бон у зæгъæм, иууылдæр кæй у «æнæхæрд бæстæ». Уымæ гæсгæ йæ фæдыл хъуыды æмæ къух фæкæнынц згъорæгау. Диссаг дæр у, куыд кадмондагдæрæй амæйайстырдæр бынæттæм нæ удты быцъынæг куы фæтонæм, уæд бадгæ цæмæннæ æркæнæм, нæ ивгъуыд, нæ абон, нæ сомбоныл цæмæннæ ахъуыды кæнæм, цæмæй нæ фæсфæстагæттæ æвзæрæй ма мысой. Нæ хъæуы рох кæнын Къостайы ныхæстæ: «Невозможно творить, если нет у тебя силы творческой, нет дарованья, и страдать за других невозможно, любя, если сам ты не изведал страданья...»[3].

Иу, йæхи стыр бынатмæ чи æууындзы, ахæм литератор куы базыдта, Булкъаты Михалы сфæлдыстад мын мæ хъуыды йæхимæ æгæр кæй здахы, уæд мæ дисхуызæй афарста:

«– Поэт уыд æви прозаик?»

«– Драматург».

Ændær ын цы хъуамæ загътаин? Булкъаты Михалæн дæ цард-цæрæнбонты макуы мацы бакæс, поэт у æви прозаик, уый ма зон, афтæмæй дæхи ирон аив литературæйы хъысмæт скъуыддзаггæнæг хон, уымæй еууагдæр ма цы уа? Уымæн нæ, махæн. Стæй, чи зоны, цæрын ын куы бан-

[1] Б и ц о е в Г р и с. Небесное зеркало. – Владикавказ, 1987. – 413 ф.

[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Букуылты Алыксыйы «Ænæхæрд бæстæ» / Хурзæрин, 2000. – 12 август;

[3] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959. – 151 ф.

тыстаид, Михалæй зæгъын, уæд драматургийы жанры дæр равдыстаид йæ ирд æмæ æппæтхъом курдиат. Аивадон уацмысты конфликттæ аразынмæ рæвдз кæй уыдис, уый йын дзæвгар феххуыс уыдаид.

Мах тагъдкæнинагыл тагъд никуы кæнæм. Цæмæдæргæсгæ нæм афтæ фæкæсы, цыма, хæхтæ-бæстæ мах хъуамæ батонæм. Айрох нæ вæййы, адæймаг дыууæ боны йеддæмæ кæй нæ цæры æмæ нæ зæххыл рæсугъд фæд ныууадзыны тыххæй кæй нæ фæхъæуы нæ рæстæг Хуыцауы æнæхъуаджы сафын. Нæ фæуадзæм уыцы хъуыды нæ сæртæм. Æмæ уыцы хъуыддаг дæр дзæвгар цæуылдæрты дзуры.

Ныртæккæ нæ ацы ныхасы диссаг æнæр цыдæр у: нæ хуыздæртæн, нæ æцæг аивадаразджытæн кæд базондзыстæм æмбæлон аргъ кæнын? «Йæ фыдæлты топпæй чи ‘хсы, уый йæ фæстагæттæ сармадзанæй æхсдзысты»[1], – мæнгæй нæ зæгъы ирон æмбисонд. Махæн дæр ыл æмбæлы ахъуыды кæнын. Иуы сфæлдыстад сæ йæ удæгасæй нæ, йæ амæлæты фæстæ дæр, куыд æмбæлы, афтæ джиппы нæма рауагътам. Иу зынгæ фыссæджы йæ фæстаг фæндагыл агъуысты хуызæн агъуыстæй нæма рахастам, кæм æмбæлы, ахæм ран æй кад æмæ радæй никуы ма бавæрдтам. Дурын æнусы куыд уыдис, афтæ халагъудты фæцæрæм, нæ удтæ нæ адæмæн, Ирыстоны аивадæн фæнывонд кæнæм, стæй, куы амæлæм, уæд ныл дуркъæй ныффæлдахынц, уый дæр – нæ хиуæттæ, æмæ ууыл аскъуыддзаг вæййы æппæт дæр. Æвæццæгæн, уымæн загъта нæ хуыздæр: «Нæй кад мæгуыр лæгæн йæ куыстæн...»[2] («Мæгуыры зæрдæ»). Нæ кады лæгты дæлдæр кæнынæй, – цæмæй махæй бæрзонддæр ма зыной (æмæ нæхæдæг адæмы æхсæнты цæуты цыд кæнæм, æнцонæй-иу нæм ацамоной, ома, ацы дымгæсæры нæ зоныс?), цæмæй-иу сæ нæ ауонæй ма æмбæрзæм, – стыр культурæ, зындгонд паддзахад аразæн, адæмы рæгъы цæуæн æнæ кады адæймæгтæ аразæн кæй нæй, уый нæ зонды цæст нырма никуы æрцахста. Хъыгагæн ыл уымæн нæ тыхсын кæнæм нæхи. Тагъд рæстæджы æппæт хъуыддæгтæ дæр бабæстон

[1] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. 1 чиныг. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 186 ф.

[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. –Дзæуджыхъæу, 1951. – 34 ф.

кæндзыстæм, – бæргæ! – уый зæгъын дæр нæ никæй бон бауыдзæнис нырма. Кæмæ хауынц, чи сæ саразид, уыдон тынг не ‘ндавынц, кæй æндавынц, уыдон бон та нæм ницы у. Нæй сын фадæттæ. Афтæмæй, стыр хъыгагæн сæпп-сæпп кæнæм иу бынаты. Цыма, æнустæм мах цæрдзыстæм. Куы батайы нæ тых, зæхх нæ йæхимæ ласын куы райдайы, уæд та ууыл катайыл фæвæййæм:

*Ныр мæнæ, гъе, мæ боны рухс фæци,*
*Зæрондау мæ йæхимæ ласы тæрхæг.*
*Ис ахæмтæ: кæйдæр цардæй цæры*
*Æмæ нæ зоны, чи цы у йæхæдæг.*

*Кæм нæу лæппу йæ уаз бæллицты рог, –*
*Мæ уды диссаг арвы бын нæ цыди:*
*Фыдбоны раз нæ тасыди мæ цонг,*
*Рæствæндагыл мæн ардауын нæ хъуыди.*

*Фæсхохмæ атылд уыцы бæсты хур,*
*Фæлæ та йæ æрцагурын мæ рысты.*
*Ныр цу æмæ, тæргай лæппуйау, кур*
*Дзырды бар,*
*Ном*
*Дæ ницæйаг фыстытæй*[1]*.*

(«Фæсмон»)

Михалы, – цыма, фæскъæсæр кæй авæрдтаикккам, ахæм уыд: «дуджы фыдывзарæнтæ йын йæ зæрдæ фаты бырынкъыл систой æмæ, сæрыстыр бæгъатырау, зæрдæскъуыдæй бацыд, нæ фыдæлтæ незамантæй нырмæ цы дæлзæхх дунейы сты, уырдæм»[2], – дзырдта Нафи. Рахастам æй кæйдæр къуымæй. Бавæрдтам æй кæйдæр уæлмæрды. Кæддæр, дам, Сталин загъта: «Нæй лæг, нæй проблемæ». Æмæ дзы ууыл нæ кæрдтæ нытътъыстам сæ кæрддзæмты. Михалæй. Нал дæр æй хæдзар хъæуы, нал дæр – бынат. Зынгæ фыссæг уыд æмæ нал ис. Нæ бирæ

1 Х а д ж е т ы Т а й м у р а з. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 151–152 ф.

2 Д ж у с о й т ы Н а ф и. Бæгъатырдзинады зарæггæнæг // Фидиуæг, 2003. – 79 ф.

дзæнæттаг æмæ удæгас фысджытæ нæ рох куыд сты, уый дæр – афтæ. Йæ роман «Сырх хъаймæт», йæ бирæ сфæлдыстадон портреттæ аивады кусджытыл, йæ критикон уацтæ æмæ публицистикæ, йæ диссаджы эпистолярон бынтимæ чиныгкæсджытæ, – уæлæнгæйтты уæддæр, – зонгæ не сты. Искуы нæ æрæвдæлдзæнис уыдонмæ, уый дæр нæ фидарæй ничи зæгъдзæнис. Къоста уымæн бæллыд («Тæхуды»):

*Тæхуды, – йæ фыды зæххыл,*
*Йæ уарзон æмгæртты рæгъыл*
*Кæмæн хъуысы дардмæ йæ зарæг...*[1]

Æмæ абон дæр нæ уыцы тæхудыйæн нæ зыны йæ кæрон. Фæлхатт æй кæнæм иу фæлтæрæй иннæ фæлтæрмæ. Уымæн æмæ кæйфæнды мæрдтыл дæр кæудзыстæм, æрмæст нæ макуы æрæвдæлæд нæ тæхудиаг хъуыддæгтæм. Афтæмæй нын кæнынц фыл-дæрæйфылдæр, карздæрæйкарздæр. Джык-кайты Шамил хъæрзыдта («Тæхуды»):

*Тæхуды, кæмæн ис паддзахад,*
*Кæмæн у йæ бæстæ йæ бар,*
*Кæй зæхх у фæрныгæй парахат,*
*Æрцæуæг кæмæн нæу æлдар;*

*Тæхуды историйы рагæй*
*Кæмæн ис йæ адæмæн ном,*
*Йæ таурæгъ фыдæлты æвзагæй*
*Кæй кæны æнусты цæрдхъом...*[2]

Иунæг тохы быдыры хæстон нæу. Къоста дæр æй загъта: «Цæй мæгуыр дæ, иунæг, Дæ мад амæла!»[3] («Чи дæ?»). Фæлæ дунейы иууыл стырдæр куыстытæ иугай адæймæгты æвзыгъдæй æрцæуынц арæзт. Æрмæст ын хъуамæ зонай рæстæг æмæ афон. Брытъиаты Елбыздыхъо уымæн загъта: «Дон Кихот воевал с ветряными мельни-

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. –Дзæуджыхъæу, 1951. – 30 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 10 ф.

[3] Уый дæр уым, 68 ф.

цами и он поступал благородно, но неумело»[1]. Ӕнæмæнг афон у паддзахады æмвæзадыл Ирыстоны æцæг аив цæсгом нæ литературæйы фæрцы дунейæн равдисынæн. Уæд æрмæст Булкъаты Михалы хуызæн фысджытæн нæ сæвæрдзыстæм сæхи аивады фæрцы цыртытæ, фæлæ нæхæдæг дæр фенын кæндзыстæм, цæмæ арæхсæм, уый, нæхи раз уыдзыстæм æхсадцæсгом. Нæ адæмæн, нæ Фыдыбæстæн – æнусон лæггадгæнджытæ. Аивады уымæй стырдæр æнтыст нæй. Ӕмæ æфтыд Михалы къухы. Алы хатт дæр æй цымыдис кодтой стыр цауты стыр дзуринæгтæ. Булкъаты Михал искæмæ нæ каст – кæд фыццаг ирон историон романы автор нæу, уæддæр уыцы жанры сæйраджы иунæг удæй архайдта ирон историон роман бæрзонд сисынил, йæ авналæнтæ йын ауæрæх кæнынил æмæ йын æнтыст. Йæ лæггæдтæ сты бирæ æмæ, адæймаг кæй иувæрсты нæ ахиздзæн, ахæм ахадæн. Фыссæг Хуыгаты Сергейы загъдау: «Ӕмæ ма рæстæгау рæстæджытæ куы уаид, уæд хъуамæ уыцы æмбисонды чингуытæ уаиккой алы ирон хæдзары дæр. Фæцудыдта Иры чиныгкæсæг – стæй канд Иры чиныгкæсæг нæ – фæлæ чиныджы цы стыр фарн и, уый фæстæмæ ма раздæха адæммæ, уый гæнæн нæй æмæ мæ уырны: уæд Булкъаты Михалы чингуытæ Ирыстоны – Хуссарæй–Цæгатæй, хæдзари-хæдзар зилдзысты, цæрыны ныфс хæсдзысты алы хæдзармæ дæр».[2]

Булкъаты Михал иууыл цæсгомджындæр азхынцæгау агуырдта æмæ хыгъта Иры рох истори, ирон нывæфтыд литературæйы уыдис зындгонд историон романист æмæ йæ историйы баззад афтæмæй. Уый та дзурæг у, раджы кæй ссис, йæ ном ын бæрзонд сисыны аккаг.

---

[1] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 115 ф.

[2] Х у ы г а т ы С е р г е й. Чысыл разныхас//*Булкъаты Михал.* Теркæй Туркмæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 6 ф.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

*Абаев В. И.* Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т. 1. – Москва – Ленинград, 1958;

*Абаев В. И.* Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т. 2. – Ленинград, 1973;

*Абаев В. И.*Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т. 3.– Ленинград, 1979;

*Абаев В. И.* Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т. 4.– Ленинград, 1989;

*Абаев В. И.* Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982;

*Авторы архивæй;*

*Аргументы и факты,* 2007. – № 46;

*Артамонов С. Д.* и *Гражданская З. Т.* История зарубежной литературы XVIII века. – М., 1956;

*ÆК (б) П-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фæндзæм пленум* / Æрыгон большевик, 1952. – 23 апрель;

*ÆК (б) П-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фæндзæм пленум* / Æрыгон большевик, 1952. – 23 апрель;

*Æлборты Хадзы-Умар.* Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999;

*Æлборты Хадзы-Умар.* Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985;

*Æлборты Хадзы-Умар.* Хæсы æмбис // Фидиуæг, 1971. – № 9;

*Багъæрати Созур.* Зæрди дуар. – Дзæуджыхъæу, 1988;

*Барахъты Гино.* Уæлладжыры кадæг. – Дзæуджыхъæу, 1975;

*Бебель Август.* Деятели междунар. рабочего движения о религии и церкви. – М., 1976;

*Беджызаты Чермен.* Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958;

*Бекъойты Елиоз. Булкъаты Михал // Авторты коллектив*. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967;

*Белинский В. Г.* Полн. собр. соч. Т. 4. – М., 1954;

*Бестауты Гиуæрги.* Æхсæв æмæ бон. – Цхинвал, 1966;

*Бестауты Гиуæрги.* Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003;

*Бестауты Гиуæрги.* Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004;

*Богазты Умар.* Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ… – Дзæуджыхъæу, 1969;

*Бочъоришвили Вахтанг.* В городах, районах… // *Коллектив авторов*. Южная Осетия: 1988 – 1992. – Цхинвал, 1996;

*Брытъиаты Елбыздыхъо.* Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981;

*Брытъиаты Елбыздыхъо.* Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982;

*Букуылты Алыкси.* Дуджы амæттаг // Фидиуæг, 1998. – № 6;

*Букуылты Алыкси.* Зарæг баззад цæргæйæ (гуырдз.). – Цхинвал, 1985;

*Букуылты Алыкси.* Булкъаты Михалы тыххæй // Фидиуæг, 2008. – № 6;

*Букуылты Алыкси.* Зæрдæйы хъуыддæгтæ // Фидиуæг, 1965. – № 3;

*Букуылты Алыкси.* Сырх хъаймæт (Авторы архивæй);

*Булкаты Игорь.* Слезы Нафи / Литературная Россия, 2015. – 31 июль;

*Булкаты Михаил.* Автобиография / Авторы архивæй.

*Булкаты Михаил.* Живой обелиск. – М., 1981;

*Булкъаты Михал.* Теркæй Туркмæ. – Дзæуджыхъæу, 2011;

*Булкъаты Михал.* Адзалы дзæнгæрæг // *Авторты коллектив*. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014;

*Булкъаты Михал.* – Дæ фыдæлтæ рухсаг. – Дзæуджыхъæу, 1994;

*Булкъаты Михал.* Адзалы дзæнгæрæг / Рæстдзинад, 1992. – 7 октябрь.

*Булкъаты Михал.* Иу цæссыг // Фидиуæг, 1961. – № 9;

*Булкъаты Михал.* Нæ ахуыргæнæг æмæ нæ зондамонæг // *Авторты коллектив.* Плиты Грис æмæ литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013;

*Булкъаты Михал.* Нæмыгдзæф фæндыр // Фидиуæг, 1961. – № 11;

*Булкъаты Михал.* Нарты Сосланы æвдæм балц. – Цхинвал, 1988;

*Булкъаты Михал.* Поэттæ æмæ диктатортæ / Рæстдзинад, 1993. – 11 декабрь.
*Булкъаты Михал.* Поэты автопортрет // Фидиуæг, 1988. – № 12;
*Булкъаты Михал.* Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974;
*Булкъаты Михал.* Сырх хъаймæт (къухфыст);
*Булкъаты Михал.* Сырх хъаймæт // Фидиуæг, 1991. – № 6–7; 1996. – № 1; 1996. – №№ 1, 2, 3, 5, 6; 1997. – №№ 3, 4, 5… Стæй ноджы – Мах дуджы;
*Булкъаты Михал.* Теркæй Туркмæ. 1 чиныг. – Цхинвал, 1970;
*Булкъаты Михал.* Теркæй Туркмæ. 2 чиныг. – Цхинвал, 1979;
*Булкъаты Михал.* Трактор æмæ гутоны зарæг // Фидиуæг, 1961. – № 10;
*Булкъаты Михал.* Удæгас обелинск. – Цхинвал, 1964;
*Булкъаты Михал.* Удæгас обелиск (гуырдз. æвзагыл). Кутаис, 1984;
*Булкъаты Михал.* Цырагъ дымгæмæ алыхатт нæ ахуыссы // Фидиуæг, 1989. – № 7;
*Булкъаты Михал.* Теркæй Туркмæ. – Дзæуджыхъæу, 2011;
*Вилгельмде Рубрук.* Балц Скæсæны бæстæтæм // *Булкъаты Михал.* Сарт æмæ кард. – Цхинвал, 1974;
*Гæдиаты Секъа*. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981;
*Гæдиаты Секъа.* Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979;
*Гæдиаты Цомахъ.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959;
*Гæдиаты Цомахъ.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951;
*Гаглойты Владимир.* Рæзты фæндагыл // Фидиуæг, 1971. – № 5;
*Гаджиты Георги.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2012;
*Газдарова А. Х.* История и современность в художественной интерпретации Нафи Джусойты. – Владикавказ, 2002;
*Гамзатов Расул.* Стихи и поэмы. – М., 1974;
*Гафез.* Уацмыстæ. – Сталинир, 1955;
*Гафез.* Фыдызæххы комулæфт. – Цхинвал, 1980;
*Джусойты Нафи.* Букуылты Алыксийы «Æнæхæрд бæстæ» / Хурзæрин, 2000. – 12 август;
*Джусойты Нафи.* Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 ч. 2 ч. – Цхинвал, 2014;
*Джусойты Нафи.* Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;

*Джусойты Нафи.* Нæрæмон романтик / Рæстдзинад, 2003. – 25 декабрь;
*Джусойты Нафи.* Поэты хивæнд. – Цхинвал, 2009;
*Джусойты Нафи.* Слово о письмах В. И. Абаева // Письма Васо Абаева. – Цхинвал, 2008;
*Джусойты Нафи.* Хæрзбон, ссæдзæм æнус! – Дзæуджыхъæу, 2007;
*Джыккайты Шамил.* Æвзæрст уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015;
*Джыккайты Шамил.* Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007;
*Джыккайты Шамил.* Лирикон поэзийы поэтикæ // *Авторты коллектив.* Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005;
*Джыккайты Шамил.* Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010;
*Джыккайты Шамил.* Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996;
*Джыккайты Шамил.* Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000;
*Джыккайты Шамил.* Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003;
*Дзаттиаты Гиуæрги.* Сырдоны цæссыгтæ / Советон Ирыстон, 1982. – 11 июнь;
*Дзугаты Георги.* Сырдоны цæссыгтæ / Советон Ирыстон, 1980. – 26 март;
*Дзугаты Георги.* Фæрнион Къоста // *Фæрнион.* Уацмыстæ. – Цхинвал, 1959;
*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;
*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000;
*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Уынгæгбоны сагъæстæ. Дзæуджыхъæу, 2010;
*Добролюбов Н. А.* Литературная критика в 2 т. Т. 2. – Л., 1984;
*Добролюбов Н. А.* Собр. соч. в 9 т. Т. 1. – Ленинград, 1961;
Жители Северной Осетии протестуют против переименования Ингушетии в Аланию / Единая Осетия, 2017. – № 5 (42). – март;

*Епхиты Тæтæри.* Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1961;
*Епхиты Тæтæри.* Хъуыдытæ нæ лирикæйы тыххæй / Рæстдзинад, 1934. – 29 сентябрь;
*Зиновьев Александр* – Е л ь ц и н у Б о р и с у: «Запад вам аплодирует за то, что разваливаете страну» / КП, 2013, 27 сентябрь;
*Ильф Илья, Петров Евгений.* Необыкновенные истории из жизни города Колоколамска. – М., 1989;
*Ирон æмбисæндтæ.* – Дзæуджыхъæу, 1976;
*Ирон адæмон сфæлдыстад.* 2 т. Т. 1 – Дзæуджыхъæу, 2007;
*ИЭÆЛИ архив.* 13-æм фонд;
*Казиты Мелитон.* Алмас. – Цхинвал, 2014;
*Казиты Мелитон.* Писатель с трепетной душой / Южная Осетия, 2014. – 25 январь;
*Калоев Г. З., Ардасенов Х. Н., Гиреев Д. А.* Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992;
*Калоты Хазби.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
*Кануков Инал*. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985;
*Кануков Инал* Сочинения. – Владикавказ, 1963;
Комсомольская правда, 1991. – 31 январь;
*Коцойты Арсен.* Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971;
*Коцойты Арсен.* Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972;
*Кочысаты Мухарбег.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977;
*Кузнецов Феликс.* Беседы о литературе. – М., 1977;
*Куницын Г.* Специфика искусства // Новый мир, 1970. – № 11;
*Къоста.* Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;
*Къоста.* Ирон фæндр. – Дзæуджыхъæу, 1984;
*Къоста.* Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009;
*Къубалты Алыксандр.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978;
*Хъазиты Мелитон.* Чызджы зæрдæ. – Цхинвал, 1989;
*Ленин В. И.* Полн. собр. соч. Т. 40;
*Малиты Васо.* Ныстуан //*Авторты коллектив*. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
*Мамиаты Изетæ.* Дзырддзæуæны: Автор æмæ хъайтары æмдзæдис. – Дзæуджыхъæу, 2008;

*Мамиаты Изетæ.* Курдиат рæстæджы тыхæвзарæнты. – Дзæуджыхъæу, 2007;
*Мамиаты Изетæ.* Миф æмæ æцæгдзинад фыссæджы аивады / Рæстдзинад, 2007. – 1 март;
*Мамсырат Мурат.* Æцæгæлон бæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1992;
*Мамсыраты Дæбе.* Уацмыстæ 6 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1965;
*Мамсыраты Темырболат.* Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982;
*Мандельштам Осип.* Стихотворения. Переводы. Очерки. Статьи. – Тбилис, 1990;
*Мурасты Эльбрус.* Фæстаг ныфс. – Дзæуджыхъæу, 2010;
*Мурасты Эльбрус.* Иры зæххыл цæрынæй нæ бафсæст / Рæстдзинад, 2007. – 1 март;
*Мыртазты Барис.* Мæлæт лæджы æгъатырæй куы ‘рбырсы… // *Авторты коллектив.* Ирон поэзийы антологи 2 томæй. Т. 2. – Цхинаал, 1970;
*Нарты кадджытæ.* – Дзæуджыхъæу, 1975;
*Нартыхты Михал.* Уацмыстæ. – Цхинвал, 1968;
*Нигер.* Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966;
*Нигер.* Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968;
*Плиты Грис.* Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973;
*Плиты Грис.* Атакæ. – М., 1995;
*Плиты Грис.* Рагон ир // *Авторты коллектив.* Мыггаджы хуын. – Цхинвал, 2017;
*Плиты Грис.* Фыстæджытæ. – 2013;
*Пушкин А. С.* Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974;
*Пушкин А. С.* Собр. соч. в 10 т. Т. 5. – М., 1975;
*РОКСАЛАН.* Бæстымуæз катай // Фидиуæг, 2015 – № 4;
*РОКСАЛАН.* Цатыр. – Цхинвал, 2012;
Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы паддзахадон арх. Терчы областы хицауы къанцлары фонд;
*Симонов Константин.* В ответе за человечество // *Коллектив авторов.* С кем вы, мастера культуры. – М., 1985;
*Твардовский А. Т.* Собр. соч. в 6 т. Т. 5. – М., 1980;
*Твардовский А. Т.* Собр. соч в 6 т. Т. 3. – М., 1978;
*Тлатты Хох.* Фын. – Дзæуджыхъæу, 1911;
*Тыбылты Алыксандр.* Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1964;

*Урнов Д.* Властитель дум // Байрон Джордж Гордон. Избр. произведения в 2 т. Т. 1. – М., 1987;

*Федоров Андрей.* Цена вопроса / Коммерсантъ, 2008. – 5 декабрь;

*Фет А. А.* Соловьиное эхо. Тула, 1978;

*Фучик Юлиус.* Слово перед казнью.– М., 1950;

*Хаджеты Таймураз.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;

*Харитонов В.* День Победы // *Коллектив авторов.* Песни войны и победы. – М., 2010;

*Хæдарцаты Азæ.* К проблеме фольклора и литературы: на примере романа «Слезы Сырдона» // Литературная Осетия. – № 6;

*Хетагуров Коста.* Собр. соч. в 3 т. Т. 2. – М., 1974;

*Хетагуров Коста.* Собр. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959;

*Хетагуров Коста.* Собр. соч. в 5 т. Т. 3. – М., 1960;

*Хетагуров Коста.* Собр. соч. в 5 т. Т. 5. – М., 1961;

*Ходы Камал.* Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992;

*Ходы Камал.* Ном. – Дзæуджыхъæу, 1979;

*Ходы Камал.* Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;

*Хуыгаты Сергей.* Чысыл разныхас // *Булкъаты Михал.* Теркæй Туркмæ. – Дзæуджыхъæу, 2011;

*Хъазиты Мелитон.* Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013;

*Хъазиты Мелитон.* Нæ ис, нæ бис. Т. 1. – Цхинвал, 2008;

*Хъамбердиаты Мысост.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2002;

*Хъанбердиаты Мысост.* Æмдзæвгæтæ, кадджытæ, радзырдтæ. – Дзæуджыхъæу, 1979;

*Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо, Ходы Камал.* Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983;

*Хъодзаты Æхсар, Ходы Камал.* Иры фыццаг зарæггæнæг // *Мамсыраты Темырболат.* Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982;

*Хъодзаты Æхсар.* Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011;

*Хъодзаты Æхсар.* Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987;

*Хъодзаты Æхсар.* Дзау // *Авторты коллектив.* Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997;

*Хъороты Дауыт.* Ироны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 1960;

*Цæразон Сослан.* Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016;

*Цæрукъаты Алыксандр.* Ирон зæланг ныхас… // *Авторты коллектив.* Мæ рæсугъд азæлгæ æвзаг. – Дзæуджыхъæу, 2015;

*Чеджемты Æхсар.* Иурæнхъон урс æмдзæвгæ // Авторты коллектив. Ирыстоны поэзи. – Дзæуджыхъæу, 2012;

*Чернишевский Н. Г.* Полн. собр. соч. Т. 7. – М., 1950;

*Чибиров Л. А.* Традиционная духовная культура осетин. – Владикавказ, 2008;

*Шиллер Фридрих.* Торжество победителей // *Коллектив авторов*. Зарубежная поэзия в переводах В. А. Жуковского в 2 т. Т. 2. – М., 1985.

## У Æ Л Æ М Х А С Æ Н

## ПИСАТЕЛЬ С ТРЕПЕТНОЙ ДУШОЙ

Первые шаги в литературе писатель обычно делает в молодые годы. Завоевав себе имя, подобно Михаилу Шолохову, в дальнейшем пожинает плоды своей известности. Однако бывает и так, что писатель приходит в литературу в зрелом возрасте, уже сформировавшимся человеком, и успехи не кружат ему голову, – он просто делает вое дело.

Таким писателем был Михаил Булкаты.

Михаил Гаврилович Булкаты родился 14 ноября 1928 года в селе Чарекаул Ахметского района, что в Кахетии. Родители его были простыми крестьянами. В детстве бегал в подпасках, учился в школе и одновременно работал в колхозе. Но никогда не забывал об учебе. В 1933 году отца Михаила Габо «раскулачили». По решению «тройки» семья Габо Булкаты была сослана в Казахстан, станция Шортанды, поселок Три-Четыре, где от голода и болезней умерли глава семейства и двое его детей – Алыксандр и Уара. Оставшихся в живых жену и четверых детей из ссылки тайно привезли домой младший брат Габо Иорам и дядя его Ила, который, в отличие от Иорама, немного говорил по-русски. Будучи семнадцатилетним юношей Иорам обошел окрестные села с шапкой в руках и собрал пожертвования на дорогу. Все эти события писатель Михаил Булкаты отобразит в повести «Вот я, Господи!..» и в романе «Красный снег». В 1948 году Михаил Булкаты окончил Дуисскую среднюю школу и сразу же поступил в Тбилисский институт инженеров железнодорожного транспорта. Получив диплом инженера-эксплуатационника в 1953 году, Михаил Булкаты был направлен на Донецкую железную дорогу, где три года проработал на разных должностях.

В 1956 году Михаил Булкаты вернулся в Грузию и до 1991 года работал в Самтредском отделении Закавказской железной дороги. Трудовую карьеру начал простым диспетчером, а закончил начальником отделения пассажирского транспорта. В городке Самтредиа, где проживал Михаил Булкаты, все хорошо знали друг друга, не раз де-

лились хлебом-солью, но после распада Советского Союза, при Звиаде Гамсахурдиа, вдруг все вспомнили, что Михаил Булкаты – осетин, и ему следует либо признать статус «гостя» либо покинуть пределы Грузии. До тех пор большой друг и брат грузин, известный осетинский писатель, в одночасье превратился во врага, хотя сам приложил немало усилий для укрепления дружбы между грузинами и осетинами – перевел на осетинский язык роман Константинэ Гамсахурдиа «Десница великого мастера», регулярно публиковался в грузинских журналах и газетах.

Михаилу Булкаты пришлось бросить все, чего он добился за всю свою шестидесятилетнюю жизнь. Чудом спасся от смерти и с трудом перебрался в Северную Осетии через Азербайджан. Но и там не нашлось места писателю. В 1993 году он скончался от разрыва сердца в чужом доме села Октябрьское Пригородного района и ныне покоится на чужом кладбище.

Свою первую поэму, посвященную В. И. Ленину, Михаил Булкаты написал на грузинском языке еще в школьные годы. И в дальнейшем он неплохо писал по-грузински. Но, как говорил сам писатель, только родной язык может быть средством передачи самых сокровенных мыслей. Все, о чем он думал, вначале облекались в родные слова и фразы, которые он сызмальства слышал дома. Между тем, в осетинской литературе и письменности, можно твердо сказать, Михаил Булкаты был самоучкой, так как курс школы и высшего учебного заведения он прошел на грузинском языке. А на осетинском языке он общался только с родными, которые, впрочем, по ироничному замечанию самого Михаила Булкаты, разговаривали на неком «эсперанто», приправленном словами из разных языков.

Это обстоятельство до неимоверности растянуло перед ним дорогу, ведущую к языку нашего Коста Хетагкаты, с бессмертными произведениями которого он впервые познакомился в декламациях неграмотных сельских сказителей, хранивших в памяти и передававших из уст в уста, как национальное достояние, «Нартовский эпос» и «Осетинскую лиру» Коста.

Невозможно без сердечного трепета читать размышления романтика Михаила Булкаты о кормилице земле

и не только о ней. Он вспоминал: «Кроме образа великого Коста, пришедшего ко мне благодаря декламациям неграмотных сельских стариков и превратившегося в суть моей повседневной реальной и горькой жизни, мою мысль еще оплодотворяет неугасающая память о фантастической любви моего отца Габо и моей матери Досыр к родной земле, возделывание которой ими было возведено в ранг культового ритуала. Эта память о преклонении перед культом земли настраивает меня в унисон с требованиями нашей сложной эпохи, принуждает жить правдой своих близких, считающих высшим благом для человека честный труд. Эта память заставляет меня ходить по многострадальной земле осторожно. Напоминаю народу: любите матушку землю, ласкайте ее, обращайтесь с ней как с равной. Не думайте, что ее возможности неиссякаемы! Я поклоняюсь ей в своих произведениях и считаю, что это есть и поклон перед памятью тех, кого жестокие и кровавые репрессии культа личности безвременно лишили высшего блага – жить на родной земле и общаться с ней, как с живой».

В этом своеобразном завещании писателя ярко видно, почему грузинскому языку не суждено было стать орудием его мышления. И это затянуло приход писателя к осетинской художественной литературе.

Его первые рассказы: «Одна слезинка» («Иу цæссыг»), «Песня трактора и плуга» («Трактор æмæ гутоны зарæг») и «Раненный фандыр» («Нæмыгдзæф фндыр») в журнале «Фидиуæг» были напечатаны в 1961 году. Это был дебют уже немолодого писателя. Но с помощью всемогущего художественного слова он смог раскрыть сердца своих героев, которые боролись, умирали за свободу своего народа и своей Родины во время Великой Отечественной войны и в жизненных коллизиях суровой, беспощадной действительности.

Рассказы Михаила Булкаты по всем художественным параметрам не оставляют читателей равнодушными. В них и сюжет, и архитектоника, и логика, и психология выверены до микрона, – все на своих местах, и нельзя в них что-нибудь поменять. Когда в рассказе «Такая долгая война» («Нæмыгдзæф фæндыр») Малыш, от лица которого

ведется повествование, почтальон Илас и дедушка Кудзи не в силах больше «держать горе при себе», ведь «эта война такая долгая…», то в первую очередь они признаются тетушке Нанион не в гибели Бечыра, а в том, что прострелен фандыр. Ибо «много горя помог перенести воинам фандыр, но на этот раз подвел и себя и своего хозяина». И никто не смог скрыть от матери смерть сына.

«Гыцци перевязала рану фандыра черной повязкой и повесила рядом с фотографией Бечыра.

…Война кончилась давно. Только не для нас с Иласом. По вечерам мы ждем Бечыра в конце аула. Фандыр тоже молча ждет своего хозяина.

Как-то к нам зашел дедушка Кудзи, сел, покряхтывая, на треножник и спросил гыцци:

– Невестка, не найдется ли у тебя рога араки?

Гыцци, встрепенувшись, кинулась в шкафу.

– Как же, ма хадзар![1]. Как не найдется?!

Дедушка Кудзи пожелал долголетия семье. Не забыл и почтенных родителей и, упоминая об усопших, посмотрел в угол.

– Пусть живут в царствии небесном молодые, ушедшие от нас безвременно. – Он запнулся и после долгой паузы, протянув руки к фотографии, закончил тост: – За здоровье Бечыра!

Гыцци плакала и вытирала слезы краем черного платка.

– Горе мне! Какое же здоровье может быть у мертвых?

– Не права ты, невестка. – Кудзи встал и, постукивая посохом, направился в угол. Застыл перед фотографией и что-то долго шептал, точно молясь. Потом снял с гвоздя фандыр и вернулся к своему треножнику.

– Ты не права, невестка. Ты не права, мать навернувшегося сына!

Ногтем большого скрюченного пальца Кудзи задел нижнюю струну. Раненный фандыр задребезжал, как треснувший колокол».

И старик передал музыкальный инструмент другому Бечыру, маленькому сынишке Малыша, который давно стал взрослым и завел семью. Это как будто не самый пло-

[1] Дом мой (осет.).

хой конец душераздирающего рассказа. Но нет, Михаил Булкаты не был бы таким самобытным писателем, если бы своему великолепному произведению не придумал другой, более оригинальный конец, которого читатель никак не ожидает и который поднял рассказ на целую голову выше:

«А тяжесть семи черных бумаг Малыш с Иласом хранят и по сей день, потому что нет Бечыра, а без него они не могут разнести их по адресам».

Даже из этого маленького отрывка, который переведен на русский язык не вполне удачно, видно, как писатель работал над словом, какой душевной энергией насыщал его. И читатель не мог не заметить этого литературного приема, что не раз служил Михаилу Булкаты средством для достижения художественных целей в других произведениях.

Когда в 1964 году издательством «Ирыстон» была выпущена его первая книга – сборник рассказов «Живой обелиск» («Удæгас обелиск»), то никто уже не сомневался, что в осетинской литературе появился настоящий талантливый писатель Михаил Гаврилович Булкаты. Тогда известный осетинский прозаик Елиоз Бекойты, автор первой осетинской трилогии «Фатима», отметил, что молодой автор Михаил Булкаты рисует образы своих героев кистью маститого художника.

В этом был свой резон. Героев молодого писателя нельзя было спутать с тогдашними шаблонными литературными героями, которые бродили по колхозным полям и заводским цехам в поисках некоего идеала, которые были готовы к самопожертвованию, но внутренней, духовной, динамики в них было гораздо меньше, нежели внешней, антуражной.

Михаил Булкаты горячо интересовался историей алан, вникал в жизнь осетинской молодежи, людей старшего поколения, фронтовиков, тружеников колхозных полей и рабочих. Он много писал о них, но показывал по-своему, сообразно богатой фантазии. Михаил Булкаты оригинально решал проблемы нравственности, доброты и порядочности. Душе его были близки и переживания одинокого путника Коста, и мечта аланского оружейника Тоха, и плач коня Дзерана…

Патриотизм, мужество, нравственная чистота и преданность своему народу – привлекают внимание писателя в книге повестей «Меч и резец» («Сарт æмæ кард», 1974). Обращаясь к истории осетинского народа, писатель рисует образы борцов за счастье народа, непоколебимых воинов Отечества.

Произведения Михаила Булкаты драматичны, психологически выверены, ярко свидетельствуют о нерасторжимой связи поколений и преемственности духовных ценностей.

Вот почему осетинский читатель полюбил героев Михаила Булкаты. Это не могло не радовать писателя, не вдохновлять его на новые свершения. Через некоторое время свет увидела историческая дилогия «От Терека до Турции» («Теркæй Туркмæ», 1970, 1979), которая принесла автору известность как настоящего масштабного писателя. Мастер художественного слова описывает трагическую историю переселения части мусульман, в том числе и осетин, Северного Кавказа в Турцию во второй половине девятнадцатого века. Тогда царские чиновники и местные авторитеты во главе с генералом российской армии Муссой Кундухаты спровоцировали внушительную часть правоверных на переселение в Турцию.

Опираясь на исторические документы, на произведения народного творчества осетин и других народов, автор создал широкое полотно трагических событий колонизации Северного Кавказа.

После присоединения Кавказа царская Россия карательными акциями пыталась не только приструнить кавказцев, но и навязать им свою веру. И как все это происходило, как со слезами на глазах аборигены покинули родные места и подались в незнакомые края ради своей веры, – об этом автор пишет весьма убедительно. Именно дилогией «От Терека до Турции» Михаил Булкаты заявил о себе как о мастере исторического романа, тонком знатоке психологии и колорита народов Северного Кавказа и Закавказья, а также мастере батальных сцен. Осетинская литература пополнилась еще одним высокохудожественным произведением.

В романе «От Терека до Турции» представлено несколько исторических личностей, но важнейшими из них яв-

ляются фигуры российского генерал-майора, турецкого дивизионного генерала, пятого сына осетинского алдара-мусульманина Алхаста, главы переселенцев – Муссы Кундухаты, главы Терского округа, генерала от кавалерии – графа Михаила Лорис-Меликова и никому не известного тогда поэта, классика осетинской литературы, певца переселенцев-мухаджиров – Темырболата Мамсыраты.

Муссу Кундухова, как историческую личность, знали все и раньше, а образ Темырболата Мамсыраты в осетинской литературе был представлен впервые именно в романе Михаила Булкаты «От Терека до Турции». Для осетин это имело громадное значение.

В свое время блистательный осетинский поэт и литературный критик Георгий Бестауты, говоря о персонаже романа Нафи Джусойты «Кровь предков» поэте Иване Агузаты, заметил, что после Ивана не осталось даже фотографий, но Нафи нарисовал его образ с такой достоверностью, что надобность в фотографическом портрете первого осетинского поэта отпала сама собой. Тоже самое можно сказать и об историческом романе Михаила Булкаты «От Терека до Турции» и о его персонаже Темырболате Мамсыраты, отважном воине и поэте:

«Внезапно над головой Темырболата молнией сверкнула петля аркана, выгнулась, как Колесо Балсага, и закрутилась, посвистывая. Того и гляди сдавит горло, и он повиснет над пропастью в предсмертной дрожи. Но, слава Богу, обошлось. Темырболат выхватил пистолет и выстрелом перерезал веревку пополам. Однако петля успела обхватить его горло, и он увидел синие глаза смерти, в руках коей только что ослабла петля».

Или же:

«Темырболат врезал тому, что сидел перед ним в седле, и сбросил на землю. Тот закувыркался по склону, но быстро, как кошка, вскочил на ноги и наставил пистолет на упавшего с неба джигита. Темырболат перегнулся с лошади и попытался вырвать из рук врага оружие, но тот все же успел выстрелить, и пуля угодила в голову следующего за ним по пятам коня, на котором сидел всадник с саблей наголо».

Эти и многие другие пассажи романа дают живое и яркое представление о герое. Разумеется, у искусства своя

правда, но если эта правда пополняет весьма скудные данные о личности поэта Темырболата Мамсыраты, то ей нет цены.

В романе «От Терека до Турции» автор, пользуясь различными художественными приемами, наглядно продемонстрировал, как царская армия не только уничтожала противостоящих ей аборигенов, пытаясь сломить их волю, но и вынуждала покидать родные места и бежать в Турцию. Многие из беженцев, в том числе и Темырболат Мамсыраты, отлично понимали унизительность этой акции, но ничего не могли предпринять. В народных песнях той эпохи бросается в глаза поразительная самоирония:

*Стамбулмæ лидздзыстæм,*
*Хæрæгтæй дзы хуым кæндзыстæм,*
*Сыстæй мыггаг таудзыстæм,*
*Лыскъæй хæрдгæ кæндзыстæм.*

(«Стамбулдзауты зарæг»)

*В Стамбул ли сбежим,*
*Вспашем ли землю ослами,*[1]
*Вошью будем ее сеять,*
*Гнидой будет наша одежда.*

(«Песня идущих в Стамбул»)

Писатель обнажил перед читателем скрытые страницы трагедии кавказского народа. Благодаря Михаилу Булкаты осетинский читатель получил долгожданное историческое произведение о мухаджирах.

Нынче дилогия пользуется большой популярностью среди осетинского населения. В 2011 году в издательстве «Ир» Северной Осетии вышло второе издание романа «От Терека до Турции». Впрочем, произведение давно стало хрестоматийным, что лишний раз подтверждает неординарность личности писателя.

---

[1] Неприличное, оскорбительное занятие человека у осетин: «Хæрæгтæй хуым кæны».

Для Михаила Булкаты история осетин всегда была актуальной. Но, что самое удивительное, он не искал своих героев, они сами приходили к нему, словно бы за советом – как поступить в той или иной ситуации. В соответствии со своим личным моральным кодексом он предлагал ге роям несколько вариантов поведения, и те поступали единственно верным образом, вовлекая читателя в круговорот Добра и Зла, вынуждая его задуматься о судьбах предков и о месте их в современной жизни.

Спустя три года, после издания второй книги дилогии вышел в свет второй исторический роман Михаила Булкаты «Честь предкам твоим» («Дæ фыдæлтæ рухсаг», 1982). В новом произведении писателя с большой исторической достоверностью воссоздана борьба алан против татаро-монгольских захватчиков, не жалевших даже грудных детей. Историк Захар Ванеты писал: «После разгрома Грузии, монголы под начальством Джеба и Судудая в 1221 г. двинулись через Дербент на Северный Кавказ. Об этом походе Ибн-Эль-Асир рассказывает так: «Перебравшись через Ширванское ущелье, татары двинулись по этим областям, в которых много народов, в том числе аланы, лезгины и (разные) тюркские племена. Они ограбили и перебили много лезгин, которые (отчасти) мусульмане и (отчасти) неверные. Нападая на жителей этой страны, мимо которой проходили, они прибыли к аланам, народу многочисленному, к которому уже дошло известие о них. Они (аланы) употребили все свои старания, собрали у себя толпу кипчаков и сразились с ними (татарами). Ни одна из обеих сторон не одержала верха над другой. Тогда татары послали к кипчакам сказать: «Мы и вы одного рода, а эти аланы не из ваших, так что вам нечего помогать им; вера ваша не похожа на их веру, и мы обещаем вам, что не нападем на вас, а принесем вам денег и одежд, сколько хотите: оставьте нас с ними». Удалось дело между ними на деньгах, которые они принесут, на одеждах и проч. Они (татары) действительно принесли им то, что было выговорено, и кипчаки оставили их (алан). Тогда татары напали на алан, произвели между ними избиение, бесчинствовали, грабили, забрали пленных и пошли на кипчаков».

Эти события из истории предков осетин не могли не взволновать Михаила Булкаты. Роман «Честь предкам

твоим» насыщен яркими образами, язык – сочный, сюжет и архитектоника продуманы до мелочей. Такое произведение не может не радовать думающего читателя, патриота своей страны, хотя по велению писателя действие романа видим только в одном единственном городе алан.

Тема третьего романа Михаила Булкаты «Седьмой поход Сослана Нарты» («Нарты Сосланы æвдæм балц», 1988) как будто осталась прежней. Но это ошибочное предположение. Автор отправляет героя осетинского эпоса Сослана Нарты и реального исторического персонажа Чермена Тлаттаты в неведомый, Третий мир, в котором, по воле правителей этого мира, людей купают в молочном озере, дарующем человеку вечное блаженство в иллюзиях, но отнимающем память о прошлом. И больше его ничего не тревожит, потому что он позабыл чувство любви и сострадание к ближнему.

«Блаженство человека-муравья углублялось от сознания того, что он стоит на страже родины и защищает интересы великого Третьего мира! Он возводил стену, укрепляющую его бытие, но видя заходящее солнце, чувствовал, как в нем оживает черный призрак мысли, и улыбка застывала на его губах... Он принимал хлеб-соль великодушного Дзаха, но что-то тревожило его, а что – он никак не мог вспомнить, и лишь душа, похожая на белое полотно, рвалась на две половины: одна часть уже принадлежала тьме, а другим завладело солнце. Счастливец отходил ко сну, но он уже не был таким счастливым, его светлая участь походила на лебедя с подбитым крылом, потому что за каждой встречей с Хурзарин следовало душераздирающее карканье недобитых мыслей. Время, втиснутое в прошлое, настоящее и будущее, снова напоминало счастливцу о кроваво-красных заревах, о темных ночах и светлых днях», – это краткое описание автором Третьего мира. Нартскому герою Сослану приходится, как в эпосе, прибегать к силе и хитрости, чтобы образумить несчастных, обманутых людей.

В романе Михаила Булкаты Третий мир представлен как тоталитарная система чудовищного подавления личности. Полный крах такой искусственной системы неизбежен, и автор мастерски описывает этот процесс.

К сожалению, читатель по милости осетинских издателей пока не знаком с четвертым романом Михаила Булкаты «Красный потоп» («Сырх хъаймæт»), с многими эссе и литературными портретами.

Михаил Булкаты активно и плодотворно работал и в области художественного перевода. Одинаково хорошо переводил, как с грузинского языка на осетинский язык, так и наоборот – с осетинского на грузинский.

## СÆРГÆНДТÆ


ФЫДБОНТÆЙ РАЙГУЫРГÆ РÆСТДЗИНАД ........................ 5

Æрвон комулæфтимæ ........................ 67
Разныхасы бæсты ........................ 67
Ф ы ц ц а г  с æ р ........................ 80
Д ы к к а г  с æ р ........................ 103
Кард фыццаг зæллангæй бæрæг кæны ........................ 103
Æ р т ы к к а г  с æ р ........................ 111
Цæф сæгуыты уды хъынцъым ........................ 111
Ц ы п п æ р æ м  с æ р ........................ 130
Цард поэзийы ахорæнтæй фæлындзын ........................ 130
Ф æ н д з æ м  с æ р ........................ 188
Ирон сонеты дæсны ........................ 188
Джыккайты шамилæн ........................ 206
Æ х с æ з æ м  с æ р ........................ 209
Драматургийы зæрингуырд ........................ 209
Æ в д æ м  с æ р ........................ 241
Прозæйы тыгъд базыртыл ........................ 241
Æ с т æ м  с æ р ........................ 252
Нывæфтыд дзырды сæрвæлтау æгъатыр
тох рæстдзинадыл ........................ 252
Ф а р а с т æ м  с æ р ........................ 267
Саджы фæлгонцæй зæды фæлгонцмæ ........................ 267
Кæронбæттæн ........................ 282
Спайдагонд литературæ ........................ 289

ИСТОРИЙЫ АЗХЫНЦÆГ ........................ 301

Разныхас ........................ 301
Ф ы ц ц а г  с æ р ........................ 306
Хи амондимæ райгуырын ........................ 306
Д ы к к а г  с æ р ........................ 324
Удæгас дзуринæгтæ ........................ 324
Ц ы п п æ р æ м  с æ р ........................ 341

Дур-чъыры сахары ........................................................................ 341
Дурæйлæмæрст хъæлæс ........................................................... 341
Ф æ н д з æ м  с æ р ......................................................................... 363
Терчы цъæх уæлвæзтæй турчы сыгъд быдыртæм ..... 363
Бæстымуæз катай .................................................................... 370
Æ х с æ з æ м  с æ р .......................................................................... 385
Рухсаг фыдæлтæ ............................................................................ 385
Æ в д æ м  с æ р ................................................................................ 407
Нарты хæтæнты ............................................................................ 407
Æ с т æ м  с æ р ................................................................................ 426
Хъаймæты фыдæвзарæнты .................................................... 426
Ф а р а с т æ м  с æ р ......................................................................... 437
Нывæфтыд дзырды аивтæ ...................................................... 437
Д æ с æ м  с æ р ................................................................................ 449

ФЫСТÆДЖЫТÆ КÆНÆ ЗÆРДÆЙЫ РИССÆГТÆ .......... 449

Фæсныхас ....................................................................................... 500
Спайдагонд литературæ ........................................................... 506
Уæлæмхасæн .................................................................................. 514

МЕЛИТОН РЕЗОЕВИЧ КАЗИТЫ

НАШЕ БОГАТСТВО
7

Монографии
на осетинском языке

Книга издана по решению Издательской комиссии
Комитета информации и печати
Республики Южная Осетия

Редактор ………………………..
Корректор Л. П. Тотоева
Техн. редактор
Компьютерная верстка
Худож. оформление ……………………..

Подписано в печать Формат 84x108 1/32.
Бумага офсетная. Печать офсетная.
Уч.-изд. л. …….... Усл. печ. л. ……….
Тираж 300 экз. Заказ №